# КIЫЩОКЪУЭ
# АЛИМ

НАЛШЫК
2004



# КIЫЩОКЪУЭ АЛИМ

## ТХЫГЪЭХЭР ТОМИХЫМ ЩЫЗЭХУЭХЬЭСАУЭ

**I**
**том**

*Усэхэмрэ*
*поэмэхэмрэ*

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2004

Р е д к о л л е г и е:

**Бицу А. М., Гъут I. М., КхъуэIуфэ Хь. Хь.,**
**Тхьэгъэзит Ю. М., ЩоджэнцIыкIу Н. I.**

К $\frac{4702240200\text{-}040}{М125(03)\text{-}04}$ 2004

ISBN 5-7680-1993-6

© «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 2004

## ЛЪЭПКЪЫМ И НАБДЗЭ

Мы дунейм зы лъэпкъи теткъым талант зыбгъэдэмылърэ пщIэ зыхуэмыфащэу. Зы лъэпкъыбзи щыIэкъым узыхуей гупсысэр кърипIуатэ мыхъуну. Нэхъыщхьэр – лъэпкъымрэ абы и бзэмрэ я зэфIэкI псор зыгъэнэхуэфын цIыху уардэ къэхъунырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ адыгэхэм Тхьэ лъапIэм и нэфI къытщыхуауэ къыщIэкIынущ.

Пэжщ, тхыдэм уриплъэжмэ, ди лъэпкъ мащIэр нэгъуэщI псоми япэ ищарэ абыхэм я узэщIакIуэу, я гъуазэу, Iустазу щыщыта лъэхъэнэ хэплъагъуэркъым. АрщхьэкIэ, зэман-зэманкIэрэ абы къыхэкIащ фIыщIэрэ щIыхькIэ зи цIэр жыжьэ нэIуса цIыху лъэрызехьэ куэд. Абыхэм яхэтащ зауэлI хахуэхэмрэ дзэпщ IэкIуэлъакIуэхэмрэ, политик Iэзэхэмрэ къэрал IуэхущIакIуэ щыпкъэхэмрэ, лъэпкъыр фIым хуэзэным щIэбэн узэщIакIуэхэмрэ лъэпкъыбзэм и IэфIыр щIым и гулъым хуэдэу къэзыгъазэ усакIуэхэмрэ. Абыхэм ящыщ зыщ япэ дыдэу зи цIэ къраIуэ КIыщокъуэ Пщымахуэ и къуэ Алим – усакIуэ икIи прозаик уардэр.

Ар 1914 гъэм июлым и 22-м Налшык пэгъунэгъу адыгэ къуажэжь Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Алим и адэ Пщымахуэ и зэманым елъытауэ щIэныгъэфI зиIэ лIыт. Абы егъэджэн Iуэхум фIыуэ хищIыкIырт, тхыдэм, есэпым, хабзэ-бзыпхъэм хъарзынэу щыгъуазэт, ар диным хуеджат, хьэрыпыбзэкIи урысыбзэкIи псалъэрт икIи тхэрт. Алим школым щыкIуам щыгъуэ япэ Iустазу иIар и адэращ.

И анэ Куэзи, усакIуэм зэритхыжымкIэ, куэду цIыху хьэлэмэту щытащ. Ар Пщымахуэ къришат Адыгей къуажэ Хьэкурынэхьэблэ. Пщымахуэ дин Iуэхум щыхуеджар а жылэрат. Куэз унагъуэ IуэхукIэ икъукIэ фыз IэкIуэлъакIуэт, IэпщIэлъапщIэт, езыр жьэрыIэзэт икIи жьэнахуэт, къызыхэкIа абазэхэ адыгэ лъэпкъымрэ къызыхыхьа къэбэрдейхэмрэ я псалъэрыIэзагъыр, я щэныр, я IуэхущIафэм дахэу хэлъыр зэдихьырт. Абы псалъэ шэрыуэу, къебжэкIыу, уэрэду, хъыбару ищIэхэм къыщIэхъукIа Алим иужькIэ итхыжащ: «Сэ усэбзэм и IэфIым сысабий щIыкIэ гу хуэсщIамэ, таурыхъхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ пасэу сыдахьэхамэ, ар зи фIыщIэр си анэращ».

КIыщокъуэм и акъыл зэрубыдыгъуэм щыгъуэ нэIуасэ къыхуохъу къэбэрдей псор зэрыгушхуэ усакIуэ телъыджэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ абы и ныбжьэгъуфI ЛIыгъур Ибрэхьимрэ. 1926 гъэм Алим Бахъсэн дэт школ-интернатым ягъакIуэ щеджэнуи, мис абы щыгъуэ Iустаз къыхуохъур зи цIэ къитIуа лIы щыпкъэхэр.

ИужькIэ, 1931 гъэм щегъэжьауэ, Алим щоджэ Владикавказ дэт пединститутым; щIэныгъэ нэхъыщхьэ игъуэтауэ 1935 гъэм къокIуэжри адыгэбзэрэ урысыбзэрэкIэ иригъаджэу Налшык щолажьэ. ИтIанэ ар Москва макIуэ бзэ щIэныгъэмкIэ аспирантурэм щеджэну. АрщхьэкIэ илъэс нэхъ дэмыкIыу къигъэзэжын хуей мэхъу. Езым зэритхыжымкIэ: «Унэм зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIуу шыпхъуитхур щIэст. Ахэр егъэджэн

хуейт. Си анэм и закъуэ абы пэлъэщынт? Езы унэ дызыщIэсри щIыбышэ хъуат, къэуэпэнкIэ уигъэшынэу… Къуэш нэхъыжьми дзэм къулыкъу щищIэрт. Арати, унагъуэ Iуэхум сыпэрыувэн хуей хъуащ».

1938 гъэм КIыщокъуэ Алим Налшык дэт ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и директору ягъэув. 1939 гъэм абы къыIуашри дзэм къулыкъу щищIэну яшэ.

1941 гъэм КIыщокъуэм и япэ усэ тхылъыр къыдокIыр, ауэ, Хэку зауэшхуэр къохъейри, а тхылъым гу щихуэн, щыгуфIыкIын хунэмысу усакIуэр фронтым Iуохьэ.

Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ зауэр иухыху, КIыщокъуэр зэуапIэм Iутащ псэемыблэжу. Ар япэщIыкIэ щытащ ротэм и командиру, итIанэ 115-нэ шууей дивизием – НацдивизиекIэ зэджэу щытам – и офицер хахуэу. Нэхъ иужькIэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым зэрыхэтыр къалъытэри, ар фронтым Iутхэм папщIэ къыдэкI «Сын отечества» газетым къулыкъу щищIэну ягъакIуэ. Хэку зауэшхуэм Алим къикIыжащ майору, зэрихьа лIыгъэм къыпэкIуа орден, медаль зыбжанэ и бгъэм хэлъу.

ЗауэлI IэнатIэр къиухыу и унэ къигъэзэжа нэужьи, ар и псэм хэлъ литературэм гур утIыпщауэ хуэлэжьэну хущIыхьэркъым. Зауэм зэтрикъута, зи кадрхэри къызэмэщIэкI хъуа республикэр къэзыIэтыжын цIыху щыпкъэ хуэныкъуэт. А лъэхъэнэм КIыщокъуэр ягъэув ди республикэм щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и наркому (министру). Илъэс зытIущ докIри ар къулыкъукIэ драгъэкIуэтей – партым и Къэбэрдей обкомым идеологиемкIэ и секретару хах. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм зыкъыдэбгъахуэу утхэну, дауи, тынштэкъым. ИтIани абы усэщIэхэр етх, тхылъи къыдегъэкI, зэрыхулъэкIкIэ къэрал-парт къулыкъумрэ творчествэмрэ зэдехь. 1950 гъэм Алим илъэсищкIэ аспирантурэм щеджэну Москва макIуэ икIи а зэманым къриубыдэу и Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ еш имыщIэу хегъахъуэ, тхыдэм, бзэм, эстетикэм теухуауэ куэд зрегъащIэ, тхэнуи нэхъ хущIохьэ.

1953 гъэм Алим республикэм къашэжри Министрхэм я Советым и председателым и къуэдзэ ящI.

Шэч хэмылъу, зыIута IэнатIэшхуэхэм я фIыгъэкIэ, усакIуэм гъащIэм нэхъыбэ хищIыкIи хъуащ, ар цIыху куэдми яIущIащ, абы куэди къилъэгъуащ. Ауэ литературэм зыкIи емыхьэлIа лэжьыгъэ хьэлъэм къаруушхуэ тригъэкIуадэрт, талант гъуэзэджэм зишэщIу зиIэтынкIэ зэранышхуэ хъурт.

Ар фIыуэ къызыгурыIуэж лIы Iущыр лъаIуэри 1959 гъэм къэрал къулыкъущIапIэм къыIукIащ икIи а гъэ дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэр ТхакIуэхэм я союзым тхьэмадэ хуэхъуащ.

Пэжщ, а зэманым ирихьэлIэу КIыщокъуэ Алим усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIагъэххэт, «Хъуэпсэгъуэ нур» романри и кIэм нигъэблэгъат, Совет Союзым дэнэкIи къыщацIыху литератор Iэзэ хъуат. Апхуэдэу щыт пэтми, парт-къэрал къулыкъухэм къыпэрыкIа иужькIэщ адыгэ усакIуэшхуэм и талантым нэхъ зригъэшэщIыну къыщехъулIар. ПIалъэ докIри, КIыщокъуэр, СССР-м и ТхакIуэхэм, РСФСР-м и ТхакIуэхэм я союзхэм я правленэхэм и секретару хахри, Налшык дэкIыу Москва щыпсэуну Iэпхъуэн хуей мэхъур.

Абыи къыщызэтеувыIэркъым КIыщокъуэм и тхакIуэ къулыкъу щIэныр: 1971 гъэм ар СССР-м и литературнэ фондым и тхьэмадэу ягъэув, икIи абы а къулыкъу иныр зэрехьэ къэралышхуэр зэтезыгъэщэхэжа Перестройкэм щIидзэу зиIэтыху, лэжьыгъэ IэнатIэ хуэмеиж хъууэ, тIысыжын мурад ищIыху. И псэр пытыху, зэрыжаIэу, Алим и гур творчествэм етауэ щытащ. Иужь илъэсхэм усэу, прозэу тхыгъэ купщIафIэ зыбжанэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ. И ныбжьыр илъэс 87-м иту ар 2001 гъэм январь мазэм и 29-м дунейм ехыжащ.

КIыщокъуэ Алим и уэсятым ипкъ иткIэ, Москва къэрашыжри и къуажэкхъэм щыщIалъхьэжащ.

Зауэм лIыгъэу щызэрихьамрэ гуащIэдэкI лэжьыгъэмрэ я хьэкъыу Алим орденрэ медалу куэд къыхуагъэфэщащ. Абыхэм яхэтщ Вагъуэ плъыжьым и орденыр, Хэку зауэшхуэм и ордену 1-нэ, 11-нэ лIэужьыгъуэхэр, Октябрь революцэм и орденыр, Ленин орденыр, н.къ. 1964 гъэм абы къыфIащыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ цIэ лъапIэр, 1989-м – Социалист лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. КъинэмыщIу, КIыщокъуэ Алим РСФСР-м А.М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщащ, щхьэ закъуэ жэрдэмкIэ ягъэува саугъэт зыбжанэми я лауреат хъуащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым, РСФСР-м, СССР-м я Совет нэхъыщхьэхэм я депутату зыбжанэрэ щытащ.

* * *

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, КIыщокъуэ Алим коммунистхэм къызэрагъэпэща икIи илъэс 70-м щIигъукIэ зэтраIыгъа къэралым къулыкъу хуищIащ, компартым и идеологиемрэ и политикэмрэ зэи нэрылъагъуу пэувакъым, «тоталитаризмэм ебэну» щытауэ зи цIэ къраIуэхэм зэи яхэтакъым. Абы совет властыр фIэкъабылу, компартым и политикэри игъэзахуэу дунейм тетауэ щIыжыпIэн щхьэусыгъуэ куэд бгъэдэлъщ, езыми ар щIихъумэжу щытакъым. Ауэ цIыху куэд къэзыхьэхуф идеологием и телъхьэу къэувхэр сыт щыгъуи гупитIу бгуэш мэхъур: япэр – ар зыфIэкъабылу, гуащIэу яIэр абы хуэгъэтIылъыныр псэкIэ къэзыщтэхэращ, етIуанэр – «зи хущхьэ хъуам и бзууэ» къару нэхъ зыгъуэтымкIэ зезыгъабэу зи щхьэ Iуэху дэзыгъэкIхэращ.

Алим 1941 гъэм – зауэр къэхъеяуэ, Совет къэралым и Iуэхур псэзэпылъхьэпIэу – КПСС-м хыхьауэ щытащ.

Къэралым шынагъуэ ямылейр къыщыщхьэщыхьэм, коммунистхэр гъэунэхупIэ хьэлъэ щихуэм щыгъуэ партым хыхьа, зи къарумрэ талантымрэ щхьэузыхь Хэкум хуэзыщIа тхакIуэр япэ гупым зэрыщыщым шэч хэлъкъым. Ар компартым хыхьэри, зыхыхьам и IэщакIуэ пэжи хъуащ, игурэ и псэкIэ партым и идеехэр къыдищтэу хуэусащ. Ауэ мыбдежым гу зылъытапхъэу Iуэху зыбжанэ щыIэщ.

Япэрауэ, зэман дэкIыу, нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэ гуэрхэм я тепщэгъуэ хъуа нэужь, КIыщокъуэм хуэдэхэм уахущIэбжэныр тынш дыдэщ. Гугъур нэгъуэщIщ – а КIыщокъуэм къызэпича гъуэгуанэм удытеувэу абы лIыгъэкIэ, акъылкIэ, таланткIэ къихьар зыхуэдизым хуэфэщэжын пщIэ хуэ-

пщIынырщ. Ар зыхузэфIэкIым, дауи, къыгурыIуэнщ адыгэ усакIуэшхуэм къыхиха гъуэгур цIыху нэхъ захуэм и гъуэгуу зэрыщытар.

ЕтIуанэрауэ, етIощIанэ лIэщIыгъуэм и щэщI гъэхэм репрессиехэм зи къарур щIалъэсыкIа лъэпкъ литературэ зэпцIагъащIэм, нэхъ пажэу къэунэхугъа ЩоджэнцIыкIу Алий зыфIэкIуэдам, зегъэIэтыныр, зегъэшэщIыныр пщэрылъ зыхуэзыщIыж усакIуэм дежкIэ нэгъуэщI гъуэгу щыIэтэкъым: жыIапхъэу къыппаубыдыр ядыжыпIэурэ уэ уи лъэпкъым хуэпщIэну мурад пщIахэр гъэзэщIэн хуейуэ арат.

КъыжытIаитIым ещанэщ мыри: КIыщокъуэ Алим сыт хуэдэ къулыкъушхуэ имыIыгъами, сыт хуэдэу хэIэтыкIауэ компартымрэ абы и гъуазэхэмрэ яхуэмыусами, ар зэи парт-къэрал Iуэхузехьэ хъыжьэхэм я дежкIэ цIыху тынш цIыкIуу щытакъым. Ар зэи ящыщ хъуакъым ищхьэкIэ щащIа унафэр мыгупсысэу зыгъэзэщIэну хьэзырхэм. Ар нэуфIыцIщхьэрыуэу ежажьэртэкъым, ящIа закъуэмэ, сыт хуэдэ унафэри игъэзэщIэну хьэзыру.

Псалъэм папщIэ, ар Министрхэм я Советым щыщыIа зэманым къежьат унагъуэ жэмхэр Iахрэ колхозым ирату, арыншами зи Iуэху хуэмыщIа унагъуэхэр гъэшыншэу къагъанэу. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ къызыIамыхахэми «тхъу зэданэ фтелъщ» жаIэрэ уасэ никъуэкIэ залымыгъэкIэ ирагъэту. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэр къыщIагупсысар республикэм и ехъулIэныгъэхэр гъэбэгъуауэ ягъэлъэгъуэн щхьэкIэт. Ауэ апхуэдэхэр кIащхъэ хъуамэ, иужькIэ кIуэдыжыпамэ, КIыщокъуэ Алим къулыкъущIэшхуэ зыбжанэм япэувын зэрымышынам и фIагъыу жаIэж. «Ди депутатым деж», – жаIэу къыхуэкIуа лэжьакIуэжь къызэрыгуэкIхэм я Iуэхур абы зэи къулыкъущIэхэм я псалъэм щIригъэхъумакъым. Пэжщ, Алим Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыщыта зэманым щыгъуэ, иджы хуэдэу парламентым щIэсхэр зэдауэу, щхьэж фIэзахуэмкIэ Iэ яIэту къыщыхъур зэзэмызэххэт. Нэхъыбэм деж сыт хуэдэ унафэри Iэ зыIэтахэм я процентищэкIэ къызэдащтэрт. Ауэ, абы нэмыщI, дэтхэнэ депутатри тхьэусыхафэ Iэджэ хэплъэн хуей хъурт икIи и лэжьыгъэр, и лIыгъэр, и пэжагъыр къыщынахуэр абдежырт. АбыкIэ ди усакIуэ пажэр узэрыгушхуэн адыгэлIу, нэгъэсауэ цIыхубэ депутату куэдрэ къыщIэкIащ.

Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм, дауи, кърикIуэртэкъым лIы щыпкъэр къулыкъукIэ драгъэкIуэтеиныр, ар сыт щыгъуи зыгуэрым и къуэдзэу яIыгът, щхьэ закъуэу Iуэху зэрихьэну хуимытын щхьэкIэ.

Зи тепщэгъуэ идеологиер усэкIэ сыт хуэдизу имыгъэлъэпIами, Алим и творчествэми наIуэу къыхэщыжащ Iуэху еплъыкIэу езым иIэр, езым захуагъэу илъытэр зыми зэрыпимыщIыр.

Мыри абы и щыхьэтщ. Псоми дощIэ 1944 гъэм балъкъэр лъэпкъыр зэрырашауэ щытар, илъэс 13-кIэ Ику ит Азием зэрыщыIар. И лъэпкъым дэщIыгъужт КIыщокъуэм зауэ зэманым ныбжьэгъу пэж къыхуэхъуа усакIуэ гъуэзэджэ Кулиев Къайсын. Зэманыр ткIийт, зы нартыху матэ щхьэкIэ цIыхур, илъэс зыбжанэ тралъхьэрти, ягъэтIысырт, Сыбыр яшэрт, политикэ и лъэныкъуэкIэ зы щыуагъэ закъуэм щхьэр ихьырт. Мис апхуэдэ зэманым Алим къыдигъэкIа тхылъым итщ «Къайсын К. папщIэ» зыфIища, и ныбжьэгъу балъкъэр усакIуэм хуэгъэза усэ. Апхуэдэм щхьэ-

кIэ иджы «АтIэ сыт!» – пхужыIэнущ. Ауэ а зэманым апхуэдэм лIы щытекIуадэ къэхъурт. Абы щхьэкIэ къигъэнакъым КIыщокъуэм игу илъыр жиIэн икIи хьэлэмэту къелащ фэбжь химыхыу.

Апхуэдэ пэжагъ яхэлъщ тхакIуэм и япэ роман «Хъуэпсэгъуэ нурым», иужькIэ итха «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» романым. Совет литературэм и тхыдэм щыгъуазэхэм фIыуэ зэращIэщи, а романитIыр (роман-дилогиер) дунейм къыщытехьа зэманым щыгъуэ къэралым ис тхакIуэ псоми я зэхуэдэ къалэну ябжу щытащ дэтхэнэ большевикми и образыр идеал лъагэм и щапхъэу къэгъэлъэгъуэн хуейуэ. Парт къулыкъущIэм хуэмыхуагъ гуэр, гъуэщагъэ гуэр хэлъу жыпIэн къудейр езы партым дагъуэ хуэпщIыным хуагъадэрт. Партым дагъуэ хуэпщIмэ, уэ а партми совет псэукIэми урибийуэ арат. ЗакъуэтIакъуэ дыдэт (Шолохов М., Твардовскэ А. хуэдэхэрт) зэ ягъэува а къупхъэм имызагъэ образхэр зи тхыгъэм къыщызыгъэлъэгъуэфыр. КIыщокъуэ Алим а закъуэтIакъуэ дыдэхэм ящыщ зы хъуащ а зэманым. Апхуэдэ дыдэущ коммунистхэм я Iуэху еплъыкIэр зыфIэмыкъабыл цIыхухэм я образ совет литературэм къызэрыщагъэлъагъуэу щытари: ахэр партым акъылэгъу щыдэхъум деж, дагъуэ зэрыхуэпщIын зы IэпапIи ятемылъу фIы зэфэзэщу ягъэпсырт. Ауэ дэмыхъумэ – е бий бзаджэм игъэщхьэрыуэу гъуэгу пхэнж тришауэ, е езыхэр бийуэ зэрыщытыр къыщIэщыжауэ тхын хуейт.

КIыщокъуэм и романхэм хэт коммунистхэр, дэтхэнэ цIыхуу псэ зыпытым хуэдэу, щыщыуи, щыщхьэрыуи щыIэу къэгъэлъэгъуащ. Абы хуэдэу гъэпсащ зыгуэркIэ большевик политикэм зи Iуэхур емызэгъхэм я образхэри – ахэри зи дуней тетыкIэ зиIэж  цIыхухэм нэхъ йокIуалIэр, соцреализмэм и къупхъэ зэвым къиджэлыкIа образхэм нэхърэ. МыбыкIэ жытIэну дызыхуейр зыщ: тхакIуэ щыпкъэм и IэдакъэщIэкIхэр зи къепщэгъуэ жьыбгъэм и закъуэ триухуакъым, атIэ езым зэрыфIэзахуэм хуэдэу игъэпсащ, лъэкIыныгъэ зиIэхэм къазэрыщыхъунум емыплъу. ЖыпIэ хъунущ абы щыгъуэ КIыщокъуэр, къытехуэнкIэ хъуну щыта удыныр къылъэмыIэсу, етIуанэу къелауэ.

АрщхьэкIэ, япэм щыгъуэ гулъытэншэу къэнамэ, мыбдежым апхуэдэ дыдэу пхужыIэнукъым: а роман-дилогием Лениным и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр къратыну къагъэлъэгъуауэ щыта щхьэкIэ, къылъагъэсакъым. КъыщIрамытам и щхьэусыгъуэу къэлъытапхъэщ парт къулыкъущIэхэм авторым и Iуэху еплъыкIэр я гуапэ зэрымыхъущар.

Ер къыщыхъеяр иужькIэщ – «Нал къута» романыр щитхарщ. Ар зауэм хэта, мыгъуагъэшхуэ зи нэгу щIэкIа тхакIуэм триухуат езым игъэвахэмрэ нэхъыфI защIэу ялъытэ щIалэхэр къыхащыпыкIыу зыхагъэхьауэ щыта 115-нэ шууей дивизием къыщыщIахэмрэ. Абы тхакIуэм парткъэрал къулыкъущIэхэм я тэмакъым темызэгъэн гуэрхэр хилъхьащ: зауэ зэманым щыгъуэ унафэр зыIэщIэлъахэр, фIыуэ ялэжьам, гулъытэрэ хэлъэту яIам къыдэкIуэу, щыхуэмыхуаи, зыгуэрхэм я акъыл щыхунэмысаи щыIауэ къигъэлъэгъуащ. Iуэхум и пэжыпIэр зыри щIимыуфэу къиIуэтэжащ литературэм и IэмалхэмкIэ. А пэжырщ ямыдар романым зыкъыщызыцIыхужа абы щыгъуэ къулыкъущIэшхуэу, тхылъыр къыщыдэкIа зэманым парт унэфэщIу, абыхэм я дэIуэгъуу щытахэм. Псори зэкъуэ-

увэри, тхакIуэшхуэр ягъэулъиину и ужь ихьащ. А утыкур зейхэм жаIэм уедаIуэмэ, КIыщокъуэ Алим пцIыупст, къызыхэкIа лъэпкъым и бийт, «адыгэ Солженицынт» (а зэманым урыс тхакIуэ цIэрыIуэр нэгъуэщI къэрал щыпсэурт, ямыгъэзагъэу Хэкум ирахуауэ). Абы хужаIэрт зыхэта дивизием и зауэлIхэм пцIы ятрилъхьэу республикэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ игъэулъийуэ, и щхьэр хигъэфIыкIын щхьэкIэ тхыдэр зэблишу. И пэжыпIэкIэ жыпIэмэ, пцIы зыупсри, лъэпкъым и щIыхьым нэхърэ зи щхьэ Iуэхур япэ изыгъэщри тхакIуэм дэуэгъу къыхуэхъуахэрат. А къулыкъущIэшхуэхэм жыхуаIэмкIэ уи къалэмыпэр умышэмэ, фIы ущыгугъ зэрымыхъунур иджыри зэ белджылы къыщыхъуат мыбдежым: Къэбэрдейм и тхакIуэ-усакIуэ пашэр и хэку хуиту къихьэж мыхъуу, и тхылъхэр, адыгэбзэкIэ итхми, урысыбзэкIэ Москва къыщыдэкIыу илъэс зыбжанэкIэ щытащ. КъинэмыщIауэ, къэралым ис тхакIуэшхуэ куэдым зэдэарэзыуэ къэрал саугъэтым хуагъэлъэгъуа романым – Iуэхур илъэситIкIэ зэкIэлъыкIуэу къаIэта пэтми! – зы лъапIэныгъи къыхуамыгъэфащэу къэнащ. КIэщIу жыпIэмэ, КIыщокъуэр зэрахузэфIэкIын хуэдизкIэ хаутащ. АрщхьэкIэ абыкIэ гиякIуэхэм хужьыр фIыцIэу къыщIрагъэдзыфакъым, роман хъарзынэм советпсо литературэм щиубыд увыпIэ лъагэр яхуэгъэсысакъым. А лъэхъэнэм, Iуэхум щыгъуазэхэм зэрыжаIэжымкIэ, Алим и романым «етхъунщIэуэжамэ», зыгуэрхэм я нэ къыщIэуэ гуэрхэр зэрихъуэкIын и щхьэ трилъхьатэмэ, псори арэзы хъууэ къэрал саугъэт къызэрыратыну гъуэгур хузэIуахыну щытащ. Ауэ тхакIуэ-зауэлIым пэжыр жиIэрэ къулыкъущIэхэм къыхуащIыну лъапIэныгъэм зыхигъэкIыжым нэхъ къищтащ, пцIы иупсрэ зауэм щыгъуэ и гъусахэм я Iуэхур зэблишу гуэныхь къихь нэхърэ. Зэманым езыр-езыру захуэмрэ къуаншэмрэ зэхигъэкIыжащ, – хэт лъэпкъым и IуэхущIакIуэ пэжми, хэт и лъэкIыныгъэр пIалъэ кIэщIми.

Мыбдеж щыжыIэпхъэщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа роман-дилогием папщIэ пIалъэ дэкIауэ РСФСР-м М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал Саугъэтыр Алим къызэрыратар.

Дунейр гудзалъэ-гудзалъэщ, гудзалъэ теувэгъуэщ – лIы хахуэр нобэ къытхэтыжкъым. Ар зыгъэулъиину пылъахэм ящыщи дунейм тетыжкъым. Мыбырэ модрейхэмрэ я Iэужьу сыт къэна-тIэ? Мыбдежым дауэ уигу къэмыкIыжынрэ КIыщокъуэм зэгуэр критик мыкIуэмытэм щхьэкIэ итхауэ щытар:

*Дэубжьытхеймэ, пащIэм хохуэ,*
*Еубжьытхэхмэ – жьакIэр псыфщ.*

«Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» трилогием еджа дэтхэнэм дежкIи гурыIуэгъуэщ ар ди лъэпкъ литературэм и фIыпIэ дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, уи лъэпкъыр фIыуэ плъагъурэ адыгэбзэм и IэфIыр зыхэпщIэу щытмэ,а трилогием уригушхуэ зэрыхъунур. Абы и авторыр лъэпкъым и набдзэщ, XX-нэ лIэщIыгъуэм адыгэхэм къахэкIа нэхъ лIы уардэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Мыдрейхэр-щэ? Ар хьэIупс зыщIыну и ужь ихьахэм я пащIэ-жьакIэр зэрауцIэпIыжам нэмыщIкIэ,

ахэр тхыдэм къыхэнэну фIэщ щIыгъуейщ. ЖыпIэ хъунукъым тхакIуэм къеныкъуэкъуа псори цIыху мыхъумыщIэ зэфэзэщу щытахэу. Ауэ Тхыдэм икъукIэ шыбзэ пхъашэ иIэщ – щIэщэщыр нэхъыбэу, къинэр закъуэтIакъуэу, ауэ а къинар налкъут дыдэу.

Дэтхэнэ зыми зы псэ Iутщ, зы щхьэ фIэтщ. Ауэ и псэ закъуэмрэ и щхьэ закъуэмрэ хуэпсэур мыпсэуххам хуэдэщ. КIыщокъуэ Алим хуэдэхэм я пщэрылъу къалъытэж къызыхэкIам и напэр яхъумэныр, и фIыщIэр ягъэбэгъуэныр. Я лIыгъэр япэ щIрагъэщри аращ. ЛIыгъэ зыхэзымылъхьэр, икIуэтыжыну хьэзырыр,нобэ зи татуугъуэм дежьу къудейр къулыкъущIэ хъукIэ,хэкулI хъунукъым. Ди усакIуэшхуэм, тхакIуэшхуэм дэ дригушхуэну дыхуитщ, дызыгъэгушхуэн лIыгъэ дэтлъэгъуащи.

* * *

КIыщокъуэ Алим и къалэмыпэ къыщIэкIа усэхэр япэу къыщытрадзам щегъэжьауэ илъэс блыщI нэблагъэкIэ лъэпкъ поэзием хуэлэжьащ. Усэным зэрыхуэмыхеймкIэ зи цIэр Iуа и адэ ПщымахуэкIэ нэхъ къацIыхуу ар литературэм хыхьэри, езым и цIэрэ и щхьэкIэ дуней псом къыщацIыхужу апхуэдэ гъуэгуанэ къызэпичащ.

Илъэс блыщIыр зы лIым дежкIи, жылагъуэм дежкIи, езы къэрал дыдэмкIи, зэман кIэщIкъым. Зи тхыбзэр XIX-нэ лIэщIыгъуэм къэунэхуа къудей лъэпкъым и Iуэху къызэрекIуэкIам укIэлъыплъыжмэ, а илъэсхэм къриубыдащ тхыдэм къыхэмыщынкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэ куэд – цIыхубэм я гъащIэ гъэпсыкIэм, я IэщIагъэ-щIэныгъэм зэрызихъуэжым, къэралымрэ дуней псомрэ я тхыдэм ехьэлIахэу. Къапщтэмэ, а зэманым и кIуэцIкIэ Совет къэралым лъэщагъышхуэ игъуэтащ, коллективизацэрэ индустриализацэкIэ зэджэ Iуэхугъуэхэр екIуэкIащ, щIэныгъэ зиIэхэм я бжыгъэр бэгъуащ, зэи адыгэхэм ямыIа IэщIагъэ куэд къэунэхуащ, щIэныгъэ лIэужьыгъуэ куэдым заужьащ, литературэбзэм зиузэщIри лъэпкъ литературэми и дамэхэр лъэщу ишэщIащ.

Езы КIыщокъуэм, и IуэхущIафэкIэ жыпIэмэ,зэман зыхалъхуам фIыуэ къыздихьа куэдым я хьэкъкIэ щIэныгъэфIи егъуэт, егугъуу тхэуэрэ и талантым зригъэужьынри къохъулIэ, гугъуехь зыбжани IуощIэри абыхэми и щхьэр нэхъ лъапIэ ирихъуу яполъэщ.

Къэбэрдей литературэм къызэпича гъуэгуанэм уриплъэжмэ, абы фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэу хэплъэгъуэж Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр КIыщокъуэм курыхыу ехьэлIауэ зэрыщытым шэч хэлъкъым. Къапщтэмэ, абы и Iустаз лъапIэу щыта ЩоджэнцIыкIу Алий адыгэ усэр европэ поэзием и гъуэгу триша къудейуэ бэракъыр къыщыIэпыщIэхум, нэхъ гугъапIэшхуэу Къэбэрдейм къинар КIыщокъуэрт. Абы и пщэ къыдэхуат къэбэрдей поэзием и тематикэм зригъэшэщIыну, усэ гъэпсыкIэр иригъэфIэкIуэну, зызыужьа литературэ цIэрыIуэхэм къэунэхуагъащIэр ялъэщIигъэхьэжыну. Дэ апхуэдэхэм деж куэдрэ жытIэ хабзэщ ди лъэпкъ IуэрыIуатэ бейм и фIагъхэр литературэм щхьэпэ зэрыхуэхъуар. Абы шэч хэлъкъым. Ауэ итIани тхыбзэ поэзиер къэхъуркъым жьэрыIуатэр тхылъым иптхэж къудейкIэ, абы езым и хабзэ хэхахэр иIэжщ, икIи, ар

ебгъэфIэкIуэн щхьэкIэ, а хабзэхэм зебгъэшэщIын хуейщ. Язынықъуэхэм къохъур мыпхуэдэу: е хабзэжьым утемыкIыу утетын, е а хабзэм уебэкъуэн хуейуэ. Абы щыгъуэми, утемыкIрэ – зыужьыныгъэ щыIэкъым, утекIрэ – уи лъэпкъыбзэм лIэщIыгъуэрыбжу къигъэщIауэ къыздихь фIыгъуэр IэщIыб уощI.

АбыкIэ КIыщокъуэ Алим икъукIэ лэжьыгъэ ин зэфIигъэкIауэ жытIэмэ, куэд щIауэ псори зыщыгъуазэхэм къытедгъэзэж къудейщ. Ауэ девгъэплъыт а лэжьыгъэр зищIысым.

Япэрауэ, къэбэрдей поэзием и тематикэр къэтщтэнщ. Пасэ зэманыжьхэм щегъэжьауэ адыгэ джэгуакIуэхэм жылагъуэ къалэн, лъэпкъ къалэн я пщэ дэлъурэ къекIуэкIащ. Хэкум бийр къихьэрэ лыгъэ къридзамэ, гъыбзэ зыусыр джэгуакIуэрт. Дзэр зауэм Iухьэмэ, джэгуакIуэр зауэлIхэм яхэтт – лIыгъэ зезыхьэхэр уэрэдкIэ игъэлъэпIэну, нэхъ хуэмыхухэм ящIэнэкIэну. Жылагъуэ дауэдапщэ хъуамэ, абы щыгъуэми Iуэхур зезыхьэхэм джэгуакIуэр хэтын хуейт – жылэ псом и цIэкIэ хъуэхъу дахэ иIэту, джэгум хэтхэр хабзэкIэ зэригъакIуэу, уэрэд жиIэу, усэхэр къыIурылъэлъу. НэгъуэщIу жытIэнщи, джэгуакIуэр и щхьэ закъуэм, хьэмэрэ зыщыщ унагъуэ къудейм хуэфI цIыхутэкъым, атIэ ар гупылIт, жылэлIт, хэкулIт. Апхуэдащ, псалъэм папщIэ,зи цIэхэр ди деж къэмысами зи усыгъэхэр мыкIуэдыжа джэгуакIуэ-усакIуэхэу адыгэ уэрэдыжь Iэджэр зи Iэужьхэр. Ар дыдэхэм ягуоувэр «Къэбэрдей жэщтеуэр» зыусауэ яIуатэ Тхьэищаукъуэ Лъэпщыкъуэ, «Сэрмахуэ» зыусауэ ялъытэ Абазэ Къамбот, усэ пщIы бжыгъэ зыкъом къызэзынэкIа Агънокъуэ Лашэ, «Япон зауэ», «Дзэлыкъуэ», «Iэщэр фузэд», «Къашыргъэ Алихъан», нэгъуэщI усэ, уэрэд куэд зыуса ПащIэ Бэчмырзэ сымэ. Урысейм революцэр къыщыхъуу гъащIэм зыщызэрихъуэкIым, бжьыпэр зыубыдахэм цIыху псори щхьэхуиту псэуну, сыткIи зэхуэдэну, динкIи, бзэкIи, къызыхэкIа лIакъуэкIи зэхэгъэж щымыIэну щыжаIэм, абы усэрэ зыгъэлъапIэ уэрэдкIэ адыгэ джэгуакIуэхэр зэрыпежьамрэ джэгуакIуэ лъэмбым щIэуэ къэунэхуа усакIуэхэри зэриувамрэ гурыIуэгъуэ мыхъун зыри хэлъкъым: аращ зэрыщытын хуеяри. Мис апхуэдэу адыгэ усакIуэхэр совет политикэм и гъуо хъуауэ щытыгъащ. Ахэм яхэтащ игурэ и псэкIэ совет Iуэхузехьэкlэр зыгъэкъабыла ЩоджэнцIыкIу Алии, а IуэхузехьэкIэм ирилажьэхэм иужькIэ яIэщIэкIуэдэжыпа ЩэрэтлIокъуэ Талъостэн, Борыкъуей ТIутIэ, ШэджыхьэщIэ Пщыкъан сыми, нэгъуэщI Iэджи. Дауэ абы яхэмытынрэт Совет къэралым еджапIэ гъуэгу къызыхузэIуиха КIыщокъуэм хуэдэхэр!

Аращ къэралышхуэм иса лъэпкъ Iэджэм я усакIуэ нэхъ Iэзэхэм – Маяковскэм хуэдэхэм я деж щегъэжьауэ – большевик партыр, партым и пашэхэр, Совет къэралым и политикэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ ялъэкI къыщIамыгъэнэжу щытар. Пэжщ, сыт хуэдэ лъэхъэнэми Iужажэ щыIащ, ауэ дэ зи гугъу тщIар аракъым, атIэ большевик къэралым и политикэр хьэкъыу зи фIэщ хъууэ абы гурэ псэкIэ хуэусахэращ. Апхуэдэхэм уахущIэбжи цIей-напей пщIыну я ужь уихьи хъунукъым, сыту жыпIэмэ япэ щIыкIэ зи щхьэ Iуэху дэзыгъэкIыну ещэхэмрэ фIым щIэхъуэпсурэ зыгуэркIэ гъуащэхэмрэ зэхэгъэкIын хуейщ.

КIыщокъуэм дежкIэ зыкъэдгъэзэжынщи,нэрылъагъу дыдэщ абы и

поэзием политикэр зы Iыхьэу хэлъ щхьэкIэ нэгъуэщI темэ зыбжани къызэрызэдищтэфар. Уегупсысыпэмэ, усакIуэ уардэм и тхыгъэхэм щызэхэгъэкIыгъуафIэ хъуркъым политикэ лозунгхэмрэ езы авторым и гущIагъщIэлъхэмрэ. Апхуэдэу жылагъуэ, къэрал Iуэхури щхьэ закъуэ гухэлъри зыуэ щытыныр IуэрыIуатэмрэ джэгуакIуэ нэхъ кIасэхэмрэ я деж къыщежьэу жыпIэмэ, щыуагъэ хэлъыну къыщIэкIынкъым. Ауэ КIыщокъуэм и усэхэм ар куэдкIэ нэхъ щыгъэщIэгъуэнщ, абы и пэ итахэм я Iэдакъэщ-IэкIхэм нэхърэ.

Пэжщ, дэ щапхъэу куэдрэ дызрихьэлIэ сатыриплI цIэрыIуэр («Хыр си шакъалъэу…») декларативнэ жыхуаIэ лирикэ лIэужьыгъуэм нэхъ йокIуалIэр. Ауэ девгъэплъыт нэгъуэщI усэ гуп: «Сэлэт шырыкъу», «Шыхулъагъуэ», «Уигу, си анэ, сыкъэкIмэ», «ЗэныбжьэгъуитI», «Жыр пыIэ», нэгъуэщIхэми. Мыхэр псори зауэм теухуахэщ, я идее нэхъыщхьэри Хэкур хъумэжынырщ. Ауэ нэгъуэщI зыи яхэлъщ а псоми зэщхьу: абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми щызэгуэухуэнащ жылагъуэ Iуэхуу псоми я зэхуэдэмрэ щхьэ закъуэм и гурыщIэ дахэ, гурыщIэ куумрэ. НэгъуэщIу жытIэнщи, Хэкум ис куэдым я гурылъыр зы щхьэ закъуэм и гум щыщIэ IуэхухэмкIэ къэIуэтэжа хъуащ. Щапхъэу къэтхьынщ литературэм и къэпщытакIуэ зыбжанэм хуэфэщэнкIэ гу зылъата усэ «Атакэм и пэкIэ» жыхуиIэр.

Зэ еплъыгъуэкIэ мы усэр нэм къыщIэуэ образ телъыджэ гуэрхэр зыхэлъхэм ящыщкъым: ар сатыр тIощI мэхъури, зы метафорэ гъэщIэгъуэнкIи, эпитет хьэлэмэткIи, гиперболэкIи узэдауэ щыткъым. Пэжщ, зэгъэпщэныгъэкIэ узэджэну тIу урохьэлIэ:

«Уэсятым хуэдэу… псалъэ пэж»;

«…УафэхъуэпскI къытфIэщIу топхэр ныздеуэнщ».

АрщхьэкIэ ахэр къызэрыгуэкIщи, зы телъыджэ гуэру зыми къыхуэлъытэнкъым. Ауэ зэрыусэу къапщтэмэ, зэрыхъур умыщIэу уи гум хохьэ:

*Уэсятым хуэдэу, уэ, си къуэш,*
*КъедаIуэ бжесIэу псалъэ пэж.*
*Къытпоплъэ зауэр дэ пщэдей,*
*ЖызоIэ сэри «бийм я ней!»*
*Къихьащ сигу Iэлым сэ зэуэн,*
*Фашистхэм я псэ зэу згъэнын*
*Си гуапэу, сэри сыщIохъуэпс.*
*Атакэм и пэ, уафэхъуэпскI*
*КъытфIэщIу, топхэр ныздеуэнщ,*
*Абдежым бийхэм датеуэнщ.*
*СлъэмыкIми Iуащхьэм сынэсын,*
*Дэ тщыщ а щIыпIэм лъэIэсынщ.*
*УIэгъэ сохъур… е саукI,*
*Фэ фыкIуэ адкIэ, фэ фыпхыкI.*
*Ирегъ сэ си анэ, сэр нэмыщI,*
*Зым и ани и гур хремыщI;*
*Къытпоплъэр зауэр дэ пщэдей.*
*Мырщ ди къалэныр абы дей:*
*Бийм дытекIуэн е дыкIуэдын!..*
*Аращи, къащтэ зы тутын.*

Иджы мы усэр къызыхэхъукIа зэманымрэ щытыкIэмрэ дегупсысынти.

ЩIытIым ису зауэлI къызэрыгуэкIитI зопсалъэ. Зыр нэхъыжьщ, ущиеныр нэхъ и борщщи, и гъусэм пщэдейрей Iуэхур гурегъаIуэ: нэху здэщым тIури, адрей я гъусэхэри мафIэм пэрыхьэнущ, езыхэри мафIэ хъунущ, псэзэпылъхьэпIэщ. Апхуэдэм деж псалъэ фIэрафIэ дахэр къезэгъыркъым. Зи игъуэр цIуугъэнэ лъэпкъ зыхэмылъ псалъэ пэжхэращ. «Уэсят» псалъэри мыбдежым щезэгърабгъу дыдэщ: зауэлIым дежкIэ нэхъыщхьэр – хэкIуадэ хъужыкъуэми, щIэкIуэда Iуэхур гъэзэщIа хъунращ, пщIэншэу мыкIуэду. Абы сэлэт къызэрыгуэкIым и псалъэ къызэрыгуэкIыр псэм и унафэ ещI, и гъусэр текIуэныгъэм зэрыщIэбэныным хуеузэд.

Пэжщ, сэлэтым унафэ ищIыну хуиткъым, абы и къалэныр унафэ къыхуащIыр гъэзэщIэнырщ. Апхуэдэу уеплъмэ, мы усэр жьэкIэ къэIу гупсысэ къудейщ. Ауэ унафэм и нэхъ гуащIэр езы цIыхум гупсысэкIэ къыпкърыхьэращ. Абы къыхэкIыу, мы усэм, усакIуэхэм зэрахабзэу, къытегъазэ куэд хэплъагъуэркъым, зы закъуэ фIэкIа: «Къытпоплъэ зауэр дэ пщэдей». Мы сатырыр ещанэу, иужькIэ епщыкIубланэу къокIуэ. Хьэкъщ ар усэ псор зэщIэзыкъуэ гупсысэм и гъуазэу зэрыщытыр: адрейуэ усэм къыщыкIуэ псори абы ещIэкIыжащ. А псалъэуха кIэщI цIыкIум къызэщIеубыдэр пщэдейрей Iуэхум и инагъри, псалъэхэр къызэрыгуэкIыу къызэрыпфIэщIынум хуэдэу а пщэдей къапэплъэр зауэлIхэм я дежкIэ дэтхэнэ махуэми зыIууэнкIэ хъун Iуэхуу зэрыщытри.

Пэжщ, а «къапэплъэ» зауэр езы зауэшхуэ псом елъытауэ зы мыхьэнэншэ гуэру къыщIэкIынкIэ мэхъур. Ауэ 1945 гъэм къахьа ТекIуэныгъэр апхуэдэ атакэ цIыкIу защIэурэ зэхэлъащи, зы текIуэныгъэ цIыкIу пIэщIэкIыху ТекIуэныгъэшхуэри нэхъ жыжьэ мэхъур. Абы нэмыщIу, иджыри зы хэлъщ мыбдежым: зауэлIым дежкIэ зауэшхуэри зауэ цIыкIури зыщ – хэкIуэдэнкIэ шынагъуэр зэхуэдэщи.

Апхуэдэу уеплъмэ, сэлэтым дежкIэ зауэ цIыкIу щыIэкъым. Уи псэр хэплъхьэн-хыумылъхьэн щыхъукIэ, зэрыжаIэщи, узыгъалIэ псори емынэ узщ. Station сэлэтым и монологыр и кIэм щынэсым деж къакIуэ псалъэхэр ямылейуэ хэIэтыкIауэ къыпщызымыгъэхъур:

«Бийм дытекIуэн е дыкIуэдын!»

Мы псалъэхэр адыгэ псалъафэ «Е дылIэн, е дылIын» – жыхуиIэм къытекIауэ къытфIощIыр. Ауэ авторым а езы псалъафэр къимыгъэсэбэпу абы ещхь къызэрихьым псалъэхэр нэхъ щIэщыгъуэ ящIыр, абы щыгъуэми мыхьэнэуэ къарыкIыр нэхъ купщIэншэ хъуркъым.

Иджыри зы Iуэхугъуэ гу лъытэн хуейщ: мы къэтхьа псалъэхэмкIэ авторым усэр иухатэмэ, авторым мы усэр лозунг дахэ къудей къыIэщIэхъуэнт. УсакIуэм ищIэр сыт? Монологым и бжьэпэтехуэу зыкIи темэм емыпхауэ къыпфIэщIын псалъэхэр къехь: «Аращи, къащтэ зы тутын».

Апхуэдэ Iуэхушхуэм утепсэлъыхьыу «тутын»-кIэ псалъэр бгъэтIылъыжын щхьэкIэ, уи зэхэщIыкIыр нэмыгъэсауэ щытын хуей хуэдэщ, зэ еплъыгъуэкIэ. Ауэ мы усэр и пIэ изыгъэувэу нэгъэса зыщIыр а кIэух сатырырщ: абы псалъэ хэIэтыкIа къудейуэ къэнэнкIэ хъуну къыпфIэщI

монологыр гъащIэм къуэпс куукIэ пещIэ. Уегупсысмэ, лъы гъэжэнрэ лIэныгъэ Iуэхурэ зыхэлъ псалъэхэм едаIуэр атакэм тегушхуэным и пIэкIэ гужьеинкIэ хъунт а кIэухыр мыхъуатэмэ: абыкIэ сэлэтым, мыр дызэсэжа Iуэхущ, – зауэ ущыIуткIэ, сытри къыпщыщIынкIэ мэхъур, ауэ уи гур кIуэд хъунукъым, жиIэ хуэдэщ.

Апхуэдэ усэбзэ стилистикэр лъэпкъ IуэрыIуатэ хабзэмрэ литературэ хабзэмрэ я зэпылъыпIэщ. Мыбдежым щхьэ закъуэм и гурыгъухэри куэдым я Iуэху еплъыкIэри щызэпыщIащ. А псори зи гугъу тщIы усэм и ритмикэ зэпэщымрэ рифмэ гъэпсыкIэ къекIумрэ дэгъуэ дыдэу яузэд: лъэмбиплIу гъэпса ямбщ, сатыр къэс хэIэтыкIакIэ иухыу, сатыр тIурытIу рифмэкIэ зэтауэщ усэр зэрытхар.

Зауэ зэманымрэ абы къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэмрэ КIыщокъуэм и поэзием зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ.

ПсэзэпылъхьэпIэ куэд ихуэурэ гъащIэм и уасэр пасэу къэзыщIа усакIуэ Iэзэм и творчествэм мотив нэхъыщхьэ хуохъур сыт хуэдэ мыгъуагъэ хуэмызами пэжым тетыныр, гъащIэм щыгуфIыкIыныр, фIымрэ дахэмрэ уэрэдкIэ гъэлъэпIэныр, мамырыгъэм, шыIэныгъэм хуэIэщакIуэу щытыныр. Абы и къалэмыр хуегъэIэрыхуэ гъащIэр хъумэным щхьэкIэ зыщымысхьыжахэу иджы а гъащIэр къэзыгъэщIэрэщIэж гуащIэрыпсэу колхозхэтхэм, шахтерхэм, егъэджакIуэхэм, гулъытэншэу къигъанэркъым дохутырхэри, губгъуэм ит Iэщыхъуэхэри, щIы щIагъым хъугъуэфIыгъуэ щхьэкIэ ех шахтерхэри, къэкIуэнур зей сабийхэри.

Нобэ тыншщ, усакIуэшхуэм и Iэужьым уахэплъэжурэ, пIалъэ кIэщIкIэ нэхъ земыкIуа, тхылъеджэр нобэ зыхуэмеижынкIэ хъуну тхыгъэхэр абы и лэжьыгъэхэм къыхэбдзыну. АпхуэдэнкIэ мэхъур, псалъэм папщIэ, компартымрэ абы и пашэхэмрэ я щытхъу зыхэлъа усэхэр, колхоз шоферым, жэмышым, губгъуэрыс лэжьакIуэхэм яхыхьэ агитаторхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр. Ауэ езым зэрилъытэмкIэ, усакIуэ нэсым и псалъэр щытын хуейщ «топу е уадэу»:

*И усэ тхылъхэр сэлэту,*
*ЛIэныгъэр бийм яхигуашэу,*
*Ди ныпыр лъагэу иIэту…*

Мы псалъэхэр нэгъуэщI усакIуэшхуэм хужиIа щхьэкIэ, езы КIыщокъуэри дунейм тетыху а хабзэращ зыхуэпэжар. Ар вагъуэ цIыкIухэмрэ удз гъэгъахэмрэ яхуэмыусэфыну аратэкъым, атIэ цIыхубэм хуэлэжьэн хуейуэ, и псалъэкIэ ар игъэгушхуэну, и щхьэ лъагэу иригъэлъагъужыну и пщэрылъу илъытэрт, абы и талантыр щхьэузыхь хуищIырти аращ.

ЦIыхубэ Iуэхум, хэку псом и Iуэхум щхьэ закъуэ Iуэхур къыгуэх имыIэу иригъэкIуфмэ, усакIуэр гражданскэ лирикэ жыхуаIэм хэзэгъауэ аращ. АбыкIэ щапхъэ куэд иIэщ КIыщокъуэ Алим. Гупсэ уэрэдымрэ жылагъуэ Iуэхумрэ зэхэшыпсыхьа мэхъу, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэу:

*Къалэн лъапIэр родинэм хуэсщIэну*
*Сэ дзэ плъыжьыр нобэ къызэджащ.*

*Ди насыпри уэри фысхъумэну*
*Дзыхь къысхуащIу, Iэщэ къызатащ.*

Ар щIалэщIэ къызэрыгуэкIым и пщащэм хуэгъэзауэ къыбгъэдэкI псалъэу гъэпсами, щIагъыбзэшхуэ щIэмылъу къыпфIэщIми, куэд къызэщIэзыубыдэщ, сыту жыпIэмэ Хэкум хуэпщIэмрэ уи щхьэм хуэпщIэжымрэ зэкIумэ, аращ Iуэхур щыпкъэ зыщIыр.

ЦIыхум и къалэну мы дунейм щIытетыр зыгуэрми хужыIакъым, адрейхэм къыдащтэу псори зымкIэ акъылэгъу зэдэхъун хуэдэу. АбыкIэ Iуэху еплъыкIэ дахэ къыхощыр КIыщокъуэм и поэзием.

*Си гур скIуэцIылъу фи гугъэ? –*

Кърегъажьэ абы и зы усэр, адыгэхэм «ар цIыху зэкIуэцIылъщ» жыхуаIэ псалъафэр къигъэсэбэпрэ езым и щэныр абы пигъэуву, «гу пцIанэ» зэрыжаIэу:

*Си Iэгум илъу ар сохьыр,*
*Уэшхыр къешхамэ – къытошхэ,*
*Уэсыр къыщескIэ, гугъу йохьыр.*
*…Зигу хэщI илъагъумэ – мэгуIэ,*
*Псывэм хэлъ мылуи зэм мэткIур.*

Ар хэкулIым, лъэпкъ набдзэм и псэукIэн хуей хабзэщ – и псэр имыхъумэу, зыщымысхьыжу, хэт и мыгъуагъэми игу пцIанэр къыдэскIэу.

Апхуэдэ еплъыкIэм къыдокIуэр дэтхэнэ зы цIыху закъуэми и пщIэр къызыхэкIыжын хуей къалэныр:

*Си ужьым итхэ, фыкъэпIащIэт,*
*КIэщIыIуэщ гъащIэр – фымыгувэ.*
*Сыбгъэдэувэнщи сэри къуршым –*
*Зыгуэр си дамэ фытеувэ.*

Мы дунейр къызэрыунэхурэ цIыхум и зыужьыныгъэ гъуэгур зыщ – япэ итым ищIар кIэлъыкIуэм тегъэщIапIэ зэрыхуэхъурщ. УсакIуэми къалэн зыщищIыжыр а гъащIэ хабзэм хуэпсэунырщ. Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжу, сэ сылIщ, жызыIэр а хабзэм тетщ, лъэныкъуэ зригъэзу, гъащIэ кIэщIым и IэфIыпIэр щхьэхуещагъэ хэлъу и закъуэ зэрызыIэригъэхьэным пымылъу:

*БлэкIа зэманыр зы псы Iуфэщ,*
*КъэкIуэн зэманыр ар етIуанэ?*
*А тIум сахуэхъумэ лъэмыж лъагэ,*
*Зэпачыфынкъым ди гъуэгуанэ.*

Пэжщ, дэтхэнэ зыри апхуэдэ «лъэмыж» цIыху тхыдэм хуэхъуркъым, сыхъунщ жызыIэу еувалIэри тхъэркъым – абы псы къиуари къыжьэхоуэ, и лъэгум щIэлъ пшахъуэри щIелъэсыкI, нэгъуэщIу жыпIэмэ, щхьэхуэ-

лажьэ къудейуэ щымыту бэхуэлажьэм хэт и бзаджи къыщысхьыркъым. Ауэ дэ ди гъащIэр пимычын щхьэкIэ, хэтхъыкIхэри тхъэуэ, тхъэгъуэ зылъымысхэри мыкIуэдыпэу дунейр зэтетын щхьэкIэ нэгъуэщI Iэмал щыIэкъым – хэтми зыгуэр «лъэмыжу» къэувын хуейщ и псэр, и щхьэр, и гуащIэр щхьэузыхь ищIу, аращ усакIуэ нэсым и къалэныр. Ар зымыщIэхэр нэхъыбэщ, уэрэд усыныр кIэнджэгу я гугъэщи, усакIуэм щIонакIэ. Абы и жэуапу КIыщокъуэм мыпхуэдэу етх:

*Сэ бгым сахуэдэу хьэлъэ стелъщи,*
*Гугъуехь сэ си псэр щымыщIэн.*
*Ар пэжрэ пцIырэ зэбгъэщIэнум,*
*Къиувэ си пIи, сыкъэпщIэнщ.*

ЖызыIэн щыIэщ усакIуэ-тхакIуэхэр мыдрей цIыхухэм нэхърэ нэхъ пагэу, нэхъ зэлъэтэкIыу. ПэжынкIэ хъунщ, ауэ мыр къэлъытапхъэщ: ахэр, зыкъомым хуэдэу, я щхьэ закъуэкъым зыхуэпсэур, атIэ цIыхубэрщ – дэращ. Абыхэм ди гъащIэр цIыху гъащIэ ящIыфыр, дэ тхузэфIэмыкIын IэмалхэмкIэ – уэрэд яусурэ, усэ зэхалъхьэурэ, тхылъ щыпкъэ ятхыурэ, ди гум илъ щхьэкIэ ди бзэр зыхуримыкъу Iущагъымрэ IэфIагъымрэ къыдбгъэдалъхьэжурэ. Ар бгым хуэдиз хьэлъэу абыхэм ятелъщи, аращ дэ дэмыщхь зыщIыр. Ауэ ди лъэкIыныгъэ мащIэм фIэкIа димыIэу дэ ахэм я пIэ дыкъихутэмэ, бгыр тхуэIыгъынкIэ зы шэсыпIи щыIэкъым – дэри дыщIипIытIэнщ, нэгъуэщIхэри хэкIуэдэнщ.

УмыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал зимыIэщ зэхэщIыкI зиIэ цIыху мы дунейм къызэрытехъуэрэ зытеусыхь темэхэм КIыщокъуэм езым и еплъыкIэ щхьэхуэ – ари дахэрэ купщIафIэу – къызэрыхуигъуэтыр. Абы хуэдэщ цIыхуу зызылъытэжым и псэукIэн, усакIуэм и пщэрылъ, дунейм и зэхэлъыкIэ, гъащIэм и мыхьэнэ темэхэм теухуа тхыгъэхэр.

Апхуэдэу къэплъытэ хъунущ тхыдэм, дунейм и дахагъэм теухуа усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Псом хуэмыдэу гу зылъыуегъатэ усакIуэшхуэм и пейзаж лирикэм. Ар ауэ дахагъэ гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ къудейхэкъым, атIэ икIи гупсысэ куэдкIэ гъэнщIа усыгъэхэщ.

*Зы удз цIыкIу закъуэ мывэм тету*
*Дунейр мышынэу зэпеплъыхь.*

Мы сатыритI къудейм зы дуней псо къаIуатэ: мывэр нэхъ быдэм я быдэжу абы удз, ари цIыкIуу, закъуэу, къытеуващ. Къытеува къудейкъым: абы псэ хэтщи, «зеплъыхь», ар икIи «мышынэщ».

*…ИхъуреягъкIэ мывэ защIэщ,*
*Гъэмахуэ мазэм къосыр уэс.*
*Уае къытехъуэу къегуэуамэ,*
*Дыгъэ нур закъуэр и гунэсщ.*

ИкъукIэ пейзаж телъыджэщ авторым къигъэлъагъуэр – бгыщхьэ, мывэ, жьапщэ, зы удз закъуэ. Ауэ мы дунейм зыгуэрым хухэмыха зыри

теткъым. А удз цIыкIури мыбдежым щылейкъым. Мылейм къыщынэрэ – ар хэмыту дунейм псэ иIэкъым, аращ и щыгум уафэ къащхъуэмрэ дыгъэмрэ щIитри:

*Мывэжьхэм яIэщ ар гъэфIэну,*
*Я ныпу удзыр яIэтащ.*
*Мытыншми лъагэу утетыныр,*
*Улъагэм, дыгъэр уэрщ зэтар.*

Ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыху цIыкIум сыт щыгъуи къагурыIуэ зэпыткъым Тхьэр талантышхуэкIэ зэтар. Мо къызэрыгуэкIхэм я нэкIэ уеплъмэ, ар мывэ джейм кIэзызу тет удз дахэм хуэдэщ, ижэгъухэм я жьы щIыIэмрэ уэс-уэшхымрэ ирахын къудейуэ. Апхуэдэ гуэр къащымыщIауэ жыIэгъуейщ япэ адыгэ тхакIуэхэу 1937 гъэм яукIауэ щытахэу Борыкъуей ТIутIэ, ЩэрэтлIокъуэ Талъостэн, ШэджыхьэщIэ Пщыкъан, Къуэжей Сосрыкъуэ, Нало Жансэхъу, зыгуэрхэм я щхьэзыфIэфIыгъэкIэ зауэм Iуадзэу IуагъэкIуэда ЩоджэнцIыкIу Алий, Къэжэр Индрис сымэ. Абыхэм яхэбгъэувэ хъунущ езы КIыщокъуэ Алиму пцIы тралъхьэу хьэлэбэлыкъ хагъэтари. ИтIанэми, лъагэу щытыну Тхьэм зыхуиухахэр жьапщэм зыщахъумауэ къуэкIий хуабэм дэсхэм ехъуапсэркъым, атIэ я щхьэр лъагэу яIэт. Апхуэдэ гукъэкI дегъэщI мы пейзаж лирикэ жанрым ит хуэдэ, ауэ философскэ гупсысэшхуэ зыщIэлъ усэм. Ди гугъэмкIэ, ар авторым и щхьэ закъуэм триусыхьыжакъым, зи гугъу ищIыр ар икIи удзщ, икIи мывэжьхэрщ, икIи цIыхухэм я зэхущытыкIэщ, икIи дуней телъыджэм и зэхэлъыкIэщ. Пэжщ, языныкъуэхэм деж усакIуэр къыщеудри – щIагъыбзэ зыхэплъэгъуэн лъэпкъ хэмылъ хуэдэу и щхьэр течауэ, мэпсалъэ:

*Акъыли хуейкъым цIыху ерыщыр,*
*Ем хутырелъхьэ гъущI лъэмыж;*
*Псыкъуийр и закъуэ исеинщи –*
*ЦIыху губзыгъищэм къатIэщIыж.*
*Е мыпхуэдэу жеIэр:*
*Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –*
*Улъагэм, бзаджэм уаIэщIокI.*

Мыбыи къытеувыIэпхъэщ. Адыгэхэм игъащIэми жаIэр: ухеймэ, улъэщщ. Зэманым зихъуэжащ: иджы хейуэ ухэкIыну ухуеймэ, лъэщу ущытын хуейщ. Армырауэ пIэрэ усакIуэм щапхъэу къэтхьахэмкIэ къыджиIэну зыхуеяр? Ухей закъуэкIэ зэфIэкIынукъым – ущыхей дыдэм дежи бзаджэхэр къыптемызэрыгуэн щхьэкIэ, уамыгъэпудын щхьэкIэ лъагэу зыпIэтауэ, улъэщу, къаруушхуэ зэрыпкъуэлъыр нэрылъагъуу щымытмэ, хьэIупс уащIынущ, езы КIыщокъуэр, «адыгэ Солженицын» фIащу, щIавэну и ужь зэрихьауэ щытам хуэдэу. Тхьэм и фIыщIэти, ар лъагэт, пэлъэщахэкъым. Ауэ апхуэдэу лъагэу зызымыIэтыфауэ бзаджэхэр лъэIэсу хагуаи щыIащ. Е, усакIуэм зэрыжиIэу, захуэу дэкIеину еIэ жыгыр жьапщэ бзаджэм Iушэнашэ щищIаи къэхъуащ. ИтIани усакIуэм идэркъым фIым хуэлажьэм Iэщэ къригъэщтэн: зауэ лыгъэр зыгъэунэхуа, цIыху бзаджэхэ-

ми гуапэхэми куэдрэ яIущIа адыгэлIым къызэрыфIэщIымкIэ, Iэщэм епхъуэ фIым бзаджэу зыкъызэридзэкIыжынкIэ шынагъуэщ. АтIэ, сыт хэкIыпIэр? ЦIыхугъэкIэ, гуапагъэкIэ, бзэ IэфIкIэ Iуэхур зехьэнырщ. Ар Iэпщэрыбанэ Iуэхум нэхърэ нэхъ гугъущ, ауэ нэгъуэщI гъуэгу тэмэм щыIэкъым.

Мис апхуэдэу усакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкIхэм щызэхэухуэнащ щхьэзакъуэ гурыгъухэмрэ мы дунейм тет цIыхубэр зыIущIэ гукъеуэхэмрэ. А псори поэзием и хабзэкIэ къеIуэтэжри Тхьэр Iэзагъышхуэрэ гу пцIанэрэкIэ зэтам бэлыхьу зыIууэр езым и гущIэм щегъэв икIи абыкIэ дэ тхуэдэ цIыху цIыкIухэм мыгъуагъэр ящхьэщех.

УсакIуэр и тхылъеджэм хуэпэжмэ,ар нэхъ зыхуэныкъуэнухэр имыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. НобэкIэ нэхъ гуащIэу къэувхэм ящыщу, сыт зэмани абы утепсэлъыхьыныр игъуэу проблемэшхуэщ хэкум, лъэпкъым, анэдэлъхубзэм я гурыгъузыр. Мы Iуэхум щыгъуазэхэм зэращIэщи, ди къэралым зэрихьэ лъэпкъ политикэм дыкъуакъуэ гуэр хэмылъу зэи щытакъым. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, СССР-м, иджырей Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм къэралым куэд къызэрыхуищIари, къызэрыхуищIэри пэжщ – ар къэралыгъуэу уабжынырщ, егъэджэн-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэрщ, кадрхэрщ. Ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укIэлъыплъыжмэ, зы IэмкIэ къуитым хуэдиз адреймкIэ пIехыж. А пIихыжыр нэхъ хьэлъэ ещI мыдэкIэ езы лъэпкъым щыщу лъэпкъ, бзэ политикэр зи пщэрылъхэм Iуэхур IэкIуэлъакIуэу щызэрамыхьэм деж. Апхуэдэ къызэрыхъури ди нэгу щIэкIащ, и зэрани къыдэкIар пэжщ. Апхуэдэ къэрал политикэмрэ а политикэр мыкIуэмытагъэ хэлъу зезыхьэхэмрэ щхьэкIэ КIыщокъуэм зэгуэрым жиIэгъащ «бзэукIхэр» жери.

«Адыгэ уафэ», «Адыгэ хэку», «Зеич лантIэ», «Ди унэжь», «Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми», «Кхъужьей къудамэ», нэгъуэщI усэ телъыджэ куэдыр ди лъахэм и фэеплъ дахэщ, къэбэрдей литературэр зэрыгушхуэ хъунщ. Дигу къэдгъэкIыжынщ зы усэ закъуэ:

*Дунейм псы сефэу сытетыхукIэ,*
*Уэ зыр гуфIэгъуэу узиIэнщ.*
*Бзур зы уэрэдым щIапIыкIащи,*
*НэгъуэщI зэхилъхьэу жимыIэн.*
*Сэри сахуэдэщ къуалэбзуми,*
*И фIыщIэ хэкум сщымыкIуэд,*
*Сэ гъащIэр сухми, схуэухынкъым*
*Си хэку нур хадэм и уэрэд.*

Мы псалъэхэм нэхърэ нэхъ фIэрафIи нэхъ хэIэтыкIаи къагъуэтыфынкIэ хъунщ нэгъуэщIхэми, ауэ къызэрыгуэкIыу къыпфIэщIми, ахэр усакIуэм къигъэсэбэпащ икъукIэ кууэ гум хыхьэу.

Иужь илъэсхэм усакIуэшхуэр бзэ Iуэхум ирипIейтейуэ зэрыщытар «Щхьэлыкъуэ» зыфIища усэ тхылъыр щызэхилъхьэм щыгъуэ наIуэ къэхъуащ. Абы итщ зи гугъу тщIы темэм теухуауэ усэ зыбжанэ, язынықъуэхэр нэхъапэм итхахэм ящыщу, адрейхэр – щIэуэ.

*Ди бзэр псэужмэ, апщӀондэхукӀэ*
*Си гугъуи ящӀу зэхэфхынщ, –*

щыжеӀэр абы и зы усэми адэкӀэ аргуэру мыпхуэдэ псалъэхэр пещэ:

*Сыт батэкъутэр уэ бгъэшами,*
*Уи бзэр къэӀухукӀэщ уи дунейр.*
*Бзэр симыӀэжмэ, си ахърэтым*
*Жэнэт сисынуи сыхуэмей.*

КӀыщокъуэ Алим дежкӀэ анэдэлъхубзэр ауэ зэрыпсалъэ, зыхэпсэукӀын зэрызригъэпэщ Ӏэмэпсымэкъым, атӀэ псэм и зы Ӏыхьэщ, езы дыдэм и цӀэр зыгъэӀури а бзэращ. Ауэ бзэр ар зи ӀэщӀагъэм ищӀэн хуейуэ, адрейхэр абы хуэхейми хъуну аракъым:

*Бзэ зимыӀэр, щӀылъэм тетми,*
*Хуэдэ къабзэщ къамылъхуам.*

Апхуэдэу бзэм теухуа усэхэр зы гупышхуэ мэхъур, зым нэхърэ адрейр нэхъ екӀуу, гупсысэ куукӀэ гъэнщӀауэ. Ахэр анэдэлъхубзэм щхьэкӀэ ятхауэ дунейпсо поэзием хэт усэ нэхъ гурыхь дыдэхэм япэджэжу жыпӀэ хъунущ.

Ди усакӀуэшхуэм и Ӏэужьхэр тематикэкӀэ бгъэлъэгъуэн хуей хъумэ, нэрылъагъущ абы гъащӀэм узыщыӀущӀэ проблемэ нэхъ ин дыдэхэр къыхигъэщхьэхукӀыу, псом япэу гу нэхъ зылъытапхъэхэр къыхиубыдыкӀыфу, гъащӀэм и плъыфэ зэмылӀэужьыгъуэхэр езым и гупсэрэ и образ телъыджэрэкӀэ зэщӀиузадэу зэрыщытар.

КӀыщокъуэм и поэзием и лъагапӀэщ и лирикэр. Ди лъэпкъ поэзием дежкӀи Кавказым ис лъэпкъхэм я поэзием дежкӀи ар щапхъэщ.

ЖьэрыӀуатэ поэзиеми лирикэр и зы пкъыгъуэщ. Ауэ абы деж дэтхэнэ гухэлъри а гухэлъыр зезыхьэ персонажри къызэрынахуэр гупсысэ нэхъыщхьэмкӀэ цӀыхубэ псом я еплъыкӀэр къызэрыӀуэтам елъытауэщ. Литературэ щӀэныгъэм и терминкӀэ жыпӀэмэ, жьабзэкӀэ зекӀуэ лирикэм къыщыхьа къэхъугъэхэри, персонажхэри, образ гъэпсыкӀэри типологиекӀэ зы къупхъэ гуэрым итӀысхьэу щытын хуей мэхъур: уэрэдым гу зылъитэр обществэ псом къыфӀэӀуэхункӀэ хъунухэращ.

Литературэ лирикэр, тхыбзэм тегъэщӀауэ зэфӀэувэр, зыкъомкӀэ нэгъуэщӀ хабзэ тетщ. Абы деж гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщӀар цӀыху хэхам игу щыщӀэхэращ. Ауэ а зым и Ӏуэхум дэтхэнэ зыри зыщӀегъэплъ, зыщӀегъэдэӀу, къыдешэхыф. Зыри гуэдзэн имыӀэжу «лирикэ» зыхужыпӀэнур аращ. Ар зэпэщыркъым ӀуэрыӀуатэу къэгъуэгурыкӀуэр тхылъ пщӀыжкӀэ, атӀэ бзэми, езы усакӀуэми зы гъуэгуанэ къызэпачын хуейщ абы нэсын щхьэкӀэ. Къэбэрдей поэзием апхуэдэ къэхъугъэм и псы жапӀэр щызыгъэбелджылар пасэрей джэгуакӀуэжьхэрщ, иужьыӀуэкӀэ – Агънокъуэ Лашэ, ПащӀэ Бэчмырзэ сымэщ. Ауэ зи цӀэ къитӀуахэм нэхърэ фӀыуэ нэхъыщӀэ ЩоджэнцӀыкӀу Алий хущӀыхьакъым а псы жапӀэр нэхъ Ӏэхуитлъэхуит ищӀыну – лирикэ къабзэм и щапхъэ куэд абы и къалэмыпэм къыщӀэкӀа-

къым. Апхуэдэр къызэхъулIар КIыщокъуэрщ, икIи ар а усакIуэ уардэм и хэлъхьэныгъэшхуэ къэбэрдей поэзием хуэхъуащ. Абы къигъэбэтащ жыхуэтIэ пкъыгъуэм и лIэужьыгъуэхэу философие лирикэр,граждан лирикэр, лъагъуныгъэ лирикэр. ЖытIам и щапхъэ куэд дыдэ къыпхуэхьынущ, абы критик зыбжани тетхыхьащ. ГурыIуэгъуэщ: лирикэр псэм дыхьэу щытмэ, абы зэхуэдэу ехьэхур цIыху закъуэри, зэрытха бзэр зыIурылъхэри, дэтхэнэ зыуэ ар хамэбзэ гуэркIэ нэхъ мыхъуми зылъэIэсри. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ар цIыху псоми, лъэпкъ псоми зэдайщ. Апхуэдэщ КIыщокъуэм и лирикэу бзэрэ лъэпкърэкIэ гъунапкъэ зымыщIэр. Ар, адыгэ поэзием нэмыщI, урыс поэзиеми и зы Iыхьэ хъуащ, нэгъуэщIыбзэхэмкIи зэрадзэкIри щIыналъэ куэдым фIыуэ щалъэгъуащ.

Зы лъэпкъым – ари лъэпкъ цIыкIум – къыхэкIарэ и анэдэлъхубзэкIэ тхэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр, лъэпкъ закъуэм ейуэ къэмынэу, дунейпсо цIыхубэм я зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ щыхъур зэзэмызэщ. КIыщокъуэм и лирикэр дунейпсо поэзием и зы налкъут зыщIар и зэхэщIыкI инымрэ и Iэзагъэшхуэмрэщ. Абы игу щыщIэхэр и лъэпкъыбзэм и IэфIкIэ къиIуатэкIэрэ цIыху мин бжыгъэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр, гупсысэхэр, хъуэпсапIэхэр къитIэщIыфащ.

КIыщокъуэ Алим лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэу хуищIам и гугъу щыпщIкIэ, пщыгъупщэ хъунукъым абы лиро-эпикэм хилэжьыхьари. Илъэс пщIы бжыгъэ зыбжанэ хъуащи, адыгэ сабийхэр анэдэлъхубзэм и IэфIым хэгъуазэ ирохъур усакIуэшхуэм иуса «Бажэ пшынэ», «Елбэздыкъуэ» псысэ-поэмэхэм. Нэхъ къыдэкIуэтеяхэм школым щадж, «Тисей», «Адэ» поэмэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи гугъу тщIы жанрым и лъэбакъуэщIэщ «Зэшиблымрэ зы псыкъуийрэ» поэмэр.

Адыгэ поэзием и дахапIэ дыдэхэм ящыщщ КIыщокъуэм и балладэхэр. Абы и «Пщыхьэщхьэ шур» нэхъ пасэу итхахэм ящыщ зыщ, ауэ нобэми ар усэ фIыуэ зылъагъухэм яIурылъщ. А балладэм щIэлъ романтикэмрэ бзэ шэрыуагъымрэ имыхьэхун къэгъуэтыгъуейщ. «Пщыхьэщхьэ шум» екIуу бгъуроувэ «ЗэныбжьэгъуитI», «Таурыхъ», «ЛIыхъужь хъыбар» балладэхэр, нэгъуэщIхэри.

Гулъытэншэу къэбгъанэ мыхъуну иджыри зы пкъыгъуэ иIэщ КIыщокъуэм и поэзием. Ар езы авторым «Усэ шэрыуэ» зыфIища лIэужьыгъуэращ. Абы и къуэпсыр адыгэ усэкIэ хабзэм куууэ хэлъу къытфIощIыр. КIэщIу, псалъэ лей хэмылъу, зыхущыщIэ щымыIэжу зэгъэкIуауэ зэхэлъхьауэ щытауэ адыгэхэм куэд щIауэ яIэщ «Псалъэ пэжищэр». Абыхэм яподжэж джэгуакIуэжьхэм къызэранэкIа репликэ шэрыуэу цIыху цIыкIум зэIэпахыр. Апхуэдэщ ПащIэ Бэчмырзэ и усыгъэхэм къыхахыжу «псалъэ пэжхэр» зыфIаща усэ кIэщI шэрыуэхэр. КIыщокъуэм а жанрыр къигъэсэбэп къудейм къыщынэркъым, атIэ хэпщIыкIыу иригъэфIакIуэри литературэ поэзием и зы дахапIэ усэ-миниатюрэ хьэлэмэт ищIащ. Абы и дэтхэнэ зы «усэ шэрыуэри» образ дахэкIэ узэдащ, эстетикэ лъагэм и щапхъэщ, Iущагъ кууи хэлъыжщ. ЖыпIэ хъунущ мы жанр телъыджэр ди усакIуэшхуэм и Iэужьу къэна нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыуэ. Абы и щапхъэ мыхъун КIыщокъуэм и миниатюрэхэм яхэткъым, ауэ зы закъуэ

къэтхьынщ – псалъэрыIэзагъымрэ акъылыфIагъымрэ IупщIу къыхэщу:

*ЩIыхьыр шэкъым – фоч уэ макъщи,*
*Фочыр уакъэ – мэIу и макъ.*
*ЦIэрыIуагъэм щIэмыхъуэпсу*
*ЛIыгъэ зиIэм фыхуэсакъ.*

Мы сатыриплI усэ цIыкIур бзэ дахагъми и щапхъэщ, адыгэжьхэм яхэлъа шыIэныгъэми и щыхьэтщ, абы лIэщIыгъуэ куэдкIэ тIыгъуа лъэпкъ псалъэжьым хэлъым хуэдэ Iущагъ хэлъщ, усакIуэм и гупсысэ щIэгъэщхъуар икъукIэ шэрыуэу къеIуатэ.

* * *

КIыщокъуэ Алим зэрыусакIуэшхуэм, абы и поэзиер ди адыгэ лъэпкъ литературэм и хъугъуэфIыгъуэ ину зэрыщытым шэч хэлъкъым. Ауэ тхакIуэ щэджащэм и поэзием зыкIи пебдзых хъунукъым и прозэр – романхэр, пьесэхэр, повестыр, хъыбархэр, публицист тхыгъэхэр. Образнэу жытIэнщи, КIыщокъуэ Алим и творчествэр зэрыщыту къызэдэпщтэмэ, абы и зы дамэр поэзиеращ, адрей дамэр абы сыткIи пэхъун прозэрщ.

Дунейпсо литературэ тхыдэр щIэзыпщытыкIми щIэх дыдэу къыхуэгъуэтыну къыщIэкIынкъым тхакIуэ – и япэ дыдэ прозэ лэжьыгъэр тхылъ пIащитIу зэхэлърэ ари лъэпкъ литературэ зэфIэувагъащIэм и мызакъуэу, союзпсо литературэм и ехъулIэныгъэшхуэхэм ящыщ зыуэ къалъытауэ. Адыгэ тхакIуэм и «Хъуэпсэгъуэ нурымрэ» «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ» а жыхуэтIэм хуэдэщ.

ПрозэкIэ сыт и лъэкIыныгъэми зыми имыщIэу, КIыщокъуэр союзпсо утыку ихьащ романитIу е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, тхылъышхуитI хъу зы роман пIащэу зэхэлъ тхыгъэкIэ, ар лIэужьыгъуэкIэ зыгъэнахуэ щIэныгъэлIхэм зэралъытэщи, роман-эпопеекIэ зэджэм хуэдэщ. Апхуэдэу щIыжаIэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, романитIыр – лIыхъужь нэхъыщхьэу зы персонаж закъуэм, е зы унагъуэ закъуэм и гъащIэмрэ абы и кIуэцI къыщыхъуахэмрэ, е цIыхубэмрэ жылэмрэ къахэгъэщхьэхукIа гуп гуэрым теухуауэ щыткъым. Абыхэм нэхъыщхьэу къыщыIэтар жылагъуэпсо Iуэхущ. ЕтIуанэрауэ, романыр зытеухуам жылагъуэмрэ хэкумрэ я тхыдэр къызэдеубыд. Ещанэрауэ, авторым тхыгъэр зытриухуа зэманыр лъэпкъым дежкIэ, къэралым дежкIэ, дунейпсо тхыдэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъугъэхэр къыщыбэта лъэхъэнэщ, Урысей империем и лэрыджыр къэзыгъэза революцэр, граждан зауэр, зауэ нэужь илъэсхэр къызэщIиубыдэу.

Шэч хэлъкъым, романыр нэгъэса хъунукъым, абы персонажу хэтыр зэмыщхьу щымытмэ: язынықъуэхэр нэхъ курыхщи, абыхэм я гъащIэри я гурыгъу-гурыщIэхэри нэхъ кууэ къэгъэлъэгъуащ, адрейхэр ягъэзащIэ къалэн елъытакIэ нэхъ жьауэмкIэ щIэтщ – зыр нэхъ наIуэу, нэгъуэщIыр къызэрыхэщ щIагъуэ щымыIэу. Образ зэмыщхьхэр – я къалэнкIи авторым яхуищI гулъытэкIи зэхуэмыдэхэр – зэдекIуу щытын щхьэкIэ, дэтхэнэ зыри тхакIуэм и концепцием итын хуейщ. АбыкIэ КIыщокъуэм куэд дыдэ

къехъулIауэ ялъытащ абы тетхыхьа критикхэу Сокъур Мусэрбий, Джусойты Нафи, ШащIэ Казбек, Гоффеншефер Вениамин, Къэшэж Людмилэ, Солоухин Владимир сымэ, нэгъуэщIхэми. Зи гугъу тщIы дилогием къыщыгъэлъэгъуа дэтхэнэ персонажри – ар нэхъ курых дыдэуи щрет, зы эпизод закъуэм фIэкIа къыщыхэмыщыуи ирехъу – тхылъым имытынкIэ Iэмал имыIэу, имытмэ къэIуэтэныгъэр ныкъуэу къэнэну къыщIокIыр. Авторым къиIуатэ псори зы идеекIэ зэщIэкъуащ, зы эстетикэ концепцием хузэщIэгъэуIуащ. Абы и щапхъэ куэдрэ улъыхъуэн хуейкъым – гугъуехьыншэу уIущIэнущ, сыту жыпIэмэ, романым къыщыгъэлъэгъуа образхэм ящыщ дэтхэнэми, теплъэ хэха зэриIэм хуэдэу, къалэн щхьэхуэри иIэжщ. А щхьэхуэ-щхьэхуэ къомыр тещIыхьыжахэщ зы Iуэхугъуэ закъуэм – авторым и гурылъхэмрэ и Iуэху еплъыкIэмрэ гъэнэхуэным.

Образнэ жыIэкIэр иджыри зэ къэдгъэсэбэпынщи, КIыщокъуэм и романым хэт дэтхэнэ зы персонажми езым и «гъуэгущхьэ» хэха иIэжщ, персонаж Iэджэм я гъуэгухэр зэм зэхолъадэ, зэм зэхокIыж, щызэблидзи щызыжьэхэуи щыIэщ; абы щыгъуэми псори литературэм и эстетикэ хабзэм тещIыхьыжащи, зы пкъыгъуэ уардэу къызопэщыр, хэбдзынрэ зыхущыщIэрэ хыумылъагъуэу.

ЛIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщыххэкъым, псалъэм папщIэ, Инус хьэжымрэ абы и щхьэгъусэ Iузизэрэ, фыз Iэзэ Чачэрэ сондэджэр Рэхьимрэ, лIыжь Iущ икIи лэжьакIуэшхуэ Бэлацэрэ Мысхьуд-ТхьэмщIыгъуныбэрэ. Ауэ абыхэм ящыщ гуэр романым пхухэдзынукъым зыгуэркIэ тхыгъэр ныкъуэ мыхъуу. ФIыуэ зэгурыIуэу къеуэ симфоние оркестрым хэт дэтхэнэ зы Iэмэпсымэми езым и Iуэхур щхьэхуэ щхьэкIэ псоми я къэIукIэ зэщIэтым макъамэ дахэ къызэрырикIуэм хуэдэщ КIыщокъуэм и персонажхэм я шыфэлIыфэмрэ роман псом и идеемрэ зэрызэхуэхъур. Апхуэдэу уеплъмэ, зи къалэныр цIыкIу зыри щыIэкъым,дэтхэнэ къалэнри хэхауэ мыхьэнэ зиIэщ.

Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, Сэримэрэ абы и анэмрэ я «гъуэгущхьэхэр» е а Сэримэ дыдэмрэ Елдаррэ я гъащIэ гъуэгур. Абыхэм ехьэлIауэ къыпхуэIуэтэну Iуэхугъуэхэр апхуэдизкIэ мыхьэнэ зиIэщ, апхуэдизкIэ къэхъугъэ зэмылIэужьыгъуэрэ психологиер зи лъабжьэ гурыгъукIэрэ зэщIэузэдащи, роман щхьэхуэ ятептхыхьынкIэ зыри хуэIуакъым. Япэрауэ, зи гугъу пщIы персонажхэр игъащIэ лъандэрэ тцIыхуу щытауэ, къыддэгъуэгурыкIуам хуэдэу нэIурытхэу авторым къыдигъэлъагъуфащ. ЕтIуанэрауэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым и хьэл, и щэн, и дуней еплъыкIэ иIэжщ, и лIыгъэ, и хуэмыхуагъ хэлъыжщ. Ещанэрауэ, дэтхэнэми и гъащIэр къэхъугъэбэкIэ гъэнщIащ – къащыщIхэми ягъахъэхэми дэ, тхылъеджэхэм, ди дежкIэ гъэщIэгъуэнрэ гупсысэрэ хэлъу. ЕплIанэрауэ, зи гугъу тщIыхэм хуэдэ Iэджэхэм я гъащIэ зырызхэр: зыхуэзэ лъэпощхьэпохэр, я ехъулIэныгъэхэр, гъуэщагъэ-щыуагъэхэр, лIыгъэр, къэрабгъагъыр, Iэзагъыр, хуэмыхуагъыр, цIыхугъэшхуэр, бзаджагъэр – а псори зэхэмыхьауэ, зыгуэр хущыщIэу тхыдэ къудейр цIыхубэм и тхыдэ хъуркъым. Ауэ дэтхэнэми езым и гъащIэ иIэжщ, адрейхэм яйм емыщхьу. Апхуэдэкъэ, псалъэм папщIэ, Инус «къуэбэбжьабэм» кIуэцIкIэ игъэв и гукъеуэмрэ абы и щхьэгъусэм и псэм телъ бэлыхьымрэ, хьэмэрэ диным

пэжкIэ бгъэдэтынымрэ щхьэ закъуэ Iуэхумрэ я зэхуакум дэзэрыхьа Сэид ефэндым и псэм щекIуэкI драмэр. Абы хуэдэхэр къызэщIэугъуеяуэ щхьэж хуэфэщэн гулъытэ тхакIуэм зэрыхуищIын хущIыхьэгъуэ иIатэмэ, КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкIыр тхылъитIтэкъым зэрыхъунур – пщIы бжыгъэм нэсынут. Абы и щыхьэтщ «шыдыгъу-пащэ» Жыраслъэн и тхыдэр къызэрызэкIуэцIыкIар: эпизод зырызхэм къыщыгъэлъэгъуа персонажым къуэлъхэр къыкъуихыну авторыр и ужь щихьэм, зы роман псо къикIащ, икIи абы и хьэкъкIэ дилогиеу щытар трилогиеу къыщIидзыжащ.

ТхакIуэм ар зэи зыщIыпIи и щхьэр течауэ щыжиIакъым, ауэ, томиплIым щызэхуэхьэса тхыгъэ къыхэхахэр къыщыдигъэкIым, дилогиеу тлъытэ «Хъуэпсэгъуэ нурымрэ» «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ» я кум дигъэуващ нэхъ кIасэу итха «Эмирым и сэшхуэ» романыр. Мы къыдэкIыгъуэми апхуэдэущ романхэр зэрызэкIэлъыкIуэр. Дэ къызэрытфIэщIымкIэ, «Эмирым и сэшхуэмкIэ» КIыщокъуэм къыдигъэщIэну пылъащ и япэрей тхыгъэшхуэм (романитIым) темэрэ образхэмкIэ иджыри куэдыкIей къэмытIэщIауэ зэрыкъуэлъыр. ХэткIи нэрылъагъущ авторым а роман «къигъэкIэсыжам» щIэуэ, гъэщIэгъуэну хилъхьар зыхуэдизыр – персонажхэу, тхыдэ Iуэхуу, политикэ Iуэхуу, философие гупсысэу. Зи тхыгъэшхуэм апхуэдэ гуэдзэнхэр къыхуэзыгъуэтыф тхакIуэм, дауи, иджыри жиIэфын иIэт. Абы къуэлъ псори зэуэ къызыкъуимыхамэ, щхьэусыгъуэр – хышхуэ хуэдиз информацием езым и гурылъ нэхъыщхьэу къыдгуригъэIуэну зыпылъыр щIихъума мыхъун щхьэкIэщ.

Дэтхэнэ тхыгъэ пIащэри зыуэ зэкIэрызышхэр авторым псэкIэ къилъыхъуа идее нэхъыщхьэращ, сюжетыр зыуэ зэрыукъуэдиям и мызакъуэу. ТхакIуэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжар зэрыщыту и IэдакъэщIэкIым хилъхьащ. АдэкIэ Iуэхур зэлъытар тхылъым еджэрщ: авторыр зыхуеяр фIэкъабыл хъурэ – тхыгъэм гъуэгу игъуэтынщ, мыхъурэ – зэIыхьащ. Ар куэдкIэ елъытащ тхылъеджэм и зэхэщIыкIым, икIи къыщыхъу щыIэщ зы тхылъ къеджа цIыхуитIым я еплъыкIэр щызэтемыхуэ. Зым игу ирихьыр адрейм идэркъым, зым илъагъу дагъуэр е фIагъыр адрейм илъагъуркъым.

КIыщокъуэм и романхэм теухуауи зэтемыхуэу Iэджэми Iэджэ жаIащ. Литературэ тхыгъэр нэгъэса хъуамэ, дэтхэнэ тхылъеджэри – и къэухьым, и дуней еплъыкIэм, и зэхэщIыкIым, и хьэлым елъытауэ – абы куэдым хуишэн хуейщ. Нэхъыбэм тэмэму къагурыIуащ дызытепсэлъыхь тхыгъэхэр.

КIыщокъуэм и дилогиер, трилогие хъужар, зэщIэзыIыгъэхэм ящыщу къэлъытапхъэщ езы авторым гъащIэм хилъэгъуа гъуэгущхьэхэр. Ахэр нэхъыщхьэ-нэхъыкIэуи зэхэдгъэкIыркъым, ауэ мыпхуэдэу зэкIэлъыбгъакIуэ хъуну къыдолъытэ.

Япэ гъуэгущхьэр – ар уфIэзахуэу къыхэпхам къэгъазэ уимыIэу тетынырщ, уи япэ итхэм къабгъэдэпха идеем нехьэкI-къехьэкI хэмыту хуэлэжьэнырщ, абы и хьэкъкIэ зыгуэрым лей техьэ хъужыкъуэми, гугъуехь узыщымыгугъа гуэрхэр кърикIуэми. Идеер дахэмэ, абы и гъэзэщIэкIэ хъунур апхуэдэу къуэдышхуэкъым, нэхъ щIэхыу гъэзэщIа хъункIэ уигъэгугъэ закъуэмэ. Апхуэдэ гъуэгущхьэр зыгъэбелджылыщ большевик

щхьэмыгъазэ Мэремкъан Инал. Ар и идеем хуэпэжщ, и гум хьэрэмыгъэ илъкъым,и гуащIи и зэмани щысхьыжыркъым, мафIэ зэщIэгъэнащи, махуэ къэс зы щIэ гуэр къегупсыс Iуэхур ефIэкIуэн щхьэкIэ. Ар абы и гъуэгур къыхэзымыха гуэр хуэзэмэ, щысхьынукъым: имыгъусэ псори и бийщ. Ар ящысхьыркъым и гъусэ дыдэхэми – псори езым хуэдэу щигъэтынущ, хуэмыдэр иригъэкIуэтынущ, икIуэтами хуеплъэкIыжынукъым. Абы зигъэгувэну хущIыхьэркъым, псэукIэщIэ цIыхубэм яхуеухуэри. Ауэ, Iуэхуракъэ, а цIыхубэ дыдэу игъэунэну зыпылъми щысхьынукъым. Аращи, фIым бзаджэри къыдэкIуэ мэхъур.

ЕтIуанэ гъуэгущхьэр Мэтхъэн Къазджэрий и цIэкIэ ягъэбелджылащ. А гъуэгум тетхэм я хъуэпсапIэщ гупсэ Iуэхумрэ къэрал Iуэхумрэ зэгъэзэгъыныр, къэралыр динрэ щIэныгъэрэкIэ зэщIэузэдауэ, абыкIэ хэгъэзыхьрэ зэхэгъэжрэ щымыIэу, ауэ муслъымэн хэгъуэгум муслъымэн хабзэр япэ щрагъэщу псэуныр. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм уихьэхунущ, ауэ гъащIэм и хабзэ ткIиймрэ гуращэ дахэмрэ икъукIэ зэгъэзэгъыгъуейуэ зэрыщытым а гъуэгур бгъунжырыкIуэ ещI, гъащIэ кумылэм бгъэдокI.

Мы къыхэдгъэщаитIыр хэкулIрэ къэралымрэ я масштабкIэ гупсысэу зи гъащIэр абы тезыщIыхьхэм я гъуэгущ.

Ещанэ гъуэгущхьэм къегъэлъагъуэ цIыху нэхъ къызэрыгуэкIым и гурыгъухэр зэщIэзыщта Iуэху еплъыкIэ. ЦIыху цIыкIум я нэхъыбэр зыхуейр сыт – я щхьэ хуитыжу, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэту, я щхьэ Iуэхуунагъуэ Iуэхур лъэпощхьэпоуншэу дэкIыу, езыхэми нэгъуэщIхэм зыщIагъэкъуэфу псэун щхьэкIэ зыхуеин мылъкурэ щIэныгъэрэ яIэу щытынырщ. Пэжщ, апхуэдэ зи хъуэпсапIэ псори я щхьэ Iуэху закъуэ нэхъ ямылъытэу щыткъым, ауэ, пэжыр жыпIэмэ, цIыху къызэрыгуэкIыр хуейкъым езым зэрыфIэфIу мы дуней псор къызэригъэдзэкIыну. Ар зыхуейр зыхэтым фIыкIэ хэзэгъэнырщ, псэ тыншыгъуэщ, пэжыныгъэщ, гупсэ зэхущытыкIэщ. Ар утыкушхуэ куэдрэ илъадэркъым, утыку ихьами, Iэмал зэриIэкIэ, зыми лей тригъэхьэркъым, и Iуэху зыхэмылъи хэIэбэркъым. Абы щыгъуэми, апхуэдэ цIыхухэм я IуэхущIафэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр цIыхубэ гъащIэр сабыру, хьэлэбэлыкъыншэу, дэтхэнэ зыми и цIыхугъэр, и Iэзагъхэр, и зэфIэкIхэр игъэнэхуэфын хуэдэу узэщIынырщ. Зэ еплъыгъуэкIэ ахэр йофэгъуэкI Мэремкъанымрэ Мэтхъэнымрэ яхуэдэ хэкулIхэм, жылагъуэлI уардэхэм. Ауэ, укIэлъыплъыжмэ, цIыхубэ гъащIэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ дыдэр апхуэдэхэращ. Апхуэдэ цIыхухэр хэт и образкIэ къэгъэлъэгъуа жыпIэмэ, псом япэу Ботэщ Астемырщ. Абы къыбгъэдэтщ роман-трилогием и персонаж «къызэрыгуэкI» зыбжанэ.

Зи гугъу тщIа гъуэгущхьищым еплIанэщ шыдыгъу цIэрыIуэ, езым и хабзэкIэ псэуж, цIыхубэм и Iуэхум зи гъащIэр зы нэкIэ пыIудза Жыраслъэн. Ар хабзэншэуи лIыгъэншэуи пхужыIэнукъым. Уеблэмэ зы ситуацэ гуэрхэм деж нэгъуэщI зызыгъэлIыфIхэм яхэмылъ цIыхугъэ хэлъуи плъагъунущ. Ауэ Жыраслъэн хуэдэхэм я щхьэкIэ сыт хуэдиз фIагъ яхэлъу умылъагъуми, я гъащIэм гъуазэ гуэр щаIэкъым.

ЕплIанэ гъуэгущхьэм узыхуишэр щIагъыбзэкIэ мыпхуэдэу къэIуэтащ: «Жыраслъэн и занщIэр и гъуэгуу мажэ. Ауэ здиунэтIынур ищIэркъым. … Уанэгум къиихуар … езырауэ къыщохъуж».

Дэ мы лIэужьыгъуиплIу зэщхьэщыдгъэкIахэр, дауи, схемэ гъущэм зэридгъэувам хуэдэу тхакIуэм къихьыркъым. Романым хэт лIыхъужь образхэр псэ зыIут цIыхухэм къатетхыкIащи, гъащIэр сыт хуэдэ схемэ къэгупсысам нэхърэ зэрынэхъ гъэщIэгъуэным хуэдэу, ахэри нэхъ кууурэ зэхэлъщ. ИтIани, къызэрытфIэщIымкIэ, мы дэ къыхэтха лIэужьыгъуэхэр романым къыхэщу зэрыжытIэр тхакIуэми фIэкъабылыну къыщIэкIынут.

КIыщокъуэм и тхыгъэмкIэ ущиен къудейр, е гиеныр, е цIыху гуэррэ идее гуэррэ хэIэтыкIауэ гъэлъэпIэныр къалэн зыщищIыжыркъым. Абы и пщэрылъыр къэIуэтэныгъэмрэ гъэлъэгъуэнымрэщи, гъащIэм щыщ зы пычыгъуэшхуэ ди нэгум къыщIегъэхьэж – Iэмал зэриIэкIэ зыри тримылъащIэу, имыбзыщIу, езым и еплъыкIэри залымыгъэкIэ къытпимыубыду. Тхылъым еджэр хуитыжщ дэтхэнэ лIыхъужьыр нэхъыфIу илъагъунуми, дэтхэнэ гъуэгур нэхъ къищтэнуми. Абы и щыхьэтщ зи гугъу тщIа персонажиплIым ящыщ зыр нэхъ хьэрэмышхыу, адрейр нэхъ хьэлэлу къызэрымыгъэлъэгъуар – ахэр щыуэмэ, гъуэгу пхэнж техьэмэ, мыхъумыщIэ дыхъунщ жаIэу аракъым, атIэ я фIэщыпсу пэжым тету ялъытэжурэ фIыри ящIэ, Iейри ялэжь. Апхуэдэ къэгъэлъэгъуэкIэр, дэ къызэрытлъытэмкIэ, гуманизмэм и идеехэм нэхъ пэблагъэщ, парт щхьэхуэ гуэрым и идеологием тещIыхьам нэхърэ.

Иджыри зэ жытIэнщи, мы романыр дунейм къыщытехьа зэманым апхуэдэ щIыкIэм тету зи персонажхэр къэгъэлъэгъуа тхыгъэ уи Iэдакъэ къыщIэкIыным, уи Iэзагъым къыдэкIуэу, лIыгъи пхэлъын хуейт. А лIыгъэр адыгэ романистым къыкъуэкIащ, тхыдэр къигъэлъагъуэкIэрэ абы гъащIэм и пэжыпIэр эстетикэ хабзэкIэ къэлъыхъуэным хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Зэи щыIакъым зэман къэралым щытепщэ идеологиемрэ пэж къэзылъыхъуэр зыхуэкIуэмрэ сыткIи зэтехуэу. Мыбдежми КIыщокъуэ Алим и псэм щыщIэхэмрэ езыр зыщIапIыкIа коммунист Iуэху зехьэкIэмрэ щызэтемыхуа къыхэкIащ. Къапщтэмэ, дэтхэнэ совет тхакIуэми «и гур къызыхуеуэ» партым къехьэкI-нехьэкI щымыIэу къигъэувырт а езы партым и гъуэгур къыхэзыха персонажым гъуэщагъэ-щыуагъэ лъэпкъ кIэрымылъу, адрей псом нэхърэ нэхъ Iущрэ нэхъ щхьэпэлъагэу къэгъэлъэгъуэн хуейуэ. Ауэ «Хъуэпсэгъуэ нурымрэ» «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ» хуэдэ тхылъхэм я хьэкъкIэ а мывэ джейуэ совет хэкум ис лъэпкъхэм я литературэм и гъуэгум телъыр тегъэкIуэта хъуащ. Пэжыр жыIэн хуейщи, ар КIыщокъуэм и закъуэкъым зи фIыгъэр, атIэ совет тхакIуэ-усакIуэ куэдым зэгъусэу ялэжьа Iуэхущ. Абы я талантрэ гуащIэрэ халъхьащ 1950–1970 гъэхэм совет литературэм и гъуэгур зыубзыхуу щытахэм ящыщу Твардовскэ А., Симонов К., Алексеев М., Гамзатов Р., Айтматов Ч., Кулиев Къ. сымэ, нэгъуэщIхэми. Ахэм я гъащIэм и нэхъыбэр тхакIуэусакIуэ профессионалу ирахьэкIати, къэрал политикэм сыт хуэдизкIэ зыдрагъэкIун хуей мыхъуми, я Iуэху нэхъыщхьэр литературэрт. Сыт хуэдэу талантышхуэ бгъэдэмылъми, зи балигъ гъащIэм и нэхъыбэр парткъэрал къулыкъущIэу езыхьэкIа КIыщокъуэ Алим зыхэт системэм и бжьыр ткIийуэ къытелъу, а бжьым нэхъ сакъ ищIауэ щытагъэн хуэдэу къыпфIэщIынущ. АрщхьэкIэ а парт лэжьакIуэ дыдэр партым и идео-

логие пхъэкъуу литературэм и зыужьыныгъэр зэщIэзыIулIэр къикъутэну щеувалIэкIэ, лIыгъэшхуэ къыкъуэкIауэ къэплъытэ хъунущ.

ТхакIуэ уардэм и Iэужь псоми щхьэхуэ-щхьэхуэурэ дытепсэлъыхьын тхузэфIэкIыну къыщIэкIынкъым. Ауэ КIыщокъуэм и адрей трилогием – Хэку зауэшхуэ темэм тритхыхьам и гугъу дымыщIу дыблэкI хъункъым.

Мы тхыгъэр ищхьэкIэ дызытепсэлъыхьа трилогием зыкъомкIэ поджэжыр. Къапщтэмэ, мыбыи зы лIыхъужь нэхъыщхьэ закъуэ къыпхухэгъэщхьэхукIынукъым. Ар икIи Альбиянщ, икIи Апчарэщ, икIи Локотошщ, икIи Къуэшрокъуэ Дотийщ е Бекъанщ. Нэхъ тэмэму жытIэмэ, ар лъэпкъым и цIыху пажэхэращ, езы лъэпкъырщ.

Трилогием и япэ роман «Щынэхужьыкъуэр» тхакIуэм ипэкIэ къигъэсэбэпа IэмалкIэ кърегъажьэ: зэрызехьэшхуэкIэ – нэмыцэхэр къэмыс щIыкIэ, жаIэу къуажэ унафэщIхэм колхоз Iэщыр зэрагуэш сценэкIэ. Мыбдежым цIыху куэдым я гущIагъщIэлъхэр занщIэу къыщонаIуэ: зыр и щхьэ Iуэху закъуэ щхьэкIэ хэт и хьэди ебэкъуэфыну къыщIокI, адрейм жылэ Iуэхур и щхьэ Iуэхуу, напэ Iуэхуу зэрилъытэри нэрылъагъу мэхъур, а Iуэху еплъыкIитIыр авторым зэпегъэуври, бийр къуажэм къыдыхьа нэужь, хэт сыт хуэдэ хъунуми къонахуэ. ИкIи къызэрыплъытэну дыдэм хуэдэу мэхъу: Мысост былымаблэмрэ Сентрал хьэрэмышхымрэ хуэдэхэр хэкум къихьа зэрыпхъуакIуэхэм Iужажэ яхуэхъуащ, жылагъуэ Iуэхур япэ изыгъэщу еса Апчарэ, напэм и хьэтыркIэ псэм щымысхьыу псэуа Бекъан сымэ хуэдэхэр хэкум и бын пэжу къыщIэкIащ. Зэ еплъыгъуэкIэ, апхуэдэу пщIыныр гъуэщагъэщ, нэхъыфIыр романым зишэщIыху образхэри къызэпэбгъаззэурэ тхылъеджэм хуэм-хуэмурэ къебгъэцIыхунырщ. Абы езы тхыгъэми нэхъ удрегъэхьэх. Ауэ КIыщокъуэм зи гугъу ищI къэхъугъэхэм къигъэлъагъуэ образхэми абы щхьэкIэ удахьэхын къанэркъым. Сюжетым и шэщIыкIэ Iэмал хьэлэмэтхэмрэ къэзыIуэтэжым и бзэм дахагъыу хэлъымрэ я фIагъкIэ трилогием и Iыхьищри зыуэ зэпыщIащ, икIи дэтхэнэ зы тхылъеджэри дихьэхыу къеджэну гъэпсащ.

Псом япэу тепсэлъыхьын хуейуэ къыщIэкIынщ романымрэ гъащIэм и пэжымрэ зэрызэхущытым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а проблемэрщ 1974 гъэм псалъэмакъышхуэ кърагъажьэу тхакIуэр хьэIупс ящIыну зэрыхэтам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. Ар зыубахэм я нэхъыбэм жаIэрт Iуэхур зэрекIуэкIа дыдэмрэ ар романым къызэрыщыгъэлъэгъуамрэ зэтемыхуэу. Абы щыгъуэми щапхъэу къахьыр Iуэхугъуэ щхьэхуэ гуэрхэт, псалъэм папщIэ, колхоз мылъкур гуэшын щыщIадзар, нэмыцэхэр Бахъсэнымпс къызэрызэпрыкIар, а зэманым республикэм къулыкъушхуэ зезыхьэу исахэм я Iуэху зехьэкIар, нэгъуэщIхэр. А псор зэрыщыта дыдэмрэ авторым къызэригъэлъагъуэмрэ яхузэхуэгъэхъуртэкъым, романым щыжыIахэр пцIыуэ ялъытэрти, КIыщокъуэр абыкIэ ягъэкъуаншэрт. Абы щыгъуэми, зыми игу къэкIыжакъым зи гугъу ящI тхыгъэр тхыдэ къэхутэнигъэу, къэхъуа Iуэхухэм я пэжырыIуатэу зэрыщымытыр, атIэ ар зэрыхудожественнэ произведенэр, эстетикэ хабзэкIэ гъащIэм и купщIэр къэзыIуатэу зэрыщытыр. Апхуэдэт зэрыреспубликэу зрагъэпэщу ирагъэжьа нацдивизэм и Iуэхури: абы нэхъыбэ игъэхъауэ зэрыжаIэм тетмэ нэхъ къащтэрт, тхакIуэм жиIэ пэжым нэхърэ.

Мыпхуэдэм деж лажьэу къэхъуамрэ ар зи ягъэмрэ къыщIумыгъэщмэ, гуэныхьышхуэ къэпхьыныр куэдрэкъым. А дивизэр IэджэкIэ щыгугъыу зэрагъэхьэзырари зэрырагъэжьари пэжт. Езы КIыщокъуэми зэритхыр апхуэдэущ. Ауэ кхъухьлъатэрэ танкрэ топкIэ зэщIэузэда бийм езэуэну сэшхуэрэ карабинрэкIэ хэбгъэхьэн шуудзэ зэхуэпшэсыныр зэрыщыуагъэшхуэр дэнэ пхьын? Губгъуэ нэщIым бий техникэ лъэщым щыпыIуадзэу ирагъэкIуэда шуудзэм хэта къомым лъыуэ ящIэкIар пщыгъупщэу, яхузехьэнкIэ Iэмал зимыIа лIыгъэр зэрахьауэ жыпIэкIэ Iуэхур гъэзэкIуэжа хъуну пIэрэ? Пэжыр жыпIэмэ, «Нал къутар» дунейм къытехьэным ипэкIэ зэрыжаIэуи зэратхыуи щытар аращ: псоми лIыгъэ зэрахьа хуэдэу, псори лъэщу бийм пэщIэта хуэдэу, хэкIуэдарэ къэскIарэ щыIами, ар зы мащIэ дыдэу. Шэч хэмылъу, лIыгъэ зезыхьаи къимыкIуэту зезыгъэукIаи щыIащ. АрщхьэкIэ абыхэм я нэхъыбэм я цIэр куэдрэ къапсэлъыртэкъым. ЛIыхъужьу щытауэ жыхуаIэхэр къулыкъу зыIэщIэлъахэмрэ зауэм хэмыкIуадэу къэкIуэжу зауэ нэужь лъэхъэнэм зи Iуэху дэкIуеяхэмрэт. Апхуэдэр зыкъомым ягу ирихьырт, сыту жыпIэмэ къэнахэр псори е «лIыхъужь» защIэт, е «къулыкъущIэ Iущхэт». Дивизием хэта щIалэ хейхэм я мыгъуагъэр зи нэгу щIэкIа тхакIуэм игу темыхуар аращ. Абы къехьэкIнехьэкI хэмылъу Iуэхур зэрыщытар художественнэ IэмалкIэ романым къыщиIуэтэжащ. КъиIуэтэжащ командир Iущхэм, зауэлI хахуэхэм яхузэфIэкI къызэрамыгъэнар, ауэ яхуэмыфащэ леишхуэ абыхэм къазэрытехьар – IэпцIанэ-лъэпцIанэу техникэ лъэщ зиIэ бийм пэщIадзэу, къанэ щIагъуэ щымыIэу дивизиер нэмыцэ танкхэм зэрызэхахьэжар. Мис ахэращ КIыщокъуэм и псэр зымыгъэзагъэу зи гурыгъузым романыр къикIар.

Шэч хэмылъу Iуэхур нэхъ хьэлэч дыдэ щыхъуми зи гур кIуэд зауэлIхэм къарурэ лIыгъэрэ яхэзылъхьэу щытар Локотош хуэдэ офицер IэкIуэлъакIуэхэмрэ Къуэшрокъуэ Дотий хуэдэ комиссар Iущхэмрэщ. ИкIи абыхэм я образхэр тхакIуэм екIуу къыхуэмыгъэлъэгъуауэ пхужыIэнукъым. Абыхэм хуэдэ дыдэу авторым ди нэгу IупщIу къыщIегъэувэр лъэпкъым и пкъохэу, и набдзэу къыщIэкI цIыху къызэрыгуэкIхэр – Бекъан, Данизэт, Хьэбибэ, Чока, Аслъэныкъуэ, КIурацэ сымэ. Ахэращ зи псэкIэ хэкури хъума хъуар, зи гуащIэкIи ар къызэфIэувэжар.

Абыхэм я образхэм щхьэкIи зыми гукъанэ ищIакъым романым, иракъухьын мурадкIэ, щытепсэлъыхьхэм щыгъуэ. Ауэ критикэ зыщIхэм ягу темыхуар партым, совет къэралым и цIэкIэ унафэ зыIэщIэлъхэм я Iуэху зехьэкIэм лажьэ гуэр иIэу тхакIуэм къызэригъэлъэгъуаращ. ИкIи пэж дыдэщ: ди къэрал политикэм езэгъыу тхэ авторым и Iэдакъэ къыщIэкIауэ зы тхыгъи зэкIэ зыми къыIэпыщIэхуатэкъым парт-совет унафэщIым зы щIэщхъу гуэрхэр къыщыщIу, мыхъумыщIэ гуэр къыIэщIэщIэу, абы щыгъуэми партым хэмытыххэ е къулыкъушхуэ зимыIэ цIыху къызэрыгуэкIыр нэхъ дагъуэншэу къыщыгъэлъэгъуауэ.

Нэгъуэщ I зы Iуэхугъуи къигъэубэлэцауэ щыташ КIыщокъуэм. Ар дезертирхэмрэ епцIыжакIуэхэмрэ къызэригъэлъэгъуа щIыкIэрат. Япэрауэ, епцIыжакIуэ хъуахэм я пашэр (Бештор) «класскIэ бийхэм» ящыщтэкъым, атIэ зыщыщыр совет къэралым щIэныгъэрэ къулыкъурэ зрита-

хэрт. Мысострэ Сентралрэ хуэдэхэми компартыр зыкIи зэран къахуэхъуатэкъым, романым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ: гъащIэр нэхъ лIэужьыгъуэ куэду зэхэлъщ, кабинет хуабэм щIэсхэм ящI схемэ гъуэщэм нэхърэ. Уи хэкум, уи напэм, уи псалъэм уахуэпэжын щхьэкIэ нэхъыщхьэр укъызыхэкIаракъым, атIэ уэ уи щхьэм хуэпщIыж пщIэращ. И гъащIэр сыт хуэдэу къемыкIуэкIами, лIакъуэлIэшым къыхэкIа Локотош хэкум епцIыжыныр ауэ игу къэкIыркъым. Уеблэмэ, «кулакым и бын» Iэнуару нэмыцэдзэм хэтми куэдкIэ нэхъ цIыхугъэ хэлъу къыщIокIыр совет властыр зи цIэкIэ зекIуэ зыкъомым нэхърэ. АбыкIэ тхакIуэм жиIэну зыхуейр сыт? Компартым и Iужажэхэм ямыдэн Iуэхущ: цIыхум и пщIэр зыпэкIуэн хуейр къызыхэкIаракъым, атIэ езым цIыхугъэу хэлъымрэ и щхьэм пщIэуэ хуищIыжымрэщ.

Абы тету, зи тепщэгъуэм и идеологие штампхэр имылъытащэу, КIыщокъуэм итха романым гъащIэм и пэжыр куэдкIэ нэхъ IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ, апхуэдэр «Iэпэрыгъазэу» еса тхакIуэхэм зэращIым нэхърэ. Абы и лIыхъужьхэр зэрызыхигъэкIыр лIыгъэрэ напэкIэщ, Iэзагъэрэ пэжыныгъэкIэщ, цIыхугъэрэ гущIэгъукIэщ. Мыбдежым щызэбгъуроувэ я IуэхущIафэкIэ зэмыщхьми, уакIэлъыплъыжамэ, фIым хуэгъэпсахэу зы гупышхуэ. Ахэращ зауэм и пэ зэманым къэралым и экономикэр зи гуащIэкIэ зэфIэувар, зауэр къэхъея нэужькIэ гугъуехьым зыпыIузымыдзхэу, ажал дыдэми къримыгъэкIуэту хэкур зыхъумар, зауэр иуха нэужькIи нэхъ тыншыпIэрэ улахуэ нэхъыбэ къызыпыкIын IэнатIэрэ къамылъыхъуэу хэкур нэхъ зыхуэныкъуэ Iуэхум пэрытар. ИкIэм икIэжым лъэпкъкIэ узэджэнури, гъащIэм и пкъохэри ахэращ. Мыдрейуэ, Бешто Екъуб, Адыгэунэ Мысост, Куэшмэн Азрэт сымэ хуэдэхэр лъэпкъи къупщхьи зимыIэщ; ахэр зыщыщми къыхэджэлыкIащ, нэгъуэщI гуэрми хэшыпсыхьыжакъым.

Апхуэдэу зэ жыIэгъуэкIэ я шыфэлIыфэр къыпхуэпщытэнукъым республикэпсо къулыкъу зезыхьэу романым къыщыгъэлъэгъуахэм. Абыхэм я образхэр тхакIуэм, адрей псоми хуэдэу, егугъупэурэ къигъэлъэгъуащ. И тхыгъэм занщIэу щыжимыIами, абы тхылъеджэр хуешэр мы къэкIуэну гупсысэхэм.

Къулыкъушхуэ зепхьэн щхьэкIэ цIыхуфIу, цIыху пэжу ущытыныр мащIэщ. Уэ уи пэжыныгъэмрэ гурылъ дахэхэмрэ къадэкIуэу уиIэн хуейщ икъукIэ Iущагъ ин, зэхэщIыкIышхуэ, Iэзагъышхуэ, лIыгъэшхуэ. Махуэ и зы Къэзэнокъуэ Жэбагъырэ зы Андемыркъанрэ къыщыпщIэмыхъуэкIэ, а фIагъ псори зэхуэхьэсауэ зыхэлъыр хьэмбырэбов хъуркъым.

Пашэныр зи пщэ къыдэхуэм щхьэкIэ мыпхуэдэу авторым жеIэ Дизан Бекъан и жьэкIэ: «Мэлыр щахукIэ, пашэу ажэ япэ ирагъэувэ. Ажэм гъуэгу и пIалъэ ещIэр. ЦIыхури аращ: пашэм гъуэгу и пIалъэ ищIэмэ, фIэфIщ…» А къалэн хьэлъэр къызылъысахэу Къулым, Сосмакъым, Бахъуэм хуэдэхэм «гъуэгу и пIалъэ» нэхъыфIу ящIэху, мыдрей цIыху цIыкIум я дежкIэ нэхъыфIщ. Абы щыгъуэми, а гъуэгу пIалъэ щIэным гъунэрэ нэзрэ иIэкъым – нэхъыбэ пщIэху, нэхъыфIу аращ. А зэман хьэлъэм, къэрал псор псэзэпылъхьэпIэ щихуам, щыуагъэ гуэр зыIэщIэмыщIэн щыIэу къыщIэкIынтэкъым. КIыщокъуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, республикэм и

унафэщIхэри Алыхьым и пащхьэ къикIа защIэтэкъым, дэтхэнэми фIагъыу хэлъым и гъусэу лажьэ гуэри иIэт. Къул Зулкъэрней къытещIа хьэлъэр хуэфащэу ихьынкIэ щIалэIуэт, Iэзагъымрэ тегушхуэныгъэмрэ щыхуримыкъу щыIэт. Чекист хъыжьэу Бахъуэр, шыщхьэмыгъазэу Iуэхум хуэIэижь щхьэкIэ, щхьэприхыщэрт. Зи акъылыр нэхъ тIыса, Iуэхуми нэхъ кууэ хэзыщIыкI Сосмакъми хузэфIэмыкIыу Iэджи къанэрт.

Ауэ тхакIуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, сыт хуэдэ щыуагъэ щымыIами, хэт сыт хуэдэ щыщIэныгъэ хэмылъами, бийр сыт хуэдэу бзаджэрэ лъэщу щымытами, фIыр текIуэу зи налыр къутар хэкум къихьа зэрыпхъуакIуэхэращ. Ди гугъэщ тхакIуэм и идее нэхъыщхьэу щытар ар гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэу къэгъэлъэгъуэнрауэ. ИкIи абы и мурадыр фIы дыдэу къехъулIащ, хэкум ис цIыхум гугъуехьу яшэчар телъащIэ-къытелъащIэ хэмылъу къиIуатэу, цIыхухэри зэрыцIыхуу – фIы яхэлъми, лажьэ гуэр яIэми, гъуащэрэ щыуэми, гъуэгу пэжым тецIэнтхъукIми, къытехьэжыфми – къигъэлъагъуэу, зыри щIимыхъумэу. ИкIэм икIэжым текIуэныгъэр гухэхъуэ зыщIыр фIы зезыхьэр бзаджэнаджэхэм зэрыпэлъэщам и закъуэкъым, атIэ щыуагъэхэми щыщIэныгъэхэми зыхадзэ лъэпощхьэпохэм щIимыгъэтIысыкIыу фIым и нэгур хузэлъыIухауэ мурад лъагэр гъуазэу къызэрынэрщ.

* * *

Мыпхуэдэ тхыгъэ кIэщIым ущытепсэлъыхьыфынукъым тхакIуэшхуэ-усакIуэшхуэм и творчествэ псом. Дэ и гугъу дымыщIу къэдгъэнащ абы урысыбзэкIэ итха «Восход луны» романыр, «Вид с белой горы» повестыр, нэхъапэм дунейм къытехьа пьесэхэмрэ публицистическэ тхыгъэхэмрэ, иужькIэ къыдигъэкIа «Лъапсэ» романымрэ рассказхэр, новеллэхэр щызэхуэхьэса «Хъыбархэр» сборникымрэ. Абыхэм лъэпкъ литературэм дежкIэ нэхъ мыхьэнэ мащIэ яIэу пхужыIэнукъым, ауэ, къытыдогъэзэжри, а псор щызэпкъырыпхыфынукъым том зыбжанэ хъу тхыгъэ къыхэхахэм хуэтщI пэублэ псалъэм. ТхакIуэшхуэ-усакIуэшхуэм и творчествэр щIэныгъэлI, критик куэдым къапщытэ, диссертацэхэр, тхылъхэр, статья инхэр абы тратхыхь. Пэжыр жыпIэмэ, КIыщокъуэ Алим адыгэ литературэм, урысейпсо литературэм хэлъхьэныгъэу хуищIам нэхъыбэж гулъытэ хуэфащэщ. Ар я пщэрылъщ къэкIуэнур зейхэм – ди щIэблэм.

***Гъут Iэдэм,***
*филологие щIэныгъэхэмкIэ*
*доктор.*

# УСЭХЭР

# «БГЫ ЛЪАПЭХЭМ ДЕЖ»
# 1941

---

## КАВКАЗЫМ И УЭРЭД

Уафэм щIэуэным тIэкIу щыщIэу,
ЩIылъэм и уанэм пхуэмыщIэу,
Бгы гъэщIэгъуэнхэу ухуахэм
Хуиту яхэплъэт – ар дахэщ.

Пшэ зэмыфэгъухэр щхьэщытщ,
Дыщэм и фэгъуи яхэтщ.
Пщыхьэщхьэ дыгъэр щыкъухьэм,
Мазэр щонэхур я бгыщхьэм.

Лъапсэр къыщежьэр щIэгъуейуэ,
Псыхэр къохуэхыр губжьауэ,
Жьыбгъэм зэрихуэм ещхьыфэу,
ТкIуэпсхэр долъей къызэдэфэу.

Бгым и къутахуэу мывэжьхэм
Псыр къэгубжьауэ жьэхоуэр,
Бгы лъабжьэ щIагъыр итхьэщIу
ЩIым техъушышэу къежэхыу.

Месыр, докъутэр уи щыгур,
Псыр къыщокъуалъэ а уи гум,
Жыжьэу уи ужьым уеплъыжым,
Жьыхэр къыщепщэрт уи дежым.

Уэ дыщэ пхъуантэу ущыту,
Уи зы хъер закъуи умыту,
Зэман зыбжанэ блэкIащ,
Мэз лъапэ пIащи бгъэкIащ.

Месыр, уи псыжьхэр мэгубжьыр,
Уи жьантIэ пагэр мэплъыжьыр,
Уи псы Бахъсэну  лъэхъшар
Уи бгыщхьэ лъагэм дэтшащ.

Бгы лъабжьэ дыдэу щIы захуэм
Турбинэ ину щытщIахэм
Псыр метр щэщIкIэ къохуэхыр,
Хуабжьу къарукIэ жьэхохуэр.

Укъэгубжьауэ ущыкIуэм,
Гъыбзэр уогъэшыр уи щхьэкIуэу,
Бгы жьэгъу щIыIэжьхэм ущIэту,
Хышхуэм ухохуэр уэ хуиту.

Сэ сыпхуоусэ Бахъсэным –
Уэ дэ дгъэсауэ уэ иным,
Уи ткIуэпс къарухэр солъытэ,
Усэ сурэту сохутэ.

## ТЕКIУАХЭМ СЭЛАМ

Сэлам изохыр текIуахэм,
ГъащIэ ухуэным и лIыхъухэм,
ЩIэуэ нурыщIэ зыгъэпсхэм,
Мы орден лъапIэр зратхэм.

Ди текIуэныгъэм и макъыр
Дэнэ деж щIыпIи ноIусыр,
Месыр, мэбжьыфIэ бэракъыр!
ГуфIэ уэрэдхэр соусыр.

Нобэ мы махуэр гуфIэгъуэщ,
Лэжьыгъэ инхэм я гъуджэщ,
Iуэхуу дгъэхъахэр ди хэкум,
Месыр, егъэIур музыкэм!

ГуащIэрыпсэууэ цIыхубэр
Дэ дызэкъуэшу дыздокIуэ,
Дэ текIуэныгъэр къыдохьыр,
ГъащIэщIэ гъуэгум дрокIуэ.

Махуэ къэсыхукIэ добжьыфIэ,
Дэ дытекIуэхукIи догуфIэ,
Хэкур ударнэу дыздокIуэ,
Iуэхуу едгъажьэр йофIакIуэ.

Месыр, Бахъсэным и вагъуэр
Вагъуэбэ жэщу мэлыдыр,
ЦIыху пэрыт Iэджэм я лIыгъэр
Ди завод инхэм щолъагъур.

Дзэлыкъуэ хъупIэм ди Iэщхэр
Минищэ Iэджэу зэхэтхэщ,
Пемзэ къыщIэтхыу мес шахтхэр,
Дэ колхоз инхэр тхутахэщ.

Сэлам изохыр текIуахэм,
ГъащIэ ухуэным и лIыхъухэм,
ЩIэуэ нурыщIэ зыгъэпсхэм,
Мы орден лъапIэр зратхэм.

# БГЫХЭР

Пшэ къуацэ фIыцIэм я бгъафэм
Бгы къуапэ щхъуэжьхэр къыщIоплъ,
Илъэс блэкIахэм я мафIэм
И дэпхэр и гум къыщоплъ.

А бгыжьхэр уардэ хуэдизу
И сыну гъащIэм къыпфIощI.
КIуэ пэтми мылхэр нэхъ изу
Пшэ щIагъым я щхьэр къыщIощ.

НысащIэ дахэр пщэдджыжьым
Къэтэджмэ, гъуджэм бгъэдохьэр,
И щхьэр хуэм-хуэму, мис, ижьу,
Дахагъэ лъапIэр нэм хуехьыр.

Апхуэдэу дыгъэр къыщIэкIмэ,
Мыл гъуджэ инхэм йоплъыхь,
Пшэ фIыцIэ Iувхэр темылъмэ,
И нурхэр дэни хетыхь.

Хы толъкъун щIыIэм, щыгуфIэу,
Щоджэгур дыгъэм и нурыр,
Нэхъ щхъуантIэу икIи нэхъ бжьыфIэу
Уолъагъур бгым я сурэтыр.

# КЪЫЗЖЕФІЭ

А пщащэм и цІэр къызжефІэ,
ЖесІэнущ псори зы псалъэу,
СыбампІэ пэтми, сошыІэ,
ЗыкъезгъэщІэным сыпэплъэу.

Зыхэт бригадэр сэ сощІэр,
Щылажьэ щІыпІэр сохъумэ,
А пщащэм и цІэрщ сымыщІэр,
КъызжефІэт хэтми, ар фщІэмэ.

А пщащэм дыгъэм и щІыфэр,
Дэм и фэм хуэдэу, исауэ
СлъагъуахукІэ си гур мэгуфІэ,
Щэхуу сэ соплъыр сесауэ.

Сылажьэу губгъуэм сыщиткІэ
Ар сигу къэзгъэкІмэ, согуфІэ,
Я нэхъ гугъу дыдэ сыщехькІэ,
Ар слъагъум, сохъу къаруufІэ.

А пщащэм и цІэр къызжефІэ,
ЖесІэнущ псори зы псалъэу,
СыбампІэ пэтми, сошыІэ,
ЗыкъезгъэщІэным сыпэплъэу.

* * *

ЩIалэ нагъуэм удихьэхмэ,
Уи гум илъ жомыIэ,
УзэгуакIуэм уимыцIыхумэ,
И цIэр куэдрэ жыIэ.

Узыпылъым уешхыдамэ,
И ныбжьэгъу щIы гъусэ,
Пагэу дахэм щIыхь хуумыщIмэ,
ЩIэхыу зегъэгусэ.

Пщащэм и гур къэпхьэхунум,
Куэдрэ уIумыщIэ,
Игу къыпхуилъыр зэбгъэщIэнум,
КъыбжиIар хуумыщIэ.

Куэдрэ хэдэм дахэ хуэщкъым,
Пагэм щохъу ар щхьэкIуэ,
Я нэхъ гуакIуэр дахэр аркъым –
Уэ къыхэпх нэхъ гуакIуэщ.

# ЖЕЙ, СИ ЩӀАЛЭ

*(Шэрджэс гущэ уэрэд)*

Жей, си щӀалэ, нагъуэ дахэ,
Губгъуэ инхэр уэ ууейщ.
Щауэ лъапӀэр, уэ укъэхъумэ,
Лётчик хахуэ ухъун хуейщ.
Жэщ мазэгъуэм и нур хужьыр
Уи нэкӀу дахэм къыполыд,
ЩӀыӀэтыӀэу мис акъужьым
ПщӀантӀэм шхийхэр къыщеубыд.
Губгъуэм итхэм я уэрэдхэм
Мазэр щэхуу къыщӀодэӀу.
Жей, си щӀалэ, нагъуэ дахэм
Сэ уэрэдхэр пхузогъэӀу.
Ин укъэхъумэ, лӀыгъэ зехьэ,
ФӀыкӀэ уи Ӏэр къаубыдынщ,
Уи нэ цӀыкӀухэри зэтелъхьэ,
Уэ уи гъащӀэр икъукӀэ инщ.

# СЫПХУЭЗЭХУКІЭ ЩЭХУУ УКЪЫЗОПЛЪЫР

Сыпхуэзэхукӏэ щэхуу укъызоплъыр,
Уэ уи плъэкӏэм дэгъуэу гу лъыстащ.
Ирикъункъэ: жыӏэ уи гум илъыр –
Узмыцӏыхуми, сэри согуэкӏуащ.

Уи хъыбархэр сщӏэмэ ар си гуапэу,
Уи ныбжьэгъухэм куэдрэ сеупщӏат,
Фи жыг хадэр жэщкӏэ си зекӏуапӏэу,
Уи цӏэр згъафӏэу нэхухэр сэ згъэщат.

Пщӏэжрэ, дахэ, губгъуэм дыщыдэкӏым
Жьгъыру макъкӏэ уэ уэрэд жыпӏар?
А уэрэдырщ, си гум уэ укъэкӏым,
Пхужысӏэну си псэм ифӏэфӏар.

Псы къехуэхыу пщӏыпщӏым икӏи шхыдэм
Сыщхьэщыту сэ уэрэд соус,
Ди хъыджэбзхэу куэдым сащыхэдэм,
Уэрщ къахэсхыр. Уэ сыпщӏогупсыс.

Уэ сыпӏуплъэу уи нэр къыщылыдкӏэ,
Нур къыщӏихыр гуапэу гум къинащ,
Унэщхъыфӏэу губгъуэм ущыдэкӏкӏэ,
Сыпхуэзэну гъуэгур сэ схъумащ.

## МАЯКОВСКИЙ

И псалъэр топу е уадэу,
Ар революцэм хэтащ,
Поэт нэгъуэщIхэм хуэмыдэу,
И стиххэр уардэу уващ.

И усэ тхылъхэр сэлэту,
ЛIэныгъэр бийм яхигуашэу,
Ди ныпыр лъагэу иIэту,
Владимир зауэрт мызэшу.

Поэт гумахэм ар ещхьу,
Хуэусэу мазэм щытакъым,
И къару псоми щымысхьу
Бийм емыбэну лъэкIакъым.

Усэ тхылъ Iэджэр иджыри
Зыри темыкIуэу дзэ инщ,
Дэтхэнэ Iэщэм лъэмыкIри
Абы и псалъэм лъэкIынщ.

И уэрэд лъэщу макъыфIэм
Дэ къару Iэджэ къыдет.
ЛIэщIыгъуэ Iэджэм ягъафIэу
Владимир и цIэр щрет.

## СИ КЪУАЖЭ

Мэз лъапэ дахэм пэIэщIэу
Сыщалъхуа къуажэр мэгъагъэр,
Лъэныкъуэ псори щIэращIэу
Еплъыт, гъэщIагъуэт дахагъэр.

Унэ хужь куэдхэр сатыру
ЩхъуантIагъэ Iувым щIеуфэр,
Школыр нэхъ лъагэу яхэту
Мардэншэу теплъэр мэбжьыфIэр.

Зауэ быдапIэ къыпфIэщIыр
Псэуалъэу бригадэм яIэрщ,
Си къуажэм къалэм зыпещIыр,
Уэрэд гуфIэгъуэр щыжаIэр.

Дэнэ укIуами цIыхубэр
КъыпыгуфIыкIхэу зэIуощIэ,
Мо си гъунэгъур нысщхьэбэ
Фермэм дэкIыну мэпIащIэ.

Грузовик Iэджэ зэужьхэу
Бригадэр губгъуэм дэкIащ,
Нэхъ щIалэр, зыми емыжьэу,
Лъакъуэрыгъажэм шэсащ.

## ГЪЭМАХУЭ УЭШХ

Мес, уафэ джабэр кIыфI хъуащ.
Пшэ зэрызехуэм ешхыдэу,
Уафэр къэгъуагъуэу хуежьащ.
КъеIэтыр сабэр жьым шхыдэу,
Пшэ гуартэ фIыцIэр къыщихукIэ,
КъигъэпсынщIэныр фIэфI хуэдэу,
МэхъущIэ уафэр чэзукIэ, –
Дыщэ чнутIыр къэпщIыпщIу,
Мес, уафэхъуэпскIыр лыдащ,
Ар зыдэкIуари умыщIэу
ПсынщIащэу нурыр кIуэдащ.
Губгъуэм ит псори зэплъэкIыу
Я пщыIэм пIащIэу мэкIуэж,
Уэшх ткIуэпс зырызхэр къэпIэнкIыу
Удз тхьэмпэм техуэм еукъуэнш.
КIуэ пэтми псынщIэу къыхэхъуэу
Инышэу уэшхыр къешх хъуащ.
ЩIы гъущэ куэдыр игъатхъэу
Мис псыхьэлыгъуэр къежьащ.
Мис а уэшх иныр блэкIащи,
Дыгъэр укIытэу къыщIокI,
Псыхьэлыгъуэ цIыкIухэр уэр хъуащи,
Уэрэд жаIэныр ялъокI.
ТхылъымпIэ сэмбхэр я кхъухьу
Сабий цIыкIу Iэджэм къажыхь,
Губгъуэм итахэм заплъыхьу
Хуэсакъыу хадэр къакIухь.

* * *

Дэ ди зэманым ныбжьыщIэм
Насыпу иIэм щIэ щIэткъым;
Хэт уеупщIами, мы гъащIэм
Жьы хэхъухьыныр зым фIэфIкъым.

ЛIыжьу нэгъуэщIхэм уафIэщIми,
Щхьэц тхъуу, дауи, уэ бдэнкъым;
Умыпоэту ущытми,
Поэт умыхъуу плъэкIынкъым.

# ЛИНЭ

Къалэн лъапIэр родинэм хуэсщIэну
Сэ дзэ плъыжьыр нобэ къызэджащ.
Ди насыпри уэри фысхъумэну
Дзыхь къысхуащIу, Iэщэ къызатащ.

Гъуэжь хъуа жыгхэр жьыбгъэм ирикъуэкIыу
Бгы къуапэжьхэр лъагэу пшэм къыщIоплъ,
Бгъэзэжыну дахэм уигу пымыкIыу
Си Iэр пкъузу занщIэу укъызоплъ.

Мазэ лыдым вагъуэр дощIэращIэр,
Замыхъуэжу ар абы тетынщ.
Лъыр зыгъэплъу лъагъуныгъэ гуащIэр,
Шэч умыщI уэ, быдэу сигу илъынщ.

Линэ дахэ, уэ уи псалъэр пэжмэ,
Къэзгъэзэжмэ, ди насып зы тщIынщ,
ГъащIэ лъапIэр зэуэ бийм сIэщIихмэ,
Лъагъуныгъэр уэ фэеплъ пхуэхъунщ.

Губгъуэм, бгыжьхэу уардэм зэ сеплъыжри,
Си шы къарэм псынщIэу сышэсащ,
ФIыуэ слъагъум зэ сэлам есхыжри,
Си гъуэгуанэу жыжьэм сытехьащ.

Къалэн лъапIэр родинэм хуэсщIэну
Сэ дзэ плъыжьыр нобэ къызэджащ.
Ди насыпри уэри фысхъумэну
Дзыхь къысхуащIу, Iэщэ къызатащ.

## СИ АДЭМ

Октябрь уардэм и мафIэр
Щылыда махуэр блэкIащ,
Иджы насыпу дэ дгъафIэр
Мис а зэманым къалъхуащ.

ПщIэжрэ фIыуэ, си адэ,
ЦIыхубэм ялъу жэщIар?
Мис а зэманым и тхыдэу
ФIы Iэджэ сэри седжащ.

Уи фочыр быдэу уэ пIыгъыу,
А мафIэм уэ ухэтат.
Мелуан зыбжанэм уащIыгъуу,
Дэ ди насыпыр къэпхьащ.

Иджы сысейщи чэзур,
Iэщэ шынагъуэр сIэщIэлъщ,
И теплъэр дахэщ, мэцIур,
Бийм фIэмыкIыну игу хэлъщ.

Дэ Iэщэу диIэр шынагъуэщ,
И бжыгъэр куэдщи, пхуэбжынкъым.
Запад лъэныкъуэр, мес, пшагъуэщ,
«Уэ къыщемыхыу» къэнэнкъым.

Сталин «фынакIуэ!» къыджиIэм,
Дэнэ лъэныкъуи дыкIуэнщ.
Зауэ къарууэ дэ диIэм
Сыт хуэдэ бийри хигуэнщ.

## СИ УЖЬ КЪИХЪУЭНУМ

Уэрэду куэди сэ стхакъым
Е стхахэм щыщу дэтхэнэр
СымыгъэфӀэныр слъэкӀакъым;
Сытыр слъэгъуами, гум къинэр
Уэрэду стхырти сыкъеджэрт,
Абы къыхэкӀкӀэ ныбжьэгъухэр
«ПоэткӀэ» куэдрэ къызэджэрт.
А цӀэр си дежкӀэ иныӀуэщ,
Телъыджэу зыри сщӀэфакъым.
Пэж дыдэщ икӀи ар наӀуэщ.
Си ужь къихъуэнум зэвгъащӀэ:
ГуфӀэм си усэр къилъхуащ,
Сэ си уэрэдхэр мы гъащӀэм
И макъ хъуэпсэгъуэу схъумащ.

* * *

Куэд щIауэ, и гур мызагъэу,
Ди бийм къытхуелъыр дэ и дзэр,
Лъы игъэжэну и гугъэу
И сэм ар епхъуэу къыщIедзэр.

Блэ фIыцIэ бзаджэр пIыщIами,
ГуфIакIэм дэплъхьэм, къоуэнщ,
Дыгъужьыр Iэсэ уэ пщIами,
Мэзым сыт щыгъуи ар плъэнщ.

Бийм, зыхэт щIыпIэм ещхьыну,
И фэр мычэму ехъуэж.
Псэ игъэныныр лъэкIыну
КъыщищIэм, Iэщцэм йопхъуэж.

Бийм ухуэгушхуэу дзыхьщIэгъу
Зэ закъуэ пщIыну ухуейкъым,
Щэхуу уэ зепхьэм гъунэгъу
ХуэпщIыныр, дауи, хъуххэнкъым.

Уэ упэжыну ухуеймэ,
Ахэм я ужьыр къэлъыхъу,
Народ гуфIэгъуэр уэ хъумэ,
Народ насыпым ехъуэхъу.

Куэд щIауэ я гур мызагъэу
Бийхэм къытхуалъыр дэ я дзэр,
Ялъ ящIэжыну я гугъэу
КъалъыхъуэуIэщэр къыщIадзэр.

## УМЫГУЗАВЭ, СИ АНЭ

Умыгузавэ, си анэ,
Письмо къэптхами седжащ,
Уигу къэмыкIахэм нэгъунэ
Уи псалъэ мащIэм къисхащ.

Уигу сыкъэкIащи мымащIэу,
Сэ сыплъагъуныр уфIэфIщ,
Апхуэдэ дыдэу гумащIэу
Ущымытыххэм нэхъыфIщ.

Илъэс зэманым нэхъыбэ
Гъунапкъэр схъумэу сыщытщ,
ТIэкIу зызгъэпсэхум ныщхьэбэ,
Си постыр сэ къыспэщытщ.

ЗымащIэу пабжьэр къэсысми,
Къэтлъагъуми жыжьэу фIыцIагъэ,
Бзу макъхэр мэзым къыщыIуми,
Е лейуэ чыцэ къолъагъуэ,

Е губгъуэм хуэтщIу гурыщхъуэ
Дыгъужь сурэтхэм къакIухьми,
Псы Iуфэм Iусми зы хьэщхъуэ,
Зы пхыр тфIэлейуэ къэтлъагъуми –

Дэ псоми доплъыр дысакъыу,
Мычэму псори долъытэ.
Хьэ Iущ Темырыр здэщIыгъукъэ,
Дэ къакIуэ псори дохутэ.

Жэщ пшагъуэ кIыфIым и щIакIуэм
Бийм зыщигъэпщкIуми солъагъу,
Къедмыгъэблагъэу къытхуэкIуэм,
ХуэтщIынкъым тIэкIуи гущIэгъу.

Дэ ди гуфIэгъуэм бийр къеIэм,
Удын хуэфащэр еттынщ,
Насып инышэу дэ диIэм
Зы къемыIусэу тхъумэнщ.

# «ШУМ И ГЪУЭГУ»
## 1946

*   *   *

Хыр си шакъалъэу
Къалэм хуэфащэ сиIатэм,
Ди ТекIуэныгъэм и усэр
ДыщэпскIэ уафэм истхэнт.

## ТЕКIУЭНЫГЪЭ

Сыт хуэдэ гуауэ дыхуэзами,
Техуащ ар ди гум, ар тшэчащ.
ДищIакъым гухэ дэ гугъуехьым,
Дыщымыгугъыуи тпэщылъ фIыгъуэм
Щытчакъым лъапэ ди гъуэгу кIыхьым,
Ди пщIантIэм шууэ щепсыхауэ
ТекIуэныгъэшхуэм дрогуфIэр –
Ар хьэщIэу икIи дымыцIыхуу,
Дэ дыпэмыплъэу къытхуэкIуакъым.
Пщыхьэщхьэм дежми е жэщ кIыфIми
А дыгъэ ину къыщIэкIынум
ДыпэкIуэрт, тлъагъуу пшэплъ къищIар.
Дэгъэзеигъуэу, гъуэгу мывалъэу
А дыгъэм хуэкIуэм дэ дытетт.
Борэн къэхъуами, увыIэпIэ
ДимыIэу дыкIуэрт, демызэшт.
Абдеж дэ гъусэ къытхуэхъуахэм
«Ди къуэшкIэ» деджэрт, зыхэтшау.
Гъуэжькуийм уэсыбгыр къигъэщащэу
Дэ тщыщ щыхупIэм ехуэхами,
Къэнар мыувыIэу адкIэ кIуэрт.
Бгы лъагъуэм мафIэр къыщIэнау,
КъэткIуам и бжыгъэр лъыкIэ дбжырт,
ТкIун хуейм и мардэу дэ хуэтщIар
Бгы щыгу дихьэнырт, мынэгъуэщIт.
ТкIуащ гъуэгури. Зауэр дэ духащ.
Ди анэжьхэм, цIыкIухэм, дэ ди шыпхъухэм
Гуауаем гущтэ ныхахами,
Дэ насыпышхуэр къахуэтхьащи,

Егъагъыр нобэ а гуфIэгъуэм –
Ар, текIуэныгъэм и нур лъапIэр,
ГуфIэгъуэ нэпсым ныхопщIыпщIэ.
Дэ тщыщу псэууэ хэт къэнами
ДэкIахэр и фэм еIуэтэж.
ТекIуэныгъэшхуэр зылъэгъуами
И гъащIэр кIыхькъэ, щIалэу щытми.
Дэ гъуэгу къэткIуахэр къигъэлъагъуэу
Зи кхъащхьэ щыгум къытеднам
И щIыхь ди щIэблэм илъытэнщ.
Бгы лъагэ уардэм дитщ и щыгум,
Фоч плъа тIэщIэлъыр мэупщIыIужыр.
Дэ пьедесталу а лъагапIэр
КъэкIуэн лIэщIыгъуэм щытхуэфащэщ.

# СЭЛЭТ СЭЛАМ

ЗэуакIуэ уи къуэр къикIыжащи,
Уи пащхьэм ити, зи щIыхь куу.
Сэлэт сэламыр къыпхуихьащи,
КъеIых а тыгъэр, си Мэзкуу.

Сэ а сэламыр илъэсиплIыми
Бгъурылъу щIыхьым сигу илъащ,
Атакэм дежи, бийр къытхуилъми,
Пэслъытэу гъащIэм сэ схъумащ.

Уи къуэфIхэр текIуэм, салют щептуи
Площадь мывалъэу уубгъуам,
Уи унэ хужьхэу ин зэтету
Плакатым иту сэ слъэгъуам,

ХуэсщIыну щхьэщэ сыкъэкIуауэ,
Аузым хуэдэу, уи уэрамхэм
Сыдэтщ, насыпым чэф сищIауэ.
Уи мывэу дыгъэм къигъэплъахэм

СарикIуэм, мэIур си лъэ макъыр,
А макъыр мывэм и сэламу
КъысфIощIри сэри сыхуосакъыр –
Ди бгы щIыхухэм ещхьу ари лахэщ.

Мо Кремль лъэщым и вагъуитхум
Сеплъыну бгыщхьэм сыкъыщыплъэрт,
Iугъуейм дыхэту бийхэр щытхум,
А тхум я нурыр си гум щыблэрт.

Уи деж, нэхъапэу къэслъытауэ,
Сэ гъуэгу зэпысчри сыкъэкIуащ,
СIых си сэламыр, гу къылъытэ,
Сэ куэдрэ лъыкIэ ар згъэнщIащ.

Кавказ бгы щIыхухэм сыщалъхуами,
СыппIащ уэ, гъащIэ къызэптащ.
ЗэуапIэ дапщэ сэ сихуами,
Пхуэстын си гъащIэр сэ сфIэфIащ.

## МАЙМ И 9-м 1945 ГЪЭМ

Духащ зэуэныр! ТекIуэныгъэр
Штык пцIанэм нуру толыдыкI!
Къихьащ гуфIэгъуэр ди цIыху лIыгъэм,
ФыкъикI окопхэм, фыкъыздикI!

ЗауэлIхэм, фIыгъуэм чэф ищIауэ,
КъикIын окопхэм шэчхэр ящI,
Я цейм ятIагъуэр кIэрыпщIауэ
ПIейтейу къажыхьыр, ба зэхуащI.

Окопым къокIри зы долъей,
И каскэ щIыхур щхьэрихауэ.
ЩIы щIыIум щещIыр ислъэмей,
Iэгу йоуэ псори, къэгушхуауэ.

Фашист окопхэр хъуахэщ нэщI.
ЗауэлIхэр щохьэ бий зигу икIам:
«Урыс сэлэтым щхьэщэ хуэфщI,
Арщ къыфтекIуэныр зылъэкIар!»

# САЛЮТ

Бгым къелъэ псышхуэм и макъ уардэу,
Мэзкуу салютхэр зэхыдох,
Дэ текIуэныгъэр ди гъуэгу мардэу
Бийр щхьэхьу ди щIым дэ идоху.

Ар жьым хэкIуасэу макъ гуфIэгъуэу
Ди мэзхэм, губгъуэм щызэпхокI,
Абы йодаIуэр ди анэр гугъэу,
И щIалэр хъуэхъуэкIэ и гум къокI.

Абы йодаIуэр ди адэр пагэу,
И къамэр IитIкIэ иубыдауэ,
Щхьэ тхъуар иIэту, бжьыфIэу, лъагэу,
ГуфIэгъуэр нэкIум телыдауэ.

ЙодэIу а макъым ди нысащIэр,
ХуищIауэ IэплIэ и сабийм,
«КъэкIуэжмэ» – жиIэу ар мэпIащIэ,
Дэ докIуэ, докIуэ деуэу бийм.

ПщIэнтIэпсрэ лъыпсрэ щIым и фадэу
Щытау пшэ фIыцIэр щхьэщыдоху.
Бгым къелъэ псышхуэм и макъ уардэу,
Мэзкуу салютхэр зэхыдох.

## СЭЛЭТ ШЫРЫКЪУ

Гъуэгу ткIум щытщI мафIэм пхисыкIауэ
И лъапщэм куэдрэ шэ техуащ,
Ди хэку ар слъыгъыу сыкъикIауэ
Берлин нэсыхукIэ сыкъэкIуащ.

Иджы и лъэгур къыщIэхуами,
ИтIани щIэкIэ ар схъуэжын?
Ар слъыгъыу бийхэм сатекIуащи,
Сэ ар гуфIэгъуэм хуэсхьыжынщ.

СхуащIынщ ныбжьэгъухэм джэгу, згъэзэжмэ,
БжэIупэр къабзэу япхъэнкIау,
Хуэм хъумэ, Iэгур къаублэжу,
Къэфэнщ бащлъыкъыр екъуэкIау.

Абы шырыкъур сэ нэсхьэсмэ,
Ар слъыгъыу сщIынущ ислъэмей,
Сэлэт шырыкъум сфIэфIщ сэ лъысмэ
Япэ къэфэгъуэр мис абдей.

# ШЫХУЛЪАГЪУЭ

*Совет Союзым и ЛIыхъужь*
*Къардэным хузотх*

Щыгъэ бла Iэджэу уэгу щхъуантIэм
Вагъуэ щыкъуейхэр ипхъауэ,
Шыхулъагъуэр кусэу пхырокIыр,
Къуаншэу кIыфIыгъэм хэтхъауэ.
Хэт и шу пхъашэм и лъагъуэу,
Шы кIэбдзкIэ уэгур итхъуа?
ЩIыгум дытетхэм дгъэщIагъуэу,
Хэт и лъэужьу ар хъуа?
Дахэ гъэгуфIэу шы пхъашэр
Уэгум щызежэу фIэфIа?
Ар щIым техьэнкIэ мэхъашэу
Уэгум и лIыгъэр щыфIа?
Дэнэ къикIами е кIуами,
Нэхуу и лъагъуэр къэнащ.
Шум къимыгъазэу бзэхами,
Лъагъуэ мыкIуэдыр хутащ.
Инми е цIыкIуми щIыжь бгъуэщIым
Шу мащIэ сытми текIа?
Шыхулъагъуэм ещхьу нэгъуэщIым
Хэт щIым щищIыныр лъэкIа?
Сэ а шы псынщIэр згъуэтатэм,
Iус зыхуей псомкIи згъэнщIынт,
ЦIахуцIэу и щIыбым зездзынти
ЩIым си Шыхулъагъуэ щысщIынт.

## НОЯБРЫМ И 4-м 1942 ГЪЭМ

ЦIыху мыгъыфауэ игъащIэм,
Сыгъынущ нэпсыр мыухыу,
ТолъкъункIэ нэпкъыр итхьэщIу,
Ар псышхуэу ди щIым щежэхыу,
А псым и гъыбзэр уэрэду
КъэбэрдеищIым щиIэту.
АрщхьэкIэ гуауэр бгъэнщIынкъым,
БгъэткIун ар нэпскIэ плъэкIынкъым.
ВгъэпщкIу нэпсыр! Къафщтэ фиIэщэр:
Бий бзаджэр ди щIым къихьащи,
Биим и лъым адэ бжэщхьэIур евгъалэ,
Дэндежи зауае гуащIэр щыфIэт.
СосрыкъуапцIэм Жаншэрхъыр
Биим хуигъэпсауэ хьэзыру
Бгым тетщ, зэхиукIауэ и нэщхъыр –
Къыдоджэр зауэм дишэну.

## САБИЙ

Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами,
Нэпс ткIуэпс си гъащIэм сфIэкIуэдакъым.
Мыбдеж, сигу дауэ згъэбыдами,
СшыIэн си нэпсыр сэ слъэкIакъым.
Ди фочыр быдэу IитIкIэ ткъузу,
Бийр зыдэс къалэм дыдэуат.
Зауаем щIылъэр игъэгызу,
Топ Iэджэ зэуэ зэдеуат.
МафIэсым ису унэр лъалъэт,
Сабий гузасэу ныбгъэдэту,
Шынауэ а зеиншэр зи мыпсалъэт,
Гъын куэдым и гур хигъэлъэту.
КъэкIащ сэ си гум сипхъу сэ згъафIэр,
Сабийр хъумапIэм щызгъэпщкIуауэ,
Си псылъэм иту псы езгъафэрт,
И гуауэр си гум щымыткIуауэ.
– Фи дей сыздэшэ, дадэ лъапIэ,
Сыгъынкъым… Си анэр яукIащ
Нэмыцэм, – жиIэрт хъыджэбз цIыкIум.
А псалъэр гущIэм щытэджащ.
Ди бгыщхьэ мывэ къыщехуэхыу
Къуэ куум и лъэгум щыбзэхам
Си нэпсыр хуэдэу, мис къыпыхури
Си нэкIу гын Iугъуэм щытенат,
Налкъутналмэсу нэпсыр лыдри
Сабий щхьэц хужьым хэкIуэдат.
А цIыкIур хуэму къэзубыдри
Си бын пэслъыту ба хуэсщIат.
ИтIанэ и нэм сэ сыщIэплъэу
Сабийм и закъуэ тхьэ хуэсIуащ:
Абы и гуауэм сигу къигъэплъу,
Сэ илъ сщIэжыну ныжесIащ.
Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами,
Нэпс ткIуэпс си гъащIэм сфIэкIуэдакъым,
Мыбдеж, сигу дауэ згъэбыдами,
СшыIэн си нэпсыр сэ слъэкIакъым.

# УЭРЩ, ЗАУЭЛІ ХАХУЭ,
# АР ЗЭДЖЭР

ГуфIэу сабийхэр, IурыщIэу
Псы Iуфэ тафэм щоджэгу,
Сыт къапэщытми ямыщIэу,
ГуфIэгъуэр щIэтхэщ я нэгу.

Жырыр жыр пхъашэм текъутэу
Хэт зыщIэр зауэр щежьар?
ГъущIым щIыху къупщхьэр икъутэу
Зи нитIым Iугъуэр щIэбжьар?

Щхьэщытщ цIыкIу джэгухэм ажалыр,
Ар уфэразэу къокIуэкI,
Уэгум бий бзаджэр щокъуалэр,
Къидзыну бомбэр къоплъэкI.

А напIэзыпIэм къэхъуахэр
Хэт иIуэтэну лъэкIын?
Нэмыцэм бомбэу къипхъахэм
Сабийр имыхьу хэкIын?

Фашистыр уэгум къолъадэ,
ХамэщIым гуауэр щегуэш.
Зигу кIуэда анэм и хьэдэр
Къупщхьэ зырызу къещып.

Сабий джэгупIэу а тафэр
ГуIэпIэ хэтым ищIа?
Iэщэрщ зыщIынур унафэр:
Нэмыцэщ ахэр зыщIар.

Хей цIыкIухэм я лъыр къыдоджэ
Дымыгъэгъуну а лейр.
Уэрщ, зауэлI хахуэ, ар зэджэр,
Бийм кIыфI хуэпщIыну дунейр.

## ЗЭУАПIЭ

Ерыщу лъабжьэр фIагъанэу,
Мыбдежым бийхэр итат,
Жыр Iэщэ Iэджэр къагъанэу,
Ар дэ удынкIэ Iутхуат.
Щытщ танкхэр, топхэр пэзазэу,
Уэсыр сытхъу хужьу тесащ.
Бий хьэдэ нэжьгъым уэс изу,
Иныкъуэр мафIэм исащ.
Шэрхъ закъуэу шыгур ещIауэ,
ПIийуэ уэс губгъуэм къинаи,
Уэс щIыIур фIыцIэ зыщIауэ
Гын Iугъуэ щIыгум тенаи.
Жьыбгъэр а щIыпIэм щоятэр,
Зауэм и шхахуэр есей –
Фийуэ бий хьэдэм толъадэ,
Хьэдэм хуеутхыпщIыр я цейр.
Бийр щIым ишэчыныр идакъым,
Ар абы и блыгу щIилъхьащ.
Хамэ насып хэт щIэкъуами
Ажалыр псынщIэу лъысащ.

* * *

Усэ къарукIэ бийр бгъэсу
Лъагъуэ насыпым хуэпщIат,
Уигу щыплъэм уи Iэр нэмысу
ХэщIапIэ дэнэ щыпщIа?

И кIэм нэмысу уэрэдыр
Дыщэ бжьамийри пкъута?
Лъым ила стиххэр ныкъуэтхыу
Бийм фIэауану къищта?

Зи адэ лIа щIалэу слъэмыкIыу
Уэ уи кIуэдыпIэр согъей,
Нэпс пщтырхэр щIагъэкIыу
Хъуащ къуэшхэр нэщхъей.

Нэпс Сэтэнейми и мащIэщ, –
Уэ уигъеину лъэмыкI,
УэркIэ ныбжьэгъухэр гумащIэщ, –
Я гум зы махуэ уимыкI.

Нарт и кIуэдыкIэр пхуэфащэт
Ер уэ уи натIэ щыхъуам,
СщIэркъым и гъуэгур уи мащэм,
СщIэркъым гуIэпIэ пхуэхъуар.

Къуршыбгъэ лъэщыр мылъатэм,
Дамэр къутащи ешэщI,
Усэр зыгъэIур мыпсалъэм,
НэпскIэ уIэгъэр етхьэщI.

ЗэуапIэм лъыр пщIэжу уизгъуатэм,
ФIыцIэу си щIакIуэр птеспхъуэнт,
Си пкъым къинари зы джанэм,
УIэгъэр спхэну счэтхъэнт.

Уи гузэвапIэр сэ сщIатэм,
Алъп къарэ жэрыр нэсшэнт,
Уэ ущышэскIэ шыр ятэм,
Лъапэр лъэрыгъым хуэсшэнт.

Уи лъэрыгъыпсыр сэ сIыгъыу,
Шым сыдэжэни слъэкIынт,
Уэ усхъумэныр нэрыгъыу,
Сыт и гугъуехьи сшэчынт.

## УИГУ, СИ АНЭ, СЫКЪЭКӀМЭ

Уигу, си анэ, сыкъэкӀмэ,
Уэ мащӀэ уи лъэӀу?
Сэ сощӀэр, нэзмытхмэ,
Уигу щабэр ныкъуащ.
Жэщ къэскӀэ угугъэу
Макъ псоми уодэӀу,
ПсэлъафэуcиӀахэр
Анэгум къинащ.

Ар пӀуатэм угуфӀэу
Иныкъуэм йокӀуэкӀ,
Гупсысэм зэм уихьу
Дэп плъыжьу зэм уоплъ,
Иныкъуэм макъыншэу
Щхьэц тхъуахэр йокъуэкӀ,
Сурэтым зэм уеплъмэ,
Диями, лъыр къоплъ.

Шу къакӀуэу зэм плъагъумэ,
Ар щхьэкӀуэ къыпфӀощӀ –
Уи нэпсхэр зэпеӀэу,
Уигу щабэр къолъэт.
Шыпхъу щӀыкӀухэм яжоӀэр:
«Хэт къакӀуэр? КӀуэт, плъэт!»
Уи накӀэу зэлъахэм
Нэпс тезу лъэр йощӀ.

Сэ си адэм и унэр
ОкопкӀэ схъуэжащ,
Сыщежьэм къысхуэпщӀырт
Уэ ӀэплӀэ пӀейтейу.
ЖыпӀахэр жыр быдэу
Сэ си гум къинащ,
ЩӀы псыӀэм теплъафэу
Бостейри нэгу щӀэтщ.

Уэгу лъащӀэм ит вагъуэу,
Иджыри сощӀэж,
Уи нитӀыр нэпсыбэм

Ятхьэлэу лыдат:
«Бийм текIуэ, си щIалэ,
Узыншэу къэкIуэж», –
Ар жыпIэу си ужьым
УимыкIыу уитат.

Зауаер етащи,
ЩIы щтари мэгыз,
Окопу сыздисыр
Уэс къесым есей.
А уаем сэ си гур
ИIыгъыу ехуз,
Уэ фIыуэ сыкъолъагъури –
Сыкъолыр, сопсэу.

Си гъуэгур пхырокIыр
ЩIыгу змыкIуу къэнам,
Къыспоплъэ уэ пхуэдэу
Си анэу сэ куэд.
А псоми сахуэзэу
Гъуэгу псори щыскIуам,
Уи дежи сынишэу
Гъуэгу лъапIэр мыкIуэд.

## БОРЭНЫР БГЫЩХЬЭМ ЩЫЕТАЩ

КIыфIщ жэщыр икIи хэкIуэтауэ,
Топ уэным мащIэу щигъэтауэ
Борэныр бгыщхьэм щыетащ,
Ар лъохъу пыIэпIэу фIэкIуэдам.
Нэпкъ лъагэм уэсыр къэрепхъыx,
Щофийр ар бгыщхьэм, зэм къогъых,
Зэм зеущэхури мэкIуэдыж,
Нарт шум зыпищIми къыкъуоуж.
Окоп ныкъуэтIхэм уэсыр изщ,
Топышэр къауэм, мафIэ бзийр
Жыр къамэ плъакIэ пшэм йопыдж,
ЩIы щтар удыным егъэзджыздж,
Си цейм жьы щIыIэр пхолыдыкI,
СIэтын нэбжьыцыр сэ слъэмыкI,
Тхьэмахуэ хъуауэ хэт жеяр?
Аращ сипкъ псори щIэдияр,
Дунейм хуабагъэ темытыж,
Жэщ уаем псори щодиич,
Силъ плъар итIани мыупщIыIу.
«ЗауэлIыр сихьэм бий гущIыIу», –
Ар жысIэу фIыгъуэм сыщIохъуэпс.
Мычэму щесми бгыщхьэм уэс,
А гугъэр сиIэу сыпIыщIэн?

* * *

Сигу плъау сэ хуабэ сыщыщIэн?
Пшэ кусэм уафэр кIыфI ищIами,
Мазэгъуэщ жэщыр икIи нэхущ.
Окоп зэв блыным егъэщIауэ
Сэлэтхэм псалъэу заущэху.
Гъатхэпэ жэщым хуэму хощIри,
Щытын мыпсалъэу ар лъэкIын!
ЗигъэпщкIуу мазэр пшэхэм пхопщри,
Разведкэ кIуэуэ къыщIэкIынщ.

## СИ ФОЧЫМ IЭПЛIЭ ЕСШЭКIАУЭ

Си фочым IэплIэ есшэкIауэ,
Окоп блын щIыIэм зызогъэщI,
Гупсысэ хьэлъэр къыстеуауэ,
Абы сэ си гур ныхегъэщI.

Мэгубжь сигу Iэлыр, зешхыхьыж, –
Ди адэжь и унэм бийр щIыхьащ.
Лейзехьэр и щхьэм ныщотхъуж,
Си анэжьым гуауэр жьэхихьащ.

Нэмыцэр хуэму бжьэпэм докI,
Къурш щхъуантIэ дахэм щыту йоплъ,
ЩIыгу сыщапIами тетын лъокI,
Ар сыту хьэлъэ. Си гур къоплъ.

Ар бийм хуэздэнкъым, щIы уи фIэщ,
Абы и щIапIэм сынэсынщ,
Ди щIыгу къарукIэ сэ сылъэщщ,
А бийм сэ мащэр лъызгъэсынщ.

## ЗЭНЫБЖЬЭГЪУИТI

### I

УIэгъэу  сэ стелъым
Сихьынущ, си къуэш,
Уэ псэууэ укъонэ –
Насыпыр мыгуэшщ.
Зауаем зауэлIу
Шу пхъашэу хэтар,
Биишэ техуауэ,
ЛъэмыкIыу джэлаи.
Зэуэным хуэкIуэну
Сигу Iэлу етар
Дэп пщтыру силыпщIу
Бгъэгу щIыIэм къинаи…
Си джатэр сэ скъузу
ЗэуапIэр збгынаи…
Аргуэру зысIэтри
Бийм дежкIэ сеIат,
Къаруи симыIэу
ЩIы щIыIэм зестат.
СыхуэлIэт бгыпс щIыIэ,
АрщхьэкIэ пшахъуалъэт
Сэ лъыкIэ згъэнщIар,
СощIэжыр сэ псори.

### II

УIэгъэу сэ стелъым
Сихьынущ, си къуэш,
Уэ псэууэ укъонэ –
Насыпыр мыгуэшщ.
Уафэгуу щIыху дахэм,
Си нитIыр етауэ,
Сеплъ пэтми а уафэр
Ди уафэм емыщхьт.
Къарууи сиIахэр,
Силъ пщтырыр кIуэдащ,
Сэ си гур зы тIэкIуи
Си гъащIэм щымысхьт.
Абдежым укъэсри
Гын Iугъуэм сыхэпхщ,
Зи дамэ къутауэ

Бгъэ губгъуэм къинауэ.
Зауаем зауэлIу
Шу пхъашэу хэтар,
Биишэ техуауэ,
ЛъэмыкIыу джэлаи.
Зэуэным хуэкIуэну
Сигу Iэлу етар
Дэп пщтыру силыпщIу
Бгъэгу щIыIэм къинаи…

III

УIэгъэу сэ стелъым
Сихьынущ, си къуэш,
Уэ псэууэ укъонэ –
Насыпыр мыгуэшщ.
Къум джафэм и махуэр
Дыгъэпсу хуабейщ,
Бэуэни слъэмыкIыу
Лыгъаем щIыр ес…
Ныбжьэгъуу си лъапIэ,
Сыкъинэ мыбдеж,
Жыр Iэщэр сIэщIэлъу
ЗэуапIэм сигъэлъ.
Сэ си щхьэр бийм дежкIэ
Хуэгъази уэ IукI…
Псы щIыIэу бгы щIагъым
КъыщIэжыр згъуэтамэ,
ЗызгъэнщIу сефэнти,
Мы си Iуу гъущIар
ЗгъэщIытэм, сигу плъами
Хэлъ мафIэр хэкIынт.
Псы къиином и тхъумбэр
Сэ силъкIэ утхъуамэ,
Си гуауэр толъкъунхэм
Нэпкъ псоми хуахьынт.
ДищI лъапIэр ихъумэу
КIуэдакъэ, жаIэнт.

IV

УIэгъэу сэ стелъым
Сихьынущ, си къуэш,
Уэ псэууэ укъонэ –
Насыпыр мыгуэшщ.
Ди щIыпIэм уихьэжмэ,
Бгы щхъуантIэ къэлъыхъу,

Сэ си шым гъэ куэдкIэ
Дамыгъэу иIар,
Бгы нэIум щистхъащи,
УкIуэжмэ, къэгъуэт.
Си анэжьым ухуэзэм,
И закъуэу жеIэж:
«Уи щIалэу уи пажэм
И гъуэгур кIэщI хъуащ…
Хъуэпсэгъуэу иIахэр
IэщIыби ищIащ».
КъищIэнущ си анэм
Хъыбару хуэпхьар,
Игу махэм хыхьэнщи,
Ар щэхуу къэгъынщ,
Iэ гъуркIэ и нэпсыр
ИлъэщIу, пыхьэнщ.

V

УIэгъэу сэ стелъым
Сихьынущ, си къуэш,
Уэ псэууэ укъонэ –
Насыпыр мыгуэшщ.
Ди хэкум уэ бгъазэм,
Мы зымкIэ солъэIу:
Си адэм ухуэзэм,
Зы псалъэ жеIэж:
«ФIыуэ плъагъуу уи щIалэр
ЩIы щIыIэм щIэслъхьащ».
Цеищхъуэ схуищIамэ,
ФIэлъапIэм фIилъэнщ,
Цейм еплъмэ, гумащIэу
Игу и къуэр къэкIынщ.
Хъыджэбзхэм яхэплъэу
Ар нысэ лъыхъуэн?
Хъыбархэм я гуауэу
Си гугъур уэ хуэщI.
Си адэм, сэ сощIэр,
Ар и гум щIыхьэнщ,
АрщхьэкIэ и нэпси
Нэм щIэту плъагъун?
Хъыбару жепIахэр
ЩIыхь къабзэу ибжынщ,
Щхьэ тхъуари иIэту
Ар занщIэу къоплъынщ,
И къамэм и Iэпщэр
Икъузу щытынщ.

# ПУШКИНЫР 1941 ГЪЭМ И НОЯБРЫМ

И бын гупсысэм ар хэту,
Площадь мывалъэм и дей
Тетщ Пушкин, жэщкIи зэфIэту,
Ар сэлэт плъырщи – мыхъей.

Хьэуам хэз хъуами сырымэр,
Ар зи къэмыскIэу къоплъых,
Бгы мамырыгъэр ехъумэ,
И пьедесталым къемых.

Къэсащ бийр. Уэгум имыхуэу
Мэзкуум кхъухьлъатэр щхьэщытщ,
И пащхьэм сатыр мыухыу
Зауэм кIуэ дзэхэр щыблокI.

И бронзэ нэкIур ызолъэ,
ЖыдоIэр: «Пушкин, нэшэс!»
Россием и бынхэм къытхоплъэ,
И нитIым щIихьэу жьым уэс.

Мазитху гупсысэм ихьащи,
И щхьэцыр тхъуауэ гум хощI,
IэщIэлъ тхылъымпIэу шыхьари
Бгырыс жыр къамэу къысфIощI.

Из тщIынщ бий хьэдэр ди щIапIэм,
БиилъкIэ сыныр дгъэжынщ,
МылIэжыныгъэу хэщIапIэ
Пушкин хуэхъуами дыкIуэнщ.

## ЩIЫМ И МАКЪ

Зауае гуащIэм и лыгъэу
Топышэ мафIэр мэлъалъэр,
Ди хэку и щIыхьыр, и лIыгъэр
Нахуэ щыхъунур къэхъуакъэ.
Хы толъкъун макъыу зэхэфхыр
Хыр къэукъубейуэ аракъым –
Ар бомбэ къутэм и жьгъейхэр
Ди щIыгум пщтыру толъалъэ.
Пшэ фIыцIэу Iуву нэщхъейхэр
Пшагъуалъэ махуэу аракъым –
Зауэшхуэ гуащIэм и гъуэзыр
Мэз кIыфIу щIыгум тенащ.
КъэуэхукIэ бгыр гуэзыгъэзыр
Ар щыблэ макъыу аракъым:
Топ уардэ куэдхэр мэгъуагъуэ,
Ар гъатхэ щыблэу мэшхыдэ,
Къелъыхъуэр гуауэм и лъагъуэр,
Псы уэр уэрэду ди тхыдэм
КъыщIедзэр нобэ, си бынхэ!
Гум щIыхьэу макъыу зэхэтхыр
Ар гуауэ гуащIэм и гъыбзэу
Гъэр хъуау ягъэшыр цIыхубзхэм.
Псышхуэ ежэххэр щIэуэрыр
Къиуауэ псыжьхэр аракъым –
Ар бийм IэщIыхьахэм я нэпсыр
Ди псы губжьахэм къыхохуэр.
Емынэу хамэ къихьауэ
Мэзыхьэу ди щIым щохущэ,
ДжэгупIэ ящIыр ди шыпхъухэр,
Тхъума ди мылъкур зэрапхъуэ,
Ди сабий цIыкIухэм ялъ пщтыркIэ
Я сэлэт лъыншэм йоIэзэ.
Зи жьакIэ тхъуауэ ди адэжьхэм
Я нэр я жьыщхьэм топлъызэ.
Лейм пэщIэувэу щебэнкIэ,
КъаукIри пхыру къытохуэ,
Бий гущIэгъуншэм и нейхэр
Ди цIыху мин Iэджэм къатохуэ.
Ди анэжь и унэм бийр йохьэ,
И нэм къыфIэнэр зэщIекъуэ,
ГъэунэхъуакIуэр дищI къохьэ,

Нэмысыншагъэу къыдищIэр,
Ди щIышхуэм гуауэу щигуэшыр,
Кумб нэпкъым лъыуэ щыжэщIыр,
Къуэм щызыукIыр ди къуэшыр,
А гуауэм и цIэр фашизмэщ.
Лейр фымыгъэгъухэ, си къуэшхэ!
Ар зи гум икIыр ди бынкъым,
Бийм емыуэфри дэ тпIакъым.
Фи адэ лIыжьым къывжеIэ:
Шынагъуэр благъэ къыщыхъукIэ,
Бгырыс бгъэ лъэщым и шырхэр,
Къызэхуешэсри, яжреIэ:
«Ди абгъуэ лъагэм благъуэжьыр
Къыдэпщеину къопIастхъэ,
Дыкъуакъуэу блэ шэрэз гъуэжьыр
КъытхиукIэным щIохъуэпсыр.
Филъ фыщымысхьу, си бынхэ,
Бгъэ абгъуэр благъуэм щыфхъумэ,
Фхъумэ фи щIыхьыр, фи напэр,
Фи адэжь и унэ нэгъунэ».
Бгъэ зи щIалэгъуэхэр мэлъатэ.
(ЛIыгъэншэ лъэпкъым фи адэр?)
Шынагъуэр ди щIым къихьащи,
Ди лъэпкъ зэуэкIэу фызауэ,
ЗэуапIэм бийхэр щевгъазэ,
Андемыркъаным и сэшхуэр
Къыфхуигуэшащи, ар вгъабзэ.
Жэманшэрыкъхэм фышэсмэ,
Фи лъэрыгъыпсыр тIыгъынщ,
ЛIыгъэ зефхьэнум и шэсу
Хэкум и щIыхьыр щытынщ.
КъывжиIэр фи анэм мыращ:
Фи адэжь и лIыгъэ фхуэсIуатэу
Фэ илъэс Iэджэ фыспIащ.
Фи джанэр жэщкIэ фхуэсIуэту
Ди Iуащхьэмахуэ и тхыдэм
ФыщIэжеикIыу щыташ.
Жэщ машIэ гущэр збгъурыту
Нэху сэ къыстещхьэу згъэщIа?
Гугъу сыщIехьари, си щIалэ,
Мы нобэм хуэдэу зы махуэщ.
КъысфIощI нысашэ узгъакIуэу,
Си гъыни къокIуэр, сошыIэр.
Си Iэр дызолъэр уи щIакIуэм,
Аслъэным хуэдэу фызауэ,
Бий залым бзаджэр хэвгъащIэ,

Бийм и гущIыIур вгъуэтауэ,
Хъыбар къэIуну сопIащIэ.
Фэ фатекIуауэ къэвгъазэм,
УэрэдкIэ дыныфпежьэнкъэ,
УIэгъэу гъуэгу къытевгъазэм,
Фи шыпхъухэм фызэрахьэнкъэ.
Фи хьэдэ дымылъагъужмэ,
Фи гъыбзэр дэ фхуэдусынщ.
Фи шыпхъу фIыу флъагъухэм къывжаIэ:
Фэ фыщышэскIэ Iэдэжу
Шыр вбгъэдэсшэнкъэ си дэлъхухэм,
Шы сокум данэ бэлътокур
Фэеплъу сэ фхухэсщIэнкъэ,
Фи IэщIагъэуэ фэ къызэвнэкIхэр
Зыхуэдгуэшынкъэ зэшыпхъухэм.
ФIылъагъуныгъэм, ди гъащIэм
ФрихъумакIуэщ, зауэлIхэ.
Фэрщ дэ гурыфIыгъуэу диIэнур,
Ди хадэм, губгъуэм дыщиткIэ,
Фэракъэ ди гум къэкIынур.
Атакэ фыкIуэу зыщифчкIэ,
Фэ гъусэ ди псэр фхуэхъунщ.

* * *

Iыхьлыхэм псалъэу жаIахэр
Гуауэр зи джанэу ди щIышхуэм
КъыфIощI зауэлIым жиIауэ.
Шыщхьэмыгъазэу ди шухэ,
Фи адэ-анэр, фи шыпхъухэр
ЗэрыфхуэлъаIуэр зэхэфхрэ?
Шагъдий шы жэрым фытесу,
Маисэу сэшхуэр фIэщIэлъу,
Филъ фыщымысхьу фашистхэм
Щыблэ теуэкIэу фатеуэ.
Мы зауэ гуащIэм зи лIыгъэ
ЩызыгъэIуфым и тхыдэр
ЩIы кIапэ псоми щаIуатэу,
ЩIым ар уэрэду иIэнщ.

## ДЭ ДИ ШУХЭР ЩХЬЭМЫГЪАЗЭЩ

ЕкIэ ди щIым бийр къихьати,
Сталин ди адэр къыдэджащ:
«Си щIалэфIхэ, Iэщэр къафщтэ,
Бий дзэ фIыцIэр къыттеуащ».

– Ей, ди шухэ, шым фышэсхэ,
Сталин жиIэр зэхэфхам!
– Зэхэтхауэ жефIэ ди адэм,
Сэшхуэ жанхэр дэ къитхащ.

Дыхьэзыркъэ дыззэуэну,
Бийм ди лIыгъэр едгъэщIэнщ,
А фашистхэу дищI къихьахэр
Iэщэ жанкIэ хэдгъэщIэнщ.

Ди нэм къеIэм, и псэм деIэу
Дэ игъащIэм ди хабзащ.
Уэ зэуапIэм дибгъэхьэхукIэ,
Бийм дытекIуэу дыбгъэсащ.

Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ,
МафIэу ди гур зэщIэнэнщ,
ЩIы уи фIэщ уэ, Сталин лъапIэ:
Бий дищI лъэщым къидмынэн.

# УIЭГЪЭ

Топышэм щIыпцIэр кърихуау,
Къутахуэр си бгъэм къытехуат.
СIэщIэхущ си Iэщэр сэ абдеж,
Лъы пщтырыр си бгъэм, сыт, кърeж, –
Къум псыншэр силъкIэ сэ согъэнщI,
ТкIуэпс плъыжьхэм удзыр яуфэнщI.
Топышэм губгъуэр зэхавау
Гын Iугъуэр дыджу щхьэщыуващ,
Мэзджызджыр ди щIыр, мэгумэщI,
УIэгъэр удзкIэ сэ солъэщI,
Къуэ кIуэцIым, нэпкъым щыуэр топщ.
Сэ си гур, мис зэгуоп,
Абы зэуэнкIэ зимыгъэнщI –
Къарур уIэгъэм сфIыхегъэщI.
ЗауэлI илъ зауэм щымыкIуэд,
БлэкIынщ иджыри махуэ куэд.
Удз тхьэмпэ плъыжьхэр кIуэдыжау,
НэгъуэщI нэхъ дахэу къикIэжау,
УIэгъэр дыркъуэу сэ сиIэнщ,
ИтIанэ дищIми мыр жесIэнщ:
«Уэ дэрэ дыркъуэ къыттенащ,
АрщхьэкIэ бийхэм датекIуащ».

# КОМАНДИР

Я автоматхэр узэдау,
Бийм и быдапIэм илъэдау
Атакэ кIуэхэрт зауэлI гуп,
Я сумкэр илъу я щIыбыку.
ЩопIэнкIыр дэни уэшхыу шэр,
Арщхьэ мышынэу ахэр жэрт.
Биилъ зауэлIхэм ягъэжащ,
Нэмыцэр щтэри щIэпхъуэжащ.
Сержант лIыхъужьхэм я пашар
И гъусэ псоми ятежат.
Ажалыр бийхэм хуигуэшау
ИтIани щIалэр емыша!
ПщIэнтIэпсыр IэкIэ ирекъуэкI,
ФынакIуэ! – жиIэу къызоплъэкI,
Арщхьэ зауэлIу и гъусар
Къэнат, уIэгъэр ялъысау.

# ХЭТ ГЪАЩIЭР ПЩIЭНШЭУ ЗЫЛЪЫТЭР?

Хэт гъащIэр пщIэншэу зылъытэр?
Хэт дежкIэ гъащIэр уасэншэ?
ЩIым дыгъэр дэни толыдэ,
Егуэшыр нурыр мардэншэу.

Лъысыныр гъащIэр игъуэджэу
ЩIым хьэщхьэвылъэ щымащIэт?
Дунейм къытехьэу а фаджэм
Хуэфащэт махуэ щигъащIэм?

ГурыфIыгъуэншэт а ящIэр,
(Ар си гум илъи куэд лъандэ)
Псэун хуэмейхэр лIэн папщIэ,
ЦIыху гъащIэ лъапIэр токIуадэ.

КIыхьщ сабий зеиншэм и гуауэр,
Сигу зэгуэуду си жагъуэщ,
Фашистыр псэууэ къэнауэ
Ди шыпхъу фызабэу щыслъагъукIэ.

* * *

ЖыIэт, мыпхуэдэу щхьэ сызэшрэ?
Хэт гуауэ щIыIэр къызита?
Е си псэм бампIэр бийм хуигуэшрэ?
Е си насыпыр сфIэкIуэда?

КIуэда мычэму згъэлъэпIари?
ЗгъэщIэну псори сэ згъэщIа?
Сигу Iэл ерыщу лъыкIэ спIари
СфIидыгъуу Iэсэ хэт ищIа?

НэгъуэщI игъащIэм темысами,
ЗэвыпIэм си шыр щызэгъа?
Зы увыIэпIэм емысами,
КъуэкIийм си алъпыр щалъэхъа?

Зы махуэ си гур згъэпыIакъым,
Сэ гъуэгу сытету сымызэш,
Зэуэн сэ си псэр щызгъэщIакъым –
Сосрыкъуэ лъыкIэ срикъуэшщ.

## ЖЫР ПЫIЭ

Биишэ бзаджэр техуати,
ЗауэлIыр уэсым хэхуат.
Жэщ борэн щIыIэм щIилъхьати,
Теплъакъым хьэдэм нэгъуэщI.

ТекIыжри уэсыр зэуапIэм,
Хъуащ гъатхэм губгъуэр щхъуантIагъэ,
Мес улъияуэ жыр пыIэм
Иджы удзыщIэр щогъагъэ.

Къэсат а щIалэм и пIалъэр
Мы гъатхэм нэхърэ нэхъ псынщIэу,
Хэт зыщIэр пыIэр зей щIалэр?
Зи анэ гуIэр хэт зыщIэр?

Жьы хуабэр удзхэм телъадэм,
А пыIэм ит закъуэр мыхъейуэ
ЗэфIэтщ, сын хуэдэу – мэщыгъуэ,
Ей хуэдэщ гуауэр, нэщхъейщи.

## ЛЭГЪУП ЦIЫКIУ

ЗэуапIэ гъуэгум сыщыпщафIэу
Къизгъэжт псы щIыIэр сэ си псылъэм,
Сыхьэт сувыIэм, сщIырт сэ мафIи,
Си лэгъуп цIыкIур мафIэм пыслъэрт.

Iусыпсыр къавэрт, ткIуэпсхэр лъейуэ,
Лэпс тхъурымбэр псывэм кърихьэкIыу,
СыгуфIэрт сэри псом ялейуэ,
Лэпс Iувым и мэр къысщIихьэхукIэ.

Уэрэд жызоIэр: псынщIэу къавэ!
Сэлэт къалэныр сэ къыспоплъэ,
Дзэху лэгъуп хужьым щIэлъу мафIэм
Сэ пхъафэ бгъуфIэу щIэслъхьэр золъэ.

ИлынцIми мафIэм лэгъуп хужьыр,
Сэ къыспэщыткъэ псыхъуэ Iэджэ,
Бий псыхъуэ псыншэм шэрхъ лъэужьым
Ит псыкIэ птхьэщIмэ, ар гъуэзэджэщ.

КъовыкIыр лэпсыр, тезу дагъэ,
Къыхошхэ уэшхыр, ягъэ кIынкъым.
Сэлэт ныбжьэгъухэ, фыкъеблагъэ,
Фышхэн иужькIэ фхущIыхьэнкъым.

## АТАКЭМ И ПЭКІЭ

Уэсятым хуэдэу, уэ, си къуэш,
КъедаІуэ бжесІэу псалъэ пэж.
Къытпоплъэ зауэр дэ пщэдей,
ЖызоІэр сэри «биймя ней!»
Къихьащ сигу Іэлым сэ зэуэн,
Фашистхэм я псэ зэу згъэнын
Си гуапэу, сэри сыщІохъуэпс.
Атакэм и пэ, уафэхъуэпскІ
КъытфІэщІу, топхэр ныздеуэнщ,
Абдежым биихэм датеуэнщ.
СлъэмыкІми Іуащхьэм сынэсын,
Дэ тщыщ а щІыпІэм лъэІэсынщ.
УІэгъэ сохъур… е саукІ,
Фэ фыкІуэ адкІэ, фэ фыпхыкІ,
Ирегъ си анэ, сэр нэмыщІ,
Зым и ани и гур хремыщІ;
Къытпоплъэр зауэр дэ пщэдей.
Мырщ ди къалэныр абы дей:
Биим дытекІуэн е дыкІуэдын!..
Аращи, къащтэ зы тутын.

## ЩІЭПХЪУЭЖАХЭР

Къарэр бгъэлъэхъумэ, уи шы соку
Жьы щIихумэ, налъэ хиудын?
Ди гуауэм хуэдэщ, дэ ди гъуэгу
Гъунапкъэ дэнэ щигъуэтын?

Арщхьэ мывалъэм лъэр щIеуд,
Дым хъуащ аузыр, мэзыр щэхущ,
Нэпкъ кIыфIым мафIи щымылыд,
ТIыс, щIалэ, тIыси зыгъэпсэху.

БгъуэнщIагъым щIэши шы ешам,
Къэлъэтмакъыр техи, удз хуэфыщI,
Лы тIэкIу гъуэмылэу къыздэтщтам
ІыхьитI хуэдизи къыпыупщI.

Къэпщтакъэ уи сэу щIэплъыкIар?
КъамапIэрщ Іэщэу къысхуэнар –
Сэ, сепIэщIэкIри, бий сукIам
И гущIэм къамэр къыхэзнащ.

Уи ныбжьым хуэдэу бгъу згъэщIащ,
Ар пэтми си лъыр сэ сощIэж.
Сабий си гъусэу, къэзгъэщIам
Сэ бий зездзауи сымыщIэж.

УцIыкIуми, си псэ, уэ хуэсакъ.
Зэхэпхрэ? ДаІуэт!.. Лыр бгъэжьам,
(Аузым щоIур шы лъэ макъ.)
КIуэт, плъэт нэмыцэ къытлъежьам.

## ДЫГЪЭР КЪЕПСЫН ПАПЩIЭ

Пшахъуалъэу, губгъуэу, мэз, мывалъэу
Сэ машIэ гъуэгуу зэпысчакъым.
Топ уафэгъуагъуэм щIыр дэлъалъэу
Къыслъыхъут лIэныгъэр – сигъуэтакъым.
Си ужь ар къихьэмэ, сыпежьэрт,
СыблэкIт и дамэр къызэIусэу.
ЗауэлI и гъуэгур скIууэ сежьэрт,
Бий лъагъуэр схурт, бийр згъэгузасэу.
Хэку Iэджэу бийхэм нэщI ящIахэм
ГуфIэгъуэр штыккIэ яхуэсхьыжырт,
Лъы жапIэ зауэр бийм щестахэм
Аргуэру гъащIэр къыщеблыжырт.
Сынэст зы къуажэ, бийр хэдгъащIэу,
КъыщыIут нэгъуэщIым гуауэ макъхэр,
Аргуэру сыкIуэрт сэ сыпIащIэу:
ЛъыщIэжыныгъэр джэрт, ныкъуакъуэрт.
Сабий лъы жахэр сигъэлъагъуу,
Щыпсалъэрт си гум: «Уигу иубыдэ –
А лейр нэмыцэм хуумыгъэгъу,
Уемыш, зэуакIуэ, зыгъэбыдэ».
Сынэсщ псы Iуфэм, псы сыщефэм,
ТкIуэпс щIыIэм мафIэ си гур къищIри,
ЩысщIат тIысыпIэ а псы Iуфэм,
ТIэкIу зызгъэпсэхумэ, си гъуэгу скIуну.
НэщI хъуати псылъэм псы из сщIауэ,
Къэслъыхъут тIысыпIэ, псым къызжиIэрт:
«Сэ пщащэ хьэдэ нэху мыщауэ
Пщэдджыжь къэсыхукIэ бийм къысхуешэ,
Си толъкъун къабзэр хьэдэ тепхъуэ
ХузощIыр, зауэлI, сэ а хьэдэм,
Бий лъагъуэр уохури кIуэ уемышу,
Тегъахуэ уи шэр ер зыгуэшым».
А залым лъагъуэм сыкъишауэ
Нэмыцэм я щIым сыкъихьакъэ!
Ди щIыгу нэпс гуащIэу, гуауэу щигуэшар
Иджы сэ штыккIэ бийм хуэсхьакъэ.
Хьэзабу ди щIым ишэчахэр
И натIэ хъуакъэ бийм и щIапIэм,
Мис собж лъэбакъуэу сэ къэсчари,
Бий унэр сщIынкъым сэ хьэщIапIэ,

ДищI илъ сщIэжыну, щысхь симыIэу
Бий щIыгум лъыпсыр щызгъэжэнущ.
Зы псалъэ закъуэ сэ жызмыIэу,
Си суд бий щIапIэм щысщIэжынущ.
Бгырысхэм жаIэу сощIэ тхыдэ,
Блэм цIыхур дэнэ щыхуэзами
(Имыхуу си гум илъщ ар быдэу)
КъоувыIэр дыгъэр, уэгум къиплъу.
«БлэкIыну пIэрэ? – дыгъэм жиIэу
Егуэшыр нурыр пащIэ бзииплъу,
Блэр цIыхум къелмэ, ар къоувыIэ,
Гъуэгу кIыхь ар тетми, кIуэн зешыIэ».
А блэр си пащхьэм мис къихуащи,
МыувыIэу дыгъэр къепсын папщIэ,
ДищI илъ сщIэжыныр къабыл сщIауэ
Изох бий фIыцIэм удын гуащIэ!

# ФЭЕПЛЪ БЭЛЪТОКУ

Уэсыбэр губгъуэм мес токIыж –
Уэсыпсыр щIыIэу удзым щIэтщ,
БлэкIа зэманхэр сигу къокIыж,
Си нэгум дахэр уэ ущIэтщ.

Сэ тхылъ нэзмытхыу щыщытам,
Уигу щабэр, дауи, къызэбгъат,
Иджы нэстхахэм гу лъыптам,
Си дежкIэ мащэр гъунэгъуат.

Биишэ си бгъэм пхылъэтау
Щытами, шэми сыкъелащ.
Бэлътоку фэеплъу къызэптам
Абдеж и кIапэр лъым илащ.

Фашист окопэм сынэсау,
Иужь нэмыцэм сэ сихьау,
Абдеж шэ бзаджэ къыслъысау
Жыг лъабжьэ гуэрым сыщIахьат.

Лъы пщтыркIэ уэсыр згъэпщIэнтIау,
ФIыуэ слъагъур си гум укъэкIат.
Бэлътоку фэеплъу къызэптар
УIэгъэ пщтырым тескъузат.

Си деж упIащIэу укъэсау,
А уи Iэ щабэу сигу къинар
УIэгъэм гуапэу къеIусау
КъысфIэщIри, си гур зэфIэнат.

Иджы бэлътокум сэ соплъыж,
Сэ сыпсэуухукIэ ар схъумэнщ.
Ар нэзгъэзэжмэ узотыж,
Фэеплъу тIуми къытхуэнэнщ.

## УИ ДЕЖ СЫНОКIУЭ

Уи щхьэцыр жьыбгъэм щIиIэтэу,
Уи Iупэ плъари кIэзызти,
Нэ псыIэм гуапэр иIуатэу,
Псалъэншэу уи Iэр сэ скъузти.

СощIэжыр щэхуу къызжепIахэр,
Уэрэду си гум ар ехъумэ,
Зы IэплIэ закъуэу къысхуэпщIари,
Ба гуащIэ закъуэми нэгъунэ.

Си сэшхуэм уи Iэр къытеплъхьауэ,
Хьэзыр Iупэхум нэр тенати,
ЖысIэну псалъэр пфIэгуауати,
Нэщхъейуэ си пащхьэм уитати.

Алъандэ махуэу мис зыбжанэ
Мы зауэ мафIэм едгъэсакъэ,
Сытетщ иджыри сэ гъуэгуанэ,
Гъуэгу Iэджэ губгъуэхэм щыскIуакъэ.

Уэ узигъусэт сэ нэхъапэм,
СауIэм, узыр уэ бгъэмащIэт,
Сыжеймэ, щIакIуэм уэ и кIапэм
Утесу слъагъуу сэ къысфIэщIт.

Иджы згъуэтакъэ сэ зы гуауэ,
А гуауэр къуэшу къэслъытакъэ –
Ди унэр бийхэм якъутауэ,
ХамэщI гъэрыпIэ уэ уашакъэ.

Зэгуэр скъузауэ уи Iэ хужькIэ
Бийм и шырыкъухэр уэ уолъэщIыр,
Уи нагъуэ иным нэпс пщэдджыжькIэ
КъыщIэкIри тоткIуэ уи IэлъэщIым.

Уи Iупэ фагъуэр пфIэпIэжьажьэу
Бий пащхьэм уиту уэ уогуIэ,
Щхьэц фIыцIэ кIыхьыр бгъэщIэращIэу
Щытами, гуауэр уэ уошыIэр.

Си гъуэгум тетми си лIэнычгъэр,
Лъэбакъуэр штыккIэ сэ нэсщами,
ИлыпщIу си гур сэ мы лыгъэм,
Уи деж сынокIуэ сэ, си нагъуэ.

Лъэбакъуэр штыккIэ сэ нэсщами,
Уэ уи гъэрыпIэр къэзгъуэтынкъэ,
Гъунэншэу гуауэ уэ пшэчами,
Аргуэру IэплIэ сэ пхуэсщIынкъэ.

Си гъуэгур лъыкIэ сэ исIами,
ЗэуапIэм бийхэм сыхагъащIэу,
Сыджалэ хъуми, сэ итIани
Iэр нэсшияуэ сыджэлэнщ.

# СЭ СЩIЭРКЪЫМ ЗАУЭМ НИКIЫЖУ…

Сэ сщIэркъым зауэм никIыжу
Зи адэ унэм кIуэжынур.
И анэм жыжьэу къилъагъуу
ГуфIэгъуэ пэжкIэ къыIущIэу,

IэплIэ къыхуищIу гуфIэнур.
Сэ сщIэркъым пIащIэу шынелыр
Лэгъунэ щIыхьэу зыщихыу,
НысащIэ гуапэм и нэкIум

Псалъэншэу Iэ дэзылъэнур.
Гъуэгу хьэлъэ Iэджэу къикIуахэм
И къэлътмакъ гъуабжэр фэеплъу,
И цейм бгъурылъу блын лъахъшэм

Ар фIэзылъэнур сэ сщIэркъым.
Сэ сощIэ, Iэджэм а махуэр
Насып мыухыу къапоплъэ.
Сохъуапсэ сэри а махуэм.

Ар къысхуимыхуэм, солъаIуэр:
Пщыхьэщхьэм гупхэр зэхуэсрэ
Фадэбжьэр фIэтмэ хъуэхъуфIкIэ,
Фэ къыфхэтыну насыпыр

Зылъымысауэ зауэлIым
ТхьэлъэIум и цIэ къыщифIуэ,
ГуфIэгъуэ махуэу тхьэлъэIур
ЗауэлI лIэныгъэм къихьащи.

## ПОЩТЗЕХЬЭ ПЩАЩЭ

Пощтзехьэ пщащэр, игу къилъэту,
Уэнжакъ къутахуэм бгъэдохьэ.
Блын фаджэ кIыхьым бгъэдэту
Илъагъур пщащэм игу щIохьэ.

ЩIапIэжь хъумакIуэу къэнауэ
Хьэжь, гъуэмбым къопщри, къыIуощIэ,
КъэкIуам ар къоплъыр мыбанэу,
Ныбаджэу бгъукIэ хьэр йощIэ.

Мис, хьэдэ дзажэу, гъуэлъыпIэр
Чырбыш къутахуэм къыщIоплъыр,
Iэрытхыу, гъуабжэу тхылъымпIэр
Жьым щигъэсыскIэ, лъыр къоплъыр.

Хъыджэбз нэ фIыцIэр гушхуауэ
НысащIэ дахэм IущIакъым.
ЗэуапIэ жыжьэм щатхауэ
Письмори зыми Iихакъым.

И гуауэр нэпскIэ егъэткIури,
БлэкIари и гум къокIыжыр.
Письмор и сумкэм щегъэпщкIури,
Нэщхъейу пощтзехьэр IуокIыжыр.

## ГУПСЫСЭ

Мыух гупсысэр уи щIасэу,
ПыIэпIэ уи гум имыIэу,
Уэ куэдрэ къотхыр ухъуапсэу,
«Насыпт къигъазэм» схужыпIэу.

Ныбжьэгъу сэ сщIакъым биишэр,
Си натIэ илъыр сэ сщIэнкъым,
Гъуэгу текIуэныгъэм дызышэр
Си щхьэ схъумэну схъуэжынкъым.

Си нэкIуэжыкIэр сыт хъуами
Зэ нэзгъэзэнущ, къыспэплъэ,
Бгы пшагъуэр щIыгум тенауэ
Зэхэуэм пшапэр, лъэр хьэлъэу,

Къилъэту си гур, сыпIащIэу
Сынындыхьэнкъэ ди пщIантIэм,
Зэ сыфIуплъэныр гуращэу
Iуслъхьэнщ щхьэгъубжэм си натIэр.

Нэхугъэ машIэр къыдихыу,
Лъэ макъ сымыщIу зызгъэзу,
Си щIыб къэп цIыкIур измыхыу,
Сынындэплъынущ бжэ дазэм.

Ауэ бжызоIэ: сыщIакъуэу,
Бжэ лъахъшэ пхъэбгъум си закъуэу
Пхъэ лъакъуэ гъуркIэ сеуIуми,
КъыщIэкI, уи хьэщIэр гуемыIуми.

* * *

Зэгуэр пщIыхьэпIэу услъэгъуащи,
Жэщ къэскIэ жьыуэ согъуэлъыж,
Арщхьэ гупсысэм сыхэбдзащи,
Си щхьэнтэр гъуру къысфIощIыж.

## ДЭ КЪЭТПСЭЛЪАХЭР ДЫГЪУАСЭ

Дэ къэтпсэлъахэр дыгъуасэ
Уи фIэщ мыхъуауэ аракъэ?
Аргуэруи къакIуэ, си щIасэ,
Зэхэуэм пшапэр уи закъуэ.

А псы къелъапIэм деж гуакIуэщ,
Псыр емызэшу мэшхыдэ,
Сэ ныздэсхьынщи си щIакIуэр,
Абы дытесу псы тхыдэм

ДгъэкIуэнщ дедаIуэу пщыхьэщхьэр.
КъакIуэ, умыщIу си жагъуэ,
Мы зыр бжесIэнум нэхъыщхьэщ –
Хъыджэбзым хуэщкъым пагагъэр.

ЛъагапIэм хэти йохъуапсэ,
Псыкъелъэ закъуэрщ игъащIэм
Лъахъшэ хъуныгъэр зи щIасэр,
И макъи хъуркъым нэхъ мащIэ.

# МЭЛЫХЪУЭХЬЭ

Гъэ псом уохъумэр мэл гуартэр,
Мэлыхъуэ щIакIуэм и кIапэм
Утесу жэщыр хокIуатэр,
ИтIани кумбу уи шхапIэм
Щыбгъуэтыр къупщхьэщ джафабзэу.
Къуаншагъэм сытыр и пIалъэ,
Уэтэртес пщафIэм и хабзэу,
УдынкIэ хэти къопсалъэ.
Губгъуэхьэ плъагъум, ущIопхъуэ,
Бийр дапщэ хъуми умыбжу
УофыщIэр, псоми уэ уопхъуэр,
Зэм къогъэзэжыр лъыр ппыжу.
Мэл гуартэм дапщэ хэтами,
Зы щынэ зыми пфIихьакъым.
Уи нэIэ тету щытамэ,
Гъэ Iэщым зыри хэщIакъым.
Си Iуэхущ уэ уи гур хагъэщIым,
ПхуэсщIэнущ пфIэфIым нэгъунэ.
Сэ фIыуэ слъагъур нэгъуэщIым
IэщIумыгъэхьэу схуэхъумэ.

## ПЩЫХЬЭЩХЬЭ ШУ

ЖьакIагъуэм шыбз гуартэр егъэхъур,
Бгы джабэу хъуныфIхэр а лIыжьым
И унэу щопсэур Къущхьэхъум,
Шы жэрхэр зэблехъур пщэдджыжьым.

ГуфIэгъуэу шыбзыхъуэм тIу иIэщ:
Шы жэрхэм ар хэплъэм, игу мэфIыр.
ЕтIуанэр – ипхъу гуакIуэрщ, ар щыIэщ
Я унэм, зылъагъур хуэгуфIэу.

Псэлъыхъухэр зэужьу къэкIуэхукIэ,
Хъыджэбзым дэтхэнэм дзы хуещIыр.
Шу блэкIыр а пщащэм теплъэхукIэ,
Егъаджэр фэрыщIу и щIопщыр.

Зэгуэрым, бгым дыгъэр щыкъухьэм,
Шу закъуэ лIыжь кхъахэм елъагъур,
Гъуэгуанэ хэт ежьэр пщыхьэщхьэм?
Жэщ кIыфIым хэт техьэр шу лъагъуэ?

– Уи гъуэгур, си щIалэ, щхьэ кIасэ? –
ЙоупщIыр лIыжь шыхъуэр а щIалэм.
– Уей, дадэ, къыпхухъуи Тхьэр щIасэ,
Гъуэгу пасэ сэ сфIэфIкъым си гъащIэм.

– Апхуэдэу ухахуэм, сипхъу дахэм
И пащхьэм уи хакIуэр щыгъалъэ,
КъогуакIуэу цIэрыIуэр дэпхьэхрэ –
Хэх си шым нэхъ пфIэфIыр, си щIалэ.

– ЩIыхьыншэщ шум и шыр имеймэ, –
Ар жиIэу щауэщIэр къохъу благъэ, –
Уипхъу дахэр плъагъуну ухуеймэ,
КъыщIэплъэ си щIакIуэм и щIагъым!

# МЕЙ

Гъуэгу Iуфэм щхьэ къуацэу и закъуэу
Гъэ къэскIэ щогъагъэ зы мей,
ГъуэгурыкIуэу ныблэкIыр ешамэ,
Жыг щIагъым щогъуэлъыр, щожей.

Жьы къепщэм жыг тхьэмпэр Iущащэу
Мейм и мэр хегуашэ хьэуам,
Гъэгъахэр полъэлъыр, щIэращIэу,
Тез мэхъур гъуэгурыкIуэу теуам.

Мей къуацэм гъэмахуэм пыз мэхъур
Къудамэм пыблэблу мы куэд,
Зылъагъур йохъуапсэр мы плъыжьхэм,
Ар бжьыхьэм полъэлъыр, мэкIуэд.

Гъуэгу тетыр а жыгым бгъэдохьэ,
ЩытIыскIэ мыр къещтэ, йодзакъэ,
АрщхьэкIэ ар дыджщи хыфIедзэ,
Мейр къонэ аргуэру и закъуэ.

Уэ жыжьэу сыноплъмэ, удахэщ,
Уэ пхуэди щымыIэ къысфIощI,
Гъунэгъуу уи щэнхэр сэ къасщIэм,
Мым хуэдэу удыджщи, сигу хощI.

## НАСЫП

ЛIэщIыгъуэ псоми сеупщIащ:
Насыпу лъапIэр дэнэ щыIэ?
ЛIэщIыгъуэ псоми къызжаIащ
А фIыгъуэр благъэу ди япэ иту.
ИтIанэ ахэм яжесIащ:
Насыпым щхьэхьу сылъежьэнщ,
Ар спэгъунэгъумэ, къэслъыхъуэнщи,
НысащIэ дахэу лъагъуэ нэхукIэ
Уэрэд хужысIэу сэ къэсшэнщ.
Иужь лIэщIыгъуэм ар идакъым –
И пащIэ фIыщIэм Iэ дилъауэ
Игу илъыр щэхуу къиIуэтащ:
Насып жыхуаIэр уэ зэгъащIэ –
Насып щIэкъуныр – арщ насыпыр.

# НАРТ УЭРЭД

Iэджэ си гъащIэм хущощIэ,
Сыт къыспэщытми сэ сощIэ.
Дахэр, мес, яхьри салъоIэ –
ЛъыкIэ пщIэгъуалэр изоIэ.

Лъэпщ и IэщIагъэщ си афэр,
Сэтэней дахэм и бгъафэм
ЗыгъэпсэхупIэу сохъуапсэ.
СосрыкъуапцIэр зи щIасэр

Сэ бысым гуапэ схуэхъункъым,
Санэ и чейми итыжкъым.
Си шыр алъп лъэпкъщи жэрыщэщ,
Афэ чэтхъахуэр джэрыщIэщ.

Лъэхъуу сэ Iэджэм сатожыр –
Шу пэрыт пажэм псыр пожыр.
ИIэщ щыхупIэ си гъуэгум –
Арщ сэ щIэскъузыр шы сокур.

# КЪАЙСЫН К.  ПАПЩІЭ

Сэ схуэдэу, уэри бгы лъабжьэм
КъыщІэж псы щІыІэм и дежым
Шыбз гуартэ блахумэ, уежажьэу,
Къилъэтырт уи гур пІейтейуэ.

Умейми, шыбэм уахэдэрт,
Къунаным цІахуцІэу зебдзауэ,
Шы лъакъуэм мывэр щІэлъэту,
Шу лъагъуэ бгъузэм зептауэ

Уихьэну бгыщхьэм уехъуапсэрт.
Нэхъ лъагэ пэтми, нэхъ щІыІэщ;
ПщІэркъэ ди къуршхэм я хабзэр,
Мылыщхьэм хуабэ щымыІэ.

СфІэфІт сэри къуацэу си щІакІуэр
Зыдэсхьу бгъэхэр щызгъащтэм.
Бгым дыдэплъейуэ догъакІуэр,
Бгым дыбгъэдэсми игъащІэм.

Мылыджэ щхъуантІэм щхьэщихуу
Зэрехьэ жьыбгъэм уэс пхъашэ.
Уэ пфІэфІт а жьыбгъэр къыпщІихуу
Уитыну бгыщхьэм упашэу.

Умыгъэунэхумэ, нэІуасэ
Къыр лъагъуэр зэикІ хъуххэнкъым,
ХэщІапІэу бгыщхьэм щыхъуапсэм,
ПыІэпІэ и псэр ихуэнкъым.

## БГЫ НЭПКЪЫМ ТЕТ ЖЫГЕЙ

ЖыгыщIэ хьэмэ ар гъужа?
Бгы натIэм тети зы жыгей,
Ар бгым къелъэну щIегъуэжа
КъысфIэщIу, сэри сыдоплъей.

И тахътэм жэщми ар къемых.
Мэз фIыцIэ къуакIэм къыщыкIам
Къипсэлъ макъ щабэр зэхимых,
Мыващхьэм лъагэу ар щыкIау.

Жьы къепщэ псоми ирагъэщI,
Абы лъэбышэ ар къищIащ.
Уэ къехмэ, жыгыр яухъуэнщI,
ИтIани мащIэ къигъэщIа?

Губжьау борэным и гугъащ
Жыгейр нэпкъ лъагэм щхьэщидзын.
Хэт зи къарукIэ къэгугъау
Иджы а жыгым зридзын?

# ПОЭТЫМ ДЕЖ

Ди Iуащхьэмахуэм и напщIэм
Мыл къуапэ щIыIэм къыпыхухэу,
ТкIуэпсхэр чэзукIэ бгы лъащIэм
КъыщIожхэр псышхуэу, хужь дахэу.

Абы хуэзгъадэу мы стихыр
Зырызу псалъэу зэхэслъхьэу,
Поэт ныбжьэгъум пхузотхыр,
Си гуапэт ар къыпIэрыхьэм.

Уэрэд зэрыптхыу уэ уи Iэр
Скъузыныр быдэу сэ сфIэфIщ;
Сэ лъагъуныгъэ пхузиIэщ,
Уи псалъэр – усэр сфIэIэфIщ.

Илъэс зыбжанэм нэхъапэм
Уэ сыбгъэджахэр сохъумэ,
Уи усэ тхылъхэм я напэм
Къару хэплъхьахэм нэгъунэ.

Сэлам узохыр поэтым –
Поэзие лъапIэм бгъэдэтым,
Уэрэдхэр гуакIуэу зыгъэIум,
Зи макъ гум фIэфIу дедаIуэм.

## СЭ СТИХХЭМ ГЪЭРУ САIЫГЪЩ

Къару естауэ усэр си гущIэм
Щотэджри, щхьэхуитыныгъэм щIобэн,
Сыпэмылъэщу си псэр яфыщIу
Дунейм нытохьэ сIэщIокIри.

Зэм усэм хъуаскIэр ягуэшу
Пщыхьэщхьэ пшапэм холыдэ,
Зэм гъыбзэу уэнжакъ Iугъуэншэм,
Жьэгу щIыIэм щоIур ар тхыдэу.

Бгырыс бгъэ хужьу зэм лъагэу
Щоуфэразэ уэгу щхъуантIэм,
Зэм бгыщхьэ щIыIэм щыпагэу
Къызоджэр ахэр макъ жьгъырукIэ.

МылIэжыныгъэм щIэхъуэпсу,
Ауз псы макъым зыпащIыр,
Щхьэхуитыныгъэм хуэусэу,
Бийм и гур ахэм хагъэщIыр.

СоIэтыр усэр сэ Iэщэу,
Абы къытекIуэ щыIэнкъым,
Ахэр зэуапIэм щапIащи,
ПыIэпIэ махуэ лъыхъуэнкъым.

Зэман къытпэкIуэм хэхуами
Усэм и щIыхьыр мащIэнкъым,
МылIэжыныгъэм хуалъхуахэм
Бэныр зыпэплъэр текIуэнкъым.

# «ЩІАЛЭГЪУЭ ЩІЫНАЛЪЭ»

## 1948

---

### ЛЕНИН ЛЪАГЭУ ТЕТЩ

Мес, Ленин Іущыр нэпкъым тету
КъэкІуэн лІэщІыгъуэм Іэр хешие,
Мыбдеж фІыцІэшхуэу бгыр зэхэтми,
КІыфІыгъэм нэхур хеукъуэдие.

Дэ гъуэгу дызытетым къэтлъэбакъуэр
И бжыгъэм махуэу дыхуэмейуэ,
Дэ илъэситхукІэрэ добакъуэ,
Нарт щІыхь зекІуэкІэм я нэхъейуэ.

Шабзалъэм къисхым хуэдэу, усэр
Къызох сигу иным кІэм нэмысу,
Ди илъэситхум план игъэпсым
Хэлъын си гуащІэ сыщІохъуэпсыр.

Лэжьыгъэ инхэм щІыхьыр хэту,
А щІыхьым ди гур къимыуІэ,
Длэжьар зы гъащІэм дежкІэ куэдми,
Мурадым дежкІэ ар мащІэІуэщ.

## СЫКIУЭНТ НЭХЪ ПСЫНЩIЭУ

СыкIуэнт нэхъ псынщIэу схузэфIэкIым –
Мычэму си шыр согъэлъэхъу.
Ныбжьэгъу, уэ фIыкIэ уигу сыкъэкIым,
Си гъуэгу кIыхь хъуну къызэхъуэхъу.

Сэ куэдрэ, куэдрэ сигу къолъадэ
Шы жэр сытесу къэскIухьын,
Ди хэку губгъуэшхуэм сынилъадэу
Зэдэжэм пыIэр яфIэсхьын.

Хэт ейми содэ сэ а пыIэр,
Ухуейми, си щхьэм хуремыхъу,
КIуэфынкъым жыжьэ зи гур щIыIэр –
Шум лъэсыр гъуэгум щыдэмыхъу.

Насып мыухыр зи гуращэр
Махуэл и гъуэгум щыхуэмей,
Псэуну гъащIэ зыхуэфащэр
МувыIэу кIуэхэр аркъудейщ.

Псы уэру лъагъуэ пхызыхынум,
Къарур жэхункIэ имыух.
Си гъащIэ ябгэр щызухынум,
Шы жэр сытесу среух.

## БГЫЩХЬЭ

Пэ къуаншэ бгъэжьхэм я тIысыпIэм
Шы къарэ жэрым сыдихауэ,
Сэ зызогъэщIыр уанэ къуапэм,
Лъэрыгъыр лъапэм пызгъэхуауэ.

Пшагъуэ гуэрэным щIиуфауэ
Бгырыс си къуажэр къуэм къэнащ,
Мы бгыщхьэм дыгъэр удэфауэ
Мыл гъуджэм нуркIэ теуващ.

Бгы къуапэр жыжьэу хэпIиикIыу
Пшэр хышхуэу къуршым къыщIэуащ.
Тенауэ си нэр, гум пымыкIыу
Дахагъэ лъэщым сихьэхуащ.

Хуэмыхуу пшэхэм зыкъаIэтыр,
Iэ щабэу жьыбгъэр толъэщIыхь.
Зэм лъагэ мэхъур, зэм йокIуэтыр,
Уэгъу дыгъэр нуркIэ хопщIыпщIыхь.

Мыл Iувым хуэдэу сытелъадэу
А пшэм сэ шууэ срижэнт,
Ар жысIэу си гум зэ къолъадэ,
А пшэм и щIагъым къуажэ щIэтщ.

Сытетщ си закъуэ сэ бгы задэм.
Сыту удахэ, си хэку нэху.
Ар, уигу хигъахъуэу, сыту уардэ,
Сытеплъэм, си гум зегъэпсэху.

## ГУПСЫСЭ ЛЪАПIЭ

Гупсысэ лъапIэр сигу къихьэху,
ГуфIэгъуэр си гум зи имыкI.
Абы сэ си псэр мис ехьэху,
Ар щэху сэ сщIыни зи слъэмыкI.
Сэ кIыхьми кIэщIми гъащIэ псом
А фIыгъуэр си гум щысхъумэнщ,
КъэкIуэн лIэщIыгъуэм цIыху щыпсэум
Си напщIэ телъым гу лъитэнщ.
ЛIэщIыгъуэ уардэу ди дунейм
Мис ар поэту щыпсэуащ, –
ЖиIэнщ ар хэти сытым деи,
Си усэм къеджэу щымыуам.

## ЗЭКЪУЭШИТI

*Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.*
*(А д ы г э п с а л ъ э ж ь щ)*

Топауэр уэгум иувауэ
Уафэгу IунэщIыр ягъэзджыздж,
Ди самолетхэр бийм теуауэ
БыдапIэр бомбэм иравыкI.

Зым зыр кIэлъыкIуэу, къру хабзэу,
Пшэм хэту щIыгур зэпаплъыхь,
Жыласэ щIыкIэу, бийм хуагъазэу
Шэ плъыжь Iэрамэр къырапхъых.

Окопэм ису ди сэлэтхэр
Хьэуам щызауэм хуоуэр Iэгу:
«Фахэуэ, къуэшхэ, а нэлатхэм,
ЩIэвгъэкI лIэныгъэр бийм я нэгу».

Абдеж, мафIаер къыщIэнауэ,
Зы самолетым къелъэтыхь,
Иса лIыхъужьыр, мес, къелъауэ
И парашютыр пшэм хехухь.

А щIалэр къохьэ уэгум псынщIэу,
Жьыбгъэшхуэм ехьыр бийм я дей.
«Ей, бетэмалу жьы мыхъумыщIэ,
Дэ тщыщщ а щIалэр, къэхь ди дей!» –

Ар жаIэу, месыр, ди сэлэтхэр
Гузавэу плъэхэрт, Iэ ныхуащIт.
Алъхъо и гупым ягу къилъэту
Я топыр бийхэм занщIэ хуащI.

Дакъикъэ закъуэр гъащIэ мардэу
Къелъащ а щIалэр бийм пэблагъэу,
Ар гъэр ящIыныр я мураду,
Къежьат нэмыцэр гумызагъэу.

«Топышэр бийхэм ятефкIутэ»! –
Алъхъо ар жиIэу ину джащ.
Абдеж бий гъуэгум къыщыкъутэу,
Топ мафIэ блыныр дгъэуващ.

Я хъуреягъкIэ щIыр къилъэлъу
Абы а щIалэм гу лъатауэ,
Ди дейкIэ къэпщырт Iэр гуэлэлу,
А Iэр биишэм икъутауэ.

Топауэр зэуэм фIыу хуагъазэт, –
Нэмыцэм щIалэр яубыдын
ЛъэмыкIыу щылъхэт замыгъазэу,
Яхуэхъут топышэр бийм удын.

Бий пащхьэм иту мафIэ блыныр
Мо лётчик къэпщым къыдокIуатэ,
УIэгъэт ари, мис къэпщыныр
ЛъэмыкIыу губгъуэм ар йокIуадэ.

Алъхъом а щIалэм гу лъитауэ,
Ар зыдэщылъым псынщIэу мэпщ,
Къуэ зэв екIуэкIым зритауэ
Емышу макIуэ – щIалэ лъэщщ.

Нэмыцэм я шэр къытолъалъэ,
АрщхьэкIэ хахуэр пхуэшынэн?
Нэсащ. УIэгъэм ар йолIалIэ –
ЗауэлI зауэлIыр къигъэнэн?

БлэгущIэм щIэлъу ар къелъэфыр,
КIуэдыпIэм щIалэр кърихащ.
«Ухэт… сэ дэнэ… сыздэплъэфыр?» –
УIэгъэр хуэму къеупщIащ.

«Ар Iуэхукъым, иIэт дыгъэпIащIэт,
БжесIэнкъэ псори, зэ ди дей…
Къэнар уэ плъагъурэ? Мис зы мащIэщ…
Сащыщщ… сэ си псэ Къэбэрдейм…

Дызэшщ, зы хэкум дэ дипIауэ», –
Алъхъо жэуапу ар итащ.
А махуэ гугъум щыщIэдзауэ
А тIум къуэшыгъэр къыздащтащ.

## ЩХЬЭГЪУБЖЭ НЭХУ

Ежьат и щIалэр жэщ ныкъуэм
ИмыгъэуфIынкIыу уэздыгъэр:
Фызыжь щхьэ закъуэм игу ныкъуэу,
Лэгъунэм щIэсу игу щыгъуэт.

Илъэсым махуэр ныхэщIми,
ФIыр зыхуэфащэу а анэм
ЗэуакIуэ гъуэгур кIыхь-кIэщIми
Къызэрипщытэр штык пцIанэт.

И щIалэр Iугъуэм ныпхыплъми,
Жэщ щIакIуэ фIыцIэм и кIапэр
И тепIэн закъуэу щIым щылъми –
КъыфIощI лъэIэсу нэху гуапэр.

«Гъуэгу нэхум тетщи си щIалэр,
Сэ кIыфI згъэхъункъым и пэшыр», –
Ар жиIэу жэщкIэ егъаблэ
Уэздыгъэр анэм мызэшу.

БлэкIащ зэману зы гъащIэ,
Поплъэ фызыжьыр а хьэщIэм,
Щхьэгъубжэ дазэм нэху мащIэр
Къыдедз иджыри пщыхьэщхьэм.

# НЫП

Бийм зишхыхьыжырт, къэгубжьат,
Зытес лъагапIэм зи темыкIт,
ПщIэнтIэпсыр ди нэм къыщIэбжьат,
Бий бзаджэм тщыщи тхиукIыкIт.

Дэ нып диIатэм, ди къарур
Нэхъыбэ хъунти дытекIуэнт,
Ар жытIэу Iугъуэм дыпхырут,
ДыкIуатэт хуэму – бийр нэхъ куэдт.

УIэгъэу щылъым ар зэхех,
Абы и бгъэгум шэ техуащ.
ИтIани джанэр къызыщех,
Абы мыр жиIэу зэхахащ:

«Лъы защIэщ джанэр – хъунщ бэракъ,
А си лъыр мафIэу ирелыд,
Бийр лъэщми фыкIуэ, фыхуэсакъ,
Фи гъусэу фхэтым сэ сефлъыт».

Сэлэт нэхъ хахуэм иIэтау
Зауаем ныпыр къыщыпщIыпщIт,
МуфIынкIыу мафIэу къэлыдау
Гъуэгу хьэлъэр псынщIэ дэ къытщищIт.

Бийм и быдапIэр къытетхауэ
Нып плъыжьыр Iуащхьэм щыхэттIат.
Ди пыIэ псыфыр щхьэрытхауэ
Сэлам зэтхыжырт, дыпщIэнтIат.

Бгъэдэтт а ныпым зы сэлэт,
Бий хьэдэр губгъуэм икъухьат.
Ди ныпым Сталин и сурэт
Абдеж дымыщIэу къытехъуащ.

ДгъэщIагъуэу деплъырт а къэхъуам,
ЗауэлI ди гъусэм мыр жиIащ:
«Сэлэту зилъкIэ нып итIам
Игу илъыр щэкIым къытехъуащ».

## БОРЭН

Борэн кIыфIыр къыкъуэкIауэ
Уэсыр мэзым щеухуэнщI,
Мазэм и фэри пыкIауэ
Къуапэр пIийми, и кур нэщIщ.

Ауэ пшагъуэм бащлъыкъ гъуэжькIэ
Мазэр пIащIэу щIеуфэж,
Дыгъужь щхъуэжьыр гъуэм щыкIуэжкIэ
ИщI лъэужьыр жьым третхъуэж.

ХьэIуцыдзым ядэкъугъыу,
Жьыбгъэ макъыр бгыщхьэм итщ,
Уэс хужь щIакIуэр жыгым щыгъыу,
Зигъэщхъауэ сэнтхым тетщ.

– Жьыбгъэ, жьыбгъэ, жьыбгъэ гуащIэ,
Щхьэ ныщхьэбэ уета?
Бжей жыг лъэщхэр хыбогъащIэ,
Бгы бгъуэнщIагъхэри пкудащ.

– Сэ нышхьэбэ, – жеIэр жьыбгъэм, –
Бийм я хьэдэр щIызолъхьэж,
Бын текIуахэм яIэ лIыгъэр
ЩIыр къэскIухьу соIуэтэж.

## АНЭМ И ПЩІЫХЬЭПІЭ

И щIалэр зекIуэ, мис, къикIыжри
Жьэгу пащхьэ мафIэм деж тIысащ,
Зэм IэплIэ хуещIыр, зэм IуокIыжыр,
КъыфIощIыр зэми гузэсау.

Зэм щIалэр благъуэм ныхуэзауэ,
Шабзэшэр тажым пхылъэтащ.
ИтIани зауэрт и къуэр, зауэрт,
Ар бийм текIуэным къыхуалъхуащ.

Зэ уэгъуэм щхьиблыр пиупщIауэ,
Бийм и лъым бахъэу къыхэкIам
Жэщныкъуэм мазэр щIахъумауэ,
Аргуэру плъыжьу къыщIэкIат.

Мо хахуэр зи къуэм мис а махуэм
ЦIыху псори гуфIэу хъуэхъу хужаIэ,
У-Сэтэнейкъэ, – жаIэр, – нахуэу,
Нур плъыжьым къуршхэри ираIэ.

Мис и къуэр. Афэм нур хэщIауэ
И тажыр мазэм ныполыд,
Бий щхьиблу щIалэм пиупщIахэм
И бжыгъэу вагъуэ бгъэм щолыд.

ПщIыхьэпIэм хэтыр езэшауэ
Къоуш. ЛIы гуэри къыщхьэщытщ,
Ар плъэмэ – и къуэр къэкIуэжауэ
Вагъуиблу хэлъым дыщи хэтщ.

КъыфIощI фызыжьым ар пщIыхьэпIэу,
ЩIохъуэпс аргуэру жеижын,
И гугъу умыщIыт, щIалэ щхьэпэ,
Къэнар куэдыжкъым – къэушынщ.

## ТАУРЫХЪ

Бийм зэрипхъуащи уи унэр, –
Анэм ар жеIэ, – си щIалэ,
УщыспIа жьэгур мафIэншэщ,
Шэс зумыIэжьэу пщIэгъуалэм,

Хуумыгъэгъуныр тхьэрыIуэу.
ЩIалэр шы жэрым мэшэсыр,
Фашист къилъыхъуэу зауэлIыр
Бийм и щIыналъэм лъоIэсыр.

Пшагъуэм аузхэр якудэ,
Мэзхэм похужыр жыг пщIащэр.
«КъыIэщIэсхауэ бийм Iэщэр
Илъщ си IэмыщIэм и гъащIэр», –

ЖиIэу ар щIалэм къеIуэхур.
«Жейм Iурихамэ сэлэтыр,
Къещтэ сабийми бий Iэщэр», –
Анэм жэуапу ар етыр.

ЩIалэм къеIуэхур аргуэру:
«Гуауэ зыгуэшым и нэпсыр
МафIэм пэпщIыпщIу, бий унэр
СеувэлIауэ согъэсыр».

«Апхуэдэ Iуэхур цIыхубзми
ХузэфIэкIыну си гугъэщ», –
ЖиIэу еIуэхур и анэм,
НэгъуэщI хъыбаркIэ ар гугъэу.

ИтIанэ щIалэр къокIуэжыр,
Арэзыныгъэр игу илъу.
Бийм и щхьэр анэм къыхуехьыр,
И бащлъыкъ фIыщIэм кIуэцIылъу.

БжэIупэм дежым щхьэр щIитIэу
Анэм къепсэлъыр мыпхуэдэу:
«ЕкIэ къытхуэкIуэр нэхъапэ
Псэууэ трехьэ и хьэдэм».

## СИ АНЭМ

Си гъунэгъуу къакIуи уэ къэтIысыт,
Къащтэ дзасэр, лыпцIэр сэ згъэжьэнщ,
Мис си дамэм вагъуэу тху щонэхур,
Кремль вагъуэм ар я къуэшщ, уэ пщIэм.

Жьыбгъэм уэсыр пщIантIэм къыдекIутэ,
Нобэ махуэм ещхьти сыщежьар,
Сэ къысфIощIыр ар дыгъуасэ хуэдэу,
ИлъэсиплIкIэ нобэм упэплъащ.

Уи псэлъэкIэу жыIэт «а си дотэ»,
Гуауэ псори хъуащ иджы IэщIыб,
ЩIы тхьэлъэIуи, уеблэм нобэ содэ,
Сэлэт хабзэу фляжкэм дегъэIуб.

Ефэ, ди анэ, уэ ипфащ нэхъ гуащIэ –
Гуауэ Iэджэм уи щхьэр хужь ящIащ,
Ефэ, уи къуэу къэкIуэжами папщIэ,
Куэди нэпсу щэхуу уэ плъэщIар.

# УНЭЩIЭ

Уи къуэр, ди адэ, уимыIэжми,
Уэ ущыткъым лIыжь щхьэ закъуэу,
Уигу лэжьыгъэм къыхудэжу
Iуэхум уэри зыщIогъакъуэ.
Хэлъи хуэдэщ уи гум мафIэ.
– Унэ щIэуэ пхуедгъэщIыну
Ди колхозым и унафэщ,
Дэ тхэщIынур абы папщIэ
МащIэ дыдэщ, – жиIэрт Машэ.
ЗэщIеукIэр лIыжьым напщIэр,
Набдзэ тхъуахэр ищIу къуаншэ.
– А гулъытэм папщIэ фIыщIэр
Ди колхозым и Iэтащхьэу
Уэрщ зыхуэсщIыр, шынэхъыщIэ,
ЩыкIуэдынкъым ар си пащхьэ.
Фэ си унэ фыпымылъыт,
Бийм къелакъым ди псэуалъэр,
А фщIыжыну къыфпэщылъыр
Арщ зимыIэр нобэ пIалъэ, –
Батэ жиIэрт игу мызагъэу,
ЕщIэр къуажэр зыхуэныкъуэр.
Аурэ гъатхэри къоблагъэ,
Батэ макIуэ ди Дзэлыкъуэ.
Унэр мыдкIэ ящIыр пIащIэу,
Бжэ-щхьэгъубжэр дахэщ, къабзэщ,
И щхьэм жэщкIи тесхэщ пхъащIэр,
Уэгум лъагэу иту мазэр.
Батэ лIыжьым мес и щIапIэм
ПлIимэу хужьу унэ щащIыр,
И кум дежым шей ефIапIэм
И блын псори абджыпс защIэщ.
Бжьыхьэр къосыр щIыIэтыIэу.
И фызыжьым тIэкIу хуэзэшу,
Гъуэгу зытетым темыпыIэу,
Батэ лIыжьым къегъэзэжыр,
Куэбжэм дежым къоувыIэ.
– Зы бжьэ закъуэ дгъэкIуэщIами,
Тхьэ дыгъыIэ, чэф димыIэ,
Е сыжейрэ сыIурихауэ?.. –
ЖиIэу Батэ мэгушыIэ, –

Мыр ди пщIантIэщ, мыр и гъунэщ…
Мы сэ слъагъур сыт зищIысыр?
Хьэуэ, мыркъым дэ ди унэр… –
АдкIэ щIэсхэщ Машэ сымэ,
Мэдыхьэшххэр Батэ къеплъу,
Йофэр ахэр ху махъсымэ,
Шхынхэр куэду Iэнэм телъу,
ТIэкIурэ Машэ зиIэжьауэ
ЖеIэр лIыжьым къыпежьауэ:
– Уэ дыппоплъэ нобэ махуэм,
Къытхуеблагъэ, ди тхьэмадэ,
КъыщIуухьэ лъапэ махуэ,
Мыр уи унэщ, мыр уи хадэщ.

# УЭРЭД

Бжьыхьэ жэпым дыгъэр тепсэм,
Ар уэсэпсу мэкIуэдыж,
ФIыуэ слъагъум
СыIуплъамэ,
Си гукъеуэр сщхьэщокIыж.

МыIэрысэм
Игъуэ мыхъуу
И мэ IэфIыр къыпимых.
Лъагъуныгъэр
Гум нэсакъым,
ЖыпIэу си псэр къыIуумых.

Сызыпылъым
И щхьэц фIыцIэр
ЛъэныкъуитIкIэ еухуэн.
А хъыджэбзыр
КъыздэмыкIуэм,
Си гум дауэ ар техуэн.

Колхоз пхъащIэм
Унэ схуащIу
Бгыкъухэр дахэу яухъуэнщI.
Си лэгъунэр
Зэраухыу
ЛIыкIуэ уядэм сэ хуэзгъэщI.

Я нэхъ лъагэр
Iуащхьэмахуэщ,
ЩIэгъэкъуэни ар хуэмей.
Уэ узиIэм,
НэгъуэщI фIыгъуэ
Сыщыхуейкъым мы дунейм.

## ХЪЫДЖЭБЗ ШОФЕР

Пшагъуэм макъи пхымыкIыфу
Ауз гъуэгур бгым и щIагъщ,
Зы Iулъхьэгъуи а жэщ кIыфIым
Бгъэ анэжьми имылъагъу.

Жыжьэу лъэгум зэралъэкIкIэ
Псы толькъунхэм зызэрадз,
Машинэбэр щызэблэкIкIэ,
Нурхэр гъуэгум щызэбладз.

Ахэм хэту набдзэ къуаншэу
Сэ соцIыхур зы хъыджэбз,
Ауз гъуэгуу нэшэкъашэм
А жэщ кIыфIыр нуркIэ щебз.

Нэ фIыц IитIыр вагъуэу маблэ,
Iит IкIэ быдэу руль иIыгъщ,
Жану и гур жыжьэ маплъэ,
ЩIалэ къеплъыр къыщогугъ.

ЕуэкIыпIэм щымышынэу
А хъыджэбзым, мес, къежыхь,
Адыгэпхъур исщ машинэм,
И лэжьыгъэм пылъу щIыхь.

# МЭКЪУАУЭ

Къру щIыкIэу, зэлъэужьу
Мэкъу пыдупщIу бгым дыкъох,
Жьыбгъэр къепщэм, гум зиужьу
Аргъынэшхуэр ныIудох.

Си шэмэджыр щIилъыкIауэ
Дыгъэ нурыр толыдыкI,
Сэ си мыгъуэр сигу къэкIауэ
И псалъафэр сигу имыкI.

Дэтхьеяуэ джанэ Iэщхьэр
Ди шэмэджыр удзым пхолъ,
Ди Iэщ фермэм и Iэтащхьэу
Хъыджэбз ябгэр къыткIэлъоплъ.

Гъэ икIари псом ялейти
Iэщым мэкъур ямэщIат,
Абы папщIэ фермэм тетым
Си гур ину хигъэщIат.

КъыздэкIуэну къызжиIати,
Мэкъум папщIэ къигъэнащ,
Ар си жагъуэ сэри хъуати,
Псалъэ быдэ сэ естащ.

Мэкъум папщIэ къремынэ:
Уи Iэщ псоми загъэнщIынщ,
ЩIымахуищкIэ зрикъунур
Мы гъэ закъуэм пызупщIынщ.

## МЭЛ ГУАРТЭ

Дэджэхъуу пашэр япэ иту
Мэл гуартэр къохыр хъупIэ лъагэм,
И щIакIуэ фIыцIэр щыгъыу хуиту,
Мэлыхъуэр мэлым иропагэ.

Пшэ фIыцIэ хьэлъэм щIыр щIиуфэу
КъыпфIощI, мэл хъушэм уэ уахэплъэм,
А псор зыхъумэр месыр гуфIэу
Уэрэду жеIэ и гум хэлъыр.

Ди щIыгу мыпхуэдэу мэл щыбагъуэу
Плъэгъуа уи гъащIэм уэ зы махуэ?
Хэт къеплъу щытми ягъэщIагъуэ,
А псор колхозым хузэрахуэ.

Бий ябгэм ди щIыр къыщибгынэм,
Мэлищт къэнари, ар ди жагъуэт,
Иджы хъуэпсэгъуэм иIэ гъунэ?
Хъерышхуэу Iэщыр мес мэбагъуэ.

# МАКІУЭ ЩІАЛЭР АУЗ ГЪУЭГУКІЭ

МакIуэ щIалэр, жыжьэ къокIыр,
МакIуэ, макIуэ, къемыплъэкI,
Iэджэ щIалэм и гум къокIыр –
И къуажэжьыр хъуащ зэгъуэкI.

Жьауэ ещIыр упщIэ пыIэм,
И хъуржыныр щIыбым илъщ.
Гъуэгу зытетым темыпыIэ –
ЛэжьыгъэщIэ къыпэщылъщ.

Мис а щIалэр рудокопу
Пятилеткэм хуэхъум фIэфIщ,
– Скъутэ мывэр къауэу топу
Ар си дежкIэ IэщIагъэфIщ. –

ЖиIэу щIалэр мэгупсысэ,
IэщIагъэщIэм нэр къыхуокI;
Гъуэгухэм нэпкъыр ящIыр кусэ,
Грузовикхэр щызэблокI.

Бгыщхьэ натIэхэр зэлъауэ
Псыр щошхыдэ ди ауз.
МакIуэ щIалэр, зэщIэплъауэ,
Бгыщхьэ къалэу Тырныауз.

## СИ ДЫГЪЭ

Дыщэ пащIэр пшэм щIигъакъуэу
Бгы къуапэшхуэм ящхьэщохьэ,
Ич лъэбакъуэм ар хуэсакъыу,
Къуршыжь щIыбым дыгъэр къуохьэ.

Тлъагъужынкъым дыгъэр, жиIэу
Хэт гузавэр мы дунейм?
Дэрщ а нурыр дыгъэм щIиIэр –
Щынщ аргуэру нэху пщэдей.

ФIыуэ слъагъур зэ укIуэдми,
Уэ аргуэру къэбгъэзэнщ.
Узмылъагъуу дэкIыр куэдми,
Сэ аргуэру сыпхуэзэнщ.

Уэ сэр папщIэ угубжьами,
Си псэр гукIэ къыболъыхъур,
Мис аракъэ, уэ уежьами,
Ныкъуэ си гур зэи щIэмыхъур.

# ПСЫНЭ

Псынэ къабзэр къикъуэлъыкIыу
Мывэжь щIагъым къыщIекIыкI,
Толъкъун щIыIэм хэпIэнкIыкIыу
Псы ткIуэпс нэхур холъэтыкI.

Щэхуу псыпэр мэIущащэ,
И шкIур макъым бгыр щIодэIу,
Псыр хуит хъуным ныхуэпIащIэу
Нэпкъым елъэм – макъ егъэIу.

Удз гъэгъахэри къищыпу,
Убзэрабзэу махуэ къэс,
Псынэ щIыIэм нэху мыщыпэу
Псыхьэ къокIуэ зы хъыджэбз.

Нэбжьыц фIыцIэм ар къыпхыплъым,
И нэм мафIэр къыщохъуэпскI,
Псэ зыIути къытемыплъэу
Псынэ щIыIэм зыщегъэпскI.

Сыт псы мылым нэхущ щIыIэм
А хъыджэбзым щигъуэтар?
Псым сеупщIу ар щыжесIэм,
Мырщ жэуапу къызитар:

– Ар зыпылъым хуэгубжьауэ
А хъыбарыр хъуащ хэIущIыIу,
Мис хъыджэбзыр къытехьауэ
Лъагъуныгъэр егъэупщIыIу.

## УИ ПСАЛЪЭ

КъызжепIэ псалъэр сэркIэ ткIыбжьми,
СыпщогугуфIыкIыр, скъузмэ уи Iэр,
Сэ сигу пхуэмыфIу сыпхуэгубжьми,
Сыт щыгъуи дахэщ сэ пхузиIэр.

Сигу Iейуэ, слъагъумэ нэ фIыцIэшхуэр,
Си губжьыр фIыкIэ зызохъуэкIыр,
Гум щIыхьэу сыгъми сыдыхьэшхми,
Зы нэпсщ тIум щыгъуи нэм къыщIэкIыр.

# «ПАРТЫР ДИ ПАШЭУ»

1953

---

## ПАРТЫР ДИ ПАШЭУ

ДыздэкIуэ махуэм ноIусыр
Ди Iэуэлъауэр – ди макъыр,
ЗэщIодэIукIыр къытпэплъэу,
Лъэбакъуэу тчыхэм къыпэплъэу.

Абы ди нэхур лъоIэсыр,
Дэ къытщIохъуэпсыр а махуэр.
Ди гуащIэдэкIыр етхьэлIэу,
ДырокIуэ лъэпкъхэр гъуэгу захуэм.

– Хэт а гъуэгу кIыхьыр зыщIыхур,
Гугъуехь фыхуэзэм зэпыфчу,
Къарууэ фиIэр зы фщIауэ,
Лъэбакъуэ леикI фымычу,

Фыкъихуэу пIалъэм фэ япэ,
Фыкъэзышахэр? – къыджаIэм,
ЯрещIэ псоми жэуапыр:
«Партыр ди пашэу», – жытIэнущ.

Махуэ къэкIуэнум и лъагъуэм
Щымыуэжыну щыгъуазэу,
ДиIэщ ар адэ Iущышхуэу,
Зэшыбэ лъэпкъхэм ди гъуазэу.

ЕщIэр партым гъуэгу и пIалъэ,
Махуэ къакIуэри елъагъур,
Дяпэ иту жыжьэ маплъэ –
Арщ ар пашэу дэ щIыдиIэр.

## ВАГЪУЭ

СыщыцIыкIум сэ къызжаIэрт:
Лъэпкъыу щыIэм цIыху къащIэхъуэм
Вагъуэу зырызыххэ яIэщ,
Ар ижамэ зейр унэхъуу.

Имыжыну икIи наIуэу
Къыхэсхыну сеплъырт вагъуэм,
ПщIэну щыткъым ар, къызжаIэм –
СемыдаIуэу хъурт си жагъуэ.

А си махуэр гуапэу, уэфIу
Сабиигъуэр екIуэкIакъэ,
Мис а махуэр уэрэд IэфIу
ЗызмыгъэнщIу гум къинакъэ.

Нобэ си гум иIэ гуащIэр
Лэжьыгъэшхуэм сэ хэзмых.
Гъатхэ гъуэгум сыхуэпIащIэу,
Уанэр си шым къытезмых.

Псыхъуэ иным хы щытщIынум
Нобэ кхъухьыр дэ худощI,
Дэ лэжьэнкIи зыдгъэнщIыну?
МащIэу нормэр дэ къытфIощI.

Дэ природэм доIэзащIэ –
Къыдогъуэтыр и щыуапIэр,
Мэз тетыну зыхуэфащэм,
Мэз хыдосэ е дыгъапIэм

Псыр догъажэ, псыр щымащIэм.
Дыгъэ дыдэр емэщIэкIым,
Хыдолъхьэфыр хуабэр гъащIэм –
КIэ имыIэ тхузэфIэкIым.

Хъер и гъуэгуу щIым щытщIынум
Псышхуэ къехыр хуIудощIэ.
Зиунагъуэбжэ хуэзыщIынур
Зауэм щIэкъурщ – бий ар дощIыр.

ФIыгъуэ гъуэгур дигъэлъагъуу
Кремлу лъэщым и щхьэ лъагэм
НаIуэу, дахэу теткъэ вагъуэ –
ФIым хущIэкъур ирипагэу.

Нур итыныр щимыгъэту,
И дахагъэр ягъэщIагъуэу,
СыщыцIыкIум сымыгъуэту
Къэзгъуэтауэ арщ си вагъуэр.

## ПШЭ АДРЫЩIЫМ ЩЫПСЭУ ЦIЫХУХЭР

Гъуэгу дежьэхукIэ дэ игъащIэм,
УэфI, уэлбанэр къыщцыхъунур
Уафэм доплъри зыдогъащIэ.
Ауэ пщIэрэ уэ нэгъуэщIхэр,
Дэмыплъейуэ, щIым къеплъыхыу,
Я нэгъуджэр тIэкIу ялъэщIрэ
Сыт къэхъунуми псынщIэу къащIэу?

Пшэ гуэрэныр щIым тегъуалъхьэу
Бгъэшхуэр уэгум щофэразэр,
Бгыщхьэм зэми ар щогъуалъхьэ,
Хэт апхуэдэр зыгъэщIагъуэр?
Ауэ цIыхухэр уэгум иту
Уэшхым къоплъыр, къоплъыр пшагъуэм,
Хэт апхуэдэр зылъэгъуари –
Пшэр ищIагъыу уафэр гъуагъуэу?

Колхоз губгъуэм бэр щолажьэ,
Гъавэ бэвыр я Iэрылъхьэщ,
Итщ нартыхур, хуэдэу мажьэм,
Сатыр дахэу зэбгъурыту.
Пшэ адрыщIым бгы щакъутэу
Плъагъуххакъэ уэ уи гъащIэм?
Ахэм псори бгыр къапщытэ,
ФIыгъуэу щыIэр ахэм ящIэ.

Бгым и къуапэм къуэту къалэр
Уафэ щхъуантIэм иболъагъуэ,
Бгъэшхуэм хуэдэу цIыху щылажьэр
Хэт илъагъуми егъэщIагъуэ.
Хъер къыщIахыр ахэм бгыщхьэм,
Уэ а щIыпIэм кIуэи зы махуэм
Щыплъагъунущ гъатхэр, бжьыхьэр,
Уеблэм хэту зы гъэмахуэ.

Бгы щыгу дыдэм, пшэм адрыщIкIэ
А цIыху лъэщхэр бгым дэкIауэ,
Гъуэгу дашауэ къуршым адкIэ,
Щытщ я къалэр бгым щащIауэ,

Мэхъу машинэм уису укIуэ.
Пшэ адрыщIыр зи лэжьапIэр
Бгъэшхуэм хуэдэу лъэщхэщ, хахуэщ,
ХьэщIэ кIуэми ягъэлъапIэ.

Пшэ адрыщIым цIыху щыпсэухэр,
ЖытIэу псоми дэ дгъэщIагъуэу,
ГъущIым хуэдэу быдэ защIэу,
ЩIым къехауи зэм уолъагъур.
Мес, щIыхь ныпыр ныхуэпIащIэу
Уэгум яхьу сэ солъагъур.
Телъщи ахэр дэ ди напщIэм,
ЩIыхьу яIэм дыхуосакъыр.

# УЩИЕ

Жьым ихь пшэхэр бгым нэсауэ
Бжьыхьэ дыгъэр къахолыдэ,
Дзэм кIуэ щIалэр шым шэсауэ
Адэ псалъэр зыхеубыдэ.

Анэм ещIэ къуэр жыIэщIэм
Зыдынэсыр иIэ фIыщIэр,
Адэм ещIэ къуэм гухэлъу
И щIалэгъуэм зыхуэпIащIэр,
Ауэ щIалэм лIыгъэу хэлъыр
ГугъуехьыпIэщ къозыгъащIэр.

ЛIыжьым жеIэ и къуэм папщIэ:
Хэку пхъумэну уэ уагъакIуэ,
БжесIэр быдэу уэ зэгъащIэ.
Щыт сыт щыгъуи щIалэ пакIуэу,
Бийр къоIамэ, занщIэрыуэу
Коммунисту уэ шэрыуэ.

Ди гуращэу псом нэхъ лъапIэр
ЛIыгъэ пхэлъу уэ тхуэхъумэ,
Хьер хэхъуапIэм и зы къуапи
Бий темыплъэу ар щыхъумэ,
Iуэхуу плъагъур уэркIэ IупщIу,
Коммунисту щыт уэ Iущу.

Ди насыпым и хъумакIуэу
ФIыщIэ уиIэу уэ уагъакIуэ,
Мис а фIыщIэр уэ гъэбагъуэ,
УтемыкIыу а ди лъагъуэм.
Коммунистхэм хуэдэ къабзэу,
Iуэху зепхьэфу уэ зыгъасэ.

# ПСЫКЪЕЛЪЭ

Бгы къуапэшхуэм фIэлъщ мыл щIакIуэр,
Я щхьэ лъагэр пшэм япхъуатэ.
Псы къащIэжыр занщIэу макIуэ,
Бгы дурэшым дэмыкIуадэу.

Мывэ хуэзэм къимыгъэшу,
Ар бгы уардэм къолъэ занщIэу,
Батэкъутэр къуэм щигъэшу
Къолъэ, щIылъэм къыхуэпIащIэу.

Зы ткIуэпс закъуи фIэмыкIуэду,
Нэр псы псынщIэм темыпыIэу,
Мывэ кхъуафэр топым хуэдэу
КъокI топышэу мылыпс щIыIэр.

Соплъ а дахэр сэ згъэщIагъуэу,
Изогъэщхьыр ар жыр къалэм,
А псыкъелъэм и лъэщагъыр
Сэ си усэм арт хэлъамэ.

Хъунт си Iэщэр нэхъри лъапIэ,
Ныпу схъумэр мамырыгъэу.
Арщ сэ ноби си хъуэпсапIэр,
Iэщэ лъэщи арщ щIэсIыгъыр.

## ФЫКЪЕБЛАГЪЭ, ХЬЭЩІЭ

Пшэхэр телъу уафэ лъащIэм
Колхоз губгъуэм гъуэгур пхокI,
Налшык кIуэуэ а гъуэгу занщIэм
Машинэбэр щызэблокI.

ЛъэпкъкIэ ахэр зырызыххэу
Хэкум къохьэр хьэщIэ куэд,
Сэлам гуапэ къыдэзыхым
ФIыщIэу иIэр тщымыкIуэд.

Хэт и пщIантIи къыдэлъадэ,
Ди хэку хьэщIэ мыпудын,
Ди нэхъыжьу ди тхьэмадэм
ХьэщIэм уи Iэр иубыдынщ.

Уэ сыт бзэкIэ упсэлъами,
ТщIыркъым дэ лъэпкъ зэхэгъэж;
Уи нэр фIыкIэ къыдэплъамэ,
Гурылъ къабзэр догъэпэж.

Дэ ди хэкур сыткIи дэгъуэщ,
Лъагъуныгъэр догъэпэж.
Зэгъэлъагъуи ди гуфIэгъуэр,
Уи хэку лъапIэм щыIуэтэж.

Зэ укъакIуэу ухьэщIамэ,
Уигу идэнкъым дубгынэн,
Ныбжьэгъугъэ гур щыщIамэ,
Налшык гъуэгукIэ къэбгъэзэнщ.

## ЕГЪЭДЖАКІУЭ

КъигъэщІакъым Лацэ мащІэ –
Илъэс хыщІым щхьэпрокІ.
Ар жьы хъуауи къимылъытэу
Куэд фызыжьым хузэфІокІ.

Мес, хъыджэбзхэм къадокІуэкІыр,
Жэм къэшыкІэ яригъащІэу,
Фермэм тесу ирехьэкІыр.
Жансурэту я нэхъыщІэм

ДежкІэ Лацэ егъэджакІуэу
Гъэр икІыхукІэ кІэлъыплъакъэ,
А хъыджэбзым, псоми текІуэу,
Жэм къэшыкІэм гу лъитакъэ.

АпщІондэхукІэ а жэм фермэм
Электричествэр нагъэсыр,
Жэм къырашу Іэмэпсымэр
Лацэ сыми ялъоІэсыр.

Жансурэти къэсыжауэ,
Жэм къэшыкІэ иригъащІэу
ЕгъэджакІуэр ирегъаджэ.
ЖеІэ Лаци хуэгумащІэу:

– ЗэзыгъащІэхэм зымыщІэ
Хохъуэ жаІэ яІэ гъащІэм.
Си жэм шыкІэр икІэ хъуами,
Жэм шыкІэщІэ зызогъащІэ.

## КЪУЭ

Къуэ къысхуалъхуауэ сэ согуфIэ,
Ирехъу а цIыкIур акъылыфIэ,
Лэжьыгъэ инкIэ хъум цIэрыIуэ
НэгъуэщI а щIалэм сэ тезмыIуэ.

Сыт цIэ фIэтщыну? – псоми жытIэу
Дэ дочэнджащэ, догушыIэ.
Сыт цIэ фIэтщыну? – сэ соупщIыр
ФIы зигу къысхуилъу сэ къысфIэщIым.

ЩIэныгъэ зиIэм и цIэджэгъу
Ар пщIыми содэ, си ныбжьэгъу.
Дзэ зезышэфу тезыгъакIуэм
И цIэр фIэфщыныркъэ тевгъакIуэр?

НэхъыфI цIыху Iущым и цIэджэгъум?
Сэ ари содэр, къевгъэзэгъым.
Ирехъу IуэхуфIхэм ар щыгъуазэ,
Зи ужь ар ихьэм къимыгъазэу.

КъеупщIу псори цIыкIум ядэм
ЦIэрыIуэм я цIэм ар хагъадэ,
Зэхэту псори мэгупсысэ,
НэхъыфIкIэ хэти къыхуэупсэу.

Абдеж адэшхуэр, мес, къопсалъэ:
– Насып дэгуашэу ди щIыналъэм
Ар къыщцыхъуну сэ сохъуахъуэ,
И щIыхь ди хэкум къыхигъахъуэу.

И адэ-анэр игъэгуфIэу,
ЛIыгъэфIкIэ хэкур игъэбжьыфIэу
Ар къэхъумэ, псоми дэ ди гуапэщ.
Аращ си хъуэхъум и нэхъапэр.

Сыт цIэуэ фIэфщми хэт зымыдэр,
АрщхьэкIэ фи гум ивубыдэ –
ЦIэрыIуэ хъунущ IэкIуэлъакIуэу
Ар, ди къэкIуэнум и ухуакIуэм.

А цIыкIум куэди фэ тевмыIуэ,
ЦIэ лъапIэ фIэфщми, ар цIэрыIуэ
ЗыщIыну щыIэр лэжьыгъэшхуэщ,
Пырехьэ щIалэр Iуэхугъуэшхуэ.

## ГУМ И ГЪАТХЭ

Мыхъуу дахэм зи уеIусэ
Дитщ зытплъыхьу бгыщхьэ тафэм.
ТIэкIу хъыджэбзым зегъэгусэ,
Схуэмыпсалъэу йоплъыр уафэм,
Худэплъейрэ гум илъ мафIэр
Къэмылыду, псалъэ закъуэ
ЖиIэм – куэдрэ дымыпсалъэу
ДокIуэ, хуэму дылъэбакъуэу.
Хьэщхьэтеуэм жыг къудамэр
Пхъэхьым хуэдэу ягъэшауэ,
Щихухэр лъагэу, пIийуэ къамэу,
Итхэщ хьэлъэр тегуэшауэ.
Жьыбгъэ мащIэр къыкъуэлъэтмэ,
Уэс гущIыIум щолъэпхъащэ,
ПсыIу мыл гъунэм убгъэдэтмэ,
Псыр мыл щIагъым щоIущащэ.
Мис абдежым напIэзыпIэм
Уэсыр мэткIури, жыгыр гъагъэу,
ЩхъуантIэ мэхъур дэнэ щIыпIи.
Псыхьэлыгъуэр гумызагъэу
Къэутхъуауэ бгым жьэхоуэ –
Гъатхэр къосыр, гъатхэ дахэу
Гъэмрэ щIымрэ щызэхэуэр,
Удз гъэгъахэм щIылъэр ящтэу.
КъызэкIужри сэ си дахэу
ФIыуэ слъагъуу си псэ тIэкIур
Дыхьэшхати, арщ сэ гъатхэу
КъысфIэщIари щIымахуэкум.
Жьыбгъэм, щIихуу, къехьри псынщIэу
Уэсыр тIуми къыттощащэ,
Ауэ докIуэ дымыпIащIэу,
Дигъэхуабэу ди гуращэм.

## ШУМАХУЭ

Бахъсэн аузым
Гъуэзыр дэмыкIи,
Си гум имыкIыу
Си псэр ихьэхури
Шумахуэ сыдихьэхаи.

Завод лэжьапIэм
Пасэу ар къокIуэ,
КъысхуэкIуэм, жысIэу
Махуэр схуэмыхьу
Шумахуэ сыдихьэхаи.

И пыIэ къащхъуэм
Нащхъуэр къыщIэплъу,
Зы илъэситхум
Хуэзэ лэжьыгъэр
Шумахуэ зы гъэм еух.

Машинэ гъуабжэм
И бжэр къыIуидзу,
Набдзэ фIыцIэшхуэу
ЩIалэ цIэрыIуэу
Шумахуэ сыдихьэхаи.

Си орден плъыжьыр
Си бгъэм хызолъхьэ,
Зи лъагъуныгъэр
Зыми хэзмылъхьэу
Шумахуэ сыдихьэхаи.

Шылэ IэлъэщIыр
Си плIэм дызодзэ,
Си гум къредзэ,
Сыдихьэхащи,
Шумахуэ фыкIуи жефIэж.

# «МЫВЭ ХУАБЭ»
# 1964

---

## ПОЭЗИЕ

Мазэ къуапитIыр субыдауэ
Уэгу щхъуантIэм ситу зызоплъыхь.
Уэ уи сурэтыр сфIэкIуэдауэ
Сыхэтщ мычэму сэ бэлыхь.

Ууафэгъуагъуэт, зэм ущыблэт,
Уи уэшх къыстешхэм сыфIэфIат.
Уи псалъэ закъуэр гъуэгу гъуэмылэт,
ЗызгъэнщIу уэркIэ семысат.

Сэ гурыфIыгъуэм сигъэмэхырт,
Уэр фIэкI сиIакъым напщIэтелъ.
Упсы къиуауэ сэ сепхъэхырт,
Иджы уи ныджэм сэ сытелъщ.

Гум къинэу псалъэ къызумытмэ,
Мыхъуа цIэрыIуэ стхахэм щыщ.
Гу зылъыптахэм сахэмытмэ,
Дунейм тетами сащымыщ.

Зэгуэр уэзмыкуу зысIэжьами,
Гъуэгущхьибл зы махуэм зэпысчащ.
Си пащIэр фIыщIэу сынежьами,
Си жьакIэр хужьу сыпIущIащ.

## ЖЫР ХЪУАСКІЭ

Мывэ джэрэзым епхьэлIамэ,
Къыпехур жырым мафIэ хъуэпскI.
А мафIэм и фэм еплъытамэ,
Жыр дыдэр мэхъур зэхэбгъэкI.

Ди тхылъ зыхуэтххэм я гум нэсым,
Ар мафIэ бзийуэ кърелыд.
Шу уещI а мафIэм уэ улъэсым,
Армыркъэ – уи гур зэпеуд.

## ТХЫЛЪЫМ ЕДЖЭМ

Фэ фи гум си гур догузавэ,
ФыщигуфIэгъуэм, си гуи хохъуэ!
Фи нэпс слъэгъуамэ, сохъур бзафIэ,
Фэ къыщыфхэхъуэм, сэ къысхохъуэ.

Сэ сыпсэуакъым си щхьэ закъуэу…
Iуэху фызыхэтым сэ сыхэту,
Фызэлъэбакъуэм селъэбакъуэу,
СывдокIуэ ноби сигу къилъэту.

КъывэхьэлъэкIыр вдэзгъэпсынщIэу,
Фэ фшэчыр сшэчмэ, си насыпу,
Фэ уэс къыфтесэм, сэ сыпIыщIэу,
ФхузощIыр мафIэ, дэп къэсщыпу.

Фэ фызимыIэм, си уэрэди,
КъедэIу щымыIэм, кIуэдыжакъэ.
«Псы уэр сыхэхуэу срекIуэди», –
ЖысIэнт итIанэ сымысакъыу.

Фэ фешу слъагъумэ, сэри сошыр.
Лъэдакъэр лъыпсу теудами,
Дзэр зэтескъузэу гъуэгу хызошыр,
Къарууэ сиIэр текIуэдами.

Фэ сывигъусэм, сиIэщ гъащIэ,
Фи нэгу сыщIэплъэм, сиIэщ дамэ,
Фэ фызмылъагъумэ, сыфхуопIащIэ
Сэлам фэсхыну, фэзмыхамэ.

УрекIуэ шууи, уеблэм лъэсуи –
Сэ сфIэфIт си усэр хэмыкIуадэу,
УщигуфIэгъуэм, гуауэ плъысым –
Нэбжьыцым нэпсу къыпылъадэм.

## «УУЗЫНШЭМ!» – СЭ ЖЫЗОIЭ

«Уузыншэм!» – сэ жызоIэ.
Сэ а псалъэм пщIэ хузощI.
Ар къысхуэзэм къызжамыIэм,
Махуэ къэскIэ си гум хощI.

ЩремыщIэ узыншагъэ
ЦIыхум фIыкIэ хуэупсар.
Куэдкъэ, жиIэу щIемыгъуэжу,
Лажьэу шхэжу цIыху есар.

Ди жыг хадэри узыншэу
Ирегъагъэ гъатхэ къэс.
ЛъапэпцIийуэ сабий цIыкIухэр
Пхъэщхьэмыщхьэм лъреIэс.

Фыузыншэм, ди жыг жьауэ,
ПсыIэрышэу тхуэмубыд.
МафIэ гуэри къэлыдынум,
Жьэгум илъыр кърелыд.

Шэ шынакъым щIакхъуэ щIыгъуу
Узыншапэуи щрет.
Ди жыг хадэм, пIалъэр къэсмэ,
МыIэрысэ къыдрет.

Уафэгъуагъуэм уэшхыр къишэм,
Жызумейхэм псыр зыщIаф.
Хъарбыз хадэм уэр къытехуэу
ИремыхъукIэ зэи Iисраф.

Уузыншэм, дыгъэ къепсу
Нобэ махуэр зыгъэнэху.
Фыузыншэм сэ стхы усэр –
Си псэ тIэкIум зегъэпсэху.

Узыншагъэм дыщымыщIэм,
Ди IэнатIэр нэтхьэсынщ.
«Уузыншэм!» – жиIэу хъуахъуэр,
И мурадым лъэIэсынщ.

## МОЛИБДЕН ІУАЩХЬЭ

Бгыр щІэрыщІэу къалъхужауэ
И ныбжьэгъухэр ещІыр къуэш.
ЦІэ зимыІэу цІэ фІащауэ
Тхыдэ хуатхмэ,зыдегъэш.

Молибденыр къилъэгъуащи,
Пшэр етауэ мыпыІэж.
Бгым зэреджэр псым фІащащи,
Нэхъ щІэрыІуэ щымыІэж.

КъамыцІыхуу е къамыщІэу
Дзэм хэт щІалэм ухуэдами,
Молибденыр уэ уи фІыщІэу
Дэгъуэщ, къуапэр гуэудами.

Усэ итхми мыцІэрыІуэу
ТхакІуэу гъуэгур къэзыкІуам,
Узогъэщхьыр фІы пхужысІэу
Бгы поэту ятекІуам.

Нарт шу ябгэм уещхьыркъабзэу,
Уи щІыхь иныр дэни нос.
ЦІыху насыпым уригъуазэу
Си уэрэдри уэ къыплъос.

Вагон цІыкІухэр, щыгъэ блауэ,
Уэгум йохьэ, щІым къохыж.
НуркІэ бгыщхьэр зэщІэблащи,
Уэс къыптесэр егъэткІуж.

Космос гъуэгум и къежьапІэр
Мырмырауэ хъун си фІэщ.
Ещхьщ Гагарин, – арщ я плъапІэр,
Ди горнякхэм еплъ – я фІэщщ.

ЛІыфІщ жаІэнкъым хуэмызамэ,
КІуэщІи хъункъым гъуэгу мыкІуар.
ЦІыхур къуршым тегушхуамэ,
Къуршу лъагэщ а текІуар.

# БГЫЩХЬЭ IУГЪУЭ

Бгъэну телъыр хуэмыIэту,
ХуэщIыбышэ унэр ещI,
Жьэгу Iугъуаем дянэр хэту
И бынунэм шхыныр тхуещI…

Арт си гугъэр сэ нэхъапэм,
Абы лъанди мащIэ щIа,
Нобэ Iугъуэр тетщ бгы къуапэм –
Сыт ди къуршым къащыщIар?

Хэту пIэрэ адыгэпхъуу
Къуршыр унэ зыщIыфар?
Дэнэ кIуэми зимыгъэщхъыу
Бгым и кIуэцIым пхыкIыфар?

ЦIыху IэщIагъэр дахэ хъуащи,
А цIыхубзхэм срадэлъхущ.
Мывэм нурыр къыхахащи,
Я гур дыгъэщ икIи нэхущ.

## ПКЪОМИ ПАЩІЭ ЯТЕТЩ

ПащIэ зытетым емыщхьу,
Фарфор тхьэкIумэр хужьыбзэу,
Уеблэм бзэмыIуми дэубзэу
Телеграф пкъохэр йокIукI.

ЩIылъэм щыжаIэр зэхах,
Уэгум къыщыIум йодэIу,
Хъыбарым гъуэгур хухах,
Гуауэ зэхахмэ, мэщэIу.

Гъуэгум щыдаIуэу, уэгум щылъаIуэу,
Псым лъэрыгъыпсыр ират,
ПащIэр зэпащIэу,
Iэр зэрыубыду,
ФIым хуэгумащIэу,
Iейри пауду,
Пкъохэр гъуэгуанэм темыкI.
Жыгыу щытами,
Гуанэ тетами,
Жьыбгъэм я тхьэмпэр пыреч,
Пкъоууэ уващи,
Гъуэгуи техьащи
КъыфIощIыр пкъохэр сэ сэщхь.

Уэракъэ лъэсыр,
Е гукIэ къэсыр,
Е ерпыланкIэ къэлъатэр?
Уэ укъэмысу
Къосыр хъыбарыр,
Бысымым и гур мэятэр.
Зыгуэр къолъаIуэр,
Пкъохэр йодаIуэр:
Хирург къэвгъакIуэ,
Нэхъ IэкIуэлъакIуэр!
ЖаIэу зэхахмэ,
Хирурги макIуэ,
ЯIыгъыу щIакIуэ,
Хущхъуэр зэдахь.

Сабий къалъхунум
Пкъор хуэгумащIэщ,
Зыгуэр щIалъхьэнум,
Пкъохэр хуопIащIэ.
Уи жэщи махуи
Пкъохэр мыжей,
Псалъи жамыIэу
Тетхэщ дунейм.

Пкъохэм я пащIэр,
Мэхъур сытхъу защIэ,
Уэшхи къатошхэ,
Уэси къатосэ,
ПцIащхъуэри щошхэ,
Бзухэри йосэ.

Пкъохэр згъэсынут,
Гъуэгу щыхэссэнут,
Усэу сэ сусыр
ЦIыхум хахьэфу,
Гуауэу къыслъысыр
Си гум къыщынэу,
ГуфIэгъуэ сихуэм,
ЦIыхум ялъысу.

Пкъохэм фи пащIэр
Жьыбгъэм зэпащIэр.
Хэт нэхъ гумащIэр?
Хэт нэхъ къэхашэр?
Хэт кIыхь и гъащIэр?
Хэт къыддэгуашэр?
КIыхькъым си гъащIэр,
Фыхъу нэхъ гумащIэ,
Фтетыр фэ пащIэщ –
Гъуэгу фытет защIэщ.

## ДОХУТЫР

Хъыбарыфlыр лъэlэсащи
Шыхъуэм, lэхъуэм зафыщlыж.
«Хэт дохутырыр? Пщlэрэ?» – жаlэу
Зэхуэзахэр зоупщlыж.

Хъыджэбз гуакlуэщ а дохутырыр,
Къыдэплъыну къагъэкlуащ.
lэхъуэ-шыхъуэу къуршым иту
lэджэм я гур мес къекlуащ.

А хъыбарыр щызэхахым,
Лlыжьхэм пащlэр ныщlаlуантlэ.
– Лажьэ зиlэ фхэтым, жыфlэ.
– Хьэуэ, тlасэ, lэтlэлъатlэщ.

А хъыджэбзыр зэралъагъуу
Щlалэ псори къытехуащ,
Хэт и нитlыр къолыдыкlыр,
Хэт техьэгъуэ къытехьащ.

Пщыlэм щlохьэ, джанэр щахыр,
Чэщеифэр мэкlэзыз,
Зэрыбыдэр уагъэлъагъур,
Я узыфэр къагупсыс.

Дохутыр пщащэм гу къалъетэ,
Ауэ щlалэхэм йоупщl:
– Уи узыфэр къоныкъуэкъурэ? –
Жиlэу псалъэр къыпеупщl.

Щlалэм мафlэр къыщlэнауэ
Мэхъур псынщlэу бауэкlэщl.
– Бауэт! – жиlэу мор къеlусэм,
И пщlэнтlэпсыр хуэмылъэщl.

Уз зимыIэр хущIогъуэжыр,
ЩIалэм я гур къэятащ.
А хъыджэбзыр къоIэзэныр
Насып Iэджэм пэлъытащ.

Ар хъыджэбзым къыгуроIуэ:
– Уз ппкъырытыр икъукIэ пэжщ…
ЩIалэр и шым мэшэсыжри
Къуршым лъейуэ йолъэдэж.

## КЪУЩХЬЭХЪУ ЩЫIЭ ЖЭМЫШХЭР

Пшэ гулмэдыну пIащIабзэр
Пщэдджыжь дыгъэпсым къреIэ.
Псыкъелъэу щыIэм нэхъ къабзэм
Уэрэд иусу къызжеIэ:

Фермэм блэкI шухэм я щIопщыр
ЩIагъаджэр сыту уи гугъэ?
Жьы Iэджэ къуршым къыщопщэр,
Пщащэр нэхъыбэм щогугъыр.

Къурш щхъуантIэм пшагъуэр текIамэ,
НатIэпэм тесыр уэс пыIэщ.
Жэмыш хъыджэбзхэм къеплъамэ,
Къаходэ жыпIэу, зашыIэ.

Къаз кIуэкIэу, хужьу хуэпауэ
Пшэ хужь Iэрамэу бгым докI,
Дыгъэр къахэплъэм гуваүэ,
Пшэ Iэтэ иным къыхокI.

Щхьэц фIыцIэ щIакIуэм теплъамэ,
Ар жэщ и гугъэу мэпIащIэ.
Я дыхьэшх макъыр къэIуамэ,
Псым ар япхъуатэ гумащIэу.

Уэри уахуэзэм яхэдэ,
НэкIущхьэр нуркIэ ираIэ.
Жэмыр къыщашкIэ, уэрэду,
Гурылъ пэгуным къыбжеIэ.

Уигу илъыр занщIэу жеIэпэ.
Къару яхэлъри пфIэмащIэ?
Сэ си насыпыр я Iэпэм
Схуахъумэм, дахэт си гъащIэр.

## ЦIЫХУХЪУ

Iуащхьэмахуэ лъапэ,
Удзхэм я къэкIыгъуэу,
Жэм фермэшхуэ докIыр.
Уеплъмэ и щIэщыгъуэу,
Пщащэ тIощIрэ пщIырэм
ЩIалэ цIыкIу я гъусэщ.
Пшэ адрыщIым макIуэ –
Джанэ щыгъыр кусэщ.

Хъыджэбз тIощIрэ пщIырэр
ЩIалэм хуэгумащIэщ.
– ПыIэ щыпщхьэрыгъкIэ,
Птремыт уэ пащIэ.
ЛIыуэ укъытхэтщи,
Дыпхуосакъыр, – жаIэ.
Дыгъэр къыщыщIэкIкIэ
Плъыжьу пшэр иреIэ.

ШкIахъуэр хэмыжаеу
Къадотэджыр пщащэм,
ШкIэри къеутIыпщри
Ар щысын пэщащэу?
Пэгун ин яIыгъыу
Хъэлат хужьщ жэмышыр,
ШкIэми шэ яриту
ШкIахъуэщ мо емышыр.

Дыгъэр зэрыкъухьэу
ПщыIэм щIалэр щIашэ,
И пIэр хужьу хуащIыр,
ЖаIэр: «Щхьэ укъуаншэ?»
ПыIэ щIэльмэ пщыIэм,
Зы цIыхубз мышынэ.
Уэ щIыб щIыIэм жэщкIэ
Удэлъын щумынэ.

ЩIалэр щIакIуэм телъу
Вагъуэм худоплъей.
Хъыджэбз тIощIрэ пщIырэ
ПщыIэрщ зыщыжейр.
И хьэр и лъэпагъыу
Хэти щIалэр пщIыхь,
Нэхущвагъуэм пщIыпщIу
Уафэр къеджэгухь.

* * *

Зыхэс удз Iувыр ирецIынэ,
И Iэщхьэр лъагэу дэхьеяуэ
Хъыджэбз нэкIуплъым епщ хупцIынэ,
Щхьэщысщ ар Iэнлъэм зигъэщхъауэ.

ЕIуящIэ защIэу щIалэ куэди
КъетIысэкIауэ мэгушыIэ.
И уз а пщафIэми укIуэди,
Сыт къыхуапсэлъми зешыIэ.

ТIэкIу зигъэщхъакъэ – псори маплъэ,
А щIалэр зэплъыр къыпхуэмыщIэ,
Хъыджэбзырщ зыщIэр псом я пIалъэ –
Зигу къэплъым и Iур ирегъущIэ.

И щхьэцыр пщащэм ирекъуэкIыр,
Хьэжыгъэр нэIум къытощащэ.
Гу лъумытэну я гум къэкIым,
ЩIалэжьхэр къеплъмэ, мэIущащэ.

Я мэлхэр шытхым щхьэдэхами,
Мэлыхъуэр зыкIи мыгузавэ.
Дэтхэнэм жьэкIэ сыт жиIами,
Я плъырыр псалъэм щIрагъавэ.

Зырыз мэл хъушэу къыдахуащ,
АрщхьэкIэ псоми зыщ ягъэхъур.
А хъыджэбз пщафIэм дихьэхащ –
Апхуэдэу махуэр жэщ ягъэхъур.

Сыт щIалэ жанхэри зезыхьэр?
Мэлыхъуэм я гур хьэхугъуафIэщ,
Хъыджэбзым ищIрэ щIакхъуэ Iыхьэ,
Iухуакъэ, ишхыр хъунущ мафIэ.

* * *

Сэ си гур фIыкIэ ныпхуэусэрт,
Гу къыслъумытэу гугъу сехьати.
Уэ пщIэрэ, Шелли и зы усэ
Сысей пэлъытэу незгъэхьати?

Мыр къыIэрыхьэм, сызыпылъыр,
Сэ ар нэ лейкIэ къызэплъынщ.
Арат си гугъэр, арт гурылъыр.
Ар куэдрэ IэфIу сигу илъынщ.

МыпыIэу къеуэрт сигу ипхар,
Письмор сымыщIэу щIэбзэхар.
Поэтым усэ зыхуитхар
Сэра къысфIэщIу дахэу тхат.

СеупщIт уэр папщIэ сызыхуэзэм,
Дакъикъэ закъуи сигу уимыкIт.
Абы иужькIэ сыщыпхуэзэм,
Уи нитIыр вагъуэу къилыдыкIт.

ГуфIэгъуэр сфIэфIми уэ бдэслъагъум,
Гум къэздыгъуари имыдат.
Бзэ IэфI узыщIыр сэ щыслъагъум,
Сэ сыщIегъуэжри сигу кIуэдащ.

Сэ зым и дежкIи сымыхамэ:
Си усэм щыщи къыхахамэ –
Зыпылъ хъыджэбзым хуагъэхьамэ,
Ар сэ насыпу къызолъытэ.

# ПЩІЫХЬЭПІЭ

Зэгуэр пщIыхьэпIэу сэ слъэгъуат
Дуней дызытетыр къутэжауэ.
Псэущхьи жыги кIуэдыжат,
ЩIыр мазэм ещхьу джафэ хъуауэ.

Уэшх хуабэ къешхми, удз къэмыкIт,
Мэз зытетари хъуахэт джафэ.
Зэм дыгъэр куэдрэ къыщIэмыкIт,
КъыщIэкIыпами телът пшэ уафэм.

Хэкужь нэщI хъуахэр махуэм къэплът,
Жэщ зэрыхъужу упщIыIужырт.
Дунейм и нэгум Iэджи щIэлът,
Пшэр зэжьэхэуэм зэхэкIыжырт.

ЩIым и къатиблым лIы щIэсар
Къытехьэ хуэдэт, хуэIэнкуну –
Зи атом бомбэ щIыр зысар.
Арат убгъэдыхьэнкIэ пхуемыкуну.

ЩIы щIагъ зыщIэсыр ибгынат,
Къэхъуа-къэщIари имыщIэжу.
И закъуэпцIийуэ къытенат,
Дунейм зы цIыхуи щымыIэжу.

Иджы ар хэтым епсэлъэн?
«Бийщ» жыхуаIари дэнэ щыIэ?
Сыт хуэдэ Iуэхуи къиублэн?
Псэуну куэдрэ зы жимыIэу?

Дунейр ар еIэу щIикъутар
КъокIыжыр и гум мащIэ-мащIэу.
А лъэкIыныгъэр щIратар
Тхуэхъумэ, жаIэут, дуней гъащIэр.

Йожэхыр псыри темыпыIэу,
ГъущI лъэмыжхэр темылъыж.
Щымщ ар зи IэщIагъэр еплъым гуIэу,
ЖиIэни псалъэ лъэмыкIыж.

ЩIым уеIэбыну уемызэгъ,
Iэмал иIэххэу къыпхуэмыщIэ.
Ар зи IэщIагъэ! Зегъэзэгъ,
Аращ пхуэфащэр – арщ уи фIыщIэр.

Дунейр уи закъуэ къыпхуэна?
Ар мылым ещхьу пщIащ уэ джафэ,
Мелуанкъым псэуэ уэ бгъэнар,
УлIэнущ уэри, тIауэ жьафэр…

Мыр сыт пщIыхьэпIэу сэ слъэгъуар?
Ар сытым, сытым къыхэкIа?
Ди щIалэ цIыкIур мыхъугъам,
ПщIэнтIэпсу мащIэт спкърыкIар.

Сэ цIыхур зауэм пыIуздзыну
А мурад закъуэм сытемыкI.
Дунейм лыгъэшхуэр къезыдзынур,
Си пщIыхь зы жэщи хремыкI.

* * *

Си гъуэгу тыншакъым сэ игъащIэм,
Сэ къуакIэбгыкIи зэпысчащ.
Зэм сахэтами цIыху нэхъ пашэм,
Зэми си закъуэу куэд сшэчащ.

Гугъуехь сыт хуэдэ сыхуэзами,
ЗыкъыщIэзгъахуэу сфIэмыфIа.
Си гъуэгум щIыIэ къыстехъуами,
А щIыIэр псэкIэ сэ згъэващ.

Бийр къыщытеуэм дэ ди унэ,
Сэ Iэщэ сIыгъыу сыпежьащ.
Хуэзат хуэфащи а емынэр,
Си Iэщэр блыным фIэздзэжащ.

Арщхьэ зэуэни сыухакъым:
КIакхъу зэрыщIэсчу щыта си Iэм
Уэрэд итхыни щигъэтакъым,
Уеблэм хуосакъыр си гум жиIэм.

Тэмэмщ уи гъащIэр – къытегъазэ,
КъызжаIэу си гум имыдэн.
Сэ гъуэгу и пIалъэ сыщыгъуазэщ,
Ар зэпычамэ – зэпыздэнщ.

Ауэ хъыджэбзым сахэдамэ,
Зым ещхь аргуэру къыхэсхынт,
СиIа щыуапIэ сэ сихуамэ,
НэгъуэщI щыуэкIэ къыхэсхынт.

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Мэжейри, жэщыр къыхэщтыкІыу
Щхьэщытщ гупсысэ Іуащхьэмахуэ,
ТІэкІу текІуэтыну гум пымыкІыу,
И Іэдэбыгъэр егъэнахуэ.

Къыр лъагъуэ цІыкІухэр зэхогъуащэ,
Жьыр къэшэсауэ къуэм долъадэ,
Пшэр къыдихуныращ и гуращэр,
ІэщІэхур кІыфІым фІыхокІуадэ.

Машинэ макъыр мэхъу нэхъ кІащхъэ,
Мэзышхуэ жыгхэр зоІущащэ,
КъэдаІуэ вагъуэр мэхъур лъахъшэ,
Мазэр Іэ хужькІэ бгым толъащІэ.

Къуршыщхьэ нэхухэр зэгъэжами,
Жейм емызэгъыр Іуащхьэмахуэщ.
Жэщыр щхьэщыкІрэ нэху щами,
КъыщыунэхукІэ пожьэр махуэм.

Кърегъэблагъэ дыгъэ гуащІэр,
И лъэрыгъыпсыр еубыд,
А хьэщІэ гуапэм хуэгумащІэу,
И нурыр япэ къеубыд.

Бысымым хьэщІэр и нэм хуехьыр,
ФІы дыдэу тІури зэролъагъу.
Сэ си щхьэгъусэр сигу ирохьыр,
Ауэ апхуэдэу схуэмылъагъу.

# ПХЪЭХУ ЖЫГ

Пхъэху жыг къуацэм щхьэщэ ящIу
Гъуэгум тету уэ уаблокI.
А жыг дахэм я фэ есплъу
Хъыджэбз Iэджи си гум къокI.
Шынелыщхъуэу, зауэм щыгъуэ,
Гъуэгущхьиблым ахэр тетт,
УздэкIуэнур къыбжаIэфу
Хъыджэбз нэIэ псоми тетт.
Я нып плъыжьыр зыдашиймкIэ
ДыкIуэу, дэри дахуеплъэкIт,
Шхыдэ хуэдэу сыт жаIами,
ДахуэгуфIэу къызэднэкIт.
Сэлэт пщащэу а слъэгъуахэм
Мо пхъэху жыгхэр изогъэщхь.
«Волгэм» сису сыщыблэкIкIэ,
Сепсэлъэну зызогъэщхъ.
Дамэтелъыр темылъыжу
Щхьэцыр тхъуауэ ар щрет,
А хъыджэбзхэр пхъэху жыг дахэу
Нобэ къэси нэгум щIэтщ.

## БЖЬЫХЬЭ МЭЗ

Къуэм удыхьэу къыпхуимыдэу,
Мэзыр фIыцIэу къэуващ.
Жыгым дыгъэр къателыдэу
Я къудамэр пшэм щIаващ.

Уэшхыр тхьэмпэм къаполъэлъыр,
Пхъэщхьэмыщхьэр плъыжьу лащ.
Зэщ Iэрамэу жыгым фIэлъыр,
Жьыбгъэ мащIэм ар къела?

Дыгъэ къухьэм ар къилмэ,
Пщащэ нэIум ещхь щхьэ хъуа?
Мейм дахагъэкIэ зэр текIуамэ,
Мейр апхуэдэу щхьэ хэхъуа?

Жыгхэр щэхуу зоIущащэ,
Зейм и мафIэр къагъэлыд.
Къапылъэту дыщэу пщIащэ,
Жьым жыг гъурыр ирауд.

Зэрымэзу мэгузавэ,
Зей жыг плъыжьыр къаувыхь.
Арщ а мэзым яIэр гъавэу,
Арщ щIашэчыр гъэм бэлыхь.

Бжьыхьэ мэзым, зейр бэракъщи,
Ба хуащIынкIэ замыгъэнщI.
Жыг нэхъ инхэр къыхуэсакъщи,
Уэшхым зейхэр имухуэнщI.

Ихуу ешмэ бжьыхьэ ужьыр,
Жьыбгъэр бгыщхьэм щрегъуэлъ.
Дыгъэр къухьэм, зей нып плъыжьыр
Пшэплъ чэтхъауэ мэзым хэлъщ.

## ГЪУЭГУ КЪЕЖЬАПІЭ

«Адыгэбзэр сыт щІэдджынур,
Зыдынэсыр КъалэкІыхьырщ», –
Ар ауану Іэджэм жаІэр,
Мышыу псалъэм тІэкІу хэчыхьу.

ЩызэхэскІэ сэ а псалъэр
А гушыІэр сигу темыхуэ.
Станцым нэси унигъэсмэ,
Ар бзэм дежкІэ уфІэмащІэ?

Бзэр шу лъагъуэм хузогъадэ,
Бгъузэу щытми станцым нос.
Унэсакъэ – гъущІ гъуэгушхуэм
Къыщыппэплъэу тетыр поездщ.

Уи гъуэгуанэр жыжьэу щытрэ
УкІуэфынум къыумыгъазэу –
Шым епсыхи кІуэ мафІэгукІэ.
Тетщ а гъуэгум вагъуи мази.

Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущІ гъуэгушхуэм сытехьакъым,
Адыгэбзэр зээмыгъащІэу,
Урысыбзэр сщІэн слъэкІакъым.

Іуащхьэмахуэ телъ уэс къабзэу,
Сянэм и бзэр сэри сфІэфІт.
Си букварыр зэІусхауэ
Сыкъеджамэ, махуэр уэфІт.

Ноби школым кІуэм, а тхылъыр
Я блэгущІэм цІыкІухэм щІэлъщ,
Урысыбзэм и гъуэгушхуэм
Нытехьэну я гум хэлъщ.

Адыгэбзэр, хэт фIэгугъуми,
Ещхьщ си дежкIэ псыIэрышэм.
Ар уэрэду зэхызохыр,
Къурши губгъуи къыдэушэу.

Хэт ухуейми сыкъыдожэ,
Iэджэм япэ сэ сищащ.
Адыгэбзэу си шы Iэсэм
Шы тесыкIэ сигъэщIащ.

Ар си гъуэгум и къежьапIэщ,
Ар си дамэщ, ар си напщIэщ,
Ар сымыщIэу щытыгъатэм,
КIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.

Сянэм и бзэу си нэм хуэсхь,
Уэ къыптехуэр схуохъу удын.
Гъуэгу тетыныр сэ щызухкIэ,
Уи Iэр сIыгъыу сыухынщ.

## ЛЕРМОНТОВ

Уи лъагъуныгъэр си щIэщыгъуэу
Ущызмылъагъум, си псэм хощI.
Дырелъ дэ дякум зы лIэщIыгъуэ,
Дызэныбжьэгъуу сэ къысфIощI.

Зэгуэр ди щIыпIэ укъыщахум,
А лейр пащтыхьым фIэмыкуэдт,
Абы уапищIри цIыху зэрахуэм,
ЖиIат: «УздэкIуэм ущыкIуэд,

Псым и куупIэм ухырехуэ,
Бгырысым я шэр къыптырехуэ!» –
Аращ ерыщым игу илъар.
ИтIани псоми укъелащ.

Ди цIыхум ящIэрт хэт ди бийми,
Нэмыплъ ди щIасэм ирамыхт.
Ди гущIэр гуауэм игъэдийми,
Я щэIу зэуакIуэм зэхыумыхт.

Уэ Iэщэ пIыгъыу укъэкIуами,
Дэ уэ нэхъ щIасэ димыIа.
Уи псалъэр дэнэ къыщыIуами,
Ар IэфIти, ди гур къиуIат.

Нэгумэ Шорэ хъыбар мащIэ
И жьэгу удэсу уигъэщIа?
Исмэхьил-БеикI кIэщIт и гъащIэр,
Арщхьа цIэрыIуэ уэрщ зыщIар.

Я нэхъ кIэщIами уиIа гъащIэр,
Сэ узихьэщIэщ нобэ къэс,
ТIэкIу ибодзэкIри щIакIуэ къуащIэр,
Ди адыгэшым уэ уошэс.

Уошэсри къуршым унолъадэ.
ШууитI: зыр сэрми зыр Къайсынщ,
Дэ тIур уэ хьэщIэм дыбдокIуатэ,
Ди гугъэщ жыжьи дынэсын.

Пшэ пыIэр къуршым щхьэрахауэ
Гъуэгуанэ кIыхькIэ къытщогугъ.
Уэри шу пашэу ухэтхауэ
Жьгъырууэ къэIур ди лъэрыгъщ.

# ПОРУЧИК ЛЕРМОНТОВ

Си къуэшым хуэдэу зылI щымыIэ
Инэралыным щIэхъуэпса,
Ар хуэмыфащэуи жамыIэ,
ИтIани аркъым къылъысар.

Сэ дамэтелъым нобэм къэс
Сехъуапсэу си гур къимылъэт.
Поручик Лермонтов!
                    Нэшэс!
Уи шу лIы гъусэм сэ сахэтщ.

## РОССИЕ

Гъуэгуанэ Iэджэм дахэдэу
ЗэтхьэлIэжауэ ущие,
ПситI зэхэлъадэм дыхуэдэу,
Ди Къэбэрдейри Россием
ГуэмыкIыжыну гухьакъэ,
Ар насып ини тхуэхъуакъэ.

Сабий зэуакIуи къытхэту,
Ди лъапсэр кIуэду ди гугъэу,
Бийм ди гущIыIур игъуэту
Арати пащIэр щылыгъуэр,
Зауае ябгэр щежьари
Россиери гъусэ щыхъуари.

Я щхьэцыр данэу е дафэу
Къытщхьэщыжынхэр къыщысым,
Къабзэ хъужакъэ ди тафэ,
Ди щIыгум гуауэу къылъысым
Нэхъыбэр бийхэм еттауэ,
Зэпыдгъэуакъэ ди зауэр!

Россием дигъащIэу IэщIагъэ
Къуэш ищIыфари ди закъуэ?
Ди бын зэрышэу зэблагъэ
Гъуэгу дызытетым дищIакъэ.
Россием дыгуэтти къытхэхъуэрт,
Абы пэIэщIэр унэхъурт.

Хэкум и куэдти гукъанэ
Арт къэзыгъэплъыр ди лIыгъэр.
ЩIыху ныбэ нэщIхэр гъынанэм,
Къэсати махуэм и пIалъэр,
Россием щIегъанэ а мафIэр.
Ди Ленин лъапIэ и псалъэр
Урысым къахьыр ди тафэм.
Партым и фIыщIэу иужьым
Хохъуэ насыпым, зеужьыр.

Уэм икъутами жыг щхъуантIэр,
Гъатхэм къыдожыр аргуэру,

Апхуэдэу хэти и пщIантIэ
Щхъуант Iагъэ дахэр дэзщ уэру.
Ди гуауэщхьэуэр кIуэдауэ,
Ди гум жьы дихуу добауэ.

Жыгышхуэу хадэм димытми,
Псышхуэм дыщыщкъэ зы ткIуэпсу.
Iэпхъуамбэ закъуэу дыпытми,
Къуэшыгъэ къабзэр гунэсу
Хэкум хегъахъуэр, мэбжьыфIэ.
Росссие!
Уэрщ дызыщыщри, догуф Iэ.

# ЖЭЩ ХЬЭЩIЭ

КIыфIым хэтым нурыр хуахьу,
Вагъуэ сахуэр жьым пегъэхур.
Уэс къэп хужьыр плIэкIэ яхьу
Къурш ешахэм загъэпсэхур.

Псы фIыщIэшхуэу жэщ мазэгъуэм
И толъкъуныр щэхуу макIуэ.
Сэри сотхэ, сигу мызагъэу,
ФIы зымытхым щIамыгъакIуэ.

Мо Шыхулъагъуэм къытекIауэ
Хэту пIэрэ шым къепсыхыр?
СыткIэ и гум сыкъэкIауэ
Сыт псым хэту къыщIесыхыр?

Дэгъуэщ хьэщIэ къысхуэкIуамэ,
Хы Сиваши ныздикIатэм,
Зауэм щыгъуэ сигъусамэ,
КъэсщIэжынущ, сеплъмэ джатэм.

«ТIыс, уешамэ, хьэщIэ лъапIэ…
Гъуэгущхьиблыр зэпыпчауэ
Сэ къысфIощIри хуабжьу гуапэщ».
ХьэщIэм жеIэ емышауэ:

«Сэ, – жи, – мазэм сыщыIати,
ГуфIэгъуэшхуэм хузогъадэ.
Мо Венери зысIэтати,
СогъэщIагъуэ я жыг хадэр.

А сыздэкIуэм сыгупсысэу,
Услъэгъуати сыбблэкIакъым.
НакIуэ уэри узигъусэу,
Вагъуэм хьэщIэу уэ укIуакъым.

Дэ къытпоплъэ Iэджэ вагъуэу.
Сэ соцIыхур гъуэгур, накIуэ…»
КъоIу абдежым уафэр гъуагъуэу,
Сыкъоушри сопхъуэ щIакIуэм.

## КОСМОНАВТ

Дунейр къэплъытэу пцӀащхъуэ абгъуэу
Къэплъэтыхьауэ къогъэзэж.
Уи щӀыхьыр нэхъри ирелъагэ,
Уи нэгу щӀэкӀахэр къыджеӀэж.

Ар жытӀэу щӀалэм дыщеупщӀым,
Зы псалъэу псори къыджиӀащ:
Дунейр долъагъур хъуреябзэу,
Пшэр къащхъуэ-щхъуантӀэу тежыхьащ.

Къэрал зырызуи ар гуэшауэ,
Дэнэ лъэныкъуэкӀи къеплъыых,
Плъагъункъым, лъэпкъхэр дызэхуэдэу
Нэхъ цӀыкӀу-нэхъ инкӀэ зэхамых.

Аращ зыхуэкӀуэр дэ ди гъащӀэр,
Дызыхуэзэнур сэ слъэгъуащ:
Лъэпкъ псори хъунущ зы бынунэ,
ЩӀыр щӀэкӀэрахъуэри аращ.

## АСТРОНОМ СТАНЦ

«МакIуэр мазэм спутник», – жаIэу
Iэхъуи-шыхъуи йоплъыр вагъуэм,
Ферми пщыIи а хъыбарыр
Зэхэзыхым ягъэщIагъуэ.

Дэ Къущхьэхъуу дыздэщыIэм
Ар нышхьэбэ хуэзанщIабзэу
ИрикIуэнущ мо Шыхулъагъуэм,
КIуэнущ мазэм къимыгъазэу!..

Астрономхэр зытес станцыр
Я гъунэгъути нызэрохь.
ТелескопкIэ уафэм иплъэм,
Лъагъуэзу щыIэр ягу ирохь.

Мазэм щеплъкIэ Iэхъуи пщафIи,
Жэм къэзыши зоныкъуэкъу:
– Мес лэгъупыр, Iэхъуэ башыр…
– Мо фIыцIагъэр, еплъыт, мэкъу?

ПщафIэм и сэр кIэрыщIауэ
Сабырыну хуэмышыIэ:
– Мазэм башыр хэт зыдзар? –
ЖиIэу щIалэр мэгушыIэ.

Пщащэм еплъу зым мыр жеIэ:
– Хэту пIэрэ мо жэмышыр?
Мазэм иту ар солъагъур…
Еплъ, уи фызырщ жэм къэзышыр…

Телескопыр зэIэпахыу
ЦIыхум жаIэм кIэ имыIэ,
ШкIахъуэр, пщафIэр фIэауану,
Нэжэгужэу мэгушыIэ.

ЛIыжьи щIали жэщ мазэгъуэр
Нобэ хуэдэт щалъэгъуар.
Шыпсэм хэтыр наIуэ щыхъукIэ,
Арт сэ сигукIи згъэщIэгъуар.

– Си чэзущи фытекIуэтыт, –
ЖиIэу плъагъурэ шкIахъуэ пщащэр? –
Мо Шыхулъагъуэр шкIэ хужыпIэ
ИщIмэ, хъуну хуегъэфащэр…

ШкIэхэр жэмым къыщIэтчыжмэ,
Танэ хъухукIэ щыIэу мазэм…
– ШкIэщ ужейми уи пщIыхьэпIэр,
МакIуэр вагъуэм, жэ, къегъазэ…

– Мо зэшиблу вагъуэм еплъыт,
Унагъуиблу зэхэкIащ.
А зэшиблыр фызкъэмышэу
Щытмэ, шкIахъуэм упыкIащ.

ГушыIэныр щIамыгъачэу
Нэхущвагъуэри къыщIокI,
Астрономхэм я Iэтащхьэм
Мы зы псалъэр и гум къокI:

– ФыгушыIэу фэ жыфIахэм
Фигу къивгъанэ хэтщи пэж:
Мо Шыхулъагъуэр шкIэ хужыпIэ
Дэ щытщIынур мыжыжьэж.

# МАЗЭ

Мазэр пцIанэу ити уафэм,
Жэщыр щIыIэщ, жэщ мазэгъуэщ.
Унэм зеиншэ щIамыгъэхьэу,
Къуэтщ дияуэ ар бжэ къуагъым.

ГурыфIыгъуэ иIэ мазэм?
Уэшх игъащIэм къыщешхакъым.
Псыхьэлыгъуэм я макъ гъатхэм
КъэIуу зэикI зэхихакъым.

Мэзым жьыбгъэр къыхэлъадэу
Жыг къэпсалъи зыхимыщIэ,
Пшэ Iэрамэр зэрызехьэу
Уафэгъуагъуэри имыщIэ.

Мылыр телъми, гъатхэр къэсмэ,
Дыгъэ нурыр къемыIусэ.
Шы лъэ макъи мазэм щыIэ?
Уеблэм нащи щыхамысэ.

ЩIым а мазэр къыдалъхуамэ,
Я дунейхэр щхьэ зырыз?
Мазэр фагъуэщ, IэпцIэлъапцIэщ,
ЩIым щыгъыныр и фэм изщ.

УмыпIащIэ, мазэ наIуэ,
ЩIыр уи гъусэу укIуэдын?
Лэгъупыкъур щIым нидзынщи,
Дарий джанэр уэри бдынщ.

## АВАР ХЬЭЩIЭ

Куэд тлъэгъуауэ, куэд дгъэткIуами,
ЩыIэщ ди гур щыгуфIа.
Пэжщ, Щамилыр зэ къэкIуами
Ди хьэщIэну тфIэмыфIа.

Фоч ягъауэу, бауэбапщэу
Ар ди хэкум къилъэдат,
И мюридхэм дэ ди пщащэ
Iэрыхьэну дымыда.

Ахэр куэдкIэ къытхуэныкъуэт,
Ещхьт унажэ къытхуэжам.
Иту ныпым мазэ ныкъуэ
Тэрч къикIамэ, икIыжащ.

И хъыбарыр а лъэхъэнэм
Ди музейхэм щаIуэтэж.
Месыр нобэ дэ ди Iэнэм
Бгъэдэс хьэщIэр догъэпэж.

Дагъыстаным ар къикIауэ
Усэ зэджэр уигу имыкI.
Тэрч къыхыхьэу къимыкIауэ
Пщащэм еплъу погуфIыкI.

ИIэт, маржэ, хэт и пщащэ
Хуэгузавэр? ПсынщIэу шэс.
ФщIэрэ хьэщIэм и гуращэр?
Малъхъэу хъуну ар гунэс?

Фэ зэхэфхрэ шы лъэ макъыр?
Авар хьэщIэри къэсащ.
Ар Расулщи, фыхуэсакъхэ,
Абы ядэр Цадасащ.

## КУЛИЕВ КЪАЙСЫН

Зы лэгъупыкъум и кIапит Iыр
Дэ тIум тIэщIэлъу дыкъэхъуащ.
Ди Шэджэмыпсым и IуфитIыр
Адэ унапIэ дэ тхуэхъуат.

Ди жэщи махуи тIуми зыуэ,
Зы гузэвэгъуэщ дэ диIар.
Ди натIэ хъумкIэ дыарэзыуэ,
Дэ тщыгъупщакъым къыджаIар.

Къыщыхъум зауэ, дист зы абгъуи,
Зы гъуэгу дэ тIури дытехьащ.
Дыкъащтэу тщIакъым зыми кIэбгъуи,
Гугъуехь тхуэфащэр тIуми тхьащ.

Кърым дыщыIэу сэ сощIэжыр
БгъуэнщIагъ дыщIэсу дыщыгъар,
УIэгъэ птелъу лъы къыпщIэжыр
Къыбдалъагъуну уи гугъат.

Уи лъэпкъ лъэужьыр пхууэ лъэсу
Пхъэ лъакъуэр пIыгъыу гъуэгу уежьат.
Арт уи насыпыр зыдынэсыр,
Уэ нэщхъеягъуэм упежьат.

Зэкъуэшщ жедгъыIэу, дымыхамэу
Ди зэшыныгъэм куэд щIэттащ.
Пшэр къешэкIауэ мазэр къамэу
Дэ тIум ар Iэщэу къыдатащ.

Ди Iуащхьэмахуэр – ар зы Iуащхьэщ,
ЩхьитI пыту лъагэу урелъагъу.
Дыгъэпсыр хуадыр джанэ Iэщхьэу
Абы хуэдизыр зи инагъ.

Уэ лъэпкъым щIыхьыр хузэIуощэ,
Абы хуэдизи къыбогъэхъу.
Илъэсым ящIэр махуэм уощIэ,
Аращ щIыпхуатхыр нобэ хъуэхъу.

Дэ зы уэрэдым и дамитIу,
Зы фоч зэгуэту дызэкъуэтщ.
Зы къамэ закъуэм дыридзитIу
Дэ лIыгъи щIыхьи дымыгуэш.

Дышущ, тхуэфащэ дыкъикIуэтым?
Сыхэхуэм мафIэ, сыкъыхэх.
Толъкъуным лъагэу зыкъиIэтым,
Ди гущхьэ дыдэм щотIысэх.

## ГЪУЩI

Гу цIыкIур гъущIым къыхащIыкIыр,
Ар къемызэгъыу хэт къэхашэр?
Сабийр гу цIыкIум къигуфIыкIыу
И щыпэ гъуэгум мес трашэ.

Зэм дзасэ гъущIым къыхащIыкIыр,
Абы хуэмейри хъун епхулIэ?
Лы гъур а дзасэм фIэлъу жьамэ,
Унагъуэр гуфIэу йотIысылIэ.

Фочыши гъущIым къыхащIыкIыр.
ГъущI быдэм фIэфIкъым а Iуэху щIэщхъур –
Аращ фочышэр цIыху нэпс ткIуэпсым
Ещхьыркъабзэу жынкIэ щIэхъур.

# ТЕНДЖЫЗ

Сэ тенджызым папщIэ
Усэ куэди стхакъым.
Шхыдэу, хъущIэу слъагъуми,
ЖиIэр къысхуэщIакъым.

Ар, факъырэм хуэдэу,
Нэпкъым нытоуIуэ,
Ауэ бжэр Iуамыхыу
Щэхуу хыр мэгуIэ.

ГъумэтIымэу йошри
Куэдрэ зэм зешыIэ,
И губжьыгъуэр къэсмэ,
Зы Iэмал имыIэ.

Бдзэжьей цIыкIуу хэсыр
Инхэм я гъуэмылэщ,
ТекIуэр хуиту йосыр,
Уеплъмэ, нэр мэджылыр.

Хы толъкъуныр ятэм,
Хэсыр зэрофыщIыр.
Арщ а хыр щIэшхыдэр,
Зыми щимыбзыщIу.

Сэ тенджызым папщIэ
Стхари сфIэмыкуэд.
А тенджызыр кууми,
Игу къеуэн и куэдщ.

## ЩIЫ IЭБЖЬЫБ

ЩIэлъщ абдежым ятIэу зы Iэбжьыб,
Ар Прагэ Пантеоным щызолъагъур,
А къалэр хъуами си IэщIыб,
А ятIэ тIэкIур сщыгъупщакъым.

Ар радий е налкъутналмэс?
Сыт ятIэ щабэр щIэбгъэщIагъуэр?
Ящохъу къыщIыхьэм ар гунэс.
Зылъагъури куэдрэ мэгупсысэ.

А ятIэр мэкIэ къэсщIэжакъэ,
Зыщыщ щIыналъэр сэ згъэхуабэу
Къэспщыхьу зауэм сыхэтати,
ЩIэдуду бийхэм дэ я джабэр.

ЩIыр шхын щысхуэхъуи сыхуэзати,
Си нэпси мащIэ тезгъэткIуакъым.
ЩIым теубгъуэни сыхуэхъуакъэ,
Къэзгъэзэжыну сымыгугъэу.

А щIым си гъащIи ирызет,
Сэ ест и уасэ селъэIуакъым.
Бэлыхь мыухми сыхырет,
Си псалъэ зыкIи сепцIыжакъым.

Езыми лIахэр игъэтыншт,
МылIам димыIэу зы тыншыпIэ,
Арщ ятIэм еплъыр щIэгупсысэр,
Нэбжьыцми нэпсыр къыпызыщIэр.

Мамай и Iуащхьэм къыщатIауэ,
Нарт мафIэу Прагэ ар яхьащи,
Ди щIыхьым сыну хэувауэ,
Зи гугъу яхуищIыр дэ ди лIыгъэщ.

ЩIыхьауэ си гум ятIэ тIэкIур,
СлъэмыкIыу нэпсыр къысфIыщIокIыр.
Ар си анэщ слъагъуу си гугъар –
Псэм хэлъыр плъагъум, нэпс пIэщIокIыр.

## СЭЛЭТ ЛЪЭУЖЬ

Кхъэм дэзу дэти цIыху гумащIэ,
Удз дахэм лъагэу зрачащ.
Мэжей сэлэтхэр езэшауэ,
Гугъуехь я гъуэгум щашэчащ.

IэщIэлъу фочыр сэлэт сыным
Щхьэщыти хьэдэм я хъумакIуэу,
Сэ сцIыху яхэткъэ жысIэу, я цIэ
Тетхэм сыкъеджэу махуэр макIуэ.

Мы кхъэм щIэлъ псоми сракъуэшу
КъысфIощIыр, куэдми сахуэзауэ,
Дэ зы палаткэм дыщIэлъауэ,
Индыл и Iуфэ щысцIыхуауэ.

Е Днепр гъусэ дыщызэхуэхъури,
Зы лэпс шынакъыр тIум къытлъысу,
Зы кумб дыздису дыздэшхауэ,
ЩIымахуэ уаем дыкIэзызу;

Зы минометыр тIуми тхьыуэ
Псым щитхи куэдрэ къытхуихуауэ.
Сыт гъуэгу дытетми, дыщызауэм,
Кхъэр зэхуэзапIэ хъуну тщIакъым.

Гъуэгу напщIэм дежым дытIысауэ,
КъекIуэкIт хъурейуэ сэлэт флягэр,
Ар сигу къокIыжыр, си ныбжьэгъухэ,
СыщыфIущIауэ нобэ Прагэ.

Къэшэн фиIами, дэкIуэжауэ,
Фи анэ дыди къыфпэмыплъэ,
Е къыфпэплъэни езэшауэ
Я жьыщхьэм ныси фхуэмылъыхъуэ.

Мы Прагэ дэсхэм фи топ макъыр
Зэхахыу вгъэIурт фэ дыгъуасэ.
Иджы, цIыхубзхэр къыфхуэсакъыу,
Россие сэлэтхэм удз фхухасэ.

Мыбдеж фи гъащIэр зэпыуами,
Гъуэгу мыгъуэщэныр тхухэфшащ.
Лъэужь зыщIыфыр псор арамэ,
Фэ фи лъэужьыр гъуэгу тхуэхъуащ.

## ТЕЛЪХЬЭ УАНЭР СИ ШЫМ

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ.
Зауэм кIуэ жаIауэ,
ТэрчкIэ соукъуэдий.
Сэ уанэгу сыкъихурэ
Губгъуэм сыкъинами,
Сызыпылъ хъыджэбзым
И гум сумыгъэху.

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ,
Дахэм гу щызмыхуэу
Нобэ шы сошэс.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си уэрэдыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

Сянэр къысщIэупщIэм,
Къэзгъэзэжу жыIэ.
Сядэр къоупщIамэ,
Пэжыр умыбзыщI.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си хъыбарыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

# ЩІЭИН

Мэз Іувым хэту гъагъэ мейм
Срещхьу мащІэ къэзгъэщІар.
Сыщхьэзэкъуакъым си дунейм,
НэмыплъкІи си гум хэмыщІа.

Жьы щІыІэ къепщэм – жыгыр Іувт,
Пэу дызэхуэхъурт хуабэ хуейр.
Нэхъ жыг баринэр жьым пэувт,
Зытет си нэІи мыгужьейт.

Сэ мы къыспыкІэ е си тхьэмпэ
Имычэзууи памыча.
Е псы сыхуэлІэу псы дыхьэпІэм
Лъэбакъуэ леикІ щызмыча.

ФІы си ІэщІагъэу гу къыслъатэм,
А зыр хъуэпсапІэу сэ сиІат.
Си усэр мыуэ ар япхъуатэм,
Насыпым си гур къиуІат.

Мей жыгыр, дауи иребыдэ,
Щхьэ щІыбкІэ жыгыр зэ техуэнщ.
Мычэму си гум изоубыдэ:
А махуэр сэри къысхуихуэнщ.

СфІэфІащ, нэм щІэлъми ар щІэзмыхыу,
Си усэр мыуэ згъэтІыгъуэн.
Ар зыІурыхуэм ягу симыхуу
Си усэм куэдрэ сихъумэн?

## ЩОДЖЭНЦІЫКІУ АЛИЙ И СУРЭТ

Пшэ чэтхъахэр сыт зезыхуэр?
Жьым ар къуршым хутемыху,
Уи уэрэду къуэм дэмыхуэр
Къытхуэнащи тхуэмыух.

Уи зэ уэгъуэм бийр къибуду –
Арщ уэ гъащІэу къэбгъэщІар.
Іуащхьэмахуи къыгуауду
Уи сурэти арщ щІащІар.

* * *

ЩхьитI зыфIэту Iуащхьэмахуэ,
Уэщхь уэ сыткIэ сыпщIыфын?
Бын цIэрыIуэм сахэгъахуэ,
Уи фIыгъуэшхуэм сыхыумын.

Iуащхьэмахуэ хишу напщIэр,
Пшэр лъэныкъуэ ирегъэз:
ФIыгъуэ сиIэр уэ пфIэмащIэ,
Си куэдыххэщ хужьу уэс.

Уэс хужьыбзэр сэшхуэ лыду
А бгы дадэм къеIысхащ,
ГукIэ нурыр схуэмыубыду
Си пси си ни нэху ищIащ.

Къуршым иту дыгъэ гуащIэ,
Уэ сыт фIыгъуэ къызэптын?
Пшэ адрыщIыр къощIэращIэ,
Удз гъэгъари пхуэубыдын?

Зигу темыхуэр си жагъуэгъуу,
Си ныбжьэгъури згъэгуфIат,
Сэ си усэр зэмыфэгъуу
А гъэгъахэм ещхь сщIыфам.

«Сыт уэ уи къуэм къыхуэбгъанэр?» –
ЖысIэу дипсми сеупщIащ.
Псым тырилъхьэщ и шым уанэр,
Еуэщ, лъейри ежьэжащ.

Къуршыпс уэрым сыкъыдожэ,
Къызитынур игу пымыкI.
Нобэ къэси сыкIэлъожэ,
ЛъэщIыхьэни зи слъэмыкI.

# УСЭ ГЪУСЭ

Лъэбакъуэ счакъэ сыгупсысэу –
ГукъэкIыу Iэджэм сахочыхь.
Си усэм дэрэ дызэгъусэу
Зы гъуэгу дытету къыдокIухь.

Сешами, усэр къэмувыIэу
Зытес шы къарэр егъэлъэхъу.
СылъэщIыхьэнкъэ усэм, жысIэу
СыщIэпхъуэм, усэр жыжьэ мэхъу.

Къалэныр слъытэм зэфIэкIауэ,
Iуэху мыухыжыр къегъуэтыф.
Сигу къэмыкIахэр игу къэкIауэ,
Сэ сымылъагъур къелъагъуф.

ЕгъащIэт усэм сэ сешауэ –
Ауан сыкъищIу мэдыхьэшх.
Уэгъу махуэм жьауэ сылъыхъуауэ
СыкъищIэм, уэшхи кърегъэшх.

Ди къурш лъагэшхуэм ущелъакIэ,
ЗыгъэпсэхупIэ шым иумыт.
Узот дыгъэпсыр шхуэмылакIэу,
Сэ укъыспэплъэу ущымыт.

* * *

Зыгуэрым жиIэм емыдаIуэу
Псэуа игъащIэм сэ сымыщIэ.
«Дунейм утехьэм пфIэфIкъэ?» – жаIэу
Уэ укъыщалъхум щыIэ упщIэ?

ПфIэфI мы лъэхъэнэм ухалъхуэну,
Е уэ угувэм нэхъ уи гуапэ?
Уи лъэпкъыр сытым тебухуэну?
Уи IэнатIэнур псом нэхъапэ?

Упоэтыну, птхыуэ усэ?
Хэт пфIэфIыр пщIыну уэ щхьэгъусэ?
Зыгуэр абыкIэ къызэупщIым,
Естынт жэуапыр хупызупщIу.

Иджы жысIэнур хэт зымыщIэр?
Алимщ сэ си цIэр, сыадыгэщ,
НэхъыфI зэмани сэ сымыщIэ,
Бэлыхь къыстехуэм, зэи сымыбгэ.

Си Iыхьэ гъащIэм хэмыкIуадэ,
ИтIани куэдрэ си гум хощIыр:
Си жыпыр гъуанэу лафкIэ уардэ
СыкъыщIэхуауэ зэм къысфIощIыр.

Си гъащIэ Iыхьэр сохь сыдаIуэу,
ИтIани си гум къыдожей:
«Дунейм уехыжым пфIэфIкъэ?» – жаIэу
КъызэупщIынуи сыхуэмей.

# СЫН

Къалъхуащ, лІэжащ – ар жиІэу
Кхъэм дэтщ и сыныр
 Мывэу, уардэу.
ЛІыр мыІущми, нэхъ цІэрыІуэу
И сыным ноби
Куэд токІуадэ.
Мор хэтыт? – жаІэу
Кхъэм дэлъ и лъэпкъыр къыщІоупщІэ,
Мыгъуагъэ я щхьэм зэми хуахьу
А сыныр зейри къахуэмыщІэ.

Сухауэ гъащІэр сэ сыщІакуэ –
Арщ дунейр.
Си кхъащхьэм дежым мывэ закъуэ
ВгъэтІылъ,
НэгъуэщІ сэ сыну сыхуэмей,
Мывэр фэ фІущІуи фыпымылъ,
НэхъыфІт ар щыщмэ Іуащхьэмахуэ –
Ар фыфІэзахуэ?
ЩІымахуэ жьапщэр емызэшу,
И нэпсыр уэсу къыстелъалъэу,
Гъыбзэ мыухыр къысхуигъэшу,
Жьым дэрэ жэщыр зэхудипІалъэу
Си кхъащхьэ мывэм ар темыкІыу
Борэныр гъынущ сщхьэщымыкІыу.

## ЛIЫХЪУЖЬ ХЪЫБАР

*Сирием щыIэ си ныбжьэгъухэм*
*яхуэстх жэуап*

### I

Щам къикIыу тхылъхэр сэ къысхуатх,
Ныбжьэгъу сэламкIэ къысщыгугъыу.
Къуэшыгъэ лIыкIуэу а тхылъ напэм
Сыкъоджэ, IитIкIэ быдэу сIыгъыу.

Тенджызи къурши къызэпачри,
Ныбжьэгъу, фи лIыкIуэр къысхуэкIуащ,
Зытхам и IитIым хэлъ хуабагъэр
МыкIуэду къихьри къызатащ.

Си къуэш, фыкъафэу ислъэмей
Фи къамэм ищIмэ жыгъыру макъ,
Зэхэсх къысфIощIри – тхылъ къэфтхар
СIэщIэхумэ, жысIэу сыхуосакъ.

Абы сыкъеджэм, щIакхъуэ вгъажьэм
Мэ IэфI къыпихыр къос си дей.
Жыг хадэм, фи псым я уэрэди
Зэхех си хэкуу Къэбэрдейм.

Фи псалъэм пщIэшхуэ сэ хузощI,
Сэлам къевгъэхьыр согъэлъапIэ,
Фэр папщIэ стхауэ си поэмэр
Гунэс фщыхъуащи, ар си гуапэщ.

Абы хэт щIалэу ХьэкIуринэ
БлэкIахэр фи гум, мес, къегъэкI,
Адыгэ тхыдэм нэпсу хэлъым
Щыщ ткIуэпси фи нэм къыщIегъэкI.

Жьэгупащхьэм щIалэр вгъэтIысауэ
Къыфхэсщ уэршэру ар фи дей.
Сэ сывихьэщIэу щытыгъами,
Арат тIысыпIэу сызыхуейр.

Пщыхьэщхьэм псалъэр зэIэпахыу
Зэкъуэш зэхэсмэ, псалъэр Iэфlщ.
Нэхъыжьхэм жаIэм сыщIэдэIуу
Жьэгу сыдэсыныр сэри сфIэфIщ.

Зэгуэр си анэм жиIэжауэ
Зы тхыдэ ноби сигу къокIыж.
Хьэрып хъыбару жаIэ ари,
Фэ фщIэнущ пэжмэ – мис сотхыж.

II

Хамэдзэ хэкум къащытеуэм,
ЗылI закъуэ бийхэм пэуват:
Ауз гъуэгу зэвым къапэтIысри
ЗэIусэ мывэр мафIэ хъуат.

Шэ Iэджэ техуэу лъыр щIэкIыхукIэ
ЛIы хахуэм дзэшхуэр иIыгъащ.
Дзэпщ къатеуами а лIы закъуэр
ЛIы миным щIигъуу къыфIэщIащ.

Уэ си дзэм, жиIэрт, хэбгъэщIащи
Уи лIыгъэ пхэлъыр псом ялейщ.
Сэ укI птеслъхьэнкъым – икI мы хэкум,
Зыдэхь уэ мылъкууи узыхуейр.

И мылъкуу иIэм щыщ къэп ныкъуэ
А лIым къимыщтэу хуэшэчакъым.
Бэлыхь мыухыр къытехуами,
А къэпыр ешу хыфIидзакъым.

Хэгъуэгу лIы хахуэр къыщихутэм,
И гъащIэ иныр иухащ.
Ар щылIэм щыгъуэ гъусэ иIэм
Уэсяту мыри къахуищIащ:

«Си хьэдэр щIэфлъхьэм, къыстефкIутэ
Си къэпым илъу сэ къэсхьар.
Сэ дэнэ щIыпIэ сыщыIами,
Аращ насыпу сэ сиIар».

Уэсятыр гъусэм ягъэзащIэ:
Арат хуащIэну зыхуеяр –
Адэ щIыналъэм щыщу ятIэт
А къэпым илъу къыщIэкIар.

## III

Фи хэку, фи фIыгъуэм къехъуэпсауэ
Империалистхэр хъуащ фи егъу.
Зи джатэр жану зищI зыхъумэу
Фэракъэ щытыр, си ныбжьэгъу?

Дзэкъэгъуэ закъуи Iувмыгъахуэ,
Гум жьы дихуни лъывмыгъэс,
Фымыдэ фи щIым ар къихьэххэу –
Фи губжь и мафIэм бийр евгъэс!

ФимыIэу гуауэ – уафэр къабзэу
Ирехъу си къуэшхэм фи дунейр,
Нысашэр фадэ щывмыгъащIэу,
Фи щIалэм щащIкIэ ислъэмей.

Абдеж фIэкIауэ фоч уэ макъыр
Фэ зэхэвмыхкIэ зигу хэщIа.
Хъыджэбз и нэпси фымылъагъукIэ,
ГуфIэгъуэ нэпсым нэмыщIа.

Зи гугъу сщIа лIыфIым и хъыбарыр
Дэтхэнэ псыхъуи мэлъэтэф.
Насыпу фиIэм и нэхъыщхьэр
Адэжь щIыналъэщ – ар фхъумэф.

Нэвгъэс си хъуэхъур дэнэ щIыпIи –
Къыфхэмыхьэну цIыху залым.
Фызох сэламым я нэхъ гуапэр
КIыщокъуэ и къуэу сэ Алым.

## ХЬЭЛЪЭ

Нэпкъым докIыр псыхьэ лъагъуэр,
А гъуэгу цIыкIур нэшэкъашэщ.
Псыхьэ кIуэхэм загъэщIагъуэ,
Пхъэхьыр зэщхьыр набдзэ къуаншэщ.

Месыр, плъагъурэ, докIыр пщащэ,
Мо фызыжьри сытым хэт?
Япэ итыр зи мыпIащIэ,
ПэгунитIыр ихьрэ пэт.

Щхьэ фызыжьыр уIэнэщIу
Псыхьэ лъагъуэм утена?
Ар щыжысIэм, и гур хэщIу
Мыр жиIауэ сигу къинащ:

«Сэ сыт Iуэхуи сыррехьэлIэ,
Сыхьэлъэншэу къыпфIэщIа?
Жьы сыхъуащи арщ си хьэлъэр,
Арщ щIыбыши сызыщIар».

# ЛIЭНЫГЪЭ

Хьэ щэхурыпхъуэм ещхьщ лIэныгъэр –
Ар жаIэр куэдым мыгушыIэу.
Фи фIэщ фымыщIыт, залымыгъэр
Абы и дежым щыщымыIэ.

Сэлам лIэныгъэм сэ къызехыр,
КъыпогуфIыкIыр, мэгушыIэ.
Щышынэм и гур, пэжщ, ирехыр,
И нэкIукIэ тхъуэплъми и Iэр щIыIэщ.

Мастэнэм икIыу и пкъыр псыгъуэщ,
ГъущI куэбжэ хуэзэм щхьэпырокIыр.
Зи унэ щIыхьэр егъэщыгъуэ,
КъыщIэкIыжынум, хузэфIокIыр.

IункIыбзэр изу илъщ и жыпым,
Псэ зыIут закъуи имыгъусэ.
Жыгым къапыхур къэзыщыпым
Ещхьщ, жыгым пытым емыIусэ.

Губжьауэ пщIантIэм дэмылъадэ,
Зи щхьэ зыхъумэм нэхъ хуосакъыр,
Е щыуэу унэм щIэмыджадэ,
КъимыIэтыххэ псалъэмакъи.

ЗэрыукIыну Iэщэ зыщIхэр
Илъагъумэ, ахэр фIэауанщ.
Лъэпкъ Iэджэ ноби зэрофыщIыр,
Абы щегъуэтыр псэ мелуан.

Чэзур къэмысу цIыхум гъащIэ
Иригъэухыну емылIалIэ.
ЛIэныгъэм жеIэ: «ФымыпIащIэ,
Сэ сфIэфIу зыри сымыгъалIэ».

# СЭ АР СОЩІЭ

Нобэ пщІэнур къыумыгъанэ.
Дыгъэр къухьэу къыкъуэкІыжмэ,
Уи зы махуэ пщхьэщихащи
Лъыхъуэ, лъыхъуэ ар бгъуэтыжмэ.

ЩІэм жьы хъуну имыгугъэ,
Махуэ псори зэщхь къыфІощІыр,
Лъагъуныгъэм удихьэхмэ,
Гум къыхэхъуэм хуэди хощІыр.

Зэманыгъуэ дэ щыдиІэм
Пызт ди жыгым Іуву пщІащэ.
Арт щІэдмыбжыр дыхуэсакъыу
Жьыбгъэм, дыгъэм пачми дапщэ.

Жыгыр пщІыпщІу зыгъэгъагъэр,
Псы ежэхыр зыгъэпІащІэр,
Бзухэм абгъуэ езыгъэщІыр –
Лъагъуныгъэрщ, ар зэвгъащІэ.

Лъагъуныгъэр уигу имылъмэ,
Дэни гъазэ – лъэр щІэмыкІ.
Мыл зытелъу псым урещхьщи,
Махуэр жэщым къыгуэмыкІ.

Дэзыхьэхыр ирепщащэ,
Е Іуэху дахэу ар щрет.
Лъагъуныгъэр уи гум илъмэ,
Дунеишхуэм уэ утетщ.

Псыежэхым псыхьэлъахуэр
Ныджэм ехьри тредзэж.
Сэри си псэр дзэкІэ сІыгъыу,
Сыкъыхидзми сыхохьэж.

* * *

Псыр шы щхъуантIэм тесу мажэ,
Хади гъуэгуи зэпеупщI.
Псы хэзыхри мызыкъуажэ,
Дапщэ хахми куэд хэмыщI.

ЩIыIэм мылу псыр егъэж,
Ар мыл щIагъым щIэтуи мажэ.
Дапщэ къуажэу псыр блэгъэж,
Псым зэреджэр я цIэщ къуажэм.

ЯщIыр щхьэщэ бгы нэпкъ задэм,
Я Iэр ящIыр жыгыу Iутым,
Удз гъэгъахэм псыр щIолъадэ,
Жыг лъабжьэжьхэр егъэщIытэр.

Дыгъэр тепсэм нэр тоджылэ,
Нэпкъым йолъэ, ещI архъуанэ.
И тхъурымбэр и гъуэмылэу,
Мывэ хуэзэми щIегъанэ.

Щхьэлым нэсым, тIэкIу зешыIэ,
ЗэрыфIэкIыу, шыр егъалъэ.
ЕщI зэIусэр щIыIэтыIэ.
Псы елъапIэм къыщокъуалъэ.

Дэни гъакIуэ, къимыгъазэ,
Е махуэли ищIыххакъым.
Псыр сэлэтым ещхьыркъабзэщ,
Гъуэгу зэрыкIуэр къыхихакъым.

Псыр хы Iуфэм зэрынэсу
Къыжьэдекъуэ и шы щхъуантIэм.
КIуэнут адкIэ, уеблэм, лъэсу,
Ауэ хъуркъым псым къиIуантIэ.

ФIэфI-фIэмыфIми псым зетIэщIыр,
Игъуэлъхьэну хым и куэщIым,
ЦIэ иIари, ещхьу джанэм,
Тенджыз Iуфэм къыщегъанэ.

# УДЗЫМЭ

Удз гъэгъами яIэщ татуугъуэ,
Асыхьэтым мэ къапихыр гуащIэу.
Я дахагъэр щэхуу хуагъэтIыгъуэ,
Ар къыщыхъур зэикI уамыгъащIэу.

Махуэр жьауэ е пщэдджыжьу
Удз гъэгъахэм топщIыпщIыкI уэсэпс,
Е къепщэну и мурадщ акъужьым,
Уэшх къешхами къемышхами ткIуэпс.

Удз гъэгъахэм щащIыр татуугъуэ
ЩIэныгъэлIхэм нобэ къахуэмыщIэ.
Зы сыхьэтыр икIрэ – умыгугъэ,
Мэ къапихыу удзым къыпхуэмыщIэ.

Бзэ ямыIэу мэкIэ ар зэрощIэ,
Щхьэщи ящIу мэкIэ нызопсалъэ,
ЗемыкIуэххэу мэкIэ ар зэIуощIэ,
КъыщабзыщIыр цIыхум мис а пIалъэр.

Сэ а щэхур ноби къысхуэмыщIэ,
СщIэуэ щытми, щэхур сымыIуатэ.
Удзхэр гуфIэм, хуащIыр жьыбгъэм фIыщIэ,
Арщ мэ IэфIыр жьыбгъэм нышIипхъуатэр.

Удзым я мэр усэ стхыхэм тохьэ,
УфIэмыфIми, уэ дэуэн щыгъэт:
Усэр уи гум умыщIэххэу къохьэ,
Къыщихьэнур зыщIи умыгъуэт.

## СИ ЩІАЛЭМ

«Ар къупщхьэу лъэпкъым ираІэ,
НэхъыфІт нэгъуэщІи къыщІагъуам,
Къепсри къилъэтыжакъэ», – арщ жаІэр,
Ди щІалэ цІыкІур зылъэгъуам.

Ар зэрызэщхьыр Іэджэм ящІэ –
И набдзи, Іупи, и гуфІэкІи…
Ирехъу а щІалэм кІыхь и гъащІэ,
Хрехъуэ хьэлкІи зэмыкІуэкІыу.

Абы хуэдизу сыщыщытым,
СыІэпцІэлъапцІэу згъэхъурт шкІащІэ.
МэщІакъым Іуэхууи къыспэщытыр,
КъуэщІий къэсщыпми сагъэпІащІэрт.

Дыхъут нэрыбгибгъуи – сэ си Іуэхур
Шы закъуэр згъэхъумэ зэфІэкІыну
Ара къысфІэщІу, ди шыр дэсхурт.
Сэрат а тІэкІури зылъэкІынур.

Абрэдж слъэгъуамэ, сыкъэкІуэжти,
Сытест сэ плъыру нэхъ жыг лъагэм.
СремэжалІэ, сигу къыдэжти,
Мэз сыкІуэфамэ, срипагэрт.

Нэбгъэф сышэсти, сэ фызышэ
«Шууей» жезгъыІэу сахэлъадэрт.
«КъокІухьыр уянэм и Іизыншэу», –
Ар жиІэу шхыдэрт сэ си адэр.

Сэ сэщхьу жаІэ сэ си щІалэр,
Ауэ и гъащІэр сэ си гъащІэм
Мэскъалу пІэрэ зэрекІуалІэр?
Сэ схуэдэу щІалэр ІэпщІэлъапщІэ?

Іуэхушхуэ Іэджэм дыхэтами,
Сызэгупсысым нэр топлъызэ.
Сырещхь а щІалэр сэ, итІани
Си нэгу щІэкІахэм хуремызэ.

## УСЭМ ГЪУЩІ ХЭЛЪЫР

Сэ стхым еджахэм зэзэмызэ
ГъущІ хэлъу жаІэ сэ си усэм.
Си хьэлым гъущІыр тІэкІу хуэчэму
Сэ ар си гугъэу согупсысэ.

А жаІэр хъуркъым сэ си жагъуэ,
ЗбзыщІакъым зэикІ си гуращэр:
ГъущІ зыхэмылъыр Іэщэ хъуркъым,
Сэ усэрщ сиІэр Іэщэ-фащэу.

ПхъэІэщи сэшхуи жыру ящІыр,
ГъущІ ткІуаткІуэр шэуи ягъэдий.
ГъущІыдзэ жаІэу дзэм фІащамэ,
Дзэм и къаруми зеукъуэдий.

Пхъэм ещхьщ уи усэр жырамыІэ,
Уэрэдыр гъущІым щремыщІэ.
Уэрэдым сэшхуэр ищІмэ гъусэ,
Поэтхэм дежкІэ ар нэхъ фІыщІэщ.

ДзитІ зыІут жырыр улъиямэ,
Пхуэхъункъым Іэщэ – ари пэжщ.
Си усэр къамэщ, ар къисхакъэ –
Дыгъэ тезгъапсэу измылъхьэж.

Сымышэсыжу жьы сыщыхъум,
Нэхъ лІыфІым къамэр естыжынщ,
Сэ усэу стхахэм гъущІу хэлъыр
БашфІэлъхьэ сщІынщи сежьэжынщ.

# У С Э   Ш Э Р Ы У Э

## ДЖАТЭМ И ЖАНЫГЪЭ

Джатэр зылъыр мывэ шэрхъми,
Жан ищIауэ къыфIэмыщI.
И жанагъыр зэбгъэщIэнум,
ПыупщIауэ щхьэм еупщI.

## ЯТХЫР МЫХЪУМЭ

Уэ птхар мыхъуамэ, уокъутэжыр,
ПфIэфIщ усэр хъумэ IэкIуэлъакIуэ.
Iэтащхьэм и гум уримыхьым,
Птхам умытхари кIэлъегъакIуэ.

## ТОП УЭ МАКЪ

Топышэ макъыр зэхэзыхым
Зегъэщхъ гузавэу, худоплъей.
Си макъ зэхихкIэ хэт гузавэр?
НэхъыфIт топыншэм мы дунейр.

## УДЫН ЕПХЫНУМ

Уэнум, япэ зыкъигъахуэ,
Iэнкун укъохъур е ухуэмщ –
Къебудыхыну шур ухуеймэ,
Щхьэм зытепшащIэм кIэм техуэнщ.

## ЗИ ГЪАЩIЭР ЗЫФIЭМАЩIЭ

ФIэмащIэщ гъащIэр хэт уеупщIми.
Ар жьыми щIэми ягъэунэху.
Жыг паупщIыну еувэлIакъэ –
Джыдэр, щаIэткIэ – зегъэпсэху.

## СЛЪОКІЫР ЖЫПІЭУ

Слъэгъуащ сэ куэдрэ псыр къиуауэ,
Къуэм дэз зэ хъуми, цІыкІу хъужынщ.
Зыгуэр ущыкІрэ уелъэпауэм,
Хуэсакъ – ар дзэкІэ къэпщтэжынщ.

## АНИТІ

Кхъуэлор аслъэным йоныкъуэкъу:
– Уэ зыщ къэплъхуар, сысейр блы мэхъу.
Аслъэным жеІэ: «Ар зыуи щІы – ар аслъэнщ,
Уи бын гъунэгъуу умыгъэхъу».

## ЕГЪЭДЖАКІУИТІ

ФІырщ дыхьэшхыкІэ дэзыгъащІэр,
Ерщ цІыхур гъыуэ дызыгъасэр,
ЕгъэджакІуитІри къокІуэр пасэу,
Зыр къыкІэрыхуми зыр гумащІэщ.

## КЪЭКІУЭНУР

«КъэкІуэнум, маржэ, фыхуэсакъ!
Къэхъунурщ псоми ятекІуэнур!» –
Зэхох ар жаІэу псалъэмакъ.
КъысфІощІ си усэу а къэкІуэнур.

## КЪАМЭ

Зы убыдыпІэщ къамэм иІэр,
ДзитІ Іуту жырыр ирелыд.
Пэжыгъэм къамэр къыхуипхамэ,
Ар къамэ Іэпщэм щыубыд.

## КХЪУХЬ

Кхъухьыр кІуэми, хым и Іуфэр
Къонэр – псыми хуэмылъэс.
ТхакІуэр лІэмэ, итхыр къонэ,
Къащыхъуамэ ар гунэс.

## МАЗЭ

Мазэм сэри сылъэтатэм,
Си унафэр зэхэфхынт:
Уафэм нэсу яIэтахэм
Ящыщ гуэрхэр къесхухынт.

## ФАДЭ

Iущыгъэшхуэр фадэ гуащIэщ,
ТкIуэпс пIухуакъэ – чэфыр къует.
Арщ а фадэр щIысфIэмащIэр,
Схуэхь исфынуи сэ си нетщ.

## ВЫНД

– Сыт уи шырхэр щIэпшхыр, вынд? –
ЖаIэу бзухэщ къэетар.
– ФIыцIэщ къисшри, – жиIэу вындым
Арщ жэуапу къаритар.

## ГЪУЭГУ

Махуэ закъуэ япэ ежьэм
ЛъэщIэмыхьэу, чэр къащохьэ.
Уи чэзукъэ – лIам нэгъабэ
Зы дакъикъэм улъэщIохьэ.

## КЪУРШХЭР

ЯIыгъщ ди къуршхэм дыгъэ лъакъуэр,
Ар напщIэтелъуи къащымыхъу.
Дылъагэщ, жаIэу псалъэ закъуэ
ЖамыIэ пэтми, лъахъшэ мыхъу.

## ПСЫКЪУИЙ

Псыкъуий ятIамэ, къожыр псыр,
Сэ ар слъагъухукIэ согупсысэр:
ЩIы щIагъым щIэту псыежэхым
Емыщхьу пIэрэ сэ си усэр?

## ЛIЫКIУЭ

Дуней и пIалъэ фхэт зымыщIэ?
Мыращ Iущ гуэрым сэ къызжиIэр:
«Ущытмэ – хэти уэ уи лIыкIуэщ,
Ущылъмэ – нэпсырщ лIыкIуэу уиIэр».

## БЛЭ

«Нэшэкъашэу сыт ущIэкIуэр?» –
Блэм ар жаIэу еупщIат.
«СызанщIабзэщ, си кIэрщ Iушэр!» –
ЖиIэу блэми пиупщIащ.

## СПУТНИКИТI-ЗЭШИТI

Жэщ ныкъуэ уафэр телъыджащэщ.
Мазэр пцIанабзэу щхьэ къихьа?
Вагъуэзэшиблыр дихьэхынум,
Вагъуэ зэшитIи къахыхьащ.

## ПЦIЫ ПЭЖ

Лей лъысу цIыхур дэхуэхамэ,
Ар лIэн-хъужыну лъэрымыхь?
ПцIы гуэр щIэбгъакъуэу къебгъэламэ,
ПцIыр пэжым нэхърэ нэхъ гурыхьщ.

## ШУ НАПЭ

Шум и пэ итыр и напэщ,
И ужьым къинэр и лъэ макъщ.
И щIыхьыр и цIэм и гъусэщ,
А зэгъуситIым хуэсакъ.

## ЖЭМ БЗАДЖЭ

Зи хъэтI мыщIагъуэр нэщIэпкIэщ –
Итхыр мышыуми табу.
Шэ къозымыту жэм бзаджэр
ШкIэр имылъагъуми мэбу.

## АУАН

Дыхьэшхт, сычэфти, мыр жаIэу:
– Ухъуа къытфIощIыр пелуан!
Чэф лъэпкъ симыIэу сыблэкIти,
Аргуэру сащIырт ауан.

## ЩIЫМ ЩIАЛЪХЬЭР

Ар инэралми сэлэтми –
Хьэдэр щIыр къатIри щIахъумэ,
Дунейр зэIуохьэ-зэIуокIыр –
ЩIым зэ щIалъхьахэр ехъумэ.

## ЦIЫХУБЗ АКЪЫЛ

И щхьэцыр кIыхьми, кIэщIщ акъылыр –
ХуагъэIу цIыхубзым ар игъащIэм,
ЛIы акъылыфIэу икIи пхъашэу
Абы дахьэхыр яфIэмащIэу.

## ЦIЭРЫIУЭ

ЦIэрыIуэныгъэр уэшхым ещхьщ.
Ар дэни щешхыу уэ къыпфIощI.
Дыгъэр къепсыжмэ, уэшх къешхар
СабэгъэтIысщи – уи гум хощI.

## ГЪАЩIЭ КIЭЩI

ФIэкIэщIмэ гъащIэр, тевгъэгушхуэ,
НэхъыфI ищIыну хуэвузэщI.
Ауэ илэжьыр мыхъумыщIагъэм,
Iэм хуэдэу, гъащIэр хъунущ кIэщI.

## ГЪУЭГУ КIЫХЬ

Е «Ту»-кIэ лъатэ е улъэсщ –
Сыт гъуэгури носыр уафэ лъащIэм,
Ар лъагъуныгъэм имыгъуэгумэ,
Сынэстэм, жыпIэу уегъэпIащIэ.

## ГЪУЭГУ ЗЫРЫЗ

Ер сыт гъуэгукIи дэни гъакIуэ –
ИмыIэххэ зыгъэпсэху.
Пэжыр ежьэм, гъуэгу хэплъыхьми,
Ар зытехьэр ещIыр нэху.

## АНЭМРЭ БЫНЫМРЭ

Быным анэр зэралъагъур
Зэбгъэпщэнур псы лъэмыжщ.
Анэм быныр зэрилъагъур
Псышхуэм нэхърэ нэхъ кIыхьыжщ.

## ПСЫЕЖЭХ

Псы къуэпс Iэджи псым холъадэ,
ИщIэу къуэпс зыпхъуатэм:
ЦIэ яIами ямыIами,
ЯIэу гъуэгум щыбзэхами.

## ГЪАЩIЭ КIЫХЬ

Си гъащIэр кIыхьми е кIэщIми,
Си гугъу ямыщIу зашыIэн?
Къалэ уэрамым унэу тетым
Си усэу щIэсыр пхуэпыIэн?

## ГУМ НЭХЪ ЩIЫХЬЭР

Уэшхым бжьыхьэм зыщIегъакъуэ,
Бжьыхьэр нэфщи нэкIэпсыжэщ.
Гъатхэр гъымэ, имызакъуэ –
Арщ и гуауэр гум щIыщIыхьэр.

## ПЩIАЩЭ

Нэхъ пщIащэ лъагэр къыпыхуакIэ,
Нэхъ лъахъшэр щыIэ щIэгуфIэн?
Мес, щIакIуэ фIыцIэу бжьыхьэр къожьэ,
А жыгым пщIащэ къыпинэн?

## IУЭХУНШЭ

Сыт абджыр щIыIэм псым щIыхилъхьэр?
ЩещI дыгъэм джэгуу ислъэмей.
Дыхьэшхыу жьыбгъэр жыгым тесщи,
ЩIымахуи дыгъи ар хуэмей.

## БГЫ

Бгым сыхуэдащэрэт, сэ щIыжысIэр
БжесIэнщ, ухуеймэ, си ныбжьэгъу.
Псэлъэн щызгъэтрэ къэзублэжмэ,
Бгы лъагэрщ сщIынур сэ псэлъэгъу.

## КУЭД ЗЫIУАТЭ

Мо жьыбгъэм гъатхэр зэхеIуатэ,
Жыг бостеикIэр къеубыд.
Ар хэт хуэзами куэд еIуатэ,
Сэ сэщхьу жьыбгъэр тхуэмубыд.

## СЫХЬЭТ

Тутнакъ сыхьэтыр укIуэ псынщIэу,
Лъхуэм и сыхьэтыр ухъу тэмэм,
Сыхьэт уи хьэщIэ иремыплъ,
Сэ си сыхьэтыр ирехуэм.

## ЖЬАУЭ ЗЫЩI

Пшэм и жьауэр щIым толъащIэ,
Iэ къыдилъэу къыпфIэщIынщ.
Дыгъэ цIыхум къытемыпсэм,
Ныбжь уэ сытым уигъэщIын?

## БЖЭЩХЬЭIУ

Махуэм дапщэм бжэр Iуахами,
Бжэм бжэщхьэIур ибгынэн,
Сыт гъуэгуанэ сытехьами,
Уэ сэ губгъуэм укъизнэн?

## ЕРЫЩ

НитIри зэплъым гур хегъэщI,
ДаIуэм, фIэфIыр пцIы зыхэлъщ.
IитIи пытмэ, фIым хуэкIэщIщ.
И жьэ закъуэм бзитIи дэлъщ.

## ЩIЭНЫГЪЭЛI НЭПЦI

ЩIэныгъэлIхэм уахэпшахъуэм,
Уэ щIэныгъэр уогъэмэх.
Кхъуэщын нэщIым къыумыгъахъуэм,
ЗэрынэщIу ирехьэкI.

## ГЪУЭГУ ЗАХУЭ

Гъуэгуу иIэр жьыбгъэм мащIэ?
Уафэр къабзэм, зегъэпсэху.
Пэжыныгъэр тетщ зы лъагъуэм,
Ар зытехьэр егъэнэху.

## НАПЭ

КъамапIэр къамэм имычатхъэ,
Мыулъиину ар яхуапэ.
Пхъумэну щыIэм нэхъ хъумапхъэр
Мы напэр арщи, псом нэхъапэщ.

## МАЗЭ

ЩIакIуэм ещхьу жэщ фIыцIабзэм
Хъыджэбз пцIанэу телъщи мазэр,
Вагъуэр пщIыпщIу къахукъуоплъыр,
Нэр теплъызэу сэри соплъыр.

## ПСЫХУЭЛIЭ

Псым псыхуэлIэ ирегъэкIыр,
Псыр псы хуэлIэм, хэт елIалIэр?
Хуабэм псынэр пэмылъэщым,
И псы къуэпсыр мэгъури малIэ.

## ЕМ И ГЪУЭГУ

Уи пэшхьэкур къачэм, Іугъуэр
Бжэр ІупхакІэ пхущІэмыкІ.
Іугъуэм ещхьу ер къыщІохьэр,
И бэлыхьми ухэмыкІ.

## РАКЕТЭ

Зэ ракетэу сылъэтатэм,
ФІыщІэ жыгыр схуагъэкІынт.
Вагъуэм мафІэ яхуэсхьатэм,
ЦІыхум я гум симыкІынт.

## ГЪАБЛЭ

Уэгъуу уэ зэман плъэгъуакъэ?
ЦІыхум псэкІэ мыл ягъэвыр.
Сабий цІыкІум быдз иретри,
Езы анэр щІофыр мывэм.

## БЖЬЫХЬЭ

Нэщхъейуэ бжьыхьэр, мес, йокІуэкІ,
Си усэм еджэм зегъэпсэху.
Уей, жьыбгъэ, напэр ныззэдзэкІ,
Уей, дыгъэ, тІэкІуи къэгъэнэху.

## ЖЭЩ

Жэщыбгым мазэр къэунэхуами,
Бжьакъуэ цІыкІуитІыр уафэм делъэ.
Къепхъуатэ жьыбгъэм пшэ Іэрами,
Ар щІакІуэм ещхьу къуапэм фІелъэ.

## ФЫГЪУЭНЭД

– Гугъу улъэтэну? – фыгъуэнэд,
Бгъэ гуэр хуэзати, еупщІащ.
– Тыншыбзэщ, – жиІэщ пэ къуаншэжьми,
ЗиІэтри уэгум ихьэжащ.

## ПСЫ

Дунейр икъутэрт гъэмахуэпсым,
Бжьыхьэр къэсати мэхъур хуэм.
ФIэфIами Iэджэм ялъэIэсым,
Дэзагъэм псыхъуэм фIэтэмэмщ.

## ЩIЫIЭТЫIЭ

Къыщалъхуа махуэр щIыIэтыIэт,
Къалъхуам ар псэкIэ зыхищIат.
Дунейм щехыжым, щIыIэтыIэм
Аргуэру и гур хигъэщIащ.

## ПОЭТ ЯМЫЦIЫХУ

НэгъуэщI и гуауэм ар хуэусэу
И дуней гъащIэр игъэкIуащ.
ЛIэжа иужькIэ, езым и щхьэ
Хуопсэур, жаIэу къэхъужащ.

## МЫIЭРЫСЭ

Мо мыIэрысэм еплъ и жылэм,
Абы уэ дауэ уеIэбын:
Езыр и лъапсэм темыкIуадэу
Къуитын имыдэ и зы бын.

## ЩIАКIУЭНШЭ КЪУАЖЭ

Зы псалъэ лейуэ щыжамыIэ,
Зыгуэр жаIами – щагъэпэж,
ЩIакIуэншэ къуажэ жьэгу щымыIэ,
ИтIани къакIуэр пхуэмыкIуэж.

## ШЫМРЭ ШЫДЫМРЭ

И шыд гъунэгъум пхъэ къыщихькIэ
Алащэм и гум иримыхь.
КIуэцIыуэу шыдыр иукIынут,
Къытемыхуэнум и бэлыхь.

## ХУЭМЫЗАР ЛІЫФІЩ

«Угъын жыхуэпІэр къемызэгъщ», –
Хуэмызэу гъащІэ зыгъэщІам
Ар жиІэрт. Япэ щыхуэзам,
И пащІэр нэпсым псыф ищІат.

## ПШЭ

Пшэр Іэдэбу уэм щызокІуэ,
Къэгубжьамэ, пхуэмубыд –
Махуэ нэхур кІыфІ ящІынщи,
Жэщыр мафІэу къагъэлыд.

## УСЭ ШЭРЫУЭ

Уэрэдым блэри гъуэм кърешыр,
Ракети топи емызэгъ.
Усэ шэрыуэм псэр зэрешэр,
ЗылъэІэсари ещІ гъунэгъу.

## БЖЭМ ЕУІУ

Бжэр Іуебгъэхынум, утоуІуэр,
КъыпхуІуамыхмэ, уонэщхъей.
ЩІым утеуІуэу уокІуэ защІэ,
Ар къызэІуахыу ухуэмей.

## СИ ЖАГЪУЭГЪУМ

Си бийр зырызщи си фІыр куэдщ,
Ухъу дахэ си фІым я дунейр,
Жагъуэгъу зырызри ирепсэу,
Шыр жэрмэ, щІопщыр хъурэ лей?

## УИ НИТІ

ЗыІуслъхьэу фадэ къысхуамыдэ,
Арыншэу гъащІэр есхьэкІынщ.
Уи нитІым махуэ сыщІэмыплъэм,
Ар уз схуэхъунщи силІыкІынщ.

## ИСТОРИЕ

Историер кIыхьми, зэмыплъэкIым,
Щогъупщэ псынщIэу нэгум щIэкIыр.
Жыр джатэр кIыхьми, кIэщIщ и Iэпщэр,
Зыубыдыфырщ ар зи Iэщэр.

## АЛИМ

Алимыр цIэуэ хэт зи жагъуэр?
ЩIэину уи цIэр къанэу хабзэм,
Сэ псыхьэ къакIуэм сыкъалъагъуу
ФIэсщынут си цIэр псынэ къабзэм.

## IУАЩХЬЭМАХУЭ

ЩхьитI зыфIэту Iуащхьэмахуэ,
Сыт зы псалъи щIыжумыIэр?
Уэ ущхьитIу умызахуэм,
Зы щхьэ фIэкIи сэ симыIэ.

## УЭРЩ СИ ДЕЖКIЭ КОСМОСЫР

Космос кIыфIым дэни гъазэ:
Къыщонэхур вагъуэ, мазэр, –
Узикосмосщ, соплъмэ, вагъуэу
ТIущ си уафэм сэ ислъагъуэр.

## ДЭП

Зауэ къэмыхъуу цIыху псэуатэм,
Сэ здэнут IэгукIи дэп зесхьэн.
А дэпым мафIэ ирисщIатэм,
Лъэпкъ псоми хуабэ Iэрыхьэнт.

## МЫВЭ

Нэхъапэм цIыхур Iэщэ хуеймэ,
Къыхахыр мывэт, псоми хэдэм.
ЛIам ноби мывэ хутралъхьэр,
Хъумэж уи кхъащхьэр, жаIэ хуэдэ.

# «ДАМЫГЪЭ»

1969

---

## ДАМЫГЪЭ

Дамыгъэ телъу и бжэ-куэбжэм
ІэщІагъэ зиІэм къыдалъагъурт.
Шыбз гуартэ мылъкуу зугъуеями
Шы къэс дамыгъэр телъу плъагъурт.

ЛІы хахуэ лъэпкъым къахэхъукІмэ,
И напщІэ телъыр лъэпкъ дамыгъэт,
Шыгъажэ ящІрэ шы къатежмэ,
Ехъуапсэ фІэкІи цІыху мыфыгъуэт.

Иджыри Іэщэм е бгырыпхым,
Іэлъын дыщэкІыу зи ІэщІагъэм
Дамыгъэ телъу сэ солъагъури,
КъысфІощІ къысщахуэу сэри дагъэ.

Уэрэд зыусым игу мыпыІэ,
И усэр шыфІым пилъытауэ,
И лъэпкъ дамыгъэр телъым хуэдэу,
Ехь гъуэгу нэхъ гугъум зритауэ.

Нэхъ зи гур жаныр жыжьэ плъэурэ,
Нэхъ лъэрымыхьыр япэ йощыр,
АрщхьэкІэ куэди хуэмыкІуфу
КъыкІэрохужыр, къутэм щІопщыр.

Сэ си шыр кІуэру схуэгъэсакъым,
Гъуэгу цІэнтхъуэрыгъуэ схутемыкІ.
Къатежмэ, жысІэу сокур сІыгъыу
Сыкъепсыхыни схулъэмыкІ.

# СЭ ФЫКЪЫСХУЕЙУЭ СЫВМЫГЪУЭТМЭ

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
Дунейр збгынауэ фи мыгугъэ.
ЗылI къимыгъащIэ сэ згъэщIами,
Сыт щыгъуи гъащIэр си щIэщыгъуэщ.

ЩIыхуэ зытелъым хуэмытыжмэ,
ХэкIыпIэ куэдрэ ар мылъыхъуэу,
Зи щIыхуэ телъым и деж кIуэрти
Хуэув и хабзэт ар Iэщыхъуэу.

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
ФемыпIэщIэкIыу фыкъыспэплъэ.
МылIэжыныгъэм стелъщ и щIыхуи,
Абы и пщIантIэм фыкъыдэплъэ.

# ИСТОРИК ГУЭРЫМ ДЕЖ

Ди адэжь я лIыгъэр зэбгъэзахуэм,
ПщIэ хуэщI – абыхэм яIэщ щIыхь.
Уэ, хэт лъысами пфIэмыIуэхуу,
Аргъынэ фауэ ибокъуухь.

УкъызыхэкIыр хъун пщыгъупщэ? –
Ящыщым лъэкIырт лIы и лъэкIыр.
Дэр папщIэ гугъэр жылэу ясэу
Дэтт вагъэмбэкъум къыдэмыкIыу.

Я зы IэмыщIэм илъу сэшхуэ,
Адрейм IэщIэлъыр пхъэIэщэкIыу,
Мыгъуагъэр, удзу къэкIыу ящIэм,
ТхупаупщIынут – ар ялъэкIым.

Мураду яIэр уафэу къабзэт,
ФIым дыхуашэныр зэдипIалъэт.
КъэхъуIамэ жаIэу, тхуэгузавэу
Ди анэм быдзи драгъафэрт.

Бгыр къыщыгуэукIи щIэувэнти
Зырагъэхьынут лIыгъэ хахуэм.
Нэша-къэшами зытетари,
Ар нэмыс дахэм и гъуэгу захуэт.

Зи щIыхь зыхъумэу текIуэдахэм
Уэрэд дигу къихьэм худогъэш.
Уэ, хамэ мылъкуу, адэ щIыхьыр
УзрихьэлIэм хубогуэш.

* * *

Ди лъэпкъ и псалъэ епцIыжакъым,
Жьэгу пащхьэ фочми емыса.
Я къамэ пцIанэ кърахамэ,
КъыщIрахари гузэсащ.

Я лъэрыгъыпсыр ягъэкIэщIрэ
Зауэ Iухьэнум – псалъэр кIэщIт.
ХьэщIэ къэкIуари, тхьэм палъытэу,
Гъуэгу нэхъ тэмэмым хуаузэщIт.

Гупсыси псалъэ, упсэлъэнум,
Зумыплъыхьауи умытIыс –
ЩIапIыкIт а хабзэм бын къащIэхъуэр,
ЩIыхь ар зымыдэм къылъымыст.

ЖысIащ сэ куэдрэ псалъэ лей.
Арми пцIыупсым севмылъыт.
Гум къыдэмыкIыу псалъэ закъуэ
Си усэ тхылъхэм яхэмыт.

## СИ ГУР СИ IЭГУМ ИЛЪУ

Си гур скIуэцIылъу фи гугъэ?
Си Iэгум илъу ар сохьыр,
Уэшхыр къешхамэ – къытошхэ,
Уэсыр къыщескIэ, гугъу йохьыр.

Тенджыз губжьауи мэятэ,
Зэм Нэхущвагъуэу згъэпщкIур.
Зигу хэщI илъагъумэ – мэгуIэ,
Псывэм хэлъ мылуи зэм мэткIур.

Зэм мафIэ нэхуу мэлыдыр,
Жэщ зытехъуахэм къалъагъуу,
Къылъыс уIэгъэм дэгызу
ИтIани къоуэр мызагъэу.

Дунейкъутэжыр къэхъуами,
Си хьэлъэр си гум ирохьыр,
Си гур скIуэцIылъу фи гугъэ?
Си Iэгум илъу ар сохьыр.

# СЭ КЪУАЛЭБЗУХЭМ СОХЪУАПСЭ

Сэ къуалэбзухэм сохъуапсэ, –
СфIэдахэщ абы я гъащIэр.
Бжьыхьэр къэсауэ гу лъатэм,
ХуабапIэм кIуэну мэпIащIэ.

Гъатхэмэ хуабэ къащIихьэм,
ХъыбарегъащIэ къытхуохъур.
Я кIуэж-къэкIуэжыр мардэншэщ,
КIугъуафIэ гъуэгур къащохъур.

ДамитI сэ стету щытами,
Си абгъуэр пшэм къахэсщIыкIыу
Уэгум щысщIыну фи гугъэ? –
СыкIуэнут гъуэгур пхысщIыкIыу.

ЛIэщIыгъуэ къакIуэм и лIыфIхэм
Я джанэм данэ хэздэнут.
Сынахьэс закъуэм дамитIым,
Къэзмыгъэзэжми, сэ здэнут.

## АКЪУЖЬ

Махуэ щыIэ,
Жэщи щыIэ –
Тетщ акъужьыр зы гъуэгуанэ,
КъыхуимыщIу зым гукъанэ.
Хуабэщ, хуабэщ, хуабэщ гуащIэу –
Жыгми мэзми ар зыхащIэу.
Уафэм пшэикI къимына,
ЩIылъэр мафIэу зэщIэнащ.

Махуэ жыIэ,
Пшахъуэ жыIэ –
Ящхьэщыти ар къэкIыгъэм,
Жьапщэщ, жьапщэщ икIи лыгъэщ.
Акъужь закъуэр темыпыIэу
МакIуэр къуршу щIыIэтыIэм.
Ар хущхъуэхьэ кIуэм яхуэдэу,
Къехь уэсэпсыр ткIуэпс мыкIуэду.

Къехьыр кIуамэ,
Щхьэхьу къос.
Псэ зыхэти зыхэмыти
Зи Iур гъущIэм ткIуэпс ириту,
Жэщым губгъуэр къеущыхьыр,
КъыпхуэмыщIэу къыщикIухьыр,
Дыгъэ хуабэм зимыужьу
Шым аргуэру тесщ акъужьыр.

И насыпкъэ
Псы зезыхьэм!
Сэ акъужьу жьым сохъуапсэ,
Жьыбгъэм ещхьщи си дунейр…
ТкIуэпс зырызу си бзэм папщIэ
Сэри гъащIэр соугъуейр.
Арщ сыщIэхъури сэ гумащIэ.
Арщ щIысфIэфIри кIыхьмэ гъащIэр.

## УЭРЭДГЪЭШЭС

Уэрэд зэхалъхьамэ,
Къуажэм хэзыхьэну
Еджэрт нэхъ губзыгъэм –
Нэхъ хъыджэбз гурыхуэм –
Ар уэрэдгъэшэсу.

ХьэгъуэлIыгъуэ дахэу
Уэрэдыр щагуэшкIэ,
Шэсу къэмыувым
И тхьэрыIуэ псалъэр
Пэжу къамылъытэт.

Уэрэд зэхэзылъхьэм
Ар и напщIэтелъу,
Зи уэрэд ягъэIум
И фэм дагъэ щахуэу
Хэкур иригуфIэрт.

Сэ уэрэдгъэшэсу
Соджэр нэхъ губзыгъэм,
Нэхъ хъыджэбз гурыхуэм,
Си уэрэд зэхэслъхьэр
Схухалъхьэну жылэм.

## КЪУРШ ДЫРКЪУЭ

Хэт сыт итхами къыпхуэмыщIэу,
Къурш натIэм Iэджи тетхыхьащ.
«КIунэ и тIыгъэ» жаIэ щхьэкIэ,
ЦIыхубз IэщIагъэм емыщхьа.

Си Iэпэр сшийрэ сытеIэбэм,
БлэкIар а тхыгъэм сигу къагъэкI.
ЗэщIиуфIыщIащи уафэ лъащIэр,
КъыхолыдыкIыр уафэхъуэпскI.

Борэн къэхъункIэ сыгузавэу,
Жьыр къыкъуэухукIэ, зызогъэщхъ.
И Iэпщэ хужьым лъыпсыр пыжу
Сэ щыблэр сэшхуэм изогъэщхь.

Ятелъкъым къуршхэм дыркъуэ мащIэ.
Удын ущытмэ, ущыщIэн?
Бгы натIэм телъу дыркъуэ псори
Си закъуэ зджыкIи къысхуэщIэн?

*   *   *

СӀыгъыт кхъуей хъурейуэ сэ мазэр,
СыдэкӀуеяти зэ уафэм.
СыкъыщеплъыхкӀэ, щхьэр уназэу,
СхуэмыгъэщӀагъуэр щӀылъэ джафэрт.

Мэзхэр щӀащакъэ хужыпӀэу,
ЗэдэкӀуэу итхэт мыхъейуэ,
Бгыр икъухьати мэкъу Ӏэнэу,
Щылъыт, гъуэлъыжами, мыжейуэ.

Зы къуакӀи Ӏуащхьи щымыӀэу,
Гъуэгуу хашахэр занщӀабзэщ.
Зыри толъкъунхэм жамыӀэу,
Псыр щэхурыкӀуэу, мэжабзэ…

ЗэрыслъэгъуауэслъэкӀатэм,
ФӀыщӀэр хэт хуейми лърес,
Усэ къарукӀэ, си къуэшхэ,
Дунейр фхуэсщӀынут зэтес.

## УЭРЭДИБЛ

1

Сэ жэщ игъащIэм къыстехъуакъым,
Ар нобэ къэси зэдищэхущ.
Пщыхьэщхьэ пшапэр зэхэуамэ,
Дунейр аргуэру хъужырт нэху.

Сэ жэщ игъащIэм къыстехъуакъым,
Сэ къызэхъуапсэм ар лъэрес.
Пщыхьэщхьэ хъухукIэ дыгъэр къепсмэ,
Нэху щыхукIэ дыгъэу уэ укъепст.

2

Сэ тхьэIухудым сыхуэзами,
Джэгуалъэ сщIыну сигу илъакъым.
Дахагъэр фадэм я нэхъ лъапIэщ,
Зумыгъэзахуэм – пщIэ хуэпщIакъым.

Бжьэр, нокIуэ, жаIэу къашиямэ,
КъеIызмыхыххэу изотыжыр:
Гугъу удемыхьу къыпIэрыхьэр,
Гугъу удемыхьу мэкIуэдыжыр.

3

Дыгъэр къыщIэкIмэ, ууэсэпсщи –
Уэздыгъэ дахэу узэщIонэ.
ЩыкIагъэпшагъэм уамылъагъуу,
Урещхьу удзым укъытонэ.

Си гур зэщIонэ, услъэгъуамэ,
Нурыр игуэшу дыгъэ нэхущ.
СпэIэщIэ ухъумэ, мэункIыфIри
Къызэплъ щымыIэ къэбгъэзэху.

4

ЗэгъэзэхуэкIэ, сфIэмыфIми,
Уи лъагъуныгъэм сегъащIэ.
КъызэмэщIэкIыр жызмыIэу,
Уэрат сиIари сэ гъащIэу.

ПщIыхьэпIэ дахэм сыхэту
Уи лъагъуныгъэр исфакъэ,
Зыхуэмышэчыр пщтырафэщ,
ЖезыгъэIари сэракъэ.

5

Удз гъэгъа дахэм я гъыбзэр
КъызыгурыIуэр уи закъуэт.
Иджы гъужауэ удз тхьэмпэр
Жьыбгъэм, борэным зэщIакъуэ.

Уэри зы псалъэ жумыIэу
Укъызбгъэдэсщи, гум хощIыр.
Иджы удз дахэм я гъыбзэр
Сэ схуаусауэ къысфIощIыр.

6

Си лъагъуныгъэм, щIалэ лъапцIэу,
Уэшхыпсым хэту къиущыхьырт,
Лъэдакъэр плъыжьу щIыIэм исырт,
ИтIани мафIэр псэкIэ нихьырт.

Иджы ар лъэсу дэни мыкIуэ,
ЩыгъынкIи сытым ар къыхуэт.
ИтIани яжьэр зэбгырыстхъуми,
Зы мафIэ хъуаскIэ сымыгъуэт.

7

Сэ бгым я гъащIэр къэзгъэщIауэ
Си нэгу щIэкIамкIэ къызолъытэ.
Слъэгъуакъэ, си фэм дэмыкIами,
Насыпыр нэпскIэ зыгъэщIытэ.

Уи деж сэ фIыщIэ къыщысхьатэм,
Зи щIыхуэ стелъым естыжынут.
Уэ сыббгъэдэсу сэ схьа тIэкIур
Аращ сэ гъащIэу сIуэтэжынур.

## ЖЭЩ МАЗЭГЪУЭ

Мазэгъуэ дахэщ нышхьэби,
Сабий быдзафэр, дунейр
И щыпэлъагъуу, щым хъуауэ,
Нэр къилыдыкIыу доплъейр.

Мазэ хужьыбзэр къыфIощIыр
И анэ бгъафэуи, ар мыгъ.
Быдзышэу нурыр къожэхри,
КъыIурыхуэну щогугъ.

* * *

Сытетщ къурш дами, соплъэ жыжьэ,
СкIуамрэ скIун хуеймрэ зызогъапщэ.
Сэ гъуэгу и пIалъэ сщIа къудейщи,
ЗыкIэрысхынкъым Iэщэ-фащэ.

Си ужьым итхэ, фыкъэпIащIэт,
КIэщIыIуэщ гъащIэр – фымыгувэ.
Сабгъэдэувэнщи сэри къуршым –
Зыгуэр си дамэ фытеувэ.

* * *

Мэзыр хамысэу къэкIакъэ,
Уэшхыр Iэрышэу щымыт.
Дыгъэр къопс, жаIэу фIыщIэшхуэ
ХуэзыщI игъащIэм тхэмыт.

Iейр зи IэщIагъэм, егъэпщкIур,
ФIы зыщIэм, ищIэр сэтейщ,
Зумылъэфыхьыт фIы пщIэнум,
ФIыщ къытенэнур дунейм.

## БАБЫЩ

Гуэгуш шыр быным дахьэхауэ
Бабыщ шыр закъуэ хэт зэпытщ.
Я гъусэу шхэмэ – иропагэ,
КъакIухьмэ – дахэу ябгъурытщ.

Гуэгушхэр жэщкIэ тесщ лъэуейм,
А псори щIэсу зы джэдэщ,
ФIей къакIэрыхур къытелъалъэу
Бабыщым щысу нэху егъэщ.

## ЛЕЙ ЗЫЛЪЫСАР

Игу зэбгъэр хьэпсым иридзэфу
А лIым иIати лъэкIыныгъэ –
И гур зэгъэхукIэ увыIакъым.
Зэгуэр имыкIыу и щIэщыгъуэ
Езыр нэгъуэщIым щыщIигуэжым,
Игъэунэхуахэр игу къокIыж…
Лей зылъысахэр мыпсэужми,
Ялъ щащIэжынум къотэджыж.

## МАЗЭ ФАГЪУЭ

Къопэзэзэхыр жэщкIэ мазэр,
Жыг инхэр мащIэу къигъэнэхуу.
Абы я ныбжьу щIым тыридзэр
Умылъагъуххэ уэ гупсэхуу.
Игуэшми, нурыр имеиххэ,
Исщ мазэ фагъуэр уафэ куэщI.
Ар зэуэкъулэ дыгъэм хуэдэу,
Ныбжь зыщIыфынум ярегъэщI.

## ДЫГЪУЖЬ

Хьэ банэ макъыр зэхихамэ,
Дыгъужьым къещIэр хьэр зыхуейр.
ЗэрыщIэ пэтми тIуми я бзэр,
Техуащ дыгъужьым хьэм и ней.

Я фитIыр зэщхьми, зэхуэзамэ,
Нэхъ лъэрымыхьыр къырекъухь.
Дыгъужьым вакъэ лъитIэгъамэ,
Унэхьэм и фэр хъунт лъэгущIыхь.

* * *

Зы критик гъуамэ сэ соцIыхур –
Узэрыхуэзэнум ухуэмей,
Зытепсэлъыхьым къыщымынэу,
И Iэр зэIэбри мэхъур фIей.

Хэт я собрани яхэгъэхьэ –
Сыхьэт сабыру щымысыф:
Дэубжьытхеймэ, пащIэм хохуэ,
Къеубжьытхэхмэ – жьакIэр псыфщ.

## IЭДАКЪЭМ ЩIЭКI

Жыгым и тхьэмпэр дахэщ жыпIэу,
Хэпсэну хадэм ар умыхь.
А жыгым жьауэр дахэу идзми,
КъыпыкIэр Iеймэ, нэм хуамыхь.

Апхуэдэщ цIыхур – ар къэпщIэнум,
Зэман текIуадэм ущымысхь.
Бзэ IэфIкIэ псалъэу сыт жиIами,
Iэдакъэм щIэкIым нэхъ тещIыхь.

## ДЫЩЭ СЭШХУЭ

Жыр нэхъыфI дыдэм къыхащIыкIри –
Сэшхуэр къипхамэ, зэщIолыдэ.
ТIы бжьакъуэм ещхьу укъуэншауэ
Уигъэлъыхъуэнущ я нэхъ быдэ.

СлъэкIамэ, сэшхуэр сщIынут дыщэу,
СэшхуапIэм уеблэм иумылъхьэж.
ИтIани зауэр тщIынт IэщIыби
Ди дыщэр хъунут нэхъ лъапIэж.

## ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ

Шыщхьэмыгъазэу си усэр
И занщIэр гъуэгуу пхелъэф,
Хы толъкъун ябгэу щIихуащи,
Хым къыхэщ мывэм йолъэф.

Жэщ самолету, и макъкIэ
Гъуэгу зэрытетри къащIащ.
ЛIэщIыгъуэ жыжьэм пежьауэ
ХъыбарегъащIэ хуэхъуащ.

## СИ УЖЬ КЪИХЪУЭНУМ

Утету гъуэгум уэ уздэкIуэм,
Зыгуэр къоджауэ зэм къыпфIощI.
УкъызоплъэкIри – зыри щыткъым,
Уожьэж аргуэруи, гъуэгум хощI.

Си ужь къихъуэнум сыволъэIур:
Фи цIэ иpaIуэм, фыкъеплъэкI.
КъывэджэIауэ зэхэфхамэ,
Сэращ фэджари,
Дакъикъэ фи гум сыкъэвгъэкI.

## ЛЪЭМЫЖ

БлэкIа зэманыр зы псы Iуфэщ,
КъэкIуэн зэманыр ар етIуанэ?
А тIум сахуэхъумэ лъэмыж лъагэ,
Зэпачыфынкъым ди гъуэгуанэ.

Ар си гум илъу псым сыхэтщи,
Си лъэгу щIэлъ пшахъуэр щIелъэсыкI.
Сриудыну псыр къиуами,
Сэ зы пIэм ситщи сыхуимыкI.

## ЦIЫХУ ГУАУЭ

Тенджызыр куущи щIэ имыIэ,
Хыхьар толъкъуным хэкIуэдэнщ.
Псышхуэу къуэм дэтым и кIыхьагъри
Гъуэгу я нэхъ кIыхьым хуэдгъэдэнщ.

Тенджызым нэхърэ нэхъ кууужу,
ХэщIам хуэдизи къыпхущIагъуу,
КIыхьагъкIэ псыри къытемыкIуэу
Дунейм цIыху гуауэр щыболъагъур.

## ЦIЫХУБЗ ХЬЭЛ

Зы дзажэналъэ хачщ Iэдэми
Абы цIыхубзыр къыхахащ, –
Ар пцIырэ пэжрэ сэ сымыщIэу,
Хъыбару куэдрэ зэхэсхащ.

ЦIыхубз и хьэлым уегупсысым,
Iэдэм ищIауи щIы Iыхьлы,
Зы къуаншэ гуэрым къыхахауэ
Ар зэрыщытыр белджылыщ.

## НЫКЪУСАНЫГЪЭ

Дызэрыпагэр телъщи напщIэм,
ТфIэIэфIу ди гум къыдогъэкI.
Ди ныкъусаныгъэр илъщ щIыбыкум,
ХэIущIыIу дымыщIу къыдохьэкI.

Жагъуэгъу зыхуейри ныкъусаныгъэщ,
УещI, узэкъуэхумэ, хэутэн,
Уи напщIэ телъыр имылъагъуу,
Уи щIыбым илъым гу лъитэнщ.

## ФИ НЭР ЖАНЩ

Сэ фIыщIэ жыги схухасакъым,
Сурэту сщIари мыхъупа.
Е усэ стхари нэмысами,
Ар ткIуэпсу IукIэ къэсщыпащ.

ИтIани сиIэщ гукъыдэжи,
Сэ си щхьэр си гум емыбгъэж.
Нэса мыхъуами фэ феплъыж –
Фэ фи нэр жанщи нэвгъэсыж.

## ТЕТ ЩХЬЭЩИХ

Мардэ имыIэу хузэфIэкIым
ПещI мыIэрысэм и дунейр.
И Iэпэр губжьрэ игъэдалъэм,
И нитI зытеплъэр мэгужьей.

ТеутIыпщхьауэ а зытетым
Игугъэххакъым щыкIуэдын.
Уи ини цIыкIуи зыубыдыр,
Езыр щхьэщихмэ, пхуэубыдынт?

## НЫБЖЬЭГЪУПЦI

Къиуат псыр, къуэшхуэм дэмыхуэжу.
Уеплъами ехьыр нэри пэри.
ЛIитI псым никIыну ныхыхьауэ
Игъэшынати а псы уэрым,

Тхьэ яIуэрт лIитIым я псэр
Зы чысэм илъу лIэху щытыну.
Арщхьа псым йокIри бгъуэтым къащтэ,
ЩымыIэ уи Iэр зубыдыни.

## ШЫНЭ НЭПЦI

Къэрал нэхъ ябгэм сэ сыкIуамэ,
IэмалкIэ бзаджэм къажьэдоху:
«Фэращ дэ диIэр нэхъ шынагъуэу!» –
ЗыпхыжаIыкIыу зэхыбох.

«Фышынэ», – жысIэу сэри сощыр.
Дыгъужьыр шынэу щымытам,
Лы игу къэкIыхукIэ, мэл ихьынти,
Махуэ мэлыхъуэр зэкъуэхуам.

## ДЭП

МафIэ нэхъ гуащIэм сыхэдзи,
Сыхъункъым яжьэ, зыгуэр къэмынэу.
Уэ щIылъэм тет закъуэ, къыспэплъэ –
СыщIэхутэнщ уи унэ.

Яжьэм и щIагъым щIэIэби
Зы дэп жьэражьэ къыщIэх.
Сэращ а дэпыр –
СыункIыфIынкъым сэ щIэх.

# АДЫГЭ ХЭКУ

Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уэгум сихьамэ,
ЩIылъэр си плъапIэщ.
Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уи лъахэм ситмэ,
Дунейм сытеткъэ.

Уи къалэ щхьиблым
Зыкърагъэщхьу,
Вагъуэзэшиблыр
ЖэщкIэ зэщIоблэ.
А блым еянэу,
Нэхъ ябжьыфIэкIыу
Си гурыфIыгъуэр
Адыгэ хэкукъэ.

Уи губгъуэ куэщIыр
Пшэплъу хадыкIыр,
Тэрч къызэрокIри
Псыдзэ зэхешэ.
Шым сыгъэшэси
Дэни сыгъакIуэ,
Вагъуэ жыпIамэ –
Дыгъэ къэсхьынкъэ.

Уи нэр зыдэплъэм
Уи лъэр лъоIэсыр.
Къырым илъ дани
УлъэIэсакъэ.
Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уи лъахэм ситмэ,
Дунейм сытеткъэ.

*  *  *

Налкъутналмэсу ипхъащи
Уэгум ит вагъуэр бжыгъуейщ,
Дыгъэр къухьамэ, мэпщIыпщIыр,
КъыкъуэкIым, яIэ дуней?

Дэнэ ар кIуэуэ бзэха?
Щхьэ къэмынарэ ящыщ?
ЗыгъэукIытэ щымыIэм,
Жэщым аргуэру мэпщIыпщI.

Жьыбгъэм нэхъ ябгэр кърепщэ,
Дыгъэр зытетым тетынщ.
Мазэр я плъыру уэгу итми,
Вагъуэм я хабзэр хамын.

Дунейр джабитIу гуэшащи,
Зи пIалъэ къэсым, зеужь.
Зым щIакIуэ фIыцIэр щитIагъэм,
Зым зыщетIагъэ цей хужь.

## НЭХУЩ

ПшэкIэху къищIати нэхущым,
Уафэр мыл гъуджэу ягъэж.
И щIакIуэ фIыцIэр ешыхьыжри
Жэщыр щэху цIыкIуу щIопхъуэж.

Мэкъу Iэнэу пшэр икъухьащи,
Нурыр чэзууэ холыдэ.
Мэз бжэнхэм, пшэм хэбжьэкъуауэу,
Къуэм и зэвыпIэр якудэ.

Жэщыр бгъуэнщIагъым щIэпщхьауэ
И пIалъэм пэплъэу мэжей.
Нур закъуэ кIыфIыгъэм хэдвгъадзи,
Нэху защIэ тщIыфынущ дунейр.

* * *

Уэгум ит бгъэжьхэр абгъуафэщ –
ЩIылъэм къыщалъхум къадохъу.
ЩакIуэр ялъагъумэ, мэз бжэным
ХъыбарегъащIэ яхуохъу.

И къру макъыр игъэIуу –
ЩакIуэр дыхьакъэ ауз –
Къащхьэщыхьэнщи мэз бжэным,
ЯщхьэщымыкIыу мэгыз.

Бгъэм и Iуэху закъуэ зэрихуэр? –
Къырым ит бжэным хуосакъ.
Дывгузэвэхщи поэтхэр,
Аращ щIэдгъэIури ди макъ!

## НИКОЛАЙ ТИХОНОВ ПАПЩIЭ

Зэм къащхъуэщ уафэр, гъуджэм хуэдэщ,
Зэм щхъуантIэ дыдэ зыкъещIыж.
Сылэгъупэжьу хъупIэм ситщи,
МафIэр ункIыфIмэ, сэ сощIыж.

Си мафIэ бзийри жэщым хидзэм,
Зыкъезыгъэум хэтщи вагъуэ,
Гъуэгу зэпызычыр къысхуеблагъэм,
ЗэрымункIыфIыр ягъэщIагъуэ.

Сэ схуэдэу щыIэр сэ си закъуэ?
И мафIэр хэти зэщIегъэст,
Дунейр уэлбанэ къэхъухункIэ,
Си мафIэ тIэкIур мэхъу гунэс.

Абы ди гъуэгур къегъэнэхур,
Е пшагъуэм хэтыр щимыгъауэу,
Зыдынэсынум ар нэсыхукIэ
ДегъэпсынщIэфыр зиIэм гуауэ.

Дэ диIэщ Тихонов лэгъупэжьу,
МафIэ бзиитIым ещхьщ и пащIэр,
Фышэс, поэтхэ, фи шыр жэрмэ,
Пшэ адрыщIым фынэпIащIэ.

# КЪУРШЫЩХЬЭ ЛЪАГЭР КЪЫЗЭДЖАТИ

Къуршыщхьэ лъагэр къызэджати,
Бгы джабэ задэм сэ сыдокI.
Псы уэрым гъуэгур зэпиупщIми,
Зэран къысхуэхъум саIэщIокI.

Къуршыщхьэ лъагэр къызэджати,
Жьыбгъэр къыкъуоури сэ сефыщI.
Къарур сыбанэу мащIэ хъуами,
Сраудыну къысфIэмыщI.

Къуршыщхьэ лъагэр къызэджати,
Си гъуэгум пшагъуэр къытогъуалъхьэ.
Сигу къабзэр гъуазэу сымыгъуащэ –
Сэ уанэ махуэр схузэщIалъхьэ.

Къуршыщхьэ лъагэр къызэджати,
Къуршыр къыгуоури, симыгъакIуэу
Мывэшхуэр гъуэгум тезу мэхъу,
ИтIани сокIуэ сщыгъыу щIакIуэ.

Къуршыщхьэ лъагэр къызэджати,
Сихьауэ щыгум зызоплъыхь.
Къуэшхуэм сыдэплъэм щхьэр уназэу,
Схуэмыхьыр жыIэт – гъуэгу бэлыхьщ.

СыкъызэплъэкIым, согъэщIагъуэ,
Сэ къызэджами ещI си гуапэ –
Пшэ адрыщIым сит къысфIэщIми,
Сэ нэхъ нэхъыщIэ ити сяпэ.

## КЪАМЭ

И дзитI зы къамэм зэхуэмыдэ:
Зы дзэр Iугуами, зыр нэхъ жанщ,
Ауэ сыт къамэм IэщIэщIыхьми –
Зэхуэдэу дзитIми я зэранщ.

Бэлыхьу тшэчыр гъунапкъэншэщ:
ИгъащIэм къамэ зи IэщIагъэр
Зыхуэгузавэр мынысашэ –
Абы и мащIэт гумызагъэр?

И дыркъуэ къамэм зылъысами
И лъыр хуэфащэу жа уи гугъэ?
Зи лъэпкъ игъуэджэу хэкIуэдари
Нобэр къыздэсым мес мэщыгъуэ.

Пащтыхьым къамэр щыIэщIэлъым
И нэм къыщIэуэр ириудт.
Ерыщым къамэр щIилъыкIами,
Лей зэрихьэнум, хуэмылыд.

И дзитIыр къамэм зэрыIыгъщи,
Зэхуэдэщ тIуми я насып.
ФIым къащхьэщыжу губзыгъамэ,
Хьэдзэ зырызу фIыр хуащып.

А къамэ дзитIым ещхьыркъабзэу,
Гурылъым псалъэр тезмыгъэкI.
Сэ фIыкIэ цIыхум сахуоусэ,
ЦIыху зыщIэхъуэпсыр сощI гукъэкI.

* * *

Уигу къоузым ещхьыркъабзэу,
Ди гъэмахуэр псынщIэу йокI.
Гъэр хьэлэлу щытыфами,
Псым IэнэщIу зэпрокI.

Бжьыхьэр щикIкIэ, батэкъутэ
Имыгъэшу пхуимыдэн,
ЩхьэзыфIэфIу икIи бейщи,
Гъуэгу зытехьэм фIэфIщ хэдэн.

ПоэтыфIым ещхькъэ гъащIэр?
Жылэр хэпсэм, къегъэчэф,
ГъащIэ, жиIэу, зы хъуэпсами –
Псэ иретри егъэчэф.

* * *

Жьэгур ужьыхмэ, гъунэгъур
МафIэхьэ ежьэрт пщэдджыжьым.
Сэ сыпэрысщи жьэгу мафIэм,
СымыгъэункIыфIу зеужьыр.

Дэпым телъ хъуаскIэр полъэлъыр,
Iугъуэр джэрэзу докIуей.
БлэкIахэр си гум къагъэкIыу,
МафIэ бзий плъыжьхэр долъей.

Бжьыхьэр къоблагъэ аргуэру,
Пшэ фIыцIэм къуршыр щIахъумэ.
Жьыр къыкъуэухукIэ, жьэгу мафIэр
СымыгъэункIыфIу сохъумэ.

Си нэгум щIэту слъагъу дахэм
Я дей, слъэкIамэ, сыкIуэнт.
Ар къыпэрызнэм, си мафIэр
МыункIыфIыххэу къэнэнт.

МафIэхьэ щыкIуэр щыIэжкъым –
МафIэр зыдэкIуэм сыкIуэнщ.
Жьэгур, уэр дэхуэу, ункIыфIмэ,
Гъунэгъум дежи хэт кIуэн?

## ЩІЭГЪЭКЪУЭН

Бгъурыту гъуэгум пкъор уолъагъур,
ЦІыху гузэвэгъуэм иІэ пІалъэ:
Зым зыр кІэлъысу телеграммэм
ГъущІ кІапсэ занщІэр егъэпсалъэ.

Гъуэгужьыр занщІэм, пкъори занщІэщ,
Пкъо тІощІыр зыуэ зэм къыпфІощІыр,
Я къэгъэшыпІэм щІэгъэкъуэн
ЯмыІэм, гъумми, пкъохэр йощІыр.

Зи щыпэ техьэу гъуэгу техьари,
Зытетыр занщІэм, жыжьэ кІуэнщ.
Гъуэгу нэшэкъашэ къылъысамэ,
ЩІэгъэкъуэныншэр къытенэнщ.

## ХЬЭУА

Жэнэт Іыхьлыуэ цІыху къэлъхуныр
Хьэуа и закъуэщ зылъысар.
Жыгым къыпичу мыІэрысэ
Хэт а цІыхубзыр зыгъэсар?

Мо мыІэрысэм щыщ уэ пІухуэм,
Уигу къэмыкІыххэр къигъэкІынущ,
Модрейр пІухуакъэ – хъыджэбзыгъэм
Зы напІэзыпІэм упыкІынущ.

Хьэуа ар жаІэу щызэхихым,
Лъэбакъуэ леи имыча.
УкІытэ и гум къизылъхьэнур
Насып къыщыхъури къыпичащ.

Іэдэмт и гъусэр – ари щоуэ.
Хьэуа къритыр мэхъу фІэІэфІ.
ЛІыгъуэфызыгъуэм дехьэхыжри
Зэщохуэ тІуми, мес, я нэфІ.

А тІум дещхь хуэдэ, дэри куэдрэ
Ди гур зэхъуапсэм дыдехьэх.
Ар псы къиуауэ дыхуэзэхукІэ,
ЦІыху нэхъ мыдаІуэр ирехьэх.

## КЪУРШЫМ ДОКI

Гъуэгу къэхутэныр и нэрыгъыу
Бгым дэкIыр щыгум лъреIэс.
Ар щыуэ хъункъым, пшагъуэр Iуву
Уеблэм зыпхыкIыр иреуэс.

Къуршыщхьэм зышэр лIы пэрытмэ,
И ужь зыхунур къыпхуэщIэн?
Дэджэхъуу пашэр зэ гъуэщамэ,
Хъушэм яхэткъым мыгъуэщэн.

Уи лъэгу къыщIэхурэ мывэ лъеймэ,
Уи ужьыр зыхур хэкIуэдэнщ.
НэгъуэщI уи лъагъуэм темыувэм,
Уэ гъуэгу хэпшауэ уалъытэн?

Усэм и тхыныр зи IэщIагъэр
Къуршыщхьэм итым ещхь къысфIощI.
Лъэбакъуэ пхэнжу зым ичакъэ –
Пхэнжу зекIуэныр щэм къащощI.

## ЩЭХУ

ЦIыхум къащыщIыр нахуэ защIэу
Ялъагъуу, псоми къащымыщI.
Щэху къызыкъуэкIыр, ириукIытэу,
И щэхур псэухукIэ ебзыщI.

Дунейм къытехьэу зы лъэбакъуэ
Зычам зыгуэри IэщIощIыхь –
Дэгъэзеигъуэ хъуауэ гъащIэр
И дуней Iыхьэри хуэмыхь.

Хэтщ гузэвэгъуэм, къащIэ жиIэу,
Псэр дзапэм пылъу къpехьэкI.
Зи Iуэхур дахэм и щIэщыгъуэу
ИмыбзыщIыххэ и гукъэкI.

Дунейм къытехьэр текIыжами,
Iуэху игъэхъахэр мыкIуэдыж.
Щэхум я щэхур ибзыщIами,
И щэхум гъуэгуи къегъуэтыж.

Ар хьэдрыхэ зыдахьами,
ЩIым мывэ щIэптIэм, игъэткIун?
ЩIэмызэгъауэ къегъэзэжри
Лъэбакъуэ леикI пхуимыкIун.

# МЭКЪУАУЭ

Удзыр гъэгъащи, мэ къапихыр
Уэгум илъ пшэми фIэнасыпщ.
Бгы джабэм уи нэр игъэджылу
Удз дахэ итыр къыщыщып.

Кърукъэ, жыпIэу, мэкъум хэтым
ЗэкIэлъхьэужьу мэкъу паупщI,
Аргъынэр дахэу ирахьэкIыр,
Ар къайхьэлъэкIыуи къыпфIэмыщI.

Дехуэхмэ, жаIэу, кIапсэ кIыхькIэ
Мэкъуауэр мывэм мес епхащ.
МэкъупIэ удзыр кIыру кIами,
Мывэшхуэ хэзу зэхэсхащ.

Усэм хуэдгъадэу мэкъу аргъынэр
Бгы джабэм кусэу щыпаупщI.
Сэ стхыр апхуэдэу наIуэ хъуамэ,
Тхылъ къыдэзгъэкIмэ, сигу хэмыщIт.

Сэ си шэмэджыр мывэ хуэзэм,
Щтаучу мафIэр пегъэлъэлъ,
Дзэр къыIуигуамэ, соуIужри
Аргъынэ мэхъур си гухэлъ.

## МЫЛIЭЖЫНЫГЪЭМ И МАФIЭГУМ

Зиукъуэдиймэ, зэщIэскъыскъэу,
ГъущI гъуэгуу тIуащIэр къигъэпсалъэу,
МакIуэр, макIуэр мафIэгу псынщIэр,
МылIэжыныр зэдипIалъэу.

Къыпэщылъыр гъуэгу мыухщи,
Исыр ешэ къэмувыIэу.
Шей зылъысым, шей зэIещIэ,
Хэтщ пщтырафи хуэмышыIэу.

Зыр щхьэгъубжэм къыIумыкIыу
Iутщ и закъуи мэгупсысэ,
Доминоми плIы дехьэхри
Зэдоджэгур лIы зэгъусэр.

Зыр мэшхыдэ е мэгие,
Игу мафIэгур иримыхьу;
Зыр щхьэукъуэу дэсщ плIанэпэм,
И ни и пси зы къимыхьу.

ЦIыхубз гуэри мэдыхьэшхыр,
Фадэм и гур жан ищIауэ.
МакIуэр, макIуэр мафIэгу псынщIэр,
Вагон къомым зашэщIауэ.

А мафIэгум имысыпхъэ
Ису пIэрэ, жиIэу, месыр,
Контролерыр псынщIэу къосыр,
Гъуэгу тхылъ зиIэр зригъащIэу.

МылIэжыныгъэм кIуэн и гугъэу
Зыхуэмыфащэр нышIогъуэжыр,
Станц гуэр мафIэгур зэрынэсу,
Гъуэгу пхэнж техьахэм къагъэзэжыр.

## ЖЭЩ НЫКЪУЭ ХЬЭЩIЭ

ЩIопщыкъукIэ си бжэм утеуIуэу
Зэгуэр си унэ укъэкIуат.
Ар уимыхабзэу щытыгъами,
УзихьэщIэныр къебгъэкIуат.

Жэщ ныкъуэ хьэщIэу укъэкIуами,
Мэскъал сэ си гум хэмыщIа.
УзрихьэлIэ нэхъ шхыныфIи
ЗэрыщымыIэр уэзгъэщIащ.

Ди жьэгум мафIэ щыщIэдгъэстри
Зыбгъэхуэбакъэ, упIыщIам.
Укъызэпсалъэу ущысыхукIэ,
Шы Iус уанэшыр щымыщIа.

Тхьэгурымагъуэу укъалъхуами,
КъэпщIэну щыткъым нэгум щIэлъыр.
Ауэ а жэщым хъуащ си фIэщи
Фыгъуэн уэ хьэлу зэрыпхэлъыр.

ИтIани сщIыркъым зы губгъэни,
Зы псалъэ гуауи уэ птезмыIуэ,
Уэздыгъэ нэхур хэт и унэ
КъыщIихыу плъагъумэ, кIуэи теуIуэ.

## ХЬЭ

Ди пщIантIэм дэлъщи зы хьэ гъуабжэ,
УемыIусамэ, къэмыгубжь.
Дыгъужьщ, жиIэнущ къэзылъагъум,
И хьэлкIи фэкIи ар дыгъужьщ.

Зыгуэр ди унэ къыщIэгъэхьэ –
Хьэр зыкъуэс къуагъым къыкъуолъэт.
ИфыщI уи гугъэу уи ныбжьэгъур
УщIэкIиякIи пхуимыкIуэт.

Хьэм дыгъужь хьэлыр зыхимынэ,
Хамэ щилъагъум къыщохутэ.
Сэ къыскIэлъыкIуэр согъэхьэщIэ.
Хьэм хьэщIэу зыри къимылъытэ.

Абы и дежкIэ псори бзаджэщ,
ДэкIыжыхункIэ игу мызагъэ.
СэламкIэ унэм сэ къыщIыхьэм
ПщIэ хузощIыфыр, къысхуеблагъэм.

Ныбжьэгъу зэгуэрым къысхуэкIуауэ
А хьэр къепхъуэну къысфIэщIат.
Сызэгуэпауэ хьэм и джабэр
ЩIэзудри, и гур хэзгъэщIат.

ДэкIащ зыбжани, си ныбжьэгъуу
Зэ згъэхьэщIари кIуэдыжащ.
ФIы игу къысхуилъу си гугъами,
Сызэрыщыуэм гу лъыстащ.

Хьэр къезмыгъапхъуэу сэ блэсшари
Езыр хьэм ещхьу къыщIэкIащ.
БашкIэ сызэуэу зигу хэщIари
Нэхъ жыжьэ плъэни хулъэкIащ.

Удын есхари щогъупщэжри
Мэджэгу, бжэIупэм пхуIумыкI.
Сэ зыхэсщIащи псалъэ дыджыр,
Губгъэныр ноби сигу имыкI.

* * *

Дунейр мычэму къощIэращIэ,
ДыдощI ди гуапэу щIэм жэрдэм,
Щытхъупсри тфIэфIу тедгъэлъадэу
Жьы зэдмыпэсыр мэхъу Iумпэм.

Сэ цей игъащIэм щыстIэгъакъым,
Пщэдэлъыр здэлъу къызокIухь.
Дэмыт си пщIантIэм шы фIэдзапIи,
IэщIыб ящIахэр гурымыхьщ.

Сядэшхуэр Iэзэт Iэщэ щIынкIэ,
Щхьэл мывэ ищIу фIым щыгугът.
Сэ зэIузощэр псалъэр усэу,
Си анэм и бзэр си нэрыгъщ.

Сэ сагъэщIахэм щыщ зы псалъэ
Бзэм хэзмыгъэщIу си гум илъщ.
Ар зэзымыпэсми пщIэ хуэсщIакъым,
Ар зыфIэмыфIми сыпымылъ.

Чэзум хуэзгъазэрт си усэныр,
ЩIымахуэу вакIуи сыдэмыкI.
Сэ сызэхъуапсэр си нэрыгъти,
СфIэдахэр стыну сигу пымыкIт.

Сэ хадэу звари адыгэбзэщ,
Аращ сиIари псынэ къабзэу.
Абы и уэшхым сыхэт защIэу
Сыхъуащ дунейми сэ щыгъуазэ.

Бзэр адэ-анэм сагъэщIащи,
Сэ яхузощIыр тIуми фIыщIэ,
Ауэ си жагъуэ мэхъу зы закъуэ –
Си быным си бзэр зэримыщIэр.

# АДЫГЭ ЦЕЙ

Щыгъащ си адэ сэ цеищхъуэ,
Хьэзыр Iупэхур сэ сощIэж;
А цейр си анэм и IэщIагъэт –
Идыфырт, ищIмэ гукъыдэж.

Адэр шым шэсым – и щыгъыну,
Хьэзыр къэсыхуи зы гыныгъуэт,
Гъуэгуанэ дапщэ зэпичами,
Уанэгу зэрысыр и щIэщыгъуэт.

ЗэIущIэм кIуэми, вакIуэ дэкIми –
И цейр хуэфIыпсмэ, щыгуфIыкIырт.
Е джэгум щIалэр щызэхуэсми
Цей зыщымыгъыр къыдэмыкIт.

Гублащхьэм дэсми лэжьакIуэшхуэу
Е инэралуи ар къэлъытэ,
ЦIыхубз IэщIагъэу цейр щымыгъмэ,
Гуп яхэмыхьэт мыукIытэу.

Iэпкълъэпкъ гъэдахэт а щыгъыныр,
И цеймкIэ лъэпкъыр хэтми къащIэрт.
ЯукIыпауэ лIы къашэжмэ,
Ипхъуат и нэкIум и цей къуащIэр.

ЛIэщIыгъуэ дапщэ екIуэкIами
ЦIыхубзхэм дежкIэ цейр IэщIагъэт.
Ара си гугъэщ нобэ къэси
А цейр лъэпкъ псоми щIыщатIагъэр.

# УСЭ ШЭРЫУЭ

## АБГЪУЭ УИСМИ

Уае хъурэ – зет бгъуэнщIагъым,
УэфI хъужыхукIэ ущIэтынщ.
Ер зи натIэр абгъуэ исми,
Ем а лъагъуэр къигъуэтынщ.

## КЪАНЖЭ

Си джэдыкIэр бгъэм кIэщIэздзэу
Бгъэ къришмэ, куэд слъэкIынщ,
ЖиIэу къанжэр щыгугъами,
Бгъэ бзу лъэпкъым къахэкIынт?

## НЭПС

Угузасэми, уи гум хэхъуэми –
ТIум щыгъуи нэпсыр пхуэмубыд.
Уи гъын итIани зэтеIыгъэ –
Нэпсым мывэшхуэр зэгуеуд.

## ПАШЭ

ЖьакIэ тету лIыжь щалъагъум,
Арщ нэхъ Iущри, тщIынущ пашэ, –
ЖаIэу Iэджэ зэрызехьэрт…
Арти къащIэр ажэр лъашэу.

## ЖЭЩРЭ МАХУЭРЭ

Дыгъэр къухьакъэ – вагъуэбэщ,
Къалъытэ мазэм хэщIауэ.
Дыгъэр къыкъуокIри, аргуэру
ПокI и фэр мазэм, шынауэ.

## ХЫМРЭ ПСЫМРЭ

Хым псыр хэлъадэм, зещIыр хуэм.
Хыр къоукъубийри мувыIэж.
Ар хъущIэ хуэдэу зищIами,
Псым къигъэзэжу къэмыкIуэж.

## СИ ЖЫГ ХАДЭ

Си жыг хадэм псалъэмакъыу
ЯIэм гъуни имыIэж.
ХьэщIэу къакIуэм сыт жаIами
Жьыбгъэр къосри хуаIуэтэж.

## ПСАЛЪЭ ГУАУЭ

Уи псалъэ гуауэ зэхэсхыхукIэ,
ПсэзэпылъыпIэр зэпауд.
Къытехэ хуэдэщ уэшхуэ хадэм –
Япыт къэмынэу къапиуд.

## ДЫГЪЭ

Къозытым хуиткъэ къуимытыну?
Сэлам ухуейми иумыхыж.
Пщэдджыжьым дыгъэм нэху къуитамэ,
Пщыхьэщхьэ хъумэ, птрехыж.

## ЛIАРИ МЭГУПСЫСЭ

Дуней хьэзабыр яшэчами,
ЩIым щIэлъыр гугъэу я гур хощI:
Щыпсэум IэфI закъуэ яIухуамэ,
Дунейр IэфI хъуауэ лIам къафIощI.

## МАФIЭС

ФIы пщIэнум, куэдрэ зумыIэжьэ:
Жьы зимыгъэхъуу хэт лъэкIа?
Жьы ухъурэ – мафIэ уэ къуадзауэ –
Псыкъуий къэптIынум упыкIащ.

## УИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭ

Мазэ сурэтыр псым къыхощыр,
Толъкъуныр жьыбгъэм зэрамыхуэм.
Уи лъагъуныгъэр ещхьыркъабзэщ –
Дунейр щыбзыгъэм зэ уогушхуэ.

## КЪЫУМЫГЪАЗЭ

ЗауэлIым псалъэр хуэбгъэдэнум,
ЖыпIам утекIыу къыумыгъазэ.
ПашэфI зыгъуэтырщ хъур кIуэкIафIэ –
Гурылъ нэхъ дахэр щIы уэ гъуазэ.

## ДЫГЪУЖЬ

Жагъуэгъу сэламыр сытым щыщ,
Ар къеIызыхым сигу щIэгъуащ –
Дыгъужьым и цыр ихъуэж пэтми,
И хьэл ихъуэжу уэ плъэгъуа?

## ШЫД

ДэкIауэ Iуащхьэм зы шыд пэху
Лей къылъагъэсри хъуат емыкIу.
ИтIани шыдыр бгым дэмыкIмэ,
Сыт ебгъэшхами, ишхыр мыткIу.

## УЭЛБАНЭ

Зэм укъытохьэ, зэм утокIыж –
Уэлбанэм хуэдэщ уи дунейр.
Зэ уэфI хъужатэм, жытIэ пэтми,
Уи нэгу мычэму щIэтщ нэщхъей.

## КЪУРШЫПС

ФхузощIыр щхьэщэ сэ къуршыпсым,
ИгъащIэм фиIэщ гукъыдэж.
Зы псыхъуэ закъуэщ фэ вгъэлъапIэр,
Фи уэрэд закъуэр фогъэпэж.

## ЗЫ АНЭМ И БЫН

Зы анэм къилъхур мэхъу зэхуэдэ –
Зэхуэдэу къалъхур яузэщI.
Зы лъагъуныгъэм гур хегъахъуэ,
Зы лъагъуныгъэм гур хегъэщI.

## ШЭФТАЛ

Шэфталым хуэдэу гъагъэ щыIэ?!
Ар си IэщIагъэу щытыгъам,
Дунейгъэдахэу салъытэнти,
СалъэIэсынут си гугъам.

## ЩЭХУ

Нэпкъ задэм дэту псыр IумпIафIэу
КъыдамыгъэкIыу дэни яшэ,
И щэху зы нэпкъми жримыIэ,
Хы хэлъэдакъэ – хъунщ къэхашэ.

## ДЗЭЛ

ЩIымахуэт. Дзэлыр паупщIауэ
Къуэм щаухъуэнщIри къыдэнат.
Къыщысым гъатхэр – жыг лъабжьэншэм
КъэпцIауэ тхьэмпэ къыпищIат.

## НЭЖЭГУЖЭ

Нэжэгужэм и гур жанкъэ,
Нэжэгужэр щхьэпырех.
УмыщIэххэу ухуэзакъэ –
Укъигъащтэу гур ирех.

## СЫЗЫПЭПЛЪЭ

Си псэм фIэфIым мафIэ хуэсщIмэ,
Си псэм хэтыр пэрыуэн?
Си нэм хуэсхьым и щхьэц Iувыр
МафIэ бзийуэ соухуэн.

## ПЦIЫУПС И УНЭ

ПцIыупс и унэ мафIэм есыр,
ЖаIати хъуакъым зым и фIэщ.
Гъунэгъу пцIыупсым «сокIуэ» жиIэу
Бгъэдэтщ, зыгуэрым йочэнджэщ.

## АНЭДЭЛЪХУБЗЭ

Къуэр лъэпкъым дежкIэ къупщхьэм хуэдэщ, –
Щытащ ар жаIэу пасэрейм.
Анэдэлъхубзэр хъуа къупщхьэншэ –
Зы къуэфI иIамэ, тетт дунейм.

## ГЪАЩIЭР IЭФIЩ

Дунейм къытехьэр къохъу щыгувэ,
ТекIыжрэ – гуфIэу темыкIыж.
Зы жыгыр жылэм къыпкъырыкIми,
ЩIым хокIэр кууи, пхуимычыж.

## УИ ЩIЫНАЛЪЭ

Нэхъ щIыпIэ дахи хьы жылапхъэр –
И мыщIыналъэ къыщымыкI.
Хэгъуэгу нэхъ дахэ ухуэзами,
Укъыщалъхуари уигу пымыкI.

## ЩХЬЭХУЕЩЭ

Щхьэхуещэр тхэмэ, итхыр пхокIыр:
Зыр егъэбампIэ, зыр егъэмэх.
Дунейм апхуэдэр щытекIыжкIэ,
Итхари псынщIэу кIэлъыщIах.

## ПЩЫХЬЭЩХЬЭ

Дыщэпсыр жыгым къаполъэлъ,
Пшапэр зэхэуэм, чэфщ дунейр.
Псыр жэм Iэхъуушэм йоIущащэ,
Пшэ зэщIэнахэр къуршым докIуэтей.

## ХАМЭКIУТIУ

Я унэ пэкIэу псы зэрефэр
ЯхуеIуэ хамэу нэхъ и щIасэм,
Хамэ бжыхь джабэр и хэщIапIэу,
КъекIухь езыми хьэхэбасэу.

## ЗГЪЭХЬЭЩIЭНУЩ ВАГЪУЭР

Згъэхьэщ1энущ вагъуэр, згъэлъэпIэнущ вагъуэр.
Я хьэщIагъэр дахэу унэм къыщIыхьэнущ.
Къысхуехынущ уафэм, щыджэгунущ щIылъэм,
СадэкIуатэу сэри уэгум садихьэнущ.

## ГУУМРЭ ТХЬЭКIУМЭКIЫХЬЫМРЭ

– ЗыIуегъэхыт псынщIэу! – жиIэу гуур мэшхыдэ.
– Сэри стеткъэ бжьакъуэ, – ар модрейм имыдэ.
ТхьэкIумэкIыхьу плъагъур къуажэ гууми йощыр:
– Фыз куэдыщэ уиIэщ, – жеIэр, – уэ, джэмыдэ.

## УИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭ

Уи лъагъуныгъэу си хъуэпсапIэр
ПшахъуэщI губгъуэшхуэу, мес, гъущIащ.
Псыдзэ иутIыпщхьэ, армыракъэ –
Уэлбанэ уэшхкIэ хъункъым ар гъэнщIа.

## ТХЬЭМПЭ ЗАКЪУЭ

Зы тхьэмпэ бжьыхьэм къыпынати,
Жыгым ар ныпи ныхуэхъуащ.
Жьыбгъи борэни къеныкъуэкъути –
Жыг псоми тхьэмпэр къацIыхуащ.

## ПОЭТ ЩIАЛЭМ

Уэ узэфэну псы къабзэр
КъыщIэмыжауэ си гугъэщ.
ЗыкъыздумыщIыт упIащIэу –
Пшэм хэт нур дахэр уи дыгъэщ.

## АТОМ

Ар щIы къатиблым щIэст игъащIэм –
Къару зищIысыр зым имыщIэу.
Иджы хъуащ нахуи – ди пщIыхьэпIэщ,
Ар зи IэщIагъэм хуэтщIу фIыщIэ.

## УИ НАТIЭМ ИЛЪ

Мывэ нэхъ лъагэр нэхъ шынагъуэщ.
И пIэм илъ закъуэм, щхъуэц трещIэ.
Ауэ къехуэхыу зэ къежьакъэ –
Бгыр къыгуегъэури, псыри IуещIэ.

## НАСЫП

ЩIалэм хьэщIэ и щIасэщ,
Нэхъыжьыр ящIыр чэнджэщэгъу.
Гур зыщамыхуэр насыпщи –
ЗимыIэм уи гур щIэгъэгъу.

## ЛIЭНЫГЪЭ

Е мыукIытэ е пхуэмышынэ –
Тетщ лъэбакъуэхъуу дунейм.
Хуеймэ, унэм ныщIохьэ,
Къоджэм, ужэнущ и дей.

## ЗЫЗЫГЪЭГУСЭ

Зызыгъэгусэр щIогъуэжыр,
ЦIыху тэмакъкIэщIыр хуэмыхущ.
Щхьэм батэкъутэ игъэшми,
ПыIэм и зыци хэмыху.

## ЩЫГЪЫН

ЩхъуантIагъэр гъатхэм и щыгъынщ.
ЩIымахуэм хужьу зэ зеужь.
Зи ныбжь хэкIуатэм арагъэнщ
Нэхъ къыщIыхахыр жьакIэ хужь.

## ЖЫГ ЛЪАБЖЬЭ

Дунейгъэдахэр жыг баринэщ.
И лъабжьэм уеплъмэ – зэрыхъащ.
И гъуэгум ещхьщи и сурэтыр,
ЩIы щIагъ щылъыхъуэр сытми тхъа?

## ЗЕЙ

Жыг щIагъым щIэту зейр мэгъагъэ,
Гъэр йокIыр, дыгъэ къытемыпсэу,
Зэ плъыжь дыгъэншэу къыпыкIэн –
Аращ а жыгыр зэгупсысыр.

## ПСЫ IЭФI

Нэхъ иныр, дауи, нэхъ цIэрыIуэщ,
Нэхъ цIыкIум сыткIэ Iун и цIэфI.
СощIэж сэ куэдрэ сыхуэзауэ
Псы цIыкIум щыщыр щыпфIэIэфI.

## НЫБЖЬЭГЪУ ПУД

Бгъэунэхунум ныбжьэгъур,
Ухуэмеиххэ уэ куэд.
Ет щIыхуэ тIэкIуи – зигъэпщкIурэ,
Ептари зэптари гъэкIуэд.

## ЖЬЫБГЪЭ

УсакIуэр жьыбгъэм хуэусати,
И анэр ноби, мес, мэгуIэ.
А жьыбгъэм и псэр ипхъуэтауэ
Итщ губгъуэ иным темыпыIэу.

## ГЪАЩIЭ IЫХЬЭ

Уи гъащIэ Iыхьэр бгуэшу хъутэм –
Махуэ зырызти сэ си гъащIэр –
Игъуэ нэмысу гузэсахэм
Яхуэзгуэшынут сахуэпIащIэу.

## ПСЫIЭРЫШЭ

«Батэр егъэшыр псыIэрышэм!» –
ЖыпIэм, ди жыгхэм ямыдэ.
– Нэгъэс, – жи, – хышхуэу зыщIэкъум –
Хъунущ нэхъ мащIэ я тхыдэр.

## ЧЫ ЩЕУЭМ

Чы лантIэр хаIур, шу джэгунум –
Ягъуэт сыт щыгъуи чы зырыз.
Чы щхьэкIэр сэшхуэм пигъэлъэтмэ,
Жыг ар зылъагъур мэкIэзыз.

## БЖЕИТI

Жыг хьэщхьэтеуэр зэранышхуэщ:
ГуещIыкI къудамэр – къуэм къыдонэ.
Зырызу итыр мэхъу хьэлэчи,
Жыг зэлъэIэсхэр къызэтонэ.

## ЩИХУ

Щихущхьэм абгъуэр пыIэ фIыцIэу
Тез зыщIыф бзухэр къыпхуэщIэн?
Бзу шыр имысми, гущэм ещхьу,
ЩIымахуэм фIэфIкъэ щIиупскIэн.

## ИНРЭ ЦIЫКIУРЭ

Инрэ цIыкIурэ зэгъэзауи,
Нэхъ цIыкIур хъуакъэ лъэгущIэтын.
Аращ щIафIэфIыр, лъэщым хуилъу,
И хьэлъэ цIыкIум даIэтын.

## НАСЫП ХЬЭЩIЭ

И зы блатхьэр мазэу жаIэ,
И зы блатхьэр гъатхэ дыгъэщ.
КъокIуэ-къолъэ насып хьэщIэр –
ЩIэин лъапIэу адэ гугъэр.

## ПЫПХЭ

Уэ плъэмыкIынур, IитIыр пшиймэ,
Нэхъ пхулъэкIыну уи гугъат.
И IитI шияуэ хъарбыз хадэм
Пыпхэ хагъэувэу сэ слъэгъуащ.

## ГЪАВЭ ТЕЗЫСЭ

Гъавэ тезысэр мэхъу нэхъ мащIэ,
Гъавэ щыгугъыр йолеекI.
ФIы зи Iэдакъэ щIэзыгъэкIыр
Дунейр къутэхукIэ тхыремыкI.

## ТЕТЩ ДУНЕЙМ

ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ,
Ар жиIэгъами пасэрейм,
Игъэунэхуауэ мыхъу си фIэщ,
Игъэунэхуамэ – тетщ дунейм.

## ЗЭФIЭНЭ

ЗэфIэнэм жыгыр ягъэсысыр.
ХъуэнитI зы хъуэным къыпеуд.
Жьым бэлыхь къихьыр пхуэухынкъым,
Зыбубыдыфрэ – зыубыд.

## ЕРЫЩ IУПЭ

МафIэр нэхуу хужь сурэтми,
Iугъуэм унэр фIыцIэ ящI.
Ерыщ Iупэр хужьу плъагъуми,
И гур бзаджэм, уфIыцIащ.

## ЛЪАГЪУЭ ЗАКЪУЭ

Укъытехьэнум дунейм,
Iэмалу иIэр мымащIэ.
Ущехыжынур нэхъ Iейщ:
Зы лъагъуэщ иIэр – зэгъащIэ.

## УИ СЭШХУЭМ

Уи сэшхуэ закъуэр къыипхащи,
Зылъагъум я гур къэрехыр.
Дыгъэм и сэшхуэр мин Iэджэу
ЩIылъэм сэламыр къэрехыр.

## ГЪУЭГУ ЗЫРЫЗ

Псым ихьари къимыххьыж,
Жьапщэм ихьым къимыгъазэ,
Псым сышэсри сэ сежьащи,
Жьым уэ шэси дэни гъазэ.

## КЪИИНЫМ И УНЭ

Унэр щыхуащIым куэд гузавэрт,
Нэхъ дахэу ящIмэ, фIэфIат.
Къиин гумызагъэм имыдэу
Къричри щхьэкIэ хисат.

## ЩЫТХЪУПС

СыцIэрыIуащэрэт, жыпIэ защIэу,
Щытхъупс птемыткIуэм, уогуIэж.
УмыщI уи жагъуэ, си къуэшышхуэ,
КIыгуугуми и цIэ ирeIуэж.

## IУБЫГЪУЭ

Сэ лъагъуныгъэу зы Iубыгъуэр
Зэгуэр сфIэмащIэу сыщыкIат.
Иджы ткIуэпс закъуэр си нэ-си псэу
Схъумэнут, уи гум къыпыкIам.

## КЪАПЛЪЭНЫФЭ

Къаплъэн джэдыгур сщыгъкъэ, жыпIэу
Зэпкун хуэмейхэм уэ иумыку.
Иремэлыфэ уи джэдыгур –
Шхы, узэуэнум, дыгъужьыгу.

## ШУ ЦIАХУЦIЭ

Уигу зишхыхьыжу упсэуным
Нэхъ гугъу сыт щыIэ – умэхынщ!
Шы уэдыр цIахуцIэу укIуэфын,
Шэсари псынщIэу къепсыхынщ.

## IЭФIРЭ ДЫДЖРЭ

IэфI зышхыр дыджым пхуемыIусэ,
Дыджыр зи щIасэр IэфI хуэмей.
ЦIыхум яфIэфIыр зэтемыхуэм,
Нэхъ тетыгъуафIэщ ди дунейм.

## ДЖЭРПЭДЖЭЖ

Зыгуэр къоджакъэ фIы игу илъу –
Лъагъу и хьэтыри уэ пэджэж.
Уи цIэ ираIуэм диным уикIмэ –
Уэращ жыхуаIэр джэрпэджэж.

## ЩЭХУ

ЩIы щIагъым щIэту псыр ежэхрэ –
Ар зэнзэныпсу къабзэ дыдэщ,
Уи щэхуу пхъумэр абы хуэдэщ,
Мэутхъуэ занщIэу, нур хэлыдэм.

## ЦIЫХУ КЪАВЭ

Бэлыхь зытелъым дэIэпыкъу,
ЦIыху дэхуэхари гъуэгу тешэж.
Къыхуэхь псы хуэлIэм псы шынакъ,
ЦIыху къавэ плъагъурэ – къэгъэзэж.

## ГЪАТХЭ УАФЭ

Хьэщхьэтеуэм икъутами,
Хуэнэщхъейхэрт жыгхэр уафэм:
Гъатхэр къэсри, я къудамэр
ЯIэтахэщ зэрыджафэу.

## ЖЬЫБГЪЭ

Жьыбгъэ, жьыбгъэ темыпыIэ,
Къыпхэмыхъуэ е пхэмыщI.
Фыхуэзакъым фэ жыг хадэ,
Щхьэщэ жьыбгъэм хуэзымыщI.

## ПСЫ ГУЭЛ

Псы гуэлыр гъатхэм жэбзэжащи,
Еплъ – уафэ щхъуантIэм хуохъур гъуджэ.
Лъагъуныгъэшхуэм жьы къыпихур
Толъадэ гуэлым шы емылыджу.

## КЪУЭМ И ЛIЫГЪЭ

КъуэфI зиIэм и анэр гуфIэ защIэу,
Къуэм игъэхъахэр гум къокIыж.
А гурыфIыгъуэр щымыгъупщэм,
Жьы мыхъуу анэм къыфIощIыж.

## НАСЫП

Насыпыр цепкIи пхуэубыдынкъым,
Зэ даубыдами – къыдокIыж.
Насыпыншагъэр щхьэукъуакъэ –
Езы насыпыр къыкъуэжынщ.

## ТЕНДЖЫЗЫМ

Хым тетмэ, кхъухьыр дэнкIи макIуэ,
Гъуэгу къыхихынум езыр хуитщ.
Зым дежкIэ жьыбгъэр мэхъу зэран,
Зыр, жьы къемыпщэм, и пIэм итщ.

## ЖЬЫ УЩЫХЪУР

Уи жьакIэ тхъуакIэ, жьы ухъуа?
ЩIалэм ядэжи уэ къатеж.
Ныбжьэгъу уимыIэмщ жьы ущыхъур –
Ужьыщхьэ матэщ мис абдеж.

## КIЫФIЫГЪЭ

ЩIыр зэгуэудри я зэхуакум
Дэхуащ кIыфIыгъи, зеущэху.
Сэ дыгъэ нуру зы IэплIакIуэ
СиIам, дэздзэнти сщIынти нэху.

## ЗЫ АНЭ

ЩIылъэм тету псыр йожэхыр,
Уафэм телъкъэ пшэ гъынанэр?
КъызыхэкIыр тIури зыщ,
Емри фIымри зыщ я анэр.

## ПСЭ УИМЫIЭМ

УиIакъэ псэри – бгъуэтым къащтэ.
Сэр дыдэм лIэныр къыспэщылъщ.
Псэ симыIэжмэ, жыхьэнмэкIэ
Сыбгъэшынэну упымылъ.

## ТХЬЭМЫЩКIАГЪЭ

Iумылыр хэти къохьэлъэкI,
Жыгым трищIэм ирещIыкI.
Къулейсызыгъэр джанэм хуэдэщ –
МафIэ бзий гуащIэм къыхащIыкI.

## ДЕЛЭ

Акъыли хуейкъым цIыху ерыщыр,
Ем хутырелъхьэ гъущI лъэмыж;
Псыкъуийр и закъуэ исеинщи,
ЦIыху губзыгъищэм къатIэщIыж.

## ИЗРЭ НЫКЪУЭРЭ

Уэ пхуэдэу псори уи мыгугъэ –
Уэр дыдэр уохъур зэм нэгъуэщI.
Уыиз? Уныкъуэ? Ар фымыщIэм,
ЗэхущIэуэным гур хегъэщI.

## ДАНТЕ

«Дгъэсынщ поэтыр» жиIэу судым
ТIэуней суд ящIэу зэхахат.
Езым ищIщ мафIи, къыщылыдым,
Суд мафIэр занщIэу ужьыхат.

## ПСЫ ЩIАГЪЫМ ЩIЭЛЪ МЫВЭ

Кхъухь тетыр хахуэт, IэкIуэлъакIуэт.
Хыр къэукъубийми, фIэмыIуэхут.
Хы щIагъ щIэлъ мывэм жьэхэуэну
ИщIа кхъухьыпщым, хэкIуэдэху?!

## ФIЫМРЭ IЕЙМРЭ

ЩIыр довэ, досэ икIи допщIэ.
ПщIэней ар хъуауэ гъэри къос.
Аращ ди гъащIэр сэ зэзгъэщхьыр:
ФIым дыхуэпабгъэу, Iейри къытлъос.

## МАЩЭМ КЪРАПСЭЛЪЫКI

Хэт си бжэм, блэкIмэ, къеуIур?
Уэ пкIунур пкIуамэ, къеблагъэ.
Мыбы къыщIыхьэм, бзэмыIур
Мэхъу жьакIуи, и гур мэзагъэ.

## ПСАЛЪЭ ЩЫПТКIЭ

Псалъэ щыптк Iэ, мывэр псынщIэщ,
Бгым Жаншэрхъыу ар къожэх,
ЩыбгъэпэжкIэ, мэхъур хьэлъи,
ПхуэмыIэту уегъэмэх.

## САБИЙР СЫТ ЛЪЭПКЪ

Ахьмэд бынargншэу ихьт дунейр,
Сабий детдомым къаIихащ.
«Къуатар сыт лъэпкъ?» къыщыжраIэм,
«Ин хъурэ псалъэм, тщIэнщ», – жиIащ.

## IЭЩIАГЪЭ

Егугъу IэщIагъэм, жиIэрт сянэм,
Къызэущиеу игу къысщIэгъут.
Згъуэташ IэщIагъи – сощIыф
Сэ нэхъ нэхъыфIыр си ныбжьэгъу.

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ И ГЪУЭГУ ЗАНЩIЭ

Гъуэгу жыжьэр тыншмэ, унегъэсыр
Уздынэсынум умыгъуащэу.
Уи занщIэр хэпшмэ, егупсысыт:
Димыхьэхауэ пIэрэ уи гур пщащэм?

## ПСЫКЪУИЙМРЭ НАСЫПЫМРЭ

Псыкъуийм пэгункIэ псы къисхащи,
Зым изу къихъуэм, зым хуэныкъуэщ.
Сэ куэдрэ, куэдрэ згъэунэхуащи,
Аращ насыпым и гуэшыкIэр.

## МЫВЭ ГЪАЩIЭ

Бгыр къыгуэуати щелъэлъэхым,
КъыщIэхущ зы мыви щIивэжащ,
Зы напIэзыпIэ щIым телъати,
Псэуа а мывэм къыфIэщIащ.

## УСЭМ ХЭЛЪ МАФIЭ

ХэгъэпщкIуауэ хэлъщ уи усэм
НэщхъыфIагъэр, жаIэ защIэ.
МафIэ ящIмэ, дэп зырызыр
Яхьу хабзэщ пхъэм и лъащIэм.

## ПАЩIЭ

ЛIыр лIыгъэншэ – пащIэ тетыр
ФIаупсамэ, и фэр пыхут.
Ди поэтхэм нэхъ къэрабгъэр
ПащIэ цIырхъкIэ къыбоцIыху.

## ПСЫ ХУЩХЪУЭ

Хуиту жэхукIэ, псыр псы хущхъуэт,
ЖаIэу ефэм гу лъатащ.
ГъущI бжьамийхэр псым хуащIати,
Хущхъуэ хъуныр щыпичащ.

## ЖЬЫ ХЪУАР

Сэ жьы сыхъуауи? Нал согъэшыр,
Шым шэс слъэгъуамэ, сигу къолъэтыр.
Зигу жьы димыхур жьы хъугъуафIэщ,
Аращ сэ жьыбгъэм сыщIыхэтыр.

## НЭПС ТКIУЭПС

ЛIар къэхъужу жаIэ, теткIуэм
Псынэпс къабзэу зы псы ткIуэпс.
Узмылъагъумэ, сылIа палъэщ –
КъыстегъаткIуэ уи зы нэпс.

## ПСЫ НЭПКЪИТI

Псы IуфитIым зыр нэхъ лъагэщ,
Зыр нэхъ лъахъшэу псыр йожэх,
Лъагэр пагэу псым къыхощыр,
Мор тхъурымбэм ягъэмэх.

## ХЬЭМРЭ ЦЫЖЬБАНЭМРЭ

Хьэм цыжьбанэр пэщIэхуамэ,
Зишыхьащи сыт хуещIэн.
Банэр щхьэхуэу щытыгъамэ,
Хьэ дзэкъэкIэр зыхищIэнт.

## БГЫМ ПСЫ КЪЕЛЪЭ

Бгым псы къелъэм лэгъупыкъур
А къыздехым хепхъуэтыкI.
Лъагъуныгъэу ар фIэIэфIщи,
А и гъуэгум пхутемыкI.

## МАЗЭМ И ХЬЭЛ

Тету хахым хуэдэщ мазэр:
Къэунэхуакъэ – псыгъуэщ, гуакIуэщ.
Куэдрэ тетрэ – къиин мэхъужри,
Пшэ адрыщIым ар ягъакIуэ.

## ПОЭТ ХОР

Макъ зырызми, зэгъэкIуауэ
Поэт хорыр зэхуашэс,
Ауэ, жаIэр гурымыхьщи,
Зоныкъуэкъур нобэм къэс.

## ДЫЖЫГЩ

Бжэгъу джафэу пшахъуэм дыхаIуакъым,
Ди лъабжьэр куущи, лъэщщ лъэдийр,
Дыжыгщи, гъуари – къыдожыж,
Къудамэ щхъуантIэм зеукъуэдийр.

## ХЬЭЩIАПIЭ ЖЫЖЬЭ

ХьэщIапIэ жыжьэм щIэхъуэпсыныр
Псом япэ ситу къызоублэ.
Уи ужь къихъуэнум сахыхьэнущ,
Уэрэди схьынущ гъуэгу гъуэмылэу.

## ХЬЭ ЩЫКIА

Сэ схуэфащэр дыгъужь фызкъэ, –
ЖиIэщ хьэми мэзым кIуащ.
Хьэр бзэхауэ, зейр кIэлъыкIуэм –
Хьэм и къупщхьэм ныхуэзащ.

## ЩІЫХЬ

ЩIыхьыр шэкъым фоч уэ макъщи,
Фочыр уакъэ – мэIу и макъ.
ЦIэрыIуагъэм щIэмыхъуэпсу
ЛIыгъэ зиIэм фыхуэсакъ.

## МАФІЭ

МафIэ гуащIэ къуршым япкъырытщи –
ЕщI плъыжьыбзэ, уеплъмэ, я мыл джабэр.
Мис а мафIэм дыгъэр къыщхьэщытщи –
Къишияуэ и Iэр, гуфIэу зегъэхуабэ.

# «БАТЫРЫБЖЬЭ»

## 1977

---

### ПСЫIЭРЫШЭ

Мэдыхьэшхыр псыIэрышэр,
Уэрэд дахэри къреш.
Псышхуэ жыжьэм и хъыбарыр
Зэхихащи, лъагъуэ хеш.

ПсыIэрышэр зэрыпсалъэр
Си бзэр ару сэ къысфIощI.
Си нэ, си псэу арщ щIэслъагъур,
Щызмылъагъум, си гур хощI.

Псыр йожэхыр темыпыIэу,
Псы нэпкъитIым дэмыхуэж,
Дыщэ шууэ зэм щIихьами,
И макъ дахэр имыхъуэж.

Пщэдджыжь пшэплъыр псы нэкIущхьэм
ТеIэбакъэ – зэщIэплъащ.
Ещхьыркъабзэу цIыплъ сыкъэхъурт,
Си анэм и Iэр къыздилъам.

Псыр йожэхыр лъапэрисэу –
Къуршыжь лъапэм къащIэжащ.
ЩIыIэ мылу ар къежьами,
ЩIыIэр хуабэу ихъуэжащ.

Жьыбгъэр псыхъуэм дэгъуэщауэ
Мывэм тесу зэрыщэIу.
ПсыIэрышэ, зы Iуэхутхьэбзэ
КъысхуэпщIэну сынолъэIу:

Пщащэ псыхьэ нэху зэрыщу
КъакIуэм, уи пIэм уэ уимыкI.
Си уэрэдыр жепIэ защIэу
Си гум IэфIу къишхыдыкI.

ЖеIэ: мыви уэрэ дэрэ
ЩымыIэххэ дякум дэт.
ПэгунитIым из яхуэщIи,
Уигу иубыдэ и сурэт.

«Уи цIэр!» – жиIэу къоупщIамэ,
Си цIэр жеIи, гъэунэху.
Уэрэ дэрэ дызэхуэдэщ –
ТIуми тщIэркъым зыгъэпсэху.

# ГЪАТХЭМ И БЗЭ

Гъатхэм и бзэр хэт зымыщIэр?
Гъыбзэм псалъи щIремылъ.
И уэрэдыр зэхэзыхыр
ПIэм нэху щауэ пхухэмылъ.

Гъатхэм и бзэм къуалэбзуи,
Удзи, хади щогуфIыкI.
И уэрэдыр зэ жиIамэ,
Псэ зыIутым ягу имыкI.

Гъатхэм и бзэр бзэ IэфIыщэщ –
Си щIэщыгъуэу нэху согъэщ.
Лъагъуныгъэр зэрыпсалъэр
Гъатхэм и бзэу щIы уи фIэщ.

ЦIыхум я бзэр зэхуэмыдэ,
Я щIыналъэри зэмыщхь,
Ныкъуэкъуэныр я кум дэлъщи,
ЗылъэмыкIыр иракъухь.

Псы къиуари мэхъу гумащIэ,
ЯлъэIэсмэ зиIу гъущIам.
Зэхуэгубжьхэр зэкIужынут,
Я бзэр тIуми зэрыщIам.

Гъатхэр гуфIэу къыIуплъамэ,
ЩIылъэ щхъуантIэр мэхъур псэф.
Зэнэзэпсэу фыпсэунум,
Гъатхэм и бзэр зэвгъэщIэф.

* * *

Губгъуэ щхъуантIэм пыIэр къинэу
Хэт щIыналъэр зыбгынар?
Ещхьыркъабзэу уафэ къащхъуэм
Пшэ Iэрамэр щхьэ къина?

Иджы дыдэ, уафэр гъуагъуэу,
Щыблэр бгыщхьэм щэ еджащ.
Дунеишхуэм пшэр я тепщэ
КъыпфIагъэщIу, зэщыджащ.

Мо пшэ цIыкIур къакIэрыхуу
Пшэ фIыцIэжьхэр тIэщIэкIащ.
Шуми лъэсми гу лъыдмытэу
Куэд ди нэгум щIагъэкIащ.

Уафэгъуагъуи, щыбли, уэшхи
Пшэ Iэрамэр хэкIыжащ,
Жьыбгъэ щIыIэм я бэракъыу
Уафэ щхъуантIэм къинэжащ.

Упшэм, си псэ, ит уи пшапIэ,
Щыблэр сэшхуэу къипхъуэтыф.
Е ужьыбгъэ – гумызагъэу
Нэхъ бгы лъагэм щхьэдэхыф.

## ЗЭМАНЫМ ДЕКIУ

Зи пIалъэ къэсым гу лъыптэфмэ,
Уи гуащIэдэкIыр хэмыкIуадэ.
Жызум Iэрамэу къеблэблэхыр
Чэзур къэсакъэ – мэхъур фадэ.

Къэунэхури, уафэм гъатхэ мазэр
Итщ и къуапитIыр къэгъэшауэ.
ДэкIынщ зы тIэкIуи, мазэ някъуэр
КъыкъуокI изыбзэу, тIэкIу ешауэ.

Кхъуэщын шыпсылъэу е шынакъыу
ЯщIыф, кърахри бгым ятIагъуэр.
Е щIалэ цIыкIуу кIэн джэгуахэр
Шууей хъужауэ куэд уолъагъур.

Хъыджэбз унагъуэм къызэрихъуэу,
Гущэ уэрэдыр ирагъащIэ,
НысащIэ хъурэ бын игъуэтмэ,
Хупищэфыну зылI и гъащIэ.

Уи лъэрыгъыпсыр уи щхьэгъусэм
Зэм пхуиубыду удигъэкIырт.
Зэман докIыжри щхьэцыр тхъумэ,
Баш тIэкIу къуитыжущ хузэфIэкIыр.

Уанэгум сису сыкъэфлъагъуми,
А шур сэракъым. Сэламыхьу
IэдакъэщIэкIыу сэ къэзгъанэр
Шым къемыпсыхыу макIуэ щхьэхьу.

* * *

Ягъэш зэпыту батэкъутэр
Дунейр лIыфI дапщэм къащIэна?
Сэ жей игъащIэм сыщыщIами,
Iуэхутхьэбзэ сщIэну къэмына.

IэнатIэ Iутыр тезгъэгушхуэу
Зэгугъу и Iуэхум хызогъэщI.
Абы къыдэкIуэу напэр къабзэу
IэдакъэщIэкIым къысхуатхьэщI.

Си губжь нэгъуэщIым ятепщахэу
Зым игу сыпапщэу хэмыщIа.
СягъэкIэ хъууэ щыгъыныджэ
Зы цIыху щIымахуэм мыпIыщIа.

Псыкъуиймъ Iубыгъуэ къыщIэжыхукIэ
Лъагъуэншэу къумым къимынэн.
ГъуэгурыкIуэ Iэджэм я хэщIапIэу
Псы хуэлIэр хьэщIэу къыхуэкIуэнщ.

ЦIыху гуауэ-гуапэм къащIэжамэ,
Сыт щыгъуи усэр сфIэдыгъэлщ.
Фи зы псыхуэлIэ изгъэкIамэ,
Ар си насыпщи – фи хьэлэлщ.

## МЫЛIЭЖЫНЫГЪЭМ И ЛЪАХЭ

МылIэжыныгъэм и лъахэр
Гъуэгуанэ защIэу къысфIощIыр.
ЩIыр гъунапкъэншэу, бгы защIэу
Нэмысым и псэм куэд хощIыр.

МылIэжыныгъэм и лъахэм
ЩIымахуи бжьыхьи щымыIэ.
Дунейр нэху защIэу йокIуэкIыр,
Жэщи къыщыхъуу жамыIэ.

А щIыпIэм зи щхьэ зыхьыфыр
ЗылъэкI зырызыр аракъым.
Нэхъ лIы губзыгъэр нэсами,
Пащтыхьу ябгэр кIуэфакъым.

МылIэжыныгъэм и уафэм
Итщ дыгъэ нэхур, итщ мазэр,
Вагъуэ шу гъусэр щышэскIэ
Зэакъылэгъуу загъазэр.

А тIум пэжыгъэр я гъусэщ,
Щыми я нурыр зэIуащэр.
Щыри зэхуэдэу нурыфIэщ,
Ар пщыгъупщакъэ – уогъуащэр.

## ДУНЕЙМ И ПIАЛЪЭ

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ.
Фи фIэщ сымыхъум, сывгъэунэху.
Къуршыр пщэдджыжькIэ зыгъэнэхум
Сэ си гум фхуилъри къегъэнэху.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –
Збгынэн си щIасэр псэм пымыкI.
Зи шыр бгъэ анэу зыхъумэжыр
И абгъуэм жыжьэу пхуIумыкI.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –
Улъагэм, бзаджэм уаIэщIокI.
Мэз бжэн, фочауэр зэхихамэ,
Къуэм дэмызагъэу нэпкъым докI.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –
Iэмал щимыIэм, куэд уощIэф.
ХьэпщIом щыхь лъэщыр ирахужьэм,
И щхьэр и щIагъыу къуэм йолъэф.

ДыгъапIэ защIэу гъуэгу хэзышыр
Гъуэгу зэпычынкIэ мыерыщ.
Зэ дыгъэмыхъуэмкIэ умыкIуэм,
ЗекIуэ кIуэфахэм уащымыщ.

* * *

Жыжьэ сыплъэну сигу къихьа –
Щыгум сыдокIри зызоплъыхь.
Псы сыхуэлIауэ гъуэгу сытет –
Къуэшхуэм дэт псынэр си гурыхьщ.

Жэщ кIыфIу губгъуэ сыкъина –
Уэ сяпэ уитщи, сыгъуэщэн?
Си гурыфIыгъуэр усхъумэху
Насып мыухым къыпащэнщ.

Уэ узигъусэм, уэгум ситщ,
Абы къызетыр гукъыдэж.
Уи лъагъуныгъэу си псы хуэлIэр
ИзыгъэкIыни щымыIэж.

* * *

Пшэм мазэр хохьэр, къыхокIыжыр,
ЩытемытIысхьэ уафэм шэнт.
Си Iэпэр мы зэм иIыгъатэм,
Езыр зыдэкIуэм сыздишэнт.

Сэри жыласэм зыхуэзгъадэу
Уэгу щхъуантIэм гъавэр щытессэнт.
Си IэщIагъэщIэм фемысами,
«Убагъуэ!» –жыфIэу фезгъэсэнт.

Мазэр зыдэкIуэм сыкIуэпэнущ,
Плъагъурэ жагъуэгъур щIэгужьейр.
Жылэ хэссахэр вагъуэу къокIри
Арщ сэ хъуэпсапIэу сызыхуейр.

* * *

Унэр лъагэу дызощIей,
Унэ лъэгуи изощIых,
Унэ щIэсщIыр мэкъуейщIей –
Унэ щIыныр сегъэух.

Унэр жыгкIэ къызосэкI,
КъапымыкIэу сахокIыж:
Си ижэгъур къызэижу
Сэ хэссахэр къыхечыж.

Дэзщ уэрамым хуэдэ Iэджэ,
Сыкъалъагъум, заудыгъу.
ФIы яхуэпщIэр ящокIуэдри
Iей ящIауэ, фIым щогугъ.

* * *

Къуршхэм жамыIэу зы псалъэ
Тетщ пыIэ хужьхэу дунейм,
Сэлам къыхуахьми толъкъунхэм,
Яхэплъэгъуэнкъым пIейтей.

Пшэр зэхифыщIэу жьыр къепщэу,
Мэзыр гурыму мэщэIу.
Бгым щхьэрамыхыу я пыIэр
Хэт гурымами йодэIу.

Къуршым ягу илъыр яхъумэ,
Щыму яфIэфIщи щытын.
Си уэрэд тIэкIур къурш хужьхэм
Езгъэхъумэну естынт.

## ЗЕИЧ ЛАНТІЭ

Зеич лантIэу гъэшыгъуафIэ,
Си адыгэ хэку.
Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ,
Си адыгэ хэку.
Зи щIасэгъухэр зи жагъуэгъум,
Си адыгэ хэку,
Хигъэгъуащэу зи мыхабзэ,
Си адыгэ хэку.
Узижагъуэр псым хрепкIэ,
Си адыгэ хэку,
КIэлъыхэпкIэри епкIыхыу,
Си адыгэ хэку.
Уи жьэгу мафIэ щыужьыхым,
Си адыгэ хэку,
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку.
Къурш псы уэру сыкъехуэхми,
Си адыгэ хэку,
Пшахъуэ налъи пщыщ исхакъым,
Си адыгэ хэку.
Зы уIэгъэ уэ къыптехуэм,
Си адыгэ хэку,
УIэгъищэу зыхызощIэ,
Си адыгэ хэку.
Дыщэ шууэ уищI сихьэжым,
Си адыгэ хэку,
Сэламыхьу сыныпхуокIуэ,
Си адыгэ хэку.

* * *

Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ,
И кIэм иплъэни къамылъхун.
Зы гъуэгу техьахэр зэмызэгъми,
Зым и лъэужьыр зым ихунщ.

Доухуэ гъащIэр депIэщIэкIыу,
Iэдакъэм щIэкIыр гум пымыкI.
Гум илъ мурадыр къыдэхъулIэм,
Ди цIыкIуи ини щогуфIыкI.

Мылъахъшэу дощIыр ди унэшхуэр,
Зэтетми дапщэу – пхуэмыбжын.
Пшэ адрыщIым лъэIэсами,
ТфIэмыфI унэщIэм къехыжын.

Дэ тщIыр тфIэдахэщ – удехьэхыр,
ФIым хуащI лъэмыжри ди гунэсщ.
Ди псы Iуфит Iыр зэлъэIэсым,
ИкIынщ къэмынэу ди зы лъэс.

Сытетщ унащхьэм, унэ зыщIым
Яхэзмылъагъуэ лъэрымыхь.
Щыгъэ фхуэсщIыну вагъуэр соблэ,
Нэхъ пIащэ, жысIэу, сыхоплъыхь.

Iэдакъэм щIэкIырщ дызыIэтыр,
Мурадыр дахэм, пIэщIэхун?
Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ,
И кIэм иплъэни къамылъхун.

## ПСЫ ИКІЫПІЭ

Псым бэлэрыгъыр иреудыр,
Хыхьэфыххэнкъым лІы хуэмыху.
КъыфІощІ кууущэ емысыфым,
Уназэу и щхьэр, псым еплъыху.

Сэ згъэунэхуакъэ псы и пІалъэ –
Къэрабгъэм жаІэр мыхъу си фІэщ.
Псы Іуфэр задэу мывэ лъагэм,
Жэщым къыхуэзэм нэху ягъэщ.

Сэ и кууупІэм сыхыхьами,
Си бгъэм псы уэрыр къэс къудейщ.
Зы шуи лъэси зэмызэгъыу
ДызощІ толъкъунхэм ислъэмей.

Ныбжьэгъу псы ябгэм ирихьэхмэ,
Си закъуэпцІийуэ срелъэс,
Абдейр кІуэдып Іэ сэ схуэхъуами,
Гузавэу слъагъум салъоІэс.

Зэгуэр псы уэрым сыхадзауэ
Сихьыным мащІэт къысхуэнар.
Къыстет зи нэІэ щымыІатэм,
Си пыІэт ныджэм къытенар.

# ЖЬЭГУ

ЗэщIонэ мафIэу жьэгум дэлъыр,
МафIэ бзий гуащIэр Iэбэлъабэу.
Жыгей дакъэжьхэм, зэщIэнауэ,
ЩIыIэ хэт лIами ягъэхуабэ.

Жьэгу мафIэр сэркъым щIэзыгъэстыр –
Си гъащIэр пхъэщи, махуэ дапщэ
Сэ къысхуэнами сымыбжыжу
Сегъэгузавэ, къэхъумэ жьапщэ.

ГъуэгурыкIуэ дапщэ сахуэзами:
– ЩIыIэм хэтахэр фыкъеблагъэ! –
ЯжесIэу, куэдрэ сэ сапожьэ,
Къемыблэгъауи сигу мызагъэ.

Шу гуп къепсыхрэ сахэплъамэ,
Си сэламыхьи хэзмылъагъуэ.
Зи Iуэху пщIэгъуалэр щысщ уэршэру,
КъыщIэкIыхункIэ Нэхущвагъуэр.

Жьэгум дэлъ мафIэр мыункIыфIыу
Си гъащIэр есыр дэп имыщIу.
ЩIымахуэм щыщу е гъэмахуэу
Къэнэнкъым махуэ имылыпщIу.

* * *

Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми,
Дунейгъэдахэщ, уисыжыху.
АдэцIэр ди къуэм яфIыдощри,
А цIэр зеяхэр гум имыху.

Адэжь щIыналъэм сыт щыкIуэдми,
ФIы хуэпщIэ тIэкIур щымыкIуэд.
Дунейм тетахэр ехыжами,
УалъэщIыхьэныр, зий, мыкуэд.

Адэ щIэину сыт дгуэшыжми,
Я лIыгъэр ноби мыгуэша.
Я нэгу нэщIэбжьэу сыт щIэкIами,
Яхэткъым гухэу къэхэша.

Гуэдз пхыр къэхауэ яхуэмыIуэм,
Зэтралъхьакъэ – ящIырт щэдж.
ГуфIакIуэ кIуакъэ – нэжэгужэт,
IэнатIэ Iутмэ, жьырытэджт.

Чэнджэщу псалъэ щыжаIэнум,
КупщIэ зэрылъыр я гунэст.
Я гъуэгу зырызу зэбгрыкIми,
Щыгузэвэгъуэм, зэлъэIэст.

Зи цIэ зыхъуэжи яхэтакъым,
Хэт сыт фIащами я гурыхьт.
Иджы адэжьхэм я цIэ тIэкIум
Къуалэбзу хужьу къалъэтыхь.

Абгъуэншэ бзухэр хадэм къихьэм,
Хуэзыгъэдалъэм зи къурагъ,
Iыхьлыншэу губгъуэм къинэ щIалэу,
ЗэхуищIыжакъэ и щIыбагъ.

## БГЫМ ДЭКI ГЪУЭГУ

Гъуэгур бгъузэщ, гъуэгу къуейщIейуэ,
Мывэ нэпкъым дынокIуэкI.
Уэгум дитщи, ди вы бжьакъуэм
Пшэ Iэрамэр иракъуэкI.

Бгым дэкI гъуэгур нэшэкъашэщ,
ЩхьэщыхупIэхэр гъунэгъущ,
Вы пэхуитIыр увыIами,
Гур гъэпсынщIэ, си ныбжьэгъу.

Уаещ нобэ, шылэ мазэу,
Неуэт витIым, дыгуващ.
ИбгъукIэ уплъэм, къуршыр лъагэщ.
Уеплъыхыжмэ, псы къиуащ.

ХьэIуцыдзу пшагъуэ щIыIэм
Ди лъэужьыр къихуу къос.
Жьыбгъэр нэпкъым къыкъуэлъэтмэ,
Уэшхыр щIэту уэси къос.

Вы пэхуитIыр увыIэнущ,
ЯIухуакъым удз мылыф.
Выуэч лантIэр бгъэдэлъами
Гур бгы задэм дамышыф.

Пшапэр пасэу зэхэуащи,
Къуршыбгъэжьхэр мэзэгъэж.
Ди хэщIапIэ хъунур тщIатэм,
Нэхъ диIэнут гукъыдэж.

Бгым дэкI гъуэгур нэшэкъашэщ,
ЩхьэщыхупIэхэр гъунэгъущ.
Вы пэхуитIыр увыIами,
НэгъэпсынщIэ, си ныбжьэгъу.

## СИ ХЪУЭХЪУ

Сывохъуэхъур гъуэгум тетым,
Фи гъуэгуанэр ирепсынщIэ.
Анэу гущэр щIэзыупскIэр
Мамырыгъэм щремыщIэ.

Псыуэ къажэм я нэхъ уэрыр
Ухъу, фыхуеймэ, псы IумпIафIэ.
Зауэм Iутыр хъуа уIэгъэ –
Ухъу зауэлIыр хъужыкIафIэ.

Сывохъуэхъур гъавэ зыщIэм:
Жылэ тефсэр иребагъуэ.
Сывохъуэхъур фи нысащIэм
Игъуэтыну къуэ абрагъуэ.

ГъащIэм фIыкIэ къыпызыщэм:
– ЕтIанэгъэ фIыкIэ нэс! –
ЖысIэу и Iэр субыдамэ,
Нэр зыдэплъэм лъэр лъоIэс.

* * *

Сэ бгым сахуэдэу хьэлъэ стелъщи,
КъыздэвгъэпсынщIэм, си насыпщ.
Къэукъубияуэ псыежэхыр
Сэ ткIуэпс зырызу къызощып.

Сэ бгым сахуэдэу хьэлъэ стелъми,
Уэс стелъыр зыми езмыта.
Удз щыгъагъэу, бгъэр щыгъуалъхьэу
ЩIыналъэ дахэ сэ сIэтащ.

Сэ бгым сахуэдэу хьэлъэ стелъми,
Згуэшын си хьэлъэр сигу пымыкI.
Псы къиуа макъкIэ сыкъэпсалъэм,
Си псалъэр псоми зэхащIыкI.

Сэ бгым сахуэдэу хьэлъэ стелъщи,
Гугъуехь сэ си псэр щымыщIэн.
Ар пэжрэ пцIырэ зэбгъэщIэнум,
Къиувэ си пIи, сыкъэпщIэнщ.

* * *

Бахъсэныпсым хуэдэ щыIэ:
Йох, утхъуами, къимыгъазэу.
И къытехьэр текIыжамэ,
Къожэр псынщIэу псы къабзабзэу.

Бахъсэныпсым хуэдэ щыIэ,
СощIэр, сощIэр сэ и пIалъэр.
ЖэщкIэ жыгым Iэр къашиймэ,
Вагъуэр хэзу псыр щIагъалъэ.

Бахъсэныпсым хуэдэ щыIэ,
Щхьэл бгъэувми пхуегъэлажьэ.
Къуршым Iэгур хущIауду
Псыр къыщежьэм кърагъажьэ.

Бахъсэныпсым хуэдэ щыIэ,
Жэщи махуи пхуэмызагъэ,
Хышхуэм кIуэуэ иунэтIащи,
ФIейр къигъанэу, ехь къабзагъэр.

* * *

*Темыркъан Юрий хуэзгъэфащэу.*

Къажэ, къажэ, псыIэрышэ,
Къурш сэламыр къытхуэзыхь,
Жыгей мэзхэр зыгъэбжьыфIэу
Мывэ нэпкъым ящымысхь.

Уэ мыл гъуджэм уакъыпыткIуу
Ущыпсынэм ужэбзащ.
СыщыцIыкIум лъапцIэу сыжэм,
Уэщхьу сыжэ си хабзащ.

Къажэ, къажэ, псыIэрышэ,
ЩIыIэтыIэр тыгъэ къэщI.
Iуащхьэмахуэ укъилъхуащи,
IэплIэ псышхуэм уэ къыхуэщI.

Уи адэ-уи анэм я хъыбари
Убзэрабзэу дегъэдэIу.
Плъагъурэ, псышхуэу узыхыхьэр,
Гугъу ехьащи, тIэкIу мэщэIу.

Къажэ, къажэ, псыIэрышэ,
Укъыздик Iыр дауэ щыт?
Къурш Iущыгъэр уи гум илъым,
Хъумэ, си псэ, зым иумыт.

Уи цIэ фIыкIэ хэкум щоIури
Узибыныр гуфIэжынщ,
Гъуэгуанэшхуэ зэпыпчащи,
Уи мыгугъэ бгъэзэжын.

# ЛЕРМОНТОВ

Сэ уи лIэщIыгъуэм сыдокIуатэ,
Си гуапэщ дыхъумэ зэгъунэгъу.
Дяку илъэсищэ зэрыдэлъу
Дэ тIур дыхъуакъэ зэныбжьэгъу.

УтIэщIэкIуадэм арт зыхуейри,
ГуфIэнхэу тхэныр пIэщIэхуам,
Пащтыхьу ябгэм и унафэу
Си хэку къэкIуэныр къыпхуихуат.

Жагъуэгъум гугъэр хырагъэхыу
Си лъэпкъыр фIыкIэ къыпIущIащ.
Я къуэшым хуэдэу укъалъагъуу
Уи бийхэм я гур хагъэщIащ.

Си шыпхъухэр жьыуэ къыпхуэтэджти –
Уи гъуэгу гъуэмылэр хьэзырыпст.
Уиш ушэсыжмэ, сыбдэкIуатэу,
Къыпхуескъузэхыр лъэрыгъыпст.

Ди Iисмахьили и хъыбархэр
ПхуэзыIуэтари сэ си къуэшщ.
УхьэщIэ лъапIэу уабгъэдэсти
Уэ яжепIамкIэ къыбдагъэшт.

Сэ уи бысымхэм сахэплъамэ,
Хамэ яхэту къысщымыхъу.
Уэ си щIыналъэр бгъэлъэпIащи –
ЛъапIагъэ дахэр пхузолъыхъу.

Къытхэс иджыри умыпІащІэм,
Уежьэжыпами, къэгъэзэж.
Адыгэ уанэр теплъхьэжауэ
Ди зэкъуэшыгъэр къогъэнэж.

Уэ дэнэ гъуэгукІэ дэпшэхами
Уи бгъуитІым иткъэ шу гъуситІ –
Къулий Къайсыныр ижьырабгъумэ,
Сэмэгурабгъум сэри ситщ.

Дызыхуэзэнур зыщІэр сщІэркъым,
Ауэ уи гъуэгум дытемыкІ.
Гъатхэ жэщыбгым и вагъуищыр
Уи дамэтелъым толыдыкІ.

# ТЕНДЖЫЗЫМ ДЫЩХЬЭЩЫТУ

Сынеплъыхмэ, тенджыз губгъуэм
Пшэр Iэрамэу текъухьащ.
Сыдэплъеймэ, мазэ къухьэр
Гъунэгъу Iыхьэу къысхуахьащ.

Ди кхъухьлъатэр гъумэтIымэу
Къэрал Iэджэм щхьэпрокI.
Хъыджэбз гуакIуэу стюардессэм
Дигу къэмыкIыр къытхуегъэкI.

Флъагъурэ, жеIэ, хым дыхэхуэу
Уемысыфмэ, мыр жилетщ.
ЗыщытIагъи, ес плъэкIыхукIэ,
Iуни иIэщ, мети тетщ.

А сэ слъагъур зи лъагагъым
Укъехуэхмэ, зэфIэкIащ,
А жилетым тет зы мети
Умыгъуэту упыкIащ.

Сэ лъагапIэ си щIэщыгъуэ? –
Iуащхьэмахуэ сыкъилъхуащ.
Къурш щхьэ хужьхэм саIэтауэ
Уэгу гъуэгу Iэджи згъэунэхуащ.

Сэ лъагапIэ сыкъехуэхми,
Хым сыхэхуэу сыкIуэдын?
ЛIыр уанэгум зэ къиххуами,
Хуэхъуххэнкъым ар удын.

Ирелъатэ си кхъухьлъатэр,
Тенджыз инми дытекIуэнщ.
Сэ си гъуэгур сыухами,
Итщ си лъагъуэм къэрикIуэн.

# НАБДЗЭ

Гум илъыр набдзэм уегъащIэ,
ЗэжрамыIэу зы псалъэ.
Хэсщ уафэхъуэпскIи уи набдзэм,
Къэлыду, къэсмэ и пIалъэ.

Зи гур къезауэм и сэшхуэм
Набдзэр хуэхъунущ къамэпIэ.
Еплъ анэ набдзи, къэпщIэнущ
И къуэр къинамэ зэуапIэм.

Пщащэм и нэгум уиплъакъэ –
Игу илъым уохъур щыгъуазэ.
Я пIэм имыкIыу къыпфIэщIми,
Набдзэр гурылъым дагъазэ.

Гужьгъэжьыр набдзэм хотIысхьэ,
Ар гъуанэдэууэ щыуэнум.
Еплъыт и набдзэр зэрытхъум
ФIыгъуэр щагуэшкIэ къэнэнум.

Къеуфэхауэ и набдзэр
МафIэ Iугъуэншэм ялыгъуэ,
И Iупэ фагъуэр икъузу
Бийм зезыдзыну зи гугъэм.

Набдзэр хужь хъуамэ, ар тхъуакъым,
Жьыгъэм ищIауэ унафэр.
Гум илъа мафIэр ужьыхмэ,
Мэхъу набдзэ фIыцIэр яжьафэ.

* * *

УбзэмыIумэ, бгъуэтыжынкъым
Уи гурылъыр пIэщIэхуам.
Бзэ зимыIэр, щIылъэм тетми,
Хуэдэ къабзэщ къамылъхуам.

Къызэущийуэ си анэм жиIэм
Щыщу псалъэ мыкIуэда.
Си анэм и бзэр мафIэ бзийми,
Дыщэ джанэу сэ схуадащ.

Си анэр псалъэм, шы лъэ макъыр,
Жейм сыхэтми, зэхызох.
Уэшхи къошхыр, уафэр гъуагъуэу
ШыщIэм нахъути хущIызох.

Хъарбыз хадэм зэм сихьауэ
Хъэуан хъуари къыщIызоч.
Си анэр псалъэу зэхэзгъэхи,
ТемыпыIэу лъэр изоч.

ПсыIэрышэу нэпкъым къелъэм
Сэ щхьэл цIыкIуи пхутесщIэнщ.
И уэрэдыр къыхидзамэ,
Гум щIыхьауэ зыхэсщIэнщ.

Анэм и бзэр ар бзэ IэфIи –
Псалъэр фокIэ зэгъэпщIащ.
Зигу имыхум и насыпщи,
Я нэхъыфIым хуэузэщIащ.

Си анэм и бзэм мывэ сыныр
Псалъэ къэскIэ хузогъэж.
Сигу пымыкIыу псэм пызощIри,
Ар си кхъащхьэм тевгъэувэж.

## ЩИХУ

Щиху къудамэр гуэгъукIащи,
Жьапщэ хъуами, пхуэмыхъей.
ЩIакIуэ фIыцIэу жэщыр фIэлъщи,
Арщ, нэху щами, щIэнэщхъейр.

Хьэщхьэтеуэм зэм якъутэу,
Зэм борэни къепщэкIуащ.
Лъабжьэр кууэ щIым хэкIами,
IэфIыр мащIэм, ар гуIащ.

Гъатхэ! Зи псэ хэкIыу плъагъум,
Псэ хэплъхьэну уэ уи нетщ –
Уи лIыгъэжьыр уи лIыгъэжмэ,
Зэманыгъуэ щихум къет.

Вагъуэ закъуэ хущIэгъанэт,
Щихум и бзэр къитIэтэнщ.
Къуалэбзухэм къабгынами,
Абгъуэ ящIу къэлъэтэнщ.

Щиху ныкъуэгъум тхьэмпэ пыттэм,
ЗыхущыщIэм щымыщIэнт.
Си щIалэгъуэу щыщытами
И хъыбару куэди пщIэнт.

# СЫХЬЭТ

– Уи сыхьэтыр кIуэрэ? – жаIэу
Сэ пщэдджыжьым къызоупщI.
– Дыгъэр кIуэмэ, ари макIуэ! –
ЖысIэу сэри пызоупщI.

– Уи сыхьэтыр дэнэ нэсрэ? –
ЖаIэм, сщIэркъым зыдынэс.
Усэ схуэтхым, шум сыхуэдэщ,
Схуэмытхамэ – сэ сылъэсщ.

Жыгым пщIащэр бжьыхьэ хъухукIэ
ПыIэ щхъуантIэу ящхьэрыгъщ.
Си зэманри усэу стхари
Зы жэщ-махуэу зэрыIыгъщ.

Си сыхьэтыр щIызоIуантIэ –
Махуэ бжыгъэр къызощып.
Си IэнатIэу сызыIутыр
Нэсхьэсыфтэм, си насыпт.

Дапщэ хъуами къыпхуэмыщIэу
Си сыхьэтри зэ къутэнщ,
Мис итIанэ стхам уэ къеджэ –
Си зэманым гу лъыптэнщ.

## СИ ЩІЫНАЛЪЭ

Псы къуэкIийуэ игъукIакъым –
Дыркъуэ защIэщ къэбгъэщIар.
Уи гум къеуэр сэ къызэптри
Стхар псы уэри уэрщ зыщIар.

Мазэ нурхэр къодэхащIэу
Уи псыр мэзхэм блыбогъэж.
Уи къуэу зауэм хэкIуэдахэм
Я кхъэр уэри умыщIэж.

Жейм уэ жэщкIи уемызэгъыу
Жьыбгъэ ябгэм уракъанщ,
Уи мэкъупIэм удзу къикIэм
Я нэхъыбэр сэшхуэ жанщ.

Гузэвэгъуэу узезыхуэр
Си фэм дэкIыу си гур хощI,
Къурш уэс щыблэу къуэм къыдэуэм
СыкъалъхуаукIи зэм къысфIощI.

Дыркъуэ къомыр пхутеслъащIэу
ПхуэсщIыфакъым сэ сэтей.
Ауэ вагъуэр данэм хэсу
ПхузэIуащэ уэ дуней.

Пшэ хужь инхэр уи нэмысу
Уэ къыпхуещIыр уафэм щIыхь.
Уи псы уэру хэкум икIхэм
СхуэщI нэхъ жаныр сэламыхь.

* * *

Хэт сыт IэнатIэ къехъулIами,
НэхъыфI лъыхъуэну ещI нэрыгъ.
Iэпкълъэпкъ къэмыту укъалъхуамэ,
Уэ щIыщIэ бвэну къыпщогугъ.

Лъэрыгъ уиувэу ушэсакъэ –
ДыгъапIэм лъагъуэ уэ щыхэш.
Уи зэманыгъуэр щхьэмыгъазэщ,
Зи псалъэ Iущым къадэгъэш.

Псынэ къыщIэжмэ, псыр жэхункIэ
ИрипщэфIэну псы къыхах,
Псыр мыжэу итмэ, къамылылъэщ,
Псы хуэлIэ къэсми я щхьэр Iуах.

Уэ батырыбжьэр зылъыгъэсыт,
Гъуэгу лей къыплъысми умыщхьэх.
НэхъыфIт лIыгъэншэр къамылъхуамэ,
И кIуэдыжыгъуэр къосыр щIэх.

Уи щIыщIэр бвэрэ тепсэжамэ,
Уи хьэмтетыгъуэуи уIуэнщ.
Пщэдджыжь къэсыхукIэ уигу хагъахъуэу
Уэ уи цIэр бзухэм ираIуэнщ.

* * *

Псы узэфэнур къыщIэжакъым –
Гъатхэпэ мазэщ уэ пхуэфащэр.
Сэ уэшхрэ уэсу си цеищхъуэр
ЩIымахуэм, бжьыхьэм схузэIуащэр.

Уэ къуалэбзууэ уобзэрабзэ,
Уи насып къакIуэм иIэщ пIалъэ.
Жыгыжь гъужауэ сэ си макъыр
Жьы къемыпщауэ пхуэмыпсалъэ.

Псым хэс къуэлэну уи Iэпкълъэпкъым,
Уеплъым бгъэщIагъуэу, удехьэхыр.
Уи нэгу ущIэплъэм, уафэхъуэпскIщи –
Гум хидзэ хагъуэм сагъэмэхыр.

ГъущIыжь пхъэIэщэ зэмыIусэу
ЩIыщIэм ухуэдэу сэ къысфIощIыр.
Аращ жылапхъэ Iэгум щIилъыр,
УщызмылъагъукIи си гум хощIыр.

АрщхьэкIэ вапIэу сызэхъуапсэр
Лъырес зи жылэ тезысэнум.
Си жьакIэм сытхъур схутемыкIми,
Сэри схуэфащэ си щIасэнущ.

* * *

«Сихуат кIуэдыпIи сыкъелащ», –
Ар къызжепIэм, мэхъу си фIэщ.
Уи ужьым екIэ бийр къихьауэ
Бэлэрыгъамэ, уполъэщ.

Псы узыхьынум укъеламэ,
КъыщIокI уащыщу тхьэр зэтам:
Уздихьым ныджэм ущыхутэм,
Укъезыгъэлыр уэ бгъуэтащ.

«МафIэм сис пэтрэ сыкъелащ», –
Ирехъу жыпIамэ, ари пэж.
Пхъэ цIынэ защIэм мафIэм исыр,
Къэмылыдыххэу хокIуэдэж.

Гужьгъэжь цIыхубзым игу къысхуилъти,
КъысхуищI къысфIощIыр сэ гущIэгъу.
Ар жыпIэу псалъэ зэхэсхамэ,
Уэ сыпхуэхъункъым акъылэгъу.

ЦIыхубз гужьгъэжьыр уафэхъуэпскIщи,
Жэщыбгым уафэр къегъэнэху;
Зыкъебгъэлынум, щытхъу цIыхубзми,
Вагъуэ цIыкIу закъуи къыхуэщэху.

* * *

Шахмэт джэгукIэ хэт зымыщIэр?
Дыкъызэралъхурэдыздоджэгу.
ЛIитI зэпэтIысу щыс къыпфIэщIми,
ДзэпщитIыр макIуэ тету гъуэгу.

Зым и дзэр фIыцIэу ирешажьэ,
Зым ейр дзэ хужьщи, къимыкIуэт,
Зэм офицерыр къыхагъащIэ,
Зэм я сэлэтхэр яфIокIуэд.

Я нэщхъ дзэпщитIым зэщIаукIэр,
ПщIэнтIэпс я натIэм къолъэлъэх.
«СытокIуэ» жаIэу, тIури гугъэу,
Я фIыцIи хужьи ягъэсэх.

Дзэм щыщ къэнари зырызыххэщ,
Я топи шури исыкIащ.
Зым королевэ пешкэр ищIри
И кIэн зы дзэпщым мес къикIащ.

А пешкэ цIыкIухэм ещхьщ поэтри –
Зэрыс щIыналъэм емыпцIыж,
ТIощI пщIэншэкIуэду хэкIуэдащи,
Зы закъуэм напэр къетхьэщIыж.

## КЪЭЗГЪЭЗЭНУЩ СЭ

Псыежэхым къимыгъазэ,
Псыхъуэм дэтщи пхудэмыж.
Псым симыхьмэ, къэзгъэзэну
СщIащ уэрэдыр сэ лъэмыж.

ЩIым и гъуни сыщыщIэфлъхьэ,
Мывэ сынри сыту сщIын?
СыздыщIэлъыр хы адрыщIми,
Дыгъэмыхъуэ пхуэмыщIын.

Уэгум итщи щхьэунazэу,
Пшэ Iэрамэм уэшх къахьынщ.
Жьым симыхьу къэзгъэзэнщи,
Сэламышхуи къыфхуэсхьынщ.

Бзухэм гъатхэм къыдагъазэр,
Уаер къэсмэ, дэгызынщ.
Сэ жэщ вагъуэм сакъыхэту
Аркъэн хужьыр къывэздзынщ.

Къэзгъэзэнущ псыхьэлыгъуэу,
Къуэр си макъкIэ згъэпсэлъэнщ.
Гъатхэ жылэу сахъумауэ
ЩIы вагъэщIэм сыхалъхьэнщ.

Къыщызгъазэм уафэр бзыгъэу,
Уэшхи уэси зэщIэлъынщ.
СыхэбдзынкIэ Iэмалыншэу
Гъыбзэм псалъэу сыхэлъынщ.

## БЖЕЙ ЖЫГЫМ И БАЛЛАДЭ

Тетщ къурш джабэм бжейр дэкIауэ,
Жьым яфыщIми, къахуемых.
Къуэм дэт псышхуэр къэгубжьами,
И зы макъи зэхимых.

Бжьыхьэ уаер къызэрысу
Мыл джанэшхуэр къыщетIагъэ.
Гъатхэр къихьэм, аргуэрыжьу
ЩхъуантIэ дахэуи къогъагъэ.

ЗылI зэгуэрым бгым дэкIати,
И щхьэ псынщIэу унэзащ.
Мывэ иныр къигъэхъейри
Бжей жыг закъуэм хуигъэзащ.

ХьэпщIо Iэджэу зэрызехьэу
Мывэм лъагъуэр къаунэщI,
Пхъафэм лъыпсыр къыпыж защIэу
Бжей жыг закъуэр яухъуэнщI.

Жьыбгъэ кIуапIэм къыщыкIами,
Къуршым жыгыр ягу пымыкI.
Хэт и лейри къылъысами,
Зытет нэпкъми пхутемыкI.

Бгым зэ дэкIыу щIэщхъу зыщIари
Ауз кIыфIым докIуэдэж.
Жыгей ябгэм пщIэ къыхуищIу
Гъатхэ дыгъэм къегъэзэж.

* * *

Дыгъэр къепсмэ, ди нэ ди псэщ.
Къыщемыпсым, дызокIуэкI.
Псыр пшэ мэхъури уэгум йохьэ,
Уэшх мэхъужри удз къегъэкI.

Дыгъи тепсэу,уэшхи тешхэу
Сэ сывапIэу къысфIощIыж,
Сэрщ зыхъумэр псом я лъабжьэр,
Сэ схъумари мыкIуэдыж.

Зы къудамэ паупщIами,
ЗыхэзмыщIэу къэмынэн.
Гъавэм уэшхуэ къытехамэ,
Сэ си боршкъэ зыхэсщIэн.

Сэ си хьэлъэ къуршми телъкъым,
Хьэлъэр быным я бэлыхьщ.
Сыпхуэусэу уигу хэщIамэ,
Гъатхэ дахи нэм къимыхь.

ЯтIэ IэшкIэщ къысхужыфIэу
Фи нэмыплъыр фэ щывгъэт.
Сэ цIыху дыдэр къэзгъэщIащи,
ТIэкIу фи нэIэ къыстевгъэт.

# ВАГЪУЭИЖ

Йожыр вагъуэр жэщ къэсыхукIэ,
ЩижкIэ уафэр къагъэнэху.
Дэп жьэражьэу къелъэлъэхми,
ЯхуэмыщIу кIыфIыр нэху.

Фит уафэгум, дыщэ вагъуэ,
Дунеишхуэр зэпэфплъыхь,
ЩIым фи нэIэ къытевгъэту,
ЦIыхум флъагъуу я бэлыхь.

Дыгъэр щIышхуэм къыхуосакъыр:
Къегъэхуабэр, къегъэнэху.
Сэри уафэм фыщыслъагъум,
Сигу гузавэм зегъэпсэху.

ЩIым дыгъэшхуэм зыдегъазэ,
Жэщи махуи мэджэрэз.
Хэт си гугъэщ кIыфIым благъуэ,
Къашияуэ я шэрэз.

Ахэр сщIэркъым жэщкIэ зэщэр,
Я мурадыр мурад Iейщ.
Вагъуэр уафэм фыщыблэхукIэ,
Дытетынущ дэ дуней.

Фит фэ уафэм, дыщэ вагъуэ,
Ди жэщ кIыфIыр къэвгъэнэху.
ФыкъэпщIыпщIу фыслъагъухукIэ,
Сигу гузавэм зегъэпсэху.

## ТХЫЛЪЫМПІЭ

Дотх тхылъымпIэу дэ хужьыбзэр,
Ар къабзабзэу бгыщхьэ уэсщ.
Уи гум илъри ирекъабзэ,
Хъунщ итIанэ птхыр гунэс.

Уэрэдусыр фIым хуэусэу
Дуней дахэм ныщогугъ.
Жэщым итхым махуэм къоджэр,
Дадэм тхэныр и нэрыгъщ.

УсакIуэшхуэр матхэ защIэ,
Нэпсыр пащIэм холъэдэж.
Зэм гуфIэгъуэм хуетх уэрэдыр,
Зэми гъыбзэр зэхелъхьэж.

ЦIыху ерыщри матхэ щэхуу,
ЗыхущIэуэр хэт къищIэн?
Зигу хэщIари тхэну еIэм,
Тхылъ гуузым дыщыщIэн?

А тхылъымпIэр къабзэу щытми,
Зэманышхуэ зэпечыф.
Хэт игу илъми ар щыгъуазэщ,
Хэт и губжьи ешэчыф.

Гуауэ, гуапэу къысхуихуахэм
ДэзгъэкIуари мы зы жэщ.
Арщ мыкIуэду къэзгъэнэнур –
Нэху тхылъымпIэм дызогъэщ.

## ПЩIЫХЬЭПIЭ

Псы сыхуэлIэу губгъуэм ситу
Сэ ныжэбэ си пщIыхьащ.
Псыни псыхъуи игъукIауэ
ЩIыпIэ мащIи къэскIухьа.

Сымэхакъэ, жысIа хуэдэу,
Лъагъуэ гуэркIэ нызогъэш.
АпэсыкIэ ищэу фалъэ
Слъагъу къысфIощIыр псы зыгуэш.

Си ахъшалъэр къисхрэ сиплъэм,
Счын лъэбакъуэ сэ слъэмыкI:
Дыщэ ахъшэр вагъуэ хъуауэ
Си ахъшалъэм къолыдыкI.

– Зы Iубыгъуэ пэкIуэу вагъуэм!
Сомэхыпэ, Iур гъущIащ, –
ЖысIэу щIалэм селъэIуати,
Ауанышхуэ сыкъищIащ.

– Къащти ахъшэ – псы уэстынущ,
Вагъуэ къэптыр сыту сщIын? –
Арт жэуапри, къысхуидакъым
Вагъуэр дыщэм япищIын.

## ПОЭТЫМ И ЛӀЫГЪЭ

Сэшхуэр жырым къыхащӀыкӀри
Жану и дзэр щӀалъыкӀащ.
Улъиинкъым, жаӀэу, пӀащӀэу
И сэшхуапӀэри хуащӀыжащ.

ДыгъужьыгукӀэ лӀыр гъэшхауэ
Жыр маисэр иратыжт.
Щыблэм хуэдэу къизыпхъуэтыр
И мурадым лъэӀэсынщ.

ЛӀыгъэ зиӀэм и насыпкъэ –
Зыхуэпхъашэр иреуд.
ЛӀыгъэ щӀапӀэ ар ихуамэ,
МафӀи жыпӀэу, лӀыр къолыд.

Укъэрабгъэм, Ӏэщэр дзагуэщ,
Жыр маисэр лӀым ират.
Гумызагъэр зи сэшхуапӀэр
Поэт ябгэм и талантщ.

Поэт псалъэр бгъэшэрыуэм,
Жыр маисэу бийм техуэнщ.
Зытехуари хэкӀуэдэнщи,
ЕпцӀыжари къыщӀэхуэнщ.

* * *

Жылэр кIуэдакъым. Мес къэкIыгъэр,
ЩIыщIэр явати, къыхэжащ.
ЗищIысыр плъагъуу и жылафэр
Паспорт пэлъытэу иIэтащ.

Абы сыхуэдэу си мурадым
Сэ къыскIэлъыплъым гу лъатат.
Си хэкум джанэ хузэIусщэу
И фIыщIэ жыгхэм сахэтат.

Къуршым хьэзабу мыл ятелъым,
ЗгъэткIуну мылыр сфIэIэфIащ.
Сыдыгъэ нуру сытепсэнут –
Пшэ кIыфIхэм къэсри щIауфащ.

И хъупIэм жьыбгъэм силъэдами,
И зы удз закъуи хэмыщIа.
Зэм гъатхэм уэшхыу сыкъешхынут,
Ди губгъуэр уэшхым ущыщIам.

Уэ псыIэрышэ къэбгъэжэнум,
КIэнауэ кулуэ дэптIыкIа?
ЩIым сызэщIифу сыпсынэнти,
Сэ узгъэнщIынут, схулъэкIам.

Уи уафи щIылъи пхузэспхынут,
СфIэIэфIт уи мафIи щIэзгъэстын.
Ди хэкум псышхуэу сыпхуэжэнти,
Кхъухь тедзапIэшхуэ сэ уэстынт.

## УСИТІ, ЩАМ ЩЫСТХАУЭ

1

Щам дэс адыгэр джабэм кIэрысу,
Тхьэм щыгугъ защIэу яхьыр дунейр.
Ди лъэIур тхьэм деж нэсынкъэ,
ЖаIэу мэжджытыр тетщ нэхъ сэтейм.

Азэн джапIэм иту муIэзиныр –
Нэхулъэ къищIамэ, маджэ азэн.
Уафэр къодаIуэр, щIылъэр къодаIуэ,
ЦIыхур мыдаIуэм къимыгъэзэн.

Дыгъэр гуащIащэу пшахъуэр егъэплъыр,
Щыблэ щыуари зым имыщIэж.
Нэмэз хьэжыжьхэм ящIа къудеймэ,
ЕрагъпсэрагъкIэ унэм мэкIуэж.

Кавказ лъэныкъуэ кърухэр щыкIуэм
Я азэнджакIуэр йолъэIу:
–Тхуехыж сэламыр адэжь щIыналъэм! –
ЖиIэу и IитIыр делъэр и нэкIу.

Уэгум ит бзухэ! А ди тхьэлъэIур
Ди плъапIэ закъуэу хэкум нэвгъэс.
ПщIыхьэпIэ дахэу ди нэгум щIэкIыу
Ди хэку уэрэдхэр дэ къытлъоIэс.

2

– Уей, тхьэмадэу жьыщхьэ махуэ!
Тхьэм уэ фIыкIэ укъилъагъу.
ГъащIэр мыхъуми цIыху IэщIагъэ
Зыхуэфащэм къыхущIагъу.

Щам щIыналъэр угъурлыуэ
Фи гур, фи псэр щызэгъа? –
ЖысIэу дадэм сыщеупщIым,
Азэн джапIэр къысхуэгъащ:

Дядэжь хэкум дгъэзэжыну
ЩIэтлъхьэжахэм зэхевгъэх.
Къэтэджынщи, къытпежьэнущ,
Уеблэм гъуэгум щыремэх.

ЩIалэгъуалэр нобэ гъамэ,
Щыгъуэу хэкур нэпсым хэлъщ,
Е уэрэду пшынэм къикIым
Уэрэдыпкъыу хэкур щIэлъщ.

Еплъ, къэрухэр щыгъуэлъхьэнум
Фи лъэныкъуэм нагъэзэж:
Фэрщ дэ ди псэм и зэгъапIэр,
Фыдигуауэщ, фыдипэжщ.

Гум илъ къэпым къищэщауэ
Сыт гуэдз хьэдзэм и насып?
Губгъуэ гъуэгум дыкъинащи,
Къуалэбзухэм дыкъащып.

А гуэдз хьэдзэр щIым хэлъхьэжи,
Жьым дэджэгуу къэкIыжынщ.
Уи щIыналъэм лъабжьэр хэкIэм
Уэ жылапхъи ухъужынщ…

Ей, си усэ, уишхыдыкIыу
Ухъумэ цIыхум я гухэлъ,
Дядэ, дянэм я щIэину
Гугъэ закъуэр ягу игъэлъ.

## СИНГХ ЖЫХУАIЭР

Сингх жыхуаIэм псори хуэдэ?
Сингх ухъунум иIэщ пIалъэ.
Джатэ Iэпщэр Iэм IэщIэлъу
IэгукIэ псори къыщIегъалъэ.

Ар джатэпэкIэ зэIещIэ,
ЗэIищIами лIыр йофэжыр,
Iубыгъуитхум мы нэхъ мащIэу –
Зы тхьэлъанэр – егъэпэжыр.

Мис итIанэ дыджыр, IэфIыр
Фоуэ-псыуэ зэхэгъуащэм –
Гу лъитэнущ лIыр щымыуэу,
КъищIэу бзаджэм я гуращэр.

Зэ жиIамэ емыпцIыжу,
Псалъэ итыр жыру быдэщ.
Сингх щыхьэту тегъэувэ –
Бегъымбарми пцIыр хуимыдэ.

И тхьэлъанэр тхущ зэрыхъур –
Iэпхъуамбитхущи лIыр щымыуэ.
ТэмакъкIэщIи сингххэр хъууэ
Къигъэзэжмэ, бийм емыуэ.

Жыр Iэпщэхъур илъщ и Iэпщэм –
Игу темыхуэ Iэбэлъабэр.
Хьэлу хэлъыр гъущIу жами,
Псалъэ IэфIым ещI гу щабэ.

# САТЫР ИРИЙ

## ЖЬАПЩЭМ ПЭУВАМ

Жыжьэу Іуфэм къемыкІуалІэу
Хым кхъухь иныр тет зэпытщ.
Толъкъун ябгэм щІалъэфами,
Жьапщэм кхъухьыр япэщытщ.

Дхони, плъагъурэ, кхъуафэжьейщи
Жьы къепщауэ умыкІуэф.
Тенджыз гъуэгум ар хуащІами,
Тенджыз Іуфэм Іулъу мэф.

## ЗИ МЕТ ЗЫХЪУЭЖЫМ

Мэл зырызыххэр раджам
Іулъхьэу идотри  дурыс?
ЦІыху къэгубжьахэм ар жаІэу
Тхьэм и тхьэкІумэм ноІус.

Дунейм раджари щехыжым,
ЦІыхум ячакъым лъэмбытІ.
ЛІам и пІэ ихьэщ дыгъужьри
Хъуащ Іулъхьэ мардэр тІурытІ.

## ЦІЫХУШХУЭМ ЗАДЭЗЫЩІЫМ

Лотос тхьэмпэм телъщ уэшх ткІуэпси
МыщІэ дахэу толыдыкІ.
Уэшхыпс защІэу итщ псы шэди
Къэлыдыну игу къэмыкІ.

Уэ цІыхушхуэм уаІэтамэ,
Уи мынурым уегъэнэху.
Узыщыщым ухадзэжмэ,
Упсы шэдщи, нур пфІэІуэху?

## НЭХЪ ЛЪАПІЭР

Нэхъ ягъэлъапIэр дыщэ и уасэщ,
Нэхъ ягъэлъагэр бгышхуэм хуагъэдэ.
Нэхъ яфIэкъабзэр мазэм палъытыр,
Псэм палъытари Iэм IэщIокIуадэ.

Мазэр къабзабзэу къуршым щхьэщытми,
Дунейм къытехьэм гугъэр и плъапIэщ.
ЩремыIэххэ дыщэм пащIыни,
Адэ щIэину гугъэр нэхъ лъапIэщ.

## БЭНЭНУМ

Дунейкъутэжу жьапщэ хъуамэ,
Хэмыт удз лъахъшэр зы бэлыхь.
Ауэ жыг лъагэр иреш IыкIри
Игу тезэгъэхукIэ тофыщIыхь.

Удз лъахъшэм щхьэщэ ещI зэпытри,
Абы бэлыхьыр ныщхьэщех.
ЛIы ябгэр ятэу щыбэнэнум,
Щхьэщэ зымыщIу лIы къыхех.

## ЗИ ГЪУЭГУ ЛЪАГЭ

Гублащхьэдэсэ зэм защIауэ,
Зэм вытIощыщIэу заукъуэдий.
Кърур уэгу щхъуантIэм лъагэу итми,
ЩIым къетIысэхмэ, загъэдий.

Пщыхьэщхьэ пшапэр зэхэуамэ,
ЩотIыс къагъуэтри щIыпIэ уэх.
Зи гъуэгур лъагэ къетIысэхмэ,
Ящыщ жэщ закъуэм егъэбзэх.

## ЦIЫХУБЗЫМ Я ПЦIЫР ЗЫМЫДЭМ

Фыз мурадыр ещхьщ Iуданэм,
Мастэм хуэдэу пцIыкIэ мадэ.
Фызыр сытым фIэлIыкIами,
ЛIым имыдэр ирегъадэ.

МафIэм Iугъуэ къыпимыхум,
Ужьыхащи, хуэщI гулъытэ.
ПцIы цIыхубзым имыупсым,
Псыежэхыр гъуауэ лъытэ.

## УЭРЭДУС

Гъавэр зысэм зы мэскъалкIэ
Уэрэдусыр щхьэщымыкI.
ВапIэр кууэ ямывамэ,
Тепсэр Iуву къыщымыкI.

Губгъуэ къумым иувауэ
Жылэ зысэ щыIэщ куэд.
Уэрэдусым и уэрэдыр
И щIыналъэм щымыкIуэд.

## ЛЪЭКIЫНЫГЪЭ ЗИIЭМ

ЛъэкIыныгъэшхуэр гъатхэ пшагъуэщ,
Жьыбгъэ къепщакъэ – трихунущ.
Шууей шым тесыр къыщехуэхкIэ,
Мо тахътэм тесри къехуэхынущ.

ЗылъэкI и фадэр тетыхункIэ
И IупэфIэгъухэм ирафынущ.
КъемыдэIуэххэу тхэ усакIуэрщ
А лIыр цIэрыIуэ зыщIыфынур.

## И ПСЭР ЗЫХЬЭХУР КЪЕДЖЭ ЗАКЪУЭМ

Псыдзэ къащIэуэу гъуэгур кIуэдми,
Псы щIагъым щIэтыр къигъуэтынущ.
Дунейкъутэжу щыблэр уэми,
Игу илъ мурадым зритынущ.

Е щIыIэ хъуарэ Iумыл защIэу
ЦIыхум ямычми зы лъэбакъуэ,
КъыпхуэмувыIэу кIуэнщ цIыхубзыр,
И лъагъуныгъэр къеджэ закъуэм.

## ГЪУЭГУАНЭ ТЕХЬЭМ

Зым удэкIыу зым удыхьэу
Къуажэ дапщэ узыхуейр.
Сабиигъуэр ар зы къуажэщ,
Уи щIалэгъуэм, унэпсейщ.

ЛIы и пIалъэ уиувамэ,
УзихьэщIэр уихьэщIэжщ.
ЖьакIэ тхъугъуэр ари къуажэщ –
Удэмыхьэм, ущIогъуэж.

## ЛЪЭЩЫМ

Мэзым мафIэ къыщIэнамэ,
Жьыбгъэр хуохъур IупэфIэгъу.
Сеныч закъуэ щIэбгъэнамэ,
Жьыбгъэр мафIэм и жагъуэгъущ.

Лъэщым бийри егъэубзэ,
Къемыубзэр иреуд.
Шынэу джатэр хыфIэзыдзэм,
Лъэрыгъыпси хуамубыд.

## ДУНЕЙР ЗИ ЩIЭЩЫГЪУЭ

Насыпи гуауи къыппэщылъым
ЛIы Iущ щымыIэ щыгъуэзэн.
ЩIы пэт гъуэгу хэпшыр нэшэкъашэ:
Уи натIэм илъым ухуэзэнщ.

ПащIэгъэлыгъуэм Iуэхур нэсмэ,
Уихуа щхьэлынэм – ухьэжыгъэщ,
Щыблэм тутыныр пхупигъанэм,
Дуней тетыныр уи щIэщыгъуэщ.

## IЭМАЛ ЗИМЫIЭ

Дунейр псы уэрым икъутами,
Лъэмыж темылъу къагъэнэн?
Бгы джабэр задэу дэкIыгъуейми,
Щыхашыр лъагъуэ зэрыкIуэн.

Іэмал зимыІэ Іуэху къэхъуакъым,
Хэт гъуэгу хуэмыкІуу къигъэза?
Акъыл зимыІэр къыппэувмэ,
Уэрщ Іэмалыншэм ныхуэзар.

## ЖЬЫ ХЪУНЫР СЫТМИ И МЫНАТІЭ

Жьы хъуныр щыІэщ зи мыхабзэ,
КъэкІыгъэр къокІри мэкІуэдыжыр.
ЩІэблэщІэу гъащІэр зыгъэдахэр,
Чэзур къэсамэ, жьы мэхъужыр.

ЦІыхуфІым и щхьэр хужьу тхъуамэ,
Жьы мэхъу гурылъри мэгупсысэ.
Бзаджэр бзаджагъэм жьы ищІами,
И мурадахэр мыхъу тІорысэ.

## МУРАД ГУЭР ЗЫЩІАМ

Мурад гуэр пщІамэ, гурылъым
Щыгъуазэ хамэр умыщІ.
Ягу иримыхьу защІ пэтми,
Нэхъ дзыхь зыхуэпщІи щыбзыщІ.

Щэхум къыхэпхыу щІы абгъуи
Шырым я анэр тегъэс.
Къыпхурашамэ бзу шырхэр,
Узыхуей мэзым нэгъэс.

## ЦІЭРЫПУЭ ХЪУНУ ЗИ МУРАДЫМ

ЩІэныгъэм, щІыхьым, цІэрыІуагъэм
Илъщ я ІэмыщІэ ди дунейр.
ЩІэныгъэ зиІэм и насыпщи,
ІуэхуфІ зылэжьым щІыхьыр ейщ.

ЗыпщІын цІэрыІуэ уи мурадмэ,
Гугъу зумыгъэхьу зыгъэпсэху.
ЦІэрыІуэ хъуныр уимынатІэм,
Ар уи Іэдакъэм щІэмыкІ Іуэхущ.

## ШУУИТІ

Насыпыншагъэр, насыпышхуэр –
ШууитIу гъуэгум тет зэпытщ.
Зыр къытежакъэ – зыр къогувэ,
Зэбгъурытыну зи хуимыт.

А тIум я гъуэгур нэшэкъашэщ,
ЗылъэмыIэсыр хэкIыжащ.
Насып уи пщIантIэ къыщепсыхмэ,
Ар и шу гъусэм къытежащ.

## ЕЗЫГЪЭЛЕЙМ

ДыщогуфIыкIыр дэ мафIэм,
Дуней щIыIэгъуэр къыщысым.
УкIуэд жыдоIэр а мафIэр,
Унэм щIэнауэ дыщисым.

Уэшх хуабэр ди нэм худохьыр
Хадэ хэтлъхьахэм щIэлъадэм,
Къемышхыжащэрэт жыдоIэ,
Уэшх псыдзэм жылэр хэкIуадэм.

Езыгъэлейми и тыгъэр
МэкIуэд хэмылъу зы фIыгъэ.

## УЗ

Узыр и бийми йоубзэ,
Узыр гузасэм и дзейщ.
Узым и псалъэ тIэу жыIэщ,
И пIэр къауцми мыжей.

Узым и гуауэр мыухщи,
Узыр кIуэрыкIуэу мэгыз.
Узым и нитIыр гумащIэщ,
Узым и гъыбзэр гуузщ.

## ЩХЬЭ ЗАКЪУЭУ АКЪЫЛ ЩЫГУГЪЫМ

Уозауэ-банэ уи закъуэ,
Акъылыр джатэ пщIыфащ.
Iэщэ шэрыуэр щIэпIыгъыр
Уи щхьэ пхъумэжу аращ.

Уи джатэр къипхрэ нэгъуэщIым
Укъыщхьэщыжу щытам,
Уи акъылэгъур дзэ хъури
Уи бийр зэ уэгъуэм кIуэдат.

## ЗИ ФЫЗ ГУРЫЩХЪУЭ ХУЭЗЫЩIЫМ

Ху Iэбжьыб уэ ныбгъуэм хуэпхъи –
Уи IэмыщIэм ар къихьащ.
Ныбгъуэ щIыкIум хуэдэщ фызри:
ТIэкIу еубзи, къэпхьэхуащ.

ГурыщхъуэщIу улIы ябгэ , –
Фызым и щхьэр еужэгъу.
Игу имылъыр и гум къокIри
Мэхъу хамэлIым и щIасэгъу.

## ЗИ ГЪАЩIЭ КIЫХЬ

Зи гъащIэ кIыхьыр зэбгъэщIэнум,
И ныбжьым зыкIи тумыщIыхь:
Хейм къыщхьэщыжу къаукIамэ,
И гъащIэр тIукIэ хъуащ нэхъ кIыхь.

Псэемыблэжу бийм езауэу
И анэ-адэр жэщкIэ гуIэу
Бэлыхьыр хэкум щхьэщихамэ,
Уэрэд ар хъуащи, лIэ имыIэ.

## ЗИ IЫХЬЭ ЗЫЛЪЫСАМ

Пщафlэр хьэкум бгъэдэт защlэщ,
ЗыхуэпщафIэр фIэмыIуэху.
Пшэр зылъысым и насыпу
Уэд зылъысым зеущэху.

Дуней гъащIэри аращ:
Гугъу ди пщафIэр къыддемыхь.
Зыр IыхьэфIым щогуфIыкIыр,
Зым и Iыхьэр гурымыхьщ.

## УЗЫГЪЭДАХЭ

Жэщыр зыгъэдахэр мазэрщ,
Мэзыр зыгъэдахэр бзущ.
Губгъуэм и дахэгъуэр гъатхэщ,
Гъуэгур зыгъэдахэр псыщ.

Пщащэр зыгъэдахэр фащэрщ,
Зи псэ зыгъэдахэр гуакIуэщ,
ГъащIэр зыгъэдахэр хабзэщ,
Фызыр зыгъэдахэр лIырщ.

## ЦIЫХУБЗЫР ЗЫХУЭДЭР

Жызумыпсым хуэдэщ пщащэр:
Уеплъмэ, фадэ ар уи гугъэщ.
УеIубакъэ – псы IэфI тIэкIущи,
Ар зыфIэфIыр зи щIэщыгъуэрщ.

Кокосыдэ зыпыт жыгым
Сэ фызабэр хузогъадэ:
А жыг щIагъым уэ ущIэту
Жьапщэ хъуакъэ – ухокIуадэ.

## ЗЫРЫЗЫХХЭУ ЗЭЩХЬЫРКЪАБЗЭ

Тетыр, пщащэр, жызумейр –
Ар зырызми зэщхьыркъабзэщ.
Я гъунэгъуу уиувыкIрэ –
КъыпхуогуфIэ дыгъэу, мазэу.

ФIы къыпхуащIэ къыпфIагъэщIу,
Уи щхьэ дыдэм къыдокIуей.
Жьауэ ящIым ущIэт защIэм,
Зыщыхуари уэрщ я ней.

## УИ ЩХЬЭ ЗАКЪУЭУ УПIЫЩIАМЭ

Уи щхьэ закъуэу щIыIэм уисым,
МафIэр, тетыр, фызыр хъуащ гъунэгъу.
УмыгуфIэу тIэкIу гупсысэ:
КъыпхуащIынкъым зым гущIэгъу.

Пэгъунэгъуу уви мафIэм –
Уимысауэ муфIынкIын.
Нэхъ пэIэщIэу уувакъэ –
Зым и фIагъи къомыкIын.

## ЖЫЖЬЭУ УЕПЛЪМЭ

Жыжьэу уеплъмэ, сыту лъагэ
Бгышхуэу пшэхэр зэIущащэр.
Джабэр джафэщ икIи занщIэщ –
Нэм илъагъур зэхогъуащэр.

Еплъ гъунэгъуу – къуакIэбгыкIэщ,
ХьэкIэкхъуэкIэм къаущыхь,
Бгышхуэм хуэдэщ лIышхуэ хъуари:
Жыжьэу уеплъмэ, нэхъ гурыхьщ.

## ЩЫКЪУНЫМ БЗУХЭР ЗЭХУИШЭСМЭ

Щыкъуным бзухэр зэхуишэсмэ,
Фоч гъауи щтауэ мэкIуэдыж.
ГъущIитIыр мафIэм зы ищIамэ,
ЕтIуанэу гъэплъи тIу мэхъуж.

НэгъуэщI насыпу ухуэмеймэ,
Щогъуэт ефапIэм Iупэфlэгъу.
Бзаджагъэм бзаджэ зэхуишэсмэ,
Мылъку ягуэшыхукIэ зэныбжьэгъущ.

## ПСЫР ГЪУЖЫПАМИ, УЭШХ КЪЕШХАКЪЭ…

Псыр гъужыпами, уэшх къешхакъэ –
Псыхъуэм къыщоIур псы уэрэд.
Сабий зи унэ щымыджэгум,
ХьэщIэ къахуэкIуэм, гуфIэр куэдщ.

Зышхын зимыIэм и IэмыщIэм
Зыгуэр къихъуэну ар мэгугъэ.
Акъыл зимыIэр акъылыфIэм
ЯхэткIэ, хъуркъым нэхъ губзыгъэ.

## МУРАД ЗЫЩIА

Мурадыр гъуэгум утезышэщ,
ЦIыхур хъуэпсамэ, темыпыIэ.
Зэм дамэ тету уэгум итщи,
Зэм хэту макIуэ уэсу щIыIэм.

Зэм шу хъужауэ мажэр, мажэр…
ЩимыщIи плъагъурэ гукъыдэж.
Ауэ мурадыр IэщIэхуакъэ,
Жьэгу пащхьэ нэщIым къыдонэж.

## МЫЩIЭР ДЫЩЭМ ДОЩIЭРАЩIЭ

МыщIэр дыщэм дощIэращIэ,
Нур щIыху мащIэр къолыдыкI.
Сэшхуэ Iэпщэр дыщэу япкIмэ,
Щымышынэу щогуфIыкI.

ЛIы хуэдэлIхэр зэхэтIысхьэм,
ЖьантIэм яшэ зи щхьэ тхъуар,
ЛIыгъэр мыщIэу щагъэдахэм
Iущыныгъэрщ дыщэ хъуар.

## ЛIЫМ ХУЭДЭЛI

ЦIыхубз фэрыщIым уахэдэм,
Уи гур бзэ IэфIым къеуIэ.
ЦIыхухъум дежкIэ Iущыгъэм
Нэхъ фащэ дахэ щымыIэ.

ЛIыгъэр абы къыдэкIуэм,
ТэмакъкIыхьагъыр и гъусэм,
Арщ лIым хуэдэлIу къалъытэр,
Арщ зыгъэбзэфыр маисэр.

# «ВАГЪУЭ МАХУЭ»

## 1980

### СИ НИТI

Губгъуэрысынэм хуэдэу жанщи,
Си нитIым фIыщIэ яхузощI.
Псынэм и лъагъуэр къысхуагъуэтыр,
А тIур сиIэхукIэ гъуэгум хощI.

Хъыджэбз и нэгум сыщыщIэплъэ
Си зэманыгъуэм къысхуихуащ.
Е бгыщхьэм ситу сыкъеплъамэ,
Дуней дахагъэр згъэунэхуащ.

Къэхъуакъэ куэдрэ, сыгубжьамэ,
Си нитIым мафIэ къыщыщIих,
Нэм имылъагъур Iэуэлъауэм, –
Къэхъуащ тхьэкIумэм щызэхих.

Тенджызи, мэзи, къурши, губгъуи
Мы дунеишхуэм щыслъэгъуащ.
ЦIыху цIыкIум я гур зэпэсплъыхьу
Слъагъун ягу илъыр си гугъащ.

СфIэфIат мурадыр къызэхъулIэм –
Нэм имылъагъум гу лъыстащ.
Зи ужь сит Iуэхур нэзгъэсыну
Схуетын илъэпкъыр сэ естащ.

Си ужь къихъуэнхэ, ди зэманыр
Дунейм си нитIырщ зэреплъар.
Хэт нэгузыужьым гугъу дехьами,
Сэ арщ мураду сигу илъар.

## КХЪУЖЬЕЙ КЪУДАМЭ

Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.
Арат цIыхубзым къысхуищIэну
СызэрелъэIур нобэм къэс.

Кхъужьей къудамэм и гъусэнут
Псы уэр уэрэду си гъэфIэн.
Пшынэншэу къуршхэр къеуджэкIмэ,
Сахэт си гугъэу сыгуфIэнт.

Сызыхуэныкъуэу сэ сыт щыIэ –
Данэм сыхэсми, сыхэхэсщ.
Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.

Ди кхъужьеижьыр гум ихуакъым,
Езыр жыг уардэу щIым хэкIащ.
Жыг щхьэкIэ дыдэм сэ сыпысу
Си сабиигъуэр щIиупскIащ.

Уэлбанэ хъуамэ, шкIахъуэ пщыIэт,
ДыщIэст жыг щIагъым, дыщыджэгут.
Жэщ хъуамэ, бзухэм я тIысыпIэт.
А жыгыр ноби щIэтщ си нэгу.

Согъазэ нобэ, жысIэ защIэу
НэгъуэщI къэралхэм салъоIэс.
Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.

## ВАГЪУЭ МАХУЭ

Фи къуаншагъи, фи захуагъи, –
Фи бэлыхьхэр сигу дэхуащ.
Сэрщ зи вагъуэ имыжынур –
Сыхьэт махуэм къыдалъхуар.

Хэти хуиткъэ мыгузавэу
Гъуэгу щыфIэфIым щыхишын?
ФIыр щагуэшкIэ угувакъэ –
Къыплъымысу ягуэшынщ.

Сэ Кавказым я къуэ пасэу
Нэхущ шухэм сахэтащ.
Пшэ адрыщIым сынэсауэт
Щыблэ уэныр щыетар.

Сэ шыхулъагъуэр си бгъэрыщIэу
Гъуэгур скIуну си гугъащ.
Лъэрыгъыпсыр щызэпычым –
Си жагъуэгъухэм ягу зэгъащ.

Япэм итым лъагъуэ хешри,
И шыр жэрми щIимыхьэн.
Си мурадыр къыздэфIэтым,
Си гум илъыр фигу ислъхьэнт.

Бэлыхь дапщэ сыхэтами,
ГуфIэгъуэшхуэщ къысхуихуар.
Сэрщ зи вагъуэ имыжынур –
Сыхьэт махуэм къыдалъхуар.

* * *

ЩӀакхъуэ Ӏыхьэ лъымысами,
Усэ зытхыр шхын щыщӀэн?
И уэрэдыр и гъуэмылэщ,
Уаем хэтми, мыпӀыщӀэн.

Уэрэдусым захызобжэ,
Си ӀэнатӀи зым пэзмыщӀ.
Фигу щыхэхъуэм си гум хохъуэ,
Фи нэщӀэбжьэм гур елыпщӀ.

ЦӀэрыӀуагъэ сыхуеижккъым,
Сэ щӀыхь леи сыту сщӀын?
Фыхуэныкъуэу мафӀэ слъагъумэ –
Ар фи жьэгум щыфхуэсщӀынщ.

ӀуэхутхьэбзащӀэ сыфхуэхъуфмэ,
Си нэм, си псэм ар хузохь.
Гуауэр, гуапэр, фи мурадыр –
Ар дапщэщи Ӏэгук Ӏэ сохь.

* * *

Махуэр блокIыр напIэзыпIэу,
Илъэсищэ къэбгъэщIэнщ,
Упсэуным IэфIу щIэлъыр
Зэ упсэукIи къыумыщIэн.

МэкъуауапIэм удзу итым
Щыщ зы налъи сэ къизмыч.
Удз гъэгъари ирегъагъэ,
Дахэщ жысIэу къыпызмыч.

Уэсыр щкъыщкъыу ирепсалъэ,
ЩIыIэм гъыбзэр ныхуеус.
Хэти щыблэр пшэм хэлыдэм,
ЛъэIэсыныр къалъымыс.

Къуршым иту мэз бжэн лъэщхэм
Си пщIыхьэпIэм къыщакIухь.
СаIуплъамэ си насыпу,
Сахуэхъунут сэламыхь.

Мывэр джабэм къехуэхауэ
Псыхьэлыгъуэр щхьэ Iуищ Iа?
Арщ псы цIыкIур щIэгумащIэр,
Псэлъэреи арщ зыщIар.

Сэ бжей мэзым сыщIэгъыхьи,
Тхьэмпэм жаIэр къыпхуэсщIэнщ.
Мо гуэл щхъуантIэм жыг щхьэщытым
Я щхьэр дахэу псым хащIэнщ.

Дыгъэр къуохьэр е къыщIокIыр.
Дунеишхуэр кIыщ къысфIощI.
Сэ а кIыщым сыщолъащэр –
ЦIыху мурадыр кIыхь щызощI.

Гъатхэ пшапэр зэхэуамэ,
Уафэ кIапэр щIым лъоIэс.
Сэри цIыхум саIущIамэ,
Мэхъур сэркIэ ар гунэс.

Сэ гъащIэм дежкIэ сыгумащIэщ,
СыкIуэнуи жыжьэ шым сошэс.
ЗгъэщIэну дапщэ къысхуэнами
ХузощIыр щхьэщэ махуэ къэс.

# КЪУРШХЭР

Iуащхьэ зырызу бгыр къебжэкI,
IуащхьитI зэхуэдэу яхэмыт.
Зым пшэр щхьэщыту къыдокIуэкI,
Зым дэкIыфауэ зылI тхэмыт.

Зы къуршыр лъахъшэу къыпфIэщIа –
Псым и къежьапIэщ, телъщи уэс.
Ди псыIу игъащIэм мыгъущIа,
И щыгу ихьакъым шу е лъэс.

Зыр дыгъэмыхъуэм щыболъагъу,
ДыгъапIэм итри нэхъыбэжщ,
Мыл джанэ щыгъмэ, уэс хущIагъу.
ДыгъапIэм итыр ягъэфIэж.

Поэтхэм хуэдэу бгыр къысфIощI.
Зэхуэзэм, Iэджэм топсэлъыхь.
Зым мащIэ лъосри и гур хощI.
Зым и гъунэгъур пфIыхекъухь.

Дунейр къутэжи гъэувыж –
Зэхуэдэ къуршхэр пхуэмыщIын.
Уи Iуэху къимыкIмэ, щыгъэтыж,
УцIыкIумэ, лъагэ хэт уищIын?

* * *

СфIэмыфIыр куэдрэ сфIэфI уэ пщIащ,
Сымыдэ Iэджи сыбгъэдащ.
ПлъэкIыхукIэ си гур хэбгъэщIащ,
Уи лъэкIыныгъэри кIуэдащ.

«Уэ пфIэфIыр?» – жысIэу сыноупщI,
Иджы хъуэпсапIи уимыIэж.
ЗылъэкIым пшэрыр къыпеупщI,
Егъуэт итIанэ гукъыдэж.

ДыгъапIэ щихуу удэжейт.
Мис дыгъэмыхъуэр къыплъысащ.
ТIасхъэу уиIари хъуащ сэтей,
ЗэрыбжесIахэм унэсащ.

Иджы пфIэмыфIыр пфIэфI уагъэщI,
Идэнкъым жаIэу гугъу демыхь.
Уи ныкъуэр изу къыпфIагъэщI,
Урагъэщхьауэ узэмыщхь.

Гу кIуэдыгъуафIэщ зэ лъэщар,
КъетIысэхакъэ – къэубзащ!
Нэмыси щIыхьи ар зэщар
И лъэкIыныгъэм дэкIуэдащ.

* * *

Гъуэгъуакъэ уафэр –
Гъатхэр шым шэсащ,
Шы щхъуантIэ шур щIихьауэ
Зыдынэсынум нэсащ.

КъуалэбзууитIи зэгъусэу
Зы абгъуэ ящIу емыш.
Кърашыр уэрэд гуфIэжу,
Нэхущым тIури доуш.

Дунейр икъутэу псы цIыкIур
Нысщхьэбэ сыту къиуа!
Ныжэбэ жэщым къешхакъэ,
Щыбли ныжэбэ тIэу уащ.

Ди хадэм иплъэт зыгъази,
Плъагъу псоми уи псэр ехьэху.
Джанэ хужьыбзэр къыздикIыр
Балий гъэгъахэм я щэхущ.

Уи хьэкIэкхъуэкIи къэушри
Лъагэу тIысауэ мэкъугъ.
Арщ и уэрэдыр а щхъуэми,
Езыр къэкIуэну щогугъ.

А щхъуэр нэхъ лъэщым хурезэ,
ЗэрыфыщIынущ зыр лIэху.
ТекIуар лъоIэсыр зыхуейхэм,
Егъэщыр джэгуурэ нэху.

Мо мазэ дыдэм кIэлъыплъыт,
И блыпкъ хужьыбзэр къыщIощ.
Ди Iуащхьэмахуи хуэгуфIэу
ЩIихьауэ бгым япэ йощ.

Гъатхэр къихьакъэ – и унэ
ЩIэзагъэ дэнэ къипхын?
Усэ зытх дыдэр лъэщ мэхъури –
Бгым абрэмывэ дихынщ.

Гъатхэм мыпабгъэр гъужащи,
Нэгъабэ уэсу текIащ.
Къэмыушыну жеящи,
Дуней гуфIэгъуэм пыкIащ.

*   *   *

Сыт къохъулIэу угуфIами,
Уащыщакъым тхьэр зэтам.
Уи гуфIэгъуэр мыгуфIэгъуэт,
Ныбжьэгъубэр хэмытам.

Гузэвэгъуэ уихуэпами,
НыбжьэгъуфIым уегъэпэж.
ПщIащэ-пщIащэу хъерыр кIуэдми,
Ныбжьэгъу жыгыр къыпхуонэж.

Уи щхьэ закъуэм гъуэгур хьэлъэщ,
Гъусэм гъуэгур къегъэкIэщI.
Уи нэщIэбжьэ лIым епхьэлIэм,
Нэпс щIэбгъэкIми, къыпхуелъэщI.

*   *   *

Уи жэщи махуи имыIэххэу
Йожэх псы цIыкIур, къуэм дэмыкI.
Мывэ яхуэзэм къапекIухьыр,
Е пшахъуэр нэпкъым щIелъэсыкI,
Нэхъ ин и псыIур ищIмэ фIэфIу.

И кIуэкIи хьэли имыхъуэжу
И уэрэд закъуэр щимыгъэт.
Псыпэм и лъагъуэм псыкIэр тету,
Пшахъуэ гуэрэнми гъуэгу щегъуэт.

Йожэх зэпытыр, зи мыжабзэ,
Архъуанэм хыхьи – псыр мыкуу.
Къимыгъэззэну псыр ежэхми,
Къэжэнум хуещIыр лъагъуэр куу.

## ХЪУЭХЪУ

Сабий унагъуэм ягъуэтащи,
ЗыщIэхъуэпсахэр къехъулIащ.
Ар псыIэрышэу ухъу кIуэкIафIэ,
Унагъуэ цIыкIум дыпэплъащ.

Сабий унагъуэм къихутащи,
Жыгышхуэ хъуну щогуфIыкI,
КъыпыкIэм цIыхур игъэгуфIэу,
Жыг тхьэмпэм жьыбгъэр хремыкI.

Сабий къалъхуащи, ин зэрыхъуу,
Унэшхуэ хадэм ирищIэнщ.
Гъунэгъу хуэмыхъур щIегъуэжауэ
И гъащIэ Iыхьэр игъэщIэнщ.

Къалъхуащи щIалэ – лъэпкъ и къупщхьэщ,
Хъыджэбз зыхуалъхур иресакъ,
А щIалэм, къэсмэ и къэшэгъуэ,
КъывихьэлIэнущ псалъэмакъ.

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭ

Лъагъуныгъэр гъащIэ уасэщ,
Лъагъуныгъэм псэр дехьэх.
КъыпщIэуамэ – зыдэгъазэ,
Псы къиуауэ урехьэх.

Ущхьэхуиту упсэуамэ,
Лъагъуныгъэм гъэр уищIынщ,
И дакъикъэр уи нэ, уи псэу
Илъэс псоми япэпщIынщ.

Лъагъуныгъэр псы къиуащи,
Мывэ нэпкъи нищIеуд.
Лъагъуныгъэм елъэпауэм,
ПситI зэпытыр зэпеуд.

* * *

Сэ уэздыгъэ щIызогъанэ,
Сэ уэздыгъэ согъэункIыфI.
СыбгъэщIащи зэ гукъанэ,
Псалъэ дыджыр гум имыкI.

Уэ уэздыгъэ щIомыгъанэ,
ЩIэбгъэнами нэху умыщI.
УощI зэпытыр уэ тхьэлъанэ,
ЗылI итIани къыбдэмыщI.

Уз зэуалIэу зи гур кIуэдыр
Псалъэ дахэм егъэхъуж.
Псалъэ IэфIу усэм халъхьэр
Уэ жыпIакъэ – дыдж мэхъуж.

* * *

Жыгым зыри къыпымыкIэм,
Фочыку занщIэу ныдокIей.
Пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэм
Гугъуехьыныр хуохъу дуней.

Гъуэгугъэдахэу тыншу къэхъур
БжьыфIэ хъуурэ зеукъуэдий.
Сымэз жыгыу сыщытатэм,
Зэрыуэнут си лъэдий.

Си къудамэр усэ Iэджэм
ЩIым хагуауэ ягъэмэх.
Хьэщхьэтеуэ хъуа си тхылъхэм
Къэнэжари ирашэх.

* * *

Зыхуейр къехъулIэу зылI есащ,
Зыдэплъэм и нэр – Iэр лъоIэс,
Зэм жьыбгъэм шууэ ар шэсащ,
Зэм докIуеипэр уафэм нэс.

И гугъу ящI защIэу нэху ягъэщ,
Езыми дыгъэу зыкъыфIощI.
Дунейм темыту нэхъ лIы лъэщ,
Щытхъупсым щыщIэм, и гум хощI.

Иджы къеублэр гупсысэн,
КъыщыщIэкIакъым и гугъам.
ФIыщIэ жыгышхуи хухисэнт,
ЩIыхухисэнур ищIэгъам.

И напщIэ телъхэр хокIуэдэж,
ЗрагъэкIами къахонэж.

## УСИЩ

1

Дунейм къытехьэ къытенэнкъым,
ЛIыгъэ зезыхьэр сыну жынщ.
Хьэбыршыбырым къыхэкIари
Хьэбыршыбырым хыхьэжынщ.

2

Зэм уи псалъэм ин срихъуу
И IэфIагъыр фом пэсщIат.
Зэм нэхъ дыджи уигъэлъыхъуэу
Нэм щIэт нэпсыр къиунэщIат.

3

Уафэр вагъуэм я зэхуэдэщ,
Зы жэщ закъуи мыкъиина.
Сыт дэ щIылъэр щIытфIэмащIэр,
ЛIыфIу Iэджэм къащIэнар?

*   *   *

Дунейм къытехьэр зэи щымыуэу
Дунейм ехыжу щытыгъам,
Зи гугъу дэ тщIыни дымыгъуэту
Депэзэзэхыу гур зэгъат.

Дыгъэр щымыуэу уафэм иту
Дунейм и нурыр нышегуэш.
Сыдыгъэу махуэ сыщытатэм,
Си Iуэхут сыщыуэм сэ, си къуэш.

*   *   *

Зы куэнсапIэм пщIэ имыIэ,
Жьым пэщIэхуэм IэщIокIуадэ.
Нэм ар щIэхуэм уегъэгуIэ,
Гъын-мыгъыным ухегъадэ.

ГъущI гъэплъами пцIыр хуэдабзэщ,
Цыри шыли пхисыкIынущ.
Лъакъуи хуейкъым – ещхьу мазэм,
Пшэ фIыцIэжьхэм япхыкIынущ.

## ЩIАКХЪУЭМ И IЭФIАГЪ

Шхын и IэфIагъыр къэщIэгъуейкъым:
УахэтIысхьакъэ гуп зэхэплъэ,
Пшхыр IэфIрэ дыджрэ зэбгъэщIэнум,
И нэгу бысымым занщIэу щIэплъэ,

* * *

Езыр-езыру зыхуэпсалъэу
И бзэгум папщIэ щхьэм жеIэж:
«Ди унэ щIэсщи зы емынэ,
Здэтхьынур ди щхьэ дымыщIэж».

* * *

ФIымрэ Iеймрэ зэхэбгъэкIыу
Упсэуныр насыпышхуэщ.
Зи акъылым ар къитIасэр
Теувэнущ нэхъ гъуэгушхуэ.

Дянэм жиIэрт: уи щхьэр хъумэ.
Дядэр напэм хуэгузавэрт,
Къуэш нэхъыжьым, сыщыуэхукIэ,
ПэкIэ щIыпцIэр сэ сигъавэрт.

ЩIыр зывэни дэ къытхокIыр,
ПсыIэрышэ зышэр мащIэ?
Гум къинэжу уэрэд дахэ
Зэхэзылъхьэм яугъащIэ.

Зым хуэмыфIыр зыми щыщкъым,
Псэу-мыпсэуми хэт хуэныкъуэ?
Щхьэпэ хъуну лъэмыкIамэ,
Арщ хуэхъуари гъащIэм дыркъуэ.

Гъатхэм пщIащэр къегъэушыр,
Удзхэр дахэу къыдогъагъэ.
Сэбэпыншэу гъащIэр зыхьыр
И пIэ иту ирезагъэ.

ФIым хущIэкъуу цIыхур псэумэ,
Арщ псэунур псэукIафIэу.
Ем хущIэкъур ем ехьыжри
Гыбзэ псалъэм есыр мафIэу.

Лъэпэрапэм дяпэ итыр,
Димыувэу дэ ди мыпIэ,
Ди щхьэм хамэр пэтлъытыфу
Дыщытамэ, дитт тыншыпIэ.

* * *

Гъатхэ къэскIэ я гъуэлъхьэгъуэу
Къэзыгъазэр къуалэбзу?
Зэманыгъуэ бзэм щигъуэтым –
Бгъуэтмэ къащтэ и чэзур.

Къэралыгъуэу дапщэ щыIэ,
Бзэ умыщIэм сыт ущыщ?
Пащтыхь пащхьэ зэ сихуауэ
ЕзгъэщIакъэ сызыщыщ.

Сэ Iуэху инхэр си пщэ дэлъми,
Адыгэбзэр сщIат гурыхь.
Я зы лIыщхьэ си тэрмэшу
Сепсэлъакъэ сэ пащтыхь.

Си лъэпкъэгъухэм сахыхьэжмэ,
Мис аргуэру чэмщ тэрмэш.
Бзэр мыбзэжмэ, псалъэр щыкъуну
Къуалэбзухэм яхуэвгуэш.

## КОМОР КЪЭРАЛ

Хым Iуащхьиблыр хэкъухьауэ
Мазэ ныкъуэу псым къыхощ.
Нэм къиубыдыр тенджыз защIэщ,
Уафи псыи зы къыпфIощI.

Пшэщ мыбыкIэ къэкIуэфынур,
ЦIыхур дэнэ къыздикIар?
Къалэу, къуажэу ныщытIысым
Жыгыу пальмэщ ягъэкIар.

Я Iуащхьиблыр мазэ ныкъуэм
Палъытауэ ирагъэщхь.
Зы уэздыгъи щIамыгъанэу
Жэщыр кIыхьми нэху ягъэщ.

Я нэхъыщIэр бдзэжьеящэщ,
Гухъум фызхэр дохьыр гугъу.
Занзибари кхъухьыр къикIмэ,
Хым и гъэрхэм ягу хуэмыгъу.

Я хъыджэбзхэр Iэпкълъэпкъ дахэщ,
Я зекIуэкIэм удехьэх.
Къохъу илъэсым уэшх къемышхыу,
ПсыхуэлIэным егъэмэх.

Къуажэм дэсхэм сыт щатIагъэр,
Узыхуэзэр хур хъыджэбзщ,
Джанэ щхьэкIэ мыгузавэу
АдкIэ-мыдкIэ мэзым щIэзщ.

Уэшх къешхамэ, я гуфIэгъуэщ,
Къешхыр чейкIэ зэхуахьэс.
Шхыныр жыгым къапыкIамэ,
ЗагъэнщIауэ жьауэм щIэсщ.

Уахыхьамэ, хыумылъагъуэ
Iэщ зыгъэхъум гурымыкъ.
Iуащхьэм уехмэ, хым уIуохьэ,
Я пащтыхьри лъэс-лъэбыкъщ.

Жыжьэ къикIыу кхъухь къэкIуамэ,
Кокос дагъэ къыщещэху.
Комор хэкуу а Iуащхьыиблым
Хым ику иту загъэпсэху.

Къэралыгъуэр гъуэтыгъуейми,
Сэ хьэщIапIэ щызгъуэтащ.
Къуалэбзухэм сыкъахьати,
Мэзым мазэ сыщIэтащ.

Къыдэфыгъуэ дыхуэмызэу
Гъунапкъэншэр ди дунейрт.
Вулканышхуэ гъунэгъупсу
Къэгурыму дигъэжейрт.

* * *

Щыдэжыныр щыдэжауэ
Уафэм, пщIэрэ, сыт и ныбжь?
Джабэм, мэзым ябгынауэ
Мы зы гъэкIэ изщ гъэужь.

ПщыIэ хужьу къуршхэр итщи,
Дыгъэм джабэр ирагъэу,
Я пэр лъагэу яIэтауэ
Пшэм щIоф жыпIэу щызэблоу.

Жьыбгъэм хэту удз гъэужьым,
КъуакIи-бгыкIи зэпекIухь.
Вагъуэ уафэм къехуэхауэ,
Удз Iув итым хопщIэпщIыхь.

Дыжьын нахътэри IэщIэлъу
И аркъэныр хужьщ, дыжьынщ.
Вагъуэм лъохъур имыгъуэту,
Удзыр мажьэкIэ ижьынщ.

Жьым и ужьым сиувауэ
Нахътэ тIэкIуи зэдызохь.
Псыжь дыздикIыу, дыкъикIыжу
Жьыбгъэм дэрэ гугъу дыздохь.

Пшэр зэблидзу жьышхуэ къопщэ,
Удзри ещIыр хэутэн.
Демызэшу дызэпоуэ,
Вагъуэм сыткIэ гу лъыптэн.

Къехуэхакъым уафэм вагъуэ,
Къехуэхами, къэмыса,
Удз гъэужьым хэкIуэдамэ,
Дэркъым вагъуэр зылъысар.

## ЖЭЩ НЭРЫПЛЪЭ

Щрет хуейм жэщыр вынду фIыцIэу –
Нэрыплъэ щыIэщ псори плъагъуу.
А жэщ нэрыплъэр сиIэгъатэм,
Зэран къысхуэхъурэт кIыфIи пшагъуи.

Ар къэрэгъулым иIыгъ защIэу
Нэху щыху сэлэтыр мытIысыххэ.
Гъунапкъэм къикIыр е икIыжыр
Къелъагъур, псынщIэу ещIыр гухэ.

Сэ зигу хэзгъэщIи щымыIэххэ,
Гъуэгу дыздытетым ситщ сэ япэ,
А жэщ нэрыплъэр сиIэгъатэм,
ДыкIуэнт тхэмыту лъэпэрапэ.

Дэ жэщ къыттохъуэ зэзэмызэ,
Гу лъыдмытэххэу дегъэгъуащэ.
А жэщ нэрыплъэр ет поэтми,
Илъагъуу кIуэнущ и гуращэр.

* * *

Лъагъуныгъэр мазэм хуэдэщ,
КъыщыкъуэкIыр хэт ищIэн.
Лъагъуныгъэр гъатхэ дыгъэщ,
Къыптемыпсэм – упIыщIэнщ.

Уи псэр щэхуу дахьэхамэ,
Гъатхэ мазэр къэунэхуащ,
ЩIымахуэкууи уэсыр къесмэ,
Уэ щыблэшэ къыптехуащ.

Жэщи махуи уи зэхуэдэу
УгуитIщхьитIу жейр мэкIуэд,
Къуалэбзухэм уахуэзамэ,
ДажыбоIэ я уэрэд.

Псалъэ закъуэр уи нэ-уи псэу,
Зэ Iуплъэгъуэм ущIохъуэпс.
ФIыуэ плъагъур гум къэкIамэ,
Уи гум уафэр къыщохъуэпскI.

Къуалэбзуми тIурытIыххэу
Шхыныр губгъуэм къыщащып.
Дэри ди псэр лъагъуныгъэм
Зы ищIамэ, ди насыпт.

## ЦАДА КЪУАЖЭ

Цада къуажэр къырщ зэрысыр,
Пшэр шхыIэну къытепIащ.
Жыгым уэсыр къытырепхъэ,
Еплъ итIани – къэтIэпIащ.

Пшэ адрыщIым лъагъуэр докIыр,
Къурш зэхуакур я уэс гуэнщ.
Я хъыджэбзхэр псыхьэ кIуэмэ,
Я дамащхьэм тетщ гуэгуэн.

Жэм зыгъэхъум Iэщыр дихумэ,
Уэгум ихьэу зэм къыпфIощI.
Жьыбгъэр къепщэу, дыгъэр къепсу,
Уэсыр, уэшхыр къызэдощI.

ХьэщIэ къуажэм я нэ-я псэщ,
Нэху щыхункIэ ущагъэс.
Гъуэгу утету упIыщIакъэ –
Жьыуэ уи шым уагъэшэс.

Цада Хьэмзэт и унагъуэ
Зэ хьэщIапIэ сэ сихуащ.
Зы бжэныфэт пщIантIэу яIэр,
Зэрыгупу дыдэхуащ.

Бысым и тхыгъэм сыхэплъати,
Хьэрыпыбзэт зэрытхар.
ЗэIэпытхыу куэд деплъами,
КъытхэкIакъым къизыха.

Хьэмзэт и къуэу я Расули
Арт шу гъусэу дэ диIар.
Нобэм къэскIэ сщыгъупщакъым
Къуршым дису щыжытIар.

Гупыр пщIантIэм дыщытIысым,
Расул жьантIэр къылъысынт,
Хэгъэрейуэ къалъытати
ЯщIыххакъым ар бысым.

## ТХЫЛЪ ЕДЖАПIЭ

Пшэр къуршыщхьэм тедиями,
Дыгъэр къухьэм тIэкIу токIуэт.
Тхылъ еджэну зи мурадхэр
Шха иужьым клубым кIуэрт.

Орден зиIэм къигъэлъагъуэрт
ЛIыгъэ зиIэм хулъэкIар.
Я читальнэм щетIысэхырт,
Ягу къэкIыжырт нэгу щIэкIар.

Тхылъыр зауэм теухуати
Еджэу щIадзэм заущэху.
Нэфщ едаIуэу щыс илъэпкъыр,
Ямылъагъуу мафIэ нэху.

Тхылъым еджэр ар нэ жанщи
А зы закъуэм и насыпщ,
Я уэздыгъэр етIысэхмэ,
Хьэрфхэр цIыкIуми къахуещып.

Нэф Зауэшхуэм хэхъухьахэм
Зауэм Iуту къафIегъэщI.
Ялъэгъуахэр нэгу щIокIыжри,
Тхылъ едаIуэу мэгумэщI.

Хэт танкисту зэ щытами
Баш и жьэпкъым щIэгъэкъуащ.
Е зауэлIыр нэф щыхъу махуэм,
Бийм щыIущIэм, и закъуащ.

Гъэру куэдрэ яIыгъами
И нэпситIыр хуэмыубыд,
Хъыдан фIыщIэм къыщIэжауэ
И нэIущхьэм къыщолыд.

Заущэхуауэ тхылъ йодаIуэ,
Зауэм Iуту къалъытэж.
Хэт сыт лIыгъэ зэрихьами,
Тхылъ зэдаIуэм къуегъэщIэж.

Мазэ тхылъым едэIуахэр
Унэм кIуэжми, ягу зэгъэн?
Къру кIуэкIэу ахэр кIуэми,
КIуэу парадым уи гугъэнщ.

* * *

Псыр къежэхыу уафэм щытыгъамэ,
Нэшэкъашэ псыхъуэм имыщIынт.
Мазэм, кхъуафэжьей хужьыбзэм хуэдэу,
ЗэпиупщIу псыбэр, вагъуэр къэпщIыпщIынт.
Псы уэр инхэм пшагъуэр яфыщIынт.

Тенджызыжьхэм я толъкъун мардэншэр
Зэрызешэу уафэм кIуэ-къэкIуэжу,
Хым тет кхъухьхэр хъунут си хъуэпсапIэ,
Хъунт бдзэжьейми хышхуэм щемыщэжу,
ДэкIуеигъуэр гугъуми, тыншу къагъэзэжу.

ЩIым и гъунэм дыгъэр зэ нэсарэ
Къигъэзэжу къыздикIамкIэ кIуэжтэм,
Махуэ защIэу гъащIэр екIуэкIынут,
Борэн ябги, зы дурэш къыдэжу
Хадэм ихьэу, диным имыкIынут.

Си къарукIи фIыгъуэм хэкур хуэзэм,
Сэ и гъащIэм Iэджэ къыпысщэнут,
Дыгъэмыхъуэр сэ дыгъапIэ сщIынти,
Уафэм сыкIуэу вагъуэ сыхуещэнут.

* * *

Си Iэдакъэм щIокI жыг хадэ,
Къихьэ хадэм – зэгъэлъагъу.
Уафэ лъащIэм нэсу жыгми
Зей хэссами къысхущIагъу!

Си псэр жыгым, и зы тхьэмпэу,
Жьыбгъэр къэсмэ, ныдоджэгу.
Зэми дыгъэр тIэкIу къытопсэ,
Зэм и щIыIуми, зэ и лъэгущ.

Си гъунэгъуу пщIащэм соплъри
Плъыжьщ – зэрыджэм хуэбгъэдэнщ.
Ар зей щхьэкIэм пыуващи,
Дыгъэмыхъуэр пхуимыдэн!

ЖысIэ псалъэр ткIуэпс зырызу,
Жьыр къепщамэ, нысфIокIуэд.
ФIыуэ слъагъуу сэ си плъапIэм
Ар хужысIэу си уэрэдщ.

Зэр Iэрысэу сэ согъэкIыр,
Си псэр тхьэмпэу пытщ а зейм.
Арщ а жыгыр плъыжь зыщIари,
Арщ щIэплъыжьыр ди дунейр.

# ДХОНИ

Къамыл защIэу зэIущауэ
Кхъуафэжьейхэр уэ плъэгъуа?
Дхони жаIэм, арщ жыхуаIэр.
Арджэн дахи иубгъуащ,

Хы техьамэ, тетщ мышынэу,
Хы толъкъунхэр фIэмыIуэху.
Псы тхъурымбэр щIэтIысыкIрэ –
КъемыкIуалIэу мэщыр нэху.

Тенджыз гъуэгу техьауэ кхъухьыр
Хы толъкъунхэм заIэта,
Я кхъухьыпщыр мэгузавэ,
Хы шынагъуэм гу лъитащ.

Я кхъухьыпщыр IэкIуэлъакIуэу
Щытми, кхъухьыр щIотIысыкI,
Къамыл защIэу дхони цIыкIур,
Хыр губжьами, гъуэгу темыкI.

# ПСЫМ И ХЬЭЛ

Бжей жыг инхэр мэз тхьэмадэщ,
ЖьантIэм дэту нэпкъым тетщ.
Пшэр бащлъыкъыу зэIэпахыр,
Бжейр Iэтащхьэу я жыг тетщ.

Псы къабзабзэр къыщIэжауэ,
Бжейм и лъабжьэр ныхуетхьэщI,
ФIыщIэ ини къыхуищIауэ
ФIым псы къабзэр хуеузэщI.

Псыр мывэшхуэм йолъэ-йопкIэ,
Зэм щIихьами, хуэм мэхъуж.
Нэшэкъашэу лъагъуэр хишми,
Къуэшхуэм дэтщи, пхудэмыж.

Зауэм щыгъуэ а псы уэрым
Бийр икIыну лъэмыкIа.
Мыл аркъэныр щIыIэм идзкIи
Хуэмыубыду IэщIэкIащ.

Нэпкъым хуэзэм зрепщытыр,
Къурш пэувми, гъуэгу щIеуд.
Мы псы Iэлыр Iэмалыншэщ, –
ЖаIэу мывэр зэгуоуд.

Гъэмахуэкум псыр къиуакъэ –
Зыхуэусэр и анэшщ.
Псым и хьэлым щыщ сэ схэлъщи,
Сэрэ псымрэ дызэкъуэшщ.

* * *

Уафэ къащхъуэм пшэр хужьыбзэу
Iэтэ-Iэтэу щикъухьащ.
Пшахъуэ къумым, уэшхым и пIэ,
Пшэм я жьауэ къытехьащ.

Гъуэлъи еплъыт: пшэм я теплъэр
Махъшэм ещхьу зэм къыпфIощI,
Зэм хьэжыщIым дадэ кIуэхэм
Ебгъэщхьыну хэтщ зы тIощI.

Асыхьэтым я щхьэр похури
Уафэ къащхъуэм йоткIухьыж,
ТIум я Iэщхьи зэлъоIэсри
ЗаIэтауэ мэхъу лъэмыж.

Зэм шуудзэр тесщ пщIэгъуалэм,
Сабэр къумым къыщаIэт,
Зэм пшахъуэщIым нилъэдамэ,
Зэм уафэгум зыщаIэт.

Палестинхэр зэрызехьэу
ЩIылъэм тетмэ, инщ я губжь,
ПIэтIрон лентIхэр къешэкIауэ
ЩамыщIыххэ щIым лъэужь.

Пшэ хужь Iэтэу макъ зимыIэр
Уэгум иту щымыуэн.
А пшэ дыдэр къызэрыкIмэ,
Уафэр гъуагъуэу, щыблэр уэнщ.

* * *

Сэ щIым тезмысэ къытемыкIэ,
Жылапхъэр хьэдзэу къызощып.
Си псалъэм фи гум фIы къигъэкIым,
Аращ жыхуэсIэр сэ насып.

ЩIым къыслъысари мыин дыдэ,
ВакIуэ сихьамэ – мысэтей.
Уэлбанэм губгъуэм сриубыдэм,
УэфI къэхъужыхукIэ мы дунейр

Сыпэплъэу, зэман сымыгъакIуэ,
Къысщытхъум жысIэу сфIэмыIуэху.
ДищI щыхамысэ сыхуэзамэ,
Ари тессауэ согъэунэху.

Си щIым къытесхыр куэдщ е мащIэщ –
Гъэ узыхуэзэм елъыташ.
Зэм бэву гъавэр къытыбохыр,
Уэгъу къытехъуакъэ – пщIар кIуэдащ.

УхэкIрэ гуауэ, жылэ хэпсэу:
Хэпсар псым ехьыр, зэм ядыгъу.
Адэжь я гугъэр щIым хэпсарэ
Ар къэмыкIамэ – псом нэхъ гугъущ.

* * *

Жьыр къемыпщэм, дэнэ щыIэ,
УвыIэпIэ иIэу щыс?
ЗигъэпщкIуауэ ар зыкъуэсыр
Згъуэттэм, жысIэу согупсыс.

Е борэну уэс зезыхьэм
И хэщIапIэр дэнэ дей?
Шы емылыджу зэм къыкъуожри
Уеблэм бгыщхьэм ныдожей.

Шы пщIэгъуалэм уанэ теслъхьэу
ТIэу семыплъу сышэсынт.
Шууэ щыIэм я нэхъ ябгэр
ЗыдэмыкIуэм сынэсынт.

Борэн къащхъуэм зиудыгъууэ
Къэзгъуэтами зыдэщыс,
Хэту пIэрэт зыубыдынур
СыщышэскIэ лъэрыгъыпс?

* * *

ГъащIэм иIэ къегъэжьапIэ,
Унэу япэ хэт тIыса?
Е шы Iэлыр къиубыдыфу
Хэт шым шэсу игъэса?

Ноби уэгум гъуэгу щыхашыр,
Хым и щIагъым къыщакIухь.
Унэ ящIу яубламэ,
Къыщехыжым хэтщ бэлыхь.

Ижь-ижьыжкIэ цIыху зэхуэзэм,
Зызэрадзу я хабзащ.
Дыгъурыгъуу, жаIэу щтэуэ
Бынунагъуэр дэгызащ.

Нобэ лъэпкъхэр зэхуэмызэу,
Зэтемыплъэу зэроукI.
Хужьым фIыцIэр ещI Iумпэми,
Дахэ-дахэу зэблэмыкI.

ГъащIэм иIэ къегъэжьапIэ?
Хэт и унэ ягъэсар?
Хужьым фIыцIэр и нэ-и псэу
ГъащIэ дублэрт тхуэгъэсам.

# ПСЫНЭДАХЭ

ИкIи псынэу икIи дахэу
Дэнэ уи псыр къыздипхар?
Уи псы Iуфэр мылъагэххэ,
Мэз бгъэкIыни плъэмыкIа.

Хъыджэбзищи псыхьэ къакIуэм
Псыуэ къажэр яхьыфынщ.
Зы лъэмыжи темылъыххэу
КъакIуэр уи псым икIыфынщ.

Еплъ итIани Псынэдахэ,
Арщ псым цIэуэ ныфIащар.
Гъатхэр къэсмэ, зыбгъэкъиину
НэгъуэщIыцIэ пхуэфэщат.

Гъэмахуэкум псы имыту
Псынэдахэр сэ слъэгъуащ.
Къохъур ныджэм удз къытекIэр
Дыгъэ гуащIэм щилыгъуа.

Псынэдахэ – ар къуажэцIэу
А псы цIыкIурщ фIэзыщар.
ЦIэфIэщ джанэ щхьэ хуамыдрэ?
Езы псыри арщ зэщар.

Гъуэгу зэпысчу нэзгъэзэжрэ
Псынэдахэ сынэсам,
Си гум жеIэ къысфIилъэту:
«Псынэдахэ дыкъэсащ».

Псыр цIыкIу дыдэу лъэмыжышхуэм
СыныщикIкIэ бзур блолъэт,
Псыхьэ къакIуи щызмылъагъукIэ,
Сэри си гур къысфIолъэт.

МывэкIэщхъыр ебжыр жыпIэу,
Хуэму, щэхуу псыр йожэх.
Бабыщ бынхэм я джэгупIэр
Къиупащи дэмыхуэж.

Псынэдахи, ихуэм пIалъэ,
Уэрэд дахи жиIэфынщ.
Хъыджэбзищи псыхьэ къакIуэм,
Псыуэ къажэр яхьыфынщ.

Ди хэку тIэкIур зэрыхэкуу
Псынэдахэ Iус къысфIощI.
Шылэ джани зэIузощэ,
Лъэмыжышхуи сэ хузощI.

# ЦIЫХУ МУРАДЫМ И БЗУ ХУЖЬ

Сантьяго-де-Кубэ
Къандзэгуу къохъей,
Сантьяго-де-Кубэ
Щакъутэ дунейр.

Сантьяго-де-Кубэ
Уэрамым цIыху дэзщ,
ФIыцIабзэу хъыджэбзи
Яхэтщи тэрэзщ.

Ар иту псом япэ –
Хъыджэбзыр гъуэгухэшщ –
«Хьэпсыжьу Монкадэ
ЩIагуахэр къыщIэфш!» –

Ар жеIэр мышынэу,
Полици фIэIуэху.
А махуэм хъыджэбзым
Уэрэдыр жьэдэхущ.

Батистэ сэлэтхэр
Уэрамым дишат,
Тутнакъыу Монкадэ
Хъыджэбзыр яшат.

Сантьяго-де-Кубэ
И губжьыр хым нос.
Хъыджэбзым гуIэгъуэр
А махуэм къылъос.

Хъыджэбзыр зыщIадзэм
ЦIыхубзи куэд щIэсщ.
Адрейхэр цIыху хужьми,
ЯщI фIыцIэр гунэс.

Сантьяго-де-Кубэ
Зэгъэну хуэмей,
Дэзщ цIыхухэр уэрамым,
Якъутэр дунейр.

«Тутнакъым ис фызхэр
Я унэ вгъэкIуэж!» –
Ар жаIэу мэкIийхэр,
Я Iэщэр къащтэж.

Полицэр гузавэу
Нэхъыщхьэм лъоIэс.
А махуэм унафэр
Тутнакъым къагъэс:

«А фIыцIэр къэвгъани,
Фыз хужьхэр щIэвгъэкI!» –
Арат я унафэр
Мыхъуну уфIэкI.

ЦIыхубзхэм я щхьэцым
ТIэкIу-тIэкIуи паупщI.
Зы жэщым парикыр
Мо фIыцIэм хуаущI.

Сантьяго-де-Кубэ
Яхэткъым къикIуэт.
ФIыцIабзэу щытари
Хужьыбзэу яхэтщ.

ХъумакIуэр зэрошхыр:
«Щхьэц фIыцIэр тIэщIэкIщ».
Мурадым дихьэхым
Нэхъыбэ ялъокI.

* * *

Сэ уэгу къащхъуэм сыщолъатэ,
Вагъуэ нурхэр къызощып.
Уэшх зыкъэсщIу сыкъешхамэ,
Гъавэу къэкIым я насыпщ.

Жьыбгъэм уанэр сэ тескъуауэ,
КъуакIи-бгыкIи къызокIухь.
ГъэпсэхупIэ схуэхъум жысIэу,
Къырым унэ тызощIыхь.

Сыт мычэму сыщIэлъатэр?
Хэт къаруи къызита?
Си лэжьыгъэм пэкIуэ тIэкIур
Фыгъуэнэдхэм къызата?

Зым и щIыхуэ къыстенакъым,
Къэзгъэнакъым схузэфIэкI.
Арщ сэ хуиту сыщIэлъатэр,
ФIыщ уи Iэгумэ гуащIэдэкI.

ЩIылъи уафи си зэхуэдэщ,
Зэ си Iуэхуми гу лъатэнщ.
Дамэ стетым хэт къабзийхэр
Хамыч закъуэм, сылъэтэнщ.

Сыкъеплъыхрэ къуршхэр слъагъум,
Си щIыналъэр къызощIэж.
Къуэм дэт жьыбгъэм зэхафыщIэу
Бжей мэзыжьыр мэгуIэж.

Ныкъуэкъуэныр щагъэтамэ,
ЗэкIужыпщIэр хьэзырыпст.
Къырым данэ щагъэпщкIуамэ,
Ар къэсхьыну сынэмыс.

Сэ уэгу къащхъуэм сыщолъатэ,
Вагъуэ нурхэр къызощып,
Уэшх зыкъэсщIу сыкъешхамэ,
Гъавэу къэкIым я насыпщ.

* * *

МахуитI зэхуэдэу къыумыгъащIэ.
Мэзышхуэм щIэту жыгхэм хуэдэщ,
И ныкъуэр носыр уафэ лъащIэм,
И ныкъуэр щIыкIухэщ – уэ яхэдэ,
Жыг къуаншэбынши хыболъагъуэ.

Сэ къэзгъэщIахэм сахоплъэжри –
Зэрызэмыщхьыр нэрылъагъукъэ,
Яхэти махуэ сэ згъэфIэжу,
БлэкIам и ныкъуэр я ныбжьэгъукъэ,
ТIэкIу зауэм махуэр къилыгъуауэ.

Яхэтщ сэ вакIуэ сыщыкIуари,
Жылапхъэу сытыр сэ дэсшами,
Солъагъу бэлыхьу щызгъэткIуари,
ГуфIэгъуэ дахэ сэ згуэшами,
Си ужь къиувэм тыншу ящIэ,
Сытым хуэдами сэ си гъащIэ.

Зы махуэ си псэм себлэжакъым,
ФIы гуэр Iэдакъэм щIэзгъэкIатэм, –
Ар жысIэу слъэкIи къэзгъэнакъым.
Гъуэгушхуэ техьэм садэкIуатэм,
И ужь сыздежьэм сыкъинакъым.

Ябгащ си дежкIэ си жагъуэгъур,
Зэпачт мычэму лъэрыгъыпсыр.
Зэ сигу ебгъами хузогъэгъур,
КъагурыIуахэм Iейр зищIысыр.
Сэ зыми и гур изудакъым,
Е цIыхум я гуи сэ сихуакъым.

* * *

Гъуэгуанэу мащIэ дякум дэлъкъым:
Зэпэжыжьагъым къытхущIагъур.
Си нитIыр мащIэу зэтезгъалъхьэ –
Си пащхьэм уиту узолъагъур.

Зэгуэр псы уэру сыщытамэ,
СигъукIыжащи согъэщIагъуэ.
Си нитIыр мащIэу зэтезгъалъхьэ –
Си пащхьэм уиту узолъагъур.

Сыноджэ щхьэкIэ мыхьэнэншэщ,
Щыхэпш сымыщIэ уэ гъуэгу лъагъуэ.
Си нитIыр мащIэу зэтеслъхьакъэ –
Си пащхьэм уиту узолъагъур.

Сылъыхъуэу уи псэм сынежьати,
Узмыгъуэтауэ си гум хощI.
Си нитIыр мащIэу зэтеслъхьакъэ –
Уи макъ зэхэсхыу сэ къысфIощI.

Ухэлъщ уэ си псэм ухэпщауэ,
Си лъагъуныгъэр мыткIужыну.
Дунейм сехыжу нэр зэтеспIэм,
Услъагъу къысфIэщIу сехыжынущ.

* * *

Ягъажьэ щIакхъуэр хъуреишхуэу,
Гуэдз хьэдзэм ещхьу и сурэт.
Аращ гъэ къэскIэ щIыр дэ щIэдвэр,
Удз пщIэни хьэсэм хэдмыгъэт.

Мо уафэ къащхъуэм къуетыр хуабэр,
Гуэдз хьэсэм нурыр къалъоIэс.
ЩIыр къызэщIэплъэм – уэрщ къэкIыгъэр.
Къытщохъу, деплъамэ, ар гунэс.

ЦIыхубзым хуэдэщ ди щIы вапIэр:
Тепсар зымащIэу – къок Iыр куэд.
Iэдакъэм щIэкIыр егъэбагъуэ,
ФIы зэ хуэпщIакъэ, щымыкIуэд.

Уэ фIыуэ плъагъум, укъелъагъур,
Уи нэфI зыщцыхуэм – уегъэпэж.
Гугъу удемыхьу узэлIалIэм
УигъэщIыххэнкъым гукъыдэж.

Уэ уи нэм хуэпхьым псэм ухуахьыр,
Псэ хэлъхьэ Iуэхуми – ефIэкIуэнщ,
ГъащIэм и тепщэр лъагъуныгъэщ,
Бзаджагъи мыви ар текIуэнщ.

* * *

Мывалъэ щIыпIэу дапщэ щыIэ,
Ауэ яхэткъым ппэслъытын.
Сэ уае къэхъум сыпоувыр, –
Си гуапэу хадэр пхуэсхъумэн.

Уи къалэ зыми хэгъуэщэнкъым,
Къуажэ жыпIэнщи, апхуэдэжщ.
Псым уекIуэлIамэ, псы ефапIэм
Бжэнымэ тIэкIу къыщыпщIехьэж.
Пщыхьэщхьэ дыгъэр жэмхэм бжьакъуэм
Нур IэплIэу фIэлъу къагъэзэж.

Жэщыр мазэгъуэм – мазэ нурыр
Ди дадэ Iущхэм къалъоIэс,
Я жьакIэр мазэм хужь къищIауэ
Я гум къэкIыжхэр Дахэуэсщ,
Нэху ягъэщыхукIи, мес, зэхэсщ.

Уи вапIэм сыти къытегъакIэ,
Тепсэр угуфIэу Iупхыжынщ.
Iуэхушхуэ цIыхум ящIэхункIэ,
Уэ ухэку цIыкIуу уамыбжын.

Дунейм псы сефэу сытетыхукIэ,
Уэ зыр гуфIэгъуэу узиIэнщ.
Бзур зы уэрэдым щIапIыкIащи,
НэгъуэщI зэхилъхьэу жимыIэн.

Сэри сахуэдэщ къуалэбзуми,
И фIыщIэ хэкум сщымыкIуэд,
Сэ гъащIэр сухми, схуэухынкъым
Си хэку нур хадэм и уэрэд.

## ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ ХАДЭ[1]

Хьэтохъущокъуэ хадэм
Къуалэбзур имыкІ.
ХьэтІохъущокъуэ хадэм
Уи гум сыкъыщыкІ.

Лъэс лъагъуэм сытехьэм
Жыгырщ ини хъуар,
Мо жыг щІагъыу дахэрт
Ди гур щыхэхъуар.

Уэ зи унэ уисыр
Хуабэ щымыщІэн.
Зэ Іуплъэгъуэ закъуэм
ЩхьэкІэ сыт пхуэсщІэн?

Дэ ди ныбжьым хэхъуэу,
Лъагъуныгъэм хощІ.
Жыг Іэрысэ хадэм
Уиту сэ къысфІощІ.

ХьэтІохъущокъуэ хадэм
Къуалэбзур имыкІ.
ХьэтІохъущокъуэ хадэм
Уи гум сыкъыщыкІ.

[1] Иджы щыІэ Налшык паркырщ зи гугъу ищІыр. *(Ред.)*

# ФОШЫГЪУ ШЕЙ

Псыхъуэми сыдохьэ,
Зэм сытетт сэтей,
Дэнэ сымыкIуами,
Уэ сыпщIат сэ лей.

ЗгъафIэрт сэ фи унэ
Лъагъуэ хухэсшар.
Сэ къыспоплъэ жысIэу,
СщIэркъым узышар.

Гъусэу уиIэр слъагъум,
Си гум хыбогъэщI.
Зэ Iуплъэгъуэ закъуэм
Къыдэсхьэхщ нэгъуэщI.

Си нэм къыщхьэрипхъуэу
Пщащэм сахэдащ.
КъодэхэкI къэсшэну
Сэри сагъэдащ.

Сэ уи лъагъуныгъэм
Сигъэудэфат.
Iэмал щимыIэжым,
Фошыгъу шей сефащ.

# ПСАЛЪЭ

Уи уни кхъухьи – сыти жыӀэ,
Сыт цӀыху Ӏэдакъэм щӀэмыкӀар.
Уэрэд жызыӀэр гупсысамэ,
Гум лъагъуныгъэр къеӀусамэ,
Псалъэщ нэхъапэ гум къэкӀар.

Бзэр дэзыгъащӀэр тхьэм иузэщӀ,
Дунейм и фӀыгъуэм щремыщӀэ,
Псалъэм текӀуэну Ӏэщэ щыӀэу
Нобэр къыздэсым сэ сымыщӀэ.

Джатэдзэу жану щыӀэщ псалъэ,
ЗыжепӀэм и гум ныщӀолъадэ,
КӀыфӀым хэхуами хэмыкӀуадэ,
Зыщыбгъэгъупщэу гум имыдэ.

Зи псалъэ дыджыр насыпыншэщ,
КъыжьэдэкӀахэр и щхьэ уасэщ.
И мыхьэнэри псалъэм сощӀэ,
Бзэм хуэшэрыуэр сэ си щӀасэщ.

Узэрылъагъум уи бзэр дахэщ,
Бзэр зэкӀэщӀешыр ныкъуэкъуэным.
Зыгуэр дэхуэхрэ – псалъэ хуэдэ
НэхъыфӀ ухуейкъым щӀэбгъэкъуэну.

Вагъуэр мо уафэм икӀуэдыкӀрэ? –
Хуэдабзэщ вагъуэм дэ ди псалъэр,
ЖызыӀэ дыдэр щымыӀэжми,
ИкӀынкъым зэи бзэм и пӀалъэ.

Ем щӀэкъум мэхъур ер и натӀэ,
Гу къабзэ зиӀэм и къабзагъэр
Лъагъуныгъэшхуэм хуохъур гъуси,
Насыпу ди гур егъэзагъэр.

# СИ УСЭ

Си усэр жыгыу гъуэгум тетми,
Хэт блэкIми шынэу хэмыщтыкI.
Си пшынэ Iэпэр щIамыгъауэм,
И макъыр уи гум къошхыдыкI.

Сэ си нэм хуэсхьыр согъэлъапIэ,
Сыкъэзылъахъэм сахуэмей.
Къысхуэмеиххэр нэхъыбэжкъэ –
Сэ къысхущIэбжэу яхь дунейр.

Яхэткъым ахэм къысхуэныкъуэ,
Сэ гугъу сыздехьыр я IэщIыбщ.
Стха тIэкIур иракъухьыр мэкъуу,
Сэ удз зырызу къызощып.

Гукъанэ сщIыркъым сэ итIани,
Си жыгым пщIащэр прелъэлъ.
Аргуэру гъатхэр къызэрысу
ЖиIэнщ си усэм уи гухэлъ.

Узыхуэзэнур пщIэну щыткъым,
Зи натIэ илъым хэт хэда.
Насып къылъысыр зыфIэмащIэм,
И Iыхьэ мащIэр хэкIуэдащ.

Къыпхуэгъэшынкъым чыр жыг хъуамэ,
Уигу иримыхькъэ – къыхэчыж.
Уи фIэщ ар пщIынум – еджэ стхахэм.
Си тхылъри, тIасэ, сэ сэщхьыжщ.

* * *

УцIыкIуу  уи гум ибубыдэр,
Дунейр бухыхукIэ имыхун.
Си анэм ноби и джэ макъыр
Зэхэсхмэ, гъуэгур жыжьэ схунщ.

Бжьыхьэм къесакъэ япэ уэсыр,
Ар си щIэщыгъуэу сэ къэзжыхьт.
СылъапцIэу, щIыIэм лъэр писыкIыу,
ВакъитI, сыжеймэ, сэ си пщIыхьт.

Седжэну жыжьэ сыщагъакIуэм,
А махуэр ноби сэ сощIэж,
Си анэр гъыуэ ныздэкIуатэрт,
«Уядэжь и унэ къэгъэзэж», –

Арат жиIэфыр къыскIэлъыплъу.
Зауэр къохъейри шым сошэс.
Аргуэру сянэр ныздокIуатэр,
Къысхуимыгъазэу, станцым нэс.

«Тхьэм укъихьыжтэм бэIутIэIуншэу», –
Ар нэмэзыбзэу къибж зэпытт.
Иджы сыщежьэм, сэ си анэр
НыскIэлъыкIуатэм яхэмыт.

Ди адэ уни согъэзэжыр,
Ди пщIантIэ нэщIми сыдохьэж.
«Къохъусыж, си щIалэ», – зым жимыIэ,
Гухъу цIыкIукIи сянэр мыужьгъэж.

Сихьыным хуэдэу псы уэрари,
Псыхъуэм сыдыхьэм, игъукIащ,
Псы кIэнтхъ къинамэ, – куэдрэ? – ари
ИгъущыкIынщи – упыкIащ.

Си анэр гъыуэ къыскIэлъыкIуэу:
«Уядэжь и унэ къэгъэзэж», –
ЩыжиIэм, сщIакъым и лъапIагъэр,
Иджы IэфракIэм содзэкъэж…

*   *   *

Зы удз цIыкIу закъуэ,  мывэм тету,
Дунейр мышынэу зэпеплъыхь.
Къуэм дэтщ и лъэпкъыу ар зыщыщыр,
Езым жьы къепщэр къыщымысхь.

ИхъуреягъкIэ мывэ защIэщ,
Гъэмахуэ мазэм къосыр уэс.
Уае къытехъуэу къегуэуамэ,
Дыгъэ нур закъуэр и гунэсщ.

Пшагъуэр къуэм дэзу мэуфафэ,
ИщIагъым нури къущамыт,
ЛъагапIэм тету мо удз цIыкIум
ЩIыхубзэу уафэр къыщхьэщытщ.

Мывэжьхэм яIэщ ар гъэфIэну,
Я ныпу удзыр яIэтащ.
Мытыншми лъагэу утетыныр,
Улъагэм, дыгъэр уэрщ зэтар.

* * *

Зэгуэр си щхьэцри фIыцIэ дыдэт,
Иджы щхьэц тхъуами сесэжащ.
Сызэмысэну кIыфIыгъэшхуэм
ЩымыIэ мази – къухьэжащ.

Сэ, гъатхэ уэсу, пIейтеиншэу
Дунейм си пIалъэм сехыжынщ.
Къызэтезмыхыу сэ си нитIыр
Сэлам щэху цIыкIуу фэсхыжынщ.

Хэт сыт жиIами седэIуэнущ,
Сэ къызэиж е си жагъуэгъу
Хуэхъун абдежыр гу хэхъуапIэ?
Фхэтынщ нэхъыбэу зигу къысщIэгъу.

Пхъэбгъу унэм ятIэр къыттефкIутэм,
Мывэ къизыдзэм фыхуэсакъ.
Сшэчынщ сэ псори, сесэжащи,
Техуэнщ жаIари си тэмакъ.

Кхъэм фикIыу унэм фынэмысу,
Збгынэнщ си мащи сежьэжынщ.
ЯтIэу стелъари пщIащэ хъунщи
Акъужьым къуакIэм дипхъэжынщ.

Мэз зыгъэдахэу къуалэбзухэм
Си макъ яхэту зэхэфхынщ.
Абгъуэ щытщIыну жыг дылъыхъуэм,
Си хэку ит жыгхэр къыхэтхынщ.

Фэ гъуэгу фытету фызыдэкIуэм
Жьыбгъэ къыфтеуэу къыффIэщIа?
Сэращ а жьыбгъэу губгъуэм итыр,
ЩIапIэншэ бийхэрщ сызыщIар.

Сэ, бийми, мащэм изгъэхуэну
Зы сыпсэухукIэ сыхуэмей,
Мащэ къэтIыныр хьэлу зиIэр
Техуэнщ, щигъэтмэ, мы дунейм.

## ПАСЭРЕЙ ХАБЗЭ

«Къэтэджи, ныбжьэгъу, уи шым шэс!» –
Щэ джэгъуэ хьэдэм еджэу хабзэт.
ЖаIэж а хабзэр нобэ къэс
Ди пасэрейхэм яхэлъауэ.

Я гугъэт: цIыхум зекIуэ кIуэн
Имыдэм, лIащи Iэмалыншэщ.
Шы мышэсыжмэ, зыдэкIуэн
ЩыIэжккъым, жаIэу къыIукIыжырт.

А хабзэр нобэ щымыIэж,
ИтIани гъуэгум димыхьэхым,
Шэсын имыщIмэ гукъыдэж, –
А лIым къигъащIэр мыхьэнэншэщ.

Мыхъейуэ щысым упыкIащ,
Псы дыдэр къащтэ, емыжэхрэ –
ПсыпцIэ хъужынщи, зэщIэкIащ.
Фочыши шэкъым, мылъэтамэ.

«Нэшэс!» – жепIауэ бгъэунэхуар,
ПIэ хуабэр и гум пымыкIауэ
Гъуэгу темыхьэжу къыщIэхуар –
Ар лIа пэлъытщи, уемылIалIэ.

Сэ гъуэгуу Iэджэ зэпысчащ,
ЗекIуэншэу кIуахэм захызобжэ,
Гъуэгуанэ хьэлъи схуэшэчащ.
Сэ фыкъызэджэу, сымышэсрэ –

Абдеж фытIыси сэ сывгъей,
Сыпсэууэ нэкIэ сыфлъэгъуами.
Гъуэгу утетыныр ар дунейщ,
Ущысу бгъащIэр зыми щыщкъым.

* * *

Зауэ жыхуаIэм и хъыбарыр
Сэ зэхэсхауэ аркъудей?
Зэ бомбэм псэууэ сыщIитIауэ
Си нэгу щIэкIакъэ сэ дуней.

Тенджызым лъэсу сэ сикIакъэ,
ЗымащIэт иIэр ситхьэлэн.
УIэгъи сыхъуу лъыр щысщIэкIым
Си гугъэххакъым сыкъэнэн.

Дунейкъутэжу, дэни сыплъэм,
Топышэм щIылъэр зэхавыхьт.
Къыттегушхуауэ бийр зэгуэрым
И мащIи куэди къытщымысхьт.

ИтIани сянэм похоронкэр
Къыхуахьу и гум хэмыщIа.
СыгуIэу нэпсыр къыщIихуами,
Си нэкIу ныбжьэгъум схуалъэщIащ.

Зауэм, мэкъуауэу мэкъум хэту,
Аргъынэ дапщэ ныIуиха?
Сыхэтт а мэкъум сэри удзу,
Уэсэпс сIумыхуэу сымэхат.

УхэкIуэдэныр зым щымыщу
ПсэзэпылъхьэпIэ сэ сихуащ,
ЛIэныгъэм и Iэр къыстеIэбэу
Си псэр а ябгэм IэщIэхуащ.

Нэхъ къарууфIэм сащыщакъым,
Зы лIыгъэ ини зезмыхьа,
ИтIани, еплъ уэ, си насыпти,
Сэ а зауэшхуэм симыхьа.

Мэкъу щыпаупщIкIэ, йоуэр удзым,
Къэрэкъурэр къранэж.
Зэуэр нэкIэ имылъагъуми,
Зауэм ещIыр зэхэгъэж.

## АБЫТIЭ МУХЬЭБ И КХЪАЩХЬЭМ ЩЫЖЫСIАР

1

Зы чысэм илъу тIуми ди псэр
Дэ зы илъэскъым къэдгъэщIар.
Ди зэшыныгъэм хэхъуэ фIэкIкIэ,
Зы ткIуэпс улIэхукIэ хэмыщIа.

Анэдэлъхубзэр уи жьэгу пащхьэу
МафIэр щIэбгъэсту ущысащ,
ИтIани, плъагъурэ, фIыщIэ жыги
Уи кхъащхьэм зыми химыса.

Шыгъажэм хуэдэщ ди дунейри –
Нэхъапэ ищыр ягъэпэж.
ТIэкIу докIри, къосыр пIалъэ гуэри,
КъакIэрыхуари лъэщIохьэж.

2

– Сыт уагъэлъагъур уздэщыIэм?
ЗылъэкIыр ябгэ икIи лъэщ?
Нэхъ зылъэмыкIыр иракъухьрэ,
КъыфIагъэщI защIэу махуэр жэщ?

Я пщIи я пэжи зэхэтхъуэныр
ЩыIэ абыкIи зылъэкIа?
Уи гуэныхь тIэкIур пхуигъэгъуну
Сэром сыт епту уфIэкIа?

3

УщIэлъщ уи закъуэу,
Уи куэдщ гъунэгъу.
ТIощIрыпщIу щIакуэм
КъахуэщI гущIэгъу.

КъыпхаIуу мастэ
Пшэчащи куэд,
Жэнэтщ уи мащэр –
Гуауэр щокIуэд.

4

Щхьэлыкъуэ нэсу арт уи гъуэгур,
Уи диссертацэр шы Iэдэжт,
Иджы шы къарэм уемыпсыхыу,
Мухьэб, уимыIэ къэгъэзэж.

Уи ужь сыт пщIондэ дэ дитами,
Тхуэухыххэнкъым ди кIокъумакъ.
Зы ерыщ гуэри уи гъунэгъуу
ЩIалъхьащ нышхьэби, къыхуэсакъ.

5

ЯтIэу птелъыр
Ухъу уэ пщIащэ,
ПщIащэр мыгъуу –
КъоIущащэу.

Гъатхэр къэсрэ
Гъуалъхьэм ныбгъуэр,
Къохьэ щIылъэм
И щIэщыгъуэр.

Къыпщхьэщытми
ЖэщкIэ мазэр,
НыпкIэлъыкIуэм
Къамыгъазэ.

## ХЬЭЩІЭ ИРАМЫГЪЭБЛАГЪЭ

А нэджэIуджэм и къэк Iуэгъуэ
Зэрыхъум псоми гу лъатащ.
Сыт пщIэн, къэкIуамэ, къегъэблагъэ,
Къыпхуигъэфащэу тхьэм къуитащ.

А хьэщIэ хъужыр жьы хъуныгъэрщ,
И пIалъэр къэсмэ, мыгувэн.
ГъэфIэну хэкум ураIами,
Абы, пщымысхьу, ущIивэнщ.

Уи нэкIу зэлъахэм креми щыхуэ,
Уи щхьэцыр тхъуамэ, фIыщIэу лэж,
УащIа щIыбышэ бэлыхьлажьэм,
КъэкIуар гъусэншэу пхуэмыкI уэж.

ХьэщIэу къыпфIэщIми, арщ бысымыр,
Уэ урихьэщIэу зыдегъэк Iу,
Уи Iуэху къэнамэ, зэгъэзахуэ,
ПхуэмыгъэткIуахэр псынщIэу гъэткIу,
Улъэрымыхьмэ, баш къэпщтауэ.

Еубзэ хьэщIэм, ягъэ кIынкъым,
КъыпхущIигъуфмэ зы илъэс,
Уэ ахъшэ жьгъейуэ къомэщIэкIми,
Уи унэ хьэщIэм ныдыщIэс.

## КIАРЦ ЖЫГ

Жыг хадэ иныр зэрыхадэу,
Къэсати гъатхэр, щхъуантIэ хъуащ.
КIарц жыгхэр итхэщ дзыхь ямыщIу,
Гъатхэпсу блэжыр къэутхъуащ.

Гъатхэпэ дыгъэм къигъэпцIауэ
Хуэзащ а кIарцыр щIегъуэжа.
Зы махуэм хуабэу, уафэр къабзэу,
Пщэдджыжьым уае щыхъужа.

ЩIымахуэ хьэлыр хэт зымыщIэр?
Зэм зигъэткIийуэ, зэм мэкIуэд.
Зэм псым кърашыр я уэрэдыр,
Зэм щымыIэххэ зы псы шэд.

Япэрей хуабэм дихьэхауэ
Жыг дапщэ уаем икъута?
Къэгъагъэу уэсыр зытесахэм
КIарц жыг зэзакъуи хэмыта.

ДзыхьмыщIу итщи кIарцыр хадэм,
Къэмысу пIалъэр мыгъэгъэн.
Гурылъ жыIэгъуэр сэри сщIатэм,
И мычэзууэ сыгугъэнт?

Нур къытепсамэ, псэр дехьэхыр,
Яхэтщ мыхъуауэ нур сэ схуэщ.
ИтIани, кIарцым сахуэмыдэу,
Сэ нур къыстепсэр мэхъу си фIэщ.

* * *

Дыгъэм, кхъухь кIуэкIафIэу,
ЩIылъэр нэху къищIащ,
И къухьэгъуэр къэсри
Махуэ тхуигъэщIащ.

Жэщым вагъуэ пщIыпщIу
Плъагъур пхуэмыбжын,
Насып вагъуэ уиIэм
Хэплъэ – имыжын.

Жэщыр щIакIуэ фIыцIэщ,
И нэр уфIыцIащ.
Дыгъэ къухьэм уафэр
Плъыжьу илынцIащ.

Гуауэщхьэуэ хэтмэ,
Сэ хуэсщIынт гущIэгъу.
Махуэр хъуащи жыжьэ,
Жэщыр нэхъ гъунэгъущ.

Сэ жэщ щIакIуэр сщыгъыу
Жэщым нэху согъэщ.
Мо кхъухь плъыжь кIуэкIафIэр
Сяпэ изогъэщ.

* * *

Дыгъэр мазэм игъусамэ,
ЩIылъэм дежкIэ нэхъ гунэст.
Зырызыххэу уэгум итщи,
Хъуркъым нурхэр зэлъэIэс.

Мазэр дыгъэм лъэщIэмыхьэ,
ЛъэщIэмыхьэ,
Зыр щыкъуухьэм зыр къыкъуокI.
Уэрэ дэрэ дэщхьыркъабзэу,
Дэщхьыркъабзэу,
Зэхуэмызэу нэхуи къокI.

Гъатхэ нуру унурыфIэт,
СфIэфIт, уисамэ сэ си куэщI.
Пшэ хужь дахэу нэм уелъагъур,
СынэIэбэм – си Iэр кIэщIщ.

Я лъагапIэм зыIэпашэу
Мылыр бгыщхьэм пхутемыкI,
Уэрэ дэрэ шурэ-лъэсрэ
Дякум дэту тхудэмыкI.

Уи дыгъапIэм сынихуатэм,
ЩIым нур хуабэр тезгуэшэнт.
Къалэм, къуажэм уахэдатэм,
Уэ нэхъ къапщтэм сэ усшэнт.

Мазэр дыгъэм лъэщIэмыхьэ,
ЛъэщIэмыхьэ,
Зыр щыкъуухьэм зыр къыкъуокI.
Уэрэ дэрэ дэщхьыркъабзэу,
Дэщхьыркъабзэу,
Зэхуэмызэу нэхуи къокI.

* * *

Уи нэу, уи псэу сыкъэплъагъурт,
Нэм сыщIэлъми сыщIумыхт.
Уэ дыгъуасэ сыпхуэзати,
СынođжэжкIэ зэхыумыхт.

СыткIэ уи гур къызэбгъауэ
Сэ къызэптрэ уэ нэмыплъ?
Гурылъ псалъэм сепцIыжакъым,
Е нэгъуэщIым сапымылъ.

Псалъэ дыджу къызжепIами –
Сэ шэ фIыщIэу сигу хегъэщI.
Япэм хуэдэу узгъуэтыжтэм,
Уизгъэсынут уэ си куэщI.

ПсэкIэ, сощIэр, сынеплъэкIми,
Уэ бжезмыIэ: къэгъэзэж.
Лъагъуныгъэр псым ихьамэ,
Мывэ хужьу къыхонэж.

# УСИПЛІ

1

Е гъэнахуэ, е гъэщэху:
УщыгуфІэм, умыщІэххэу
Нэр гурылъым къегъэнэху.
Нэм щІэт нурыр схузэхуэхьэстэм,
Хъунут сэри зызгъэпсэху.

2

Гуауэм гъыбзэр зэхелъхьэжыр,
Гуауэм и бзэр пхуэмубыд,
Гуауэм щабэущ зэрепсалъэр –
Хуэму и Іэр яубыд.

3

Бабыщ кІуэкІэм вындыр щеплъым,
И гум хуабжьу ирихьащ.
УзекІуэнум арщ зекІуэкІэр,
ЖиІэу жейми и пщІыхьащ.

Бабыщ кІуэкІэ зригъащІэу
Вындыр мащІэ елІэлІа.
ЛъэтэжыкІэр щыгъупщауэ
Вынд тхьэмыщкІэр щІэхыу лІащ.

4

Ижэр узым я нэхъ Іейщи,
ЕщІ зэижыр гъащІэ кІэщІ.
Ар лІыукІым хуэдэ къабзэщ,
И гуи и пси къэвунэщІ.

* * *

Унэм уикIрэ къэбгъэзэжмэ,
УIэнэщIу къыумыгъазэ,
Куэди мащIи къэт пфIэфIыхукIэ,
Уеблэм бзухэм къадэгъазэ.

Унэм щIэсхэр бгъэгуфIэнум,
ЩIакхъуэ Iыхьи е уэрэди –
Гум къинэну къэхь зыгуэрхэр,
ФIыгъуэу плъагъум уэ яхэди.

Сэри сощIэ гъуэгу и пIалъэ,
Зэм сыкхъухьми, зэм солъатэ,
НэгъуэщI щIыпIэ ещхь ди къуажэ
Щыслъэгъуамэ, гур мэятэ.

Ди мэз лъапэр нэм щIоувэ,
Щыхь къызэджэу зэм къысфIощIыр,
Бжэн слъэгъуамэ ещхь ди бжэным –
Дэ ди Iэщым япызощIыр.

Мис итIанэ къэзгъэзэну
Си нэ-си псэу сыщIохъуэпсыр.
Къыспэрыуэ зы щымыIэу
Гум фIэIэфIым салъоIэсыр.

Ди псы уэрхэм я къежьапIэр,
Ди къыр лъагъуэу нэшэкъашэр,
Гум къридзэм – къыщхьэрепхъуэ,
Сымылъагъуу Iэхэлъахэр.

Сэ форелым ещхьыркъабзэу,
Гъуэгу кIуэдыпIэ сытехьами,
СокIуэ, щхьэхьу, къэзмыгъазэу,
Си лъы ткIуэпсыр псым хэткIухьу.

Сэ IэнэщIу къэзгъэзэжрэ –
Къалъэтыхьыр си уэрэдым,
ЖэщкIэ жыгыр я тIысыпIэу
Арт я абгъуэр бзум мыкIуэдым.

# «ЩХЬЭЛЫКЪУЭ»

## 2001

---

### ШУ  ПХЪАШЭ

Iэрыхуэщ сэшхуэу IэщIэлъари,
И лъэрыгъыпсри дыжьын защIэщ.
И шыр шы хъунущ IэкIуэлъакIуэу,
«Езыр» жыпIамэ, ар лIы гуащIэщ.

Хузэхалъхьауэ уэрэд дахэ
И щIыхьыр инщи, иропагэ.
Нобэр къыздэсым шур цIэрыIуэщ,
Нэмыс къыхуащIри мэхъур лъагэ.

Мазэр къыкъуэкIмэ, и сэламыр
Мо шур зыдэкIуэмкIэ егъазэ.
И гъуэгур кIыхьми мыгузавэ,
И бийм текIуэныр арщ и гъуазэр.

– Уей, шу ерыщыр къэувыIэ!
Уи гугъэр ину цIэнтхъуэрыгъуэщ.
ИIэщ дэндежи щхьэщыхупIэ,
Уи бийхэм пащIэр ягъэлыгъуэ.

Уэ зыуэзгъэщхьу сэ сесащи,
КъикIуэт жыхуаIэр сэ сымыщIэ,
Сэ уанэ теслъхьэр уанэ махуэщ,
Си гъуэгу къыдокIуэр сэри фIыщIэ.

Сэ къуршым сихьэм, бгъэм сахэту,
Си щIакIуэ фIыцIэр мэхъур дамэ,
СалъоIэсыфыр, ягу згъэзагъэу,
Пэжым и лIыкIуэ даубыдамэ.

Ди къуршыр лъагэщ икIи наIуэщ,
Сэ сыт къызжиIэм – зэхызохыр.
Е шу е лIэ уэ, къызжаIами,
Сышыншэм – лIэныр къыхызохыр.

## ДИ БЗЭМРЭ СЭРЭ

ЛIэщIыгъуэ дапщэ къэдгъэщIами,
Сэлам къытпежьэм дэ етхынщ.
Ди бзэр псэужмэ, апщIондэхукIэ
Си гугъуи ящIу зэхэфхынщ.

МакIуэ сыхьэтыр къимыгъазэу,
Вагъуэм нэсыни хулъэмыкI.
Нэхъ згъэкIыхьынут бзэм и гъащIэр,
АрщхьэкIэ зыми ар лъэмыкI.
КъэдгъэувыIэнут а сыхьэтыр,
АрщхьэкIэ ди бзэр гум пымыкI.

Си щIыбым илъу стелъщ сэ хьэлъэ,
Бэлыхьу Iэджэм сыхэмыкI.
Сэ щIы къатиблыр къыслъысами,
Си анэм и бзэр сIэщIэмыкI.

Щыблэр къыщцыуэм щыщIэдзауэ
Вагъуэзэшиблым деж нэсыху –
Аращ дэ гъуэгуу дызытетыр
Ди анэм и бзэр тхъумэжыху.

* * *

«Сэ нэгъуэщIыбзэщ тхылъ зэрыстхыр», –
Адыгэм жиIэу зэхызох.
Сэ лIым жесIэнур къысхуэмыщIэ:
Пэжщ, ди бзэр мащIэу яIэщIохуу.

Ауэ си ныбжьым куэд слъэгъуакъым
Анэдэлъхубзэр зыщI IэщIыб.
ДыщэпскIэ утхэм Iуэхур щхьэхуэщ,
Сэ сигу темыхуэ бзэр зыуб.

Уэ бзэуэ къащтэ узэгуакIуэр,
Дэ тIум ди Iыхьэ зэхэмылъ.
Еджэф си закъуэу сыкъэнами,
Си бзэр схъуэжыну сыпымылъ.

## СИ ГУБГЪУЭ

Си тхылъ напэм жьыр тоджагуэ,
ФIы а жьыбгъэм игу имылъ.
Усэ къэскIэ вагъэбдзумэу
Жылэм пэплъэу зэбгъурылъщ.

Ситщ сэ вапIэм пхъэIэщэжьу,
Вындхэм къахур си лъэужь.
Жылэу хэссэм сахуосакъыр,
Къопщэр, къопщэр зэм акъужь.

Си мурадыр жылэу сосэ,
Гурылъ къабзэр къызогъэкI.
И Iухыныр къыслъымысми,
Ар Iузыхым сэ гукъэкI
КъысхуищIыни лъырырекI.

Сэ щIы звэуэ сызытетыр
БжэныфитIым яхуэдизщ.
Еплъ итIани: гъавэр бэвщи
КъэпышхуитIым мэхъур из.

## МЭЗ ГЪЫБЗЭ

Мэзыр бзухэм ягъэдахэ,
Мэзым щоIур бзум я макъыр,
Гъэр икIыхукIэ емызэшу
Бзухэр мэзым ныхуосакъыр.

Жыг паупщIу бзум зэхахрэ –
Я уэрэдыр пырагъэчыр,
Джыдэ макъыр яхуэмыхьми,
Сыт гъуэгуани яхуошэчыр.

Си уэрэдырщ кIэ зимыIэр,
Зэм согуфIэр схуэмышыIэу.
Гузэвэгъуэр зэм согъэш –
Арщ уэрэдыр щIэсщIыр къуэш.

Сэ фи хадэщ сызэрысыр,
Абгъуэщ жыгым тесщIыхьар.
Джыдэр пIыгъыу укъысхуэкIуэм,
Сэ си гъыбзэщ къикъухьар.

# ШЭДЖЭМ ПСЫКЪЕЛЪЭ

Шэджэм аузым дэт псыкъелъэр
Цыхъар бгым къехыу сэ къысфIощI.
Псы куэд къохуэхыр макъ ямыщIу,
Уегупсысамэ, уи гур хощI.

Ар бгым и нэпсу къыщыщIэжкIэ,
Мыух гуIэгъуэм, дауи, хэтщ.
Зы бзуи псафэ къэмыкIуэххэ,
Хэгъуэгу къикIахэр щызэхэтщ.

Аузыр щIэгъыр хъун сымыщIэу:
И къуэ цIыху Iущыр фIэкIуэдащ.
Зауэшхуэ гуащIэм дыздыхэту
Сэ схуэмыхъумэу хэкIуэдащ.

Си гуауэр бгыми гуауэ щохъури,
Дэ тIум ди нэпсыр зы хъужащ.
Сэ нобэ хуэдэу сигу къокIыжыр –
Мо бгы нэщхъейхэм щIалъхьэжар.

Уей, Къэбэрдейуэ хэку гугъапIэ,
Гъыбзэ хуэусыт уи бынам.
Уэ пхузэхилъхьэу тхылъ итхащи,
Сыт фIыщIи хуэщIэ къыщIэнам.

ЦIыхубзыр щхьэпцIэу зэм къысфIощIри,
Ар лIым и анэу къыщIэкIынщ.
Абы и нитIкIэ магъыр хэкур,
Ар гъыху щыуагъэ тIэщIэкIынщ.

ЦIыхубз уэрэду дэ зэхэтхым
Я бжыгъэр дауэ къыпхуэщIэн.
А къомым мащIэу гур хагъахъуэ,
Я нэхъыбитIым гур хагъэщI.

ИгъащIэм псоми ящIэр тыншу:
ЦIыхубз гурылъыр ягъэщэху.
Зы псалъэ цIыхум жрамыIэ,
Уи фIэщ мыхъуарэ – гъэунэху.

Зы уэсэпс закъуэу удзым пылъым
Мы дунеишхуэр хэлъ къыпфIощI.
Адрей ткIуэпс къомыр зы къэмынэу
Ар цIыхубз нэпсу уэ укъощ.

ВапIэ явамэ, жылэр куэду
Iэм къиубыдыр трапхъэж.
А къомым щыщу мащIэщ къэкIыр,
Адрейр жьы къепщэм хокIуэдэж.

ЦIыхубз уэрэду дэ зэхэтхым
Я бжыгъэр дауэ къыпхуэщIэн.
А къомым мащIэу гур хагъахъуэ,
Я нэхъыбитIым гур хагъэщI.

* * *

Ди хэку аргуэру къызогъазэ.
Слъэгъуамэ къуршхэр, гур хохъуэж.
Удзымэ IэфIхэм чэф сащIауэ
Ди унэ тIэкIум сокIуэлIэж.

Ныбжьэгъухэр ноби къысхуосакъыр,
Къызэдэуэни щагъэтыж.
Щхьэщытщ унащхьэм Iугъуэ мащIэ,
Пшэм лъэIэсамэ, къемыхыж.

Сахуэзэм цIыхум, согумащIэ,
СымыщIэ хэкур зэзгъэпщэн.
Дыдауэу гъащIэр сыт щIетхьэкIыр,
Зэпыдгъэуауэ дылъэщэн?

Дэ махуи жэщи демызэшу,
ДыпIащIэ-тхъытхъыу къыдожыхь.
Ди псэм нэхъ къищтэр дымыщIэжу,
Дигу иримыхьыр хыдокухь.

Дунейм къутэхукIэ утетыну
Уи гугъэм, уи щхьэр къогъэпцIэж.
ГъэлъапIэ жэщыр, махуэм хуэдэу,
Уи хэку дахащэр гъэлъэпIэж.

## ДИ УНЭЖЬ

Сыкъыщалъхуауэ сэ си къуажэр
ПщIыхьэпIэм хуэдэу нэгум щIэтщ.
Хъыбархэр жыгым къыполъэлъри,
Си гур Iэл хъуауэ къысфIолъэт.

Мазэм и нурыр щхьэлым тепсэм,
Ар псы къилъэту къыпфIегъэщI.
Щхьэл мывэр вууэ щыджэрэзкIэ,
Къэпым илъ хьэдзэр къеунэщI.

Жыг хадэм уихьэу зуплъыхьамэ,
Уэ зыдэбгъазэм итщ кхъужьей.
Дэтхэнэм пытри зыщIэр уэрщи,
Жыг узыщIэтым удоплъей.

ЩIакхъуэмэм хэтщи Iугъуэ мащIэ,
Уи нэм щIэмыбжьэу удехьэх.
Бжьыныху фIэдзащи уи пкIэунэм,
ДэкIуей пкIэлъейкIи ар къехьэх.

Ди псы хъурейми ухэплъамэ,
Бдзэжьейуэ хэсыр къыхощтыкI.
Дунейм уеплъамэ – ар пщIыхьэпIэщ,
Дапщэрэ плъагъуми гум пымыкI.

И щIыбым сису шыр согъэхъур.
Сыкъепсыхыну Iэмалыншэщ.
Дыгъэр къухьэхукIэ семыпсыхми,
МэгуфIэ сянэр – сыузыншэщ.

# «ЩХЬЭЛЫКЪУЭ»

ЖаIэм, ар дэ ди бзэщ,
«Шалушка» жаIэу зэрадзэкI.
Дэтхэнэр бзитIым я нэхъ лъэщыр?
МымащIэу тIури зэблокIукI.

Дэуэгъуи сщIыркъым сэ а тIури,
БзитIым текIуэнур я нэхъ лъэщщ.
Ауэ си дежкIэ нэхъ текIуапхъэр
«Щхьэлыкъуэрщ», ар нэхъ сфIэзэпэщщ.

Щхьэл мывэ хахыу зэ щытамэ,
А къуэм мыхъуххэ удыхьэж.
Ар уэрэдыжьу щагъэтащи,
Иджы псы щIагъуи къэмыкIуэж.

Уэшхыпс къежэхыр зы чэнж дыдэщ,
Ухыхьэм уихьу щымыта.
Куэншыб идзыпIэ хъуащ аузыр,
Дэта щхьэлыжьри якъутащ.

Гужьгъэжь сэ си гум имылъами,
Си гуауэр пшахъуэм щыщIаващ.
Пэслъыт уэ уи цIэм щремыIэ,
Уи дежщ сэ си лъэр щыувар.

Уи псы IуфитIыр уэ гъэгуфIэ,
Уи хьэли щэни умыхъуэж.
Уи цIыху псы къабзэ щыхуэныкъуэм
Я унэ укIуэм, къэгъэзэж.
Уэ ЗэкIэщIэуэ ухэкIуадэм,
Уэ уи цIэ тIэкIури ныбдокIуатэ.

* * *

Сыжейми, си нэр зэтесхами
Щхьэлыкъуэ къуажэр щIэтщ си нэгу.
Бжьыхьэ жыг тхьэмпэу пыщэщахэм
Сахэлъу жьыбгъэм сагъэджэгу.

Къалэшхуэм дэсым сыхабжами,
Щхьэлыкъуэ къуажэм сэ сахэтщ.
Ди унэ лъахъшэм сыхуозэшри,
ПщIыхьэпIэ дыдэм къуажэр хэтщ.

Си щхьэр щыдэсхми сыдэкIакъым,
Си псэр а къуажэм къыдэнащ.
Си адэ-анэр сэ къыспэплъэу
Ноби къысфIэщIу сыкъэнащ.

НэгъуэщI къэрали сэ сыгъакIуэ,
Сэ сызыхуэзэр согъэпэж:
– Уи лъахэ хъужыр сыт? – жаIамэ,
– ФеупщI Щхьэлыкъуэ, – жызоIэж.

ЩыIащ си къуажэр щыныбаджэ,
Бэлыхь телъами – темылъыж.
Нэхущым дежым зэщIотаджэ,
Щхьэж и IэнатIэ къегъуэтыж.

Нэхущ адакъэр зи сыхьэтхэр
Иджы машинэм къегъэуш.
ЩIыр къэзыгъазэу губгъуэм итыр
ПхъэIэщэ зыпыщIа гъущIышщ.

Си адэм сэрэ дызэгъусэу
ПщIэнтIэпсыр хуабэу етлъэщIэкIт.
Тхьэмахуэ енкIэ выкIэ двари
Нобэ сыхьэткIэ зэфIагъэкI.

Сэр щхьэкIэ Iэджэм Iэджэ жаIэр:
Жагъуэгъу зимыIэ тет дунейм.
Хэт сыт жиIами сыщхьэлыкъуэщ,
Ар гурыфIыгъуэу мэхъу сэтей.

Сыфщымыгъупщэм – ар си гуапэщ,
Ди Iуэм итауэ ди жэмыжь
ДыщимыIэжкIэ, сыгузавэу
Ноби зызохуэ и лъэужь.

Сыкъуалэбзууэ къэслъэтыхьмэ,
Щхьэлыкъуэщ дамэ щызгъуэтар.
Мы къуажэр, къалэм езгъэпщамэ,
Япэ изгъэщу сыдэтаи.

Сыт хуэдэ унэ сыщIэсами,
Щхьэлыкъуэ ятIэр си чырбышщ.
Си псэупIэщIэр къэзгъэнами,
СфIэкIуэдыр куэду си дзэр мыш.

Си жьыщхьэ нобэ сыпхуэусэм,
Псы IэфI исфари сигу имыкI.
Уэрэду си гум къопсэлъыкIыр,
Къуажэжьыр си гум къошхыдыкI.

* * *

Ныжэбэ жэщи, нэхур щыху,
Си къуажэ жыжьэр пщIыхьэпIащ.
Ди жыг хадэшхуэм сихутауэ
Балий къапыхур къэсщыпащ.
ЦIыкIу сыхъужауэ къысфIэщIауэ
Сэ къысIурыхуэр згъэлъэпIащ.

Ди псыр къиуарэ, псыхьэлъахуэр
Къуэм щызэхэслъхьэу зэзупсейрт.
Си вакъэ тIэкIур зылъысхауэ
Сошэс толъкъуным, сыдосей.

Я нур вагъуэбэм къелъэлъэхмэ,
Ар къэсщыпыни схузэфIэкIт.
Ликбезым кIуауэ сэ си адэр
ЩыжаIэ псори зэхегъэкI.

Я ныбжь еджакIуэм хэкIуэтащи,
Я къэрэндащыр яIэщIоху,
Хьэрф ятхыр тIэкIуи къуаншэбыншэу
ТхылъымпIэр хьэлъэу зэбгыроху.
Увэныр куэдкIэ яфIэпсынщIэщ,
Зэхахыр куэдым я гум йоху.

Си къуэш нэхъыжьыр IэпщIэлъапщIэт,
Сыдж игъэвууэ кIыщым щIэтт,
Сэ шей сефэну сытIысамэ,
Къызамытыххэт зы шейщIэт.

ЩIымахуэр кIыхьщи кIэ имыIэ,
Ди бом щIэт шитIыр мэгумэщI.
Дыпоплъэ гъатхэм ди нэр къикIыу,
Я джабэр ди шым худолъэщI.

ТхылъымпIэм хуэдэу пшэр гъуэжьыбзэщ,
Нэхъ ехужьэкIыр алыфбейщ.
ТфIэIэфIу хэти дэ хуабапIэр
Еддзащ дэ уафэм зы пкIэлъей.

Си жэщыр, махуэр сфIызэпеуэу
ТIурытIу дапщэ къэзгъэщIа?
Адыгэ уафэр си насыпу
Ди щIылъэм и гум хэзгъэщIа?

Си нэгу щIэкIари сщыгъупщакъым,
Ар гъуэгу гъуэмылэу къызохьэкI.
Си адэ-анэм сырабынщи,
А тIум я дежкIэ сыкъоплъэкI.

Си къуэш и кIыщри къутэжакъэ,
Мытхъуауэ зыци стемытыж,
Сытетщ итIани си гъуэгуанэ,
Стелъами хьэлъэ, стемылъыж.

Зыгуэрым ди псыр Iуигъэуащи,
Къуэм дэт псы цIыкIум къимыгъэш.
Сэ си бзэр сэри сщыгъупщакъым,
Уэрэд си гуапэу хузогъэш.

* * *

Си хэку нэхъ ини сыту сщIын?
КъызохуэбэкIри гур зэгъэнщ.
Бжэгъу къащти, ар хэукIэ щIым,
Чэзур къэсакъэ – къэгъэгъэнщ.

Дэ насыпышхуэу къытлъысахэм
Ящыщ тхьэм дищIкIэ зыхъумэф.
Дыгъэ жыпIамэ, къожьэражьэ,
Уэшх ухуэныкъуэ – къеш щихабзэм
Къуалэбзу Iэджи мылъэтэф.

Шыр къизышари гъэм икIуэцIкIэ
КъыздикIа щIыпIэм мылъэтэж.
Сэ сыздэщыIэр жыжьэу къащтэ,
Хэку сигу пымыкIым сыкъокIыж.

Гъы фхэткъэ, жыIи къысщIэупщIэ,
Уэсэпс удзыпэм нэхъ къыщIокI.
Пшэр къытрихуэм – жьыбгъэ щыIэщ,
И кIэр илъэфу дэ тщхьэщокI.

Гъатхэр дахащэщ, псэр итхьэкъуу,
Мыващхьэ дыдэм тоджэгухь.
Унащхьи пщIантIи зэщIолыдэ.
Шыр къизышахэм къаджэдыхь.

Сэ къысхуищIари хуэсщIэжыну
Ныжэбэ жэщыр нэху согъэщ.
Игу хэзыгъэщIым хуэзмыгъэгъуу
Си хэку и бийми саполъэщ.

Си благъэм хукхъуэр хузокъухьыр,
Сэри сытелъу сыщожей.
Фыкъыстеувэм тIэкIу фысакъыт,
ЩIым лейр фIэмыфIу къыдоплъей.

## СЫКЪЫЩАЛЪХУАР МЫ ЩIЫПIЭРЩ

НэхъыфI къафIэщIым сыхэмыдэу,
Мыращ си хэкури – хэзмыкухь.
Си махуэр вагъуэм пагъэнащи,
Си жэмщи жыжьэу къыспекIухь.

Уи мыви удзи къыздалъхуахэщ,
Си гуауи гуапи япыщIащ.
ЕупщIыт бжейуэ жыг щэджащэм,
ЕдэIу – си усэр къеIущэщ.

Щхьэмыжыр плъагъурэ – ажэ жьакIи,
ЩIым хэлъхьэ хьэдзи – къэкIыжынщ.
Си хьэсэр щIакIуэу схуаубгъуащи,
ЩIы вам хэплъхьари уэ пшхыжынщ.

Къалэм пхъэIэщэу къызатари
Нобэр къыздэсым сIэщIэмыху.
Сэ си лъым ещхькъэ псыIэрышэр,
Iэхъушэр къущхьэм пхудэмыху.

Ящоу си усэм сэ мэлымэ,
Си Iэщу дэсхум къагъэзэж.
Сыт бэлыхьлажьэ къыстехуами,
Си хэкуу дыщэр согъэпэж.

СфIэIэфIщ чыржыни, сипсри къабзэщ,
Уи мырамыси си босынщ.
Си хэкур псоми йоIэфIэкIри,
Дэни сыгъакIуэ – сынэсынщ.

# ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

*(Гущэм сыхэлъу си анэм схуиусащ.)*

Лау-лаур, си щIалэ шыри,
Уареда.
Лау-лаур, си шырэ нэхукъэ,
Уареда.
Уэрэдыр зыхуэзусу, жи,
Уареда,
Си щIалэр Тхьэм къигъэхъукъэ,
Уареда.

Ар къэхъунущ жысIэурэ,
Уареда,
Си щIалэм сыщогуфIыкIри,
Уареда.
Ар гуфIэгъуэ нагъуэщи,
Уареда,
Угъурлыфэ натIэщ, жи,
Уареда.

Ныбжьэгъубэр и гъусэу,
Уареда,
Ар зытесри шы къарэу,
Уареда,
Си щIалэм и сэламыхькъэ,
Уареда.

Унэм къихьэ-нихьэми, уареда,
Си щIалэм Iулыдж къыхуащIри,
Уареда.
Си щIалэм Iулыдж хуэзымыщIри,
Уареда,
Псым и куупIэм хырехуэ, жи,
Уареда.

КIэлъыхыхьэр ирихьэхыу,
Уареда.
КIэлъыхэпкIэр епкIыхыу,
Уареда.
Уи анэжь тхьэмыщкIэри,
Уареда,
Уэрэдым ныдогызри,
Уареда,
Тенджызышхуэм хуэдэуэ,
Уареда,
Насыпышхуэ угъуэти,
Уареда.

Дыгъэ нэбзий дахэри,
Уареда,
Уи лъэрыгъым теIэбэу,
Уареда,
УзэIэбым псэ хэплъхьэу,
Уареда,
Си щIалэр Тхьэм укъигъэхъуи,
Уареда.

Пщащэ къеплъмэ, къехъуапсэу,
Уареда,
ХъуэпсапIэшхуэ щIалэуэ,
Уареда.
Уи анэм игу хэбгъахъуэурэ,
Уареда,
Хъуэхъуу жаIэр къохъулIэу,
Уареда.

Аслъэныфэр уи чылу,
Уареда,
Чылу щыIэр уи пщыIэу,
Уареда.
А уи пщыIэ щIагъми,
Уареда,
Сагъындакъыр щыреуэ, жи,
Уареда.

Уи жагъуэгъу псэм къеIэмэ,
Уареда,

И нэм уеІэу ипщІырэ,
Уареда,
Афэ джанэр уи лІыгъэу,
Уареда.
Узилъэпкъыр мыгъуащэу,
Уареда.

Лау-лаур, си щІалэ шыри,
Уареда,
Лау-лаур Тхьэм укъигъэхъуи,
Уареда.

## СИ АНЭМ ХУЭЗУСЫЖАР

А си анэ дыщэуэ,
Уареда,
А си дыщэ кIанэ, жи,
Уареда.

Уи ещанэ лъхуэгъуэуэ,
Уареда,
Уэрщ сыкъэзылъхуари,
Уареда.

Дыгъэр къыщыщIэкIкIэ,
Уареда,
Дыжьын щIыIум теIэбэрти,
Уареда.

Уи кIэшымыр бостейри,
Уареда,
БостеикIэ кIыхьти,
Уареда.

Жыжьэ къикIыр къыплъыхъурт,
Уареда,
Къыплъыхъуам удокIуэ, жи,
Уареда.

Уи насып ухуэкIуэурэ,
Уареда,
Адэжь хэкур IэщIыбти,
Уареда,

Дыщэ пыIэр пщхьэрыгъыу,
Уареда,
Хэку уздэкIуэр умыщIэу,
Уареда.

Узинысэ лъэпкъми,
Уареда,
Хэгъуэгу нысэр ямыдэж, жи,
Уареда.

Зауэм кIуа щхьэгъусэми,
Уареда,
Уи къуэр кIэлъокIуэжри,
Уареда.

Сабиибгъуи уиIэти,
Уареда,
Уи шыритI щIолъхьэжри,
Уареда.

ЩIэзылъхьэн уимыIэуэ,
Уареда,
УатегуIэу ущысти,
Уареда.

Быным дэпшэчари,
Уареда,
ЩаIуэтэж уимыхуэуэ, жи,
Уареда,

Махуэ гуауэ къыпхуохуэ, жи,
Уареда,
Уи щхьэгъусэр аргуэру, жи,
Уареда,
Зэхэзехуэн ящIыжри,
Уареда.

Уи щхьэгъусэр гумащIэми,
Уареда,
ДэбгъэщIар зымащIэкъэ,
Уареда.

Нобэ кхъэм сынокIуэри,
Уареда,
СызыхуэкIуэр сымыщIэ, жи,
Уареда.
Мрамор хужьу уи сыным,
Уареда,
Уи сурэтыр тетыжи,
Уареда.

А си анэ дыщэуэ,
Уареда,
А си дыщэ кIанэ, жи,
Уареда.

КъэзгъэщIар нэхъыбэми,
Уареда,
СыфлъэщIыхьэжынукъэ,
Уареда.

Ди щхьэр зэхуэмызэми,
Уареда,
Ди псэр зэхуэзэнукъэ,
Уареда.

# АДЫГЭ ХЭКУ

Хэкуу щыIэм уахэзмыбжэ,
Псалъэу уэстри согъэпэж.
Уипс семыфэу махуэ згъащIэм,
КъэзгъэщIахэм хэзмыбжэн.

Уи псы уэрхэр мажэ щхьэхьу,
Я IуфитIыр напщIэм телъщ.
Гурылъ къабзэ сэ схуэхъуауэ
Нэм и нэхуу сэ си хэку.

Ухэкушхуэу жамыIами,
Гушхуэ хэкум уэ пкIуэцIылъщ.
Уи лъыр бийхэм хуамыгъэгъуу
Бын зэуахэм сахэтащ.

Зы жэщ-махуэ къытхуагуэшмэ,
Содэр жэщыр къыслъысам.
Махуэ бзыгъэр нэр дэджылу
Си хэку нэхум къыплъырес.

## СИ ИЛЪЭСИЩЭ

Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр –
А гъэр мыгувэу езыр къэсынущ.
Бжьыпэр, зыIыгъым къыIэщIихынурэ,
Зыри зимыIэм къылъигъэсынущ.
«Нобэ щэ хъунут», – сэр папщIэ жаIэу
Iэнэ тIысыни хэкум исынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу езыр къэсынущ.

Къуалэбзу цIыкIухэм, хъуми нэхъ мащIэ,
Абгъуэ ди жыгхэм къыпащIыхьынущ.
IукIэ шхын къахьу шырыр ягъашхэу
Си уэрэд Iыхьи бзухэм къахьынущ.
Я ней къыстехуэм сагъэгумэщIу
Си ужь итари къэсэхыжынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу езыр къэсынущ.

Гъэмахуэ шылэу дуней дахэгъуэу,
Узэгугъуахэм уагъэгуфIэжу,
Жыг хадэм уисмэ, псэм зигъэпсэхуу
А махуэм тохуэ сыкъыщалъхуари –
Уафэри гъуагъуэу уэшхыр къежэхмэ,
Псы къэмыжари диным икIынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу абдеж къэсынущ.

Иреуэлбанэ е иребзыгъэ,
А махуэм бзухэр абгъуэ исынкъым,
ВакIуэ дэкIыгъуэм жаIа уэрэдхэр
Ягу къэмыкIыжу яхуэшэчынкъым.
Iугъуи жьэрыми зэхэзэрыхьрэ
КъысщIихьэ закъуэм, сыкъэтIысынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу абдеж къэсынущ.

А пIалъэм си бзэу сызэрыпсалъэр
Лъапэ зэвыпIэ иувэпэнкъым.
Си лъэрыгъыпсыр зыубыдахэм
Ящыщым я лъэр ягъэбыдэнущ.

Уэрэд къыхадзэм, зэрыгъэгушхуэу,
СхужымыIари къыпащэфынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIырщ
Нэхъ къызэлIалIэу си гугъу щащIынур.

Дунейр абдежи яфIэщIэщыгъуэу
Игъуэ нэмысу Iэджи кIуэдынущ.
СафIэкIуэдынкIэ къысхуэгузавэу,
Си гузэвэгъуэр гъыбзэу жаIэнущ.
Си илъэсищэр пхуэмыгъэныщкIуу,
ЗыгъэныщкIуами хуемыгъэхыфу,
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу езыр къэсынущ.

## ГЪАВЭМРЭ ПСАЛЪЭМРЭ

Дунейм тетыхункIэ мыкIуэдыр и фIыщIэу
Зи усэ гум нэсыр и псалъэм хурет.
Дэ гъавэ тхуэзысэр и вапIэ щымыщIэ,
Жылапхъэм хэплъыхьу зимыIэм ярет.

ФIы зыщIэм и фIыщIэр сыт щыгъуи Iэджэщ.
Лейм зи псэ итхьэкъум и лейри хуэмыгъу.
Уэ вапIэ къыплъысмэ, щIы бвэжыр гъэпэж.
УсакIуэр жьэм хуитмэ, и хэкур щогугъ.

## ЗЭКIЭЩIЭУЭ

КъуитIым зырызу дэт зэпыту
Нобэр къыздэсым пситI къожэх.
Щызэхэлъадэм – зэкIэщIэуэщ,
Зэреджэр тIуми ягъэпэж.

Зым зыр жьэхоуэ, йоныкъуэкъур,
Къиуамэ – гъусэр IуегъэкIуэт.
Е гъужрэ зи псыр мащIэ тIэкIур –
Толъкъун нэхъ уэрым и лъэгущIэтщ.

Къуэ зыдэтахэр щамыIэжкIэ,
Бжьыпэр нэхъ лъэщым еубыд.
ЗэкIэщIэуэныр щамыгъэту
ЗызымыгъэнщIыр ирауд.

ТекIуам псыхъуэшхуэр къылъысамэ,
КIуэдар мэз Iувым къыщIэна?.
СыпсыIэрышэу гъуэгу щыдэсхым
КъыскIэщIэмыуэу хэт къэна?

Къызбгъурытахэм самыгъакIуэу
Си лъэрыгъыпсыр сфIыпачащ,
Си ужь къитари къыскIэлъыуэрт,
Бэлыхь ди пашэм дэсшэчащ.

Сэ зэкIэщIэуэм къикIыр сощIэ,
Сэ къызэзэгъыр согъэпэж.
ПситIым я чысэ псыхъуэр хъумэ,
Я псэр а пситIым яхъумэж.

## ДЫГЪУЖЬЫЩІЭ

Дыгъужь щыIэжкъым, сыти жыIэ,
Зы закъуи щакIуэм къемыла.
Мес, дыгъужьыфэу джэдыгушхуэ
ЩатIагъэу нобэ къаублаи.

ИтIани Iэщыр губгъуэм къини
Я хъери я фи ухокIыж.
Дыгъужьыр кIуэдри дыгъужьыщIэр,
Куэдыщэ хъуащи, пхуэмыбжыж.

## ЛЪЫ УАСЭ

Я дзапэм пылъу я псэ тIэкIур,
Мычэму фочри узэдат.
Лъы уасэ яту ижькIэ хабзэт,
Ар нобэ къэси мыкIуэда.

Лъым уасэ иIэу хэт жызыIэр?
ТхьэрыIуэр лъыпсмэ, ягъэпэж.
ЩыкIауэ ди псэм хэт къеIами,
Хуэдмыдэу и нэм дэ доIэж.

Анэ быдзышэм лъыр хэхуамэ,
Сабийм и нэIур ещIыр плъыжь.
Зи гум хэщIами лъы игъуэтмэ,
Аргуэру и фэм зыкъеужь.

Ящымыгъупщэу гум къинэжу
Лъым хуаус гъыбзэр нэхъ гуузщ.
Лъым ещIыр Iущыр нэхъ Iущыж,
Лъыпсым къурш дыдэр егъэгыз.

Лъым уасэ иIэу сэ сымыщIэ,
Зы ткIуэпсыр гъащIэм пэлъытащ.
Лъы дымыгъажэу дыпсэуатэм,
Дэрат насыпыр зритар.

## ЛIЫГЪЭ ЗИIЭ

ЛIыгъэ зиIэм мафIэ ишхми,
Батэкъутэр имыгъэш.
Жыг къыдэжу мэзым щIэтми,
Жьыр къыкъуэумэ, зыдегъэш.

Губжьым хихыу мащэ фIыцIэр
И жагъуэгъум къыхуимытI.
ЛIыгъэ щIапIэ ар ихуамэ,
Я нэхъ ябгэм зрепщыт.

* * *

ЩIакхъуэ Iыхьэншэу сыкъэнами,
Бииншэ махуи тхьэм симыщI.
Бийм и насыпи сэ къыстекIуэу
Ныбжьэгъухэм я гуи хремыщI.

ЛIыгъэгъуэтыпIэр бийм уагъащIэ,
Убэлэрыгъым, ухакъуащ.
Жагъуэгъу зимыIэр Iэхъуэ бащи,
Нэхъ лъэрымыхьым щIэгъэкъуащ.

* * *

Си лъапсэр бгъэгъумэ уэ пфIэфIати,
Ар насыпышхуэу уи гугъэжт.
Зэ щIы къатиблым сыщIэпхуами,
Уи нейкIэ цIыхум сагъэпэж.

Сэ гъатхэр шыщIэу согъэщыщыр,
Сыт губгъуи мэзи къыщIодэIу.
Уэ уигу ерыщым зешхыхьыжри,
Уи лъэ зытетыр егъэщэIу.

Сшэчар къыздащIэ си уэрэдым –
Ар къуалэбзууэ къысхуэнащ.
Уэ бзу уи хадэм щымыгъуалъхьэу
ЖьэгъущIэт уиIами уибгынащ.

Щытхъупс ухэсу уесэIуами,
Усэламыншэщ. Зыгъэпсэху.
Сэ уэ хьэзабу стебгъэлъари
Уэ зытелъхьэжи гъэунэху.

ПлъэкIынум, нурым ялъэщIыхьэ,
ПщIыхьэпIэ нэпцIым ялъэIэс.
Е, плъэкIмэ, вагъуэр гъэункIыфIи –
Уи дежкIэ хъунущ ар гунэс.

ЛъэкIыныгъэшхуэ зэ уиIами,
Иджы къыпхуэзэм уэ уаблокI:
Уэ фIырэ Iейуэ пщIа илъэпкъыр
Ди гъэрэ щIыуэ тхузэхокI.

## РАСУЛ ГАМЗАТОВ
## КЪЫСХУИТХАМ И ЖЭУАП

Кавказ поэтхэм удипашэщ,
Уи пашэныгъэр кIыхьи ухъу.
Утыку укъихьэу упсэлъамэ,
Уи псалъэр IэфIи къытщыухъу.

Ухуэдэщ барсым, угубжьамэ,
Псыкъелъэ бахъэр къыпщхьэщихыу.
Уэращ бэракъыр зратари,
Игъэлъ уи сэшхуэр уэ къыумыхыу.

Уи усэр ящIэ Дагъыстаным,
Уи цIэр щраIуэ Индие дыдэм.
Пхуэдэ щымыIэу ушу ябгэщ,
Уи къамэр мазэу пшэм холыдэ.

Къэптхам си гуапэу щэ седжащи,
Лейуэ зы псалъэ яхэмыт.
УзыщIэупщIэм и жэуапыр
ЗэсхъуэкIыжыну сыхэмыт.

Уафэ унафэщ ди IэщIагъэр,
Ди хэку дгъэлъапIэм – ди насыпщ.
Жылапхъэ гуэдзу псалъэ жытIэр
Хьэдзэ зырызу къыдощып.

Ди натIэм илъыр тфIэкъабылщи,
Iэдакъэм щIэкIыр дымышэч.
ДыкъехьэлъэкIыу димыгугъэ
ЩIы дызытетым, дэ дешэч.

Дызэхуэзамэ, дэ догушхуэ,
Сэлам зэтхыхукIэ ди дунейщ.
Къыщеуэр уи гур Дагъыстанмэ,
Си гур къыщеуэр Къэбэрдейрщ.

# КУЛИЕВ КЪАЙСЫН ПАПЩIЭ

Ушу ерыщти уэ, Къайсын,
Иджы, мис, зыши уимыIэж.
Уи лъэпкъыр, уэ урамыIэжу,
Зэхэсщ ныщхьэбэ, мэгуIэж.

Унафэ уишми къыхуэпщIат:
НэгъуэщI уэ пхуэдэ къагъуэтыху
Къурш лъапэм хъуакIуэу ар щIэтыну,
Игъуэту хуеихукIи нартыху.

Уи нэгу щIэкIахэм хэт щIэупщIэр.
Уи фэ дэкIари пхуэмыбжын.
Ухъужщ цIэрыIуи уаIэтащи,
Насыпыр изи уи хъуржын.

Уэ лIы ухуэдэу узэуащ.
Iэрыхуэт сэшхуэр икIи жант.
Уи хъыбарыфIхэр вагъуэм нэсырт,
Уи хэку гунэсри бгъуэтыжат.

ЦIыхубз гулъытэ къыпхуэзыщIи
Я щхьэр фIэхуауэ мэгуIэж,
Я нэпскIэ хьэдэр уагъэпскIыну
Гъын щагъэтамэ, къаублэж.

Ди Iуащхьэ тхъуахэр къэувауэ
Щым хъуауэ уи щхьэм къыхуоплъэкI.
Уэ уахуэусэу ебгъэсащи,
КъыпхуащIыр ноби уэ гукъэкI.

Убегъымбару укъалъытэрт.
Уэ набдзэу хэкум уриIащ.
Шэджэм псыкъелъэхэр, упсалъэм,
ЖамыIэу псалъэ, къодэIуащ.

Ухъуат уIэгъэ сэ ущысхьым…
Си щIыбым уилъу бгым дехынт.
СхузэфIэкIамэ, укъэсщтэнти
Бэн узыдэлъми укъисхынт.

НэщIэбжьэ хьэлъэу нэгу щIэкIар
ИкIэм икIэжым пIуэтэжащ.
Уэ батэкъутэр щыбгъэшауэ
Дунейри къолри къэнэжащ.

Уэлбанэщ нобэ, ауэ уафэм
Гъуэгъуэн къуимыкуу зеущэху.
Къыздамыгъазэм бгъэзэжащи,
Уэ плъагъужынкъым дуней нэху.

Зэуэн-бэнэным ухэкIыжри
Сэшхуэ Iэрыхуэр иплъхьэжащ.
Ящымыгъупщэу яхъумэнкъэ
Хэкум уэ фIыгъуэу къахуэпхьар.

* * *

Си вагъуэр уафэм имызагъэ,
КIыфIым къыхэплъэм нур егуэш.
КъенэIуэкIари къытегушхуэм,
И щIыбым иту зыхуегъэш.

Си гъащIэр удзу къызэщIоуэр,
Дыгъэпсым, уэшхым щогуфIыкI.
Махуэ зырызу къызэтехи –
Си нэгу щIэкIахэр ягу имыкI.

Жьыбгъэр Iэдэжу изошажьэ,
Гъусэ схуэхъунур ирешэс.
Сэ хы толъкъуным сышэсащи,
Сыщепсыхынум сынэгъэс.

Вагъуэ нур дахэр шхуэмылакIэщ.
Зэпычмэ, хъуакъэ гъуэгур кIэщI.
ЦIыху дэхуэхахэм сагъэгуIэм,
Пшэ кIапэм нэпсыр къысхуелъэщI.

Си гъащIэр губгъуэу къаунэщIарэ,
Гъэужь имытуи къренэж.
Къыслъыс нэмысыр зэIэпыфхыу
ФщIы махуэ закъуэ гукъыдэж.

* * *

Сыщыгъупщакъым сэ мэзым:
Дэтхэнэ жыгми еупщI.
Си цIэ жызыIэр зыгуэрым,
Джыдэ иIыгъщи, пеупщI.

Дэтхэнэ псыни уэ хэплъэ,
Си напэр псынэм къыхощ.
Iубыгъуэ дапщэ ипфами,
Псы къабзэм си цIэр фIызощ.

Гъыбзэ уэрэду сусахэр
Ди къуалэбзуми ягъэш.
Псалъэ щIэмылъми, макъамэм
Уэрэд фи хадэм щагуэш.

Пшэ зэмыфэгъуу фщхьэщыкIыр
Сэращ Iэрамэ зыщIар.
Фи псэр згъэтыншым си гуапэу
Къэбзабзэщ уафэу слъэщIар.

ФхущIызогъанэ пщыхьэщхьэм
Вагъуэ зырызи цIыху къэс,
ФызыщIэхъуэпсыр къэсхьыну
Си шы лъакъуэхум сошэс.

*   *   *

И псы къиугъуэт гъатхэм дежи,
Дунейр псы цIыкIум икъутэжт.
Гъэмахуэ щыхъум ар, гъужыным
Нэблэгъэпауэ, мышхыдэж.

КъызэплъэкIыну хущIэмыхьэу
ПсынщIащэу гъатхэр екIуэкIащ.
Псым игу щIэузыр сэри сощIэ:
Зи чэзу Iэджэ сIэщIэкIащ.

Зэманыр кIуакъэ гу щызмыхуэу.
Зызущэхуауэ сыхуоплъэкI.
Мывэ сызэлъэу щытыгъахэм
Иджы, семылъэу, сапокIуэкI.

## НЭХУЩ

ПшэкIэху къищIати нэхущым,
Уафэр мыл гъуджэу ягъэж.
И щIакIуэ фIыцIэр ешыхьыжри
Жэщыр щэху цIыкIуу щIопхъуэж.

Мэкъу Iэнэу пшэр икъухьащи,
Нурыр чэзууэ холыдэ.
Мэз бжэнхэм, пшэм хэбжьэкъуауэу,
Къуэм и зэвыпIэр якудэ.

Жэщыр бгъуэнщIагъым щIэпщхьауэ
И пIалъэм пэплъэу мэжей…
Нур закъуэ кIыфIыгъэм хэдвгъадзи,
Нэху защIэ тщIыфынущ дунейр.

## СИ КЪУЭРЫЛЪХУ АЛИНЭ ДЕЖ

Къуэрылъхуу сиIэщ хъыджэбз цIыкIу.
Адрей си бынхэм йодэхэкI.
Сэ гу лъызотэ, ар нэхъ сэщхьщи
Усэ итхынуи зэм хулъокI.

Iэдакъэ цIыкIум къыщIэкIахэм
Шы емылыджыр гум къагъэкI:
Уанэ теплъхьэну ухуежьамэ,
ЗыпIэщIеудри къызоплъэкI.

Аращ поэзиер – мыIумпIафIэ,
Зэм зыкъритIэу пфIыдолъей.
Зэм шхуэмылакIэр къызэпечри –
Щхьэхуиту тетмэ арщ дунейм.

Етхауэ защIэу зэм щIехьэжри,
Шхуэ илъэгъуами шыр пIэщIокI.
Ушэсыфамэ, узэредзэ:
Дэлъей-къелъыхыу диным йокI.

IумпIафIэ пщIырэ ушэсамэ,
Гъуэгум къытенэм уащымыщ.
Уеджамэ, къокIуэр шыр, къодаIуэу,
Узэхихащи, ар мэщыщ.

Абдеж емылыджыр Iэсэ пщIащи,
Ухуейм, Шыхулъагъуэм уэ техьэж.
НэшхуитIкIэ къоплъу къыпхуосакъыр,
А шым къыпхуищIэр уэ хуэщIэж.

Шу къызэдэжэм уакъытежмэ,
Уи псэр етхьэкъури, уэ хуэсакъ.
Е псалъэ гуауэ къыбжаIамэ,
Ари тегъахуэ уи тэмакъ.

Шым, уигъэиным, пщIэшхуэ хуащIыр.
Уэри бгъуэтащи уи нэмыс,
Сэ уи мурадыр бдызоIыгъыр.
Пхурехъу мы стхари лъэрыгъыпс.

# ПОЭМЭХЭР

# АДЭ

## I

Дадий и пщIантIэр макъыншэщ.
ЩIалитI иIати, лэгъунэр
Зэхуэдэу тIуми хуищIами,
НысащIэ пэшым къыщIэкIыу,
ЩIыкIафIэу дахэр, нэщхъыфIэу
«Си анэ», – жиIэу фызыжьым
Игу фIы зыщIыни щымыIэ.
И унэ щIыIэм ар щIэсу,
Уэс хуэдэу тхъуауэ и щхьэцыр,
Гупсысэм нэIур яхулэр.
И щIалэ пашэу Къэрнейми
Къимытх зы псалъи куэд щIауэ.
Хэт зыщIэр зауэм и хабзэр?
Хъыбар имыIэу и щIалэм,
Мычэму хощIыр анэгур.
Биишэу зауэм щылъалъэр
И щIалэм лъыхъуэу къыфIощIыр,
ГуфIэгъуэм зэми щыгугъыу,
Къэрней фIэфIахэр къигъуэтмэ,
«Тхьэм къысхуихьыжмэ, ишхынкъэ», –
ЖиIэу шхын гуэрхэр егъэпщкIур.
Джэш идзмэ, и къуэр гъуэгу тетщи,
Ар къэкIуэжыным щогугъыр.
«ГуфIэгъуэр гъэрхэм хуэзыхьыр
Тхьэм къихъумэнкъэ дэндежи», –
Дадий ар жиIэм, анэгум
ГуфIэгъуэр гуапэу щохуабэ.

## II

Зауаем къихьу цIыху гуауэр
Псэм и къарухэм текIуэфтэм,
Дадий куэд щIауэ къэнэнти
Зы къару закъуи имыIэу.
Хъуэпсэгъуэу и псэм иIахэр,
Игу хэзыгъахъуэу щыIахэр,
Залыму зауэр къэхъейри,

А хъеру лъапIэри исащ.
Мис, нобэ къэскIэ фызыжьым
Игу жьы димыхуу йокIуэкIыр,
И нэгу щIокIыжыр, гупсысэм,
Щхьэгъусэ лIыжьыр нэмыцэм
Пщэдджыжь нэхущым яубыдри,
Дадий илъагъуу мэз бгыщхьэм
Ар щаукIащи гуузу.
Ауз мывалъэм лIыжь хьэдэр
Дэлъащ махуищкIэ щIамылъхьэу.
Ем хуалъхуа щIалэу Ахьмэдым
И адэу лIыжьыр текIуадэщ.
Дадий щхьэ закъуэу къэнами,
Къэрнейр насыпу къыхуонэ,
Дунейм сыт фIыгъуэ щиIами,
Псом я нэхъ лъапIэу ар щыIэщ.
И щIалэм и фэ ириплъу,
Илъагъумэ, хъууэ нэщхъыфIэ,
Зы хъыджэбз гуакIуи мыжыжьэу
Бгыжь лъапэм дежым щопсэур.
Къэхъуным зауэр нэхъапэ
Пылъат а дахэм и щIалэр.
Къэрней и псалъэр иджыри
Анэгум илъу къэнакъэ.
«Ди къуажэм дэскъым нэхъ Iэсэ,
Си анэ, нысэу ухуеймэ,
Къэсшэнкъэ», – жиIэрт Къэрней.
Лэгъунэр щауэм хуищIами,
НысащIэ унэм къихьакъым,
АрщхьэкIэ дахэм, IущIэхукIэ,
«Си Лолэ нагъуэ, си нысэ», –
Аращ зэреджэр фызыжьыр,
Хъыджэбзым IэплIэ ныхуищIу.
Гупсысэ хьэлъэр гум къихьэм,
Пщыхьэщхьэм нысэм хуэпIащIэу
Фызыжьыр макIуэ, кIэр хищIэу.
Дадий и джэшым къикIари,
ПщIыхьэпIэу и къуэм теплъами
Къепсэлъыр псори мызагъэу,
Зэм щэхуу гъыуэ, зэм гуфIэу.
ГуфIэгъуэм псэкIэ  щIэхъуэпсу
И псалъэр мэуэ еухыр:
«Тхьэм ещIэ щIалэр щылъатэр,
Бгырыс бгъэ лъэщу и дамэр
Укъуэдияуэ кхъухьлъатэм».

## III

Дадий ву макъым къегъащтэ,
Къэхъуар имыщIэу щолъэтри
Щхьэгъубжэм доплъыр, мэдаIуэ.
Ву макъым уи гур ирихыу,
Щиху кIыхьхэм дамэр еIусэу,
Кхъухьлъатэр щхъуантIэу, лъахъшабзэу
Мэуфэразэ аргъуейуэ.
Дадий къыщIокIыр и унэм,
Къолъэтыр и гур, гузавэу.
Ву макъкIэ щIылъэм ешхыдэу,
Кхъухьлъатэ щхъуантIэу етауэ
Зычатхъэм уэгур ар йоплъыр.
«Къэрнейуэ пIэрэ?» – зэм жиIэу,
Дадий Iущащэу къепсэлъыр.
Кхъухьлъатэр унэм щхьэщыту
Щоуфэразэ уэгу щхъуантIэм.
«Аращ, хэмылъу шэч закъуэ».
Фызыжь лъэнкIапIэр мис щIэхуу,
Дадий хуопIащIэр и хьэщIэм.
Кхъухьлъатэ щхъуантIэр къуажэбгъум
ЩотIысыр губгъуэм псынщIащэу.
И нэпс зэпеIэу фызыжьым,
Щхьэц тхъуахэр жьыбгъэм щIиIэтэу,
ХуищIыну IэплIэ и щIалэм
Дадий и пщIантIэм къыдожыр.

## IV

ДэщIыгъуу гъусэ мис щIалэр
И адэ пщIантIэм къыдохьэ.
Топышэ унэм техуати,
Я унэ къуапэр гуихауэ,
Иджыри къэскIэ зым и Iэ
ЕмыIусауэ къэнат.
Къелакъым псоууэ а унэр,
Зауае гуащIэр къыщыкIуэм.
Къэрней и жагъуэ ар хъуркъым,
Къутауэ унэр къэнами,
И анэ лъапIэр, мис, псэукъэ!
«Си къуэшыр, си адэр дэмысми,
Шэч хэлъкъым, ахэр иджыри
ЗэуапIэ жыжьэм щозауэ». –
Ар игукIэ жиIэу, и анэм
Къыпожьэр гуфIэу а щIалэр.

Дыгъэпсыр IупщIу щIэращIэу
И орден Iэджэм щоджэгур,
ЗауэлI и лIыгъэм, и щIыхьым
Ар щыхьэт лъапIэу, мис, иIэщ.
Дадий и нитIым нэпс щIэзу,
ЖиIэн зы псалъэ лъэмыкIыу,
КIэ къуащIэр щIыгум щилъэфу,
Чэф иIэ хуэдэ, и щIалэм
НыхуещIыр IэплIэ ар гъыуэ.
«Уэ, лъапэ махуэ къысхуэпхьи,
Сыт хьэщIэ лъапIэу укъакIуэт!..»
Игу зэфIэнауэ Къэрнейми
Зи щхьэц тхъуа анэм Iэ делъэ.
«Хъужат уIэгъэу стелъари,
Зы мазэ пIалъэ къысхуащIри
СыкъаутIыпщащи, си анэ,
СыуихьэщIэнущ сэ куэдрэ.
Хьэзырмэ нышыр ухуитщи,
Хъыбар егъащIэ Iыхьлыхэм.
Узыншэ Лолэ? Сыт ищIэр?» –
ЩIоупщIэ псоми а щIалэр.
Къилъэту и гур зэуакIуэм
Я унэм еплъми, бжэ лъахъшэр
КъыIуихыу и адэр къэмыкIуэ.
Цей къуащIэр жьыбгъэм щIиупскIэу
Ар къыпежьэну щIэхъуэпсми,
Сыт къыпэщытми имыщIэ.
Дадий и нэкIуу зэлъахэм,
И щхьэцу тхъуахэм ар еплъмэ,
Гу лъетэ Iэджэм а щIалэм,
АрщхьэкIэ псалъэ жимыIэ.
БлэгущIэм щIэту и анэр
Къэрней нышIохьэр я унэм,
ПщIыхьэпIэм хуэдэу гуфIэгъуэр.

V

Дадий мэпIащIэр, мэпщафIэр.
И хьэщIэм нышу хуеукIыр
И щынэгъашхэу иIари.
Къэрней ныбжьэгъум дэщIыгъуу
Гъуэрыгъуэу пэшхэр къекIухьыр,
И фIэщIэщыгъуэщи псори,
Сабийм ар хуэдэу мэгуфIэр.

Адэ сурэтыр къегъуэтри
Ирегъэлъагъур и гъусэм,
Ар насыпыфIэщ мардэншэу.

## VI

Пщыхьэщхьэщ. Бгыщхьэм лъахъшабзэу
Хъурейуэ дыгъэр плъыжьышхуэу
Щхьэщытщ, къухьэным хуэпIащIэу.
Дадий и щIалэм емыплъу
Топлъызэ и нэр стIол лъакъуэм.
Фызыжьым и гум сыт ильми
Хэт илъагъуну лъэкIын?
И нитIыр гъущэщ, нэпсыншэщ,
И Iэпэ гъурхэр мызагъэу
И бостей гъуабжэр еIуэтыр.
Шэч хэлъкъым, и гур зыгуэрым
Щысхьыншэу, щэхуу ефыщIыр,
Iэ щIыIэр щIыфэм щыджэгуу,
Гуауаеу и гум дэмыхуэр
Дадий къеIуатэр мыпхуэдэу:

## VII

«Си щIалэ, уи адэм уэсяту
Уэ къыпхуищIахэм къедаIуэ».
Къэрней къарууэ иIахэр
И анэ псалъэм къекъутэ,
Шэм хуэдэу, и гум ар тохуэ.
Шэнт ар зытесым текIыну
Нарт и къарури мащIащэщ.
А псалъэ хьэлъэр жызыIэу
Дадий и зы нэм нэпс закъуэ
КъыщIэкIыу щIалэр темыплъэ.
«Фэеплъу къамэ къуитакъым,
Къыпхуигъэнакъым жыр нали.
Уи лъапэ пщIантIэм къыдэпхьэм,
Уэ бжесIэжыну къалэн
Мыр къысщищIащи, бжызоIэ:
«Насып мыгуэшу сиIари
Си къуэ Къэрнейрэ си щIыхьрэт.
СлъэкIыхукIэ щIыхьыр схъумащи,
Ар саугъэту си щIалэм
Къыхузогъанэ», – жиIащ.
КъызэфIэнауэ анэгур
Фызыжьым и Iур мэгъущIэ,

Къэрней щэху дыдэу щIоупщIэ:
«Си къуэш нэхъыщIэу Ахьмэдым
Уэсяту сытыр хуищIа?»
Дадий псэлъэни лъэмыкIыу
Мэщатэр хьэлъэу, къемыплъу.
Нэбжьыцым пылъ нэпсым къыпхыплъу
Дадий игу плъауэ къыжеIэ:
«Уэ къуэш уиIакъым, си щIалэ!..
Уэ къуэш уиIакъым, зэгъащIэ!..
И натIэ хъунур сэ сщIатэм,
Ахьмэд быдзышэ Iумыхуэу,
Згъэшхэнт ар гынкIэ нэхъапэм.
Игъуэ нэмысу ар лIатэм,
ГуфIэгъуэр нобэ мыпхуэдэу
Хьэдагъэ нэпскIэ дгъэнщIынт?!»

## VIII

«МазитIкIэ фронтым щыIауэ,
И Iэ лъэныкъуэр уIауэ,
Ди хэку къихьэжри Ахьмэд,
Тхьэмахуэ енкIэ мылажьэу
Жыг жьауэм щIэсу щыIащ.
Колхоз дохутырым елъэIути
УIэгъэ хущхъуэ къыIихырт.
ГущIэгъу къыхуищIырт дэтхэнэм,
И щIэупщIакIуэр и куэдт,
Зэрызэуахэм и гугъур
Хэт и псэлъэгъуми хуиIуатэрт.
«Нэмыцэ Iыхьэу къыслъысыр
Сэ зы тхьэмахуэм сукIащ», –
ГушыIэ нэпцIу ар жиIэрт.
Къэрней хъыбарым щIодэIур
Зэтрикъузэу и Iупэр.
Зэгуопыр, и гум пыIэпIэ
ИмыIэу, губжьыр гъунэншэу
И гущIэм пщтыру щотэджыр.
ХуэмышыIэжуи щIоупщIэ:
«УIэгъэ хъуамэ, а Iэщыр
Щхьэ сымаджэщым мыкIуарэ?»
«СщIэркъым, си щIалэ, ар къалэм
Дыхьэу къалъагъумэ, фIэфIакъым…
Чэф иIэу зэ ар къэкIуэжри
КъызихьэлIат сэ дзыхь ищIри
И щэху шынагъуэу ихъумэр…
«Сэ къыстехуакъым биишэ,

ЛӀэныгъэр благъэу къысфӀэщӀри
ЗысщӀащ уӀэгъэ сэр-сэру.
ЗэуапӀэ губгъуэм и тафэм
Бий щыслъэгъуакъым зэ закъуи.
Уэрщ зэсхьэлӀари си щэхур,
СолъэӀур, си анэ, ар хъумэ,
ГущӀэгъу къысхуащӀмэ, ди цӀыхухэм
Къысщыдыхьэшхыу къысфӀощӀыр,
Ар яхуэздэнкъым абыхэм,
Ауан сыкъащӀу сэ здэнкъым».
Уи адэжь тхьэмыщкӀэм а щэхур
Сэ хуэсӀуэтэни слъэкӀакъым.
Нэмыс зимыӀэу къэрабгъэр
Уи адэ ябгэм къемылу
ӀэщӀэкӀуэдэнкӀэ сышынэрт.
«Мы угъурсызым и щэхум
ФӀы хухэтхынкъым», – сэ жысӀэрт.
Анэгу зэрыгъум, си щӀалэ,
КъырикӀуэщ дыгъур и ужьым.
СыщӀегъуэжауэ сэ куэдрэ
Седзакъэрт пщӀэншэу си Ӏэпэм».

## IX

«Нэмыцэр ди щӀым къыщихьэм,
Ахьмэдыр ящӀри старшынэ,
Щыхъуащ Ӏэтащхьэ ар жылэм.
БжесӀэн слъэкӀынкъым иужькӀэ
Си нэгу щӀэкӀахэр, си щӀалэ!»
Дадий ӀэщӀохур нэпс закъуэ,
Тэмакъым тонэр и гуауэр.
«КъызжеӀэ псори, си анэ», –
Къэрней йолъэӀур фызыжьым.
И ӀэлъэщӀ кӀапэр еӀэтри
Дадий и нэпсыр елъэщӀыр.
Нэхъ щэху ищӀауэ и макъыр
ХуеӀуатэ и къуэм гуауаер.
«Нэмыцэр ди щӀым къихьауэ,
Гуэныхь жыхуаӀэр ямыщӀэу,
КъапэщӀэхуахэр яукӀырт.
ЩыкӀауэ ахэм ди мылъкур
Лъы уасэ хуэдэу, зэрапхъуэрт.
Мис а лъэхъэнэм уи адэр
Шыбзыхъуэу щыӀэт Къущхьэхъум.
Нэмыцэр хэкум къихьауэ
Хъыбар щыхуахьым лӀы ябгэм

Бгым къыщегъуэтыр гъэпщкIупIэ.
Бгъэм я тIысыпIэу бгы тIуащIэм
Зы цIыху имыщIэу шыбз гуартэр
ЩегъэпщкIур уи адэм аузым.
Зы мазэ енкIэ си закъуэу,
Ар къэкIуэжыну сыпэплъэрт.
Шыр къахужыну хэт кIуэми
КъокIуэж IэнэщIу, ешауэ.
Ахьмэд старшынэу увати
Къижыхьт, гузавэт, щIэупщIэрт,
Шыр зыдэкIуари имыщIэт.
Зэгуэр уи адэм пщыхьэщхьэу
Дзыхь зыхуищI щIалэ къеутIыпщри
Си дей жэщ ныкъуэм къегъакIуэ,
Ар зыдэщыIэм къимыкIыу,
Мыр къысхуеIуэхур лIыжь ябгэм:
«Бгъэм я тIысыпIэу бгы тIуащIэр
ХэщIапIэ сщIауэ сопсэур.
Гъуэмылэ тIэкIуи къысхуэхьи
ПхущIыхьэм, къакIуэ», – къызжиIэу».

X

«Батыр и лIыкIуэм гупсэхуу
КъысхуиIуэтахэщ гъуэгу псори.
Гъуэмылэр щэхуу сэ сщIыуэ
Гъуэгуанэ жыжьэм сыщежьэм,
Ахьмэд си ужьым ит защIэу,
Сэ сщIэркъым куэдрэ нэкIуами.
Уи адэм и деж кIуэ гъуэгур
А угъурсызым къищIащ.
Пщыхьэщхьэм дыгъэр щыкъухьэм,
Бгъэр щытIыс бгыщхьэм сихьащ.
Ауз хъуныфIэм шыр дэту
Батыр игъэхъурт и закъуэ.
Бгы къуапэ лъагэр аузым
Нэпкъ задэ уардэу щхьэщытт.
Батыр нэщхъыфIэу къыспежьэщ,
Гъуэмылэр псынщIэу сIэщIихри
Щыпсэу бгъуэнщIагъым сишащ.
Жэщ кIыфIыр псынщIэу ди бгыщхьэм
Мис щIакIуэ фIыцIэу щогъуэлъыр,
ЛIыжь гумызагъэм нэху щыхукIэ
ЗыгъэпсэхупIэ иIакъым:
ХьэIуцыдз макъыр зэхихмэ,
Илъадэрт къырым и закъуэ,

Иныкъуэм къамэр IэщIэлъу
Плъыр дыдэу мывэм ар тест.
Колхоз табыныр Къущхьэхъум
Щигъэхъут апхуэдэу уи адэм».

## XI

«Нэху ща иужьым сысакъыу,
Къэзгъэзэжыну си гугъэу,
СыкъыщIэкIауэ бгъуэнщIагъым
Слъэгъуащ Ахьмэдыр къэкIуауэ.
Ар къэзыхьари хэт зыщIэр,
Къихуащ а бзаджэм гъуэгу щэхур,
Шыр ихужыныр хьисэпу.
Шым къемыпсыхыу Ахьмэдым
Уи адэм мыхэр жреIэ:
«ЖьакIащхъуэм дишхэр бгъэпщкIуауэ
Мыбдеж хэщIапIэ щхьэ пщIа?
Шыр хьэдрыхэ уэ пхьынум,
ЕлъэIу нэмыцэм – къуатынщ.
Къалэн сэ кIэщIу пщызощIыр:
ХэщIапIэ щэхур къэгъани
Нэхуж шыбз гуартэр ди къуажэм».
Батыр зы псалъи жимыIэу,
И Iупэр тхьэмпэу кIэзызу,
Екъузыр къамэу Iэпщэхур.
Хуэмышэчыжуи мыр жеIэр:
«Си губжь улъыхъуэм, бжызоIэ,
КъыпIэрыхьэнущ мурадыр.
Укъысхуэзэну тхьэм фIэфIу
Укъысхуэзащи, си гуапэщ…
Жыр джатэ щIагъым ущIэхуэм,
«Си анэ» жыпIэу умыджэ,
А псалъэ пэжыр ди щIыпIэм
ЩыжаIэу пщIэрэ, къэрабгъэ?
Уи щIыхьыр, хэкур, Iыхьлыхэр
Уэ бий залымым епщащи,
Иджы узэщэр сэ сощIэ,
Къэпщэхужыну уэ уи щхьэр
Уолъыхъуэ уасэ, аракъэ?
Ар къохъулIэнкъым, зэгъащIэ.
Сэ илъэс Iэджэ сышыхъуэу
Схъумащ си закъуэ дэ дишхэр.
Нэмыцэм и нэ, сыпсэуурэ,
Я нэхъ шы фаджэм теплъэнкъым,
ЗбгъэдэкI, Ахьмэду щIыхьыншэ!
Ди колхозышхэщ сэ схъумэр!

Ди къуажэ мылъкур бий бзаджэм
ІэщІэплъхьэу уэри пхуэздэнкъым.
Нэмысрэ щІыхьрэ зимыІэм,
Уасэншэщ и псэр игъащІэм.
Уэ къыпхуэныкъуэр къызжеІэт!
Къэбэрдей хэкур къыпхуейкъым,
Къыпхуейкъым уи адэ, уи анэр!
Андемыркъаныр щапІауэ
Ди щІыгуу лъапІэм, бийр тетщи,
УищІащ къэрабгъэр хьэрэм.
Илъэс етІуанэм нэблагъэу,
ЗэуапІэ губгъуэм ар иту,
Егъажэ лъыпсыр уи къуэшым,
Анэ быдзышэм хуэдабзэу
Абы и напэр къабзащэщ…
Ди лъэпкъ къихъуакъым уэ пхуэдэ,
Сыуиадэнуи сыхуейкъым!
Сэ си Іэпкълъэпкъым ущыщми,
Си Іэщэр нобэ пхуэслъащ».
Зы напІэзыпІэм лІыжь ябгэм
И къамэр бгыпэм щылыдри,
Ахьмэдыр хьэдэу джэлащ.
Насыпыншагъэм ар лъыхъуэу
Мывалъэ лъагъуэм щыщхьэуэт».

## XII

«КъамапІэ нэщІыр гуэлэлу,
Ялейти уядэм ищІари,
Батыр зы псалъи жимыІэу
И ІитІкІэ жьыбгъэм хуоІэбэ.
ЗэІэбыхункІи и жьакІэр
Лъы защІэ ищІу мэгие.
СамыІыгъыфу си лъакъуэм,
Лъэбакъуэ счыну слъэмыкІ.
И псэ хэмыкІыу Ахьмэдыр
Батыр гурыму къеІэтыр.
– Мыр уи къуэр ару уи гугъэ?
Мыр уэ упІахэм ящыщкъым… –
Уядэм ар жиІэрт къызэплъу.
Ахьмэд жиІэнут зыгуэри,
И бгъэгум къамэр хэІуами,
КъэІэбэрабэт си дежкІэ.
КъыхэпІиикІыу жыр къамэр
Къыхухэсчыну соІэбэ.
– Сыгъэпсэлъэхэ хомычу… –

Си псэр ичатхъэу ар жеIэ.
Си гуIэгъуэшхуэщ а махуэр,
Схуэмышэчыххэу а къамэр
Къыхэслъэфыжмэ, псэлъэныр
Ахьмэд и гъащIэм деухыр».

## XIII

«А махуэ дыдэм уи адэр
ЛIыукI нэмыцэм къаубыдри,
Бгъэм я тIысыпIэу ди бгыщхьэм
Нэщанэ хуэдэу, щагъэуври,
Гъуэрыгъуэу еуэу яукIщ,
Гум имыкIыжу гуузу».

* * *

Къэрней нэхущым къотэджри,
Iыхьлы, ныбжьэгъухэм емыджэу,
И анэм IэплIэ хуещIыжри,
Зы псалъэ закъуи жимыIэу,
Пэплъэну Лоли имыдэу,
Кхъухьлъатэ щхъуантIэм йотIысхьэ,
Бгъэм я тIысыпIэу бгы щыгур
Хъурейуэ щэ къелъэтыхьыр.
И адэ лIыжьым и мащэм
КъыхуещIри щхьэщэ, а щIалэр
Уэгу къащхъуэм псынщIэу йохьэж.
Дадий и нитIым нэпс щIэзми,
И закъуэ бгыпэм ар тету
ЕIэтри Iэр щэху дыдэу,
«Гъуэгу махуэ», – жеIэ кIэлъыплъу.

*1944–1945 гъгъ.*

# БАЖЭ ПШЫНЭ

Бажэ цIыкIур, тIэкIуи шынэу,
Мэз гъуэгужьым нигъэзат,
ЩIакIуэ фIыцIэ, Iэпэ пшынэ
Гъуэгум телъу ныхуэзат.
ЩтэIэщтаблэу ар йокIуалIэ,
ЩIакIуэр къещтэ, жыгым фIелъэ,
Пшынэр къещтэ, и кIэр делъэ.
– Мэлыц фIыцIэу щIакIуэ-щIакIуэ,
ЩIакIуэ фIыцIэ, хъу сэбэп!
Уэ узейри, дауи, щакIуэщ,
Сыт уэ щIакIуэм уи жэуап? –
Бажэр тафэм щытIысауэ
ПшынэуэкIэ зрегъащIэ,
А IэщIагъэм емысауэ
КъехъулIэным ныхуопIащIэ.
Iэпэ пшынэм бажэр йосэ,
Мыщэжь гуэри ар ныхуозэ.
МэжэщIалIэу мыщэжь закъуэм
Фэндыжь гъурыр илъщ и щIыб,
ПщIащэм хэлъу закъуэтIакъуэу
Пхъэщхьэмыщхьэхэр къещып.
– Щхьэ мэз Iувыр зэпыбупщIу
Уэ мыбыкIэ укъэкIуа? –
ЖиIэу бажэр ныщIоупщIэ,
Езы бажэм сыт къикIуа?
– Сэ сытхъэжу сыкъэкIуакъым,
СомэжалIэ, бажэжь цIыкIу.
– Мэз Iэтащхьэм уэ уи закъуэу
КъэпкIухьыныр сфIэемыкIущ, –
ЖиIэу бажэр йодэхащIэ, –
МэжэлIэныр птезгъэунщ;
УмэжалIэм, пшынэ макъыр
Сэбэпышхуэ къыпхуэхъунщ,
СыпсчэуIунщи, бажэ макъыр
Зэрыдахэри плъагъунщ, –
ЖиIэу бажэр, тIэкIуи шынэу,
А бэлацэм бгъэдыхьащ.
Йоплъ мыщэжьри Iэпэ пшынэм,
Мызэ-мытIэуи мэхущхьэ:
– Уэху! Уэху!

Уэ уи пшынэ сэ си Iуэху?
Сэ лы фахэм сащIохъуэпс,
Зэрызмышхрэ мэхъу илъэс, –
ЖиIэу мыщэр
Тесщ щIы гъущэм.
– Лы гъэфыныр фи хабзэшхуэщ,
Пэжщ, фи лъэпкъыр фыщыкIащ,
Сэ сыхъуащи пшынауэшхуэ –
Лыр пшэр защIэщ, сигу щыкIащ.
– Мис а жыпIэрщ сэ схуэмыхьыр,
Дэнэ къипхрэ уэ лы пшэр?
Хэт мэлылыр къыпхуэзыхьыр? –
ЖаIэу тIури мэуэршэр.
– Си пхъур, си къуэр Iэгум еуэу,
Iэпэ пшынэм сызэреуэу
Куэд къысхуокIуэ сэри,
КъакIуэм хэткъым зы IэнэщIу,
ПшынэуапщIэу къахьыр Iэджэ.
Лы пшэр защIэщ, сигу щыкIащ.
Хуит сыкъэщIи тIэкIу сегъауэ,
ПхузэфIэкIым, зэ дэлъей,
ЩремыIэ зы Iэгуауэ –
Къытелъадэт ислъэмей.
Бэлацэжьыр къытехьауэ
ХетIэ-хесэ ислъэмей, –
И гум пшынэр ирихьауэ
Мэзым мыщэр щыдолъей,
Бажэр йоуэ ислъэмей:

– Iэпэ пшынэр маджэ,
Iэджи къызогъэкI,
Си мыщэжьу бзаджэ,
Къомыгъанэ плъэкI.
Цым, цым, цым,
Iэджи къызогъэкI,
Цым, цым, цым,
Къомыгъанэ плъэкI.
Уэ лъэбыцэ къуацэ,
Мыщэ лъэбыцэжь,
КъыпкIэрохур бацэ,
Емынэунэжь.
Цым, цым, цым,
Мыщэ лъэбыцэжь,
Цым, цым, цым,
Емынэунэжь.
Iэпэ пшынэ макъыр

Псоми зэхырех,
Еуэ, еуэ лъакъуэм,
Мыщэ напэтех.
Цым, цым, цым,
Псоми зэхырех,
Цым, цым, цым,
Мыщэ напэтех.

Пшэрыр зыхьу дыгъужь щхъуэжьыр
А джэгу макъым къегъэувыIэ.
Мыщэ къафэу къэзыжыхьыр
ФIэауанщи, тIэкIу зешыIэ.
И лы пшэрыр егъэтIылъри
Мыщэ къафэм Iэгу ныхуоуэ.
Ар щилъагъум, мыщэр къолъри
КъоувыIэр, и гур къоуэр,
Дыгъужьыжьым ар йошхыдэ:
– Си ныбжьэгъур къакIуэт мыдэ,
Уэ бзаджэжьым, хьа-хьа-хьа!
ПшынэуапщIэ къытхуэпхьа?
Хьэмэ пщIэншэу
Уэ напэншэр
Iэпэ пшынэм уедэIуа? –
ЖиIэу мыщэр лым еIащ.
– Сыт а жыпIэр?
КъытI! КъытI! КъытI!
– Уи дзэлыфэр уэ умытI,
Ар пфIэмыфIым, уи фэр ткъунщ,
Къащтэ пIыгъыр, жыпIар куэдщ!
Дыгъужьыжьым и лы Iыхьэр
Фэндыжь гъурым иридзащ.
КъинэмыщIу мис и жьыщхьэм
Бажэ пшынэм къигъэпцIащ.
Зэгуэпами, шынэжауэ
Щытт зиплъыхьу, зэми памэу.
Бажэм пшынэр къищтэжауэ
Дыгъужь къафэр кърегъэкI.
Дыгъужь щхъуэжьыр щIегъуэжауэ
Зэ къэфэни игу къэмыкI.
– А дыгъужь,
А дыргъыжь,
Зэ дэлъей, ислъэмей.
– А дуней,
Ислъэмей
Хэт къэфа?
Сызэфар

Псы къудейщ.
– А дуней,
Ислъэмей
Фэ фыхуей?

И тхьэкIумэр игъэкIауэ,
Дыгъужьыжьыр къытолъадэ,
Лы ишхыныр игу къэкIауэ
Мыщэм и гум къыполъадэ…
Ауэ бажэм ар щошынэ,
Бажэр йоуэ Iэпэ пшынэ.
ИмыщIэххэу зы кхъуэпIащэ
А джэгушхуэм кърохьэлIэ.
И гъуэм кIуэжырт ар хуэпIащIэу.
Ехь лы куэди икъукIэ хьэлъэу.
А пащIэжьыр мис къоувыIэ,
Илъагъу джэгур егъэщIагъуэ,
Мыдыхьэшхыу кхъуэм зешыIэ.
– Уэ ди пабгъэ,
Къытхуеблагъэ, –
ЖиIэу бажэр кхъуэм еджащ,
Мыщэр шхыдэу къэтэджащ.
– КхъуэпIащэжьым, хьа-хьа-хьа!
ПшынэуапщIэ къытхуэпхьа?
Хьэмэ пщIэншэу
Уэ напэншэр
Iэпэ пшынэм уедэIуа? –
ЖиIэу мыщэр лым еIащ.
– Сыт а жыпIэр?
КъытI! КъытI! КъытI!
– Уи дзэлыфэ уэ умытI,
Ар пфIэмыфIым, уи фэр ткъунщ,
Къащтэ, пIыгъым дрикъунщ. –
Кхъуэм иIыгъыу лы пшэр тIэкIур
Фэндыжь гъурым иралъхьащ.
Хуримыкъууи а утыкур
Кхъуэр къэфэну къытехьащ.
-– Уэ, кхъуэпIащэ, ринэ, ринэ, –
ЖиIэу бажэр йоуэ пшынэ.
Дыгъужьыжьыр жыжьэу щысу,
Мыщэр лыхэм щIэгупсысу
Iэгум йоуэ – я джэгушхуэщ.
Бажэр псоми ятогушхуэ,
Пшынэм еуэу зэхеублэ:
Уэ дыгъужь емынэ,
Си щхьэр умужьыгу,

А уи дыгъужьыфэр
СщIынущ сэ джэдыгу.
Цым, цым, цым,
Си щхьэр умужьыгу.
Цым, цым, цым,
СщIынущ сэ джэдыгу.
Уэ сэ си кхъуэпIащэ,
Уэ кхъуэ джэмыдэжь,
КIэщI ирехъу уи гъащIэр,
Уэ си пэ щабэжь,
Цым, цым, цым,
Уэ кхъуэ джэмыдэжь,
Цым, цым, цым,
Уэ си пэ щабэжь.
Уэ мыщэ бэлацэм
Iэджэ уи гугъэнщ,
Уи мыщафэ къуацэр
Си гъуэм изубгъуэнщ.
Цым, цым, цым,
Iэджэ уи гугъэнщ,
Цым, цым, цым,
Си гъуэм изубгъуэнщ.

КIэпхъыжь цIыкIур, пщIий иIыгъыу,
КъакIуэрт-къалъэрт, фIым щыгугъыу.
Мыщэм кIэпхъым еху и лъагъуэр.
– КIэпхъыжь цIыкIум, хьа-хьа-хьа!
ПшынэуапщIэу пщIий къэпхьа?
Хьэмэ пщIэншэу
Уэ напэншэр
Iэпэ пшынэм уедэIуа? –
ЖиIэу мыщэр пщIийм еIащ.
– Сыт а жыпIэр?
КъытI! КъытI! КъытI!
– Уи дзэлыфэр уэ умытI,
Ар пфIэмыфIым, уи фэр ткъунщ,
Къащтэ, пIыгъым дрикъунщ.
Мис апхуэдэу хьэкIэкхъуэкIэу
Мэзым щIэсыр къекIуэлIащ,
Шхыныр къахьу, зэпекIуэкIыу
Хэт къэкIуами ехъулIащ.
Лы къахьахэр зэщымыщу
Iэтэм хуэдэу зэтелъхьат
Къуалэбзухэм я чыщмыщыр
Фэндыжь гъурым иралъхьат.
Зэ къэмыфэ къэмынауэ,

ТIэу къэфари нэхъ унауэ,
Джэгур куэдрэ екIуэкIащ,
Бажэ макъри зэкIуэкIащ.
Джэгум и щхьэр къигъэвауэ,
Мыщэр псалъэу къэуващ:
– ПшынэуапщIэу фэ къэфхьахэр
Насып защIэу вгъуэтыжынщ,
Ягъэ кIынкъым, гугъу ехьахэр
ДывгъэтIыси лыр тшхыжынщ. –

Мис абдежым бажэ цIыкIум
И бажагъэр игу къэкIащ:
Ар къолъадэ а утыкум,
И тхьэкIумэр игъэкIащ,
ЗэрылъэкIкIи щэ кIиящ:
– Модэ, флъагъурэ фэ мо щIакIуэр?
ПсынщIэу, псынщIэу, –
КъокIуэр щакIуэ,
Фыжэ псори, фыжэ, маржэ,
ПцIы супсынкъым, сэ сыбажэщ! –
Бажэ бзаджэм и нэр къож,
ХьэкIэкхъуэкIэр зэбгырож.
Бажэжь цIыкIур, мис, унащ –
ШхыныфI псори къыхуэнащ.

*1947 гъ.*

# ЕЛБЭЗДЫКЪУЭ

Зэкъуэшищым тIур гъуэзэджэт,
Я нэхъыщIэм цIыху зэреджэр
Елбэздыкъуэ дыкъуэнагъыт.
Ауэ псоми фIыуэ къалъагъут.
Къуэш нэхъыжьхэм ящIт ауан.
Ахэр шхэмэ, я шыуаным
КъинаIамэ, ар и Iыхьэт.
Зэпымычу кIуэрт ар псыхьэ,
Ауэ зыми зыхамыщIэу,
Елбэздыкъуэр я нэхъыщIэт.
ЩIалэ цIыкIур псэут щхьэ закъуэу.
Зэшхэм яIэт зы шыбз закъуэ,
Шы къабзащэт, шым уеплъамэ.
Гъатхэр къэсрэ, шыбзыр лъхуамэ,
ШыщIэ къилъхур яфIокIуэдыр.
Зэшхэр шхыдэу къабжыр куэдыр.
НэхъыжьитIым ягу зэбгъауэ,
Шым и лъхуэгъуэр къэблэгъауэ,
Я нэхъыжьым мыр къепсэлъыр:
– Мырщ, си къуэшхэ, си гум хэлъыр:
Къэрэгъулу сокIуэ шэщым,
Iэщэу сохьыр сэ ди уэщыр,
ШыщIэр зыми езгъэхьынкъым,
Дыгъур псэууэ сIэщIэкIынкъым, –
И гуи и щхьи лIым зэтелъу,
А нэхъыжьыр бгыкъум телъу
Махуэ мащIэ игъэкIуакъым,
Ауэ шыщIэр хуэхъумакъым.
ЛIыр зэгуэрым щхьэукъуауэ,
ИмыщIэххэу шыбзыр лъхуауэ,
ШыщIэ цIыкIур бгъуэтмэ, къащтэ.
Къэрэгъулым фIащ «щхьэ матэ»,
МыхъумыщIагъэр ягъэщIагъуэу
Гъатхэ гуэрыр мис къоблагъэ.
Курыт щIалэм зигъэпхъашэт,
Ныбжьэгъубэм ар я пашэт,
А курытыр шы хъумакIуэ
И чэзути, мис, ягъакIуэ.
Ар мыжейуэ хуэшэчакъым,
Зы макъ закъуи зэхихакъым.

Бгыкъум тесу Iурихауэ,
А жэщ кIыфIым шыбзыр лъхуауэ,
ШыщIэ цIыкIур бгъуэтмэ, къащтэ.
Аурэ гъэри ныхокIуатэ.
Зэкъуэшищым я нэхъыщIэр,
Джатэ щIэлъу и блэгущIэм,
«ШыщIэ къалъхум и хъумакIуэ
Хуит сыкъэфщIи сэ сывгъакIуэ», –
ЖиIэу, ар йолъэIу нэхъыжьхэм.
«Сыт а жыпIэр? Сыт уэ шыщIэр
Пхъумэфыну ущIигугъэр?
ЕщIэ хэти уэ уи лIыгъэр.

Елбэздыкъуэ
Дыкъуэнагъ,
Аргъеипэ,
Шы пэнцIыв,
ЦIывгъажьэ,
Яжьэ лъэгу,
Лъэгурыдзэ,
Едзыхыж», –

ЖаIэу ящIыр ауаныщхуэ,
Ахэр щIалэм къытогушхуэ.
Абы папщIэ къимыгъанэу
Елбэздыкъуэ жэщ етIуанэм,
И гуи и щхьи лIым зэтесу,
Зиущэхуауэ бгыкъум тесу,
Мазэм нурыр къыпылъэлъу,
Шэщ блын гъунэми къыдэплъу,
КъыщIыхьэпIэр къигъэнэхурт,
Къуэш нэхъыжьхэм загъэпсэхурт.
Я нэхъыщIэу шы хъумакIуэр
ШыщIэ дыгъум мис йощакIуэ.
А жэщыбгым лъхуащ шыбзыгъуэр.
ШыщIэ цIыкIум и щIэщыгъуэу
IэщIэлъыным тоджэгухьыр.
Бор хъурейуэ зэпекIухьыр.
Мис абдежым иныжь щIакъуэ,
И натIэгум ис нэ закъуэр
КъилыдыкIыу, бом къыщIохьэ,
ШыщIэ цIыкIум ар бгъэдохьэ.
А иныжьым зэ зеудэ,
ШыщIэ цIыкIур зэщIеубыдэ.
Мис арыххэу щауэ гуащIэм
Джатэр дыгъум трешащIэ,

Щхьиблым щыщи зы полъэтри
А иныжьым игу къилъэту
КIэбгъу зищIауэ ныщIокIыжыр,
ЩIыр ирeIэ лъы къыпыжым.
И пэм къикIыр Iугъуэ гъуэзу,
Иныжьыщхьэри джэрэзу,
ПащIэкIитIыр щIым нэмысу,
Лъы къыпыткIум удзыр исy,
КIэлъыпIащIэу зейм кIэлъожэ,
Хьэм ялъагъумэ, псори йожэ.
А пщэдджыжьым нэху зэрыщу,
ШыщIэ цIыкIури ину щыщри,
Жейм хэтахэр къэушахэу,
Елбэздыкъуэри ешауэ,
Щызэхуозэр зэшхэр пщIантIэм.
IитIкIэ пащIэр тIум яIуантIэ,
Я нэхъыщIэм зы жимыIэ,
Я нэхъыжьыр мэгушыIэ:
– Шынэхъыщiэ, лIыгъэ пщIащи,
Хъупхъэ дыдэу уэ ущауэщ.
СщIыну сфIэфIкъым уэ уи жагъуэ.
Ауэ тIуми догъэщIагъуэ –
ГъэкIэ ди шым къеуэсауэ
Уэ ныжэбэ узэзауэу
Хэт букIар? Къащтэ хьэдэр!
А телъыджэр сыт зыхуэдэр?
Пкъыр кIуэжами, щхьэ пытакъэ?
Ауэ щыхъукIэ, зы букIакъым.
Ар умыдэм, къэгъэлъагъуэ
Иныжь лъэпкъым я инагъыр.
Я нэхъыщIэр мэгупсысэ,
КъыхуэмыщIэу ар зищIысыр.
КъуакIэбгыкIэм зэпрыкIыу
Иныжьыщхьэм лъыбэ къикIым
Гъуэгу ищIахэр нэрылъагъуу
Псори йоплъыр, ягъэщIагъуэу.
Япэ махуэм зыщиужьым
Нэхъыжь дыдэр а лъэужьым
Теувауэ щхьэм мэлъыхъуэ,
МакIуэ-малъэ и щIэщыгъуэу.
Ар йозэшри къегъэзэжыр,
КIыфI мыхъупэуи къокIуэжыр.
Махуэ закъуэ фIэкI дэмыкIыу
Курыт щIалэми лъэмыкIыу
Иныжьыщхьэм и лъыхъуакIуэ
Гъуэмылэншэу ари макIуэ.

Къопщэр ину ищхьэрэжьыр.
Уэшхыр къошхри, лъы лъэужьыр
А зы махуэм хогъуэщэжыр,
Къуэш курытми къегъэзэжыр.
Хэт и лъэкIри зэфIэкIауэ,
Гъэ зыбжани мис дэкIауэ,
ЛIыгъэ щIэным игу хуэныкъуэу,
Ини хъуауэ Елбэздыкъуэ,
Губгъуэм и шыр щыхигъэпщу
Мис егъакIуэ гъатхэ жэщыр,
ЩIалэр куэду мэгупсысэр,
Зэплъым и нэр нытоплъызэ.
– КъохьэлъэкIыр уэ уи гъащIэр,
Уи гум къеуэр сэ сыгъащIэ, –
ЖиIэу алъпыр къыщелъэIум,
Пшагъуэр токIыр щIалэ нэIум.
Мыр иретыр шым жэуапу:
– Сисыфынкъым сэ мы щIыпIэм,
А иныжьыр къэзмыхутэу.
Джатэр дыгъум тезмыкъутэу,
Сытми си гур сэ пыIэн?
Хэт сщIэн хуейри къызжиIэн?
Мис абыхэм согупсыс,
Махуэ енми сэ сыщысщ.
– СыбгъэщIатэм ар нэхъапэм,
Сэ бжесIэнти лIыгъэ щIапIэр.
Иныжьыщхьэм лъы къикIахэр
ЗытеткIуахэр банэу кIахэу
Мис абыкIэ бий лъэужьыр
Уемызэшу ху зэпыту. –
Ар алъпышым къыхуеIуатэ,
ЩIалэр и шым бгъэдокIуатэ.
Илъэсищи фIэкI дэмыкIыу,
Жэщым мазэр къыщIэмыкIыу
Шууэ щIалэр зекIуэ йожьэ –
Иныжьыщхьэм хахуэр йощэ.
«Чыху, чыху, си алащэ,
ЕщIэр си шым си гуращэр,
Шхуэр згъэлалэм псынщIэу йолъ,
КъуакIэбгыкIэм зэпролъ,
Псы дыхуэзэм, кIуэру йокI.
Бжыхь елъэни хузэфIокI,
Щолэхъушу зеукъуэдий,
Нэгъэсауэ ар шагъдийщ,
ЩIопщым теплъэм – зыкъеIэт,
Си алъпышым сыт къыхуэт!»

* * *

Хуозэр гъуэгум щIалэр шыхъуэ,
ЛIыжьым ещIыр тIэкIу гурыщхъуэ.
Шум къыхуещIыр мащIэу фIыщIэ,
Шыхъуэр псоми къыщIоупщIэ.
– Уэ шу хахуэр хэт урей,
Сыт хэпщIыкIыр уэ дунейм?
– Бий лъыхъуакIуэ къызокIухь,
Сигу темыхуэр сэ бэлыхьщ.
Бий хэщIапIэр дэнэ дей?
Ар къэслъыхъуэу аркъудейщ.
– МэжэщIалIэр мыгъуэ-мылIэщ,
Сыт зыдэпхьыр уэ гъуэмылэу?
– АдакъэщIэ, хущIэ пIастэ,
Санэ сIыгъкъэ, гур щIигъэсту.
– Зэпэщауэ узэуакIуэщ,
Уи алъпышри IэкIуэлъакIуэщ,
Пэжщ, и ныбжькIэ ар къунанщ
БгъэувыIэм хъунщ зэран,
Уэ сыноплъми, ущIалащэщ –
КъоухъулIэ уи гуращэр.
ЩIалэр фIымэ, фIым доплъей,
Iейм ущытхъумэ, мэулъий.
Лей зрахым уигу щIэгъэгъу,
Лей зезыхьэм хуумыгъэгъу.
Уэ губжь Iэджэм узэрахуэ,
КIуэ, си щIалэ, кIуэ, гъуэгу махуэ! –
Пшэ гуэрэным мазэ пхыкIым
Хуэдэу, банэм шыр хэмыкIыу
Бий лъэужьым ар ирокIуэ,
Шы тхъурымбэр гъуэгум тоткIуэ,
Шум и гъуэгум сыт и пIалъэ,
КъэмыувыIэу макIуэ-малъэ.
ЩIалэ хахуэр темыпыIэу,
И къунанри мыувыIэу,
Гъуэгущхьиблыр зэпичауэ,
И хэку иным имыкIауэ,
ЩIалэр плъэмэ – благъэ дыдэу
Дыгъэ нурыр къытелыдэу,
Унэ лъахъшэ мис къелъагъур.
Маплъэ куэдрэ игъэщIагъуэу.
Мыр хэщIапIэ хъункъэ, жиIэу
Зэм и фIэщу, зэм гушыIэу,
Унэ лъахъшэм щIалэр макIуэ.
Ар гъуэгурыкIуэщ, ар зэуакIуэщ,

ТIэкIурэ щысмэ, ежьэжынщ,
И алъпышми шэсыжынщ.
Бгыжьхэм благъэу телъхэщ уэсыр,
Фызыжь щIыкIуу унэм щIэсыр
И щхьэ закъуэу къыщIэкIащ.
Куэд и нэгум мис щIэкIащ.
Фызыжь щIыкIум и щIыбагъкIэ
Щыту пщыIэ шум елъагъур,
А фызыжьыр мабзэ, мадэ.
И быдзитIыр къиубыдауэ
ЩIалэр щIофыр зритауэ.
Фызыжь щIыкIур къэуIэбжьащ
ИкIи ину къэгубжьащ:
«Сыт телъыджэ къысщыщIар,
Сэ хэщIапIэ щхьэ сыпщIа?

Елбэздыкъуэ,
Дыкъуэнагъ,
Аргъеипэ,
Шы пэнцIыв,
ЦIывгъажьэ,
Яжьэ лъэгу,
Лъэгурыдзэ,
Едзыхыж», –

ЖиIэу фызыр мис мэшхыдэ.
ТIэкIурэ щосыр зигъэбыдэу,
Гуауэр щIалэм къыхуеIуатэ,
Зэм мэпсалъэ,
Зэм мэщатэ.
– КъэзгъэщIари сытми мащIэ,
Къуэ сиIакъым сэ игъащIэм.
Си быдзышэ уэ пIухуащи,
Анэ дыдэ сыпхуэхъуащи,
Сыт ухуейми жыIэ, тIасэ.
Сэ си закъуэщ, согузасэ,
Пхъу сиIати, иныжь ябгэм
Диубыдауэ къалэ лъагэм,
Нобэ къэси макIуэ махуэр.
ТхьэIухудти си пхъур нахуэу
Бийм си жьыщхьэм сIэщIихауэ,
Ар, си щIалэ, сэ си гуауэщ.
– Уэ пхузощIыр ину фIыщIэ,
Гуауэр инми, зыхыумыщIэ,
А иныжьым и тIасхъапIэ,
И быдапIэ, и унапIэ –

Псори дахэу къысхуэIуатэ,
Си гур гуауэм егъэятэ.
– А си щIалэ, а иныжьым
Уимыхьэххэ уэ и ужьым.
Ар цIыху псоми ябгынащ.
Ар кIуэдамэ, дыунат,
Хэт кIэлъыкIуэми къеукI,
Пэлъэщыни зым лъэмыкI.
И быдапIэр мывэ защIэщ,
И сэрейхэм хьэдэ мащIэ
КъыIунакъым нобэм къэс:
Шууэ укIуэм, уохъур лъэс,
Лъэсу укIуэм, уегъэсэх,
И куэбжиблыр мывэ сэхщ,
Абрэмывэр и бжэ папщIэщ,
И шордакъыр дыщэ защIэщ,
Блэ мэхущхьэ къэушыху,
Жэщрэ махуэу блы дэкIыху,
Къэмыушу ар мэжей,
Бэлэрыгъым, мэгужьей.
Бийуэ иIэр фыкъецIыху,
Жэщрэ махуэу блы дэкIыху,
Мыгъуэлъыжу ирехьэкI,
А иныжьым куэди лъокI.
ХущIыхьэгъуэ зэ къылъысрэ
А иныжьыр шхэну тIысмэ,
ПIастэ защIэу лэгъупибл,
Нарт санэпсу фэндырибл,
Вы гъэшхари абы дэкIуэу
Ешхыр, йофэр ину екIуу.
Ауэ, тIасэ, зы тIасхъапIэ
ИIэщ бзаджэм и быдапIэм,
А тIасхъапIэр уи шы хахуэрщ,
Ар алъпышкъэ, еплъыт нахуэу.
Бийуэ Iэджэ зи лъэщагъым
Апхуэдизыр зи инагъым
Бзу акъылыр и акъылщ,
Вым и лъакъуэр лъакъуэу щIэтщ.
Зыщышынэр псышхуэ мылщ.

Мэ мы гъуджэр,
Ар гъуэзэджэщ,
Мэ мы мажьэр,
Ар гъэлажьэ,
Мэ, лэныстэри убыд,

Ахэр хъумэ, псэм пэлъыт.
Мывэ защIэу къэщIыхьауэ
А быдапIэм удыхьамэ,
ТхьэIухуду тахътэм тесым
Нур къыпехыр, дыгъэ къепсу,
Ар къэпхъуати уэ къежьэж,
Нэхъ гъуэгу кIыхькIи уэ къэкIуэж.
А иныжьыр къэпхъэрауэ,
КъыпкIэлъыжэу къыщIэпхъуауэ
КъыплъэщIыхьэм, зегъэзэкI,
Мажьэ пIыгъыр къызэдзэкI,
Ар аргуэру къыплъэщIыхьэм,
Дзы лэныстэр ущымыхьэу,
Ар ещанэм къыпкIэлъыкIуэм,
НэгъуэщI щIыпIэ уэ умыкIуэ,
Гъуджэр псынщIэу къыхыфIэдзи,
Уи шы алъпыр жыгым фIэдзэ.
Мис итIанэ улIмэ, зауэ,
А иныжьыр ину мауэ.

* * *

Елбэздыкъуэр зи мыгувэу
И гъуэгуанэм нытоувэр.
«Чыху, чыху, си алащэ,
Шыми ещIэр си гуращэр.
Шхуэр згъэлалэм, псынщIэу йолъ,
КъуакIэбгыкIэм зэпролъ,
Псы дыхуэзэм, кIуэру йокI,
Бжыхь елъэни хузэфIокI.
Щолэхъушщи зеукъуэдий,
Нэгъэсауэ ар шагъдийщ.
ЩIопщ темыплъэу зыкъеIэт,
Уэ сэ си шым сыт къыпхуэт!»
Елбэздыкъуэ макIуэ-малъэ.
Ар зыхуэкIуэм къос и пIалъэ.
КъэувыIауэ щIалэр маплъэ.
ТещIыхьауэ лъагэу Iуащхьэм
Итщ быдапIэ шум и пащхьэм.
Къалэ иныр егъэщIагъуэ.
ЕкIуэлIапIэу иIэр лъагъуэщ.
Елбэздыкъуэ куэдрэ маплъэ,
И алъпышыр зэщIегъаплъэ.
Шыр лъэтауэ уэгум йохьэ,
Къалэ пщIантIэм ар ныдохьэ,
Щхьихыр фIэту иныжь закъуэ

Къыбгъэдохьэ тIэкIу хуэщIакъуэу,
КъуимыгъащIэу и гум хэлъыр
А иныжьым мыр къепсэлъыр:
– Дэ дыщыткъым бысым жагъуэу,
Ди хьэщIэщым нытхуеблагъэ,
ЛIым я лIыгъэ зэхэкIыпIэу,
ПфIэфIым, накIуэ иныжь бжьэпэ.
Е бдзыфынум абрэмывэ,
Бгы нэпкъыжьым нытеувэ,
Е нэхъ къапщтэм хэтIэхэсэ,
ДыздэгъакIуэ мо ди хьэсэм,
Фи джэгукIэ, умыпIащIэм,
СфIэфIщ си хьэщIэм уэ сыбгъащIэм.
– СщIэ джэгукIэр сэ зы закъуэщ,
Ириджэгури закъуэтIакъуэщ,
Уэ зэгуэрым сыпхуэзати,
Щхьибл уиIати, зы хэщIащ,
Зэ джэгугъуэ сыджэгуати,
Абы лъанди куэди щIащ.
Умыгубжьыт уэ иныжьыр,
Сэ къэсхуакъэ уи лъэужьыр.
ГъуэгущхьиблЫр уэ нэпкIуауэ,
ШыщIэ дыгъуэ унэкIуауэ,
Шэщым зы щхьэ къыщIэбнащ,
Щхьих иджыри къыпхуэнащ.
А джэгукIэр икъукIэ гуащIэщ,
А джэгукIэр уэ зэгъащIэ. –
Мис иныжьыр зэкIуэкIауэ,
Фагъуэу и фэр пыкIыпауэ,
Джатэ иныр игъэдалъэу,
НыщIолъэIур лIыгъэ пIалъэ:
– Гъуэгу къэскIуащи, махуэл закъуэ
СщIыху бдэсчынкъым зы лъэбакъуэ.
– Арми содэ, зыгъэпсэху,
ХэкIуэтами, щынущ нэху.
Ауэ щыхъукIэ умыпIащIэ,
Жэщ-махуиблкIэ, уэ зэгъащIэ,
Сыжеинущ нэху зэрыщу.
Ущымытым уэ ерыщу,
Зы тхьэмахуэкIэ зышыIэ. –
Елбэздыкъуэ мыгушыIэу,
А иныжьыр къегъэгугъэ,
ТIури щIокъур яIэ лIыгъэм.
А иныжьыр зэрыжейуэ,
Елбэздыкъуэ мыгужьейуэ,
ТхьэIухудыр мис къепхъуатэ,

Шым къошэсри, ар къолъатэ.
– Уэ, шу щIалэ, умыпIащIэ,
Къытпэщытыр уэ зэгъащIэ:
ПIалъэр къэсрэ ар къэушым,
Къебэкъуэнщи мывэ къуршым,
Уэ плъагъункъэ къытлъэщIыхьэу,
Дэ а пIащэм дыIэрыхьэм,
Дэ тхуэхъунущ ар кIуэдыпIэ,
ДиукIынущ напIэзыпIэм.
Сашэфакъым сэ шу куэдым, –
Ар къепсэлъыр тхьэIухудым.
КъокIуэр, къолъэр Елбэздыкъуэр.
СыткIэ щIалэм игу хуэныкъуэ.
– Абы папщIэ умышынэ,
Къыдэфэнущ ар си пшынэм. –
Жэщ-махуиблкIэ ар къэкIуауэ,
Гъуэгущхьиблри зэпакIуауэ,
Мис къоушыр а иныжьыр.
ПсынщIэу къехур шу лъэужьыр.
КъокIуэр шури зэрылъэкIыу.
Елбэздыкъуэр къызэплъэкIым,
А иныжьыр зы фIыцIагъэу
Къалъэу, къапкIэу шум елъагъур.
КъыхыфIедзэр мажьэр псынщIэу.
Зи мэз лъэпкъыр къыпхуэмыщIэу
Шу лъэужьым мэз къоувэ.
А иныжьыр егъэгувэ,
А мэз Iувым пхымыкIыфу
Щохъу а махуэр жэщыбг кIыфIу.
Махуэ енкIэ шур къэжауэ,
А иныжьри езэшауэ,
Шум аргуэру къылъэщIохьэ,
КъыщыщIари и гум щIохьэ.
Гъуэгу пэщылъыр быркъуэшыркъуэщ.
КъызоплъэкIыр Елбэздыкъуэ,
И лэныстэр къыхыфIедзэ,
ЗэрылъэкIкIэ щIым тредзэ.
А лэныстэм щIыр ебзытэ,
ГъущI сэрейуи ар мэхутэ.
Егъэгувэ а иныжьыр,
Инщ а бзаджэм иIэ губжьыр.
Махуэ енкIэ шур къэжауэ,
Фызыжь пщыIэм къэсыжауэ,
Гузэвэгъуэр къакIэлъосыр,
А иныжьыр псынщIэу къосыр
НапIэзыпIэу къохъу телъыджэ,

КъыхыфIедзэр щIалэм гъуджэр,
Шум и ужьыр мэхъу мылыджэ.
А мыл джафэм щымышынэу,
Джалэ пэтми ар къэмынэу,
Мылым бзаджэр къытоувэ,
Ауэ и лъэр щIэмыувэ,
Псым ику дыдэм ар щоджалэ,
Пхохур мылым шыжь пщIэгъуалэу,
Лъос иныжьым ину дыркъуэ,
Шым къопсыхыр Елбэздыкъуэ,
Сэшхуэ жаныр игъэдалъэу
ЖеIэр: «Бзаджэм мис уи пIалъэр!»
Мауэр щIалэр и гур гъущIэу,
Зэ зэреуэу щхьэ пиупщIыр
Мывэ ину псынщIэу мэжыр,
А иныжьри хущIогъуэжыр,
Щхьэ етIуанэр мэхъур мафIэ,
КъыкIэлъыкIуэр псым щIелъафэ,
Щхьэ еплIанэр ехьыр благъуэм,
Елбэздыкъуэ игъэщIагъуэу,
Къыпегъэхур щхьэ етхуанэр,
Иныжь ябгэр къогъынанэ.
Щхьэ етхуанэр ишхщ дыгъужьми,
Бланэ мэхъур ар иужьым.
Щхьэ псо закъуэм и лъэныкъуэр
Къыгуегъэхури Елбэздыкъуэ
ХьэкIэкхъуэкIэм ярегъэшх.
Мис абдежым къошхыр уэшх,
Псыр мыл щIыIум къытолъадэ,
Иныжь хьэдэри хокIуадэ.
Хошыпсыхьыр ар гын гуащIэу.
Къэмыутхъуэу, къабзэ защIэу,
Зы хьэпщхупщи хэмысыфу,
И фэм уеплъмэ, дахэу, псыфу
ЩIым пхырыхури хъуащ ар щхъуантIэ,
Сыт хыхьами итщ хэкIуадэу,
Ноби ди щIым ар и дыркъуэу.
ТхьэIухудыр Елбэздыкъуэ
КъафIихьыжри къэкIуэжауэ,
Ар иныжьхэм ябгынауэ,
ИмыIэжу бий ныкъуакъуэ,
Щысщ къуажэкIэм дей и закъуэ.

*1948 гъ.*

## ТИСЕЙ

### 1. Ю б и л е й

Сабэр гъуэгум къыщиIэту
«Победащхъуэр» мажэр псынщIэу,
И абджыпсым нурыр щIэту
Мажэр, мажэр куэд и фIыщIэу.
Я нэмысыр хъуауэ лъагэ
Исхэм тIэкIуи загъэпагэ.

Хэт абыхэм къахуэзами,
Къеплъмэ, гуфIэу Iэ къыхуащIыр,
ЗэрыцIыкIухэм гу лъатами,
Я мурадым фIыщIэ хуащIыр.
ЕджакIуищыр Iуэху хуопIащIэ,
Ар а цIыкIухэм телъщ я напщIэ.

Исщ машинэм пионерхэр,
Жыг щIагъ гъуэгукIэ ахэр макIуэр.
Гъуэгу зытетым щоуэршэрхэр,
Хуэгузавэу зыхуагъакIуэм.
Бложыр Фарзи псынщIэ дыдэу,
Хуэму кIуэныр ягу имыдэу.

А машинэм исхэр лIыкIуэщ:
Зыр Анзору щIалэ пашэщ,
Къызэреджэр «КIапсэрыкIуэщ» –
ЩхьэкIэ тету шы къегъажэ,
Ар жыг щхьэкIэм иту хадэр
КъекIухьыфыр, игу къилъадэм.

ФIэфIкъым куэдрэ ар гушыIэу,
Сыт лэжьыгъи егъэзащIэ.
Къуажэ лагерь зыдэщыIэм,
Къалэнышхуэ нобэ хуащIэ.
Зэныбжьэгъухэр зэбгъурысу
МакIуэ, Iуэхум егупсысу.

«ЦищкIэ» йоджэ зы еджакIуэм,
И щхьэц фIыцIэ пIащIэм папщIэ.
РадиокIэ IэкIуэлъакIуэщ.

Ар губзыгъэщ, псоми ящIэ,
Колхоз гъукIэр ныбжьэгъушхуэ
Къыхуэхъуащи, къегъэгушхуэ.

И портфелым Iэдэуадэр
Дэлъу щIалэр дэни макIуэ,
Хэт и уни ар щIолъадэ,
МонтерыфIщи куэд щIагъакIуэ,
ИнженеркIи къеджэ щыIэщ,
ЩIалэ жаным дэгушыIэу.

Хэт ещанэу а я гъусэр?
И гублащхьэм дэсщ машинэм,
Гъуэгу зытетым щогупсысэ.
Ар ди ЛутIэуэ мышынэрщ,
И редакторщ школ газетым,
Дунеишхуэм ещIэ тетыр.

Къочэнджэщыр егъэджакIуэр,
Хэсщ ар тхылъым жэщи махуи,
Пионерхэм ар ягъакIуэ –
ЛIыкIуэ ящIым яфIэзахуэу.
КъыхужаIэ «щIалэ дадэ»,
Ар адрейхэм хуамыгъадэ.

А щIалищым ягу зэхуэфIу
Хъарбызхъумэу Рау хуагъакIуэ,
ХьэщIэу къашэм ар яфIэфIу,
ЛIыжьыр, жаIэ, ди лэжьакIуэр,
Илъэсищэ нобэ хъуауэ,
Куэд и гъащIэм илъэгъуауэ.

Зы лIэщIыгъуэ зыгъэщIауэ
Рау дадэжьым и махуэшхуэм
И саулыкъукIэ зэхуэсауэ
ЦIыкIухэр хъуахъуэм фIыкъэ нахуэу,
Костер иныр зэщIэнауэ,
Рауи щIэсу я жыг жьауэм.

ЛIыжьыр хьэщIэу щыIэхункIэ
Мес, Анзоррэ Чэриуанрэ
ПщыIэм тесу нэху щыхункIэ
Хъарбыз къомри, я хъэуанри
А щIалитIым яхъумэнущ, –
ЛIыжьым и пIэ иувэнущ.

И хьэзыру ЛутIэ псалъэр
Рау а псори жриIэнущ,
Поплъэ ари къэсмэ пIалъэр.
ЛIыжьым, дауи, зишыIэнущ.
Ар жэуапым хуэпIэщIэнкъым,
ЖаIэр занщIэу яхуидэнкъым.

ЛIыжьым псоми гу лъимытэу
Щыст и закъуэ, ищIу матэ,
Удзи къуэпси ямыутэу
ЦIыкIухэр хуэму къыхуокIуатэ.
Дзыхь имыщIу Рау къотэджыр,
Къыщылэлу и гъуэншэджыр.

«Сыт Iэтащхьэ мы къэкIуахэр?» –
ЖиIэу дадэр мэгупсысэ.
Нэпсу жьакIэм къытеткIуахэр
ЕлъэщIыжыр Iэпэсысу.
«КъыщIэкIуахэр хъарбызыхьэщ», –
ЖиIэу, пщыIэм ар щIэмыхьэ.

«СыкъагъапщIэу къызэдыгъуэу
КъехъулIэнкъым ар къызащIэу.
Ауэ хьэщIэ си щIэщыгъуэщ,
ФетIысэхыт, фымыпIащIэу!
СощIэ, сощIэ фи гуращэр,
Сэ сыхъункъэ фэ фхуэфащэ», –

ИгукIэ жиIэу ар ди дадэ,
ЦIыкIухэр гуфIэу къыбгъэдохьэ,
ХуемыплъэкIыу хъарбыз хадэм,
Рау и гущIэм ари щIохьэ.
«Мыр дыгъуакIуэ е Iэтащхьэ?» –
ЖиIэу дадэр тетщ и Iуащхьэм.

ЛутIэ япэ къиувауэ
ЖеIэ: «Дадэ, дынохъуэхъур,
ГъащIэ кIыхьыр къэбгъэщIауэ
Илъэсищэ нобэ уохъур.
Уигу къыдэжым, нытхуеблагъэ,
Пионерхэр дуриблагъэщ».

Хохъуэ лIыжьым и гурыщхъуэм,
Ауэ жеIэ: «Фынеблагъэ!»
ЛутIэ жиIэр фIэзэщыщхъуми,
Рау игъащIэм гумызагъэщ.

– ФынышIыхьэ мо си пщыIэ,
Фэзгъэшхынущ хъарбыз щIыIэ.

– Деблэгъэнкъым дэ, Рау дадэ,
Мо машинэр уэ къыппоплъэ,
Пхуахъумэнущ хъарбыз хадэр
Мы си гъусэм. ЛIыжьыр хоплъэ,
КъызэпоIэ Рау и нэпсыр,
Къытелъалъэу жьакIэ уэсым.

Илъэсищэ щрикъу махуэр
ЯщIэр псоми жьыщхьэ махуэр,
Езы дыдэм щыгъупщами.
Къызэрыхъурэ дапщэ щIами,
Ноби цIыкIухэм ягу ихуакъым.
ЛIыжьыр гуфIэ щагъэщIакъым.

«КIапсэрыкIуэм» «Цищ» и гъусэу
Дадэм и гур дахэ хуащIыр:
«Рау, дэ дощIэр уи гупсысэр,
Дыпхуэхъунущ Iуэхутхьэбзащ Iэ,
ЩIы уи фIэщ уэ, пионерхэм
Пхуахъумэнущ уиIэ хъерхэр».

ИгукIэ жеIэ Рау тхьэмадэм:
«Пионерхэм щIэщхъу къызащIэу
Сахуэзакъым. Хъарбыз хадэу
Куэд схъумакъэ сэ си гъащIэм.
Армэ хъункъэ, си нэхъытIэ,
Къуэпсхэр, си псэ, фымыутэ.

Сыт фыхуейми фэ фшхы закъуэ,
ГъуэгурыкIуэм гу ялъыфтэ,
Фыщхьэрыуэу зы лъэбакъуэ
Фчамэ, щIэщхъуу ар къэфлъытэ.
Ди колхозым дэ хуэтхъумэр
Тхуэшэжынкъым, псори хъумэ.

Тхылъ – нарядыр иIэу къакIуэм
Ефт хъарбызыр хуэфшэчауэ,
ХъарбызыфIхэр IэкIуэлъакIуэу

ЩыIэщ модэ къыщIэчауэ».
Рау «Победэми» йотIысхьэ,
Нэмысышхуэр и гум хыхьэу.

ПсыIэрышэм бгъурыт защIэу
Жыг хадэшхуэр пхъэщхьэмыщхьэм
ЩIигъэнакъэ пщIащэр мащIэу,
Мес, машинэм зы щIэмыхьэу
Мажэ, мажэ къэмыувыIэу,
Жьыбгъэ щIихур щIыIэтыIэу.

Тафэ щхъуантIэм мэзым хэту
Лагерь пщыIэр хыболъагъуэ,
Строй ящIауэ, мес, зэхэту,
Я пIэм цIыкIухэр имызагъэу
Пионерхэр хьэщIэ лъапIэм
Пэплъэу хэтхэщ мо мэз лъапэм.

Рау машинэм къызэрикIыу,
Хъыджэбз цIыкIур, мес, къожалIэ,
И нэ цIыкIухэр занщIэу къипкIыу.
Удз гъэгъахэр а лIыжь плIаплIэм
НыIэщIелъхьэ къыхуэгуфIэу,
Рауи псынщIэу къэнэщхъыфIэу.

Къагъэхъейри а мэз лъапэр:
– Илъэсищэ щрикъу махуэм
Рау идохыр сэлам гуапэр, –
ЖаIэ псоми яфIэзахуэу.
Джэрпэджэжыр макIуэр жыжьэ,
Мэзым, къуакIэм зыщиужьу.

НэгъуэщI цIыкIум тхылъ иIыгъыу
Къыбгъэдохьэ псынщIэу дадэм.
Сыт а пщащэм и нэрыгъыр?
Жьыгъэр лIыжьым IэщIокIуадэ,
ГъащIэ кIыхьми нобэ хуэдэу
Рау гуфIакъым и гур кIуэду.

– Илъэсищэ щрикъу махуэм
ПщIэшхуэ хуэтщIу ди Рау лIыжьыр
Пионермэ ар тфIэзахуэу
Хыдогъыхьэ. Галстук плъыжьыр
Зэрихьэныр хуэдгъэфащэу
Дэ идотыр! – жиIэу, пщащэр

Тхылъ иIыгъым къоджэ дахэу.
Пщэдэлъ плъыжьыр Рау и жьакIэм
МафIэу щIонэ. Мэхъу гу махэ
Езы дадэр. Мэзи къуакIи
Пионерхэм ягъэпсалъэу
Рау и хъуэхъум къос и пIалъэр.

– Фэ фхуэдипщIым яIэр гъащIэу
Зэхэплъхьами, сэ си ныбжьым
Ебгъэпщами, хъунщ нэхъ мащIэ, –
Къерегъажьэ псалъэр лIыжьым, –
Куэд згъэщIами, Iейт си гъащIэр,
Куэд слъэгъуами, фIыр си мащIэт.

Фи уэрэдхэм щыщ зы закъуэм
Си гъащIэшхуэр и мыуасэ,
Щыувакъым сэ си лъакъуэ
Си щIалэгъуэу си дыгъуасэм,
Арщ фэ фхуэдэу си щIэщыгъуэу
КуэдкIэ нобэ сыщIэгугъэр.

Ди щIым гуауэт нэхъ щыбагъуэр,
Гъыбзэт щыIур абы япэм.
Нобэ дахэщ фэ фи лъагъуэр,
СывдэкIуэныр сэ си гуапэщ,
ВгъэлъэпIащи сэ си жьыщхьэр,
Сэ си дежкIэ инщ а щIыхьыр!

И пщэм дэлъыр галстук плъыжьу,
Дадэм ахэр егъэщIагъуэ.
Хэт и дежкIи нэгузыужьу
Куэд сабийхэм къагъэлъагъуэ:
Хэт къыхуоджэ Iэзэу усэ,
Хэти къофэ лъапэрисэу.

Зэхэуауэ губгъуэ пшапэр,
Пхъэ гъур Iэтэ щызэтелъым
Дадэр яшэ, иту япэ,
И гуфIэгъуэр напщIэм телъу.
ЗэщIагъанэ псынщIэу мафIэ,
ЦIыкIухэм дадэр зэдагъафIэ.

Щихухэр уэгум йоплъэ хуарзэу,
ЩIакIуэ фIыцIэ щатIэгъауэ.
Хъэуан бзыгъэу иту мазэр,
Уафэ лъащIэр пшэм ябгъауэ,

Жьыбгъэр жыгым къахэлъадэм,
Жэщым макъыр ныхокIуадэ.

Пионерхэр щысщ гупышхуэу,
МафIэ бзийхэм къагъэнэхур.
Рау яхэсщи, хъун мыгушхуэу,
КъахуеIуатэ иIэ щэхур.
ИIэщ дадэм иIуэтэни,
ИIэщ дадэм къедэIуэни…

## 2. Х ь э к у р ы н э

Зауэ мафIэм адыгэщIыр
ЗэщIелыпщIэр теджэгухьу,
Дзэм ди унэр къаунэщIыр,
ЦIыху хьэпшыпыр иракъухьу,
Мюридыдзэщ хэкум иту
Зэрызехьэр, псоми хуиту.

Я жыр сэшхуэри ягъабзэ,
Урысейм, япэувауэ,
Я нып хужьым иту мазэ
Ямыдиным ар йозауэ.
Ар мюридхэм я IэщIагъэщ,
Зауэ хьэлъэр Тыркум ягъэщ.

Гузэвэгъуэр хэт и уни
ЕмыупщIу ныщIыхьауэ,
ДокIыр псори жылэ гъунэм.
Ер зи натIэми ихьауэ
Мюридыдзэрщ а цIыхугъащтэр –
КъэзэуаткIэ къуажэр къащтэр.

Мухьэмэдыр игъэлъапIэу
ЩIэзэуну цIыху зымыдэм,
Егъэсэхыр и унапIэр.
Арщи, къуажэр зэщIолыдэ,
Шу мюридхэр ем и телъхьэу
Дэтщ а къуажэм зэрызехьэу.

ЦIыкIуи ини къуажэм дэсым
Гъыуэ, бжэуэ я щхьэр дахыр.
Фыз сабийхэр зи бгъэ щIэсым
Я гъы макъым гур ирахыр.
Жьыбгъэм мафIэр зэщIегъастэ,

Къофэ мафIэр лъакъуэ мастэу.
Жасыусыр жылэ дахэт,
Ар мюридхэм IэщIокIуадэ.
Я псэуалъэр хэкIуэдахэт,
Iугъуэ фIыцIэр ядокIуатэ.
Жылэ гъунэм Iуту унэм
Бгъэдолъадэ шу емынэ.

МафIэр унэм хадзэу мажэ.
– ФыкъыщIэкIыт, – жаIэ, – щIэсыр!
Мэунэхъур зэрыкъуажэу,
Ящхьэщыту хъуаскIэр уэсу,
Жьыбгъэ мащIэм ходжэразэ.
Шум ящыщым къимыгъазэ.

Унэм щIэсу зы фыз гуэрыр
Лъхуэуэ телъу хэтыт зыщIэр?
Iугъуэр тету унэм уэру,
Блынхэр плъащи Iур мэгъущIэ.
Гузэвэгъуэр телъщ а фызым,
И гум щIылъэр къыдогызыр.

Щылъхуэ махуэми нэгъунэ
Бауэ хъуакъым жьыкIэ хуиту.
Хьэлыгъу Iэджэ ихуэу унэм
ЩIэтщ хьэкушхуэ и кур хуиту.
Бгъэну унэм телъыр псынщIэу
МафIэ ябгэм зэщIелыпщIэ.

И къарухэр кIуэдыпауэ
Фызыр йопщхьэ пэшхьэку хуабэм.
МафIэ иным къыхэнауэ
Илъщ ар хьэкум Iэбэлъабэу.
Бгыкъухэр есри, хъуаскIэр лъейуэ,
Къытощахэ унэр Iейуэ.

Жьыбгъэм Iугъуэр зэралъафэу
Щымыджэгуу щыIэ щIапIэ?
Пэшхьэку кIуэцIыр гъуру, джафэу
Хуохъу а махуэм фызым лъхуапIэ.
КIийми гъыми зэхамыхыу,
И щхьэр Iугъуэм хухэмыхыу.

Сабий цIыкIур къелъхури, фызыр
Хьэкум къонэ зы жимыIэу,
Къаруушэр мэкIэзызыр,

Гъуэз пщтыр защIэм ягъэгуIэу.
Телъу фызым а бэлыхьыр
МафIэм щIалэ ныхелъхухьыр.

КъыIуидзыну бгыкъу ныкъуэсыр
Кърегъэжыр и щхьэр фызым,
МафIэр щхьэцым зэрынэсу,
ЗыхимыщIэу и лыр узу,
МафIэм есыр ер зи махуэр.
МалIэ фызыр – ныкъуэ сахуэр.

УнэIутми, фызыр лъэпкъкIэ,
ФIыкIэ гугъэу триубыдэрт.
Ауэ нобэ и IэпкълъэпкъкIэ
Пэшхьэкубжэр игъэбыдэрт,
МафIэм ису зэрыхэлъу
И сабийри къригъэлу.

Мес, уэнжакъхэр итщ унапIэм,
Жьыбгъэм ехьыр мафIэ сахуэр.
Къох шу гуэри бгы дыгъапIэм,
Йоплъыр жылэу ер зи махуэм.
Ехур Iэщхэр ныхуэпIащIэу,
Къуажэ гъунэм бгъурыт защIэу.

ЩыхьэщIати нобэ дыдэ
А жылэшхуэм, гузэсауэ
МафIэм псори зэщIеубыдэ,
И чэзууэ ар къэсауэ,
Мэхъу а жылэр ещхь хэкужьым,
ХэкIуэдэжу цIыху лъэужьыр.

Итщ блынджабэр пIийуэ, гъуабжэу,
Нэпсым, яжьэм я щыхьэту.
ХуащIыжакъэ унагъуэбжэр,
ЯIэщ яжьэ пэрыхьэту,
Жьым ар ехьыр кIэрыщэщу,
Шхий зэIусэм епэщэщу.

А хьэкужьым сабий макъыр
КъиIукIауэ уещI гумащIэ,
КъэувыIауэ шур мэсакъыр,
Игу къэкIакъым лIым игъащIэм.
Доплъэ щтауэ ар къуажэкум,
Ныбгъэдохьэр шур пэшхьэкум.

Щытщ Iэнкуну шы зытесыр,
И тхьэкIумэр зэблигъэкIыу.
И гуи и щхьи шум зэтесу
Хьэкум носыр къемыплъэкIыу,
Iулъщ пэшхьэкум хьэдэу анэр,
ИмыIэжу щIалэм нанэ.

Хуохъури гуауэм щыхьэтлыкъи
Шум сабийуэ гъыр къегъуэтыр,
КIуэцIешыхьыр ар бащлъыкъым,
Гъын тхьэмыщкIэм щимыгъэту,
Зыхуэныкъуэри къуегъащIэ.
ЛIыр мэшэсри макIуэр пIащIэу.

* * *

Халъхухьами мафIэ гуащIэм,
Гузэвэгъуэм ар къелакъэ.
ХуэлыпщIакъым мафIэм гъащIэр,
Хъунщ лIы хахуэ сабий пакъэр…
Теувэнущ ар гъуэгу захуэ,
Ухъу уэ щIалэр щIалэ махуэ.

КъанокъуейкIэ зэджэ къуажэм
Шум сабийри нигъэсауэ,
Йоплъыр псори жыжьэр къажэу,
Гуауэм ахэр зэресауэ.
УнэIутхэм ящI унафэр –
Быдз сабийри ирагъафэр.

Зейр а цIыкIур зым имыщIэ,
ЦIэуэ фIащыр Хьэкурынэ,
Зыхъумами хуащIыр фIыщIэ,
ЩIалэ цIыкIур яхьыр унэ.
Къанокъуэпщым ар имыщIэ,
НэхъыфIыххэщ – иремыщIэ.

## 3. Б ж э н ы х ъ у э

КъыхуэIэту хъуат и пыIи
Хьэкурынэ ящI бжэныхъуэ.
Езы цIыкIури темыпыIэ,
Нэхъ хъуныфIэ ар мэлъыхъуэ,
ЗэпекIухьыр дэни тафэр,
Арщ пщылI цIыкIум и унафэр.

Дыгъэр джабэм къытемыпсэу
Хьэкурынэ жьыуэ дэкIырт.
Хьэ Пэрийри иIэт гъусэу,
ЖаIэр кIэщIу зэфIигъэкIырт,
Псэ зыIути къемыпсалъэу
ДэкIт, къэсамэ Iэхъуэ пIалъэ.

ЩIалэм псалъэр къемэщIэкIырт,
Ауэ икъукIэ ар гумащIэт.
Iэджэр, Iэджэр и гум къэкIырт,
Хуэмызэххэу къедэхащIэ.
Хьэ къуацэжьым догушыIэр –
Арщ а щIалэм гъусэу иIэр.

Бжэным къещэу гу лъитамэ,
Хьэр дыгъужьми щымышынэ,
Е дыгъуакIуэм ебуштамэ,
Къимубыду зэи къэмынэ.
ЩIалэм иIэщ ар псэлъэгъуу,
Уеблэм ныбжькIи зэныбжьэгъуу.

КIэр ешыхьри хьэлыгъуанэу,
Хьэр Iэхъушэм къыдокIуэкIыр,
Хьэкурынэ ар къигъанэу
Дэхьэ кIуэни хузэфIэкIырт.
Яшхыр тIуми зы шхыныгъуэу,
Зыт щыжейри ящIэщыгъуэу.

Жыжьэ IукIрэ хьэр къэбанэм,
Хьэкурынэр къыщIопхъуэжыр.
ЩIыр кърихъуу и лъэбжьанэм,
Бийм хьэр хуэзэм зечэтхъэжыр,
Я къалэнри зыт а тIуми,
Уеблэм ещIэр ар хьэ туми.

Iэхъуэр щысу щхьэукъуамэ,
Хьэр мамыру щысщ мыбанэу,
Е теплъакъэ ар зы хамэ,
Хъыбарыншэу къимыгъанэ.
Мис апхуэдэу макIуэр махуэр,
Сыт къащыщIми яфIэзахуэу.

Къохъур щIалэр гу лъамытэу,
Къанокъуэпщым ар ищэнут,
Дыщэр жыпым иракIутэу,
Арщ а пщыхэм яIэр щэну.

Ауэ щIалэм ар хуэмызэу
МакIуэр гъэхэр ещхьу гъыбзэм.

ЩIагъуэ сытми Iэхъуэ гъащIэр?
ЩIалэр хьэкум къизыхари
Хэту Тыркум кIуакъым мащIэ.
Бэлыхьышхуэу къыхуехари
ИмыщIэххэ нобэ щIалэм,
БгъуагъкIэ гъуэгур мэхъу зы залэ.

Къанокъуэпщым хьэлу иIэр
Хэт зымыщIэр къуажэм дэсу?
ЯгъэзащIэ ябгэм жиIэр,
Ныбэфыжьу, и щхьэр уэсу
Выгум илъу кърашэкIыр,
Егъэунэхъур жиIэм фIэкIыр.

Дапщэ пщылIу къищэхуами
Я нэхъыфIкIэ хощыпыхьыр,
Е ар хъаным дэгуэшами
Ешэр Тыркум гум ирихьыр.
ЗыпыIуедзыр а емынэм
Ди бжэныхъуэу Хьэкурынэ.

И хэку лъапIэр хэт къигъанэу
Хамэ щIыпIэ къыхихыну?
Ар бжэIупэм щыгъынанэу
Хьэлыгъу Iыхьэ къаIихыну?
Арщ бжэныхъуэр зэгупсысыр.
ЕщIэр, дауи, пщылI зищIысыр.

Губгъуэм дихумэ и бжэн хъушэр,
И хьэлыгъуу шхыну иIэр,
МэжэлIамэ, бжэным и шэр
И дэшхыну арти жиIэр.
Уеблэм чыцIу щIоф бжэн дыдэм,
Арщ а щIалэр щIэхъур быдэ.

Йогупсысыр къэзылъагъур:
– Хэт зыгъашхэр ди бжэныхъуэр? –
ЖаIэу Iэджэм ягъэщIагъуэр,
Хьэм ишхыни къыхуелъыхъуэр,

ЩIалэр зэикI мымэжалIэ,
Ар сыт Iуэхуми йоувалIэ.

И уэрэдыр зэм кърищу
Ити джабэм хьэр и гъусэу,
И макъ дахэр ину хишу,
И хъуржыным мырамысэу
Бзыгъэ илъыр, щыгуфIыкIыу,
Хьэм иретыр, и гум пыкIыу.

Бгы бгъуэнщIагъым щигъэпщкIуауэ
Дэшхуэу иIэщ зы къэп ныкъуэ,
Хьэлыгъу гъури зэгъэкIуауэ
ИIэу щIалэр сыт хуэныкъуэ!
Тетщ мывэжьым пхъэ шынакъи,
Ар ехъумэ ныхуэсакъыу.

Iэхъуэм дежкIэ а бгъуэнщIагъыр,
КIыфIу щытми, унэ папщIи,
МащIэу щытми и инагъыр,
И щхьи лъэгуи мывэ защIи.
Сыт хуэныкъуэ Хьэкурынэ?
А бгъуэнщIагъыр хъункъэ унэ?

Iэхъуэ уафэр икъукIэ къабзэу
Дыгъэм пшэхэр ирамыIэ.
Махуэ псори зэщхьыркъабзэу
МакIуэ, макIуэ, къэмыувыIэ.
Хъушэм хощIыр куэд хэхъуэжу,
Iэхъуэ Iуэхум зимыхъуэжу.

## 4. Iурзилэ

Уэлбаналэм игъэфауэ
Гъуэгухэм зыри иримыкIуэ.
Пшэ ерыщхэм щIауфауэ
Бгыщхьэ мэзхэр зэщIэмыкIуэ.
Хьэкурынэ тету джабэм
Йоплъ бгы щхъуантIэу къуэбэбжьабэм.

Хьэ ПэрийуэIэхъуэ гъусэм
Гъуэгум тетым гу лъитауэ
Банэу хуожьэ зыдэщысым.
КъэмыкIуэфу, ешыпауэ,
Къуэм цIыху гупи къыдалъагъуэ,
Къащхьэщыту бахъэр пшагъуэу.

Шу я гъусэм щIопщ иIыгъыр
Зэзэмызи егъэдалъэ.
Сыт а яхур зыщыгугъыр?
Сыт я гъуэгум иIэр пIалъэу?
Тырку пщылIщэхухэр зыщыщахуэу
Хышхуэ Iуфэм ахэр яхур.

ГупкIэр быдэу иубыдауэ
Зы фыз гуэри макIуэр лъаджэу,
Гум илъ пщащэм нэр тенауэ
Йоплъ, и бынщи а сымаджэр,
УпщIэ фIыщIэр зытепIауэ
И сабийри зи мыбауэ.

Шэрхъыр кумбым йоуэр занщIэу,
Пщащэ цIыкIур хохуэ ятIэм.
Фызыр йопхъуэ, щтауэ, пIащIэу,
Гъыуэ выгум ныдокIуатэ.
– ЛIащ си дахэр, – жеIэр кIийуэ,
Зэхэзыхыр игъэдийуэ.

– Хъуащ уи дежкIэ ар хъарзынэ, –
Шум ар жиIэу къыIэщIехыр
Сабий хьэдэр…
(Хьэкурынэ
Асыхьэтым джабэм къехырт.)
– ЩIэлъхьэ адэ, мэ мы пщащэр!.. –
ЖеIэр шхыдэу а шу пIащIэм.

Iэхъуэр IуэхукIэ мыгугъауэ
Бэлыхьышхуэр къытралъхьэ.
Илъэсиблым нэблэгъауэ
Пщащэ цIыкIур къыIэщIалъхьэ.
Хьэр и гъусэу Хьэкурынэ
Щытщ дияуэ – ар мэшынэ.

– Ехыжакъэ си нэм хуэдэр
ПщылI дунейуэ Iейр зи хабзэм,
Хъун идакъым ар дэ тхуэдэ.
И дахагъэр дыгъэ-мазэт,
Напэ хужькIэ сыпхуэзэну
Арщ хъуэпсапIэу сэ къысхуэнэр.

Ехыжакъэ пщащэ закъуэу
ГурыфIыгъуэу сэ сиIари, –
ЖиIэу анэр мэлъэбакъуэр.

Зи гур гуауэм иуIари
КIуэрт гъы защIэу, къэмувыIэу,

Гъусэу иIэр игъэгуIэу.
Къолъэлъэхыр джэшу нэпсыр,
Ар нэIу гъурым къытелъадэу.
МакIуэр щэхуу, макIуэр лъэсыр,
Пшагъуэ Iувым ныхокIуадэ,
Анэ гъыбзэм гур дэузу
Дэзщ я макъыр бгы аузым…

* * *

Iэхъуэм ехьыр пщащэ хьэдэр,
ЩегъэтIылъыр бгым и лъапэм,
Зеиншэм зеиншэр, дауи, хуэди.
Зеиншэныр хэт и гуапэ?
И кIэ къуацэр къыигъэшауэ
Щытщ Пэрийри, зигъэжауэ.

Бжей жыг иным дежым мащэр
КъитIу щIедзэ Хьэкурынэ,
Iэхъуэ башкIэщ зэрылъащэр.
ПщылI ди хэкум щымыунэ,
Пщащэм и кхъэр зым имыщIэу
ЩыщIилъхьэнущ нобэ щIыщIэм.

Хъуащ хьэзыри мащэ щIыIэр,
Къегъэзэжыр Iэхъуэм кIэщIу,
КъэуIэбжьауэ тIэкIу зешыIэр
Iэщхьэ псыфкIэ нэпс илъэщIу.
Хьэ Пэрийри щIэтщ бгъуэнщIагъым,
Къуэтщ къыкъуэплъу Iэхъуэ къуагъым.

Хьэдэ щылъым ныхуэсакъыу
Ныбгъэдохьэ хьэр хуэм дыдэу,
ТIэкIу йопэмыр сабий лъакъуэм,
ЗеутхыпщIыр хьэм, зеудэ.
ТкIуэпсыр нэгум щытелъалъэм,
КъоскIэр пщащэр ар и пIалъэу.

Зэтырехыр и нэр хьэлъэу:
Къоплъыр хьэми Хьэкурыни.
Шынагъуэшхуэр и гум хэлъу
ЩIалэм жеIэр: мыр емыни…

Хуэму пщащэм зыкъеужьыр,
КъыпхуэмыщIэу зи лIэужьыр.

Зэтырехыр и жьэр пщащэм,
Жьыр а цIыкIум имыгъуэту,
Ар хуеижккъым, дауи, мащэм,
ЩIалэм и гур зэрогъуэтри
Бжэн къуэлэныр къыхуишыну
Мажэр – кIуэным къыщымынэу.

ИгукIэ пщащэр ныщIоупщIэ
КъыхуэмыщIэу зыдэщыIэр,
Ар сымаджэщи мэпIыщIэ,
А бгъуэнщIагъыр икъукIэ щIыIи…
– Дэнэ щыIэ сянэ дахэр?..
Си ныбжьэгъуу сфIэкIуэдахэр?..

КIыфIщ, шынагъуэщ мы бгъуэнщIагъыр…
Уэлбаналэу щытт а махуэр,
Пщащэ цIыкIур хуэму магъыр,
Арт а пщащэм иIэ махуэр,
Псоми йоплъыр щтэIэщтаблэу,
Хьэкурыни хъупхъэ щIалэу.

Къыхуихьауэ, мес, бжэнышэ
А хъыджэбзыр ирегъафэ,
Хъуащ тхьэмыщкIэр къарууншэ,
Езы щIалэм ещI унафэ:
– Ефэ, си псэ, зы Iубыгъуэ…
Сэ сыбзаджэу уи мыгугъэ…

Си цIэр пщIэрэ? Хьэкурынэщ,
Сыбжэныхъуэщ сэ игъащIэм.
Дэнэ щыIэ фэ фи унэр?
Ефи, жыIэ уфIэмащIэм,
Сэ си гугъэщ зыкъэпщIэжу.
– Сэ Iурзилэщ си цIэр… Пэжу

ЖыIэ си анэр уэ плъэгъуамэ.
– Уи анэр сытми жыжьэ щыIэ?
КъэкIуэжынкъэ, псыхьэ кIуамэ…
Мэ си упщIэр, нобэ щIыIэщ.
ЩIалэм пщащэр щыщIиуфэм,
МащIэу дахэр зэ къогуфIэ.

* * *

А пщыхьэщхьэм Хьэкурынэ
Къуажэм носыр псынщIэ дыдэу,
Къехь щыгъыни, шхын нэгъунэ,
Ауэ пщащэм ар имыдэ.
Хьэ Пэрийри щытщ хъумакIуэу,
Псэ зыIути къимыгъакIуэу.

ЩIакIуэ фIыцIэу бжьыхьэ жэщыр
Дунеишхуэм къытогъуалъхьэ,
Жьыбгъэ щIыIэр икIи лъэщыр
Дэтщ къуэ куухэм, уэс зэрехьэ.
Пщащэр хуабэу щIэуфауэ
Хэтщ жей IэфIым, Iурихауэ.

Зэми Iуэщхъуу ар мэпсалъэ:
– Нанэ, нанэ, сыкъэбгъанэу
Щхьэ уежьэжрэ?.. Хыр къокъуалъэ,
Ухэмыхьэ псым, си нанэу… –
Жьыр бгъуэнщIагъым къыщIолъадэ,
Егъэзэжри къуэм докIуадэ.

И тхьэкIумэр зэригъакIуэу
Хьэ Пэрийри щылъщ едаIуэу.
А жэщ щIыIэр кIыхьу макIуэ,
Бгы къуапэжьхэр мэхъур наIуэ.
Зэпеудри жей IэфI дыдэр,
Къыщолъэтыр щIалэ быдэр.

Бжэн къихуну макIуэр къуажэм,
Хьэр къегъанэ къэрэгъулу,
Ар мэпIащIэ – лъейуэ мажэ,
Iэджэ, Iэджэ и гум илъу.
Уеблэм щIалэр жэщ къэтауэ
Зы щымыIэт гу лъитауэ.

И гум Iэхъуэм иреубыдэ
А хъыджэбзыр ихъумэну,
Ар лъэкIыну зегъэбыдэ.
Пщым хуидэнкъым ар ищэну,
Хуигъэзэнкъым уеблэм гуащэм,
И гъусэнущ щIалэр пщащэм.

Сыт IэфIыкIэ къигъуэтами
И хъуржыным ирилъхьауэ,

Шхыну сыти кърэтами
Пщащэ цIыкIум хуихъумауэ,
Iэхъуэм къехур бжэн Iэхъушэр,
Къехьыр щIалэм и шхын хъушэр.

Зэм уэрэдыр кърегъажьэ,
Зэм гупсысэу щегъэтыжыр.
А щIалэфIым сыт и лажьэ,
И щхьэ закъуэу мэпсэужыр,
Ауэ нобэ ар къопIащIэ,
КъызэрыкIуэр мывэ защIэу.

Хьэжьри жыжьэу бгым щобанэр,
Iэхъуэ къакIуэм гу лъитауэ,
ЩIыр кърeтхъур и лъэбжьанэм,
Iутщ бгъуэнщIагъым IумыкIауэ.
Хьэм жраIэрщ и унафэр,
Арщ щIытесыр джабэ тафэм.

ЩIоплъэр дыгъэр я бгъуэнщIагъым,
Жыг щхьэ Iувым зыпхидзауэ.
Апхуэдизыр зи цIыкIуагъыу
Пщащэр, жьыуэ къэушауэ,
Йоплъыр гуфIэу Хьэкурынэ,
ЗыкIи щIалэм щымышынэ.

ЩIалэр мэхъур нэхъ гумащIэ,
И Iум илъхэщ псалъэ гуапэ,
Хъуну пIэрэ ар бгъэзащIэ,
УкIытэну щIалэ напэ?
И гум илъыр хужымыIэу,
Щытщ а щIалэр темыпыIэу.

Япэм щIалэр убзэрабзэу
Ябгъэдэтти и Iэхъушэм,
Япсэлъэфыртт Iэщым къабзэу,
Нобэ, ещхьу быIуэбышэм,
ЗэIунащи ар мыпсалъэ.
ИщIэ хъункъым пщащэ пIалъэ.

Шхын къихьахэр иритауэ:
– Шхэ! – жреIэ а сымаджэм. –
Мес кхъужьыфIхэр гъуэжь хъужауэ,
Мес Iувышхуэу ди мэжаджэр.
Пщащэр нэхъри мэхъу нэщхъыфIэ,
Езы щIалэри мэгуфIэ.

ЧыцI бгъуэнщIагъым къыщIолъадэ,
Пщащэм къеплъу мэжьэгъуашхэ…
Зэплъыр пшагъуэм фIыхэкIуадэу,
А сымаджэр щылъу машхэ.
Ар а щIалэм дежкIэ гуапи,
ГурыфIыгъуэм я нэхъ лъапIи.

– Мы чыцI цIыкIум и анэрщ, дахэ,
Нобэ уэри зи шэ пшхари, –
ИщIу пщащэм и гур дахэ,
ЖеIэр щIалэм. ЧыцI зэплъари
Къыхуеубыдри я Iэр далъэ,
ЖимыIэжу зым зы псалъэ.

Пщащэм и анэр игу къокIыжыр,
Мэхъур фIыцIэ и нэщIащэр.
Iэхъуэм чыцIыр къыщIехужыр,
Йоплъ, сымаджэм и нэпс пIащэр
И щхьэц фIыцIэм ныхолъадэ,
Асыхьэту ар хокIуадэ…

Махуэ Iэджи аурэ макIуэ,
Хьэкурынэ иIэщ гъусэ.
Мэхъу Iурзили пщащэ гуакIуэ,
Зэм теуами, зэм гупсысэу,
Къосыр псынщIэуи щIымахуэр.
Щыгъыныджэм сыт я махуэ?

Хуейкъэ кIуэни ахэр къуажэм,
КIуэмэ, пщыми къилъагъункъэ?
ЩIалэм и гур Iэджэм мажэ,
– Ди бэлыхьми къыщIигъункъэ
Пщы IумпIейуэ а щхьэгъавэм, –
ЖиIэу щIалэр мэгузавэ.

Уэс темылъми, жэщыр щIыIэу
Уи гур губгъуэм щымыхуабэ,
Зы IыхьлыикI зым имыIэу,
Тетщ зиплъыхьу щIалэр джабэм,
Йогупсысыр щIыIэ къакIуэм,
Къуажэм кIуэныр трегъакIуэ.

### 5. У н э I у т

Iэуэлъауэщ пщым и щIапIэр,
ЩызэблокIхэр цIыхухэр пIащIэу,

ПцIы зыупсым щыщIеIуантIэр,
Пщым къапсэлъыр уамыгъащIэу.
ЛIэм и гугъур ягъэщэхур,
Къатемыпсэу пщылIхэм нэхур.

Я цеикIэр дэупщIауэ,
Пщы шу гъусэр зэрегуакIуэу
Iутщ пщы унэм зэхуэщIауэ,
ЯмыщIэжу ар зэщакIуэр
Къамэ фIыщIэр къыщIагъэщыр,
Яхъумэфыр пщы хьэщIэщыр.

Ди Iурзили дэсщ а пщIантIэм,
Нобэ къэси зым къимыщIэ.
Пщащэ гуакIуэу IэпщIэлъапщIэм
Сыт ищIами, къехьыр фIыщIэ,
Сыт жаIами, ар йодаIуэ,
Ар хъуэпсами, зэи мылъаIуэ.

Хьэкурынэ ныхуэзамэ,
Щэхуу, хуэму щогуфIыкIыр,
Дэ пщыхьэщхьэм къыхуихьамэ,
Нащхьэ хуищIу дэр еIункIыр.
ЖэщкIэ щIалэм еIущащэу
БгъэдотIысхьэ дахэу пщащэр.

Ар апхуэдэу куэдрэ кIуакъым:
Гуащэм пщащэр къыщилъагъум,
Гу лъимытэу къигъэнакъым,
ЩIэмысыжмэ ар бгъуэнщIагъым,
Хэт а цIыкIум хуэгумащIэр,
Зыхуихъумэр хэт и гъащIэр?

Бзу дамэншэу щIэсщ лэгъунэм,
Нэр зыдэплъэм лъэр нэмысу,
Алэрыбгъум тетщ и гъунэм,
Гуащэм жиIэм егупсысу,
Лъэр щыувым емыплъауэ,
Теувэнкъым ар гушхуауэ.

Гуащэм и нэр къэб жылафэу,
И пэ гъурыр хуэдэщ джыдэм,
Къытехьамэ мэудафэ,
Сыт жепIами къыпхуимыдэ.
Ди Iурзилэу пщащэ къабзэм
А емынэм зыдегъазэ.

Гуащэр губжьым, мафIэ защIэу
КъызэщIонэ зэщIэсысэу,
Шу илъагъум къэщIэращIэу,
Къемыплъамэ, зегъэгусэ.
Ди Iурзилэ зэи IэбапIэ
Щимыхуэххэ пщым и щIапIэм.

Сыт ищIами, ар къалъагъур,
Сыт жиIами, псынщIэу къащIэ,
Iуэху иухым къыхущIагъур,
ЯIэщ пщащэр IуэхутхьэбзащIэу,
Гуащэр хущхьэм, ныдохущхьэ,
Хуежьыр зэми гуащэм и щхьэ.

Е къепсамэ, «куэд угъащIэ», –
ЖиIэу пщащэр егъэхъуахъуэ,
Бадзэм еуэу ехьыр гъащIэр,
Уеблэм щIыфэм хутотIахъуэ,
Куэдрэ, куэдрэ мэгузасэ
Ди Iурзилэу дахэ кIасэ.

Хьэр и гъусэу джабэ щхъуантIэм
Хьэкурынэм бжэн щегъэхъур.
Хъунт а джабэм згъэзэжатэм,
КъыщыжиIи пщащэм мэхъур.
Iэхъуэр дахэу мэгушыIэ,
Хуэдэ щIалэ дэнэ щыIэ?

Унэм сытыр къыщыхъуами,
Сыт, Iурзилэщ ар зи лажьэр,
Сыт бэлыхьыр къытехуами,
Емызэшу ар мэлажьэ.
Гуауэ папщIи ар зэ гъакъым,
Зэи пщэдджыжьым хэжеякъым.

Куэд ешэчыр унэIутым,
Арщ Iурзилэ зэи щIэмыгъыр.
Гуащэм и бжэм ар щыIутым,
Маплъэ жыжьэ, фIым щогугъыр.
УнэIуту ущытыныр
Сыт хьэзабу зэплъытынур?

Махуэ кIыхьым гугъу ехьами
ЕгъэлъапIэр и гуращэр,
Гуащэр жэщым хилъэфамэ,
Щэхуу жеIэр гъыбзэр пщащэм.

ЖеIэр гуащэм зэхимыхыу,
И щыгъыни зыщимыхыу:

*УЭРЭД*

Гуащэ напэм жьыфэ теуэм,
Ари сэ си лажьэ?
Жьы ар хъуауэ лъэпэрапэм,
Ари сэ си лажьэ?
И пщIыхьэпIэр гуащэм Iеймэ,
Ари сэ си лажьэ?
Гу шэрхъ Iейхэр кIыргъыу блэкIым,
Ари сэ си лажьэ?

Пщыр нэщхъыфIэу къемыплъамэ,
Ари сэ си лажьэ?
Гуащэм и гум зишхыхьыжым,
Ари сэ си лажьэ?
Лажьэ псори сэ къыстехуэм,
Ари сэ си лажьэ?

Сыт гугъуехьыр телъми пщащэм,
Махуэр кIыхьу жэщыр кIэщIми,
Нэпсыр цIыкIум зэм илъэщIми,
ИIэщ дахэм зы гуращэ,
Дихьэхыжу гурыфIыгъуэм,
ХуэзэхункIи и щIэщыгъуэу.

Ар фэ фощIэ – Хьэкурынэщ,
Арщ Iурзилэ и псэм хэлъыр.
Арщ а цIыкIур щIэмышынэр.
ЩIэмыжейри арщ щыгъуэлъым.
ТIуми я псэр тетщ зы лъагъуэ,
Зэнэзэпсэщ ягъэщIагъуэу.

ЩIалэр нэкIукIэ тIэкIуи фагъуэщ,
Набдзэ фIыцIэр пцIащхъуэ дамэу,
Ауэ и нэр маблэ вагъуэу,
Ар Iурзилэ къыхуэзамэ,
Махуэм хуэдэу жэщыр нэхуу,
Пщащэм и гур къигъэнэхуу.

ГурыфIыгъуэр щIалэ закъуэрщ,
Уеблэм дахэр иропагэр,
Къызэрынэу и щхьэ закъуэу
А щхьэц фIыцIэу натIэ лъагэр

Къыхуэзауэ къыхуэгуфIэм,
Мэхъур дахэр гуакIуи бжьыфIи.

Гуэбэнэчыр щыгъыу плъагъум,
Ещхьщ бгъэ шыру мылъэтэфым.
Хохъуэр щIалэм и инагъым,
УкIытамэ, мыпсэлъэфу.
Губжьым башыр зэпещIыкIыр,
ЖумыIари зэхещIыкIыр.

ДыгъужьыгукIэ ягъэшхакъэ,
ЖыпIэу мэхъур Iейр и жагъуэ,
Мыр тхьэрыкъуэм къадэхъуакъэ,
ЖаIэу зэми ягъэщIагъуэ
Iэдэбыгъэу щIалэм хэлъыр,
И гуапагъэу и гум илъыр.

Лъагъуныгъэу тIуми яIэм
Iуэхуу ящIэр егъэпсынщIэ,
«Пщащэ жанкъэ», – къыхужаIэм
Арщ а цIыкIум иIэр фIыщIэу.
Хьэкурынэ къедэхащIэм,
Щытхъуу щыIэм я нэхъ гуащIи.

## 6. М э з ы м

Махуэ псори зэщхьыркъабзэу
Хьэкурынэ ехь и гъащIэр,
Пщащэм хуэзэм дыгъэ-мазэу,
ЗимыгъэнщIу мэгумащIэр.
Псалъэ IэфIхэр къыхуепсэлъыр,
Химыхыну и псэм хэлъыр.

«Сыт апхуэдэу ущIэгувэр?
Къэгъэзэжыт тIэкIу нэхъ пасэу», –
ЖиIэу пщащэр къыщыувыр –
А дакъикъэр псэм и щIасэу
ТIуми я гур мэткIур зэплъым,
ЖамыIами я гурылъыр.

Хьэкурынэ жыжьэ кIуауэ
Iэхъун джабэм итщ и закъуэ,
Хьэ Пэрийри езэшауэ
И щхьэ къуацэр телъщ и лъакъуэм.
Джабэм бжэнхэри щохъуакIуэ,
Къомыгъазэм, бгыщхьэм макIуэ.

Укъеплъыхым а бгы щхъуантIэм,
Къанокъуэпщым иIэ унэр,
ФэкIэ ещхьу пхъэбгъуужь пхъуантэм,
Лъагэу Iути жылэ гъунэм.
Дэсщ Iурзили мис а пщIантIэм,
Гугъу ар щохьыр лажьэ-пщIантIэу.

КъыпхуэмыщIэу лIэри тхъэри
Жэщым псори зэщIеубыдэ.
ЩыпаупщIыр мэзым пхъэри,
КъоIур макъыр благъэ дыдэу.
ХымкIэ уплъэм, кIагъэпшагъэщ,
Хым уахуныр псэм и жагъуэщ.

Асыхьэту къоIу кIий макъыр,
Хьэ Пэрийри сыт щIэбанэр?
Макъ зэхихым ар хуэсакъыу,
Хьэкурынэ йолъэр банэм,
Мэз IувыпIэм ныхолъадэр,
Хэлъщ абдежым урыс дадэ.

Джыдэ жанкIэ лIым и лъакъуэр
ИуIащи, щылъщ ар щэIуу.
ГъэщIэгъуэнкъэ, лIыжь зи закъуэр
Хьэкурынэми къелъэIуу
ЖеIэ лъакъуэр ныхуипхэну,
ЩIалэр щIокъур мыгухэну.

И бащлъыкъыр Хьэкурынэ
ЗыпщIэхехри, IэкIуэлъакIуэу
Имыпхэфу ар къэмынэ,
Хущхъуэ лъыхъуэ щIалэр макIуэ,
ИрехьэлIэ ар къегъуэтри,
Мысабыру игу къилъэтри.

Арэзыуэ щысщ а лIыжьыр,
– НасыпыфIэ ухъу, си щIалэ, –
ЖиIэу дадэм зыкъеужьыр, –
Еплъ, си Iуэхур мыпщIэгъуалэ,
ЩIэщхъукъэ нобэ къысщыщIари,
Уэрщ ар псынщIэ схуэзыщIари.

ЛIыжьым щIалэр зыщIигъакъуэу
МакIуэ тIури лъэрымыхьу,
ПиупщIауэ жыг дыкъуакъуэр
Къагъэнакъэ яхуэмыхьу.

МакIуэ тIури мэзым щIэту,
Къыщыувыlэм, зэбгъэдэту.

– Хэт урикъуэ? – лIыр щIоупщIэр,
И зы лъакъуэр ныщIиIэтэу.
ЩIалэ цIыкIуу куэд зи фIыщIэр
Щытщ и пыIэр мэкъужь Iэтэу:
– Къанокъуэпщым сриIэхъуэу
Зэрыщытрэ куэди мэхъур.

– Ар соцIыхур сэри, тIасэ,
Мы мэз псори ейщ а ябгэм,
СщIат мураду сэ дыгъуасэ –
Жыг чэщейуэ пызупщIыну,
Ар фоч дакъэ къекIуу сщIыну…

Ауэ хъуакъым: напIэзыпIэм
Сыхъущ уIэгъи… сыкъэгъанэ!..
– Хьэуэ, дадэ, Iейщ мы щIыпIэр.
Къыптеуэни, укъэзгъанэм.
Адыгэбзэу ищIэр дадэм
Урысыбзэм фIыхэкIуадэу,

НыбжьэгъущIэм лIыр йопсалъэ:
– Сэрщ ФедоткIэ, си псэ, зэджэр,
СощIэр хэкум сэ и пIалъэр.
УсцIыхуащи, ар гъуэзэджэщ.
Сэ си кIыщым Iэджэ нокIуэ,
Уеблэм пщыри къыскIэлъокIуэ.

Хэт уи анэр, уиIэ адэ?
Хьэкурынэ зы жимыIэу
И гур занщIэу IэщIокIуадэ.
МакIуэр, макIуэр темыпыIэу.
– Сызеиншэщ, – жеIэр щэхуу,
ЩIалэм машIэу зигъэпсэхуу. –

ЦIэуэ сиIэщ Хьэкурынэ,
Ади ани сэ слъэгъуакъым,
СиIэххакъым адэ унэ,
Си анэ махуи сипIыххакъым,
Хэт сырейми сэ сымыщIэ,
Бжэн согъэхъур, сщIэр си фIыщIэу.

ЕщIэкъуауэу дадэр унэм
Дыгъэр къуухьэу къэсыжакъэ,

IэплIэ гуапэм къыщымынэу
Куэди щIалэм жриIакъэ.
Ауэ лIыжьыр фIэбзэмыIуу
ЩIалэм зыри гурымыIуэ.

И фэеплъу гъукIэ дадэм
Къамэ щIалэм къыIэщIелъхьэ:
– Мыр пхуэфащэщ зи гур уардэм,
Лъагъуныгъэм ар и телъхьэу.
Хьэкурынэри къокIуэжыр,
Бжэныр къуажэм къыдехуэжыр.

И Iурзилэу и гуращэр:
– Сыт апхуэдэу ущIэгувэр? –
Къыпежьэнущ жиIэу пщащэр,
КIэлъыплъыжу зытеувэм.
Мис абдежым тыгъэ щIагъуэр
БгъэщIэгъуэнум, уэ къеблагъэ!

## 7. Ф о ч ы щ I э

ЛIыжь Федотым хуэдэ дадэ
НэгъуэщI щIыпIэ сытми щыIэ?
Махуэ еным Iэдэуадэ
IэщIэмыкIыу IэпщIэлъапщIэу,
Зэхыбохыр и сыдж макъыр,
И щхьэ дыдэм хуэмысакъыу.

«Си къуэр», – жиIэу зэ жиIащи,
ЩIалэм и гум ар имыхуу,
Ныбжьэгъушхуэ зэхуэхъуащи,
ЩIалэм Iуэхур IэщIэмыхуу
Щэхуу йоплъыр тыгъэ гуакIуэм,
КIэрыщIауэ жэщи макIуэ.

Дадэм жеIэ: «Ди лъэныкъуэм
Iахыжахэщ пщылIу щыIэр,
Фэ фи хэкуу куэд хуэныкъуэм
ЩIагъуэу щыткъым хабзэу фиIэр».
ЩIалэр ахэм йогупсысыр,
КъыхуэмыщIэу ар зищIысыр.

Жыгыу лIыжьым пиупщIауэ
Хуэмыхьыжу къигъэнари
ЩIалэр кIуэри ар къищтауэ

Ехьыр. Псалъэ гум къинари
Псэ гъэфIэнкъэ. Хьэкурынэ
Тету макIуэ гъуэгужь гъунэм.

Хьэ Пэрийри кIэ хьэлыгъуанэу
Iэхъуэ ужьым иту макIуэ,
Бжэныр джабэм къыщагъанэу,
Бжэн къуэлэныр ар бжэн пакIуэу
Егъэхъуфыр хъушэр махуэм,
Угъурлыкъэ Iэщыр нахуэу.

ГъукIэ унэр месыр пэжу,
Дэтщ Къанокъуэм и гур пщIантIэм!
Пщым и гъусэм шыр Iэдэжу
Яубыдауэ щытщ. Япхъуатэ
Хьэкурынэ къыщалъагъум,
Япхри щIадзэр ар гу щIагъым.

– Еплъ мы Iэхъуэм и бзаджагъым,
Пщым и мэзыр къыфIедыгъур!..
– Хъуащ дыгъуэныр и IэщIагъэ!..
Хэтщ урысым ядэщIыгъуу,
Ухуэзэнкъэ уэ пхуэфащэм,
ДощIэр дэри уи гуращэр.

ЩIалэ цIыкIур яубыдауэ
Шу пщы гъусэм зэралъафэ,
Чэщей жыгыр IэщIахауэ
Ар утыкум къралъафэ.
Пщыр къыщIокIыр гъукIэ унэм,
Гу къылъетэ Хьэкурынэм.

ЛIыжь Федоти итщ и ужьым.
Къанокъуэпщыр къэгубжьауэ
НэкIэ йоуэ гъукIэ лIыжьым,
НытокIие, кIэщIу бауэу,
ЩIиIыгъэжу и ныбафэр,
И цеикIэр тырелъафэр.

ГущIэгъуншэу пщыхэр жаIэ,
Бзаджэм и щхьэм щхьэцыр йокIыр,
Арщ «щхьэгъуаплъэ» щIыхужаIэр.
Тхьэрыкъуэфым хуэдэу къокIыр
И тхьэкIумэр, мэкъу дыгъэлу
ПыIэ къуацэм къыщIэлэлу.

КъыщIегъэкIыр и нэм Iугъуэр,
Iупэ пшэрыр щIокIэзызэ,
ПащIэ кIыхьыр егъэлыгъуэ,
Губжьу иIэм зэщIикъузэу.
Iэ лъэныкъуэм баш IэщIэлъу
Къоплъ, бзаджагъэр и гум хэлъу.

– Сыт фокIэщIыр пщэн щIумыдэр?
Уэстыр сытми уасэ мащIэ?
– Сыту сщIыну пщылI умыдэр?
СыпщылIакъэ сэ мымащIэу!
ПщылIкIэ Iэщэ сэ уэсщэну
Ар пхуэфащэ хьэлу, щэну?

– СощIэр, уилъкъэ си IэмыщIэм,
УспIытIыни сэ слъэкIынущ,
УкъикIащи РоссиещIым,
Сэ сыхашэм, уаукIынущ,
Уи пщы дыдэм зыщогъэпщкIур,
Сыт бэлыхьу сищI щыбгъэткIур?

УзищIысыр укъащIатэм,
Фэлъырибгъур а уи щIыфэм
Ирахынти уахуэзатэм,
Уэ лIыжь бзаджэу уэгушыфэм.
Ар зэгъащIэ, умыудафэу,
Арщ Къанокъуэм и псэлъафэр.

Еплъ къыпщыщIым, уэри дяпэ
Здэнкъым си щIым укъытехьэу.
Хъуакъым Iуэхур пщым и гуапэ,
Арщ а ябгэр къыщIытехьэр,
И шу гъусэри гузавэу,
Я щхьэр дыгъэм мес къигъавэу.

Пщым и нэкIур лъым ireIэ,
Губжьыщащи зелыгъуэжыр.
И шу гъусэм мыр къыжаIэ:
– Мес уи пщылIу къодыгъуэжыр,
Чэщеипхъэри къихьауэ
Илъщ уи пащхьэм быдэу тпхауэ.

Пщыри йоплъыр: «ЖыIэт псынщIэу,
Бжэн уогъэхъур – ар пфIэмащIэ?
Уэ пхуэсщIахэм яIэ фIыщIэ?
КъыпывупщIыт и Iэр занщIэу,

Куэдщ уи дежкIэ зы Iэ закъуэр, –
Бжэн егъэхъур уеблэм щIакъуэм!»

Ар Федотым къегъэувыIэ:
– Ей, емынэ, фемыIусэ!..
ЩIалэ щылъым зы жимыIэ,
Йоплъыр щтауэ пщыр шу гъусэм.
ЛIыжьым жеIэ: «Къысхуэвгъани,
ГъукIэ сщIынущ ар итIанэ.

Пщы, зэхэпхрэ? ЛIыжь Федотым
И фокIэщIу узэхъуапсэр
И шэсыпIэщ, ар узотыр.
Ар фочыщIэу сэ пхуэзгъасэм
Хэт и дежкIи сэбэпышхуэщ», –
ЖеIэр дадэм, пщым тегушхуэу.

Къанокъуэпщым и нэрыгъыр
Мэхъу абежым тIэкIу нэхъ щаби,
ЖеIэр ину: «Пщэ гурыгъыр
Пкъутэ хъунут хьэбэсабэу.
ИрегуфIэ лейр згъэгъуамэ,
Уэ узотыр сэ а гъуамэр».

ФокIэщI фIыщIэр зэпиплъыхьу
Къанокъуэпщыр щогуфIыкIыр.
И ныбапцIэр ныхуэмыхьу
Iэщэ закъуэм ар фIолIыкIыр,
ЗигъэлъапIэу выгум ису
КъыщыдэкIым, жьафэр сысу

ЖеIэр пIащIэу: «Iэщэ ищIу
Жэщи махуи ар схуэгъасэ», –
Пщым фокIэщIыр зыкIэрищIэу
Арщ жиIари псалъэ кIасэу.
Къыбгъэдонэ гъукIэр унэм,
Ныбгъэдэту Хьэкурынэм.

Пщым и выгур зэрыкъухьэу
Хьэ Пэрийри къыкъуокIыжыр.
Гузэвэгъуэр я гум щIыхьэу
Нэгу щIэкIахэр мэупщIыIужыр.
Я Iэр ахэм ягъэдалъэу,
АдыгеймкIэ тIури маплъэ.

## 8. У р ы с к ъ а н

Хышхуэ Iуфэм сыдж ву макъыр
Щызэхохыр зи мыувыIэу.
Хьэкурынэ и мызакъуэу
ЩIэтщ а кIыщым. ДэгушыIэу
ГъукIэ дадэр къодэхащIэ,
Ягъуэтауэ гум фIэфI гъащIэ.

«Нэм илъагъур Iэм ищIынущ», –
ЖаIэу щIалэм зэхихащи,
Сыт ухуейми пхуищIыфынущ,
И IэщIагъэм тегушхуащи.
Дадэр щотхъур мыувыIэу,
Псалъэ гуауи жримыIэу.

Хьэкурынэ насыпыфIэу
ФIыгъэ Iэджэ къылъысакъэ.
Егупсысым и гур гуфIэу
Адэ нобэ къигъуэтакъэ.
Ар ехъумэ игу имыкIыу,
ЩIэтщ и нэгум ар щIэмыкIыу.

– Уей, си щIалэ! – жеIэ дадэм,
Езы щIалэри йогугъур.
Зэм Iэхъуэныр игу къолъадэ.
СщIэркъым щIалэр зыщыгугъыр:
Iэхъун джабэм йоплъыр щэхуу,
Сыт илъагъуми фIэмыIуэхуу.

Мэхъу зэм щIалэр плъагъуу хъыжьэ,
И Iурзилэ ар хуозэшыр.
Къигъэнакъэ дахэр жыжьэ,
Игъэзэну и дзэр мэшыр.
ГъукIэ дадэм ар имыдэ,
ЖеIэр: щIалэ, зыгъэбыдэ.

Бгымрэ хымрэ я кум докIыр
Бгъуэзэ дыдэу зы щIы мащIэ,
Бгы адрыщIым удз къыщокIыр,
МыдкIэ къихуэр ар мэз защIэу,
Россиешхуэм и щIыналъэу
ЕщIэр ахэр – ар лIыжь псалъэу.

Бгы адрыщIым яIэщ хабзэу
ПщылIу яIэр хуиту ящэу,

ЦIыху насыпым къимыгъазэ –
ПщылI хуэмызэ и гуращэм.
Арщ адыгэр щIэунэхъур,
Арщ я хэкур фаджэ щIэхъур.

Хьэкурынэ мэгупсысэ:
Сыту дэгъуэт Россиешхуэм
ЛIыжь Федотым ар и гъусэу,
Хуитыныгъэм гур дэгушхуэу,
А лъэпкъ иным яхэтыну,
А гуращэм куэд щIитынут.

Урысыбзэр ещIэр мащIэу,
Iейкъым щIалэм и IэщIагъэр.
Махуэр ехьыр лажьэ защIэу,
ЛIыжь Федотым и гур загъэу
Щотхъур щIалэм зэзэмызэ,
Гъуэгуу яIэр тIуми бгъузэщ.

АдыгэщIым къикIыу къокIуэр,
ЩIалэ Iэзэм куэд къохъуапсэ,
– Урыскъаныр лIыжьым токIуэ –
ФочыщIэшхуэу зытхуегъасэ, –
ЖаIэу ахэр къыхуогуфIэ.
Езы цIыкIури мэхъу нэщхъыфIэ.

Пщы Къанокъуэм зэ къегъакIуэ,
«КъэгъэкIуэжыт щIалэр», – жиIэу.
Ауэ махуэу Iэджэ макIуэ,
Пщыр къогубжьыр хуэмышыIэу,
Пщым и гугъэр ныхуимыдэу
Езы дади зегъэбыдэ.

– Си фокIэщIыр дэнэ щыIэ? –
ЖиIэу гъукIэр ныщIоупщIэ. –
Здэнкъым сэри пщыр гушыIэу,
Сыхуэмейми сэ и фIыщIэ.
Арщ Федотым жиIэ псалъэр,
ХуищIыххакъым Iуэхум пIалъэ.

ГукIэ дадэм ещIэр дэгъуэу:
Пщым фокIэщIыр фIэнасыпщи
Иритынкъым и ныбжьэгъуми,
ЩIыхьу иIэм ар и ныпщи
Пщым ехъумэр напщIэ телъу,
И гуи и щхьи лIым зэтелъу.

ГъукIэм хуейри пщым и закъуэ!
Махуэ къэскIэ къокIуэ Iэджэ.
Нали щIалъхьэ шым и лъакъуэм,
Хэти къехьыр и шэмэджыр,
Хэти вабдзэ ныхущIалъхьэ,
Куэдым шыгур хузэщIалъхьэ.

Iуэху зыхуащIэм жаIэ гуфIэу:
«Дызэхуэдэщ лажьэу шхэжыр,
Дызэвгъэплъыт дэ нэщхъыфIэу,
ЛIыфIу нобэ дэ къытхэжыр
Иреувэ псоми дяпэм,
Дыхуишэну фIыгъуэ гуапэм».

ПщылI хуэзамэ, гъукIэ дадэм
ЯжреIэ и фIэщыпэу:
– Зыщ дэ псоми ди мурадыр:
Фи насыпым фыхуэщыпэ.
Арщ зыщIэкъур лъэпкъыу щыIэр,
Ар зымыщIэр арщ гу щIыIэр.

– Инщ уэ гъукIэм уиIэ фIыщIэр,
Уэ адыгэ уиIэщ къану,
Зыгъэхуабэр арщ ди гущIэр, –
ЖаIэрт Iэджэм, ар ауану
Япэм куэдым къалъытами,
Гу IуэхуфIым лъамытами.

Махуэ еным сыджыр вууэ
Хьэкурынэри мэлъащэ,
ГъукIэ щIалэм пэрымыуэу
Iуэху нэхъ гугъур хуегъэфащэ.
Къахьыр щIыпщIэу гъущIыр жылэм,
Ар зимыIэм къехь гъуэмылэ.

УрыскъанкIэ псори къеджэу,
И хъыбарыр йожьэр псынщIэу,
И IэщIагъэм Iэзэу хуеджэу,
Зы гугъуехьи зыхимыщIэу.
АдыгэщIым щащI и гугъуи.
Уеблэм щыIэщ цIыху къефыгъуи.

* * *

«Гъэс фIамыщIыр»,– жиIэщ дади,
КIуащ лIыжь гъукIэр кхъухь тедзапIэм.

ГъущI къищэхуу Iэдэ-уадэ
Ищэжыныр псом нэхъапэт.
Хьэр и гъусэу Хьэкурынэ
Хъуакъым пщIантIэм къыдэмынэу.

Нэху зэрыщу ещIыр мафIэ,
Жыгеипхъэр зэщIэнауэ
Дрехуейри Iугъуэр уафэм.
И Iэпкълъэпкъыр зэщIэплъауэ
Хьэкурынэ хым холъадэ,
Зэм хосыхьыр, зэм хокIуадэ.

Хьэ Пэрийри йосыр пIащIэу,
И ныбжьэгъум ныдэджэгуу,
Хышхуэ гъуджэр тралъащIэу,
ГуфIэгъуэшхуэр щIэтщ я нэгум.
ГъукIэр щыIэщ нобэ къалэм,
Хуэмыныкъуэу игу и щIалэм.

Дыгъэр дзакъэу щхьэр къегъавэ.
Ауэ хышхуэр щIыIэтыIэщ,
ЩIалэр зыкIи мыгузавэ,
Хым ныхедзэ джэгуу пыIэр.
Хьэм а пыIэр къыхехыжыр,
Къоувыжыр псыр къыпыжу.

* * *

Махуэм щIагъуэ хэмыщIауэ,
Нэпкъым телъу мащIэу гъуэзыр,
ЗыгъэпскIынкIэ зигъэнщIауэ,
МакIуэ щIалэр нобэ мэзым,
Хьэр и гъусэу къикIухьыну,
Пхъэ гъур IэплIи къыздихьыну.

Нэмысыххэу ар мэз лъапэм,
Зы гупышхуэ щIалэ защIэу
Яхуу хуозэ кхъухь тедзапIэм.
Я шу гъусэм ягъэпIащIэу,
И щхьэр зыми къимыIэту,
Яхур ахэр Iэщ зэхэту.

Лъэс ешахэр макIуэ хуэму,
Яхур ахэм я пщылI лъагъуэр.
Махуэр хуабэщ икIи уэму,
ПщылI гъуэмылэу яIэ щIагъуи

А тхьэмыщкӀэхэм щымыӀэ,
Яч лъэбакъуэм нытогуӀэ.

Сыт телъыджэ Хьэкурынэ
И нэр занщӀэу зытеплъари!
Мес Ӏурзилэ, хэтщ гуп гъунэм.
ЩӀалэм игу къызэщӀэнари
Къоуэр – къоуэр къэмувыӀэу,
Нэм илъагъур хуэмышыӀэу.

Хьэ Пэрийри йолъыр псынщӀэу, –
Хъыджэбз цӀыкӀум бгъэдолъадэ.
А Ӏурзили, и Ӏур гъущӀэу,
И нэм нэпсыр къыщӀолъадэ,
Хьэм Ӏэ делъэ щыгуфӀыкӀыу,
КъэувыӀэни хулъэмыкӀыу.

– Ей, Ӏурзилэ! – жиӀэу щӀалэр
Жэурэ йоджэр а пщылӀ пщащэм.
Шум и пащӀэр хъунут залэ,
Къыщолыдыр нэр нэщӀащэм,
Къыпоувыр Хьэкурынэм,
Ещхьт ябгагъкӀэ ар емынэм.

ЩӀалэр йоплъыр къамышыпэм,
Шу лъэрыгъыр иубыдауэ
Зэм мэлъаӀуэ и фӀэщыпэу,
Зэм шу гъусэм ар йодауэ:
– Уэрщ пщылӀыныр зыхуэфащэр,
Къызэтыжыт мо ди пщащэр.

Дыджщ шу бзаджэм жиӀэ псалъэр:
– ӀукӀ мыбдежым, хьэ зэрахуэ.
Хэт и пщылӀи иӀэщ пӀалъэ…
– И щхьэ уасэ, уей, шу махуэ,
Уэстыфынущ сыпхэзагъэм…
– Дэнэ къипхыу? ӀукӀи загъэ!..

– Си къуэшышхуэ, умыпӀащӀэ,
ФокӀэщӀыжьыр сиӀэщ пэжу.
Къуаншэ ещӀыр шум и пащӀэр,

И нэ плъыжьым нэпс къыщIэжу
ЖеIэр: «Куэдрэ умылъаIуэ,
НэщIщ уи жыпыр, сэркIэ наIуэщ…

Ауэ накIуэ кхъухь тедзапIэм,
ДыщыIэнущ дэ а къалэм...»
ТемыпыIэу нэр и лъапэм
Къегъэзэжыр кIэщIу щIалэм.
ЯкIур пщылIхэм я гъуэгуанэр,
Ягу къыщIитхъыу хэку къагъанэр.

ПщылI ящэныр къыщаублэр
Ахэм дежкъым, псоми ящIэр.
Фэлъыркъэбым и гъуэмылэр
Илъу макIуэ, ягъэпIащIэу.
Итщ тхьэмыщкIэр псом я ужьым,
Ехур япэм и лъэужьыр.

А гъуэгу мыгъуэм тету мащIэ
Хышхуэ Iуфэм текIуэдакъым.
Нэпс щIагъэкIыр къабзэт, гуащIэт,
Нобэ къэси ар гъущакъым.
– ПщылIым дэни щиIэщ унэ, –
ЖаIэу яхурт щIым и гъунэ.

Ауэ нобэ ди Iурзилэ
И гум гугъэ къыщоушыр.
Арщ и нэкIур къыхуэзылэр,
Гугъу ехьами, арщ щIемышыр.
КIуэжыпэнкIи хъунщ и унэ,
Къищэхужым Хьэкурынэ.

ПщылI щамыщэ хэкуу щыIэу
Куэдым жаIэрт, пэжу, япэм.
Телъ хьэзабыр хуэмышыIэу
КъызэщIоплъэ пщащэ напэр.
ПщылI и гуауэм иIэ пIалъэ?
Хэт едаIуэр пщылI и псалъэ?

– НакIуэ! – жиIэу кIийрт шу бзаджэр.
ИрехулIэ, игъэпIащIэу,
Хэт мыкIуэфми шы ныбаджэр,
Мыри жеIэ шхыдэ защIэу:
– Урыскъаным хэт щыгугъыр?
Хэт а пцIышхуэр зи нэрыгъыр?

Хьэкурынэр макIуэ-малъэ,
Хьэ Пэрийри иту япэ.
ЕщIэр щIалэм Iуэху и пIалъэ,
ТемыпыIэ нэр и лъапэ.
ФокIэщI фIыцIэм ар хуопIащIэ,
Пщащэ уасэу ари мащIэт.

Езы щIалэми зигъасэу
Ар щигъауэрт бгы дыкъуакъуэм,
– ПщылIым дежкIэ хъунт ар уасэу, –
ЖаIэу куэдрэ зэхихакъэ.
ГъукIэ дадэм и IэщIагъэм
Хэти и гур игъэзагъэрт.

А фокIэщIымкIэ и пщащэр
Къищэхужмэ, ари лIыгъэт.
Арщ а щIалэм и гуращэр,
КъэхъулIамэ, сыту фIыгъуэт.
Имыхуауэ зы бэуапIэ,
Мажэр щIалэр кхъухь тедзапIэм.

## 9. Кхъухь тедзапIэм

Хым и Iуфэр бжьэуэ къопщIыр,
Зэрызохьэр цIыхухэр, щтауэ.
Махуэ къэскIи Iэджи хощIыр,
ЛIэр ябжыни щагъэтауэ.
Мес я хэкур ябгынауэ
Iусщ псы Iуфэм, щIегъуэжауэ.

Я хьэжыхэм ари ящIэ,
ЩIегъуэжауэ хуеIэм къуажэм,
Псым икIыну ягъэпIащIэ.
ПцIы жамыIэм, яшхыр дзажэм
Дэмыхьэну я гугъауэ,
Зэм мэшхыдэ, зэм мэдауэ.

ПщылI щэхуакIуэу тыркуу къакIуэм
А хьэжыхэр я жыIакIуэт.
Унэхъуауэ хэку зыбжанэр
КъыщащэхукIэ уасэр мащIи,
Пщащи щIали ер зи унэр –
ЗэщIащыпэ тыркум пIащIэу.
Хъуащ цIыху куэдым ар я натIэ,
Хым цIыху мащIи хэмыкIуадэ.

Нэхъ жьы хъуауэ лъэрымыхьыр
Уз къахыхьэм, зэщIещыпэ.
Арщ сабийми ящымысхьыр –
Я бэлыхьыр щхьэщехыпэ.
Щагъэтауэ я гуIэныр
Щылъщ, тепIауэ я шхыIэныр.

Уз зэфыкIыр щIахъумауэ,
Гъыми кIийми къамыгъанэу,
Iугъуэ фIыцIэ нызщIагъауэ.
Ар зылъагъур мэгъынанэ,
Хэт дыуэпсым ирагъафэр –
Арщ молэхэм я унафэр.

Хым икIынур поплъэр пIалъэм,
ЯфIокIуэдыр Iэджэм гугъэр,
ЩIокъу кIуэжыну я щIыналъэм,
Ябгынэну а гъуэгу мыгъуэр.
Гъуэмылэншэу Iэджи малIэ,
Пщы унафэм еувалIэм.

Мес, мюридхэр зэрызохьэ,
Къэзыгъазэр къамыгъакIуэу.
Гузэвэгъуэр я гум щIохьэ,
Щагъэтыну истамбылакIуэр
Гъыбзэ хьэлъэри кърашыр,
Хым екIуалIэр кхъухькIэ Iуашыр.

Выгум иту зылI къопсалъэ
Уи щхьэфэцыр къигъэтэджу:
– СощIэр, – жеIэр, – тырку и пIалъэ,
ДэркIэ хышхуэр яфIэчэнжу
Псым ныхадзэ зыхуэмейхэр.
Ар зэхэфхрэ, адыгейхэ?..

Выгум иту лIы къэпсалъэр
Мес, мюридхэм къаубыдауэ
Япхыр псынщIэу.
Ар и пIалъэу,
Суд хьэжыхэм тращIауэ,
Хадзэр хышхуэм щIалэ пхъашэр,
Ауэ шынэу къэмыхашэ.

Мес, гу щIагъым щIэлъщ и закъуэу
Уз ефыкIыу пщащэ къабзэ,
Джэбыныпхъэр телъщ и лъакъуэм

Набдзэ къуаншэу натIэ мазэм.
И нэм нэпсыр къыщIолъэлъыр,
Зым имыщIэ и гум хэлъыр.

Хэти и гур щIогъур дахэм,
Гъыбзэр хьэлъэм ныщIодэIур.
Зи насыпхэри кIуэдахэм
ЖаIэ гъыбзэр жыжьэ мэIур.
Хы толъкъуным и макъ уардэм
А уэрэдыр ныхокIуадэ.

*УЭРЭД*

Си анэрэ си адэрэ Истамбылым макIуэр,
Си дэкIуэгъуэ дахэ мыгъуэу гъащIэр сыухаи.
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ.

Кхъухьым и бэракъыр жьыбгъэм зэрехьэ,
Дыщалъхуа щIыналъэм сытым дихьыжыну?
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ.

Хым и Iуфэ щIыIэ гущэм нэхур къыщыттощхьэ,
Диным и мюридхэм дагъэунэхъуаи,
Уей ри-рэ,ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ.

Си псэлъыхъуу щIалэ мыгъуэм жьэрымэ хуагъэумэ,
Си нэ-си псэм хуэсхьыр дэнэ къисхыжыну?
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ.

Диным и мюридхэр къуажэм къыдозауэ,
Къэзэуату зауэ мыгъуэм дигъэунэхъуаи,
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Ди унэхъугъуэу Истамбылым докIуэ.

Кхъухьым итIысхьэну мыгъуэр фызым къыщаублэ,
Хэкум икIыжыну мыгъуэр хэтым къиубла?
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Ди унэхъугъуэу Истамбылым докIуэ.

Гъыбзэ япэм щымыIами,
Яусынут ар а махуэм.
Я гур гуауэм къиуIами,

Я псэр лъыхъуэрт гъуэгуу захуэм.
Щытщ ежьууэ а уэрэдым
Зи хэку лъапIэр зыфIэкIуэдыр.

Кхъухь къокIуалIэр кхъухь тедзапIэм,
Хэт дэсами а псы тIуащIэм
Зэрызохьэ, лъэпэрапэу
ЦIыкIуи ини мес мэпIащIэ.
А кхъухьыжьым итIысхьэну
Хэтщ зыкъоми зиусхьэну…

Я сабийхэр, лIыжь-фызыжьхэр,
ЦIыху сымаджэхэр зыдахьыр,
МакIуэр нэгум зимыужьу,
Къонэ хэкуу я нэм хуахьыр.
Арт мюридхэм я унафэр,
ФIыцIэ зыщIыр арт ди уафэр.

Мес, щхьэ Iушэу, накIэ плъыжьу,
Тыркум и пэр пхъышхуэм хуэдэт,
Набдзэр кIырщи куэдрэ ижьу,
Капитанти – псоми хэдэрт.
Игу ирихьу хуэзэм пщащэ,
ТеIэбыхьу мэпэщащэ.

Шыбжиифэу ферс щхьэрыгъыр,
Псалъэм, епхъыр Iупсыр жыжьэ.
ЯщIэр бзаджэм и нэрыгъыр:
Капитану а тырку хъыжьэм
МащIэ пщылIу IэщIэкIуадэр?
И гум Iэджэ къыполъадэр.

Тырку кхъухьтетыр и цIыхугъэщ,
ПщылIыр куэдрэ ирищауэ.
Мис иджыри пщым и гугъэщ
ПщылI ищэну тегушхуауэ.
Хэкур – лъэпкъыр мэунэхъур,
ЩIыхьу иIэр пуди мэхъур.

Тыркум пщыри гурымыIуэ:
– Сыт, – жи, – пщылIыр щIэбгъэлъапIэр?
Куэдщ, Къанокъуэм тхьэ умыIуэ,

Уасэу уэстыр щIы уи гуапэ.
Мес лъэпкъ псори пщIэншэ защIи,
Ахэр пщылIу сэркIэ мащIэ?

Къанокъуэпщым ар имыдэ:
– УемыпцIыжыт уэ уи псалъэ!
Сэ пщы псалъэр согъэбыдэ.
СощIэр фIыуэ сэ тырку пIалъэ,
Щэху мо дахэу щIалэр – пщащэр,
Я нэхъыфIырщ, еплъ, пхуэфащэ?

Еплъ, нэхъ дахэ дэнэ щыIэ?
Е уэсщахэм хэт нэхъ къабзэ?
Щэху, мыхъуни уэ жумыIэ!
Еплъ мо пщащэу дыгъэ-мазэм,
Ар си унэ щысIыгъати,
Нобэ къэси пхуэсхъумати…

Тырку кхъухьтетым ар дэщIыгъуу
Къанокъуэшхуэр къохыр кхъухьым
Хэт къелъэIуми емыгугъуу,
Йоплъ, Iурзилэр зэпиплъыхьу,
ИгукIэ жеIэр: унэгуащэм
Хуэсшэм дэгъуэщ мис а пщащэр…

Асыхьэтым Хьэкурынэ,
Хьэ Пэрийри, мес, и гъусэу,
Къос къилъыхъуэу хым и гъунэр,
Инщ а щIалэм и гупсысэр,
Зы гугъуехьи зыхимыщIэ,
И муради зым имыщIэ.

– Мес, мо щIалэри узотыр,
Ар фочыщIэу IэкIуэлъакIуэщ, –
Пщым ар жиIэу йоплъ тырку дотэ, –
Ар хъыджэбзым дызогъакIуэ.
ЩIэпхъуэжынут щIалэр хъуатэм –
Шу пщы гъусэм ар япхъуатэ.

И Iурзилэр къигъэнэну
И гум илъкъым, сыт хуэзами,
Гум идэнкъым псэм ар хэну,
Абрэмывэр гум телъами,
Арэзыуэ тырку кхъухьтетым
Пуду пщылIхэри иретыр.

Къанокъуэпщыр къыщалъагъум,
ЦIыхухэм гъыуэ зыкъаIэтыр:
– Къеплъ бэлыхьым и инагъым,
Сыт дэ хьэлъэр къыщIэт Iэтыр?
Сыт хы тIуащIэм дыщIагъакIуэр?
ФыкIуэ тыркум фэ егуакIуэр!

Къанокъуэпщым жеIэр псалъэ:
– ТэмакъкIэщIу фымып IащIэ!
Муслъымэнхэм я щIыналъэр
Хъунщ тыншыпIэ, ар зэвгъащIэ!
Дэ нэтхунущ фи лъэужьыр,
КIуэдыжащи ди хэкужьыр.

ЦIыхухэр шхыдэу къызэщIовэ,
Пщым и псалъэр къыхуамыдэ:
– ПщIыщ уэ жыпIэр! Пщыр укъовэ!
Щтауэ пщыми, мес, зеудэ,
И фэр покIыр ещхьу шэхум,
КIэбгъу зищIауэ зегъэбзэхыр.

## 10. З э з а у э

– Ем и гъуэгум е къурокIуэ,–
ЖиIэу дадэр мэгумащIэ.
Гур зэрыгъум дыгъу къурокIуэ,
А псалъэжьыр куэдым ящIэ,
Гупсысэшхуэм ехьыр лIыжьыр,
Еху зыгуэрым и лъэужьыр.

Къанокъуэпщым Iейт и псалъэр,
Ар Федотым щыгъупщакъым.
– Нобэу пIэрэ гуауэ пIалъэр? –
ЖиIэу дадэм игу зэгъакъым.

Къегъэущыр и шыр пIащIэу,
Гъуэгу зытетыр ятIэ защIэу.

Зы шу гуэри итщ и ужьым,
Къожэр шури зэрылъэкIкIэ.
Мэгузавэ езы лIыжьыр,
Инщ гурыщхъуэу и гум къэкIыр.
– Уи къуэр, – жеIэр шум ешауэ, –
Тыркум яшэ яубыдауэ.

ПсынщIэу уэри унэмысым,
Урыскъаныр плъагъужынкъым…
Дадэм гуауэр къыщылъысым,
Ар гумахэ зи къэхъуакъым.
ЖримыIэу шум зы псалъэ
И шы кIуэрыр, мес, къегъалъэ.

Шум къыжеIэр нэхъри пIащIэу:
– Къанокъуейхэу хым икIыжым
Къыдахакъым дэ лей мащIэ,
Зи щхьэр Тыркум изыхыжым
Я хьэпшыпу мащIэ сшари!
Арщ сэ си шыр щIеззэшари.

– Си къуэр зыми сэ естынкъым, –
ИгукIэ жиIэу макIуэр дадэр, –
АдыгэпщкIи сикIуэтынкъым,
Уеблэм си щхьэр хырекIуадэ, –
Къэгубжьауэ гур мэхъущIэ,
Сыт жиIэнур пщым ар IущIэм?

* * *

Кхъухь тедзапIэм цIыхуу Iусыр
Бжьэм ар ещхьу зэуэ къопщIыр.
Ямыгъуэту Iэщым Iусыр
Махуэ къэси Iэджэ хощIыр.
Мюрид шухэр зэрызохьэ,
КъемыдаIуэм, занщIэу щохьэ.

Хьэ Пэрийри къосыр занщIэу
КъыхуэгуфIэу гъукIэ дадэм,
Къеубыдыр лIыжь цей къуащIэр,
Кхъухь пкIэлъейми нытолъадэ.
ЕщIэр щIалэр зыдэщыIэр,
Арщ а хьэри щIэмыпыIэр.

– Хэт мо лIыжьыр? – жиIэу тыркур
Къыпоувыр имыгъакIуэу.
Итщ Федотыр нэхъ утыкум,
ЯтокIие псоми жьакIуэу:
– СиIэщ нобэ сэ гукъанэ –
Дэнэ щыIэ Урыскъаныр?

Къанокъуэпщыр къосыр кIэщIу,
И ныбапцIэри уфафэу,
И пщIэнтIэпсыр хуэмылъэщIу.
ГъукIэм жеIэ: «Уи унафэу,
ПщIэжрэ, щIалэр къызэптати…
ФокIэщIыфIи сэ уэстати…

Сыурысщи сэ фи хабзэр
Къызэзэгъкъым, ар зэгъащIэ».
Тырку кхъухьтетым зыхуегъазэр,
Епсэлъэным ныхуэпIащIэу.
Тыркур плъыжьу уцIыплъауэ
КъыщIокIие зэгуэпауэ:

– Мо джаурыр кхъухьым къихьэм,
Дытехьэнущ дэ гъуэгу мыгъуэ!
Ифху ар псынщIэу мы ди кхъухьым! –
ЖиIэу пэцыр егъэлыгъуэ.
Тырку матросхэр, гужьеяуэ,
А лIыжь закъуэм, мес, къозауэ.

Къанокъуэпщым инщ и губжьыр:
– Уэр зымыдэр, – жи, – ди хабзэр?
Уезгъэпхынкъэ сэ уэ лIыжьыр,
Уи пщым дежкIэ уэзгъэгъазэм
Ухуэзэнкъэ уэ пхуэфащэм –
УилIыхьыни дадэр мащэм.

– Фыпх ар! – жеIэ лIыжьым папщIэ.
Тыркухэм гъукIэр ираудыр,
И Iэр, и лъэр япхыр пIащIэу.
ЛIыжьым и гур зэгуоудыр,
Тыраудми и нэщIащэр,
Щымыгъупщэ и гуращэр.

Мес, къожэхыр щхьэм лъыкъуалэр,
Ар и жьакIэм къыхолъадэ:
– Сывгъэлъагъут, – жеIэр, – щIалэр, –
ЙоIэр, йоIэр гъукIэ дадэр,

Ауэ псынщIэу Iуахыр лIыжьыр,
ЦIыхухэр иту и лъэужьым.

Къанокъуэпщым жеIэр пIащIэу:
– Ар урысхэм ефщэ адэ,
Сыт къыватми лIыжьым папщIэу –
Псори диным тырекIуадэ.
Сэ мэжджытыр согъэлъапIэ,
Ар щыфIуатэ къуажэ лъапIэм.

ЛIыжь Федотым илъу лъэхъур
Гиеу жеIэ пщылIхэм папщIэ:
– Пщым адыгэр ягъэунэхъур,
Пщым ягуэшыр гуауэ гуащIэр…
Къащтэр цIыхухэм лIым и пыIэр,
Щхьэрат Iагъэр гъукIэ гуIэм.

Кхъухь бэракъыр жьым ефыщIыр,
Яшэр дадэр, жыжьэ яшэр.
– КъыджиIакъэ дэ дымыщIэр,
Ар пэж лъапIэм хуохъур хашэ, –
ЖаIэу цIыхухэри зопсалъэ,
Я Iэр тыркум хуагъэдалъэ.

## 11. Г ъ у э г у м

МакIуэр кхъухьыр зэщIэскъыскъэу,
Хы толъкъуныр къытолъалъэ,
ЦIыхуу исым я гур никъуэу,
Гъы фIэкIауэ зы мыпсалъэ,
Къонэр хэкур хэту пшапэм,
Я щIыналъэу псэм и гуапэр.

Ди Iурзилэр, Хьэкурынэр
Хъуащ зэгъусэ мис аргуэру,
Я насыпым арт и гъунэр,
Щысщ а тIури мыуэршэру.
Сыт а тIури зыхуэзэнур?
Е я гъуэгум къигъэзэну?

И насыпым пщащэ къабзэр
Къызэралъхурэ зэ теплъакъым.
ПщылIхэм папщIэ щыIэ хабзэ?
Игу тыншыпIэ зэи ихуакъым.
Ауэ иIэщ псоми пIалъэ!
Кърегъажьэ пщащэм псалъэ:

– ЖыIэт си псэ, сыт сэр папщIэ
Уэ пщылIыпIэм зыщIибгъахуэр?
ПщылIу щыIэр уфIэмащIэ?
Ар а щIалэм фIэмызахуэ:
– Сэ апхуэдэу къызжумыIэ,
ЕщI а псалъэм си гур щIыIэ.

Хьэкурынэм жеIэ хуэму,
И зэгуэпым гу лъимытэу:
– Уэ си гъащIэм ухуэчэму
Сыпсэуну гум имыдэ.
ТфIэкIуэдынкъым дэ димыIэ,
Умышынэ, уэ зышыIэ.

Уэ Къанокъуэр къыпщыхьауэ,
Фэлъыркъэбыр гъуэмылалъэу
Уи пщэм фIэлъу, гугъу уехьауэ,
Уи бэлыхьым иIэу пIалъэ
УмыщIэжу, узэрахуэу
Сеплъыфынут сэ а махуэм?

Хьэ Пэрийми ар гурыIуэ
Хуэдэу, къаплъэу къащIодэIур.
И цIэр зыми иримыIуэу,
Зэм гурыму, зэми щэIуу,
Зыдэщысым щемызэгъыу,
Щыст а хьэри я гъунэгъуу.

ЛъапэпцIийкIэ хым тетщ дыгъэр,
Къахуоплъыхыр цIыхуу гуIэм.
Хахыжакъэ псоми гугъэр,
Ауэ щIалэм и Iэ щIыIэр
Жыпым илъу и кIэрахъуэм
ЕIусэхукIэ гур хегъахъуэр.

КъоIу аргуэру а сымаджэу
Пщащэ фIыщIэм и уэрэдыр,
Къэрегъажьэ фIэигъуэджэу
И хэку дахэр зэрыкIуэдыр,
Гъыбзэм нэпсым зыщегъэпскIыр,
Гум холыдэ уафэхъуэпскIыр.

«Кхъухьым и бэракъыр жьыбгъэм зэрехьэ,
Дыщалъхуа щIыналъэм сытым дихьыжыну?..
Уей ри-рэ, ри-рэ, Истамбылым докIуэ,
Ди унэхъугъуэу Истамбылым докIуэ…»

Тырку кхъухьтетыр жыжьэ маплъэ,
Ар зылъыхъуэр зым имыщIэу.
Бэлыхьлажьэм къос и пIалъэ,
Къапэщылъщи ар тырку фIыщIэу.
Къыхэмыхуэу зым и пщIыхьи
Хуозэ ахэр хамэ кхъухьым.

Хьэкурынэ гупсысэшхуэм
Ятхьэкъуами ар тогушхуэ –
ИIэщ ноби гуфIэгъуэшхуэ,
Ар Iурзилэ къегъэгушхуэ.
Дауэ хъуами ар и гъусэщ,
Тезыгъэур арщ гупсысэр.

ГурыфIыгъуэу сыт иIами,
Зыри щIалэм къыхуэнакъым.
И гур махуэ мыпыIами,
Гузэвэгъуэр щхьэщыкIакъым.
Ар куэдыIуэщ гум техуэну,
Сытым щIалэр IэщIэхуэну?

ИмыIэжу кIуапIи жапIи,
Мес Iурзилэу псэм и гуапэр,
ХуимыщIауэ зэ гукъанэ,
ГукIи псэкIи егъэлъапIэ,
Арщ щIытетыр ар дунейми,
Щымышынэ хэт и нейми.

А насыпхэм хэзыгъэну
УнэхъупIэ изыгъахуэ
Тырку ар зышэм зэ еуэну
Арт Iуэху псоми я нэхъ захуэр.
Ауэ иIэщ псоми пIалъэ.
Хы толъкъунри, мес, къокъуалъэ.

Жьым кхъухь пкъохэр ирегъэщIыр,
Жьыр гъуэжькуийщи мэджэрэзыр,
Кхъухьым исхэр мэгумащIэр,
Пшэр мэз фIыцIэщ, щIэту гъуэзыр,
Хым кхъухь кхъахэр зэрелъафэ,
Зэм еIэтыр, зэм щIелъафэ!

Хьэкурынэ хуитыныгъэу
ЛIыжь Федотым къритами
Гу щимыхуэу, и щIэщыгъуэу
IэщIагъэфIу къигъуэтари
А хы Iуфэм къыщынакъэ,
И мурадри къэкъутакъэ!

А Федоту адэ лъапIэм
Щыхуэзэнур сытым щыгъуэ?
МафIэ мащIэр упIэрапIэу,
Асыхьэту жэщ кIыфIыгъэм
Къыхэпщауэ хамэ кхъухьыр,
Щытщ мыхъейуэ а бэлыхьыр.

Зэрызохьэ тыркухэр пIащIэу,
Кхъуафэжьейхэри къатIатэ.
КъэхъукъэщIэнур куэдым къащIэу
Гу лъатауэ зэщIоятэ.
НэхъыфIыIуэу я хьэпшыпыр,
Мес, матросхэм зэщIащыпэ.

Тыркум жеIэ гужьеяуэ:
– Муслъымэнхэ, куэд къэвгъати…
Дэ джаурыр тIэщIэкIауэ
КъытщIэкIуэну фи гугъати.
Арщ щIэтшэчыр мы бэлыхьыр,
ЩIэкъутари арщ ди кхъухьыр.

Ауэ, месыр, инджылызым
Къос я кхъухьыр дыкъищIауэ.
Дитхьэлэнкъым дэ тенджызым,
Фес зылъэкIыр тегушхуауэ, –
Имыухыу тыркум псалъэр
ИIэ гъащIэм къос и пIалъэр:

НапIэзыпIэу къраудыр,
ЯIэщIэкIыу йоIэ тыркур,
Псоми я гур зэгуоудыр,
ФIэIуэхужкъым зым и мылъкур,
Емысыфхэр пхъэбгъум тесу,
ЙоIэ цIыхухэр хышхуэм есу.

Мис абдежым Хьэкурынэ
И фокIэщIыр IэщIэсысэу
Къосыр кIийуэ: «Тырку емынэ,
Къанэ уэри удигъусэу», –
ЗанщIэу йоуэ а щIэпхъуэжым,
ЩIалэр хышхуэм ныхолъэжыр.

Арт хуэфащэр тырку кхъухьтетым,
Мес, Iурзилэр IэщIэхуакъэ,
Щхьэпыредзыр ар зытетым,
БдзапцIэ натIэм нытехуакъэ.
Фэлъыркъэбым тегъуэлъхьауэ,
Йос Iурзилэ гужьеяуэ.

Инджылызым я кхъухь уардэм
ДежкIэ еIэу куэди йосыр,
Нэхъыбэжыр псым хокIуадэр.
Бэлыхьышхуэр Iэджэм лъосыр,
ЦIыкIуи ини цIыху хэкIуадэм
ИмыIэххэ бжыгъэ мардэ…

ЦIыхухэр есу жыжьэ маплъэр,
Хамэ кхъухьым щыгугъауэ.
Хьэ Пэрийри псынщIэу малъэр,
Хьэм Iурзилэ къигъуэтауэ
Есу макIуэр икIи банэу,
Хым щышынэу къимыгъанэу.

Мес, Iурзилэ мыпсэлъэфу,
Хьэжьым и цыр иубыдауэ
Пэриижьым зыделъэфыр.
Хамэ кхъухьыр ежьэжауэ
Хьэкурыни лъохъур пщащэм,
Хым хэлъ щхьэхэр псым хэгъуащэу.

Хы толъкъуным хэзщи пхъуантэ,
Ар хэт ейми псым зэредзэ.
Асыхьэтуи зэм епхъуатэ.
Инджылызу зым зыIуедзэ
И нэрыплъэри къахоплъэр.
Хьэ Пэрийри къоIэр-къолъэр.

Iуэхур хьэлъэщ, уегупсысым,
Мэхъур нэхъри лъэныкъуабэ,
АдыгэщIыр мафIэм исым,
Инджылызхэм загъэхуабэ;
Я мыщIыгур къаунэщIыр,
Фейдэ ини кърагъэщIыр.

Щэхуу Iэщэ бгырыс лъэпкъым
Иращауэ къагъэзэжыр.
Псыр жьэхоуэ я кхъухь нэпкъым,
Пэмылъэщу йокIуэтыжыр.
– Къэзэуату тырку IэщIагъэм
ХрекIуадэ хэку мызагъэр.

Россиешхуэм зыпэщIасэу
Бгырыс тIэкIур хрекIуадэ.
ХьэкIэкхъуэкIэм сыт я уасэ? –
ЖаIэр ахэм ягу къилъадэр.
Хым ирашри Тыркум яшэ,
Пэмыплъауэ еми хашэ.

Хъыджэбз цIыкIур хьэм къелъэфри
Инджылызым егъэщIагъуэ,
И бгырыпхым къыделъэфри
Трегъапсэ и кIэрахъуэр,
Баз пихьауэ и ныбжьэгъум
Хьэм техуэну ар зэ уэгъуэм.

– Еплъыт, – жеIэ, – а хьэ бзаджэм:
Си зэ уэгъуэм ар щIилъафэу
Тезгъэхуэнкъэ сэ а фаджэм…
Мауэр техуэу хьэм и бгъафэм.
Пэриижьри, мес, гуIэжу
Йосыр, йоIэр зигъэлIэжу.

БдзапцIэ гуащIэу хьэм техуари
Ди Iурзилэми нытохуэ.
Арт дунейуэ къахуихуари
Зы толъкъуным тIури хохуэ.
«Псым ар щихькIэ зимыгъазэу
Зи гур гушхуэм иIэщ лIыгъэ».

Хэт а псалъэм щымыгъуазэр?
А пщыхьэщхьэм ахэм дыгъэу
ЩIалэм и гур къагъэхуабэ,
Йосыр щIалэр жыжьэ Iэбэу.

* * *

Нызэхоуэр пшапэр мащIэу,
Хы толъкъуным зыкъэмынэу
Мазэм нуркIэ трелъащIэ.
Есу макIуэ Хьэкурынэ,
Зыделъэфыр щIалэм пщащэр,
Хым хихыныр и гуращэу.

Хьэ Пэрийри зэ бэнэжри –
И щхьэ къуацэр хым хокIуадэ.
Мазэр щтауэ пшэм къыхэжри –
Хым гъуэгу хужьыр къытолъадэ.
Жыжьэщ ахэм я гъуэгуанэр,
Игу къокIыжыр пщащэм и анэр.

Лъы щIэжахэр фIэкIуэдауэ,
Пщащэм и щхьэр мэуназэ.
И куэ цIыкIури къутауэ,
Гъуэгу мыухым зыхуегъазэ,
Ар зыдэкIуэм къикIыжынкъым.

– Псынэ щIыIэ, – жиIэу пщащэр
ЗимыщIэжу зэм мэпсалъэ,
«Нанэ» жиIэу зэм Iущащэу
И нэ фIыцIэр жыжьэ маплъэ:
– Сэ мыбдежым сыкъэгъанэ,
Месыр, модэ щыти нанэ… –

ЖеIэр пщащэм, щIыIэ хъуауэ.
Хьэкурынэр нэхъри пIащIэу,
ХуэмыгъэткIуу и гум гуауэр,
Йос, къаруури хъууэ мащIэ.
Хым пхырокIыр мазэ лъагъуэр,
ГъащIэ гъуэгур къегъэлъагъуэр.

– Сыкъэгъанэт, – жеIэ пщащэм, –
Уэ сыздэпхьым сянэр щыI э?
Иуэпауэ и нэщIащэр
Йосыр щIалэр – къэмыувыIэ.
Мэхъу хы Iуфэр тIэкIу нэхъ благъэ,
IупщIи мэхъур мэз фIыцIагъэр.

НыбжьыщIит Iыр тетщ гъуэгу захуэм,
АдыгэщIу ди щIыналъэ!
ДэIэпыкъут щIалэ хахуэм! –
Тис жыг иным ар и псалъи!
Пхъэхьу жыгым зыкъегъэшыр,
Къыхихыну щIалэ ешыр.

Тис жыхуаIэу, мес, жыг уардэм,
КъигъэщIами гъэ мин гъащIэ,
Лъэпкъыр хъуауэ псыхэкIуадэ
Щилъэгъуакъым уафэ лъащIэм.
ЩхьэкIуэ тисхэм ящыхъуауэ
Ити хымкIэ зашияуэ.

А жэщ кIыхьым гуауэ мащIэ
Илъэгъуакъым зэ лъагъугъуэу,
Гуауэт хыри зыщIыр гуащIэ,
ЩымыIэжу зи щIэщыгъуэ.
Махуэм гъащIэм щыгугъахэр
Хым и щIагъым щызэгъахэщ.

* * *

Нэху зэрыщу хыр жэбзауэ
Пшахъуэ нэпкъым йоIущащэ,
Уафэ щхъуантIэр укъэбзауэ
Жьыр жыг щIагъым щопэщащэ.
А лIа къомыр хэт зи жагъуэр?
Псэум яхуну лIам и лъагъуэр?

IэплIэ т Iуми зэхуащIауэ,
Мес Iурзили Хьэкурыни
Iулъщ хы Iуфэм къытенауэ.
Арт я гъуэгум иIэ гъунэр.
Хы толъкъуныр хужьу, щащэу
А цIыкIуитIым къоIущащэ.

Къызэщоур Хьэкурынэ…
ЩIыуэ пIэрэ ар зытелъыр?!
ЗыдэщыIэр хэт и унэ?..
Сыт а хьэлъэу и бгъэм телъыр?..
ЗыкъищIэжу Хьэкурынэ
Зэтрехыр хуэму и нэр.

Пщащэ хьэдэри иIыгъыу
Йоплъыр дахэм тегузасэу…
Сыт а щIалэр зыщыгугъыр?
ФIэкIуэдакъэ псори пасэу?
Дэнэ гъуэгуу зытехьэнур?
Хэт и пащхьи ар ихьэну?

Нэхъ лъагапIэу, щIыIэтыIэу,
Дэнэ щIыпIэкIи щыплъагъуу,
Хьэкурынэ хьэдэ щIыIэр
ЩегъэтIылъыр тис жыг щIагъым.
ТIэу къитIауэ щIалэм мащэр
Зэ нышIелъхьэ а и пщащэр.

Хэкур тыркум яфыщIауэ
АдыгэщIыр ягъэгызыр,
Хэт и уни нэщI ящIауэ,
Гуауэ папщIэ ягу мыузу,
Псэ зыIутыр унэхъуакIуэ
Хамэ щIыпIэхэм ягъакIуэ…

Тхыдэ Iэджэм хэIэбари
Йошыр, цIыкIухэ, хъумэ кIасэ,
Урыскъану зи хъыбари
ФхуэсIуэтари сэрщ, си тIасэ.
Илъэсищэм нос си гъащIэр,
Сэ сщIэ Iуэхухэр фызогъащIэр.

Дунеишхуэм сыщылейуэ
КъэскIухьакъым сытми мащIэ,
Си Федотыр псом ялейуэ
КъыхущыщIэрт сэ си гъащIэм,
Сыхуэзакъым сэ иужьым,
Сыпэплъами сэ а лIыжьым.

Ауэ, жаIэрт, пащтыхьыжьыр
ИщIт а лIыфIым ныкъуэкъуэгъуи,
Къыхуу дадэм и лъэужьыр,
ЯIэщIыхьэщ и жагъуэгъуми,
Дадэр хьэпсым ирадзауэ
ИкIи жаIэр ягъэлIауэ.

Сэ си жьыщхьэм си гум нэсу
ГъукIэр сядэу сэ солъытэ.
И фэеплъу нобэм къэсу
СIыгъым феплъыт, си нэхъытIэ, –
ТолъэщIыхьри Рау и жьакIэм
Тхылъ къыдехыр и гуфIакIэм.

ЛIыжьым тхылъыр егъэлъагъуэ,
Топсэлъыхьыр хуэгумащIэу.
Ар а цIыкIухэм ягъэщIагъуэ,
Тхылъыр зейми фIыщIэ хуащIу.
– Алыфбейуэ ар си дотэу
Къызитати сэ Федотым.

Арт си дежкIэ егъэджакIуэр,
ЖиIэрт куэдрэ къызэпсалъэу:
– Хъу уэ гъукIэ IэкIуэлъакIуэу,
Уи насыпым иIэщ пIалъэ,
Тхылъым лъагъуэр къегъэнэхур,
КъыбжеIэфыр щIым и щэхур.

Пэжым мащэ къыхуэзытIыр,
Тхылъым жеIэ, ар пщы лъэпкъырщ.
Псынэ мастэкIэ къэзытIым
Ещхьщ щIэныгъэм цIыху хущIэкъур,
Гурэ псэкIэ уемылэжьым,
ПщIэ иIэнкъым уэIуэху блэжьым.

Сочэ къалэ дэтщ Дендрарий,
Фэ а хадэм фыкIуэ закъуэ,
Тис зи гугъуи сэ фхуэсщIари
Итщ иджыри тIэкIу хуэщIакъуэу,
Илъэс минкIэ къабж и гъащIэр,
Ар жыг гъащIэу хэт фIэмащIэ!

КъэдэIуауэ щэхуу мазэр,
Пшэ гуэрэным ныхокIуадэ.
Хъыбарышхуэм хуещI щыгъуази,
Зэпегъэур псалъэр дадэ,
ЩIыкIухэм я гур егъэшхыдэ
Адэ хэкум иIэ тхыдэм.

* * *

Мес, «Победэр» псынщIэу мажэ,
НуркIэ кIыфIыр иупщIатэу,
Бложыр хадэм, бложыр къуажэм.
Юбилярым къыдэкIуатэу
ЛутIэ искъэ а машинэм.
ИIэщ щIалэм гу мышынэ.

КIыфIым хэту Рау и пщыIэр
Уэздыгъэшхуэм къегъэнэхур.
Я машинэр къоувыIэр,
Рау къелъагъур занщIэу нэхур
ИкIи хуабжьу мэгупсысэ,
КъыхуеплъэкIыу щIалэ гъусэм.

Псом нэхъейуэ, сыт телъыджэ,
Рау макъамэ къызэхехыр,
Макъ бзэмыIур къызэщыджэу.
«Сыщыуамэ, напэтехи», –
ЖиIэу хэти Рау хадэкум,
АдкIэ кIуэни иримыкуу.

ЛутIэ Iуэхум гу лъитауэ
НыжреIэ лIыжь тхьэмадэм:
– Уи мыгугъэ ущыуауэ,
Мес уи пщыIэр, мес уи хадэр.
Мо Анзори Чэриуани
Зыбгъэдэсыр уи щIыуни.

Илъэсищэ ущыхъу махуэм
И саулыкъукIэ радиори
Уэ пхуэтщIащи, ухъу ар махуэ.
Пионеру диIэр псори
ХъуэхъукIэ нобэ къыщыпIущIэм,
Ар пхуэтщIакъэ уэ умыщIэу.

Мис тетхари а уэздыгъэм:
«Илъэсищэ ущыхъу махуэм
Пионерхэм къуат мы тыгъэр,
Ухъу уи гъащIэр жьыщхьэ махуэ».
ЛIыжьым и гур къызэфIонэ,
И тэмакъым псалъэр тонэ.

ЦIыкIухэм IэплIэ яхуищIауэ
ЛIыжьым жеIэ егупсысу:
«Дунеишхуэр фэ фхуащIауэ
ФиIэщ фIыгъуэр фэ къыфлъысу.
Фэ фриIэщ партым къану,
Фэрщ сэ слъытэр урыскъану.

Куэд къигъащIэу Рау жьы хъуами –
Фэ сыфхэтщи, ар гъуэзэджи.
Си щIэныгъэм сыт щыщ Iами
УрыскъанкIэ фыкъызэджэ».

*1952–1954 гъгъ.*

## ЗЭШИБЛЫМРЭ ЗЫ ПСЫКЪУИЙМРЭ
## ЯТЕУХУА ИНДИЙСКЭ ПОЭМЭ

### 1. Жьыбгъэм и уэрэд

Сыдыгъужь ныбэу
Сыныбэ нэщIу,
ЩIым сылъэIэсмэ,
Сылъапэрисэщ.

Къумым и фэбжьу
Сыжьыбгъэ тепщэщ.
Къепщэн къэзублэм,
Пшахъуэр сокIыщтэ.

Уафэр нэщхъеймэ,
Сыжьы IэлфIыщIэщ.
Я нэр яуфIыщIыр
Къумым къихьахэм.

Къумыжь IунэщIыр
Си гъусэ защIэщ.
Сырипсэлъыхъуми,
Псыр сымыгъуэт.

ТкIуэпс къемыжэхыу
НэщIыбзэщ псыхъуэр.
Пшахъуэр гъуэжькуийуэ
Согъэджэрэзыр.

Си зэш тезгъэууэ
Зэм сощхьэрыуэ.
Шу къэщхьэрыуэм,
Къумым йокIуадэ.

Лъэсым я хьэдэу
Пшахъуэм щIэсхъумэм
Къалъыхъуэжыну
Дзыхь ямыщIыххэ.

ЛIым я нэхъ ябгэр
Къумым текIуакъым,
Псыр къытекIуэнут,
КъылъэIэсатэм.

Къумым псэ Iуткъым,
Къумыр щIасэншэщ.
Къумым нысашэ
И нэгу щIэкIакъым.

Сыдыгъужь ныбэу
Сыныбэ нэщIщи,
IунэщI къумыжьыр
Си IупэфIэгъущ.

## 2. Къумым и уэрэд

ШейтIан уджыр зэхэсшамэ,
Къалэ хужьу ар къафIощIыр,
Къалэ гъуэгур къигъуэтыну,
Къумым къихьэм и гур хощIыр.

Мазэ джафэ, зыкъэгъазэт,
Данэ фащэр дэнэ пхьа?
Уэрэ дэрэ дызэшыпхъути,
Уафэм пцIанэу щхьэ уихьа?

Псы зыдгъэнщIу дэ дгъуэтатэм,
Дарий щIыхукIэ зытхуэпэнт.
ФIыщIэ жыгым къапыху тхьэмпэр
ЗэщIэлыдэу тщIынт шхыIэн.

Гъуэгу къытехьэм уедэIуамэ,
Тхьэм елъэIумэ арэзыщ.
Псы шкIур макъыр зэхэтхамэ,
Дэ ди натIэ хъунур зыщ.

## 3. Зэшиблым я уэрэд

Шивэ тхьэшхуэр IийкIэ Iэбэрт –
Нэр зыдэплъэм лъэIэсакъым.

Дэ зэшиблыр нэ пщыкIуплI
Дохъур. Фыплъэ, къуэш.
Дэ зэшиблыр Iэ пщыкIуплI
Дохъур – девмыгъэш.

Дэ унапIэу къум щIыналъэм
Нэхъ мывалъэр къыдатащ.

Дэ зэшиблыр нэ пщыкIуплI
Дохъур. Фыплъэ, къуэш.
Дэ зэшиблыр Iэ пщыкIуплI
Дохъур – девмыгъэш.

Тхьэр бзэгуиблкIэ ирехъущIэ –
ФIыщIэ жыгыр тхухасэнщ.

Дэ зэшиблыр нэ пщыкIуплI
Дохъур. Фыплъэ, къуэш.
Дэ зэшиблыр Iэ пщыкIуплI
Дохъур – девмыгъэш.

Блэ тIысыпIэу дэ къумыжь –
ТщIынщ жыг жьауэ, жьыщIэху дахэ.

Дэ зэшиблыр нэ пщыкIуплI
Дохъур. Фыплъэ, къуэш.
Дэ зэшиблыр Iэ пщыкIуплI
Дохъур – девмыгъэш.

Пшахъуэм псыдзэу зыкъаIэтми,
Дэ тIэт Iуэхум фIыщIэ пылъщ.

Дэ зэшиблыр нэ пщыкIуплI
Дохъур. Фыплъэ, къуэш.
Дэ зэшиблыр Iэ пщыкIуплI
Дохъур – девмыгъэш.

### 4. Къуэш нэхъыжьым жиIа псалъэ

Дунеишхуэр мэхъу къатищи –
Гангэ псышхуэр щыми щожэ,
Я ткIуэпс закъуи зэхуэмызэу
Зы лъэныкъуэмкIэ зэдожэ.
ЩIым щежэхым Iусыр мащIэ,
ТхьэмыщкIагъэр я дзэгъащтэу?
ЦIыху ягъэсмэ, яжьэ тIэкIур
Псым хапхъэнщи – бгъуэтмэ, къащтэ.

Данэ защIэкIэ хуэпауэ
Гуащэм ещхьхэр зэи мыгъуащэ.
Уафэм щыжэу Гангэ псышхуэр
Уэшхыу щIылъэм къытощащэ.

ЩIы щIагъ Гангэ и псы Iуфэр
Мывэху дахэу зэщIолыдэ.
Жэнэт дыдэм и къалащхьэу
Мывэу щыIэм я нэхъ быдэщ.

Пхыдудыфмэ къум щIыналъэр,
ЩIы щIагъ Гангэ дынэсынущ.
Мис итIанэ хъуащ ди Iуэхури
ФIыщIэ жыгыр къытлъысынущ.

## 5. Къуэш етIуанэм жиIа псалъэ

ЩIы къатиблу Ганг щежэхым
Нэс дэ мывэр тхуэкъутэн:
Уадэ закъуэщ Iэмэпсымэр,
Мывэ защIэм утекIуэн?

Нэху уи нитIым ямылъагъуу
Лъагъуэр дауэ хэпшыфыну?
ЩIым и щIагъыр жэщым хуэдэщ,
Iэмалыншэщ уехыфыну.

Дунеищри зэлъэIэсу
Я псыр тщIыми зэхэлъадэу,
Я мурадыр зы тхуэщIынкъым –
Хъунщ ди Iуэхур псыхэкIуадэ.

Щыми яIэщ тхьэусыхафэ,
Щыми Iэджэ щыпыхьакъэ?
Ныкъуэкъуэныр яку къыдэтлъхьэм,
Щыми я щхьэри щIахьакъэ?

Зым бэлыхьыр къытехуакIэ,
Зым ар сыткIэ зыхищIа?
Дунеищыр зэзэгъыну
Зи IэщIагъэм имыщIа.

## 6. Къуэш ещанэм жиIа псалъэ

IэдэмрэХьэуарэ яужькIэ
ЗэлIзэфыз защIэу пщыкIутI
ТIурытIу щIылъэм къытохьэ,
Я насып Iыхьэм щIэхъуэпсу.

ГъэунэхупIэ ихуауэ
ПщIыхьэпIэу я гум къэмыкI,
Щхьэж игу ирихьу шхыныгъуэр
ЩIэщыгъуэ псоми къащохъур.

Тхьэр уэгум иту къахоплъэ,
Хэт сыт къиищтами елъагъур:
Хэт дэм ехъуапсэу къефыщIыр,
Дэ купщIэр яшхмэ, загъэнщI.

ЗэлIзэфыз къомым къахокIыр
ЛыкIэ загъэнщIмэ, зыфIэфI.
Кхъуэр гъэлыгъуауэ хьэзырти,
Тезэрыхьауэ кхъуэр яшхыр.

Манго жыхуаIэр бэгъуауэ
Жыгыр къикъутэу ялъагъуми,
ЗэлIзэфызитIу нэгъуэщIым
ВыщIэр яукIри гур яшхыр.

ЕпщыкIутIанэр гувати
Къалъыс щымыIэу къэнат.
Зи ныбэ изым ехъуапсэу
Я гурыIупсыр къожэхыр.

Алыхь Iэмырти а махуэм,
Щхьэж зыхуэзэнур IупщI мэхъур.
Я натIэ хъунур шхыныгъуэм
КъигъэлъэгъуэнуямыщIэт.

Дэр зыфIэIэфIу зышхахэм
Я щылъхур хъуахэщ молэ.
Къелыжу шхыныр ягъуэту,
Ягъуэтыр яшхыу мэпсэур.

Напэншэ цIыхухэм Iыхьлыуэ
Кхъуэлыр зышхахэр хуэхъуащ.
Кхъуэм хуэгубжьамэ, я губжьыр
Хьэжьым щIыхуахьри аращ.

ВыщIэр зыукIыу вым и гур
ЗыIурыхуахэм я щылъхур
Дзэпщ къызытекIыр аращи –
Я афэ джанэр ящыгъщ.

Зэкъуэш зэшиблыр дызэщхьыр
Iыхьэншэр аруэ къысфIощIыр.
ФIыщIэ фыхуеймэ, си къуэшхэ,
Зауэшхуэ къумым ефщIылIэ.

### 7. Къуэш еплIанэм жиIа псалъэ

Щхьэм имытмэ,
Лъакъуэм я мыгъуагъэщ.
Гъуэгур щыхэтшкIэ,
И кIэм нэс дывгъэкIу.
Хьэдрыхэ япэ нэсым –
Япэ сын хуащIынщ.

### 8. Къуэш етхуанэм жиIа псалъэ

Къумыр благъуэм хуэдэщ.
Дыкъихьащ и куэщI.
Дзэкъэгъуибл Iухуами,
ШхэнкIэ зимыгъэнщI.

### 9. Къуэш еханэм жиIа псалъэ

Укъэрабгъэм, жьэгум дэс,
Къумым псы идгъуатэм,
ЩыIэ нэхъ гунэс?
Маржэ, уадэр къафщтэ.

### 10. Я нэхъыщIэм жиIа псалъэ

Зым Iэпыхур зым къищтэжу,
Зэкъуэшиблым диIэщ хабзэу.
Ди нэхъыжьым ищI унафэр –
Ди унафэщ псоми къабзэу.

Жэрдэм дахэ зэдэтщIащи,
Къэгъэзэж димыIэ.
Къумыжь нэщIым зетпщцытащи,
ЖыфIэ, сщIэнур, жыфIэ.

## 11. К ъ у э ш н э х ъ ы ж ь ы м ж и I а п с а л ъ э

Драупади зыфIащауэ
Пащтыхь ябгэм зыпхъу иIати
Зэкъуэшитхум ягъэфызырт,
Ар тхьэлъанэу траIуати.

Зэкъуэшиблым псыкъуий закъуэм
Тхьэм насып къытхудигъакIуэ.
Псы дгъуэт закъуэм, унэр Iуэхукъым.
ТщIынщ нэхъыфIыр IэкIуэлъакIуэу.

Шэч ди Iуэхум къытевмыхьэ,
Къумыр жинырщ зи IэщIагъэр.
Зэкъуэшиблыр дызэкъуэтмэ,
Iуэхур хъунущ гугъэзагъэ.

## 12. З э к ъ у э ш и б л ы м я у э р э д

Пшахъуэр, мывэр блэ тIысыпIэщ,
ШейтIан уджыр я щIасэгъущ,
Пхелай гъущIым щыщщ ди ломри
Къумыр дощIыр ныкъуэкъуэгъу.
Iэ пщыкIуплIыр емызэшу
Мывэ джейхэр пхыдоуд,
Етх удыным щIыр допсалъэ,
Мывэ хъуаскIэр къегъэлыд.
Iэ пщыкIуплIкIэ Iуэху зыщIэфу
Тхьэшхуэ щыIэм ещхь дыхъуащ,
Iэпэлъапэм лъыр къапыжми
Дэ ди фIыщIэм хэдгъэхъуащ.
КIуэцIырыхутэм къум мывалъэр,
ЩIы щIагъ псышхуэм дынэсат,
ИIэт, маржэ, къос и пIалъэр –
Нэр зыдэплъэм гур лъоIэсыр.
Пелуаныфэ дэ ттемытми,
Мывэр бдзыкIэ догъэщащэ,
УнафэщIыр къуэш нэхъыжьщи,

КъыдохъулIэ ди гуращэр.
Зэкъуэшиблри бланэ защIэщ,
ЛIыгъэр Iыхьэу ямыгуэш.
Iэ пщыкIуплIкIэ лажьэ ди тхьэм
Зедгъэщхьауэ демызэш.
ЕIэт кIапсэм – матэм изу
Мывэр илъщи, дэлъэфей.
ЩIы къатиблым щежэх псышхуэр
КъикъуэлъыкIыу къыдожей.
Ар зымыдэу Вритру ябгэр
Къытехьауэ тхьэр мэкIийр.
Къумым псышхуэр къыщылъысым
Псэ хэтлъхьащи хъунщ мэз кIыр.
Дэ лэжьыгъэр ди щIэщыгъуэщ,
ИрегуащIэ уеблэм дыгъэр,
Зэкъуэшиблым Iэ пщыкIуплIкIэ
Къумыр хадэ тщIын ди гугъэщ.

* * *

Псыр зыпхымыкIым дыпхыкIыу,
Дэ батэкъутэр догъэш.
Бдзыр къыIуигуами мывалъэм,
УадэмкIэ еуэ, си къуэш.
Топыжь IунэщIу псыкъуийм
ПэрыIэбапIэ имыIэ.
Мывэ къутахуэр нэм щIэхуэу
Игъэузами зышыIэ.
Iуэху ямыублэм блэ хэсщ,
ЖезыгъэIари дэракъым.
Фыкъэмыгухэт, нэхъыщIэ,
ДыкъикIуэтыну дежьакъым.

* * *

Къумым къыщофэ гъуэжькуийр,
Дыгъэри уафэм йоткIухь,
Зы брахман гуэри щай гъуэжьу
А махуэм сытым къиухь.
Диным хуэпщылIыр губжьащи
КъажриIэни егъуэт:
«Тхьэм и гур сыт щIызэвгъабгъэр,
Псыкъуий къэтIыныр щывгъэт.
Псы къаритыну хуеятэм
ХуищIынут къумым гущIэгъу.
Тхьэм цIыху къыпеуэу хуэзакъэ –
И лъапсэр къуму егъэгъу.

Тхьэм и ІэщІагъэу игъащІэм
Щыуэ зэтеткъэ дунейр,
ЗэлъэІэсыну ящІакъым,
Зым щыІэр щычэмщ адрейм.
Критэ-Югэ – арщ зэреджэр
Япэм гъащІэу щІым иІам.
Мэзу нобэ дэ тлъагъунут,
Мы къум нэщІым псы щыІам.
Тхьэм къуимытыр хэт къуитын,
Къумыр нэщІ щи гур хегъэщІ,
ЦІыху ІэщІагъэу ар щытамэ,
Хъунт нэхъыфІым хуэбузэщІ.
Третэ-Югэ – арщ зэреджэр
А лъэхъэнэм къыкІэлъыкІуэм.
ЦІыхур псыкІэ щыгугъами,
Нобэ къэскІэ псы къэмыкІуэ.
ЛъэхъэнитІым мес ещанэр,
Двапарэ-Югэ жаІэу къэсми,
Пшахъуэ къомыр зэрыщытщи
Гъуэгу щыхашрэ шуми лъэсми?
Кали-Югэ жаІэу цІыхур
МелыІычхэм я лъэхъэнэм
ЩыгуфІыкІырт, ягу къэмыкІыу
Пшахъуэм гугъэр къалъэхъэну.
Дунеищри зэпэІэщІэщ,
ЩІым хуэфащэр щІылъэм телъщ,
Уафэм уеплъмэ, пшэкІэ бейщ,
ЩІым и щІагъым мафІэр щІэлъщ.
ЖыхьэнмэшхуэрвгъэункІыфІу
ФщІын флъэкІынкъым фэ жэнэт.
Фэ зэшиблыр фымыделэ,
Фи мурадыр Іейщ, щывгъэт».
Брахман, брахман, джанэ гъуэжьым
Щхьэ уэ ди гур хэбгъэщІа?
Ди мурадыр зэпыбуду
Сыт Іэнкуни дыщІэпщІар?

* * *

Къумым псыхъуэ щыхэзышым
Пшэ адрыщІым щещІыр гъуэгу.
Нэхъ Іуэху гугъуу сыти щыІэ,
КъыпхуащІынкъым зым гущІэгъу.
Арщ Индири и ІэнатІэр!
Сыт Іуэхушхуэу ар зыхэтыр?
Тхьэми цІыхуми хуэмыбжауэ

Ныбэ нэщIхэр зи Iумэтым?
Дари  Сари зыщыгъ пашэм
И пэшэгъур сыту гугъу.
Зэкъуэшиблу къумым итым
Хуэдэу ари фIым щогугъ.
Зы гъэм гъавэр щэ Iуахыжми
ЦIыхур Iувщи пхуэмыгъэнщI,
ЕкIуэлIапIэ зимыIэххэр
Уэшх къешхамэ, еуфэнщI.
Пашэм еплъмэ зэш-зэкъуэшхэр,
Нэхъ тогушхуэр, нэхъ йогугъу.
Зи гугъапIэ хэзымыхыу
Ганди и пхъур къадэщIыгъущ.

* * *

Iэпэ-лъапи къахуэмынэу
Я псэ тIэкIур пыт къудейщ.
Зэш-зэкъуэшхэм я нэхъыщIэр
Я нэхъыжьым ныдоплъей.
Кумбыр куущи уомэхыхьыр,
КIуэ хьэдрыхэ лъагъунлъагъу.
Удэплъеймэ, вагъуэ цIыкIуу
Нэху тIэкIу дыдэ нэм елъагъу.
Къуэш нэхъыжьыр кумбым йохыр,
ЩIы къатиблым ар нэсащ.
Мывэ джейри пхекъутыкIыр,
Нэхъ гугъу дыдэр къылъысащ.
Зы бэуапIэ имыгъуэтми
Кумб зэрысщи гуэхум хощI.
Iэбэлъабэм, псыIэ гуэри
ТеIэбауи лIым къыфIощI.
КъэгуфIауэ зэIэбэкIым,
Щыгъын тIэкIур псыф къэхъуащ.
– ФеIэ кIапсэм, си къуэшыфIхэ!
Псы дыхуейти, псы дгъуэтащ!

* * *

КъыздикIари умыщIэххэу
Брахман дадэри къэсащ:
– Псым фемыфэ, зэш-зэкъуэшхэ,
ТкIуэпс зыIухуэр гузэсащ.
Псыуэ плъагъуми ар уз защIэщ,
ЗыщIэлъадэри егъэгъу.
Джанэ гъуэжьым, фIэкI хэмылъу,
ІуегъэзыкIри ещIыр кIэбгъу.

Зэш-зэкъуэшхэм хади хасэ,
Псыр къырахыурэ щIагъэлъадэр,
Къэзылъагъум игъэщIагъуэу
ЗэщIогъагъэ я жыг хадэр.

* * *

Дунеишхуэр яухуауэ
ЩIылъэр, уафэр зэгъэпцIат,
Вишну, Вишну, мис а махуэм
Тхьэшхуэр дауэ къэбгъэпцIат?

ЩIылъи уафи къыслъысакъым,
Сэ нэхъ цIыкIуи фэ къыфхэт?
Лъэбакъуищым нэс нэхъ мыхъуми
Пащтыхьыгъуэ сэ къызэт, –

ЖыпIэу Тхьэшхуэм ущелъэIум
Iэмалышхуэ улъыхъуат.
Унэхъ цIыкIуми ин зыпщIыжри
Лъэбакъуищи щIыр мыхъуа.

Дэ Iэмали зедмытыххэу
Ди фэм дэкIыу тхуэщIэр тщIащ.
Тхьэм илъэкIри дэ тлъэкIакъэ –
Къумыр псыкIэ дэ дгъэнщIащ.

* * *

Псыкъуий щатIым илIыхьауэ
ЗэкъуэшитIым жыг хуагъэкI.
А жыг жьауэу дызыщIэсым
Мы хъыбарыр гум къегъэкI.

Къум псы хуэлIэ изыгъэкIым
Дыгъэ нуркIэ джанэ хуад.
Индие, Индие, къэралышхуэ,
КъурехъулIэ уи мурад.

*1973 гъ.*

## ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР


Лъэпкъым и набдзэ. *Гъут Iэдэм* . . . . . . . . . . . . . . . 5


**Усэхэр**

«Б г ы л ъ а п э х э м д е ж»

1941


Кавказым и уэрэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
ТекIуахэм – сэлам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Бгыхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
КъызжефIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
«ЩIалэ нагъуэм удихьэхмэ...» . . . . . . . . . . . . . . 38
Жей, си щIалэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
СыпхуэзэхукIэ щэхуу укъызоплъыр . . . . . . . . . . 40
Маяковский . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Си къуажэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Гъэмахуэ уэшх . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
«Ди зэманым ныбжьыщIэм...» . . . . . . . . . . . . . . 43
Линэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Си адэм . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Си ужь къихъуэнум . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
«Куэд щIауэ, и гур мызагъэу...» . . . . . . . . . . . . 47
Умыгузавэ, си анэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48


«Ш у м и г ъ у э г у»

1946


«Хыр си шакъалъэу...» . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
ТекIуэныгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Сэлэт сэлам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Майм и 9-м 1945 гъэм . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Салют . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Сэлэт шырыкъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Шыхулъагъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Ноябрым и 4-м 1942 гъэм . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Сабий . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Уэрщ, зауэлI хахуэ, ар зэджэр . . . . . . . . . . . . . 58
ЗэуапIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59
«Усэ къарукIэ бийр бгъэсу...» . . . . . . . . . . . . . 60
Уигу, си анэ, сыкъэкIмэ . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Борэныр бгыщхьэм щыетащ . . . . . . . . . . . . . . . 64
«Сигу плъау сэ хуабэ сыщыщIэн?..» . . . . . . . . . . 65
Си фочым IэплIэ есшэкIауэ . . . . . . . . . . . . . . . 65
ЗэныбжьэгъуитI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Пушкиныр 1941 гъэм и ноябрым . . . . . . . . . . . . 69
ЩIым и макъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70
«Iыхьлыхэм псалъэу жаIахэр...» . . . . . . . . . . . . 73
Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ . . . . . . . . . . . . . . . 73
УIэгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 74
Командир . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Хэт гъащIэр пщIэншэу зылъытэр . . . . . . . . . . . . 76
«ЖыIэт, мыпхуэдэу щхьэ сызэшрэ?..» . . . . . . . . . 77

Жыр пыIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Лэгъуп цIыкIу . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Атакэм и пэкIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 80
ЩIэпхъуэжахэр . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
Дыгъэр къепсын папщIэ . . . . . . . . . . . . . 82
Фэеплъ бэлътоку . . . . . . . . . . . . . . . . 84
Уи деж сынокIуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 85
Сэ сщIэркъым зауэм никIыжу . . . . . . . . . 87
Пощтзехьэ пщащэ . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Гупсысэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 89
«Зэгуэр пщIыхьэпIэу услъэгъуащи...» . . . . . . . . . . 90
Дэ къэтпсэлъахэр дыгъуасэ . . . . . . . . . . 90
Мэлыхъуэхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 91
Пщыхьэщхьэ шу . . . . . . . . . . . . . . . . . 92
Мей . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 93
Насып . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 94
Нарт уэрэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95
Къайсын К. папщIэ . . . . . . . . . . . . . . . 96
Бгы нэпкъым тет жыгей . . . . . . . . . . . . 97
Поэтым деж . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 98
Сэ стиххэм гъэру саIыгъщ . . . . . . . . . . . 99

«Щ I а л э г ъ у э щ I ы н а л ъ э»

1948

Ленин лъагэу тетщ . . . . . . . . . . . . . . . 100
СыкIуэнт нэхъ псынщIэу . . . . . . . . . . . . 101
Бгыщхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 102
Гупсысэ лъапIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
ЗэкъуэшитI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 104
Щхьэгъубжэ нэху . . . . . . . . . . . . . . . . 106
Нып . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
Борэн . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 108
Анэм и пщIыхьэпIэ . . . . . . . . . . . . . . . 109
Таурыхъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 110
Си анэм . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 111
УнэщIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 112
Уэрэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 114
Хъыджэбз шофёр . . . . . . . . . . . . . . . . . 115
Мэкъуауэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 116
Мэл гуартэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 117
МакIуэ щIалэр ауз гъуэгукIэ . . . . . . . . . 118
Си дыгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 119
Псынэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 120
Уи псалъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 121

«П а р т ы р д и п а ш э у»

1953

Партыр ди пашэу . . . . . . . . . . . . . . . . . 122
Вагъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 123
Пшэ адрыщIым щыпсэу цIыхухэр . . . . . . . 125
Ущие . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127
Псыкъелъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 128

Фыкъеблагъэ, хьэщІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 129
ЕгъэджакІуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 130
Къуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 131
Гум и гъатхэ . . . . . . . . . . . . . . . . 133
Шумахуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 134

«М ы в э х у а б э»

1964

Поэзие . . . . . . . . . . . . . . . . 135
Жыр хъуаскІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 136
Тхылъым еджэм . . . . . . . . . . . . . . . . 137
«Уузыншэм!» – сэ жызоІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 138
Молибден Іуащхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . 139
Бгыщхьэ Іугъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 140
Пкъоми пащІэ ятетщ . . . . . . . . . . . . . . . . 141
Дохутыр . . . . . . . . . . . . . . . . 143
Къущхьэхъу щыІэ жэмышхэр . . . . . . . . . . . . . . . . 145
ЦІыхухъу . . . . . . . . . . . . . . . . 146
«Зыхэс удз Іувыр ирецІынэ...» . . . . . . . . . . . . . . . . 148
«Сэ си гур фІыкІэ ныпхуэусэрт...» . . . . . . . . . . . . . . . . 149
ПщІыхьэпІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 150
«Си гъуэгу тыншакъым сэ игъащІэм...» . . . . . . . . . . . . . . . . 152
Іуащхьэмахуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 153
Пхъэху жыг . . . . . . . . . . . . . . . . 154
Бжьыхьэ мэз . . . . . . . . . . . . . . . . 155
Гъуэгу къежьапІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 156
Лермонтов . . . . . . . . . . . . . . . . 158
Поручик Лермонтов . . . . . . . . . . . . . . . . 160
Россие . . . . . . . . . . . . . . . . 161
Жэщ хьэщІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 163
Космонавт . . . . . . . . . . . . . . . . 164
Астроном станц . . . . . . . . . . . . . . . . 165
Мазэ . . . . . . . . . . . . . . . . 167
Авар хьэщІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 168
Кулиев Къайсын . . . . . . . . . . . . . . . . 169
ГъущІ . . . . . . . . . . . . . . . . 171
Тенджыз . . . . . . . . . . . . . . . . 172
ЩІы Іэбжьыб . . . . . . . . . . . . . . . . 173
Сэлэт лъэужь . . . . . . . . . . . . . . . . 174
Телъхьэ уанэр си шым . . . . . . . . . . . . . . . . 176
ЩІэин . . . . . . . . . . . . . . . . 177
ЩоджэнцІыкІу Алий и сурэт . . . . . . . . . . . . . . . . 178
«ЩхьитІ зыфІэту Іуащхьэмахуэ...» . . . . . . . . . . . . . . . . 179
Усэ гъусэ . . . . . . . . . . . . . . . . 180
«Зыгуэрым жиІэм емыдаІуэу...» . . . . . . . . . . . . . . . . 181
Сын . . . . . . . . . . . . . . . . 182
ЛІыхъужь хъыбар . . . . . . . . . . . . . . . . 183
Хьэлъэ . . . . . . . . . . . . . . . . 186
ЛІэныгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . 187
Сэ ар сощІэ . . . . . . . . . . . . . . . . 188
«Псыр шы щхъуантІэм тесу мажэ...» . . . . . . . . . . . . . . . . 189
Удзымэ . . . . . . . . . . . . . . . . 190
Си щІалэм . . . . . . . . . . . . . . . . 191

Усэм гъущI хэлъыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 192
**Усэ шэрыуэ** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 193

«Д а м ы г ъ э»

1969

Дамыгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 205
Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ . . . . . . . . . . 206
Историк гуэрым деж . . . . . . . . . . . . . . . . . . 207
«Ди лъэпкъ и псалъэ епцIыжакъым...» . . . . . . . . . 208
Си гур си Iэгум илъу . . . . . . . . . . . . . . . . . 209
Сэ къуалэбзухэм сохъуапсэ . . . . . . . . . . . . 210
Акъужь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 211
Уэрэдгъэшэс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 212
Къурш дыркъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 213
«СIыгът кхъуей хъурейуэ сэ мазэр...» . . . . . . . 214
Уэрэдибл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 215
Жэщ мазэгъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 217
«Сытетщ къурш дами, соплъэ жыжьэ...» . . . . . . . . 217
«Мэзыр хамысэу къэкIакъэ...» . . . . . . . . . . . . 217
Бабыщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 218
Лей зылъысар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 218
Мазэ фагъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 218
Дыгъужь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 219
«Зы критик гъуамэ сэ соцIыхур...» . . . . . . . . . 219
Iэдакъэм щIэкI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 219
Дыщэ сэшхуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 220
ХъыбарегъащIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 220
Си ужь къихъуэнум . . . . . . . . . . . . . . . . . . 220
Лъэмыж . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 221
ЦIыху гуауэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 221
ЦIыхубз хьэл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 221
Ныкъусаныгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 222
Фи нэр жанщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 222
Тет щхьэщих . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 222
НыбжьэгъупцI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 223
Шынэ нэпцI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 223
Дэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 223
Адыгэ хэку . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 224
«Налкъутналмэсу ипхъащи...» . . . . . . . . . . . . 225
Нэхущ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 225
«Уэгум ит бгъэжьхэр абгъуафэщ...» . . . . . . . . . 226
Николай Тихонов папщIэ . . . . . . . . . . . . . . . 226
Къуршыщхьэ лъагэр къызэджати . . . . . . . . . . 227
Къамэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 228
«Уигу къоузым ещхьыркъабзэу...» . . . . . . . . . . 229
«Жьэгур ужьыхмэ, гъунэгъур...» . . . . . . . . . . . 229
ЩIэгъэкъуэн . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 230
Хьэуа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 230
Къуршым докI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 231
Щэху . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 232
Мэкъуауэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 233
МылIэжыныгъэм и мафIэгум . . . . . . . . . . . . . 234
Жэщ ныкъуэ хьэщIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 235

Хьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 236
«Дунейр мычэму къощIэращIэ...» . . . . . . . . . . . . . 237
Адыгэ цей . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 238
**Усэ шэрыуэ** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 239

«Б а т ы р ы б ж ь э»

1977

ПсыIэрышэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 258
Гъатхэм и бзэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 260
«Губгъуэ щхъуантIэм пыIэр къинэу...» . . . . . . . . . 261
Зэманым декIу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 262
«Ягъэш зэпыту батэкъутэр...» . . . . . . . . . . . . . . 263
МылIэжыныгъэм и лъахэ . . . . . . . . . . . . . . . . . 264
Дунейм и пIалъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 265
«Жыжьэ сыплъэну сигу къихьа...» . . . . . . . . . . . 265
«Пшэм мазэр хохьэр, къыхокIыжыр...» . . . . . . . . 266
«Унэр лъагэу дызощIей...» . . . . . . . . . . . . . . . . 266
«Къуршхэм жамыIэу зы псалъэ...» . . . . . . . . . . . 267
Зеич лантIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 268
«Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ...» . . . . . . . . . . . . 269
Псы икIыпIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 270
Жьэгу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 271
«Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми...» . . . . . . . . . 272
Бгым дэкI гъуэгу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 273
Си хъуэхъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 274
«Сэ бгым сахуэдэу хьэлъэ стелъщи...» . . . . . . . . . 274
«Бахъсэныпсым хуэдэ щыIэ...» . . . . . . . . . . . . . 275
«Къажэ, къажэ, псыIэрышэ...» . . . . . . . . . . . . . . 276
Лермонтов . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 277
Тенджызым дыщхьэщыту . . . . . . . . . . . . . . . . . 279
Набдзэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 280
«УбзэмыIумэ, бгъуэтыжынкъым...» . . . . . . . . . . . 281
Щиху . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 282
Сыхьэт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 283
Си щIыналъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 284
«Хэт сыт IэнатIэ къехъулIами...» . . . . . . . . . . . . 285
«Псы узэфэнур къыщIэжакъым...» . . . . . . . . . . . . 286
«Сихуат кIуэдыпIи, сыкъелащ...» . . . . . . . . . . . . 287
«Шахмат джэгукIэ хэт зымыщIэр?..» . . . . . . . . . . 288
Къэзгъэзэнущ сэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 289
Бжей жыгым и балладэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 290
«Дыгъэр къепсмэ, ди нэ-ди псэщ...» . . . . . . . . . . 291
Вагъуэиж . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 292
ТхылъымпIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 293
ПщIыхьэпIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 294
Поэтым и лIыгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 295
«Жылэр кIуэдакъым. Мес къэкIыгъэр...» . . . . . . . . 296
УситI, Щам щыстхауэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 297
Сингх жыхуаIэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 299
**Сатыр ирий** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 300

«В а г ъ у э  м а х у э»

1980


Си нитI . . . . . . . . . . 311
Кхъужьей къудамэ . . . . . . . . . . 312
Вагъуэ махуэ . . . . . . . . . . 313
«ЩIакхъуэ Iыхьэ лъымысами...» . . . . . . . . . . 314
«Махуэр блокIыр напIэзыпIэу...» . . . . . . . . . . 315
Къуршхэр . . . . . . . . . . 317
«СфIэмыфIыр куэдрэ сфIэфI уэ пщIащ...» . . . . . . . . . . 318
«Гъуэгъуакъэ уафэр...» . . . . . . . . . . 319
«Сыт къохъулIэу угуфIами...» . . . . . . . . . . 321
«Уи жэщи махуи имыIэххэу...» . . . . . . . . . . 321
Хъуэхъу . . . . . . . . . . 322
Лъагъуныгъэ . . . . . . . . . . 322
«Сэ уэздыгъэ щIызогъанэ...» . . . . . . . . . . 323
«Жыгым зыри къыпымыкIэм...» . . . . . . . . . . 323
«Зыхуейр къехъулIэу зылI есащ...» . . . . . . . . . . 324
Усищ . . . . . . . . . . 325
«Дунейм къытехьэр зэи щымыуэу...» . . . . . . . . . . 326
«Зы куэнсапIэм пщIэ имыIэ...» . . . . . . . . . . 326
ЩIакхъуэм и IэфIагъ . . . . . . . . . . 327
«Езыр-езыру зыхуэпсалъэу...» . . . . . . . . . . 327
«ФIымрэ Iеймрэ зэхэбгъэкIыу...» . . . . . . . . . . 327
«Гъатхэ къэскIэ я гъуэлъхьэгъуэу...» . . . . . . . . . . 329
Комор къэрал . . . . . . . . . . 330
«Щыдэжыныр щыдэжауэ...» . . . . . . . . . . 332
Жэщ нэрыплъэ . . . . . . . . . . 333
«Лъагъуныгъэр мазэм хуэдэщ...» . . . . . . . . . . 334
Цада къуажэ . . . . . . . . . . 335
Тхылъ еджапIэ . . . . . . . . . . 336
«Псыр къежэхыу уафэм щытыгъамэ...» . . . . . . . . . . 338
«Си Iэдакъэм щIокI жыг хадэ...» . . . . . . . . . . 339
Дхони . . . . . . . . . . 340
Псым и хьэл . . . . . . . . . . 341
«Уафэ къащхъуэм пшэр хужьыбзэу...» . . . . . . . . . . 342
«Сэ щIым тезмысэ къытемыкIэ...» . . . . . . . . . . 343
«Жьыр къемыпщэм, дэнэ щыIэ...» . . . . . . . . . . 344
«ГъащIэм иIэ къегъэжьапIэ?..» . . . . . . . . . . 345
Псынэдахэ . . . . . . . . . . 346
ЦIыху мурадым и бзу хужь . . . . . . . . . . 348
«Сэ уэгу къащхъуэм сыщолъатэ...» . . . . . . . . . . 350
«МахуитI зэхуэдэу къыумыгъащIэ...» . . . . . . . . . . 351
«Гъуэгуанэу мащIэ дякум дэлъкъым...» . . . . . . . . . . 352
«Ягъажьэ щIакхъуэр хъуреишхуэу...» . . . . . . . . . . 353
«Мывалъэ щIыпIэу дапщэ щыIэ...» . . . . . . . . . . 354
ХьэтIохъущокъуэ хадэ . . . . . . . . . . 355
Фошыгъу шей . . . . . . . . . . 356
Псалъэ . . . . . . . . . . 357
Си усэ . . . . . . . . . . 358
«УцIыкIуу уи гум ибубыдэр...» . . . . . . . . . . 359
«Зы удз цIыкIу закъуэ мывэм тету...» . . . . . . . . . . 360
«Зэгуэр си щхьэцри фIыцIэ дыдэт...» . . . . . . . . . . 361
Пасэрей хабзэ . . . . . . . . . . 362

«Зауэ жыхуаIэм и хъыбарыр...» . . . . . . . . . . . . . . . 363
АбытIэ Мухьэб и кхъащхьэм щыжысIар . . . . . . . . . 364
ХьэщIэ ирамыгъэблагъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 366
КIарц жыг . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 367
«Дыгъэм кхъухь кIуэкIафIэу...» . . . . . . . . . . . . . . . 368
«Дыгъэр мазэм и гъусамэ...» . . . . . . . . . . . . . . . . . 369
«Уи нэу, уи псэу сыкъэплъагъурт...» . . . . . . . . . . . . 370
УсиплI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 371
«Унэм уикIрэ къэбгъэзэжмэ...» . . . . . . . . . . . . . . . 372

«Щ х ь э л ы к ъ у э»

2001

Шу пхъашэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 373
Ди бзэмрэ сэрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 374
«Сэ нэгъуэщIыбзэщ тхылъ зэрыстхыр...» . . . . . . . . . 374
Си губгъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 375
Мэз гъыбзэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 376
Шэджэм псыкъелъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 377
«Ди хэку аргуэру къызогъазэ...» . . . . . . . . . . . . . . . 379
Ди унэжь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 380
«Щхьэлыкъуэ» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 381
«Сыжейми, си нэр зэтесхами...» . . . . . . . . . . . . . . . 382
«Ныжэбэ жэщи, нэхур щыху...» . . . . . . . . . . . . . . . 384
«Си хэку нэхъ ини сыту сщIын...» . . . . . . . . . . . . . . 386
Сыкъыщалъхуар мы щIыпIэрщ . . . . . . . . . . . . . . . 387
Гущэкъу уэрэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 388
Си анэм хуэзусыжар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 391
Адыгэ хэку . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 394
Си илъэсищэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 395
Гъавэмрэ псалъэмрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 397
ЗэкIэщIэуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 397
ДыгъужьыщIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 398
Лъы уасэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 398
ЛIыгъэ зиIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 399
«ЩIакхъуэ Iыхьэншэу сыкъэнами ...» . . . . . . . . . . . 399
«Си лъапсэр бгъэгъумэ уэ пфIэфIати...» . . . . . . . . . 400
Расул Гамзатов къысхуитхам и жэуап . . . . . . . . . . 401
Кулиев Къайсын папщIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 402
«Си вагъуэр уафэм имызагъэ...» . . . . . . . . . . . . . . . 404
«Сыщыгъупщакъым сэ мэзым...» . . . . . . . . . . . . . . 405
«И псы къиугъуэт гъатхэм дежи...» . . . . . . . . . . . . 406
Нэхущ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 407
Си къуэрылъху Алинэ деж . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 408

**Поэмэхэр**

Адэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 411
Бажэ пшынэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 422
Елбэздыкъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 428
Тисей . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 439
Зэшиблымрэ зы псыкъуиймрэ ятеухуа индийскэ поэмэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 494

**Кешоков А. П.**

К Собрание сочинений: В 6-ти т. Т. 1. Стихотворения и поэмы. – Нальчик: Эльбрус, 2004. – 512 с.

ISBN 5-7680-1993-6

В первый том собрания сочинений народного поэта Кабардино-Балкарии, Героя Социалистического Труда, лауреата Государственных премий РСФСР и КБР Алима Кешокова вошли его лучшие поэтические произведения.

**К $\frac{4702240200-040}{М\ 125(03)-2004}$ 2004**

9 785768 019938

Литературно-художественное издание

**Кешоков Алим Пшемахович**

СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ В ШЕСТИ ТОМАХ

Том 1

*Стихотворения и поэмы*

На кабардинском языке

Заведующий редакцией *А. Х. Мукожев*
Редактор *А. К. Сонэ*
Художник-редактор *Ю. М. Алиев*
Технический редактор *Л. А. Тлупова*
Корректоры: *Л. М. Маремкулова, Ф. Б. Кодзокова*
Компьютерная верстка *А. З. Тхаитлова*

Лицензия ИД 05895 от 21.09.01

Подписано к печати 16.08.04. Формат 84x108 1/32. Бумага офсетная №1. Гарнитура литературная. Печать офсетная. Усл. п. л. 26,88. Уч.-изд. л. 20,44. Тираж 1000 экз. Заказ № 169. ГП КБР «Издательство «Эльбрус». Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6. ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 года» Мининформпечати КБР. Нальчик, пр. Ленина, 33